# Alxuraan

* * * * * * *

*ci pirim aw dégginam ci wolof*

**Aji-tekki ji ci wolofal**
Sëriñ Seexunaa Lóo Ngaabu

**Aji-tekki ji ci wolofal** : Sëriñ Seexunaa Lóo Ngaabu (Di jàngalekatu Alxuraan)

**Ñi ko bind ci wolof** : Allaaji Mamadu Ngeer ak Góorgi Jaw

**Ligéey bu yees bii** : Sëriñ Muntaqaa Mbàkke (Di doom ci Sëriñ Koso mu Seex Muhammadul Muntaqaa Mbàkke)

© Drouss - Weeru Koor 1441 h. / Mai 2020

# Saar yi


Ay leeral ....9
Saar 1 : Ubbiku ga (Saar wu jëkk wi) ....11
Saar 2 : Nag wa ....13
Saar 3 : Njabootu Himraan ....41
Saar 4 : Jigéen ña .... 59
Saar 5 : Ndën la .... 77
Saar 6 : Jur ga ....91
Saar 7 : Dig wa ....107
Saar 8 : Màng ya .... 125
Saar 9 : Tuub ....133
Saar 10 : Yunus ....145
Saar 11 : Huud ....155
Saar 12 : Yuusufa ....165
Saar 13 : Dënnu ....175
Saar 14 : Ibraahiima ....181
Saar 15 : Goxub Hijri ....187
Saar 16 : Yamb ya ....193
Saar 17 : Rañaan ga .... 203
Saar 18 : Xunt ma ....213
Saar 19 : Maryam .... 223
Saar 20 : Taa-haa .... 229
Saar 21 : Yonent ya .... 239
Saar 22 : Aj ga .... 247
Saar 23 : Way-gëm ña .... 255
Saar 24 : Leer ga .... 263
Saar 25 : Téqale ga (alQuraan) .... 269
Saar 26 : Woykat ya ....275
Saar 27 : Xorondom ya .... 287
Saar 28 : Nettali ya .... 295
Saar 29 : Al-Ankabut (Jargoñ) .... 303
Saar 30 : Rom (Waa Rom) .... 309

Saar 31 : Luqmaan ........................................................................315
Saar 32 : Sujjóot........................................................................319
Saar 33 : Farandoo yi........................................................................323
Saar 34 : Réewum Saba........................................................................331
Saar 35 : Aji-sàkke ji........................................................................337
Saar 36 : Yaa-Siin........................................................................341
Saar 37 : Sàppe ya........................................................................347
Saar 38 : Saad........................................................................355
Saar 39 : Mbooloo ya........................................................................361
Saar 40 : Jégëlekat ba........................................................................367
Saar 41 : Laaya yu ñu faramfànce........................................................................375
Saar 42 : Diisóo........................................................................381
Saar 43 : Xoyxoyal........................................................................387
Saar 44 : Saxar sa........................................................................393
Saar 45 : Ku nërméelu ka........................................................................397
Saar 46 : Goxub Ahqaaf tund suuf........................................................................401
Saar 47 : Muhammad........................................................................405
Saar 48 : Bom ga........................................................................409
Saar 49 : Dëkkuwaay ya........................................................................413
Saar 50 : Qaaf........................................................................415
Saar 51 : Ngelawi callmeer ya........................................................................419
Saar 52 : Tuur........................................................................423
Saar 53 : Biddiw ba........................................................................427
Saar 54 : Weer wi........................................................................431
Saar 55 : Yëramaakoon bi........................................................................435
Saar 56 : Xew-xew ba........................................................................441
Saar 57 : Weñ gu ñuul........................................................................447
Saar 58 : Dàggasante ba........................................................................451
Saar 59 : Màngaan ga........................................................................455
Saar 60 : Jigéen ju ñuy seetlu ja........................................................................459
Saar 61 : Sàppe si........................................................................461
Saar 62 : Àjjuma........................................................................463
Saar 63 : Naaféq ya........................................................................465
Saar 64 : Yàqule gu mag ga........................................................................467
Saar 65 : Pase........................................................................469
Saar 66 : Araamal ga........................................................................471

Saar 67 : Nguur ga .......... 473
Saar 68 : Xalima ga .......... 475
Saar 69 : Joxoñub dëgg ba .......... 479
Saar 70 : Yéegukaay ya .......... 483
Saar 71 : Nooh .......... 485
Saar 72 : Jinne ya .......... 487
Saar 73 : Ku ñu sàng ka .......... 489
Saar 74 : Ku ñu muur ki .......... 491
Saar 75 : Dekkiwaat ga .......... 495
Saar 76 : Nit .......... 497
Saar 77 : Ñu ñuy yabal ña .......... 499
Saar 78 : Xibaar ba .......... 503
Saar 79 : Malaaka yay rocci ruu .......... 505
Saar 80 : Sóomóorlu na .......... 509
Saar 81 : Lëndamal ga .......... 511
Saar 82 : Dugg-dugg ba .......... 513
Saar 83 : Naxekat ya .......... 515
Saar 84 : Xottiku ga .......... 517
Saar 85 : Biddiw yu mag ya .......... 519
Saar 86 : Biddiwub guddi ba .......... 521
Saar 87 : Ku gëna kawe ka .......... 523
Saar 88 : Muuraakoon ba .......... 525
Saar 89 : Njël .......... 527
Saar 90 : Dëkk ba .......... 529
Saar 91 : Jant ba .......... 531
Saar 92 : Guddi ga .......... 533
Saar 93 : Yoor-yoor ga .......... 535
Saar 94 : Féexal .......... 537
Saar 95 : Garabu Figg .......... 539
Saar 96 : Lumbu deret .......... 541
Saar 97 : Dogal ba .......... 543
Saar 98 : Firnde .......... 545
Saar 99 : Yëngutu ba .......... 547
Saar 100 : Jaabkat ya .......... 549
Saar 101 : Toj-toj ba .......... 551
Saar 102 : Ëpplaante .......... 553

Saar 103 : Jamono ........................................................................................555
Saar 104 : Ŋeleju ..........................................................................................557
Saar 105 : Ñay...............................................................................................559
Saar 106 : Qureychi .......................................................................................561
Saar 107 : Njëfandukaay ................................................................................ 563
Saar 108 : Kawsar........................................................................................... 565
Saar 109 : Yéefër ya........................................................................................ 567
Saar 110 : Ndimbal ........................................................................................ 569
Saar 111 : Buum ga ........................................................................................571
Saar 112 : Sellal.............................................................................................. 573
Saar 113 : Suba ..............................................................................................575
Saar 114 : Nit ñi.............................................................................................. 577

Draft

# Ay leeral

Draft

# Saar 1 : Ubbiku ga (Saar wu jëkk wi)

## 7 Laaya - Laata Gàddaay ga

1. Ci turu Yàlla, miy Yërëmaakoon , di Jaglewaakoon , laay tàmbalee

2. Xeeti cant yépp ñeel na Yàlla, miy Boroom àddina si.

3. Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi,

4. Di Buur, di Boroom Bis-pénc ba.

5.Yaw doŋŋ la nuy jaamu, te ci Yaw doŋŋ doŋŋ la nuy sàkku ndimbal.

6. Gindi nu jëme nu ca yoon wu jub xocc wa,

7. yoonu ñi Nga xéewale, wuuteek ñi Nga mere ak ñi réer.

Draft

# Saar 2 : Nag wa

## 286 Laaya - Ginnaaw Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Alif, Laam, Miim .

2. Téere bii amul sikk ci ne [ag jub a ci nekk] guy soxal way-ragal Yàlla yi.

3. ña gëm ci kumpa. Di farlu ci julli te di joxe ci li Nu leen xéewale

4. Ñoo di ña gëm la Ñu wàcce ci yaw ak la Nu wàcce woon mu jiitu woon te ñu amug wóolu ci dikkug Bis-pénc ba.

5. Ñooñoo nekk ca njub ga tukkee ca seen Boroom te ñoom ñoo texe.

6. Ñi weddi, nga waar leen ak ñàkk leen waar a yem ci ñoom, duñu gëm.

7. Yàlla fatt na seeni xol ak seeni nopp ; muuraay nekk na ca seeni gët ; mbugal mu metti dana leen dal.

8. Am na ci nit ñi, ñu naan : "Gëm nanu Yàlla ak Bis-pénc ba !" te gëmuñu dara.

9. Dañuy jéem a nax Yàlla ak way-gëm ñi ; waaye naxuñu lu dul seen bopp, te yëguñu ko.

10. Jàngoroo nekk ci seeni xol (gog sikki-sàkk ak ug naaféq), faf Yàlla yokk leen jàngoro. Mbugal mu metti dana leen dal ngir seenug weddi.

11. Bu ñu leen waxee : "Buleen di yàq ci suuf si", ñu ne : "Nun way-defar lanu !"

12. Déedéet, ñoom ñooña ay yàq-kat lañu, te yëguñu ko.

13. Bu ñu ne leen : "Gëmleen ni nit ñi gëmee", ñu tontu ne : "Ndax danuy gëm ni dof yi di gëmee ?" Déedéet, ñoom ñooy diy dof, te xamuñu ko.

14. Bu ñu dajeek way-gëm ña, ne : "Gëm nanu" ; waaye bu ñu wéetee ak seeni (Séytaane naaféq yi), ne : "Nook yéen a ànd ; nun danuy yejji [jullit ñi] rekk".

15. Yàllaa nga leen di yejji, di leen gën a yàggal ca seen mbeewte googu, ñuy deŋŋi-deŋŋi ak seen ngumbaag xol.

16. Ñooña ñoo di ña jaay njub jënde ci réer, seen njaay mooma amul tono. Te it gindikuwuñu.

17. Seen niróole mi ngi demee ni ku taal taalamn, ba janeer ba leeraale la ko wër, Yàlla fay leer ga, bàyyi leen cig lëndëm ba gisatuñu dara.(S)

18. Dañoo tëx, luu, gumba, ba duñu mën a dellusi (cig njub).

19. Walla [seen niróolee ngi deme ni] waame wu tukkee asamaan ànd ak lëndëm ak i dënnu ak i melax, ñu saañ seeni nopp ak seeni waaroom ngir bañ a dégg kàddu ya ngir ragal dee ;Yàlla Aji-peeg la yéefar ya.

20. Melax ga xaw naa yuri seeni gët : saa su leen leeralee [yoon wa] ñu dox ca leer ga ;saa su lëndëmee ñu taxaw. Bu neexoon Yàlla mu tëxloo leen, gumbaloo leen, Yàlla am na kàttanu def lu ne.

21. Yéen nit ñi ! Jaamuleen Boroom bi leen bind, yéen ak ñi leen jiitu, ndax ngeen ragal ko. [Fegu] ci mbugalam.

22. Moom mi def suuf nekk laltaay ci yéen, asamaan si di seen téeg ; te mu wàcceel leen ndox mu jóge asamaan, génne ca ay meññeent yu mu leen wërsëgal, bu leen sàkkal Yàlla moroom te xam xéll [ne loolu jaaduwul].

23. Bu ngeen amee sikki-sàkka ci lii Nu wàcce ci Sunu jaam bi, indileen saar wu mel ni moom [Alxuraan] te sax ñaanleen ndimbal ñi ngeen di jaamu ba jaamuwuleen Yàlla, ndegam dëgg la ci yéen.

24. Bu ngeen ko deful, te du ngeen ko mën a def mukk, na ngeen ragal safara soo xam ne matt ma koy xamb nit la ak i xeer, te way weddi ya la ñu koy xaaroo.

25. Na nga bégal ña gëm tey jëf jëf yu sell, [xamal leen] ne am nañu àjjana joo xam ne ay dex a ngay daw ca suufam ; saa su ñu leen xéewalee ci ay meññeet, muy la ñu leen wërsëgale, ñu naan: “Lii dey masoon nanu cee xéewlu ca bu jëkk [ca àddina]”. Fekk dañu leen a jox lu nurook [la ñu xamoon ca àddina]; ñeel na leen it ca àjjana jooju ay jabar [soxna] yuñu laabal [ci bépp ayib], te ñoom dañu fay béel.

26. Yàlla du kersawu ci joxe misaal mu mu mën a doon : ci aw yoo walla ci lu ko ëpp ; ñi gëm ñoom xam nañu ne loolu mooy dëgg ; yéefar yi ñoom dañuy wax naan “Moo lan la Yàlla namm ci léebu wii ?”. Dana

ca réeral ñu bari, Dana ca jubal it ñu bari ; waaye du ci réeral ñu dul saay-saay sa,(r)

27. ñooy ña nga xam ne dañuy firi kóllareg Yàlla ginnaaw ba mu fasoo ba noppi te di dog la Yàlla digle ñu jokkale ko [ag mbokk]. Te ñiy yàq ci suuf si. Ñooña ñooy ña yàqule.

28. Naka ngeen di weddee Yàlla te ngeen doonoon ñu dee, Mu dundal leen ? Dana leen rey ; dana leen dekkalaat ngeen dellu ca Moom.

29. Moom moo leen sàkkal lépp lu nekk ci suuf si, daldi jublu ci asamaan si def ko mu nekk juróoom-ñaari asamaan. Te moom nag lépp la xam.

30. Fàttalikul ba sa Boroom waxee Malaaka ya, ne leen: "Man dey damaa namm a def ci suuf si ag kilifa[kuutaay]. Ñu toontu ne ko : "Moo ndax dangay def ci suuf si koo xam ne dafa ciy nekk di yàq, di tuur i dereet, te nun nu ngi lay sàbbaal, di la sant te di màggal sag sell ?" – Yàlla ne leen : "Xam naa lu ngeen xamul !".

31. Mu jàngal Aadama turi lenn lu ne, ba noppi won ko Malaaka ya, ne leen : "Wax leen ma turi yëf yii, ndegam ñu dëggu ngeen !".

32. –Malaaka ya ne ko : "Tuddu nanu sa sell gi ! Amunu benn xam-xam lu dul loo nu xamal. Ndax Yaw yaay ki xam, Yaay ki xereñ".

33. –Mu ne : «Aadama xamal-leen seeni tur ;" Ba mu leen xamalee seeni tur, Yàlla ne leen : "Ndax dama leen a waxuloon ne Man xam naa kumpag asamaan ak suuf si, te it xam naa xéll li ngeen feeñal ak li ngeen doon ñëbb ?"

34. [Fàttelikul] Ba Nu nee Maalaaka ya sujjóotleen ci Aadama, ñu sujjóot ba mu des Ibliis, dafa lànk rëy-rëylu daldi bokk ca way-weddi ya.(s)

35. Ñu wax ne ko : "Yaw Aadama dëkkal ci àjjana yaak sa soxna, ngeen di fa lekkee na mu leen neexee, ca fa mu leen soobee ; te bu leen jege garab gile : kon dey ngeen bokk ci way- tooñ ña".

36. [Séytaane] tarxiisloo na leen, génne leen fa ñu nekkoon. Nu ne leen : "Wàccleen ; di noonuwante. Te itam dangeen am ci kaw suuf ay dëkkuwaay ak i jumtukaay as ndiir".

37. Aadama jot na baat ya [baati tuub] bawoo ca Boroomam, Mu daldi ko jéggal, ndax Moom moo di Jéggalaakoon bi, di Jaglewaakoon bi.

38. Nu ne leen : "Wàccleen yéen ñépp ! Buleen dummóoyu njub gi jóge ci Man, ñi topp sama njub duñu am lu ñu ragal te duñu jàq [ëllëg]".

39. Ña weddi te fenloo Sunuy tegtal, ñoom ñooy dëkk Safara te ñoom dañu fay béel.

40. Yéen [Bani-Israayiil] ñi sëtoo ci [Yanqooba], fàttalikuleen Sama xéewal gi Ma léen xéewaloon. Nangeen matal Sama kóllare, kon Danaa matal seen gos. Buleen ragal ku dul Man.

41. Nangeen gëm li Ma wàcce, te muy dëggal li ngeen yore ; buleen doon ñi ko jëkk a weddi. Buleen jaay samay laaya ak njëg gu néew. Te nangeen ma ragal Man doŋ.

**42**. Buleen jaxase dëgg ak caaxaan, di nëbb dëgg te fekk ngeen xam ko xéll.**(n)**

43. Nangeen fonk julli, di joxe asaka, te di rukkoo ànd ak way-rukkoo ya. [Jullig mbooloo, di julli ci biir jàkka yi].

44. Moo ndax da ngeen di digal nit ñi li baax, fàtte seen bopp, te yéen jàng ngeen Téere ba ? Moo ndax dangeen dul xel-lu ?

45. Nangeen di dimbandikoo muñ ak Julli : loolu lu diis la ci ku bokkul ci way-ragal Yàlla ña,

46. ña nga xam ne daleen a wóor ne danañu dajeek seen Boroom te ca Moom lañuy dellu.

47. Yéen ñi sëtoo ci Yànqooba, fàttalikuleen Sama xéewal gi Ma leen xéewalee woon, te Man ma defaloon leen ngëneel ci kaw nit ñépp.

48. Ragal-leen bis boo xam ne bakkan du fa jariñ dara beneen bakkan ; te duñu ko nangul rammu ; duñu ko nangul njote. Te deesuleen dimbali.

49. [Fàttalikuleen], ba Nu leen musalee ci waa kër (Firawna), tegoon nañu leen mbugal mu ñaaw : ñuy rendi seeni doom yu góor ya, di bàyyi ñu jigéen ña. Nekkoon na ci loolu nattu bu réy bu bawoo ca seen Boroom.

50. [Fàttalikuleen], ba Nu leen xaralee géej ga ! Te Ma musal leen, labal gaa ñi [Firawna], ngeen na ca jàkk di leen gis.

51. [Fàttalikuleen], ba Nu dëelanteek Muusaa ñeen-fukki guddi ! Te ngeen jaamu yëkk wa ginnaawam, ngeen di way-tooñ.

52. Ginnaaw ga, Nu baal leen ndax ngeen gërëm [seen Boroom].

53. [Fàttalikuleen], ba Nu joxee Muusaa Téere ba ak Àtte yay téqale [dëgg ak fen] ndax ngeen gindiku.(s)

Draft

54. Ak ba Muusaa waxee aw nitam : “Samaw nit, yéen tooñ ngeen seen bopp ci li ngeen jaamu yëkk wa. Na ngeen baalu seen Boroom; te ngeen reyante yéen [ñi bokkoon ci moy Yàlla googu] : Looloo gën ci yéen ca seen Boroom” !... Kon mu jéggal leen ndax moom mooy Jéggalaakoon ba, di Jaglewaakoon ba !

55. Ak ba ngeen waxee ne : “ Yaw Muusaa, dunu la gëm ba ba nuy gis Yàlla ne jàkk ci Moom” !... Faf xaacu ga fàdd leen, ngeen di gis loolu.

56. Topp Nu dekkal leen ginnaaw ba ngeen deewee, ndax Yàlla ngeen di sant [seen Boroom].

57. Nu keral leen ak i niir, wàcceel leen lem ak i picc [yu tuddu gëméen], ne leen : - “Lekk leen ci lu sell lii Nu leen xéewale !” - Ñoom daal seen bopp lañuy tooñ, waaye du Nun lañuy tooñ.

58. [Fàttalikuleen it], ba Nu leen waxee ne : “Dugguleen ci dëkk bii, lekk ci fu leen neex cig yaatu ; te ngeen jàll buntu bi ànd ak toroxlu te nangeen ñaan Yàlla mu seppi seeni bàkkaar ; [Su ngeen ko defee,] Nu jéggal leen seeni ñaawtéef, Dananu dolli way-rafetal ña aw yiw.

59. Tooñkat ya weccee baat ya Nu leen waxoon, ak yeneeni baat yu wuuteek yooya, Nu daldi wàcce ca way-tooñ ña mbugal mu bawoo asamaan ngir la ñu nekkoon di saay-saay [su génn diine].

60. [Fàttalikuleen], ba Muusaa di sàkkul aw nitam ndox, ba Nu waxee ne : “Dóoral xeer wi ak sa yat wi.” Fukki bëti ndox ak ñaar ballee na ca, giir gu nekk xam na fa muy naanee ! - “Lekkleen te naan ci xéewali Yàlla yi ; te buleen dox ci suuf si di way-yàq”.(r)

61. [Fàttalikuleen], ak ba ngeen nee : “Yaw Muusaa, nun mënatunoo muñ [di lekk] wenn ñam rekk. Ñaanal nu sa Boroom luy sax ci suuf si ciy fuytéef : xaal, laaj, sëb ak soble !” - Mu ne leen : “Ndax dangeen di weccee lu yées ak li gën ? Wàccleen ci menn réewu teeru ; dangeen fa am li ngeen di laaj !”. Saddeef na leen toroxte ak ñàkk ; ñu sóobu ci merum Yàlla. Ndax la ñu nekkoon di weddi kàdduy Yàlla ya, di rey Yonent ya ci lu dul dëgg, ngir moy Yàlla ci lu jéggi dayo.

62. Ña gëm ak ña di Yahuud, ak i Nasraan, ak i Saabiina, ku ca settantal ba dëddu la mu jàppoon, gëm Yàlla ak Bis-pénc ba, gëm Muhammad tey jëf lu yiw , danañu fekk seen pey ca Yàlla ; te duñu tiit te duñu jàq.

63. [Fàttalikuleen], ba Nu jàppee seen kóllare te Nu yékkati doj wa mu tiim leen, te Ma ne leen : “Jàppleen li Ma leen jox ànd ca ak dëgg

te na ngeen màggal li ne [ca Téere ba] ndax Yàlla ngeen ragal seen Boroom !”

64. Topp, ngeen dëddu ginnaaw loolu, bu dul koon xéewali Yàlla ci yéen ak yërmaandeem, kon dangeen bokk ca way-yàqule ña.

65. Wallaahi xam ngeen ña jalgati woon ci yéen ca Gaawu ba. Tax ñoom ñooñu Nu ne leen : “Nekkleen di ay golo yu ñu beddi !”

66. Nu def ko muy mbugal, mu nekk luy waar ñi teew ak ñay ñëwi ca seen ginnaaw te di waaraateb way-gëm ña.

67. (Fàttalikuleen,) ba Muusaa waxee aw nitam : “Yàlla digal na leen ngeen reyu nag”. Ñu ne ko : “Moo ndax danga nuy ñaawal ?”. Mu ne : “Yàlla na ma Yàlla musal ci bokk ci way-réer ña”.(S)

68. Ñu ne : “Ñaanal nu sa Boroom mu leeral nu luy meloom”. - Mu ne : “Naka Moom nee na : nag wa du wu màggat, du aw sëll, dafa digg-dóomu. Def leen li ñu leen sant”.

69. - Ñu ne : “Ñaanal nu sa Boroom mu leeral nu luy meloom”. - Mu ne : “Naka Moom nee na: nag la wu gel, wu fees, woo xam ne dees na beg ci xool ko .”.

70. - Ñu ne : “Laajal nu sa Boroom mu leeral nu nu mu mel, ndax nag yi dañoo bari ci nun. Te bu soobe Yàlla dananu gindiku [Jëfe ndigalam]”.

Draft

71. – Mu ne moom nag : “Nee na, nag la wu ñu bayloowul suuf si, du buy suuxat mbay, bu amul benn laago la te wenn melo la”. - Ñu ne ko : “Agsi nga ci dëgg gi!” Ñu rendi ko te xawoon nañu koo bañ a def.

72. [Fàttalikuleen] Ba ngeen reyee bakkan te ngeen jiiñante ko!... Te Yàlla génne la ngeen doon nëbb.

73. Nu ne : “Dóorleen ko lenn [Lu bokk ci nag wi]”. - Noonu la Yàllay dekkalee ñi dee te dana leen won ay kéemaan ndax ngeen xel-lu.

74. Topp, seeni xol wow ginnaaw loolu [dëgër] ba mel ni xeer mbaa lu ko gën a tar wowaay ; Ndax ci xeer sax ndox dana ca ball, te am na ci xeer yi yuy xar ndox génn ca, am na ci yuy rot ngir ragal Yàlla. Te Yàlla du ñàkk a seetlu li ngeen di def.

75. - Moo ndax, dangeen xeemeem [,Yéen jullit ñi,] Yahuud yi wóolu leen ? Te am na ci ñoom kurél boo xam ne déggoon nañu waxi Yàlla, ba noppi soppi ko ginnaw ba ñu ca xalaatee ba xam ko.

**76**. - Bu ñu dajeek ñu gëm, ne : “Gëm nañu” ; te bu ñu wéetee ñoom doŋŋ, naan : “Ndax dungeen waxtaane li leen Yàlla xamal, nu mën caa sukkandiku [ñoom jullit yi] di dàggeek yéen ci seeni [mbiri] Boroom ! Moo ndax dangeen dul xel-lu ?”.**(h)**

77. - Moo ndax dañoo xamul ne Yàlla xam na la ñuy nëbb ak la ñuy feeñal ?

78. Am na ca ñoo xam ne mënuñoo jàng, xamuñu téere ba lu dul ay fen yu nekk ay njort doŋŋ.

79. Alkaande ñeel na ñay bind téere ba, ba noppi naan lii ca Yàlla la jóge ndax mën caa jële njëg gu néew ! - Alkaande ñeel na leen ngir la ca seeni yoxo bind, ñeel na leen ngir la ñu ca fàggu [ci alal] !

80. Wax nañu ne : “Safara dunu laal lu dul ay bis yu ñuy waññi !”. Neeleen : “Moo ndax dangeen cee déggook Yàlla - te Yàlla du wuute ab digam ; - walla dangeen di wax ci Yàlla lu ngeen xamul”.

81. Axakay ! Ku def jëf ju bon ba ay ñaawtéefam mëdd ko, ñooña ñooy ñay dëkk Safara te dañu fay béel.

82. Waaye ñi gëm te def jëf yu sell [Farataak Sunna] ñooña ñoo di ñay dugg Àjjana, dañu fay béel.

83. [Fàttalikuleen], ba Nu wóllaranteek (Banii-Israayiil) ne leen : buleen jaamu kenn ku dul Yàlla, te nangeen rafetal seeni jëf jëme ci seeni ñaari waajur, seeni jegeñaale, jirim yi, way- ñàkk ñi, te ngeen waxal nit ñi wax ju rafet ; ngeen fonk julli te génne asaka, ba noppi ngeen dummóoyu ! - Ba mu des ñu néew ci yéen, ngeen di way-dëddu [lu baax].

84. [Fàttalikuleen], ba nu wóllaranteek yéen ne buleen tuur seeni deret, buleen génneyante ci seeni kër. Ngeen nangu te seede ko.(S)

85. Ba noppi ngeen rey aw nit, ci seen biir, am ca ab kurél bu ngeen génne seeni kër, ngeen dimbalante ci ay bàkkaar ak ug noonuwante. Te bi ngeen leen jàppee ci xare di leen fayloo ag njot te di leen génne te loolu araam na ci yéen. Ndax dangeen a dëggal lenn téere ba weddi la ca des ? Kuy def loolu ci yéen, dara du doon peyam lu dul toroxte ci dundug àddina, te Bis- pénc ba dees na leen delloo ci gën jaa tari mbugal, Yàlla dey nekkul Kuy ñàkk a seetlu li ngeen di def.

86. Ñooña ñooy ña jaay àllaaxira jënde ko àddina. Duñuleen woyofal mbugal ma. Te deesuleen dimbali.

87. Bir na, ne jox Nanu Muusaa Téere ba ; Nu toxal ginnaawam ay Yonent. Te jox Nanu Iisaa doomu Maryaama ay kéemaan yu leer te dëgëral ko, ak ruu gu sell [Jibril]. Ndax saa yu leen ab Yonent dikkalee [Sant leen] lu neexul seen bakkan, ngeen rëy-rëylu ? Ngeen weddi ab kurél, rey ab kurél [ca ñoom Yonent ya].

88. Ñu naan : "Sunuy xol muuru na [ci li Yonent bi wax]" - Li am ba des moo di Yàlla rëbb na leen ci sababus seenug weddi, te néewaana bu ñu gëmee.

89. [Fàttalikuleen] ba leen ab Téere dikkalee, jóge ca Yàlla, di dëggal la ñu yor, - fekk lu jiitu loolu daan nañu ñaan noteel ci yéefar yi, - te ba la ñu xamoon [te daan ko séenu] egsee ca ñoom, dañu koo weddi. Rëbbum Yàlla dal na yéefar yi !

90. Bon na, la ñu jaayee seeni bakkan ! Ba tax ñu weddi la Yàlla wàcce ngir bew, te iñaan ci li Yàlla wàcce ngënéelam ci ku ko soob ciy jaamam. Ba daldi nañuy mer bay fuuñ-fuuñi, te yéefar yi am nañu mbugal muy toroxale !

91. Bu ñu leen waxee ne : "Gëmleen li Yàlla wàcce", Ñu ne : "Gëm nañu li ñu wàcce ci nun". Te ñoom weddi nañu la ñëw ginnaawam te muy dëggal la ñu yore. - Neel : "Lu taxoon ngeen rey ay Yonentiy Yàlla, ca bu jëkk ndegam gëm ngeen ?".

92. Wóor na céŋŋ ne Muusaa digaloon na leen àndak ay kéemaam yu leer. Ba noppi ngeen jaamu sëll wa ginnaawam, ngeen di way-tooñ.(r)

93. [Fàttalikuleen], ba Nu wólleranteek yéen, te Nu yékkati doj wa mu tiim leen, [Ma ne leen] : "Jàppleen te farlu ci la Ma leen jox te ngeen dégg [ndigal] !". Ñu ne : "Dégg nanu te bañ nanu". Nàndaleef na leen seeni xol sëll wa ngir seenug weddi. Neel : "Bon na li leen seen ngëm digal ci loolu ndegam gëm ngeen".

94. - Waxal ne : "Ndegam am ngeen kërug àllaaxira ca Yàlla, gu yéen doŋŋ jagoo waliis nit ñi, mébétleen dee kon ndegam ñu dëggu ngeen !"

95. Duñu ko mébét mukk ngir la seen yoxo ya jëf [ci lu bon]. Yàlla ku xam la way-tooñ ña.

96. Wóor na ne danga leen fekk ñoom [Yahuud ya] ñu nekk di ñu gën a xér ci nit ñi ci bëgg dundu, ak ci ñiy bokkaale. [Danga ca gis] ca ñoom ku ne siiw ñu guddal fanam junniy at. Waaye du ko soreel mbugal ma! Dundu gu guddu googu Yàllaa ngi ne jàkk ci li ñuy def.

97. Neel : "Ku noonu Jibriil it moom moo wàcce Alxuraan ci sa xol ci ndigalu Yàlla, muy dëggal la ko jiitu, mu di ag njub ak mbégte ci way-gëm ñi".

98. [Neel : ] "Ku weddi Yàlla ba noonu ko ak i Malaakaam ak i Yonentam ak Jibriil ak Miikaayil... Yàlla it di ab noonam rekk".

99. Bir na ne, wàcce Nanu ci yaw ay kàddu yu leer nàññ, yu kenn du ko weddi ku dul ab saay- saay.

100. Moo ndax saa su ñu kóllaranteek [Yàlla] ab dëel, kurél ci ñoom firi ko? Li wér mooy li ëpp ci ñoom gëmuñu.

101. Ba leen Yonent bu jóge ca Yàlla dikkalee di dëggal la ñu yor, gaa ya ñu joxoon ab Téere, ab kurél ca ñoom sànni Téereb Yàlla bi ca seen ginnaaw mel ni dañoo xamul !(s)

102. Ñu topp nag la séytaane ya doon jàng ca nguurug Suleymaan. Weddiwul de, séytaane ya ñoo weddi : Daan nañu jàngal nit ña ag njibar ak la ñu wàcce woon ca ñaari Malaaka ya ca (Baabil) (Haaruut ak Maaruut); te daawuñu jàngal kenn te waxuñu ko ne : "Nun dey danoo ànd ak sànje : kon book bul weddi de" ; mu am ñu jàng ci ñoom loo xam ne mën nañu caa téqale jëkkër ak jabaram. Te daawuñu mën a lor kenn ca njibar googule, lu dul ci coobare Yàlla. Te it jàng nañu loo xam ne daf leen di lor te mënuleeen a jariñ. Xam nañu xéll ne ku jënde loolu [weccee ko ak waxi Yàlla] du am benn cër ca àllaaxira. La ñu jaaye seen bakkan bon na ! Cëy bu ñu xamoon !

103. Bu fekkoon ne ñoom dañuy gëm, te ragal Yàlla [kon mu gën ci ñoom fuuf]. Cëy bu ñu xamoon !

104. Éy yéen way-gëm yi ! Buleen di wax [sàmmoonteel ak nun], deeleen wax : "Xool nu" ; te deeleen dégg [ndigal] ! Mbugal mu metti mooy dal ca kaw way-weddi ña.

105. Ña weddi ca ñoñ-téere ya ak way-bokkaale ya yéenewuñuleen, yiw wu bari ba bawoo ca seen Boroom, wàcc ci yéen, te Yàlla dana jagale yërmaandeem ku ko soob. Yàlla mooy boroom ngëneel yu màgg yi.

106. Dunu folli jenn laaya walla Nu ginnaawal ko fàtteloo ko [nit ñi], te indiwunu bu ko gën mbaa mel ni moom. Xanaa xamoo ne Yàlla mën na lu ne ?(n)

107. Xanaa xamuloo ne Yàlla moo di Boroom nguurug asamaan ak suuf si, te ginnaaw Yàlla amul keneen ku mën a doon seen kiiraay mbaa seen ndimbal ?

108. Am dangeen bëgg a laaj seen Yonent na ñu laajee woon Muusaa ca bu njëkk ? Képp ku weccee ngëm ak weddi, réer na te wàcc na yoon wu njub wa.

109. Ñu bari ci ñoñ-téere [Yahuud ak Nasaraan] nee nañu siiw ñu delloo leen cig kéefar ginnaaw seen ngëm ngir kiñaan gu sosoo seeni bakkan. Ginnaaw ba dëgg ga leeree nàññ ? Baal-leen te dummóoyuleen ba Yàlla agseek ndigëlam. Yàlla nag mën na lu ne !

110. Deeleen taxawee julli te di génne asaka. Lu ngeen jiital ci lu baax ngir seen bopp, dangeen ko fekk ca Yàlla, ndax Yàlla gu gis la li ngeen di def.

111. Wax nañu ne : "Kenn du dugg Àjjana ku dul ku nekk (Yahuud walla Nasaraan)". Loolu dey seen mébét la ñoom. - Neel : "Indileen seenu lay, ndegam ñu dëggu ngeen".

112. Axakañ! ku wommatu ci topp Yàlla te muy rafetal, [topp, ci jëfe ndigal ak bàyyi yi Yàlla tere] kooku peyam ma nga ca Boroomam. [Ña mel ni ñoom] duñu tiit duñu jàq.

113. Yahuud yi wax nañu ne : "Nasraan yi nekkuñu ci dara" ; Nasraan yi itam ne : "Yahuud yi nekkuñu ci dara", te ñoom jàng nañu Téere ba ! Noonu la ña xamul di waxe. Yàlla dana àtte seen diggante ca la ñu juuyoo bu Bis-pénc baa.

114. Ana ku gën a tooñ kuy tere, ca jàkkay Yàlla ja, ku cay tuddu Turam te di fexe luy yàq jàkka ja ? Ñooña waruñoo dugg ca [jàkka ja] te ànduñook am tiit. Am nañu gàcce gu rëy ci àddina, te it danañu am mbugal mu rëy ca àllaaxira.(S)

115. Te Yàllaa moom Penku bi ak Sowu bi. Fu ngeen fi mën a jublu, Kanamu Yàlla jublu na fa, Yàlla ku xam la ; Ku Yaatu la.

116. Wax nañu ne : "Yàlla am na doom" ! Tudd naa ag sellam[Soreel ko lu yellul ci moom] ! Li fi nekk moo di, Moom Yàlla moo moom lépp lu nekk ci asamaan yi ak suuf si te lépp ci jaamu ko la nekk.

117. Mooy Aji-sos asamaan yi ak suuf si ! Bu dogalee mbir du def lu dul ne ko : "Nekkal", mu nekk.

Draft

118. Ña xamul wax nañu ne : “Lu tee woon Yàlla wax ak nun, walla mu indil nu keemaan” ? Noonu la ña leen jiitu woon waxee woon wax ju mel ni seen jos. Seeni xol niroo na. Leeral Nanu laaya ya ci nit ñoo xam ne wóolu lañu.

119. Yónni nañu la ci dëgg ngay bégal [ñi gëm ci dig leen Àjjana] ; te di xupp [ñi weddi ci mbugalum Safara] te deesula laaj dara [ëllëg ca àllaaxira loo war a layoo] ci mbiri waa Safara.

120. Yahuud yi ak Nasaraan yi duñu bég ci yaw mukk li feek toppuloo seen diine. - Neel : “Njubug Yàlla mooy dëggi-dëggi njub”. Boo toppee seen bànneex ginnaawal la Nu la digal, ci xam-xam, doo am kenn ku la mën a sàmm, walla ndimbal ci [mbugalum Yàlla].

121. Ña nga xam ne jox Nanu leen téere ba [Alxuraan], danañu ko jànge na mu yelle, ñooña ñoo ko gëm. Ña ko weddi ñooy way-ñàkk ña.

122. Yéen Banii-Israayil, fàttalikuleen Sama xéewal yi Ma leen xéewale woon te Man ma defoon leen ngeen gënoon ci kaw mbindéef yépp..

123. Ragal-leen bis boo xam ne bakkan du fa jariñ dara beneen bakkan te deesu ko nangul njotu, rammu it du ko fa jariñ. Te duñu fa am ndimbal.

124. [Fàttalikuleen,] Ibraahiima, ba ko Boroomam nattoo, ciy ndigal, mu matal leen, Mu ne ko : “Def Naa la njiit ci nit ñi”. - Ibraayiima ne ko : “[Defal ko] it samay sët”. Mu ne ko : “Sama kóllare du ma ci boole way-tooñ ña de”.

125. [Fàttalikuleen], ba Nu defee Néeg ba muy delluwaayub nit ñi ak barabub kóolute - Te nangeen def (Màqaama Ibraahiima) barabub jullikaay, - Nu kóllarante ak (Ibraahiima) ak (Ismaahiila) : “Ne leen nangeen sellal Sama Néeg bi ngir ñi koy wër, ak ñi fay toog, di fa rukkoo ak di fa sujjóot [julli].

126. [Fàttalikuleen] Ba Ibraahiima waxee ne : “Yaw sama Boroom, defal dëkk bii muy dëkkub jàmm [bu am kóolute], te Nga xéewale ciy meññent ñi gëm Yàlla ak Bis-pénc ba, ci waa dëkk bi”, Yàlla ne ko : “Ak ku weddi it danaa ko xéewale ci diir bu gàtt, ba noppi Danaa ko wéyal ci mbugalum Safara. Ndaw delloowaay bu bon” !(r)

127. [Fàttalikuleen] Ba Ibraahiima ak Ismaahiila di yékkati ndéttalu néeg ba (Kaaba ga) : «Yaw sunu Boroom nangul nu, Yaw dey Kuy dégg nga, Kuy xam nga.

128. Yaw sunu Boroom ! Def nu nuy ñaari way-wommatu jëm ci yaw. Te nga def ci sunuy sët askan wu wommatu jëm ci Yaw te nga won nu sunu jaamuwaay, boole ca jéggal nu. Yaw dey Boroom bi, Yaa di Jéggalaakoon bi, di Jaglewaakoon bi.

129. Yaw sunu Boroom ! Yónneel ci ñoom Yonent bu bokk ci ñoom, bu leen di jàngal say laaya, di leen xamal Téere ba ak i xereñe, te di leen sellal Yaw Aji-not ji , Aji-xereñ ji!

130. Ana kan mooy bañ diinay Ibraahiima, ku dul ku kannasu ? Nun dey tànn nanu ko ci àddina ; te moom, bu àllaaxiraa it, mu bokk ca ña gën a yiw.

131. [Fàttalikuleen] Ba ko Boroomam nee : "Wommatul", Mu ne : "Wommatunaa jëm ci Boroom àddina bi".(s)

132. Ibraahiima dénk na ay doomam solo sa, ak Yanqooba, ne leen: "Yéen samay doom, Yàllaa leen tànnal diine de, buleen dee lu dul na fekk ngeen wommatu jëm ca Yàlla" !.

133. walla sax fekkee woon ngeen ba dee ga dikkalee (Janqooba) te mu ne: "Éy samay doom, ana lan ngeen di xala jaamu sama ginnaaw" ? - Ñu ne : "Dananu jaamu Yàlla sa Boroom tey Yàllaay say baay Ibraahiima, Ismaahiila ak Isaaqa, di jenn Yàlla doŋŋ te nun way-wommatu lanu, jëm ci Moom".

Draft

134. Woowa xeet jàll na, añe jëfam, yéen itam ngeen añe seeni jëf. Te bu Bis baa, du yéen a leen di layal ñoom ca la ñu defoon.

135. Ñuy wax naan : "Doonleen Yahuud walla Nasaraan, kon dey ngeen gindiku". - Neel : "Dée wallaay, diinay Ibraahiima ma wéetaloon Yàlla te bokkut ca way-bokkaale ya".

136. Neeleen : "Gëm nanu Yàlla ak li ñu wàcce ci nun [Alxuraan], ak li ñu wàcce woon ca Ibraahiima ak Ismaahiila ak Isaaqa ak Yanqooba ak ca sët ya, ak la ñu joxoon Muusaa ak Iisaa, ya ñu joxoon Yonent ya, mu bawoo ca seen Boroom : dunu xajal kenn ci seen diggante. Te nun way-jébbalu (wommatu) lanu jëm ci Yàlla".

137. Bu ñu gëmee Alxuraan kem ni ngeen ko gëmee, kon gindiku nañu. Ñoom Yahuud yi ak Nasaraan yi, bu ñu dummóoyoo rekk daldi dugg ci féewoo ! Yàlla dana la leen fegal. Moom mi di Aji-dégg, di Aji-xam ji.

138. “Loolu cuubug Yàllaa ! Te ana kan moo gën a rafet Yàlla ag cuub ? Nun dey way-jaamu ko lanu”.

139. Neel : “Ndax dangeen di dàggasanteek nun ci Yàlla sunu Boroom, di seen Boroom ? Nu moom sunu jëf, ngeen moom seen jëf ! Te nun nag way-sellalal Ko lanuy doon.

140. Am dañuy wax ne : Ibraahiima, Ismaahiila ak Isaaqa ak Yanqooba ak sët ya ay Yahuud lañu woon walla Nasaraan ?” - Neeleen : “Ndax yéen a gën xam walla Yàlla ?” - Waay-waay ana kan moo dàq a tooñ kiy nëbb seede sa nekk fa moom te bawoo fa Yàlla ? Te dey Yàlla sàgganeewul li ngeen di jëf de.

141. Woowale xeet wéy na di añe jëfam. Yéen itam dangeen añe seeni jëf. Te kenn duleen laaj ana ñoom lañu doon def.

142. Nit ñu kannasu ñi (matadi) danañu wax ne: “Waa ñii, lu leen wëlbati fabe leen ci xible gi ñu daan jublu ?” - Neel : “Yàllaa moom Penku moom Sowu. Mooy gindi ku ko soob jëme ko ca yoon wu jub wa”.

143. Noonu la Nu leen defe [yéen jullit ñi] xeet wu digg-dóomu [di tànneef] ngir ngeen doon seedey nit ñi, Yonent bi itam doon seede ci yéen. Xibla gi nga nekk nag defewunu ko lu dul mën caa xame kay topp Yonent bi ak ka koy dummóoyu. Mu doonoon lu diis, lu dul ci ña nga xam ne Yàlla gindi na leen. Te Yàlla de, sànk seen ngëm taxu koo jóg, ndax moom Yàlla ku ñeewant la, Jaglewaakoon la ci nit ñi.

144. Gis Nanu la ni ngay wëlbatee sa xar-kanam, di téen ci asamaan. Dananu la méngalee jubluwaay boo gëram. Kon jubaleel sa xar-kanam jëmale ko ca Jàkka ju ñu wormaal ja (Al masjidal Haraam). Fu ngeen mën a nekkati, nangeen ko jublu. Te sax, ñañu joxoon Téere ba [Ñoñ-téere] xam nañu xéll ne mooy dëgg gi bawoo ca seen Boroom. Te Yàlla du sàggane li ñuy jëf de.

145. Boo indiloon, ñoñ-téere, kéemaan gu mu mën a doon, du tax ñu topp sa jubluwaay (xibla) ! Yaw itam du yaay topp seen xibla ; ñoom ci seen biir sax, kenn du ca topp xibla moroomam. Yaw nag boo toppee seeni bànneex ginnaaw ba la xam-xam bu leer dikkalee, kon de ca tooñkat ya ngay bokk.

146. Ña ñu joxoon Téere, xam nañu ko ni ñu xame seeni doon. Dafa fekk ne am na ci ñoom kurél bu xam dëgg ba noppi di ko nëbb !

147. Dëgg, ca sa Boroom la bawoo. Bul bokk mukk ci werentekat yiy sikki-sàkka.

148. Xeet bu nekk a am jublukaayam . Nangeen njëkkante ci jëf yu baax, yu yiw. Fu ngeen fi mën a nekk nag, Yàlla dana leen dajale yéen ñepp ca Bis-pénc ba, Yàlla mën na lu nekk.(s)

149. Foo demati, jëmëleel sa kanam ca jàkka juñu wormaal ja ca Màkka. Looloo di dëgg de. Te Yàlla du sàgganee li ngeen di jëf.

150. Foo mën a demati, jëmaleel sa kanam ca Jàkka juñu wormaal ja ca Màkka. Fu ngeen mën a nekk, nangeen ca jëmale seeni kanam [jublu], ndax nit ñi bañ a am aw lay ci seen kaw, ku dul ñiy tooñ. Te buleen leen ragal ; ragal-leen Ma, man Yàlla, ngir Ma mottali sama xéewal ci yéen ak itam ndax ngeen gindiku !

151. Noonu, Lanu yónnee ci yéen Yonent bu bokk ci yéen buy jàng ci yéen laaya ya, di leen sellal, di leen xamal Téere ba ak Xereñ ga te di leen xamal itam lu ngeen xamul woon.

152. Fàttalikuleen Ma, Ma fàttaliku leen. Santleen Ma te buleen ma weddi.

153. Éy yéen ñi gëm [Jullit ñi] ! Nangeen dimbandikoo ci muñ ak julli. Yàlla ànd na ak way- muñ ña.

154. Buleen wax ne ñi ñu rey ci yoonu Yàlla dañuy dee de. Ña ngay dundu te yéguleen ko.

Draft

155. Danaa leen farala nattoo lennat ci am tiit, xiif ak wàññikug ay alal, ak i bakkan ak i meññent. Waaye bégalal ñi koy muñ,

156. ña nga xam ne, saa su leen tiis dalee dañu naan : “Yàllaa nu moom te ca Moom Yàlla lanuy dellu”.

157. Gaa ñooña am nañu njéggal gu bawoo ca seen Boroom, ak yérmaande ; te ñoo di ña gindiku tigi.

158. Safaa ak Marwa bokk nañu ci màndargay jaamukaayu Yàlla yi. Ku aj Màkka walla mu Umra , du aay ci moom mu jaabante seen diggante ñoom ñaar. Ku coobarewu te jëf lu baax, lu yiw, na xam ne Yàlla gërëmaakoon la, Aji-xam la.(r)

159. Ña nga xam ne dañuy nëbb la ñu wàcce ci ag leeral ak ug njub ginnaaw ba ñu ko biralalee nit ñi ca Téere ba, ñooña Yàlla dana leen rëbb, rëbbkat ya itam dana leen rëbb

160. lu dul ña ca tuub, yéwénal te leeral : ñooña Danaa leen jéggal Man Yàlla. Te Man maay Jéggalaakoon bi, di Jaglewaakoon bi.

161. Ña weddi te dee ci kéefar, ñooña rëbbum Yàlla ak Malaaka ya ak nit ñépp dana dal ci seen kaw.

162. Dañuy béel ca rëbb moomu ; kenn duleen ko woyafalal, kenn duleen ko yeexalal.

163. Seen Yàlla jii, jenn Yàlla rekk la. Amul jeneen yàlla ju dul moom, mooy xéewal bindéef yi ci yërmaandeem ci àddina, di Jaglewaakoonu yërmaandeem jullit ña ca àllaaxira.

164. Nit ñiy jëfandikoo seeni xel, war naa doy sëkk kéemaan ci ñoom, ni Yàlla binde asamaan yi ak suuf si, jëllasanteb guddi ak bëccëg, gaal yiy daw ci géej ci luy njariñi nit ñi, ak li Yàlla wàcce ci ndox mu bawoo asamaan, mu nàndal ca suuf si ginnaaw ba mu wowee, mu tasaare ca kaw suuf si ay meññeef, walbatim ngelaw leek niir yi nekk diggante asamaan ak suuf.

165. Am na ci nit ñi ñuy jaamu xërëm bàyyi Yàlla, soppleen ni ñu soppee Yàlla. Ña gëm ñoo gën a tar cofeel ci Yàlla. Ay boo gisoon ña weddi, naka lañuy janook mbugal ma, xam xéll ne kàttan ba kàttan jeex Yàllaa ko am te Yàlla ku tar mbugal la !...

166. [Bu Bis-pénc baa] ba ñañu toppoon deñtalu ca ña leen toppoon ndax te gis nañu mbugal ma, la leen boole woon lépp daggatoo !(S)

167. Ña toppe woon, daldi ne : "Ay ! bu nu delluwaatoon àddina! Dananu deñtalu ci ñoom kem ni ñu deñtaloo ci nun" - Noonu la leen Yàlla doon wane seeni jëf ; mu di ag yàqule ca seen kaw te duñu génn Safara.

168. Yéen nit ñi ! Lekkleen ci li nekk ci suuf si, dagan, teey ; te buleen topp jéegoy (Séytaane) moom seenub noon la bu bir .

169. Li mu leen di digal moo di ag mbon ak ug caay-caay ak ngeen di wax ci Yàlla lu ngeen xamul.

170. Bu ñu leen nee : "Toppleen li Yàlla wàcce", ñu ne : "Nun kay la nu miin [di ko jaamu, baaxu maam ya] lanuy topp." - Moo ndax ! Seen baay ya doonuñu woon ñu dul xalaat, ñu dul gindiku ?

171. Ña weddi dañu mel ni ay mala yoo xam ne kàddu duñu ca dégg lu dul coow la. Ñu tëx lañu, gumba, luu, duñu xel-lu.

172. Ey yéen ñi gëm ! Lekkleen ci yi teey ci lun leen wërsëgal. Te ngeen sant Yàlla, su fekkee moom ngeen di jaamu.

173. La mu araamal [tere] mooy médd, dereet, yàppu mbaam-xuux ak la ñu tuddu keneen ku dul Yàlla [ba ñu koy rey]. Ku ñàkk pexe nag ci lu dul beew walla jéggi dayo, du am bàkkaar ci xettaliku [ci yooyu], Yàlla Jéggalaakoon la.

174. Ña nga xam ne dañuy nëbb la Yàlla wàcce ca téere ba jaaye ko njëg gu néew, ñooña Safara lañuy lekk ca seeni biir. Bu Bis-pénc baa, Yàlla du wax ak ñoom, duleen sellal. Te am nañu mbugal mu tar.

175. Ñooña ñooy jaay njub weccee ko ak réer, jaay njéggal wecee ko ak mbugal. Ñooñu ana kan moo leen gën a mën a dékku Safara?

176. Loola la muy tegtale moo di Yàllaa wàcce Téere ba ci dëkk; te ña nga xam ne dañoo wuute ca Téere ba, ña nga cig féewoo gu sore.

**177**. Mbaax [topp Yàlla] du rekk jubale sa kanam Penku walla Sowu. Waaye mbaax mooy nga gëm Yàlla, Bis bu mujj ba, Malaaka ya, Téere ba ak Yonent ya, te alal ak ni mu neexee ci xol, nga di ko jox ña la jege, jirim yi, way-ñàkk ñi, doxandéem yi, ñay yalwaan ngir loru, jaam bu bëgg a jotu, [batey mbaax mooy] taxawal julli, di génne asaka. Te di mottali kóllare fu mu ko fasantee tey muñ tiis yeek naqar yi, ak tolluwaay yi, diggante yu metti yi, gaa ñooñu ñoo dëggal, ñoo ragal Yàlla !**(n)**

Draft

178. Éy yéen ñi gëm ! Digal nañu leen ci ku rey nit : gor ya fay gor, jaam ya fay jaam, jigéen fay jigéen. Waaye koo xam ne mbokkam baale na ko, nañu topp ci njekk mu fay dëyya ca namu rafetee. Loolu ag woyafal la gu tukkee ca seen Boroom ak yérmaande. Ku jalgati ginnaaw loolu, dana am mbugal mu metti.

179. Am ngeen ci feyyu googu dundu [gu yokku], yéen ñi ame xel, ndax Yàlla ngeen di moytandiku.

180. Digaleef na leen, ku bokk ci yéen te dee dikkal ko te fekk mu am alal ju muy bàyyi ginnaaw, [na def] ab dénkaane bu jëm ci ñaari waajuram ak ay jegeñaaleem cig njekk. Muy lu yell ci kaw ñi ragal Yàlla.

181. Ku dégg ndénkaane boobu ba noppi soppiku, bàkkaar boobu dafay tegu ca kaw ña ko soppi.Yàlla ku xam la, kuy dégg la.

182. Koo xam ne ragal na, ca aji-dénkaan ja, jeng walla bàkkaar, mu jubbanti ko rafetal diggante way-dono ya, du ca am bàkkaar, Yàlla ab Jéggalaakoon la, ab Jaglewaakoon la !

183. Éy yéen ñi gëm!, farataaleef na ci yéen koor, kem ni ñu ko farataalee woon ca ña leen fi jiitu woon, ndaxtelee ngeen [mën caa am] ragal Yàlla,

184. ay bis yu ñuy lim [weeru Ramadaan]. Ku wopp ci yéen mbaa mu nekk ci tukki, na ko fey ci yeneeeni bis. Ñi nga xam ne àttanuñu koor, nañu jote ci jox ñam way-ñàkk ña. Ku coobarewu ci jëfi yiw, mu nekkal la fa ; ngeen woor nag moo gën ci yéen ; Cëy boo leen xamoon !

185. Weeru koor, ci la Alxuraan wàcc di njub ci nit ñi ak faramfàcce [diggante dëgg ak i fen] ci njub. Képp ku teewe ci yéen weer wi, na ko woor ! Ku wopp walla mu nekk ci tukki, na fey yeneeni bis. - Yàlla jàppandal na leen te bëggaluleen ag jafeel, nangeen matal lim ba te màggal Yàlla ndaxtelee ngeen [jéem a delloo Yàlla njukkal], sant Ko.(s)

186. Saa su la samay jaam laajee lu jëm ci Man, [Neeleen : ] Man ku jegeñ laa: Ku Ma woo dinaa ko wuyu, saa su ma woowee. Nañu sàkku Ma wuyu leen te nañu ma gëm ndaxtelee ñu jub, gindiku.

187. Dagan na ci yéen ngeen di jote ak seeni soxna ci guddiy weeru koor ; ñoom malaan lañu ci yéen, yéen itam malaan ngeen ci ñoom. Yàlla xam na ne dangeen daan wuruj seen bopp. Mu jéggal leen, jéllale. Kon léegi nangeen jonjonteek ñoom, te ngeen sàkku ci li leen Yàlla dogalal ; te nangeen lekk di naan ba ba ngeen di mën a ràññee wëñ gu weex ak gu ñuul ci fajar gi. Ngeen dale fa mottali koor gi ba guddeeti. Buleen jonjook ñoom fekk yéen a ngi wéet ci jàkka yi di jaamu Yàlla. Loolu deytali Yàlla la : buleen ko jéggi. Noonu la Yàlla di biralee ay laayaam ndaxtelee ñu ragal Yàlla.

188. Buleen lekk seeni alal ci seeni diggante cig neen, te buleen cay ger àttekat ya ngir mën a labaj ba lekk ci alali nit ñi, ci bàkkaar te xam ko [xéll].

189. Danañu la laaj ci terutel weer yi - Neeleen : "Ay takkukaayu waxtu lañu ci nit ñi ak nattukaayi aj Màkka. Te mbaax [mbaaxu Yàlla] du tekki duggu kër jaare ko ñoot ya [ginnaaw]. Waaye mbaax [jaamu Yàlla] moo di dugge kër ca buntu ya àndak ragal Yàlla. Ay waay ragalleen Yàlla ndaxtelee ngeen texe !".(r)

190. Xeexleen ci yoonu Yàlla ak ña leen di xeex, te buleen jéggi dayo di tooñ Yàlla. Yàlla dey soppul ñay jalgati !

191. Reyleen leen, fu ngeen fi dajeek ñoom ; Nangeen leen génne fa ñu leen génne woon : [Sànje] moo gën a tar reyaate. Buleen xeex ak ñoom fa Màkka ndare du ñoom ñoo leen fa songu. Bu ñu leen fa songee nag, reyleen leen. Loolu mooy peyub yéefar yi.

192. Bu ñu génnee ci kéefar ga nag, Yàlla ab Jéggalaakoon la, ab Jaglewaakoon la.

193. Nangeen xeex ak ñooña ba sànje dootul am, diinay Yàlla rekk taxaw fi. Bu ñu bàyyee sànje nag, ku toppati ñu nekkalko ca ak moom.

194. Weer wuñu wormaal [Araamal], tere ku ca xeex, dañu koy feyee ak weer wuñu wormaal ! - Yu ñu wormaal ya dañuy feyante -. Ku leen ca tooñ, feyyuleen kem la mu leen tooñ. Te nangeen ragal te xamleen ne Yàllaa ngi ànd ak ñi ko ragal.

195. Nangeen di joxe alal ci yoonu Yàlla. Te buleen sànni seen bopp ci alkaande. Te nangeen di rafetal. Yàlla nag sopp na ñay rafetal.

196. Nangeen matal Aj ak Umra ngir Yàlla. Bu amee lu leen gaar, tere leen a mottali seen aj, nangeen rey ëdyu ca na mu yombee ci yéen. Te buleen wat seeni bopp, ba ëdyu ba àgg ca barabam. Ku wopp ci yéen walla mu am lor ju ko gaar ci boppam, na jotu ci saraxe walla mu woor walla mu rey gàtt. Bu ngeen nekkee ci kóolute, naka ku bëgg xéewu ci Umra booleek Aj, la ko yomb ci ëdyu te jàppandi lay def. Su amul ëdyu mu woor ñetti fan ca aj ga, mottali juróom-ñaari fan bu delloo fa mu dëkkoon, muy fukki fan yu mat sëkk. Looloo war ku dëkkul ci wetu Jàkka jañu wormaal [Màkka]. Te nangeen ragal Yàlla. Te xam ne Yàlla mbugalam tar na.

197. Aj ci ay weer yu ñu xam [lañu koy def]. Ku dugg ci aj, bumu sëy [béej], bumu def lu ñaaw, bumu dàggasante ca biir aj ga. Lu ngeen def ci lu baax Yàlla xam na ko. Nangeen yóbbalu ; te yóbbal bi gën mooy ragal Yàlla. Ragal-leen Ma, yéen woroom xel yi !(S)

198. Aayul ci yéen ngeen sàkku wërsëg [jënd ak jaay]. Bu ngeen bàyyikoo [Harafaat], nangeen tudd seen Boroom fa Mach-haril Haraam . Tudduleen Ko, fàttalikuleen Ko kem na Mu leen gindee, fekk la ko jiitu ngeen doonoon ñu réer.

199. Topp, ngeen wéy [yéen waa Màkka] bëbb yéen itam fa nit ña bëbbee, jéggaluleen Yàlla. Yàlla Jéggalaakoon la te Jaglewaakoon la.

200. Bu seen aj jeexee, nangeen di tuddu Yàlla kem na ngeen daan tuddee [taggee] seeni maam, walla sax tuddiin wu gën a tar. Am na ci nit ñi

ñuy wax ne : “Yaw sunu Boroom! May nu àddina [kese] !” - te duñu fàggu dara ngir àllaaxira.

201. Am na ci ñoom kuy wax ne : “Yaw sunu Boroom ! Defalnu xéewal ci àddina, ak ca àllaaxira ; te fegalnu mbugalum Safara !”.

202. Ñooña am na ñu yool ca la ñu sàkku. Te Yàlla ku gaaw la ci xayma [wañỹi, màndaxe].

**203**. Nangeen di fàttaliku Yàlla ci ay bis yuñu lim. Ku yàkkamti ba def ko ci ñaari fan du ca am bàkkaar, kay toog fa [Munaa] ñatti fan du ca am bàkkaar ci ku ragal Yàlla. Ragal-leen Yàlla te ngeen xam ne dees na leen fang [Jiital/gur-gur] jëme ci Moom.**(h)**

204. Am na ci nit ñi seeni wax dalay yéem lool, ci dundug àddina ndax day seedeloo Yàlla la nekk ca xolam, ndekeyoo moom xulóowaale la bu pànk, bu yées.

205. Bu nee wërëñ rekk tàmbalee yàq ci kaw suuf, di alag mbay mi ak jur gi te Yàlla bëggul ag yàq.

206. Te Bu ñu ko nee : “Ragalal Yàlla”, mu jomlu sax ci bàkkaar rekk, Safara dana ko doy ag pey, te bon na, lal ba ko fay xaar !

207. Am na ci nit ñi ñuy jaay seen bakkan ngir sàkku ngërëmul Yàlla. Yàlla dey Aji-ñeewant la ci jaamam ñi.

208. Éy yéen ñi gëm ! Dugguleen yéen ñépp ci jàmm ji [Islaam], te buleen topp yoonu [Séytaane], moom seenub noon la bu bir.

209. Bu ngeen tarxiisee, ginnaaw ba ngeen amee faramfàcce gu leer nàññ, xamleen ne Yàlla ku màgg kàttan la te ku xereñ la.

210. Moo ndax dañuy xaar ba Yàlla dikkal leen [ak mbugal] ci keri niir yi ak Malaaka yi, fekk àtteef na mbir ya ba noppi ? Te mbir yépp ca Yàlla lañuy dellu.

211. Laajal Banii-Israayiila ñaata yoon lañu leen indil ay kéemaan yu leer nàññ [bari na] ! Képp ku soppi xéewali Yàlla ginnaaw ba mu ko jotee... na xam ne, Yàlla ku tar mbugal la.

212. Ña nga xam ne dañoo weddi, doyloo nañu dundug àddina ak ub taaram, ba tax ñuy yejji ña gëm. Waaye ña ragal Yàlla ñoo leen di gënu demiin bu Bis-pénc baa. Ndax Yàlla dana wërsëgal ku ko soob ci lu àndul ak natt.

213. Nit ñépp wenn xeet lañu woon. Yàlla yónni ay Yonent yuy bégle di xuppe ; wàcceloon na leen ay Téere ci dëgg ngir ñu àtte diggante nit ñi ci seeni bejoo. Te ña ko ca jot doŋŋ ñoo ca juuyoo, ginnaaw ba mu leeree ca ñoom nàññ, te juuyoo googu doonut lu dul mbewte ! Yàlla mooy saytu ña ko gëm, mu gindi leen ci seenug juuyoo ci dëgg. Yàlla mooy gindi ku ko soob jëme ko ci yoon wu jub xocc wa.(s)

214. Am dangeen a jort dugg Àjjana [yéen jullit ñi] te dajuleen lu toll ni la ñi leen jiitu dajoon ? Ñoom dajoon nañu ay tar-tari jamono ak ñàkk ; ak tiitaange ba ab Yonent ak gaa ña mu àndal daanañu wax ne : “Kañ la ndimbalu Yàlla di ñëw xettali nu ?” - Xamleen ne ndimbalu Yàlla lu jege la.

215. Danañu la laaj : “Lan lañu war a joxe ci alal ?” - Neel : “Li ngeen di joxe na jëm ci seeni ñaari waajur, ak seeni jegeñaale, ak jirim yi, way-ñàkk ñi, ak doxandeem yi. Lu ngeen def ci lu baax, Yàlla xam na ko”.

216. Farataal nañu ci yéen xare te bëgguleen ko. Amaana, ngeen bañ mbir te fekk na moo baax ci yéen. Amaana it ngeen bëgg mbir te fekk na baaxul ci yéen. Yàlla xam na te yéen xamuleen.

217. - Danañu la laaj lu jëm ci weer wuñu wormaal, ku ca xeex. - Neel : “Xeex ca bàkkaar bu rëy la, ak tere nit ñi ñu dugg ci diine, ak jàkka juñu wormaal ja, ak génne ña nekk [Màkka] moo gën a rëyati fa Yàlla ci bàkkaar. Te fitna [sànja] moo gën a màgg rey.” Yéefar ya duñu deñ di xeex ak yéen, ba ba ñu leen di génne ci diine. Seeni jëf sippiku na àddina ak àllaaxira. Te ñooña ñoo di waa Safara : te dañu fay béel.(r)

218. Ña gëm ak ña gàddaay tey jihaad [xeex] ci yoonu Yàlla, mën nañoo yaakaar yërmaandey Yàlla. Te Yàlla Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

219. - Danañu la laaj lu jëm ci sàngara ak wure. Neel : “Ñoom ñaar bàkkaar bu rëy a nga ca ak njariñi nit ñi ; waaye, la cay bàkkaar ca ñoom ñaar moo ëpp fuuf njariñ ya”. Danañu la laaj : “Lan la ñu war a joxe ci alal?” Neel : “Aw des.”. Noonu la leen Yàlla di leeralee laaya ya ndaxtelee ngeen di xalaat

220. ci àddina ak ca àllaaxira ! Te danañu laaj lu jëm ci jirim yi. Neel : “Yéwénalal-leen [ba seeni alal mën a yokk]. Moo gën bu ngeen jaxasoo ak ñooñu, aayul ndax seeni mbokk lañu ci diine”. Yàlla xàmmee na ñiy yàq ak ñiy defar. Te bu sooboon Yàlla mu sonnal leen. Moom Yàlla moo not lépp, moo xereñ.

Draft

221. Buleen takk soxna jigéen ñuy bokkaale li feek gëmuñu, jaam bu jigéen bu gëm moo gën jigéen [ju ñuy tuddeeb sang] juy bokkaale, doontale yéem na leen. Buleen may jabar góor ñuy bokkaale, jaam bu góor moo gën góor [gu ñuy tuddeeb sang] guy bokkaale, doontale yéem na leen. Ñooña dañuy woote jëme Safara ;Yàlla moom di woote jëme Àjjana ak ug njéggal, ci ndigalam. Te dana leeral ay laayaam nit ña ndax ñu fàttaliku [seen Boroom] !

222. - Danañu la laaj lu jëm ci mbërëg . - Neel : "Moom sobe la. Deeleen beru jigéen ña bu ñu nekkee ci mbërëg, buleen jege ba bañuy laab. Suñu laabee, ngeen duggeleen fa Yàlla digle ndax Yàlla sopp na ñay tuub, sopp na itam ñay laabal seen bopp".

223. Seeni soxna [jabar] seeni tool lañu ; dikkeleen seeni tool ca na mu leen neexee te ngeen jiital ngir seen bopp, buleen fàtte tudd Yàlla. Te ngeen ragal Yàlla te ngeen xam ne dangeen dajeek Moom. Te nanga bégal way-gëm ña !

224. Buleen di giñ ci Yàlla, ba mu nekk gàllankoor gu leen teree def lu baax, walla ragal Yàlla mbaa yéwénal diggante nit ñi. Yàlla kuy dégg la te ku xam la.

225. Yàlla duleen jàppe ngiñ ci kaf : Waaye Dana leen jàppe ngiñ lu seeni xol dëggu. Yàlla jéggalaakoon la te ku lewet la.

226. Ña giñ ci [beru] seeni jabar, nangeen leen muñal ñeenti weer. Bu ñu delloo ginnaaw [ca la ñu giñoon], Yàlla Jéggalaakoon la te Jaglewaakoon la !

227. Bu ñu dogoo ci pase, Yàlla kuy dégg la te ku xam la.(S)

228. Jigéen ñi ñu fase, nañu muñandiku téye seen bopp [bala ñoo dugg ci beneen sëy] ba ba ñuy am ñetti mbërëg ; te daganul ci ñoom ñuy nëbb la Yàlla bind [sos] ci seeni njurukaay [su ñu ëmbee], njéem gëm nañu Yàlla ak Bis-pénc ba. Seeni jëkkër ñoo gën a yay ci jëlaat leen ndeem namm nañoo defaroo ñoom jigéen ña. Am nañu yelleef yu tollook seeni wareef ci njekk. Waaye góor ñee yor kiliftéef ga ca seen kaw [ñoom jigéen ña]. Yàlla ku not la, ku tedd la te ku xereñ la.

229. Pase ci ñaari anam la am. Téye bu yiw walla bàyyi ci njekk [la leen Yàlla digal]. Waaye daganul ci yéen ngeen nangu dara ca la ngeen leen joxoon, - lu dul bu ñu ragalee jéggi daytali Yàlla yi. Bu ñu ragalee nag ca ñoom ñaar, ndaw sa na joxe alal ja mu jot. Loolu moo di deytali Yàlla yi. Buleen ko jalgati. Ñay jalgati [jéggi] daytali Yàlla yi ñooy tooñkat ya.

230. Bu ko fasewaatee [ñetteelu yoon] du dagan mu jëlaat ko ginnaaw ga. Ba ba muy sëy ak jeneen jëkkër ju dul moom joo xam ne su ko fasee moom it mu daldi ragal delloowante [ndaw sa ak jëkkër ju jëkk ja], njeem njort nañu ne dana sàmmonte ak daytali Yàlla yi. Muy leeralal nit ñi amug ràññee.

231. Bu ngeen fasee aw jigéen, ba seeni idda [àpp] di waaj a mat, nangeen leen dencaat bu yiw, walla ngeen bàyyi leen ci njekk. Te buleen leen téye ngir bëgg leen a lor : di jalgati, ku def loolu topp na boppam. Buleen jàppe laayay Yàlla yi ay caaxaan. Fàttalikuleen xéewal yi leen Yàlla defal, ak li mu leen wàcceel ci Téere, ak xereñe, di leen ca waar. Kon ragal-leen Yàlla, te ngeen xam ne Yàlla xam na lépp.

232. Bu ngeen fasee aw jigéen, ba seen idda mat, buleen gàllankoor bu ñu bëggee sëyaat ak seeni jëkkër, bu ñu ca dogoo te nangulante ko. Yàllaa cay waar képp ku bokk ci yéen te gëm Yàlla ak bis bu mujj ba [Bis-pénc ba]. Loolu moo gën a sell ci yéen te moo gën a laab. Yàlla xam na te yéen xamuleen.

**233**. Nday ya nañu nàmpal seeni doom ñaari at yu mat sëkk ci ku bëgg nàmpal gu mat. War na ca baay ya dundu ak koddaayu jabar ja ci njekk. Tegeesul kenn lu dul la mu àttan. Wareesul a lor ndey ja ci [nàmpal doomam, baay ba it wareesu koo lor ci doomam]. Aji-nàmp ja donn alal looloo ko war. Te ñu génne ci alalam peyu nàmpal ga. Su ñu bëggee feral [liir ba] ci ña jaboote ñoom ñaar, diisoo ca aayul ci ñoom ñaar ñu def ko. Bu ngeen bëggee nàmpal-lu seeni doom yéen baay yi, aayul ngeen def ko, bu joxee pey gu jaadu ci njekk. Nangeen ragal Yàlla te xam ne Yàllaa ngi ne jàkk ci li ngeen de def**(n)**

234. Ña dee ci yéen te bàyyi ginnaaw ay jabar : nañu muñandiku [ñoom jabar yooyu] ñeenti weer ak fukki fan. Bu ñu matalee àpp ba amatuleen wareef ca la ñu def ci seen bopp, ci lu yiw. Yàlla deñ na kumpa ci li ngeen di def.

235. Aayul ci yéen ngeen gaaral [seen yéene] ci wàllu labat, ci jigéen ju nekk ci biir iddaam mbaa ngeen nëbbandi seeni yéene ci seeni xol. Yàlla xam na ni dangeen def seeni xol ci ñoom. Waaye nag buleen daldi dige sëy ak ñoom cig nëbbu, lu dul ngeen wax waxiin wu yiw. Waaye buleen dogu ci fas ab sëy li feek àpp ba matul. Te ngeen xam ne Yàlla xam na li nekk ci yéen. Nangeen ko wattandiku te xam ne Jéggalaakoon la, ku lewet la.

236. Du bàkkaar ci yéen ngeen fase jigéen joo xam ne jotuleen koo laal, walla joo xam ne nanguwantewuleen can.Waaye nangeen leen jox

Draft

dara - aji-woomal na joxe kem kàttanam, aji- néew doole itam kem kàttanam - muy yóbbal bu jaadu ci dëgg. Di wareef ci ñiy rafetal.(s)

237. Bu ngeen fasee jigéen te fekk jotuleen koo laal, te nanguwante woon ngeen can, nangeen leen bàyyil genn-wàllu can ga, lu dul mu jéggale walla ka yor pas-pasu sëy ba [jëkkër ja] jéggalu. Jéggalu moo gën a jege ragal Yàlla. Buleen fàtte jëflante bu rafet ci seeni diggante. Yàllaa ngi ni jàkk ci li ngeen di def.

238. Sàmmoonteleen ak julli rawati na julli gu digg-dóomu ga ; te ngeen taxaw temm cig jaamu Yàlla.

239. Bu ngeen ragalee [seen noon bett leen], mën ngeen a dox walla ngeen gawaru di julli. Bu ngeen nekkee ci kóolute, amuleen dara lu ngeen di ragal, fàttalikuleen te tudd Yàlla [ci biir julli ga] ni mu leen xamalee lu ngeen xamul woon.

240. Ña dee ci yéen te ñu bàyyi ginnaaw ay jabar, [war na] ñu dénkaaneel leen [ci seeni alal] ab yóbbal lu jëm at te bu ñu leen génne. Bu ñu génnee seen bopp nag, dungeen ca am bàkkaar ca lañu def ci seen bopp ci lu jaadu, Yàlla ku not la [tedd] te ku xereñ la.

241. Jigéen ñañu fase war nañoo am ab yóbbal bu jaadu, di wareef ca ña ragal Yàlla.

242. Noonu la leen Yàlla di faramfàcceelee laayaam ya ngir ngeen xel-lu.

243. Moo ndax gisoo ña génn seeni kër, - ñuy ay junni, - ngir ragal dee ? Yàlla ne leen : “deeleen”. Daldi leen dekkalaat. Yàlla mooy Boroom ngëneel, ci nit ñi ; waaye li ëpp ci nit ñi duñu gërëm [seen Boroom]. (r)

244. Nangeen di xeex ci yoonu Yàlla. Te xam ne Yàlla kuy dégg la te ku xam la.

245. Képp koo xam ne lebal na Yàlla lebaliin [bor] bu rafet, dana ko ko fulal ay yoon yu bari. Yàlla mooy xatal di yaatal. Te ca Moom ngeen di dellu.

246. Moo ndax gisoo mbooloom kilifaay Banii-Israayiila ya, ca ginnaaw Muusaa, ba ñu waxee seen Yonent ne : “Yónneel nu ab buur ndax nu mën a xeex ci yoonu Yàlla”. Mu ne leen : “Xéy-na yéen bu ñu leen joxee ndigal ci xeex da ngeen xeex ?” Ñu tontu ne : “Lu ñu nekkal ci bañ a xeex ci yoonu Yàlla te ñu génne nu ak sunuy doom, ca sunuy

kër ?”. Ba ñu leen joxee ndigal ci xeex dañoo lànk, lu dul lim bu néew ci ñoom. Yàlla xam na tooñkat ya.

247. Seen Yonent ba ne leen : “Yàlla yónni na leen [TaaLóota] mu nekk seen buur.” Ñu ne : “Naka lay mën a nekkee sunu buur ? Te nun noo ko gën a yeyoo nguur gi ci moom. Te amul alal ju bari !” Mu ne leen : “Yàlla moo ko tànn ci seen kaw, dolli na ko kàttan ci xam-xam ak ci yaramam.” - Yàlla mooy jox nguuram ku ko soob. Yàlla ku yaatu la te ku xam la.(s)

248. Seen Yonent ne leen : “Liy tegtale ne mooy nekk buur, dana ñu leen jox waxande; woo xam ne dal xel mooy nekk ca biiram tukkee ca seen Boroom, ak desiit ca la waa kër [Muusaa] bàyyi ak waa kër [Haaruuna]. Ay Malaaka ñoo koy yor. Loolu màndarga la, ndeem ñu gëm ngeen !”

249. Ba TaaLóota génnee ànd ak ay xarekatam, mu ne leen : “Yàllaa ngi leen di nattu ci ag dex : ku ca naan dootoo bokk ci man ; ku ca mosul ci man nga bokk ; - ak ku ca corfati lu néew ci loxoom.” Naan nañu ca ñoom ñépp lu dul lu néew ca ñoom. Ba ñu jàllee dex ga, moom [TaaLóota] ak ña gëm te ànd ak moom, ñu ne : “Amunu tey kàttan [gu nu xeexee] ak [JaaLóota] ak i xarekatam !” Ña gëm ne danañu dajeek seen Boroom wax ne : “Bariwaana bu mbooloo mu néew note mbooloo mu bari. ! Te it Yàlla ànd na ak way-muñ ña”.

250. Ba ñu génnee jëm ca JaaLóota ak i xarekatam, ñu ne : “Yàlla sunu Boroom ! nanga sotti ci nun muñ, te nga saxal sunuy tànk te nga defal nu ndimbal ci kaw nit ñu weddi ñii”.

251. Nu def ci ndigalu Yàlla [Daawuda] rey [Jaaluta] ; Yàlla jox ko nguur ga ak xam-xam, xamal ko ca la ko soob. Bu dul koon ak li Yàlla di fege aw nit ak ñeneen, kon suuf si dana yàqu. Waaye Yàlla mooy Boroom ngëneel yi muy sotti ci mbindéef yi.

252. Kàddug Yàlla googu dananu la ko jàngal ci dëgg. Te yaw [Muhammad] (saw), ci Yonent yi nga bokk.

**253**. Yonent yooyu, gënal nanu ñenn ci kaw ñeneen ña ; Am na ci ñu Yàlla wax ak ñoom, yékkati ñenn ña seeni daraja. Te jox Nanu (Iisaa) doomu Maryaama lay yu leer nàññ, dëgërale ko Ruu gu Sell. Bu sooboon Yàlla, ñi ñëw seen ginnaaw duñu reyante, ginnaaw ba ñu jotee lay yu leer nàññ ; waaye dañoo juuyoo : mu am ca ñoom ñu gëm, am it ñu weddi. Bu sooboon Yàlla, duñu xeex ; waaye Yàlla dana def la mu namm.**(h)**

Draft

254. Yéen ñi gëm ! Nangeen joxe ci alal ji Nu leen wërsëgal, bis dina ñëw boo xam ne amul xaritoo, amul njotu, amul tinu. Te ña weddi ñooy tooñkat ya de.

255. Yàlla dey ! Amul jeneen Yàlla ju dul Moom, Aji-dundu la, Aji-taxaw la, lépp la taxawe. Ngëmméntu du ko jàpp waxatumalaak ay nelaw. Moo moom li nekk ci asamaan yi ak ci suuf si. Ana kan moo sañ a tinu ca Moom te du ci ndigalam ? Moo xam la nekk ci seen kanam ak la nekk ca seen ginnaaw. Te kenn du peeg daraja ci xam-xam lu dul la ko ca soob. Gàngunaayam ga daj na kaw ak suuf, lu leen wattu ñoom ñaar jaaxalu ko. Mooy ki Kawe te Màgg.

256. Nargan warul am ci diine ! Ndax jub ràññeeku na [doon lu] wuute ak réer. Ku weddi mbiri Séytaane te gëm Yàlla jàpp na ca buum ga gën a dëgër [du dog mukk]. Yàlla kuy dégg te ku xam la.

257. Yàlla moo féetéek ñi gëm : Moo leen di génne ci ay lëndëm di leen jëme ci ag leer. Ña weddi nag Séytaaney seen péete, Mu leen di génne ci leer jëme leen ci ay lëndëm. Ñoom ñooy waa Safara, te dañu fay béel.

258. Moo ndax gisuloo ka doon dàggasanteek Ibraahiima ci ay mbiri Boroomam te Yàlla joxoon ko nguur ? Ba ko Ibraahiima nee : “Sama Boroom mooy dundal mooy rey”, mu ne ko : “Man it danaa dundal danaa rey.”. Ibraahiima ne ko : “Yàlla mooy fenkal jant bi ci penku bi, yaw indi ko ci sowu.”. Ku weddi ka janaxe na. Te Yàlla du gindi tooñkat yi.(S)

259. Walla ka romboon ab dëkk bu ràppoon ba ruus, mu ne : “Waa naka la Yàlla di dundalee lii ak ni mu dee te wow ?”. Yàlla daldi koy rey moom lu tollu ci téeméeri at. Daldi koy dekkalaat, ne ko : “Sab yàggaay fii nu mu tollu ?”. Mu ne ko : “Benn bis walla sax matu ko.”. Yàlla ne ko : “Am nga fi téeméeri at. Xoolal sa lekk gi ak sa naan gi : soppikuwuñu ; waaye xoolal sa mbaam mi... Te ngir nu def la kéemaan ci nit ñi, xoolal ni nuy dajalee yax yi, ba noppi wodde ko yàpp”. Ba mu ko leeree nàññ nag, mu daldi ne : “Xam naa xéll ne Yàlla mën na lu ne”.

260. [Fàttalikul] ba Ibraahiima waxee ne : “Sama Boroom ! Won ma ni ngay dekkalee ku dee”, mu ne ko : “Xanaa dangaa gëmul?”. Mu ne ko “Axakay ! Waaye ngir sama xel dal”. Mu ne ko : “Jëlal ñeenti njanaaw, teppasleen , boo noppee nga teg ci kaw tund wu ne aw dogit, boo noppee nga woo leen : danañu yëngatu wutsi la. Yàlla Aji-not [tedd] la te ku xereñ la.”

261. Méngaleg ña nga xam ne dañuy joxe seeni alal ci yoonu Yàlla mi ngi deme ni wenn pepp wu sax, seqi juróom-ñaari gupp, gupp wu nekk am téeméeri fepp. Yàlla mooy fulal ku ko soob,Yàlla ku yaatu ku xam la.

262. Ña nga xam ne dañuy joxe seeni alal ci yoonu Yàlla te duñu toftale ca la ñu joxe ñax walla kañu , danañu am seenug pey fa Yàlla seen Boroom. Duñu tiit, duñu jàq.

263. Wax ju yiw ak ag njeggal moo gëm sarax boo xam ne wax ju ñaaw a ca topp. Yàlla ku woomal la, ku lewet la.(r)

264. Éy yéen ñi gëm ! Buleen yàq seeni sarax ci ñax ak kañu, képp ku joxe alal ngir ngistal ci nit ña te gëmul Bis-pénc ba. Dafay mel ni doj wu suuf tegu ca kawam ; waame sottiku ca, bàyyi ko mu ratax bandaŋ. [nit ñu mel noonu] duñu mën a def dara lu barkeel. Te Yàlla du gindi nit ñu weddi.

265. Melow ñi joxe seeni alal ngir sàkku ngërëmul Yàlla, ak saxal seeni bakkan ci jaamu Yàlla, dafa mel ni tool bu nekk ci aw tund. Waame [taw] dal ca, mu génne ñaari yoon meññeefam ; bu ca waame dalul itam, mësay ma naatal ko. Yàllaa ngi ne jàkk ci li ngeen di def.

266. Kenn ci yéen bu amoon toolu garabu tàndarma ak reseñ, ndox ya di daw ca biir, mu bari lool meññent, fekk mu nekk mag, ame njaboot gu sew, ndax dana bëgg callmeer lu ànd ak safara dal ca tool ba lakk ko ? Noonu la Yàlla di faramfàccee ay laayaam ndaxtelee ngeen di xalaat !

267. Yéen ñi gëm ! Deeleen joxe asaka ci lu téey li ngeen di fàggul seen bopp ak li Nu leen génneele ci suuf si. Buleen ca beddi la ca yées di ko joxe. Te fekk muy loo xam ne ku leen ko joxoon dungeen ko bëgg a jël, te gëmmuleen ca ! Nangeen xam ne Yàlla ku woomal la te ku yayoo cant la.(s)

268. Séytaane, ag ñàkk la leen di dig, di leen xiir ci moy ;Yàlla nag, jéggal la leen di dig ak wërsëg wu bawoo ca Moom. Yàlla ku yaatu, ku xam la.

269. Mooy jox ku ko soob xel mu rëy, rafet . Ku Mu jox xel mu rafet, jox na ko njariñ lu rëy. Te boroom xel ya rekk ay waaru.

270. Li ngeen joxe mu génn walla ngeen nisar ko , Yàlla xam na ko. Ñiy tooñ, duñu am ndimbal !

271. Bu ngeen feeñalee seeni sarax, baax na ; bu ngeen ko nëbbee, jox ko wax-ñéew ji doole ya nag, moo gën ci yéen. Danañu leen jéggal ci seeni ñaawtéef [ci soppi ko aw yiw]. Yàlla ku deñ-kumpa la ci li ngeen di def.

**272**. Seenug njub waru la, waaye Yàlla mooy jubal ku ko soob. Lu ngeen joxe ci alal, seen bopp ngeen ko defal, dungeen joxe lu dul ngir jëmmi Yàlla. Xamleen ne li ngeen joxe ci alal dangeen ca jotaat. Te duñu leen ca deseel dara.**(n)**

273. Ay sarax ñeel na ña nga xam ne dañoo tënku ci liggéeyu Yàlla, mënuñoo dem di wuti wërsëg ci suuf si, ña réer dañuy defe ne ñu woomal lañu ndax seenug fegu - danga leen xamee ci seeni màndarga - Duñu laaj nit ñi dara. Lu ngeen joxe ci alal Yàlla xam na ko.

274. Ñi nga xam ne dañuy joxe seeni alal, guddi ak bëccëg, ci lu nëbbu ak lu feeñ, ñooña am nañu seenug pey fa seen Boroom te duñu jàq.

275. Ñay lekk ribaa, [duñu jóg] ci seeni bàmmeel lu dul jógeenu ku Séytaane daaneel, sadd ko saddum jinne. Ndax dañu ne : “Jaay ak ribaa ñoo yem”. Te Yàlla daganal na jaay, araamal na ribaa. Képp ku ñu ca waar ci lu jóge ca Yàlla ba nga bàyyi ribaa, mën naa téy la weesu ; mbiram ma nga ca Yàlla. Ku ca dellusi nag... ñooña, ñooy waa Safara ! Te dañu cay béel.

276. Yàlla dafay màbb ribaa, di sakkanloo sarax. Yàlla soppul ku weddi, [yéefar] bu ñemey bàkkaar.

277. Ñi gëm tey jëfe yiw , di taxawal julli tey joxe asaka, am nañu seenug pey fa seen Boroom. Te amuñu lu ñuy tiit walla lu ñuy jàq.

278. Éy yéen ñi gëm ! Ragal-leen Yàlla ; te ngeen bàyyi li des ci ribaa yi, ndegam ñu gëm ngeen.

279. Bu ngeen ko deful, nangeen séentu xeex bu tukkee ca Yàlla ak ab Yonentam. Bu ngeen tuubee, yéen a moom seen. Alal [ja ngeen dugaloon] dungeen loru, dungeen lore.

280. Ku leen ameel, su nekkee ci jafe-jafe , muñal-leen ko. Su ngeen ko bàyyee muy sarax nag moo gën ci yéen ! Ay bu ngeen xamoon !(s)

281. Ragal-leen bis boo xam ne dangeen ca dellu ca seen Boroom. Kenn ku nekk ñu delloo ko la mu jëfoon. Te kenn du ko ca tooñ [ci maandute].

282. Éy yéen ñi gëm ! Bu ngeen digaalee bor bu jëm ci diir bu ñu tudd, bindleen ko ; Naleen ko ab bindkat bindal, ci maandute ; bindkat bi it

na ko bind ca la mu mën a binde ; te ka bor ba aju ci aw loosam, moo ko koy fite : te na ragal Boroomam ca bañ caa wàññi dara. Bu fekkee ka bor ba tegu ci loosam dafa doon ku dese, mbaa mu doyadi mbaa xel ma matul, kon na ko kilifaam fiteel. Te seedeloo ko ñaari seede yu góor ; walla genn góor ak ñaari jigéen, ñoo xam ne ñu wóor lañu ndax kenn ca jigéen ña mën naa fàtte, ka ca des fàttaliku. Ku ñuy seedeloo ba woo ko, na nangoo seede. Buleen di bañ di bind bor bu jëm ci ab dig, moo xam dafa rëy walla mu tuuti : looloo gën a maandu ca Yàlla, ngeen jub te seede moo gën a soril sikki-sàkka. Lu dul njaay mu teew mu ngeen dogal ci seen diggante : ci kaw loolu mën ngeen koo bañ a bind. Waaye nangeen di seedeloo bu ngeen di jaayante ; te bindkat ak seedekat buñu loru buñu lore. Bu ngeen defee loolu, lu ñaaw la [caay-caay la] ci yéen. Te Yàlla xam na lu ne.

283. Bu ngeen nekkee ci tukki te amuleen bindkat, kon [ngeen jëf] tayle gu ñu téye. Te ku ñu wóolu ba dénk ko, na delloo ndénkaan la ; te mu ragal Yàlla Boroomam bañ caa sànk dara. Te buleen di nëbbu seede : ku nëbbu seede, xolam def bàkkaar. Yàlla xam na xéll li ngeen di def. (r)

284. Yàllaa moom li nekk ci asamaan yi ak suuf si. Bu ngeen feeñalee li nekk ci yéen [seeni bakkan] walla ngeen nëbb ko, dana leen ko mas a limal moom Yàlla. Su ko defee mu jéggal ku ko soob, mbugal itam ku ko soob. Yàlla mën na lu nekk.

285. Yonent bi gëm na la ñu wàcce ca moom, la bawoo ca Yàlla, [jullit ña gëm] itam : ñoom ñépp gëm nañu Yàlla ak i Malaakaam, ak i téeréem, ak i Yonentam; (te ñu ne) : "Dunu téqale kenn ci ay Yonentam". Wax itam : "Dégg nanu, topp nanu. Sa njéggal lanu yaakaar, di ko sàkku. Te Yaw yaa di daj dëpp gi".

286. Yàlla du teg kenn lu dul lu mu àttan. Lu mu def ci lu baax añe ko, lu mu def ci safaan yenu ko. Yàlla sunu Boroom, bul nu jàppee la nu fàtte walla nu juum. Te bul nu teg coono kem na nga ko tege woon ña nu jiitu woon. Te bul nu teg lu ëpp sunu kàttan, jéggal nu, baal nu, yërëm nu. Yaay sunu wéeruwaay, defal nu ndimbal ci kaw yéefar yi.

# Saar 3 : Njabootu Himraan

## 200 Laaya - Ginnaaw Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Alif, Laam, Miim..

2. Yàlla mooy Yàlla ! Amul jeneen yàlla ju dul Moom, Aji-dundu la, di Aji-taxawaakoon ci lépp.

3. Moo wàcce ci yaw Téere ba ci dëgg, di feddali la ko jiitu. Moo wàcce Tawreet ak Injiil

4. ca bu jëkk, doonoon njub ci nit ñi. Moo wàcce Alxuraan. Ña weddi kàdduy Yàlla yi, am nañu mbugal mu tar ! Te Yàlla ku not la , Boroomug feyyu la.

5. Yàlla, dara nëbbuwul ci Moom biir asamaan ak suuf si.(S)

6. Moo leen móol ci seeni biiri nday, na Mu ko soobee. Amul jeneen Yàlla ju dul Moom, Mooy ki not, di ku xereñ.

7. Moom moo wàcce ci yaw Téere ba : am na ca ay laaya seen maanaa leer nañu, ñoo di cosaani àtte yi, ak yeneeni laaya yu seeni maanaa fésul. Ña nga xam ne jeng a nekk seeni xol, benn ca laaya yooyu lañuy topp ngir sàkku fitna ak jéem leen a firi, te Yàlla doŋŋ a xam seeni piri ak ña sax ci xam-xam. Danañu wax ne : “Gëm nanu ko : lépp ca sunu Boroom la bawoo !” Woroom xel yi rekk ay waaru.

8. “Yaw sunu Boroom ! yàlla boo jengal sunuy xol ginnaaw ba nga nu gindee ; te may nu yërmaande ju bawoo ci yaw. Yaw de yaa di Mayewaakoon bi !

9. Sunu Boroom ! Yaw yaa di dajale nit ñi ci bis boo xam ne - sikk nekkul ci ag ñëwam - Yàlla, du wuute dige ba.

10. Ña weddi, seen alal ya ak seen njaboot ya duleen fegal dara ca Yàlla. Te ñoom ñoo di mattum Safara,

11. lu mel ni aadaay nitu Firawna ak ña leen jiitu woon, weddi woon Sunuy laaya. Yàlla jàppe leen seeni bàkkaar. Te Yàlla di ku tar mbugal.

12. Waxal ña weddi [ca Yahuud ya] ne : “Dees na leen not ; pang leen jëme Safara. Te [lal ba ñu fay fekk] bon na !”

13. Am ngeen lu waare ci ñaari mbooloo ya [ca Badar] la ñu daj : muy di xeex ci yoonu Yàlla ; meneen ma, di ay yéefar. Mu jullit ma gis ne ñaari yoon la leen yéefar ya ëppee, ci gisu bët rekk. Fekk ëpp na sax loolu. Yàlla dana dooleel ci ndimbalam ku ko soob. Lii nag doy sëkk ag waare ca ña ame gët [xel] !

14. Rafetaleef na ci nit ñi sopp bànneex ci jigéen ñi ak ay doom yu bari, alal ju bari ci wurus walla ci xaalis, fas yu tàggutu, ak i jur [waruwaay], ak i alal mbey ; loolu lépp yóbbalub àddina doŋŋ la, delluwaay ba gën, ma nga ca Yàlla.

**15**. Neel : “Moo ndax duma leen xamal lu gën loolu ci yéen ? Gaa ña nga xam ne dañoo ragal Yàlla, am nañu, fa seen Boroom, Àjjana joo xam ne dex yaa ngay daw ci ronam, ñu sax fa dàkk ak i soxna yu ñu laabal , ak ngërëm lu bawoo ca Yàlla.” Yàllaa ngi gis jaam ñi,**(h)**

16. ñooy ñay wax naan : «Sunu Boroom, nun gëm nanu ; jéggal nu sunuy bàkkaar, te fegal nu mbugalu Safara”,

17. ñooy, muñkat ya, ña dëggal, diy jaamukat, diy joxekati alal [ngir Yàlla] tey sàkku njéggal waxtuw njël.

18. Yàlla seede na ne, amul jeneen Yàlla ju dul Moom, Malaaka ya ak woroom xam-xam ya taxawe ci maandu it, seede nañu ne amul jeneen Yàlla ju dul Moom. Ku not la, ku xereñ la !

19. Diine Yàlla tigi mooy Lislaam. Ñoñ-téere ya yi wuutewuñu woon lu dul ba leen xam-xam ba dikkalee, ñu beew ci seeni diggante. Képp ku weddi kàddug Yàlla... na xam ne Yàlla ku gaaw la ci xayma jëf yi !

20. Bu ñuy dàggasante ak yaw, neel : “Ci Yàlla laa jublu maak ku ma topp”. Te nga wax ñoñ- téere, ak ña jàngul : “Moo ndax yéen wommatu ngeen ?” Bu ñu tàbbee ci Lislaam, nga xam ne gindiku nañu. Bu ñu dummóoyoo nag... Yaw [Muhammad] jotal rekk la ci war. Yàllaa ngi gis jaam ñi.

21. Ñay weddi kàdduy Yàlla, di rey Yonent ya, ci lu dul dëgg, di rey ñay digle maandute ci nit ñi, na nga leen bégal ci mbugalmu tar.

22. Ñooña seeni jëf sippiku na ci àddina ak ca àllaaxira. Te duñu am ndimbal !

Draft

23. Moo ndax gisoo ñañu jox cér ca téere ba , woowees na leen jëme ci Téere Yàlla bi ngir mu àtte seeni diggante ; am kurél ci ñoom bu dummóoyu, far ñoom ñépp dummóoyu.(s)

24. Ndax ñoom dañuy wax ne : “Safara dunu laal lu dul ay bis yuñu lim”. Dañuy duural Yàlla

ci seen diine, loolaa leen nax.

25. Naka la ñuy def ca bis ba, kenn warut a nàttable ci ne dana am, bu ñu leen dajalee ba kenn ku nekk ñu jox ko la mu fàggu woon mu mat sëkk.

26. - Neel : “Sama Boroom, Yaw miy Boroom nguur. Yaay jox nguur ku la soob, di rocci nguur ci ku la soob ; Yaay teral ku la soob, Yaay toroxal ku la soob. Yiw wépp a ngi ci sa loxo te kàttanu nga ci def lu ne.

27. Yaay dugal guddi ci bëccëg, Yaay dugal bëccëg ci guddi, Yaay génne ndundu ci ndee, Yaay génne ndee ci ndundu. Di wërsëgal ku la soob ci lu àndul ak wañña”.

28. Bu jullit ñi jàpp xaritoo ci yéefar yi, bàyyi fa jullit ña. Ku def loolu amoo ca Yàlla dara, ndeem du dangeen ragal ca ñoom ngaañ. Yàllaa ngi leen di moytandikuloo boppam. Te fa Moom la lépp di mujj.

29. Neel : “Bu ngeen nëbbee li ci seeni xol walla ngeen feeñal ko, Yàlla dana ko xam. Yàlla xam na li nekk ci asamaan yeek suuf si. Te Yàlla am na kàttan def lu ne.

30. Bis ba nga xam ne bakkan bu nekk dana jot ca la mu defoon ci aw yiw ak ca la mu defoon ci ñaawtéef ; dana ngéejoo dàndanteek ñaawtéef yooyu sore ko lool ! Yàllaa ngi leen di moytandikuloo boppam. Te Yàlla dey ku ñeewant jaam ñi la.

31. Neel : “Ndegam sopp ngeen Yàlla, topppleen ma, kon dey Yàlla dana leen safoo te jéggal leen seeni bàkkaar. Yàlla jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

32. Neel : “Toppleen Yàlla ak Yonent bi. Bu ngeen dëddoo [def lu bokkul ak loolu] ... Yàlla du safoo yéefar ya !

33. Yàlla moo tànn Adaama, Nooh, njabootu Ibraahiima ak njabootu Himraan ci kaw bindéef yi.(r)

34. Ñenn ña di doom ca ña ca des, Yàlla Kuy dégg la te Ku xam la.

35. Fàttalikul ba soxnas Himraan waxee ne : “Yaw sama Boroom, fas naa yéene sédde la li ne ci sama biir. May ku mu sellal, nangul ma. Yaw yaay Kiy dégg, Ki xam”.

36. Ba mu ko wasinee, mu ne : “Ay sama Boroom, jigéen laa wasin de” ; te Yàllaa gën a xam la mu wasin ! Ndax góor melul ni jigéen. “Te tudde naa ko Maryaama, te maa ngi koy muslul wéeru ci Yaw mook i doomam mucc ci Séytaane suñu rëbb sa”.

37. Boroomam nangul ko, nangu gu rafet, màggloo ko màgg gu rafet. [Zakariyaa] yar ko. Saa su [Zakariyaa] duggee ca Mihraab ba, dana fekk fa moom ay xéewal. Mu ne : “Yaw Maryaama, fu la lii bawoo ?” - Mu tontu ko ne : “Lu jóge ca Yàlla la”. Yàllaay wërsëgal ku ko soob ci lu àndul di waññi na mu tollu.

38. Foofii la Zakariyaa ñaanee Boroomam, ne : “Yaw sama Boroom, may ma ci sa coobare, ay njërëta yu yiw. Yaw Boroom bi Kuy dégg ñaan nga”.

39. Noonu, Malaaka ya woo ko, fekk mu taxawe julli ca Mihraab ba, xamal ko ne : “Yàllaa ngi lay bégal ci doom ju tudd Yahyaa, muy dëggal kàddu gu bawoo ca Yàlla [di Iisaa, di kilifa, di ku wegu]. Di ab Yonent, bokk ca ñu sell ña”.

40. Mu ne : “Sama Boroom, naka laay amee doom, ni ma màggatee, sama soxna Jërmél ?”. Mu ne ko : “Noonu lay ame !”, Yàlla mooy def lu ko soob.

41. - Mu ne : “Yàlla, defal ma màndarga.” - Mu ne ko : “ Doo mën a wax ak nit ñi ñetti fan lu dul ci njunju. Na nga tudd sa Boroom lu bari ; te nanga di ko sàbbaal suba ak ngoon.”

42. (Fàttalikul) ba Malaaka ya waxee ne : “Yaw Maryaama, Yàlla tànn na la te laabal na la, tànn na la ci kaw jigéeni àddina bi yépp.(S)

43. “Yaw Maryaama, jaamul sa Boroom, nanga sujjóot te rukkoo ànd ak ñay rukkoo [di julli]”.

44. - Loolu bokk na ca xibaar ya nekkoon kumpa, Nu ngi la koy xamal. Te neewuloo woon ba ñuy sànni bantu wantaloo ya di seet kan mooy yor Maryaama ! Te neewuloo woon ba ñuy xulloo.

45. (Fàttalikul,) ba Malaaka ya waxee ne : “Yaw Maryaama, Yàllaa ngi lay bégal ci kàddu [doom] gu tukkee ca Moom : turam moo di “Al-

Draft

Masiihu" "Iisaa", doomu Maryam, boroom bayre ci àddina ak ca àllaaxira, te bokk na ca way-jege ña Boroom bi".

46. Te dana wax ak nit ñi, bi mu doonee liir ak bu doonee mag te bokk na ca nit ñu yiw ña".

47. - Mu ne [moom Maryaama] : "Yaw sama Boroom ! Naka laay ame doom, te góor musu maa laal ?" - Malaaka ma tontu ko ne : "Noonu lay amee !". Yàlla mooy sàkk lu ko soob. Te buy dogal mbir, du def lu dul wax : "Nekkal" ; mu daldi nekk.

48. "Dana ko jàngal téere ba, xam-xamu ràññee, Tawreet ak Injiil,

49. dana ko def Yonent ci Banii-Israayiil, [mu wax leen ne]: "Man mii, indil naa leen ay màndarga yu bawoo ca seen Boroom. Mën naa leen defaral ci ban bi jëmmi picc, ëf ko mu nekk picc, muy dundu ci coobare Yàlla. Danaa faj ku judduwaale gumba ak ku gaana, danaa dundal [dekkal] ku dee ci coobare Yàlla. Mën naa leen xamal la ngeen di lekk ak la ngeen denc ca seeni kër. Loolu war na leen a yéem [waar], ndegam ñu gëm ngeen !

50. May dëggal li ma jiitu [Tawreet], ma di leen daganalal lennat ca ya ñu araamaloon ci yéen. Indil naa leen kàddu gu bawoo ca seen Boroom. Ragal-leen Yàlla te topp ko.

51. Yàlla miy sama Boroom di seen Boroom. Jaamuleen ko : lii mooy yoon wu jub xocc wi."

**52**. Ba Iisaa ràññee ca ñoom gëmëdi, la daldi wax ne : "Waaw ana kan moo may dimbali ci liggéeyal Yàlla ?" Gaa yu sell ya ne ko : "Nun noo lay dimbali ci yoonu Yàlla. Gëm nanu Yàlla. Seedeel ne nun way-wommatu lanu [jëm ci Yàlla].**(n)**

53. Yaw sunu Boroom ! Gëm nanu li nga wàcce [Linjiil] te topp nanu Yonent bi [Iisaa]. Yàlla nanga dogal nu bokk ca seede yu dëggu ya".

54. Ñu tëral pexe. Yàlla it tëral pexe. Te Mooy gën jaa mën a tëral pexe !

55. Fàttalikul ba Boroom ba waxee ne : «Yaw Iisaa, danaa la faat, yékkati la jëme ci Man, Danaa la laabal ci bon-boni yéefar yi weddi te danaa def ña la topp ñu féete kaw ña la weddi ba Bis-pénc ba. Yéen ñépp dellu ci Man, Ma àtte seeni diggante ci li ngeen doon juuyoo.

56. Ña nga xam ne dañoo weddi, danaa leen mbugal mbugal mu tar, ci àddina ak ca àllaaxira ; te duñu am ku leen dimbali.

57. Ña gëm te jëf aw yiw, danañu jot seeni pey. Yàlla sopput tooñkat ya.

58. Loolu noo ngi la koy jàngal [xamal] mu bokk ci ay kéemaan ak kàdduy fàattali yu xereñ [Alxuraan].

59. Mbiri Iisaa ca Yàlla, dafa deme ni mbiri Aadama, dafa koo bindee ci suuf ba noppi ne ko "Nekkal" : mu nekk.

60. Dëgg ca sa Boroom la jóge. Bul bokk ca ña cay werante.

61. Ku cay dàggasante ak yaw, ginnaaw la la dikke ci xam-xam [ci mbiri Iisaa], neel : "Kaayleen nu woo sunuy doom ak sunuy soxna ak seeni soxna, nu ñëw, ngeen ñëw yéen ci seen bopp topp nu toroxlu, rëbbante rëbbum Yàlla dal ci ña fen [ci mbiri Iisaa].

62. Lii mooy nettali yu dëggu ya. Te amul yàlla ju yayoo jaamu ku dul Yàlla. Te Mooy ki not, ki xereñ.

63. Bu ñu dëddoo [dummóoyu] ... Yàlla xàmmee na yàqkat ya !

64. - Neel : "Yéen ñoñ-téere yi, kaayleen ci baat boo xam ne yéen ak nun noo ciy maase : dunu jaamu ku dul Yàlla, te nu bañ cee bokkaale dara, te kenn ci nun bañ jël moroomam jàppe ko Yàlla, di ko jaamu". Su ñu bañee ba dummóoyu, neeleen : "Seedeleen ne nun dey way-wommatu lanu [ci topp Yàlla]".

Draft

65. Yéen ñoñ-téere, ana lan moo waral ngeen di dàggasante ci mbiri Ibraahiima, te Tawreet ak Injiil ginnaawam lañu wàcc ? Moo ndax dungeen xel-lu ?(s)

66. Yëgleen ne dàggasante ngeen ci lu ngeen xam [mbiri Iisaa]. Lu tax ngeen di dàgge ci lu ngeen amul xam-xam [Mbiri Ibraahiima] ? Yàlla xam na te yéen xamuleen.

67. Ibraahiima nekkul woon yahuud, du càggéeni mu nekkoon nasraan. Waaye nekkoon na kuy wéetal Yàlla, di ku wommatu jëm ci Yàlla. Te bokkul woon ca ñay bokkaale..

68. Nit ñi gën a yey ci Ibraahiima ñooy ña ko toppoon ak Yonent bii [Muhammad] ak ña gëm [Yàlla]. Te Yàlla mooy mbégum ñi gëm.

69. Am na ab kurél bu bokk ci ñoñ-téere, danañu ngéeju réeral leen. Waaye mënuñoo réeral ku dul seen bopp ; te yéguñu ko.

70. Yéen ñoñ-téere, lu tax ngeen di weddi kàddug Yàlla, te ngeen di ci ay seede [xam ko xéll] ?

71. Yéen ñoñ-téere, lan moo tax ngeen di muure dëgg ak ay caaxaan, di nëbb dëgg te xam ko ?

72. Am na ci ñoñ-téere kurél bu wax ne : "Gëmleen li wàcc ca way-gëm ña [Alxuraan] ci suba [waxtu], te bu ngoonee ngeen weddi ko, ndax ñi gëmoon ñoom it weddi.

73. Te : "Buleen gëm lu dul ku topp seen diine...". Neel [yaw Muhammad] : "Njub Yàllaa ko moom" - kon mën naa am kenn nit kuñu jox la mel ni la ngeen jot ba mën a weccee kàddu ak yéen ci mbiri seen Boroom. Neel : Ngëneel a nga ca loxo Yàlla. Dana ko jox ku ko soob. Yàlla ku yaatu la, ku xam la.

74. Dana jagle yërmaandeem ku ko soob. Yàllaay Boroom ngëneel lu màgg.

75. Am na ci ñoñ-téere ko xam ne, ku ko dénk barigo [wurus] dana la ko delloo. Am na ci koo xam ne, ku ko dénk benn dinaar, du ko delloo, ndegam taxawoo ca temm. La ko waral, dañoo wax ne : "Ñoom, dara waruleen ci seen diggante ak ña jàngul ." Dañuy wax ci Yàlla ay fen te xam ko xéll.(r)

76. Axakañ [am na lu leen war] ci ñoom, ku matal kóllareem ci ragal [Yàlla], na xam ne Yàlla safoo na ña ragal Yàlla.

77. Ña nga xam ne jaay nañu kóllareg Yàlla ak seeni ngiñ ci njëg gu néew, ñooña amuñu cër ca àllaaxira, Yàlla duleen xool te du wax ak ñoom bu Bés-pénc baa te duleen laabal itam ; te mbugal mu metti dana dal ci seen kaw.

78. Am na ci ñoom kurél buy damm seeni làmmiñ [bu ñuy jàng] Téere ba ngir ngeen defe ne la ñuy wax ca Téere ba la bokk, te bokku ca ; ñu naan : "Lu jóge ca Yàlla la", te jógewul ca Yàlla. Di wax ci Yàlla ay fen te xam ko xéll.

79. Mënul a nekk nit koo xam ne Yàlla daf koo jox ab Téere ak xam-xamu xereñ [ràññee], def ko ab Yonent ba noppi muy wax nit ñi : "Nekkleen samay jaam bàyyi Yàlla" ; la muy wax kay moo di: "Nekkleen jaamukati seen Boroom niki ngeen ko jàngee woon ca Téere ba te xame ko na".

80. Te duleen digal jàppe Malaaka ya ak Yonent ya ay yàlla. Ndax duleen digal jëfi yéefar ginnaaw bi ngeen wommatoo jëm ci Yàlla ?(s)

81. Fàttalikul ba Yàlla kóllaranteek Yonent ya : ba mu leen joxee Téere ak xam-xamu ràññee, [mu ne]: "Su leen ab Yonent dikkalee buy dëggal

li ngeen yor, nangeen ko topp te dimbali ko.". Mu ne leen [Moom Yàlla] : "Ndax nangu ngeen loolu ? Te nangeen jàpp ci loolu Sama kóllare" - Ñu ne : "Nangu nanu". Yàlla ne leen : "Seedeleen te nanga ànd ak yéene bokk ca way-seede ya.

82. Ku dummóoyu ginnaaw loolu... ñooña ñoo sàqi ndigal".

83. Ndax dañuy sàkku jeneen diine ju bokkul ak diiney Yàlla ji, te waa asamaan si ak suuf si ci Moom lañu jëm, moo xam muy coobare wallag noteel, te lu mën a xew ca Moom lañuy dellu ?

84. Neel : "Gëm nanu Yàlla, li ñu wàcce ci nun, li ñu wàcce ci Ibraahiima, ak Ismaahiila, ak Yanqooba, ak ca sët ya, ak la ñu joxoon Muusaa ak Iisaa ak Yonent ya, mu tukkee ca seen Boroom [Téere ya]: dunu téqale kenn ci ñoom te nun way-wommatu lañu [jébbulu] jëm ci Yàlla".

85. Kuy sàkku diine ju dul Lislaam, deesu ko nangul, te bu àllaaxiraa, ca way-ñàkk ña lay bokk.

86. Naka la Yàlla di jubalee nit ñu weddi ginnaaw seen ngëm te ñu seede ne Yonent ba ku dëggu la, te lay yu leer dikkal leen ? Yàlla du gindi nit ñu nekk ay tooñkat.

87. Ñooña, seen pey nekkul lu dul rëbbum Yàlla ak Malaaka ya ak nit ñépp, dana dal ca seen kaw.

88. Dañu fay béel ca Safara. Kenn duleen woyafal mbugal ma, kenn duleen ko yéexalal,

89. lu dul ña tuub ginnaaw loola te sellal seeni jëf. : Yàlla Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

90. Ña nga xam ne dañoo weddi ginnaaw ba ñu gëmee ba dee ci kéefar, deesuleen nangul seenug tuub. Te ñoom ñooy gaa ya sànku .

91. Ña nga xam ne ñoo weddi ba dee ci kéefar, deesul nangul kenn ci ñoom mu jote doonte la joxe na wurus wu fees dell suuf si ngir loolu [jote]. Ñooñee, mbugal mu tar lañuy am, te duñu am ku leen dimbali.

**92**. Dungeen am mbaax ba ba ngeen di joxe ci li ngeen bëgg. Te lépp lu ngeen mën a joxe, Yàlla xam na ko.**(h)**

93. Ñam yépp a daganoon ca waa Banii-Israayiil, lu dul ñam ya [Israayiil] araama loon ca boppam lu jiitu ñu doon wàcce Tawreet. Neel : "Indileen Tawreet te jàng ko, ndegam ñu dëggu ngeen !"

94. Ku duural Yàlla ay fen, ginnaaw loolu... ñooñaa di tooñkat ya.

95. Neel : “Yàllaa wax dëgg. Kon toppleen diiney Ibraahiima. Ku wéetaloon Yàlla la te mësul a bokk ca ñay bokkaale Yàlla”.

96. Néeg ba ñu njëkk sampal nit ñi moo di ba nekk Màkka, muy bu ñu barkeel, di njub, mbindéef yépp bokk ko.

97. Ay kéemaan yu leer ñoo fa nekk, [bokk na ca] Maxaama Ibraahiima [barab] ; ku fa dugg am kóolute. War na, ci nit ñi ku ko mën, aj fa néegub Yàlla ba te Yàlla tax wenn yoon [wu farata]. Ku weddi nag... na xam ne Yàlla ku doyloo la waliis mbindéef yépp.

98. Neel : “Yéen ñoñ-téere, lu tax ngeen di weddi kàdduy Yàlla yi? Te Yàlla kuy seede la ci li ngeen di def”

99. Neel : “Yéen ñoñ-téere, lu tax ngeen di gàllankoor ñiy dox jëm ci yoonu Yàlla, di ko wutal sikk? Te ngeen di ay seede, te Yàlla sàgganewut li ngeen di jëf de.

100. Éy yéen ñi gëm ! Bu ngeen toppee ñenn ñi, ñoñ-téere, danañu leen delloo ci kéefar gannaaw ba ngeen gëmee Yàlla.

101. Naka ngeen di weddee te laayay Yàlla yi ñi di ko jàng fi seen kanam, Yonent bi nekk fi seen biir ? Ku ŋoy ci Yàlla, gindiku na jëm ca yoon wu jub xocc wa.

102. Éy yéen ñi gëm ! Ragal-leen Yàlla kem ni mu yellee [tigi]. Te buleen dee mukk lu dul fekk na yéen a ngi wommatu jëm ci Yàlla.

103. Jafanduleen yéen ñépp ci buumug Yàlla gi te buleen teqalikoo ; fàttalikuleen xéewal gi leen Yàlla defaloon ba ngeen nekkee ay noon [lu jiitu Lislaam], mu tàppe seeni xol. Ba ngeen mujj ci xéewalam di ay doomi ndey. Te it nekkoon ngeen ci pindub kàmbug Safara, mu xettali leen ci loolu. Noonu la leen Yàlla di leeralee ay káddoom ndax Yàlla ngeen gindiku.(S)

104. Sàkkleen ci seen biir kurél buy woote jëme [nit ñi] ci mbaax [yiw], ñuy digle njekk ci tere njekkar . Ñooña ñooy ña texe.

105. Te buleen mel ni ña teqalikoo juuyoo, ginnaaw ba leen leeral ga dikkalee, ñooña am nañu mbugal mu rëy.

106. Bis ba ay xar-kanam di weex tàll, ay xar-kanam it di ñuul kukk, ña nga xam ne seeni kanam dana ñuul [dana ñu leen wax] ne: “Ndax dangeen weddi gannaaw ba ngeen gëmee ?”. Mosleen, toqamtikuleen mbugal mii ci sababus li ngeen doon weddi.

107. Ña nga xam ne seeni kanam ya dafa weex, dana ñu nekk ci yërmaandey Yàlla, te dañu fay béel.

108. Loolu moo di kàdduy Yàlla ya ; Danañu ko jàngat ci yaw (Muhammad) ci dëgg. Yàlla nammul di tooñ mbindéef yi.

109. Yàllaa moom li nekk ci asamaan yi ak suuf si. Te mbir yépp ca Yàlla lañuy mujj [dellusi].

110. Yéen yéen ay xeet wi gën ci nit ñi [xeet wu fi mës a jaar]. Yéen ay digle njekk te tere njekkar te gëm Yàlla. Bu ñoñ-téere gëmoon, mooy gën ci ñoom de, li ëpp ci ñoom ay saay- saay lañu.

111. Duñu la mën a lore lu dul ci wax ju ñaaw ; te bu ngeen xaree ak ñoom, ñu joxe ginnaaw [daw], kenn duleen dimbali.

112. Fu ñu mën a nekk, toroxtaange dal leen, lu dul ña ca yiiroon kóllareg Yàlla walla gu nit ña. Te ñoom merum Yàlla dal na leen, ñu daldi simbook ñàkk [ndóol] ngir weddi ga ñu weddi kàdduy Yàlla ak rey ga ñu rey Yonent ya ci lu dul dëgg, booleek moy Yàlla gi ñu saxoo woon, di jalgati.

113. Waaye ñoñ-téere yemuñu de. Am na ci kurél bu taxaw [ci dëgg] buy jàng kàdduy Yàlla ya, ca waxtu ya séq guddi, te dañuy julli [sujjóot]. (r)

Draft

114. Gëm nañu Yàlla ak Bis-pénc ba, te dañuy digle njekk, di tere njekkar, di jëkkante ci def lu baax. Ñooña ca ñu yiw ña lañu bokk.

115. Lu ngeen jëf ci aw yiw, kenn duleen ko xañ. Yàlla xam na ña ko ragal .

116. Ña weddi, seeni alal ak seeni doom duñuleen jariñ dara fa Yàlla. Ñoom ñooy waa Safara te dañu fay béel.

117. La ñuy joxe ci seeni alal ci mbiri àdduna dafa mel ni ngelaw lu ànd ak safara dal ci kaw mbeyum ña tooñ seen bopp, ne ko fuuf lakk ko. Yàlla tooñuleen waaye ñoom ñoo tooñ seen bopp.

118. Yéen ñi gëm, buleen won seen mbir ci ag xaritoo keneen ku bokkul ci yéen. Bumuy ci ñoo xam ne dañuy kàttanlu ci yàqal leen, danañu ngéeju ngir ngeen am coono. Mbañeel ga feen na ca seeni wax, te la seeni xol ëmb moo yéesati. Yéen leeral nanu leen kéemaan yi [ngeen war leen a ràññee ndegam ñu xel-lu ngeen ! ].

119. Yéen ak ñoom, yëgleen ne yéen a leen safoo, waaye ñoom safoowuñu leen ; te yéen gëm ngeen Téere bi lépp. Bu ñu dajee ak yéen ne “Gëm

nanu" ; bu ñu wéyee màtt seeni waaroom wiccax ndax mer. Neel : "Deeleen ci mer" ; Yàlla ku xam la lu nekk ci xol yi.

120. Bu ngeen amee bànneex, mu naqari leen. Bu ngeen amee naqar, mu di seen bànneex ñoom. Waaye bu ngeen muñee te ragal Yàlla, seen pexe yi duleen wàññi dara. Te Yàlla ku peeg la la ñuy def.

121. Fàttalikul yaw Yonent bi, ba nga xëyee jóge ci sa njaboot, di tegtal jullit ña barabu xeexukaay ya, xamal ne Yàlla kuy dégg la, Kuy xam la.(S)

122. [Fàttalikul] ba ñaari kurél ci yéen naree yoqat ! Te Moo leen dimbali woon ba delluwuñu ginnaaw ! Way-gëm ña, nañu sukkandiku ci Yàlla [Uhud].

123. Yàlla dimbali woon na leen ca Badar, ba ngeen nekkee ñu néewle. Ragal-leen Yàlla ndax amaana ngeen gërëm ko !

124. [Fàttalikul yaw Yonent bi] ba nga waxee ña gëm : "Moo ndax doyuleen, seen Boroom, tëbb leen ñetti junni Malaaka yu wàcc [ngir dimbali leen]" ?

125. Axakañ ! Bu ngeen muñee te ragal Yàlla, bu ñu leen songee ak doole [ca waxtu wu ñu tànn], seen Boroom dana leen tëbb juróomi junniy Malaaka yuñu màndargaal.

126. Te Yàlla defewuko lu dul bégal leen ngir seeni xel dal. Te ndimbal du bawoo fu dul fa Yàlla, Mooy Ki not, di Ku xereñ ki ;

127. def na ko it ngir dog ab kurél walla toroxal leen, ba ñu wëlbatiku di ñu yàkkiku [seen yaakaar tas].

128. [Yaw Yonent bi], mbir moomu moomoo ci dara - Yàlla Moo leen di jéggal walla Mu mbugal leen, ñoom daal ay tooñkat lañu.

129. Te Yàlla Moo moom li nekk ci asamaan yeek suuf si. Mooy jéggal ku ko soob, di mbugal ku ko soob.... Yàlla Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

130. Éy yéen ñi gëm, buleen lekk ribaa ju jóge ci alal juy léw-léwi di fulu. Nangeen ragal Yàlla ndax ngeen texe !

131. Nangeen ragal Safara sa ñuy xaaroo yéefar ya.

132. Nangeen topp [ndigali Yàlla] ak Yonent bi ndax ngeen doon ñu ñuy yërëm!

133. Jëkkanteleen jëm ci seen njéggalug Boroom ak ci Àjjana joo xam ne yaatu na ni asamaan yi ak suuf si, te ña ragal Yàlla lañu koy xaaroo,(n)

134. ñoom ña nga xam ne dañuy joxe [seen alal ci jamonoy naataange ak ci jamonoy tar-tar ], ak ñay nëbbu seen mer, ak ñay jéggal nit ñi [ay tooñeel] - Yàlla safoo na ñay rafetal -

135. ak ña nga xam ne, bu ñu defee ñaawtéef mbaa ñu tooñ seen bopp, daldi fàttaliku Yàlla fa saa sa, daldi jéggalu seen bàkkaar ya - te Yàlla rekk ay jéggale bàkkaar - te ñooña duñu nuur mukk ci jëfe bàkkaar te fekk ñu xam ko.

136. Ñooña seenug pey moo di jéggal gu bawoo ca seen Boroom, ak Àjjana yu dex ya di daw ci seen ron, te dañu fay béel. Loolu ag pey dàqatuko !

137. Am na ay yoon yu jàll yu ñu sosoon ba ngeen dikkagul. Kon doxleen wër ci goxi suuf, te di xool naka la ña daan weddi mujje.

138. Lii ag leeral la ci nit ñi, te di ag njub ak ug waare ngir ñi ragal Yàlla.

139. Buleen doyadi, buleen ragal, yéen ay féete kaw ndegam gëm ngeen.

140. Su fekkee metit dal na leen, wu na mel daloon na yéefar yi. Bis yooya [Bisi naqar] danu leen di ay-ayle ci nit ñi ak itam ngir Yàlla xàmmee ñi gëm, te dana sàkk ci ñi dee ci xare, te bokk ci yéen, ay chuhadaa - Yàlla du safoo tooñkat ya.

141. Loola Yàlla dakoy defe ngir laabal ñi gëm, di ci lakk yéefar ya.

142. Moo ndax dangeen a defe ne dangeen duggu Àjjana te Yàlla duleen nattu ba ràññee ña xeexal diine, ràññee it muñkat yi ?

143. Mebetoon ngeen dey lu jiitu ngeen dajeek Moom. Léegi ndax gis ngeen ko, ne ci jàkk !

144. Muhammad doonul lu may ab Yonent - boo xam ne ay Yonent ñoo ko jiitu woon ba jàll - Ndax bu deewoon walla ñu rey ko, dangeen di dellu ca seeni tànk, weddi ? Ku walbatiku ca ay tànkam, du wàññi Yàlla dara ; te Yàlla dana fey ñay gëram seen Boroom.(s)

145. Bakkan du dee lu dul ci lu soob Yàlla, ci ab dig bu am àpp. Ku bëgg xéewali àddina, Dananu ko jox. Ku bëgg xéewali àllaaxira Dananu ko jox te Dananu fey [Nun Yàlla] ñiy gëram.

146. Bariwaana Yonent bu xare ñu rey ko, mu ànd ak mbooloo mu bari, te doyadiwuñu ca la leen dal ci sàmm diiney Yàlla. Yoqatuñu, nekkuñu ñu xeebu. Yàlla safoo na muñkat yi.

Draft

147. Te seeni wax nekkul lu dul ñu naan : “Sunu Boroom, jéggal nu sunuy bàkkaar ak sunuy jéggi-dayo ci sunuy mbir, te nga dëgëral sunuy ndëggu, te dimbali nu ci kaw nit ñii di ay yéefar”.

148. Yàlla yoole leen àddina [xéewal] ak gën jaa rafeti yoolub àllaaxira. Yàlla safoo na ñay rafetal.

149. Éy yéen ñi gëm!, bu ngeen toppee ñi weddi, danañu leen dugal sa seeni tànk [weddiloo leen], ngeen wëlbatiku ñàkk.

150. Li wér mooy Yàllaa leen méngoo [yore seeni mbir] te Mooy ngëm ji kuy dimbali.

151. Dananu sànni ci xoli ñi weddi tiitaange ngir la ñu bokkaale Yàlla ak loo xam ne amul lay wuñu leen ca wàcceel. Safaraa di seen dëkkuwaay te dëkkuwaayu tooñkat ya bon na !

152. Yàlla def na la Mu leen digoon nekk dëgg, ba ngën di xeex ak ñoom ci ndigal, [ngeen not] ba ba ngeen sàqi ndigal la, ginnaaw ba ngeen janoo ak la ngeen bëgg [alal] àddina! Am na it ci yéen ñu bëgg [alali] àllaaxira. Ba noppi Yàlla wëlbati leen [soppi tooñeel ga] ngeen amoon ci ñoom, ngir nattu leen.Waaye baal na leen. Yàlla Boroom ngëneel la yu muy [sédd] ñi gëm.

153. [Fàttalikuleen] ba ngeen di yéeg te geesuwuleen kenn, te Yonent bi di leen woo ci seen ginnaaw. Mu tegoon leen njàqare ya ci kaw njàqare ya, ndax ngeen bañ a mitteetlu la leen rëcc walla la leen dal. Yàlla ku deñ-kumpa la ci li ngeen di def.(r)

154. Wàcce na ginnaaw njàqare la, kóolute, muy gëmméntu gu muur ab kurél ci yéen [way- gëm ñi] te beneen kurél ba [naaféq ya] seen bopp rekk yitteel leen, ñu njortu ci Yàlla lu dul dëgg njortu ku réer. -Ñu naan : “Ndax mbir mi moom nanu ci dara [ba di ci reyante] ?”. Neel [Yaw Yonent bi]: “Mbirum Yàllaa.”. Ña nga nëbb ci seen biir lu ñu feeñalul, di wax naan : “Bu nu moomoon dara ci mbir mi kon duñu nu rey fii.” Tontuleen ne : “Bu ngeen toogoon ca seeni kër, ñañu dogal dee ci ñoom dana leen fekk ca seen kaw i lal. [Lii lépp am na] ngir Yàlla natt li nekk ci seeni dënn [xol], ak feeñal li nekk ci seeni xol. Te Yàlla ku xam la li nekk ci dënn yi.

155. Ña dëddu [bañ a xeex], Seytaane tarxiisloo na leen ngir lenni bàkkaar ya ñu fàggu woon. Waaye, Yàlla jéggal na leen. Yàlla Jéggalaakoon la, Ku lewet la !

156. Yéen ñi gëm ! Buleen mel ni ña weddi, di wax seeni mbokk ya nekk ci tukki walla ci xare [te dee ca] : “Bu ñu toogoon ci nun, duñu dee walla duñuleen rey.”. Yàlla def wax jooju di rëccu ci seeni xol. Te Yàlla Mooy dundal, Mooy rey. Te Yàllaa ngi ne jàkk li ngeen di def, di leen gis.

157. Bu ñu leen reyee ci yoonu Yàlla walla ngeen dee, ca dëgg-dëgg jéggalu ga, Yàlla ak yërmandeem moo gën fuuf li ngeen di dajale.

158. Ngeen dee walla ñu rey leen, dees na leen pang [gur-gur] jëme ca Yàlla.

159. Ci sa yërmaandeey Boroom nga nooyee ci ñoom ! Boo nekkoon ku ñaaw jikko walla ku xat xol, ñu ne wuseet bàyyi la. Baal-leen te jéggal-leen. Te deel diisook ñoom ci mbir yi ; waaye boo dogoo [ci wéyal dara], nanga wéeru ci sa Boroom, Yàlla dana safoo ñay wéeru ci Moom [yaw Muhammad].

160. Bu leen Yàlla dimbalee, kenn duleen mën a not. Bu leen bàyyee, kan moo leen di mën a dimbali ? [Amul]. Ñi gëm, nañu wéeru ci Yàlla.(s)

161. Amul benn Yonent buy labax alali xare. Te képp ku sàcc alali xare, bu Bis-pénc baa, dana ko indi. Ku nekk door a jot la mu jëfoon ba mu mat sëkk.

Draft

162. Ndax kuy topp ngërëmul Yàlla, dana yem ak ku sóobu ci xarabug Yàlla ? Safaraa di këram te googu muj, du gu ñuy taamu !

163. Xam na ne duñu yem mukk waay. Ëppante nañu daraja [dayo] ca Yàlla, ndax Yàllaa ngi ne jàkk ca la ñuy jëf.

164. Yàlla xéewale na ña gëm ba Mu yónnee ca ñoom ab Yonent bu bokk ca ñoom, di leen jàngal kàddoom, di leen laabal, di leen xamal Téere ba ak xam-xamu xereñe, te la ko jiitu ñu nekkoon ci réer gu tar.

165. Naka mu ? Bu leen aw tiis dalee - te fekk daan ngeen [seeni noon] lu mat ñaari yoon - ngeen di wax naan “Naka la lii mën a nekkee ?”. Neel : “Ci yéen la”. Yàlla mën na lu ne.

166. La leen dalool ca seenub dajeeb ñaari mbooloo ya, lu Yàlla nammoon la ngir mu xàmmee ca ña gëm [xareb Uhud]

167. ak ngir mu ràññee naaféq ya. Waxees na leen ne : “Kaayleen xeex [xare] ci yoonu Yàlla, walla ngeen feg [noon ya]”, ñu toontu ne : “Su nu mënoon xeex, dananu leen topp”. Ñoom, ca bis boobu, kéefar lañu gën a jege ci ngëm. Dañuy wax ca seeni gimiñ lu nekkul ca seeni xol. Te Yàllaa gën a xam lu ñuy nëbb.

168. Ñа toog bañ a xareji tey wax seeni mbokk : “Su ngeen nu déggaloon, dungeen xareji.”. Neeleen : “Jiñleen dee mu bañ a agsi ci seeni bakkan ndeem ñu dëggu ngeen”.

169. Bul foog ne ñañu reyee ci yoonu Yàlla, ñu dee lañu. Déet, ñuy dundu lañu ca seen Boroom, nekk ci xéewal

170. dañuy bég ca la leen Yàlla jox ci ay ngënéelam, di bég it ca jullit ya ñu bàyyi ginnaaw te fekkeeguñu leen, duñu jàq, duñu am naqar bu ñu fa eggee.

**171**. Danañu bég ca xéewal ya bawoo fa Yàlla ak i ngënéelam, ak ca la nga xam ne Yàlla du sànk peyub ñi gëm.**(h)**

172. Ñoom ña wuyu [wooteb] Yàlla ak Yonent ba, ginnaaw ba leen jam-jam ya [ca xare Uhud] dalee, ña doon rafetal ca ñoom te ragal Yàlla, am nañu pey gu màgg.

173. Ñooy ña nit ña ne woon : “Yéen a toog, waaye nit ñaa [seeni noon] ngi daje ngir sànk leen, war ngeen a tiit” - faf loolu yokk leen ngëm - ñu toontu ne : “Yàlla doy nanu te Mooy ngën gi wéeruwaay”.

174. Ñu dellu ñibbi ànd ak xéewalug Yàlla. Te dara lu bon daluleen, topp nañu lu neex Yàlla. Te Yàlla boroom ngëneel yu màgg la.

175. [Xupp googu ñu leen di xupp] du dara lu dul jëfi Seytaane dafay tiitloo aw nitam. Buleen leen ragal. Ragal-leen Ma, ndeem ñu gëm ngeen.

176. Ñay njëkkante di tàbbi cig weddi, bumu la naqari. Duñu wàññi Yàlla dara. Yàlla dafa bañ rekk ñu am cër ca àllaaxira. Te am fa mbugal mu rëy.

177. Ñiy weccee ngëm ak kéefar, duñu wàññi Yàlla dara. Te am nañu mbugal mu metti.

178. Ña weddi, buñu foog ne la ñu leen yéex a mbugal lu baax la ci ñoom. Danu leen di yeexe ngir ñu dolliku bàkkaar doŋŋ te danañu am mbugalum toroxtaange.

179. Yàlla du bàyyi ñi gëm ci li ngeen nekk ba kerook ba Muy téqale ku bon ka ak ku baax ka. Te it Yàlla duleen xamal kumpa. Waaye Yàlla dana tànn ku ko soob ciy Yonentam [xamal ko kumpa]. Gëmleen Yàlla ak i Yonentam. Su ngeen gëmee te ragal Yàlla, dangeen am pey gu màgg.

180. Ña nay a [joxe] ca la leen Yàlla may ciy ngënéelam, buñu foog ne lu baax la ci ñoom. Déet ! lu bon la ci ñoom : [la ñu nayoon ci joxe ko] danañu leen ko wékkal ci seeni loos Bis-pénc ba. Yàllaa moom donoy asamaan yeek suuf si. Te Yàlla ku deñ-kumpa la ci li ngeen di def.

181. Yàlla dégg na waxi ña naan : "Yàlla ku ñàkk la te nun danoo woomal". [Nun Yàlla] dananu bind la Nu wax, ak rey ga ñu rey Yonent ya ci lu dul dëgg. Te dananu leen wax : "Toqamtikuleen mbugal muy lakke. (s)

182. Loolu, ngir la seeni yoxo jëf [ci lu bon] !". Te Yàlla du tooñ jaamam ña.

183. Yàlla dégg na ña wax ne : "Yàlla kóllarante na ak nun, te ne duñu gëm benn Yonent li feek indilunu yool boo xam ne safaraa koy lekk". - Neel : "Ay Yonent dikkaloon na leen jiitu ma, indiwaale woon lay yu leer nàññ ak la ngeen laaj. Su fekkee ñu dëggu ngeen, lu tax ngeen rey leen" ?

184. Suñu la weddee, xamal ne weddi woon nañu ay Yonent yu la jiitu. Indi woon nañu ay lay yu leer ak [Zabuur] ak Téere bu leer.

185. Bakkan bu nekk dana tàqamtiku [mos] dee. Waaye dangeen jot seen pey ca Bis-pénc ba. Ku ñu soreel Safara ba, dugal ko Àjjana, texe na. Te dundug àddina gi du dara lu dul xéewal guy naxe [naxti ndaw].

186. Fàwwu dees na leen nattu ci seeni alal ak ci seeni bakkan ; dangeen dégge ca ñoñ-téere ya leen jiitu woon ak bokkaalekat ya, wax yu ñaaw yu bari.Waaye, bu ngeen muñee te ragal Yàlla... mooy sabab duggu gay tax mbir ya sotti.(r)

187. [Fàttalikul] ba Yàlla kóllaranteek ña jot Téere, ne : "Nangeen ko leeralal nit ñi te buleen ko nëbb". Ñu sànni ko ca seen ginnaaw, jaaye ko njëg gu néew. Ndax njëg gu bon !

188. Bul foog ne ñay bég ca la ñu def, te bëgg ku leen tëgg ci lu ñu deful, buleen foog mukk ne danañu mucc ci mbugal. Déedéet, mbugal mu metti lañuy am !

189. Yàllaa moom asamaan yeek suuf si. Te Yàlla mën na lu ne.

190. Sàkk gi Yàlla sàkk asamaan yeek suuf si, ak ni guddi gi ak bëccëg gi di jëlasantee, ay kéemaan yu rëy a ngi ci ñeel woroom xel ya,

191. [Woroom xel yooyu gëm], ñooy ñay tuddu Yàlla, bu ñu toogee ak bu ñu taxawee, ak bu ñu tëddee, tey xalaat ci sàkkug asamaan yeek suuf

si, [di wax naan] : "Yaw sunu Boroom ! Sàkkuloo lii ci neen. Tuddu naa sag sell ! Yal na nga nu fegal mbugalum Safara.

192. Yaw sunu Boroom ! Koo tàbbal Safara, gàcceel nga ko de. Te tooñkat ya, duñu am ndimbal !

193. Yaw sunu Boroom ! Nun dey dégg nanu kuy woote naan : "Gëmleen seen Boroom", nu daldi gëm. Yaw sunu Boroom, jéggal nu sunuy bàkkaar, te soppil nu sunuy ñaawtéef mu di aw yiw, te boo nuy rey, nga boole nu ak gaa yu baax ya.

194. Yaw sunu Boroom ! yal nanga nu jox la nga nu digoon, te jaarale woon ko ca sa Yonent ya. Te bul nu gàcceel kera Bis-pénc ba. Yaw Yàlla, doo wuute ab dige de".

195. Yàlla seen Boroom nungul na leen seeni jëf, ne : " Man de, duma sànk jëfi ab jëfkat ci neen, moo xam góor la mbaa muy jigéen. Moo xam ñi leen beru walla ñu lor leen ci yoonu Yàlla, ñu reye ñu rey leen. Gaa ñooña Dananu leen soppil seeni ñaawtéef aw yiw te Danaa leen dëkkal Àjjana joo xam ne dex yaa ngay daw ca seen ron, muy yool bu bawoo fa Yàlla.". Te Yàllaa rafet ab yool.

196. Alal ju bari ja yéefar yi di wëlbati ci réew yi, bumu la nax.

197. Xéewal yu néew la ! Topp seenug delluwaay di Safara. Ndaw delluwaay bu ñaaw !(s)

198. Waaye ña ragal seen Boroom, am nañu Àjjana joo xam ne dex yaa ngay daw ca seen ron, ñu béel fa, muy seen wàccuwaay fa Yàlla. Te la nekk fa Yàlla mooy dàqal ñu baax ña.

199. Am na ci ña jot Téere, ñu gëm Yàlla ak la ñu wàcce ci yéen, ak la ñu wàcce ca ñoom. Dañuy toroxlul Yàlla, duñu jaay laayay Yàlla ci njëg gu néew. Ñooña am nañu seenug pey fa Yàlla te Yàlla ku gaaw la ci waññ [jëfi nit ñi].

200. Éy yéen ñi gëm ! Nangeen di muñ ci bànneex, nangeen di muñ it [ci aw naqar]. Te itam nangeen di fagaru, te itam ragal-leen Yàlla ndax Yàlla ngeen texe !

Draft

# Saar 4 : Jigéen ña

## 176 Laaya - Laata Gàggaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Éy yéen nit ni ! Ragal-leen Yàlla mi leen sàkk ci benn bakkan, sàkke itam soxnaam sa, njërtal ci aw góor ak jigéen ñu bari. Ragal-leen Yàlla ji ngeen di laajante, ak ug dog mbokk. Yàlla nag ku leen di fuglu la.

2. Te ngeen jox jirim yi seeni alal ; te buleen wecce lu baax [ca la ñu moom] joxe lu bon la. Buleen lekk la ñu am ci alal di ko booleek seeni alal : ndax loolu bàkkaar bu rëy la.

3. Su ngeen ragale bañ a maandu [ci seen jëflante ak jirim yi]..., mën ngeen takk lu leen neex te soob leen ciw jigéen, ñaar-ñaar, ñett ñett, ak ñeent ñeent, waaye, bu ngeen ragale ci ne dungeen maandu [ñàkk a yemale soxna ya], kon takkleen benn soxna walla sax ngeen jël benn jigéen [jaam bu jigéen]. Ndax loolu moo gën a jege maandute.

4. Nangeen jox jigéen ñi seen can mu dig may. Bu ñu leen ca yéwénalee dara te may leen ca dara te mu di ci teeyu bakkan, lekkleen ko na mu leen neexe.

5.Te ña seeni xel matadi, buleen joxandoo seen alal jépp ja Yàlla def ngeen di ko sàmm. Nangeen leen cay mosal [kem seeni soxla]. Deeleen ca wutal aw dund [lu ñu sol ci yére] ; te ngeen di wax ak ñoom ci njekk.

**6**. Nangeen di dayu jirim ba ñuy mat a séy ; su ngeen nemmekoo ci ñoom njub, joxleen leen seen alal. Buleen ko lekk, yàqte ko, di ko pasar-pasaree te fekk màggaguñu. Ku ca yore te woomal, na fegu . Ku ca yore te néew doole, na ca lekke nu jaadu : su ngeen leen di delloo seeni alal, nangeen wut seede. Yàlla doy na, mat sëkk ab waññikat.**(n)**

7. Góor ñi am nañu cër ci la seen ñaari waajur ak seeni jigeñaale bàyyee ginnaaw ; jigéen ñi it am nañu cër ci la seen ñaari waajur ak seeni jigeñaale bàyyee ginnaaw, mu néew walla mu bari : cër boobu lu ñu farataal la. [Ndonu]

8. Bu ay mbokk fekkee séddale ba, ak i jirim walla way-ñàkk, nangeen leen ca jox, te wax ak ñoon waxi njekk [ju rafet].

9. War nañoo tiit ña nga xam ne bu ñu bàyyi woon seen ginnaaw njaboot gu sew, danañu am njàqare ci ñoom ; nañu ragal Yàlla [ci alali jirim] te nañu wax wax ju jub.

10. Ña nga xam ne dañuy lekk alali jirim ci ag tooñ, nañu xam ne seeni biir yooyu lekkuñu ca lu dul safara. Te dees na leen séndal ca Safara.

11. Yàllaa ngi leen di dénku ci seeni doom ne : ku góor, cëram na toll ni cëru ñaari jigéen. Ñoom jigéen ña, bu ñu ëppee ñaar, te amuñu mag walla rakk ju góor, seen cër day nekk ñaari ñetteeli alal ja. Bu dee kenn ku jigéen doŋŋ nag, cëram day nekk genn-wàllu alal ja. Ñaari waajur nag ñoom, ku ca nekk ay am juróom-benneel la seen doom bàyyi. Bu amut doom ju góor, ay waajuram rekk a koy donn, yaayam day jot ñetteelu alal ja, baay ba jot ñaari netteel ya des. Bu amee rakk walla mag ju góor, yaayam juróom-benneelu alal ja lay jël, ginnaaw ba ñu génnee ndénkaan ya mu dénkaane woon walla bor ya. Seeni baay ak seeni doom, xamuleen kan moo leen ci ëppal njariñ. Ndigal luy farata la, bawoo fa Yàlla, te Yàlla ku xam la, Ku xereñ la.(s)

12. La seeni jabar bàyyi ginnaaw, am ngeen ca génn-wàll ndagam amuñu doom ju góor. Su amee doom ju góor, kon ñetteelu alal ja la jëkkër ja di jël ginnaaw bi ñu génnee ndénkaane ya mu génne woon, walla peyum bor [su amee]. Ñoom seeni jabar am nañu ñetteelu la seen jëkkër bàyyi ndegam amul doom ju góor, su amee doom ju góor [jëkkër ja], kon juróom- ñetteelu alal ja lay jël ginnaaw ba ñu génnee ndénkaane ya mu dénkaane woon walla bor. Bu fekkee ne góor walla jigéen mooy donn ab càppaacóli [ku amul doom, amul waajur] bu am rakk walla mag ju góor walla ju jigéen, ku mu ca doon ci ñoom ñaar juróom-benneelu alal ja lay jël. Bu ñu ëppee kenn nit, dañuy bokk donn ñetteelu alal ja ginnaaw bu ñu génnee ndénkaane ya mu dénkaane woon walla bor yu àndul ak lor [way-dono ya]. Lii dénkaane la lu bawoo fa Yàlla ! Te Yàlla ku xam la, Ku lewet la.

13. Loolu mooy deytali Yàlla yi. Ku ko topp ak ub Yonentam [ca la mu àtte], danañu ko dugal Àjjana joo xam ne dex ya dañuy daw ca ronam, ñu béel fa [sax ba fàwwu]. Loolu mooy texe gu mag ga.(r)

14. Ku moy Yàlla ak ub Yonentam, di jéggi daytali Yàlla yi, Danañu ko dugal Safara, mu béel fa, bokk ca mbugal muy toroxale.

15. Ña def ñaawtéef [njaaloo] ci seeni jigéen, nangeen ko seedeloo ñeenti nit ci yéen. Bu ñu ko seedee, nangeen leen tëj ba dee fekk leen fa walla ba Yàlla ubbil leen aw yoon [wu ñu mën a aw ba mucc].

Draft

16. Ña nga xam ne loolu dal na leen ci yéen [góor ña], nangeen leen tas. Bu ñu tuubee, wëlbëtiku di def lu baax, nangeen leen bàyyi. Naka Yàlla, Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

17. Yàlla rekk ay nangu tuub, ña def ñaawtéef ci ñàkk a xam, te gaaw daldi tuub. Ñooña Yàlla dana nangu seen tuub. Yàlla Aji-xam la, Aji-xereñ la.

18. Ña dul am njéggal ñooy ña def ñaawtéef [te baluwuñu seen Boroom] ba dee dikkal kenn ca ñoom muy door a wax ne : "Léegi tuub naa" - ak ña nga xam ne dañuy dee ci kéefar. Ñooña, danañu leen xaaroo mbugal mu tar [metti].

19. Éy yéen ñi gëm ! Daganul ci yéen ngeen di donn jigéen ña ci nooteel. Daganul it ngeen gàllankoor leen, ne buñu sëy ngir bëgg nangu lenn ci li ngeen leen joxoon, lu dul ña cay def ñaawtéef wu bir. Nangeen di ànd ak ñoom ci njekk. Bu ngeen leen sibee nag, [xamleen ne] mën ngeen a sib [bañ] lenn te fekk na Yàlla def ca loola yiw wu bari.(s)

20. Bu ngeen bëggee bàyyi jabar wuutale ko ak jeneen jabar, te fekk joxoon ngeen ko alal, buleen ca nangu dara. Doonte la [barigo]wurus la ! Ndax lu ngeen ca jële ci tooñeel la ak bàkkaar bu bari.

21. Naka ngeen di nangoo alal ja, te jokkoo ngeen ba noppi te ñoom ñu fasanteek yéen kóllare gu dëgër?

22. Buleen takk ña seeni baay takkoon ca jigéen ña, ginnaaw la wéy ba noppi. Loolu lu ñaaw la, te luy waral mbugal la, yoon wu dëng la !

23. Araam na ci yéen [takk jabar] seeni ndey, seeni doom yu jigéen, seeni mag walla rakk yu jigéen, seeni bàjjen, seeni mag walla rakki yaay, seeni doomi mag walla rakk ju góor, seeni ndey ya leen nàmpal, seeni jigéen ya ngeen bokk ku leen nàmpal, seeni yaayi jabar ak seeni doomi jabar, ya ngeen yor ca seeni kiiraay, ndegam jot ngeen a xaraf [jote] ak seeni ndey ; bu ngeen jotul a xaraf ak seeni ndey, aayul ngeen sëy ak ñoom ; [araam na it ci yéen seeni jabari doomi ña ngeen bokk ndey ak baay, walla ndey rekk walla baay rek] ginnaaw la weesu [lu jiitu Lislaam]. Yàlla ab Jéggalaakoon la [ca loola weesu], di Jaglewaakoon ;

**24**. [araam na it ci yéen] jigéen ña saŋewu, ba mu des jebéer ya ngeen moom. Ndigalu Yàllaa ngoogu ci yéen ! Ginnaaw ñooña, [ña mu lim ciy jigéen ñu daganul ngeen sëy ak ñoom]. Dagan na ngeen saŋewu cig jigéen te joxe seeni alal, di way-sëy ak ñoom, bañ di way-njaaloo. Te jigéen ña ngeen sàkku bànneexu ci ñoom, nangeen leen jox seeni

can. Lii mbir mu Yàlla santaane la [faratal]. Aayul ginnaaw la ñu faratal nag ngeen déggoo [ci li ngeen war a joxe]. Yàlla de Moom Ku xam la, Ku xereñ la.(h)

25. Ku amul can ci yéen, gu mu mën a takke jabar ju nekk gor te di jullit, na takk kon ci jebéer ya di ay jullit di xale yu jigéen ya bokk ci yéen. Yàllaa gën a xam fa seen gëm toll, ndax yéen a mëññante [jurante]. Nangeen leen takk ci ndigalu seeni kilifa te ngeen jox leen seeni can ci njekk ; ngeen di way-sëy, di bañ di way-njaaloo, te bañ leen a jàppe ay coro cig nëbbu. Bu ñu sëyee te def njaaloo [ñoom jebéer ya], war nañu leen a teg genn-wàllu mbugal ma ñuy teg gor gu jigéen. Loolu ndigal la ci ku ñu ragal mu njaaloo ci yéen ; bu ngeen mënee muñ, moo gën ci yéen. Yàlla Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

26. Yàlla dafa namm a leeral [àtteem] ci gindi leen, teg leen ca yoonu ña leen jiitu woon, te jéggal leen. Yàlla Ku xam la, Ku xereñ la [ci àtteem].

27. Yàlla dafa leen bëgg a jéggal. Waaye ña topp seen bànneex, ñoom dañuy bëgg ngeen jeng, jeng gu fés.

28. Yàlla dafa leen a bëgg a woyofal [àtteem] ndax néew doole ak lott gi nit bindoo.

Draft

29. Éy yéen ñi gëm ! Buleen lekkante seeni alal cig neen. Waaye mën ngeen a jëflante ci njulo [jënd ak jaay] mu ànd ak déggoo ci seen mbir. Te buleen reyante. Yàlla, Ku am yërmaande ci yéen la.(s)

30. Ku def loolu, ci ndëngte ak ug tooñ, Dananu ko séndal Safara, te loolu lu yomb la ca Yàlla.

31. Bu ngeen moytoo bàkkaar yu rëy yi ñu tere, Dananu leen baal seeni ñaawtéef [yu ndaw yi, soppil leen ko yiw], te Dananu leen tàbbal dëkkuwaay bu tedd (Àjjana).

32. Buleen mébét li Yàlla yékkati ñenn ci kaw ñeneen ; góor ña am nañu cër [sañ] ca la ñu fàggu, jigéen ña it am nañu cër ca la ñu fàggu. Ñaanleen Yàlla ciy xéewalam. Yàlla lépp la xam.

33. Ku nekk leeral Nanu ko ña koy donn ca la waajur ya bàyyi ginnaaw, ak jegeñaale ya, te ña seeni dëelaante ak ñoom fasuwoon, nangeen leen jox seeni cër, Yàlla seede la ci lu nekk.

34. Góor ñi, kilifa lañu ci jigéen ñi ndax la Yàlla yékkati ñenn ci ñoom ca kaw ñeneen ña, ak ngir la góor ña di dundale ci seeni alal [jigéen ña]. Waaye jigéen ñu sell ña, jaamukatu Yàlla lañu te ñu sàmmu lañu

cig wéetaay ni ko Yàlla santaanee. Jigéen ña ngeen ragal ñu féttéerlu, nangeen leen waar, nangeen leen tong ca alal ya, nangeen leen dóor. Bu ñu leen nangoo topp, nangeen leen jàmmal, bañ leen defati dara, Yàlla dey Kawe na, Màgg na !

35. Bu ngeen ragalee tàggoo ci diggante ñaar ñay sëy, nangeen yabal kilifag ku góor ki ak kilifag ku jigéen ki. Ndegam bëgg nañoo defaroo, Yàlla dana yéwénal seen diggante [Dëppële leen]. Yàlla Ku Xam la, Ku Deñ-kumpa la.

36. Nangeen jaamu Yàlla te bañ Koo bokkaale dara. Te ngeen rafetal ci seeni waajur, ak ci seeni jegeñaale, ak jirim yi, ak néew-ji-doole yi, ak seeni dëkkandoo ya di seeni mbokk, ak dëkkandoo ju sori, ak àndandoo ya, ak doxandeem , ak seeni jebéer, Yàlla du safoo kuy puukarewu ak a ndamu,(r)

37. Ña nga xam ne dañoo nay tey xiirtal nit ña ci nay, boole kook di nëbb lu leen Yàlla jox, baaxe leen ci wërsëg. [Nañu xam ne] Nun Yàlla dogu Nanu yéefar ya mbugal muy toroxale .

38. Yàlla safoowul itam ñiy sànk seeni alal ngir ngistal, ci bëti nit ñi, te gëmuñu Yàlla ak Bis- pénc ba. Koo xam ne Séytaanee di àndandoom aka bon bon ub àndandoo !

39. Waaw, lu Ma leen doon won su ñu gëmoon Yàlla ak Bis-pénc ba, tey joxe ca la leen Yàlla wërsëgal ? Yàllaa ka leen a xam.

40. Yàlla du tooñ kenn, lu toll ni pepp. Te ku def u yiw Mu ful ko, joxe ca pey [yool] gu màgg.

41. Naka mu ? [Bus bis-pénc baa,] ba Nu indi xeet wu nekk ànd ak seede te yaw [Muhammad], Nu indi la bu boobaa nga doon seede ci ñii [waa Màkka] ?

42. Bis booba, ña weddi woon te toppuñu Yonent bi, danañu ngéeju ñu maasale leen ak suuf si te fekk na Yàlla moom kenn mënu Koo nëbb jenn wax.

43. Éy yéen ñi gëm ! Buleen jege ag julli te fekk ngeen màndi, ba ba ngeen di xam li ngeen di wax, bu ngeen laabul ci sobe it [buleen jëm ci julli] te ame janaba - ndeem fekkuleen ci yoon di tukki – ba ba ngeen di sangu [farata]. Bu ngeen woppee, walla ngeen nekkati ci tukki, mbaa ngeen jóge wanag wa, walla ngeen joteek jigéen ña [sëy] te amuleen ndox [mu mën a jàpp walla sangu], nangeen tiim ci suuf su laab, ngeen

raay seen xar-kanam ak seeni yoxo. Yàlla, Baalekat la, Jéggalaakoon la.

44. Moo ndax gisoo ña ñu joxoon lenni Téere ba, ñu jënd ñoom ag réer, ba noppi nag yéen ngeen réere yoon wu jub wa ?

45. Yàllaa gën a xam seeni noon. Yàlla doy na te mat sëkk kilifa. Yàlla doy na te mat sëkk itam ndimbal.

46. Am na ci Yahuud yi ñuy firi baat [kàddu] jële leen ca barab ya ñu nekkoon, tey wax naan : "Dégg nanu waaye bañ nanu waay", ñu naan : "Déggal te kenn du la dégg", yàq waxin wa [Raahinaa], ñaawal ko ak bëgg a yàq diine. Waaye bu ñu ne woon : "Dégg nanu te nangu nanu", "Déggal", te "Xool nu", kon mu gën ci ñoom, te mooy la gën a jub. Waaye Yàlla rëbb na leen [sorel yërmaandeem] ña weddi ; ñu néew ci ñoom ñoo gëm.

47. Éy yéen ñi jotoon Téere, gëmleen lii Nu wàcce, di dëggal li ngeen yor, bala Noo marmaral ay xar-kanam wëlbati leen ñu jëm ginnaaw, walla Nu leen di rëbbu na ñu rëbbe woon ña jalgati woon ca gaawu ba. Ndigalu Yàlla ak mbiram jëfe la sant [du jaas].(s)

48. Yàlla du baal ku Ko bokkaale dara. Waaye lu moy loolu, Dana ko jéggal ku ko soob. Ka bokkaale Yàlla [ak dara], def na bàkkaar bu rëy.

49. Moo ndax dangaa gisul ña doon sànkoo sellal seen bopp ? Li wér te wóor mooy Yàllaay sellal ku ko soob ; te duleen tooñ [Bis-pénc ba], lu toll ni karnu xooxu tàndarma.

50. Gisal ni ñuy duuralee Yàlla ay fen. Te loolu, doy na bàkkaar te rànniku !

51. Moo ndax gisoo ña jot lenni Téere ba, ñay gëm ay xërëm yu tudd [Jibti] ak [Taagut], ñuy wax ak ña weddi naanleen: "Seen xërëm yooyoo gën a nekk ci njub jullit ya gëm [Lislaam]" ?

52. Ñooñu Yàlla rëbb na leen ; te ku Yàlla rëbb, kenn mënu koo amal ndimbal.

53. Am dañuy am sañ-sañ ci nguur gi ? Te kenn du ca sédd nit ñi, lu toll ci mboxosu xooxu tàndarma.

54. Am dañuy iñaane nit ñi ci la leen Yàlla jox ciy ngënéelam ? Joxoon Nanu waa kër Ibraahiima ab Téere ak xam-xamu xereñe ; joxoon Nanu leen nguur gu rëy.

55. Amoon nañu ca ñoom ñu gëm [Téere ba], ak ñu dëddu [weddi Téere ba]. Te Safara dana leen doy.

56. Ña weddi Sunuy kàddu, Dananu leen mos a séndal. Aw Saafara, wow, saa su seen deri yaram ñoree, Nu wecceekook yeneen, ngir ñu yëg mbugal ma. Yàlla boroom kàttan la, Ku xereñ la!

57. Ñi gëm tey def u yiw, Dananu leen dëkkal ci Àjjana yu dex ya di daw ci seen ron. Ñu béel fa [sax fàwwu]. Danañu fa am ay jabar yu laab. Dananu leen dugal ci ker yu dëll

58. Yàlla digal na leen ngeen delloo ndénkaane ya seeni boroom, te bu ngeen dee àtte diggante nit ña, ngeen defe ko ci maandute. Mbir mii leen Yàlla di ñaaxe, ndaw lu baax ! Yàlla Kuy dégg la, Kuy gis la.(n)

59. Éy yéen ñi gëm ! Toppleen Yàlla, topp Yonent bi ak ña nekk kilifa ci seen biir. Bu ngeen dogoo walla [xëccoo] ci mbir, dellooleen ko ca Yàlla ak Yonent bi ndegam gëm ngeen Yàlla ak Bis-pénc ba. Looloo gën te moo gën a rafet déggin.

60. Ndax gisoo ña nga xam ne nee nañooy gëm nañu la ñu wàcce ci yaw ak la ñu wàcce woon mu jiitu la ? Te ña nga bëgg a àttewoo ci ay xërëm, te dañu koo waroon a weddi bàyyi ko. Waaye Séytaane moom bëgg leen a sànk, soreel leen dëgg.

61. Bu ñu leen waxee ne : “Ñëwleen ci li Yàlla wàcce ak ci Yonent bi”, nga gis naaféq ya dëddu ko.

62. Naka mu? Bu leen musiba dalee jóge ca la ñu jëf, ba tax ñu ñëw ci yaw di giñ ci Yàlla, naan : “Bëggunu woon lu dul rafetal ak juboo”.

63. Ñooña, Yàlla xam na la nekk ci seeni xol. Nanga leen dëddu [dummóoyu] te nanga leen waar, waxleen ci seen bopp wax ju jotal.

64. Yónniwunu ab Yonent lu dul ne dañu koo war a topp ci ndigalu Yàlla. Te ñoom ba ñu tooñee seen bopp, bu ñu dikkoon ci yaw di sàkku jéggalu Yàlla, Yonent bi jéggalul leen, kon danañu fekk Yàlla mu di Jéggalaakoon, di Jaglewaakoon.

65. Mukk !... Giñ naa ci sa màggug Boroom ! Duñu gëm mukk [di ay jullit] li feek àtteloowuñu la la ca seen diggante te bañ a am benn ñag-ñagi xol ca la nga àtte, nangul la ak xol bu tàlli.(s)

66. Su fekkoon ñoon Danu leen sant ñu reyante mbaa ñu génn seeni kër, duñu ko def lu dul ñu néew ci ñoom. Te su ñu defoon la ñu leen di waare, mu gën ca ñoom, te gën a dëgëral seen ngëm.

67. Te kon Nu jox leen pey gu màgg jóge ci Nun,

68. te kon Nu gindi leen teg leen ca yoon wu jub xocc wa.

69. Ku topp Yàlla ak Yonent ba... ñooña ànd nañook ña Yàlla wàcce xéewalam ci ñoom : ca Yonent ya ak way-dëggu ña [daraja ju kawe sahaaba ya], ak ña dee ci xare ngir Yàlla, ak ñu sell [ñu yiw] ña, ndaw àndandoo yu jekk !

70. Loolooy ngëneel la jóge ca Yàlla. Te Yàlla doy na, mat na sëkk boroom xam-xam.

71. Éy yéen ñi gëm ! Nangeen fagaru ci seen [coongum noon], moo xam ngeen tasaaroo walla ngeen àndandoo.

72. Te am na ci yéen kuy des-deslu ginnaaw ba lu metti dal leen, mu daldi wax ne : "Man Yàlla xéewal na ma ba ma àndul ak ñoom fekke loolee [dee ci xare]" ;

73. te bu ngeen amee ndam lu leen Yàlla jox, muy wax mel ni cofeel doxul seen digganteek ñoom, ne : "Aka neexoon ma ànd ak ñoom ba am ndam lu rëy a rëy [alal ja]".

74. Ña jaay seen dundug àddina jënde ko àllaaxira, nañu xare ci yoonu Yàlla. Képp ku xare ci yoonu Yàlla ba dee ca, mbaa mu not kàddu ndam la, Dananu ko jox pey gu rëy.

Draft

75. Waaw yéen, lu leen nekkal ci bañ a xeex ci yoonu Yàlla [yiiraale] ñi néew doole ci góor, ak jigéen, ak xale yi? Ñoom ñuy wax naan : "Yaw sunu Boroom !Génne nu ci dëkk bii aw nitam diy tooñkat te nga boole nook ku nuy sàmm, jox nu ku nuy dimbali, ñoo tànnal sa bopp".

76. Ñi gëm, ñi ngi xare ci yoonu Yàlla, ñi weddi di xare ci yoonu xërëm [taguut]. Xeexleen ak farandooy Séytaane, pexem Séytaane lu néew doole la.

77. Ndax gisoo ña nga xam ne waxoon nañu leen ne : "Téyeleen seeni yoxo, te ngeen farlu ci julli, tey génne asaka !" Te bu ñu leen digalee xare, ñenn ci ñoom ragal nit ña ni ñu ragalee Yàlla, walla sax ragal gu gën a tar, ñu naan : "Sunu Boroom ! Lu tax nga digle xare ci nun ? Lu teewoon nga yeexe nu ba beneen àpp bu jege ?". Neel : "Yóbbalu àddina lu néew la, te àllaaxira moo dàq ci ku ragal Yàlla. Te bu boobaa duñu leen tooñ lu toll ni karanu xooxu tàndarma.

78. Fu ngeen mën a nekk dey, dee dana leen fa fekk, doonte la dangeen a nekk ci tata yu ñoŋ. Te bu leen lu neex dikkalee, ñu ne : "Lii ci Yàlla la

bawoo [jóge].". Bu leen naqar dalee, ñu ne : "Lii ci yaw [Muhammad] la jóge.". Neel : "Lépp ca Yàlla la jóge." Waaw ana lu nekk ca ñooña nit ba xawuñoo déggati wax [ju am njariñ] ?

79. Lu la dal ci lu baax ma nga jóge ca Yàlla, lu bon lu la dal ci sa bakkan la jóge. Te yónni Nanu la [yaw Muhammad] nga di ab Yonent. Te Yàlla doy na seede ci lépp.(s)

80. Képp ku topp Yonent ba topp na ndigalu Yàlla. Ku dummóoyu [weddi]... Xamal ne yónniwuñu la ci ñoom ngir nga di leen wattu.

81. Danañu wax ne : "Nangul nanu la !" Te bu ñu jóge ci yaw , ab kurél ci ñoom dana fanaanoo lu wuuteek la ñu la waxoon. Yàlla Dana bind la ñu fanaane. Nanga leen dëddu te nga wéeru ci Yàlla. Yàlla doy na ndëgërlaay .

82. Moo ndax ñoom dañu dul settantal Alxuraan ? Alxuraan, bu jóge woon ci keneen ku dul Yàlla, fàwwu ñu gis ca ay juuyoo ciy waxam !

83. Su leen mbir ma dikkale ci kóolute walla tiitaange, ñu siiwal ko. Te bu ñu ko delloo woon ca Yonent ba walla kilifa ya nekk ca ñoom, kon ña ko soloo xam ne ñoom danañu ca am lu leer bu dul woon ak xéewali Yàlla ak yërmaandeem ci yéen. Giñ naa ne kon lim bu néew ci yéen moo dul topp [Séytaane].

84. Xareel ci yoonu Yàlla, sasewuñu la lu dul sa bopp, te nanga ñaax ñi gëm, amaana Yàlla fegal la ayu yéefar ya. Te Yàllaa gën a tar ngaañ, Moo gën a tar xorñoñal.

85. Képp ku taxawu nit [dooleel ko] taxawaay bu rafet, dana ca am cër ; ku taxawu nit [dooleel ko] cig ñaawtéef, dana ca am bàkkaar ba. Yàlla Kuy seetlu lépp la.

86. Bu ñu leen nuyyoo, nangeen delloo nuyyoo bu gën a rafet ; mbaa bu na mel. Yàlla Kuy natt lépp la.

**87**. Amul jeneen yàlla yu dul Moom Yàlla ! Fàwwu dana leen dajale Bispénc ba, sikkuwut. Te kan moo gën a dëgguy wax Yàlla ? [Amul]**(h)**

88. Lu ngeen am ? Ca naaféq ya, am na ñaari kuréel.Te Yàlla delloo na leen ca la ñu fàggu woon. Moo ndax dangeen a bëgg gindi ka Yàlla bàyyi cig réer ? Ku Yàlla bàyyi cig réeram, doo ko mën wutal yoonu mucc.

89. Ñanga ne siiw ngeen weddi, na ñu weddee [ñoom] : ndax ngeen yem ! Buleen jàpp ay xarit ci ñoom, li feek ñuy gàddaay jëm ci yoonu Yàlla.

Bu ñu dëddoo, jàppleen leen te reyleen fu ngeen leen mën a fekk ; te buleen wut ci ñoom xarit waxumalaak ndimbal,

90. lu dul ña jóge ca nit ñoo xam ne kóllare dox na ci seeni diggante, ak ña jëm ci yéen te fekk xeex ak yéen di lu tiis ci seeni xol, walla ñu xeex ak ña bokk ca ñoom. Bu sooboon Yàlla, Mu xiir leen ci yéen, te kon ñu farlu ci xeex ak yéen. Bu ñu leen bàyyee, berleen, xeexuñu ak yéen, te ñu doxal jàmm ak yéen, Yàlla mayatuleen wenn lay wuy tax ngeen mën dal ci seen kaw.

91. Dangeen gis ñeneen ñu bëgg jàmm dox seeni diggante, ñoom ak yéen ak seen biir. Saa yu ñu leen xëccee jëme leen ci bokkaale, ñu yabu ca lool. Bu ñu leen bàyyiwul, berleen te jàmmoowuñu ak yéen, te wàccewuñu seen yoxo ci yéen, jàppleen leen, reyleen fépp du ngeen leen fekk. Ñooñu, may Nanu leen ci ñoom ndigal lu wér ci ñu nennu leen.

92. Yellul ab jullit rey ab jullit, lu dul ci njuumte. Ku rey jullit ci njuumte, war na mu goreel jaam bu nekk jullit te jox ndàmpaay ay mbokkam, ndegam defuñu ko sarax [Baal ko ko]. Bu fekkee ka ñu rey dafa di ab jullit bu bokk ca nit ña nekk seeni noon, goreel jaam bu jullit rekk a war ka reye. Bu bokkee ci ñoo xam ne kóllare dox na ci seen diggante, dana ko war ndàmpaay lu mu jox ay mbokkam ak goreel jaam bu di jullit. Ku gisul [jaam bu mu goreel], na woor ñaari weer yu toftaloo mu di tuub gu Yàlla nangu. Yàlla Ku xam la, Ku xereñ la.(S)

Draft

93. Ku rey ab jullit te tey ko, peyam Safara la, te dafay béel. Merum Yàlla ak rëbbam tegu ci kawam, te mbugal mu mag moo ko fay xaar.

94. Éy yéen ñi gëm ! Ndegam dox ngeen ci yoonu Yàlla, nangeen leerlu bu baax te buleen nattu ñay wone jàmm, buleen ne ko : “Doo jullit”, ngir bëgg wut alali àddina . Alal yu baree nga ca Yàlla. Te sax yéen noonu ngeen meloon bu yàggul ; terewul Yàlla jox na leen xéewal. Deeleen di leerlu. Yàlla deñ na kumpa ca la ngeen di def.

95. Ña bokk ci jullit yi toog bañ a xareji ci lu dul ngànt, duñu yem mukk ak ña xare ca yoonu Yàlla ak seeni alal ak seeni bakkan. Ña xareji, Yàlla defal na leen ngëneel ak daraja ca kaw ña toog bañ a xareji. Waaye ñoom ñépp nag Yàlla dig na leen Àjjana ; teewut itam Mu defal ngëneel way-xare ya ca kaw ña toogoon, ña xareji muy pey gu màgg ;

96. muy yokkute gu tukkee ci Yàlla, ak njéggal ak yërmaande. Yàlla Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

97. Ña Malaaka ya jël seeni ruu te ñu doon tooñ seen bopp, Danañu leen laaj : “Ca la ngeen nekkoon ?” [bañ a dem xareji] - Ñu toontu ne : “Danoo nekkoon ñu ñu néewal doole ci kaw suuf”. Ñu ne leen : “Moo ndax suufus Yàlla si dafa yaatuwul ba ngeen mën a gàddaay jëm feneen ?”. Ñooña Safaraa di seen dëkkuwaay. Te ndaw muj gu bon !

98. Ba mu des ña néew doole : ci góor ñi, ak ci jigéen ñi, ak xale yi ci ñàkk pexe, bu ñu gindikoo [ba genn màkka]

99. Ñooña xéy-na Yàlla jéggal leen. Yàlla Kuy baale la, di jéggale.

100. Ku gàddaay ngir Yàlla, fu mu mën a jëm, dana fa fekk delluwaay yu bari ak ug yaatal. Ku génn këram, di gàddaay ngir Yàllaak ub Yonentam, ba dee dab ko, kooku peyam Yàlla warlul na ko ko. Yàlla Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.(r)

101. Bu ngeen di tukki ci réew yi, aayul ci yéen ngeen wàññi ci julli yi, bu ngeen ragalee yéefar yi fitnaal leen, yéefar yi seeni noon lañu yu bir.

102. Boo nekkee [Mahammad] ci seen biir, te nga jiite leen ci julli, na benn kurél ci ñoom ànd ak yaw, na beneen kurél ba jël seeni ngànnaay. Bu ñu sujjóotee ñu nekk ca ginnaaw ñay julli, kurél boobu julliwul woon ñëw [bu bu jëkk ba noppee] julli ànd ak Yaw. Nañu fogu te jël seeni ngànnaay. Yéefar yaa ngi ne siiw ngeen sàggane seeni ngànnaay ak seeni yóbbal, ba ñu song leen menn cong mu tar. Aayul ci yéen su amee lu leen lor ci taw walla ngeen wopp, ngeen tëral seeni ngànnaay te fogu.. Yàlla xaaroo na yéefar yi mbugal muy doyadale [toroxale].

103. Bu julli ga sottee, tudduleen Yàlla ci taxawaay ak ci toogaay, ak bu ngeen têddee. Te bu ngeen nekkee ci kóolute, nangeen taxawal julli. Julli kat, doon na lu Nu sàkkal ay waxtu ci kaw jullit ñi.

104. Buleen yaanaani ci am cong. Bu ngeen di metitlu [ci ay jam-jam], ñoom it am nañu metit ni yéen, te yéen yaakaar ngeen ci Yàlla loo xam ne yaakaaruñu ko ñoom. Te Yàlla Ku Xam la te Xereñ.

105. Wàcce Nanu ci Yaw Téere ba ci dëgg, ngir nga àtte diggante nit ñi ni la ko Yàlla xamalee. Bul doon kuy layal wurujkat ya.(s)

106. Jéggalul Yàlla, Yàlla Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

107. Bul dàggasanteek ñiy wuruj seen bopp. Yàlla safoowul ku di wurujkat di bàkkaarkat.

108. Nëbbu nañu nit ñi, waaye mënuñoo nëbbu Yàlla. Ndax mook ñoom a nekkoon ba ñuy fanaanoo ay wax yu ko neexul. La ñu doon def, Yàlla péeg na ko [ci xam-xam].

109. Yéen a ngi noonu di layal ñooñu ci dundug àddina bi. Waaye ana kan moo leen di layal ca Bis-pénc ba ? Walla ana kan mooy doon seen wéeruwaay ?

110. Képp ku def ñaawtéef mbaa mu tooñ boppam, gaaw jéggalu Yàlla, dana fekk di Jéggalaakoon, di Jaglewaakoon.

111. Ku fàggu bàkkaar, defu ko kenn ku dul boppam. Yàlla Ku xam la, di Ku xereñ.

112. Ku def ñaawtéef walla bàkkaar ba noppi jiiñ ko ku ca set wecc, kooka yenu ma duur ak bàkkaar bu bari.

113. Bu dul woon teraanga Yàlla ak yërmaandeem ci yaw, kon ab kurél ci ñoom danañu ittewoo sànk la. Waaye sànkuñu kenn ku dul seen bopp, loruñu la ci dara. Te Yàlla wàcce na ci yaw Téere ba ak xam-xamu ràññee [xereñ], te xamal na la loo xamul woon. Te xéewali Yàlla ci yaw rëy na.

**114**. Lu bari ca la ñuy déeyoo lu baax nekku ca, lu dul ci waxi kuy digle sarax, walla njekk, walla jubale ci diggante nit ñi. Ku def loolu, di sàkku ngërëmul Yàlla, Dananu ko jox [ëllëg] pey gu màgg.**(n)**

Draft

115. Képp ku juuyoo ak Yonent ba gannaaw ba njub ga feesee ci moom, muy topp lu wuuteek yoonu jullit ña, Dananu ko méngaleek la mu méngool, te séndal ko Safara. Ndaw delluwaay bu bon !

116. Yàlla du baale ku Ko bokkaale. Waaye lu dul loolu Dana ko baale ku Ko neex. Te képp kuy bokkaale Yàlla, réer na réer gu sori.

117. Te kat ñoom ay xërëm yu ñu jigéenal ak Séytaane su fétterlu doŋŋ lañuy jaamu di ko woo bàyyi Yàlla.

118. Yàlla rëbb na ko ca la mu wax moom [Séytaane], ne : “Fàwwu danaa jël ci say jaam ab cër bu takku”.

119. Mu waxaat [moom Séytaane] : “Waat naa ne danaa leen réeral, danaa leen nax ca la ñuy xemmem, danaa leen digal ñu dog noppi jur gi, danaa leen sant ñu soppi ni Yàlla bindee [bindeef yi]. Ku bàyyi Yàlla, jàppe Séytaane muy kilifaam, yàqule na yàqule gu bir.

120. Dana leen dig, xemmemlu leen. Te Séytaane du dige lu dul ay wor.

121. Ñooñu seeni dëkkuwaay mooy Safara. Te kenn duleen ca musal !

122. Ñi gëm te jëf aw yiw. Dananu leen dugal Àjjana yu ay dex di daw ci suufam, dañu fay béel ba fàwwu. Digeb Yàlla lu dëggu la. Te sax, ana kan moo gën a dëggu ay wax Yàlla ?

123. Mbir ma ajuwul ci seeni mébét walla ci mébétu ña jotoon Téere. Waaye ku def ñaawtéef, jot peyam, kenn du ko mën a amal kilifa gu ko yiir mbaa mu ko mën a dimbali ginnaaw bu ca Yàlla génnee.

124. Ku jëf, jëf ju bokk ci aw yiw, di góor mbaa muy jigéen, te di ab jullit... ñooña danañu dugg Àjjana; te kenn duleen ca tooñ [ba waññil leen] lu toll ni mboxosu xooxu tàndarma.(s)

125. Ana ku gën a rafet diine ku jubale boppam Yàlla, te di kuy rafetal [jëfam], tey roy diiney Ibraahiima cig wéetal Yàlla ? Te Yàlla Moom jàppe na Ibraahiima soppeem.

126. Yàllaa moom li nekk ci asamaan yeek suuf si. Te Yàlla lépp la peeg.

127. Ña nga lay laaj nga ubbee leen ci jigéen ñi. Neel : “Yàlla Dana leen ubbee ci ñoom, ak lañu leen jàngal ca Téere ba [di leeral lu jëm ci] jirim yu jigéen yi nga xam ne joxooleen leen la ñu digle ci ñoom, te ngeen xemmem takk leen, [ak leeral lu jëm ca] ñu néew doole ña ci xale yi”. [Ak di leen digal] ngeen taxawu jirim ci ag maandute. Lu ngeen ca def ci ñoom ci lu baax, Yàlla xam na ko.

128. Bu ku jigéen ragalee ci jëkkëram naqar walla mu foñ ko, aayul ñu yéwénoo ñoom ñaar, ba juboo ci lenn, ndaxte yéwénoo moo gën, te bakkan dafa gaaw a jeng jëm ci nay. Waaye bu ngeen rafatalee te ragal Yàlla... Yàlla, ku deñ-kumpa la ci seeni jëf.

129. Dungeen mëna a maandu mukk ci diggante jigéen ñi, doonte xér ngeen ci yemale leen. Waaye, buleen jeng, jeng gu jéggi dayo ba tax ngeen bàyyi kenn ci ñoom ba mu mel ni ku ñu aj. Waaye, bu ngeen yéwénalee sellal te ragal Yàlla... Yàlla di ab Jéggalaakoon, di ab Jaglewaakoon.

130. Bu ñu tàggoo [jëkkër ak jabar], Yàlla dana woomal ku ca nekk ci ag yaatalam. Yàlla Ku yaatu mbir la, di Ku xereñ (r)

131. Te li nekk ci asamaan yeek suuf si, Yàllaa ko moom. [Nun Yàlla], déggoon Nanu ña jotoon Téere, lu jiitu seeni jamoni ak yéen it ne leen : “Ragal-leen Yàlla !”. Te bu ngeen weddee, nangeen xam ne

Yàllaa moom li nekk ci asamaan yeek suuf si. Yàlla Ku woomal la te yayoo cant.

132. Te it, li nekk ci asamaan yeek suuf, Yàlla doy na ci te mat na sëkk Kilifa.

133. Bu ko sooboon Mu jële leen fi, yéen nit ñi, indi fi ñeneen. Te loolu, Yàlla mën na ko.

134. Koo xam ne yoolu àddina bi la bëgg, [na xam ne] Yàlla am na lu mu yoole ci àddina ak ca àllaaxira. Te Yàlla Kuy dégg la, Kuy gis la.

135. Éy yéen ñi gëm ! Taxawleen temm ci maandute, di seede ngir Yàlla doonte seede soosu [lu naqari la] luy dal ci seen kaw, walla ci seeni waajur, walla ci kaw seeni njaboot, walla seeni jegeñaale. Su dee ku woomal la walla ku ñàkk, Yàllaay ki gën pey ci ñoom ñaar ñépp. Buleen topp seeni bànneex ba ñàkk a maandu. Bu ngeen jéggalee [seede] walla ngeen dëddu bañ a seede, xamleen ne Yàlla Ku deñ-kumpa la ci li ngeen def.

136. Éy yéen ñi gëm ! Doyluleen Yàlla ak ub Yonentam, ak Téere ba Mu wàcce ci Yonentam, ak Téere ba wàcc la jiitu. Képp ku weddi Yàlla, ak i Malaakaam, ak Yonentam, ak Bis-pénc ba, réer na réer gu sori [dëgg].

137. Ña nga xam ne dañoo gëm ba noppi weddi, daldi gëm, weddiwaat, seenug weddi di gën a tar, Yàlla duleen jéggal, te it duleen gindi teg leen ci yoon wu leer wa.

138. Bégalal [xamalal] naaféq ya ci ne am nañu mbugal mu metti,

139. ña jàppe yéefar ya ay xarit, bàyyi fa jullit ña, ndax nee dañuy sàkku ci ñoom teraanga, te moone teraanga jépp a ngi ca Yàlla.(S)

140. Te wàcceel na leen ca Téere ba, xamal leen ne : bu ngeen déggee ay nit ñuy weddi ak a ñaawal [yéjji] ndigali Yàlla yi, buleen toog ak ñay def loolu ba ba ñuy xuus ci weneen waxtaan. Lu ko moy dangeen di mel ni ñoom [cig weddi]. Yàlla Kuy dajale la naaféq yaak yéefar ya ñoom ñépp ca biir Safara.

141. Ña nga xam ne ñanga téyandi seen bopp ci yéen ; su leen Yàlla joxee ndam, ñu gaaw ne : “Ndax àndunu woon ak yéen ?” ; bu yéefar yi amee cër ci ndam, ñu ne leen : “Xanaa du ñoo leen doon song [yéen yéefar yi] te nu fegal leen jullit ñi ?”. Yàlla Dana àtte seen diggante Bis-pénc ba. Te du jox yéefar yi ndam ci kaw jullit ñi.

Draft

142. Naaféq ya dañuy jéem a nax Yàlla, te fekk Yàlla Dana leen juuy. Te bu ñu taxawalee julli, taxaw ci tàyyeel, di ngistal ci bëti nit ñi. Te duñu tudd [fàttaliku Yàlla] lu dul ñu néew ci ñoom.

143. Ñuy deŋŋi-deŋŋi ci diggante yooyu, féetewuñu ci ñii, féetewuñu ca ñaa. Ku Yàlla bàyyi cig cànkuteem, kenn du ko mën a teg ci yoon wu jub wa.

144. Éy yéen ñi gëm ! Buleen jàppe yéefar yi ay xarit bàyyi jullit ña. Ndax dangeen bëgg a jox Yàlla lay wu jub ci seen kaw ?

145. Naaféq yaa nga ca dëru ya gën a suufe ca Safara, te kenn duleen dimbali,

146. ba mu des ña tuub, réccu, te sellal [yéwénal], jubbantiku te tënku ci Yàlla te sellal seenug jaamu Yàlla. Ñooña, ñook jullit ñee ànd. Te Yàlla Dana jox jullit ñi pey gu màgg.

147. Lu Yàlla di doye mbugal leen? Bu ngeen dee sant Yàlla te gëm ko, Yàlla di Kuy nangug cant, di Ku xam lépp nag.

**148**. Yàlla bëggul ku fésal wax ju ñaaw, ndegam nekkul ku ñu tooñ. Yàlla Kuy dégg la, Ku xam lépp.**(h)**

149. Bu ngeen fésalee yiw, walla ngeen nëbb ko, walla ngeen baale lu bon [la ñu leen def]... Xamleen ne Yàlla kuy baale la, Ku am kàttan la.

150. Ña weddi Yàlla ak i Yonentam, te bëgg a téqale Yàlla ak i Yonentam, te naan : " Gëm nanu ñenn ña, weddi ñenn ña [ca Yonentam ya]", tey jéem a am ca yoon wa nekk ca diggante weddeek ngëm,

151. ñooña ñooy dëgg-dëggi yéefar ! Te Dananu xaaroo yéefar yi mbugal mu leen di toroxal.

152. Waaye ña gëm Yàlla ak i Yonentam te xàjjalewuñu kenn ci ñoom, ñooña gaay Dananu leen jox seen pey. Te Yàlla Jéggaleekoon la, Jaglewaakoon la.

153. Ña jotoon ab Téere, ñangay laaj, bëgg nga wàcce ca ñoom ab Téere bu bawoo asamaan. Waaye ñoom sax laajoon nañu Muusaa lu gën a rëy loolu, ndax dañu ne ko : "Won nu Yàlla ñu janook Moom !". Dënnu ga fàdd leen ngir seen bàkkaar boobu. Ba loola jàllee, ñuy jaamu yëkk wa, ginnaaw ba leen dëgg gu bir dikkalee. Nu baal leen loola, topp Nu jox Muusaa kiliftéef gu bari.

154. Nu yékkati doj wa ca seen kaw ngir fasanteek ñoom kóllare, ñu ne leen woon : “Dugguleen ci buntu bi ànd ak di sujjóot” ; Neeti leen : “Buleen jalgati bisub gaawu” ; Nu jàppe woon ak ñoom kóllëre gu dëgër.

155. Ci sababu firig seen kóllare ak seen weddi kàdduy Yàlla ya, ak rey ga ñu rey Yonent ya ci lu dul dëgg, ak la ñuy wax naan: “Sunuy xel muuru na”. Li am kay moo di Yàllaa fatt seeni xol ci sababus seenug la ñu weddi, ñu néew ñoo gëm ca ña bokk ca ñoom.

156. Ak ca sababus la ñu weddi, te wax ci Maryaama duur [fen] wu rëy.

157. ak ca la ñu wax ne : “Noo rey [Masiihu Iisaa] doomi Maryaama, Yonentub Yàlla ba”... Te reyuñu ko, daajuñu ko ci ay bant ; waaye dañu leen koo nirëleel ñu cay werante ! Wóor na ne ci am lënt lañu nekk ci mbir moomu: amuñu ca benn xam-xam lu dul topp seen njort, te nag reyuñu ko de.(s)

158. li am kay mooy Yàllaa ko yékkati jëme ko ca Moom. Te Yàllaa di Ku not lépp, di Ku xereñ.

159. Dana am ñenn ca ña jotu Téere, ñoo xam ne fàwwu danañu ko gëm balaa muy dee [Moom Iisaa doomu Maryaama]. Te Bis-pénc ba moom dana nekk seede ci ñoom.

160. Te sababus tooñug Yahuud ya, araamaloon Nañu ca ñoom yu sell ya daganoon ca ñoom, ak la ñu daan férawle ñu bari soril leen diine,

161. ak lañu doon lekk ribaa - te ñu tere woon leen ko - ak di lekk alali nit ña ci neen. Nañu xam ne Nun Yàlla xaaroo Nanu yéefar ya mbugal mu metti.

162. Waaye ñay woroomi xam-xam yu xóot ca ñoom ak ña ca gëm, gëm nañu la ñu wàcce ci yaw [Muhammad] ak la ñu wàcce woon mu jiitu la. Ak ñay taxawal julli ak ñay génne asaka, ak ña gëm Yàlla ak Bis-pénc ba, ñooñee, Dananu leen jox pey gu rëy.

163. Sol Nanu [Nun Yàlla] leerug Yonent ci yaw [Muhammad] ni Nu ko sole woon ca [Nooh] ak Yonent ya toppoon ca moom. Sol Nanu ko Ibraahiima ak Ismaahiila ak Isaaqa ak Yanqooba, ak sët ya ak Iisaa, ak Ayuuba, ak Yuunusa, ak Haaruun, ak Suleymaan, te jox Nanu Daawuda ab Téere bu tudd [Zabuur].

Draft

164. Ak Yonent yoo xam ne nettali woon Nanu leen seeni mbir lu jiitu, ak ñeneen ñu Nu la nettaliwul [seeni mbir] - Te Yàlla wax na ak Muusaa waxante tigi -

165. ñu di ay Yonent yuy bégle ak xuppe ngir nit ñi bañ a am lay wu mën a yey Yàlla, ginnaaw ba leen Yonent ya xamalee dëgg. Yàlla ku am kàttan la, di Ku tedd.

166. Waaye Yàlla seede na la Mu wàcce ci Yaw, te ci xam-xam la ko wékk. Te Malaaka ya it seede nañu. Te Yàlla doy na, mat sëkk seede.(r)

167. Ña weddi tey féew nit ñi yoonu Yàlla, réer nañu réer gu sori.

168. Ña weddi te tooñ, Yàlla duleen baal, duleen gindi, teg leen ci yoon wu jub wa

169. lu dul xanaa ca yoonu Safara, te dañu fay béel ba fàwwu. Loola di lu yombu Yàlla.

170. Éy yéen nit ñi ! Yonent bi indil na leen dëgg te bawoo fa seen Boroom. Kon gëmleen, [su ngeen ko defee], moo gën ci yéen de. Bu ngeen weddee nag, xamleen ne Moo moom la ca asamaan ya ak suuf si. Te Yàlla di Ku xam, di Ku xereñ.

171. Éy yéen ñoñ-téere, buleen jéggi dayo ci seen diine, te buleen wax ci Yàlla lu dul lu nekk dëgg. Ku Nu barkeel ka di Iisaa, doomi Maryaama, doonul lu dul Yonentub Yàlla, di kàddoom ga Mu sànni ca Maryaama, di ruu gu tukkee ci Moom. Kon gëmleen Yàlla ak Yonentam. Te buleen di wax nit [Yàlla]. Bàyyileen wax jooju ! Moo gën ci yéen. Yàlla Moom kenn rekk la. Sellam gi jombaate naak Muy am doom. Moom mooy boroom li nekk ci asamaan yeek suuf si, te Yàlla doy na sëkk wéeruwaay.

172. Ku ñu barkeel ka [Iisaa], du jomlu te du jombulu ci nekk jaamab Yàlla, Malaaka ya gën a jegeñ [seen Boroom], ñoom it duñu ko jomlu ci jombu koo jaamu. Képp ku jomlu ci jomb koo jaamu ... [Na xam ne] Yàlla Dana leen fang [gur-gur jiital] ñoom ñépp jëme leen ca Moom.

173. Ñi gëm nag tey jëf ay yiw, Yàlla Dana leen jox seen pey ba yokkal leen ca ngënéelam. Waaye ña jomlu tey rëy-rëylu, Dananu leen teg mbugal mu metti. Te duñu gis [am] keneen ku dul Yàlla ku leen di mën a yiir walla dimbali,(s)

174. Éy yéen nit ñi ! Aw lay dikkal na leen wu tukkee ca seen Boroom. Te wàcce Nanu ci yéen leer gu ni nàññ.

175. Ña gëm Yàlla te jafandu ci Moom, Dana leen dugal ci yërmaandeem ak ci ngëneel, ci gindi leen, jubale leen ca boppam, teg leen ca yoon wa jub xocc.

176. Danañu sàkku ci yaw ubbee [ci mbirum ndono]. Neel : "Yàllaa ngi leen di ubbee ci càppaacoli : bu nit faatoo di ku góor gu amul doom, te am na jigéen [bu mu bokkal ndey ak baay walla baay], moo moom génn-wàllu la mu bàyyi [ci alal]. Bu fekkee ne jigéen a bàyyi, dee te amul doom, [moom càmmiñ ja] day donn alal ja jépp. Bu fekkee ne ñaari jigéen lañu, dañuy donn ñaari ñeenteeli alal ja mu bàyyi ginnaaw ; bu ñu dee ñu góor ak ñu jigéen, na ku góor am cëru ñaari jigéen. Yàlla dafa leen di leeralal ngir bañ ngeen réer. Yàlla xam na lu ne.

Draft

# Saar 5 : Ndën la

## 120 Laaya - Ginnaaw gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Éy yéen ñi gëm ! Nangeen matal pas-pasi kóllare ya. Dagan na ci yéen [yàpp] juri kër yi, ginnaaw ya ñu leen limal. Daganul it ya ñu rey te fekk ngeen armal ba noppi. Yàlla lu ko neex lay def.

2. Éy yéen ñi gëm ! Buleen ñàkk a wormaal màndargay diiney Yàlla, ak weer wa ñu wormaal, ak mala ya nekk ay yool, ak mala ya ñu ràngal, ak ñay aj ca néeg bu ñu wormaal ba ngir sàkku ngëneel ci seen Boroom ak ngërëmam. Bu ngeen yéwwikoo, mën ngeen a rëbb. Te mbañeeli nit ña leen tere woon jëm ca jàkka jañu wormaal, bumu tax ngeen di jéggi dayo. Nangeen di dimbalante ci ag mbaax ak ragal Yàlla te buleen dimbalante jëm ci bàkkaar ak noonoo. Te nangeen ragal Yàlla, Yàlla dey Ku tar mbugal la !

**3**. Araam na ci yéen mala yu médd, ak deret, ak yàppu mbaam-xuux ak la ñu rey tudd ca ku dul Yàlla, ak mala mu wékku, ak bu ñu dóor ba mu dee, ak bu mbartal daanu, ak bu ñu jam béjjan, ak bu rabu àll am lu mu ca lekk - lu dul la ngeen reendi -. (Terees na it) bu ñu reendi ci ay xërëm, ngeen di séddalee ci wantaleb gisaane . Lu génn diine la. Tey jii, ña weddi naagu nañu ci seen diine : buleen leen ragal, ragal-leen Ma. Bis-pénc niki tey, matalal Naa leen seen diine, te xëpp naa leen Samay xéewal. Gërëm naa ci yéen Lislaam mu di seen diine. Koo xam ne dafa loru ci jamonoy xiif [ba lekk lu Ma araamal], te du dafa sóobu ci bàkkaar... na xam ne, Yàlla Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.**(n)**

4. Ñanga lay laaj lan moo dagan ci ñoom. Neel : "Yu sell ya ñoo dagan ci yéen, ak la leen seen rëbbukaay yi ngeen yore indil, yu deme ni xaj, na leen ko Yàlla jàngale. Mën ngeen a lekk ca la ñu leen jàppale te nangeen ca tudd turu Yàlla. Te nangeen ragal Yàlla. Yàlla Ku gaaw la ci natt jëf yi.

5. "Bis niki tey, dagan na ci yéen [ñam] yu sell ya. Àtteb ñamu ña jotoon Téere dagan na leen, te seeni ñam yéen, dagan ca ñoom. Te it gor ñu jigéen ña yéwén ci jullit ñi, ak jigéen ña di ay gor, yiw ca ña leen jëkk

a jot Téere [dagan na ngeen sëy ak ñoom], ginnaaw ba ngeen joxee seen can ngir sëy mu bañ di njaaloo, ngeen bañ leen a jàppe it ay coro. Képp ku weddi ngëm, ay jëfam sippiku [yàqu] na te àllaaxiraa, ca ña yàqule lay bokk.

6. Éy yéen ñi gëm ! Bu ngeen jógee jëm ci julli, nangeen raxas seeni xar-kanam ak seeni yoxo ba ca seeni conc ; te nangeen laal [raay - masaa] seen bopp ; nangeen raxas it seeni tànk ba ca ñaari dojor ya. Waaye bu ngeen jógee ci joteg sëy, nangeen sangu ; bu ngeen woppee mbaa ngeen nekk ci tukki, mbaa kenn ci yéen jóge ci wanag wa, mbaa ngeen bànneexu ci jigéen te amuleen ndox, nangeen tiim ci pàkk bu laab, ngeen raay seen xar-kanam ak seeni yoxo. Yàlla nammuleen a teg aw tiis, waaye dafa leen a bëgg a laabal te matal xéewalam ci yéen ndax xéy-na ngeen sant Ko.

7. Fàttalikuleen xéewali Yàlla ci yéen, ak kóllare ya ngeen fasanteek Moom ba ngeen nee : “Dégg nanu te nangu nanu”. Te nangeen ragal Yàlla. Yàlla dey Ku xam li nekk ci xol yi la.(S)

8. Éy yéen ñi gëm ! Nangeen nekk ñu taxaw temm ngir Yàlla, di ay seede cig maandute. Te mbañeel gu ngeen bañ aw nit , bumu xiir kenn ci ñàkk a maandu. Nangeen maandu : moo gën a jege ragal Yàlla. Te Yàlla Ku ràññee li ngeen di def la.

9. Yàlla dig na ñi gëm tey jëf lu jiw [faratаak sunna] xéewal ak pey gu rëy.

10. Ña nga xam ne weddi nañu te jàppe Sunuy tegtal ay fen, ñooña ñooy waa Safara.

11. Yéen ñi gëm, fàttalikuleen xéewali Yàlla ci yéen, ba mu amee kurél bu nammoon a dal ci seen kaw te Ma fegal leen loxoy noon ya. Ragalleen Yàlla. Ñi gëm nag, ci Yàlla doŋŋ lañu war a sukkandiku.

12. Yàlla fasante woon na kóllare ak waa Banii-Israayiila. Nu feeñal ci ñoom fukki kilifa ak ñaar. Yàlla ne leen : “Maak yéeen a ànd, bu ngeen di taxawal jullli [fonku ko], di génne asaka, te gëm Samay Yonent, di leen dimbali tey lebal Yàlla [ci seeni alal]. Bor bu rafet dana leen jéggal seeni bàkkaar [ñaawtéef], dugal leen Àjjana yoo xam ne ay dex ay daw ci suufam. Ku weddi ginnaaw loolu te bokk ci yéen, [na xam ne] réere na yoon wu jub wa” !

13. Ci sababus firi ga ñu firi kóllare ga, la Nu leen rëbbe [Nun Yàlla], def seeni xol wow koŋŋ : dañuy toxal baat [maanaa ya] jële ko fa mu tëddoon, boole ca fàtte as lëf ca la Nu leen waare woon. Te foo toll di

Draft

gis ci ñoom ay wor, lu dul ci lu néew ca ñoom. Nanga leen jéggal te jéllale. Yàlla safoo na ñay rafetal.(r)

14. Ña def seen bopp ay [nasraan] it, fasante woon Nanu kóllare ak ñoom. Ñoom fàtte nañu as lëf ca la Nu leen waare woon, tax ñu tàbbaal seen diggante noonoo ak mbañeel guy wéy ba Bis-pénc ba. Yàlla dana leen xala xabaar la ñu daan def.

15. Éy yéen ñon-téere ! Sunub Yonent dikk na ci yéen, leeral na leen lu bari ci la ngeen nëbboon ca Téere ba, te muy jéllale itam lu bari ! Téere bu jóge ca Yàlla dikkal na leen, di leer guy leeral !

16. Yàlla dana ca gindi képp ku topp ndigalam, muy yoonu jàmm. Te Dana leen génne cig lëndëm, tàbbal leen cig leer bu Ko soobee. Te teg leen ci yoon wu jub xocc wa.

17. Ña wax ne : "Ka ñu barkeel, doomi Maryaama [Iisaa], mooy Yàlla !", weddi nañu Yàlla - Neel : "Ana kan moo mënal Yàlla dara, su bëggoon a rey ku ñu barkeel ka, doomi Maryaama, ak yaayam, ak ñi nekk ci kaw suuf si ñépp [Am na sañ-sañu def ko] ?... Te Yàllaay Boroom asamaan yeek suuf si ak li ci seen diggante". Moom Yàlla mooy sàkk [sos] li ko soob. Yàlla am na kàttan ci def lu ne.

18. Yahuud yeek Nasraan yi wax nañu ne : "Nun nooy doomi Yàlla te di ay soppam." Neel : "Lu tax mu mbugal leen ci sababus seeni bàkkaar ?" Li am kay mooy, yéen, ay nit ngeen ñu bokk ca ña Mu bind. Dana baal ku Ko soob, Dana mbugal it ku Ko soob. Te Yàllaa moom nguurug asamaan yeek suuf si ak lu nekk ci seen diggante. Te ca Moom la lépp di dellu.

19. Éy yéen ñoñ-téere ! Sunub Yonent dikk na ci yéen leeralal leen ginnaaw diir ba dox digganteem ak ka mujj a feeñ ngir ngeen bañ a taafentaloo ne : "Kenn kuy waare walla kuy xamle dikkul fi nun". Am na ku dikkoon fi yéen kay di xamle ak a waare. Te Yàlla am na kàttan ci def lu Ko soob.

20. (Fàttalikul) ba Muusaa waxee aw nitam, ne leen : "Yéen samaw nit ! Fàttalikuleen xéewali Yàlla yi Mu defoon ci yéen, ba Mu defee ci yéen ay Yonent. Def leen ngeen di ay buur. Mu mayoon leen lu mu musul may kenn ci àddina bi.(s)

21. Yéen samaw nit ! Dugguleen ci suuf su sell si leen Yàlla sédde. Te buleen walbatiku dellu ginnaaw, kon ngeen yàqule.

22. Ñu ne ko : «Yaw Muusaa, [xamal ne] suuf soosu ñu bari doolee fa nekk. Te nun dunu ca mën a dugg mukk li feek génnuñu. Bu ñu génnee nag ñu door a dugg".

**23**. Ñaari nit, ca ña ragal Yàlla, wax ne Yàlla teral na leen : "Dugguleen ca ñoom, nu jaare ci buntu bi ; bu ngeen jàllee, yéen ay not. Te ci Yàlla doŋŋ ngeen war a sukkandiku ndegam ñu gëm ngeen".**(h)**

24. Ñu ne : "Yaw Muusaa ! [xamal ne] nun, dunu fa dugg mukk li feek ña nga nekk foofa. Dem fa, yaak sa Boroom, ngeen xeex yéen foofa. Nun fii la nuy toog".

25. Mu ne : "Sam Boroom ! Mënaluma dara ku dul man ak sama mbokk [Haaruuna : àtteel sunu diggante ak ñiy sàqi ndigal".

26. [Boroom bi tontu] ne: "Suuf soosu araam na leen ñeent-fukki at yoo xam ne danañu gëlëm di wëndéelu ci àll bi. Bul jàq ci mbiru ñiy sàqi ndigal".

27. Nettalileen, ci lu dëggu, xibaari ñaari doomi Aadama ya. Ba ñu sàkkoo yool bu ñu jaamoo Yàlla ; te Yàlla nangul kenn ca ñoom ñaar, bañ a nangul ka ca des. Ka ñu nangulul wax ne : "Danaa la rey". Ka ñu nangul ne ko : "Na la wóor yaw it ne, Yàlla ña ko ragal lay nangu seeni jëf".

28. Te boo tàllalee sa loxo di ma rey man dey duma jëme sama loxo ci yaw waxantumalaak di la jéem a rey : ndax man Yàlla Miy Boroom mbindeef yi laa ragal.

29. Te sax li ma namm moo di nga yenu sama bàkkaar boole kook sa bos : bu ko defee nga bokk ca waa Safara. Te loolu mooy peyug tooñkat ya.

30. [Ka ñu nangulul], bakkanam daldi koy xiir ci rey mbokkam. Mu daldi far bokk ca way- yàqule ña.

31. Yàlla daldi yebal baaxoñ buy gas suuf si ngir mu won ko naka lay suturaale néewub mbokkam moomu. [Ba mu gisee baaxoñ ba], mu daldi ne : "Ngalla man ! Ndax damaa yées baaxoñ bii ba mënumaa suturaal néewub sama mbokk mi ?". Daldi koy rëccu lool.

32. Ngir loolu, bokkal Nanu ca waa Banii-Israayiila, ne képp ku reyati nit koo xam ne reyul kenn, te deful njaaxum ci kaw suuf si, mel na ni rey na nit ñépp. Ku xettali nit, musal ko ci dee, mel na ni ku musal nit ñépp ci dee. Sunuy Yonent dikkal na leen ànd ak lay yu leer nàññ. Ginnaaw loolu, lu bari ci ñoom nekk ay yàqkat ci suuf si [àddina bi].

Draft

33. Peyug ñay jéem a xeex Yàlla ak Yonentam , tey dox di yàq ci suuf si, [seen àtte] nekkul lu dul ñu rey leen, mbaa ñu daaj leen ci ay bant, mbaa ñu dagg seeni yoxo ak seeni tànk cig jàllawle, mbaa ñu génn leen réew ma. Ñu simboo gàcce ci àddina ; te mbugal mu rëy dana leen dal ca àllaaxira,

34. ba mu des ñanga xam ne tuub nañu lu jiitu ngeen not leen : nangeen xam xéll ne Yàlla Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

35. Éy yéen ñi gëm ! Ragal-leen Yàlla, sàkkuleen lu leen di jigeeñal Yàlla te nangeen sonn ci liggéeyal Yàlla. Ndax Yàlla ngeen texe !(s)

36. Ña nga xam ne weddi nañu, bu ñu amoon àddina ak li ci biiram lépp ba dolli ca li na toll, bëgg koo joxe ngir jotoo ko ca mbugalum Bis-pénc ba, kenn duleen ko nangul. Te nag mbugal mu metteey dal ci seen kaw.

37. Danañu bëgg a génn Safara, waaye duñu fa mën a génn. Am nañu fa mbugal mu sax dàkk.

38. Sàcc bu góor ak sàcc bu jigéen, dogleen seeni yoxo ñoom ñaar muy peyug la ñu fàggu, di mbugal mu tukkee ca Yàlla. Moom Yàlla Aji-not la, Aji-xereñ la.

39. Ku tuub ginnaaw ba mu tooñee, te mu sellal jëfam, Yàlla dana ko jéggal. Ndax Yàlla Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

40. Moo ndax dangaa xamul ne Yàlla Moo moom nguurug asamaan yeek suuf si ? Dana mbugal ku Ko soob, dana jéggal ku Ko soob. Te Yàlla mën na lu ne.

41. Éy yaw Yonent bi ! Bula jëfi ñiy jëkkante di sóobu cig kéefar metti ; ci ña nga xam ne danañu wax ci seeni gimiñ ne : "Gëm nañu", te seeni xol gëmul; ak ca ña nekk i yahuud, di dégluwaakoon i fen, di dégluwaakoon i ñeneen nit ñoo xam ne agsiwuñu ci yaw, dañuy soppi baat ba jële ko fa mu tëddoon. Danañu wax naan : "Bu ñu leen joxee lii, jël-leen ko, bu ñu leen joxul, moytuleen". Ku Yàlla namm a fitnaal, doo ko mënal dara fa Yàlla. Ña nga xam ne Yàlla nammuleen a baal seeni xol, am nañu toroxtaane ci àddina ak mbugal mu rëy ca àllaaxira.(r)

42. Dañuy déglu ay fen, di lekk lu araam, lu araam [lool]. Bu ñu la seetsee, nanga àtte seen diggante walla nga dëddu leen. Te sax boo leen dëddoo, duñu la mën a wàññi dara. Boo àttee, nanga àtte seen diggante ci maandute. Yàlla safoo na way-maandu ña.

43. Naka lañu lay àtteloo sax te ñu yor Tawreet, àttey Yàlla ya nekk ca biir ? Gannaaw loolu, ñu dëddu dëgg ga. Ñoom gëmuñu de.

44. Nun wàcce Nanu Tawreet, njub ak leer nekk ca Yonent ya nga xam ne wommatu woon nañu. Àtte nañu ca ña nekkoon i yahuud, ak niti Yàlla ya ak fóore ya. Te la nga xam ne dénkoon nañu leen ko [ci xam-xam] ci Téere Yàlla ba, ñu nekkoon ca ay seede. Buleen ragal nit ñi, ragal-leen Ma. Buleen weddi Samay laaya ci njëg gu néew. Képp du dul àtte ci li Yàlla wàcce, ñooña ñoo di ay yéefar.

45. Dogal Nanu ca ñoom ci Tawreet, ne ku rey nit ñu rey la ; naka noonu, ku fuq bët, ñu fuq bosam ; ku dog bakkan, ñu dog bosam ; nopp itam, nopp a koy fey; bëñ, bëñ a koy fey. Gaañu-gaañu it dañu koy feyee gaañu-gaañu. Waaye ku baale sa àq def ko sarax, dana am njéggalu Boroomam. Képp ku dul àtte ci li Yàlla wàcce, ñooña ñooy tooñkat ña.

46. Toxal Nanu ci seen ginnaaw ya [ñoom Yonent ya] Iisaa, doomi Maryaama, mu dëggal la ko jiitu ci Tawreet. Jox ko Linjiil, njub ak leer nekk ca, muy dëggal la ko jiitu ci Tawreet, di njub ak waare gu jëm ca way-ragal Yàlla ña.

47. Ñoñ-Injiil, nañu àtte ca la Yàlla wàcce ca biir [Téere boobu]. Képp ku dul àtte ca la Yàlla wàcce, ñoom way-sàqi ndigal lañu.

48. Te wàcce Nanu ci Yaw Téere ba [Alxuraan] ci lu dëggu, muy dëggal la ko jiitu ci Téere bii, te muy aji-sàmm it [dëgg ya ca nekk]. Nanga àtte [yaw Yonent bi] seen diggante ci la Yàlla wàcce. Bul topp seen bànneex bàyyi li ñu la digal ci dëgg. Ku ci nekk ci yéen, defal Nanu ko aw yoon ak doxaliin. Te kat su neexoon Yàlla Mu def leen ngeen di wenn xeet. Waaye [Dakoo defe noonu] ngir nattu leen ca la Mu leen jox. Jëkkanteleen jëm ci yiw ya. Yéen ñépp ca Yàlla ngeen di mujj dellu ; Mu xamal leen la ngeen nekkoon di ca juuyoo.(s)

49. Nangay àtte seeni diggante ak la Yàlla wàcce. Te bul topp seeni bànneex, te nga moytuleen ngir ñu bañ laa réeral, soril la lenn ca la Yàlla wàcce. Te yaw, bu ñu dëddoo dellu ginnaaw, nanga xam ne Yàlla amul lu dul lenn ci seeni bàkkaar yi dal leen. Bari na ci nit ñi ñu nekk way-sàqi ndigal.(n)

50. Moo ndax àtteb way-réer ña [jiitu Lislaam] lañuy sàkku ? Te ana àtteb kan moo gën a jege àtteb Yàlla ci nit ñoo xam ne ñu wóolu lañu seen Boroom ?

51. Éy yéen ñi gëm ! Buleen jàpp yahuud yi ak nasraan yi di xaritook ñoom. Ku ko def ci yéeen, daanaka ca ñoom la bokk. Te nag Yàlla du gindi nit ñu di ay tooñkat.

52. Danga gis ña nga xam ne jàngoroy [sikki-sàkka] nekk na ca seeni xol, ñuy gaawantu jëm ca ñoom, di taafantaloo ne dañoo ragal walbatikug jamono songu leen. Te amaana Yàlla indi ndam mbaa mbir mu tukkee ca Moom. Bu boobaa danañu rëccu la ñu bëggoon ca seeni xol.

53. Ba way-gëm ña naan : "Moo ndax du ñii ñoo doon giñ ci Yàlla fa ngiñ gën a màggee ngir ne ñoom ñook yéen a ànd bu wér ?" Seeni jëf sippiku na [yàqu], ñu mujj di ñu yàqule.

54. Éy yéen ñi gëm ! Ku ci murtad ci yéen ba génn diineem... Yàlla Dana indi nit ñoo xam ne sopp Na leen , ñu sopp Ko, di ñu woyoflu ci jullit ñi te dëgër ci yéefar yi. Loolu ngënéelu Yàlla la. Ku Ko neex la koy jox. Yàlla Ku yaatu mbir la, Ku xam la.

55. Amul keneen ku far ak yéen ku dul Yàlla ak ab Yonentam, ak way-gëm ña nga xam ne danañu taxawal julli, di génne asaka te di way-sëgg.

56. Ku xaritook Yàlla ak Yonentam ak way-gëm ña, [na xam ne] ña ànd ak Yàlla ñooy nit ña [gàddu ndam la].

57. Éy yéen ñi gëm ! Buleen jàpp xarit ña nga xam ne dañuy jàppe seen diine ay caaxaan ak po, ca ña leen jëkk a jot Téere ak yéefar ya. Ragalleen Yàlla ndegam way-gëm ngeen.

58. Bu ngeen di woote jëm ci julli, [ñoom] ñu jàppe ko caaxaan ak am po. Ñoom dañudi ay nit ñu xel-luwul.

59. Neel : "Éy yéen ñoñ-téere ! Ndax li ngeen nu bañe nekkul lu dul li nu gëm Yàlla ak li wàcceef na ko ci nun ak la jëkkoon a wàcc ? Li ëpp ci yéen ay saay-saay lañu.(S)

60. Neel : "Moo ndax duma leen xamal ku yées pey ëllëg ca Yàlla ? Ña Yàlla rëbb, mere leen, soppi lenn ca ñoom ay golo ak i mbaam-xuux te ñuy jaamu Séytaane, ñooña ñoo yées dëkkuwaay te ñoo gën a réer, sore yoon wu jub wa".

61. Bu ñu dikkee ci yéen naan : "Gëm nanu.". Te fekk kéefar lañu indiwaale te moom lañuy yóbbuwaale. Te Yàllaa gën a xam la ñuy nëbb.

62. Danga gis ñu bari ci ñoom ñuy jëkkantee tàbbi ci bàkkaar, ak noonuwante ak séen lekk lu araam. Cëy la ñuy def aka bon !

63. Lu tee seen làbbe ya ak seen fóore ya tere leen wax ju ñaaw, ak lekk lu araam ? Cëy la ñu liggéey aka bon !

64. Yahuud ya nee nañu : “Loxob Yàlla dafa banku !” Seeni yoxo kay ñoom moo banku, te rëbbeef na leen ngir la ñu wax. Li wér mooy ñaari yoxoy Yàlla dañoo tàlli : waaye ni mu ko neexe lay xéewale. Te la Mu wàcce ci yaw di yokk bew ak kéefar ca ñu bari ca ñoom. Te sànni Nanu ca seen diggante noonuwante ak bañante gu fay nekk ba Bis-pénc ba. Saa su ñu taalee safaraw xare, Yàlla fey ko. Dañuy dox di yàq ci suuf si rekk, te Yàlla safoowul yàqkat ya.

65. Bu waa ñoñ-téere gëmoon te ragal Yàlla, kon Nu far seeni ñaawtéef, dugal leen Àjjana ju tudd [Nahiim] xéewal.

66. Bu ñu jëfewoon Tawreet, ak Linjiil al la ñu wàcce ca ñoom mu tukke ca seen Boroom, kon fàwwu ñu lekk [xéewal] gu bawoo ci kaw ak gu ballee ci seeni suufi tànk. Am na ci ñoom ay nit ñu jub ; waaye ñu bari ca ñoom lu bon lañuy def !

67. Éy yaw Yonent bi, jottalil la ñu wàcce ci yaw mu tukkee ca sa Boroom. Boo ko deful kon jottaliwoo li Ma la yónni. [Te xamal ne] Yàlla Moo lay musal ci nit ñi. Te Yàlla du gindi aw nit ñu di ay yéefar.(r)

68. Neel : “Éy yéen ñon-téere, nekkuleen ci dara li feek defuleen [lu ñu leen digal] ci Tawreet ak Linjiil ak li ñu wàcce ci yéen mu jóge ca seen Boroom.”. Te dana yokk bew ak kéefar ñu bari ci ñoom li ñu wàcce ci yaw, mu jóge ci sa Boroom. Waaye bul jàq ci mbiri yéefar ya.

69. Ña nekk nasraan te gëm Yàlla, walbatiku gëm Lislaam, ak Bis-pénc ba te sellal seeni jëf, duñu am njàqare, duñu am naqar.

70. Fasante woon Nanu kóllare ak waa Banii-Israayiila, yónni ci ñoom, saa yu Nu leen indilee lu leen neexul, ñu weddi ñenn ña, rey ñenn ña.

71. Ñu njortu ne menn mbugal [du ca topp] ba tax ñu gumba, tëx . Ci loolu Yàlla jéggal leen. Ba noppi, ñu bari ci ñoom dellu gumba tëx. Te Yàllaa ngi ne jàkk ca la ñuy def.

72. Ña wax ne : “Yàlla Mooy ku ñu barkeel ka [Masiih], doomi Maryaama.”, tàbbi nañu ci kéefar. Te moom ku ñu barkeel ka waxoon na ne : «Yéen waa bani Israayiil, nangeen jaamu Yàlla, ka di sama Boroom”. Te [xamleen ne], ku bokkaale Yàlla ak dara, Yàlla Dana ko araamal Àjjana ; def dëkkuwaayam mu di Safara. Te tooñkat ya duñu am ndimbal !

73. Ña wax ne : “Yàlla ñetteel la ci ñett.”, tàbbi nañu ci kéefar. Te Yàlla Moom jenn doŋŋ la ! Bu ñu bàyyiwul li ñuy wax, fàwwu mbugal mu metti dal ña weddi ca ñoom.(s)

74. Lu leen teree tuub ci Yàlla ñaan ko njéggal ? Te Yàlla Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

75. Ku ñu barkeel ka, doomi Maryaama, nekkul lu dul ab Yonent, boo xam ne ay Yonent jiitu woon na ko fi. Yaayam ku saxoon ci dëgg la. Ñoom ñaar dañu daan lekk ñam. Gisal ni Nu leen di leerale sunuy tegtal te it xoolal ni ñuy walbateee [dëgg ga].

76. Neel : “Moo ndax dangeen di bàyyi Yàlla, di jaamu loo xam ne mënuleen a lor, mënuleen a jariñ ?”.Te Yàlla Moom Kuy dégg la, Ku xam la.

77. Neel : “Yéen ñon-téere, buleen teeŋal seen diine, mu wuuteek dëgg ga. Buleen topp bànneexi nit ñoo xam ne réeroon nañu bu jëkk, te réeraloon nañu ñu bari, réere tigi yoon wu jub wa.

78. Rëbbéef na ña weddi ca waa Bani Israayiila mu jaare ca làmmiñu Daawuda ak [Iisaa] doomi Maryaama, ngir lañu moy ndigal te nekkon ñu jéggi dayo.

79. Daawuñu bàyyi lu ñaaw la ñu daan def. Ay waay, la ñu daan def, aka bon !

80. Danga gis ñu bari ci ñoom ñuy xaritoo ak ña weddi. La leen seeni bakkan defloo ñaaw na, ba Yàlla mere leen, te ci ag mbugal lañuy nekk béel ca.

81. Bu ñu nekkoon di ñu gëm Yàlla, ak Yonent ba ak la ñu wàcce ca ñoom, duñu jàppe xarit [yéefar ya]. Waaye lu bari ca ñoom saay-saay lañu [ñu génn ci topp].

**82**. Wér na ne danga gis ne, ña gën a tar nooneel ci nit ña jëme ca jullit ña, ñooy yahuud ya ak ñay bokkaale. Te danga gis it ne, ña gën a jege ci ag cofeel jullit ña, ñooy ñay wax ne : “Nun karcen lanu [nasraan].” Ndax am na ci ñoom ay làbbe ak ñu dëddu àddina, ñoo xam ne duñu rëy-rëylu.**(h)**

83. Te bu ñu déggee li wàcc ci Yonent bi nga gis seeni bët di sottiy rongoñ ndax dëgg ga ñu cay xàmmee. Ñuy wax naan : “Yaw sunu Boroom ! Gëm nanu : Nanga nu boole ca ñay way- seede.

84. Luy tee ñu gëm Yàlla ak la ñu dikkal ci dëgg ak ni nu xemeeme sunu Boroom tàbbal nu Àjjana ànd ak way-sellal ña ?”.

85. Yàlla xéewale na leen, ngir la ñu wax, ay Àjjana yoo xam ne ay dex dañuy daw ca suufam, te dañu fay béel. Te loolu mooy peyug way-rafetal ña.

86. Waaye nag yéefar ya weddi Sunuy kàddu, ñoom ñooy dugg Safara.

87. Éy yéen ñi gëm : buleen araamal yu sell ya leen Yàlla daganal. Te it buleen jéggi dayo, Yàlla soppul ñiy jéggi dayo.

88. Lekkleen li leen Yàlla wërsëgale muy li dagan te sell. Te nangeen ragal Yàlla ji ngeen gëm.

89. Yàlla duleen jàppe ngiñ yi ngeen di kafe, waaye Dana leen jàppe ngiñ yi dëggu ci yéen. Te ñoom, la ñuy jéggaloo mooy leel fukki néew-ji-doole [ci ñam wa ngeen di faral a dundale seen njaboot], mbaa jox leen ay yére, walla goreel jaam. Ku ko mënul, na woor ñetti fan. Loola mooy na ñuy jéggaloo seen ngiñ ya ngeen waate [lu jaaduwul]. nangeen sàmm seen ngiñ, nii la leen Yàlla di leerale ay ndigalam ndax xéy-na ngeen gërëm Ko [delloo njukkal] !

90. Éy yéen ñi gëm ! [xamleen ne] sàngara, wure, xerëm ak seen banti gisaane, nekkuñu lu dul sobe su jóge ci jëfi [Séytaane]. Nangeen leen moytu, xéy-na kon ngeen texe.(S)

Draft

91. Séytaane bëggul lu dul tàbbal ci seen diggante nooneel ak mbañeel, jaare ko ci sàngara ak wure te it dox seen diggante ak fàttaliku Yàlla ak julli. Moo ndax dungeen leen bàyyi ?

92. Nangeen topp Yàlla ak Yonent bi, te ngeen wattandiku ! Bu ngeen dëddoo... nangeen xam ne Sunu Yonent bi dara waru ko lu dul jotal gu mat sëkk.

93. Du nekk bàkkaar ca ña gëm tey sellal seeni jëf, la ñu masoon a lekk [lu araam lu jiitu digle ga ko araamal], gannaaw ba, ñu nekk ñu di way-ragal Yàlla te gëm, di sellal seeni jëf ba noppi raggal Yàlla te gëm ; ragal Yàlla te rafetal seeni jëf. Yàlla safoo na way-rafetal ña.

94. Éy yéen ñi gëm ! Yàlla dana leen nattu ci lenn lu jëm ci rëbb ci seeni loxo walla seeni xeej. Ndax Mu xam ku Ko ragal ci kumpa. Ku féttéerlu ginnaaw loolu, mbugal mu metti dana ko dal.

95. Éy yéen ñi gëm ! Buleen rey aw rab bëgg rëbb, fekk ngeen nekk ci armal di aj [Màkka]. Ku ko rey ci yéen te tey ko, war naa fey lu mel ni

la mu rey ci jur, ñaar ñu maandu ci yéen xayma ko, muy yool bu ñuy yóbb ca kaaba ga, mbaa mu jéggaloo aw ñam wu muy jox néew-ji-doole yi, walla mu woor kem lu tollu noona. Ndax mu mos mbugalu la mu jëf. Yàlla boroom kàttan la, Ku mën a feyyu la.

96. Dagan na ci yéen la ngeen nappe ca géej ga, ak ñamu géej, muj xéewal ci yéen ñi nekk ci armal. Te nangeen ragal Yàlla, Ma nga xam ne, dees na leen fang jëme ca Moom.

97. Yàlla def na kaaba ga muy néeg bu ñu wormaal, muy lu ñu taxawal ngir nit ñi. Ak àtte weer wa ñu wormaal ak yool ga, ak mala ya ñu ràngal, yooyu yépp [def na ko] ngir ngeen xam ne Yàlla xam na li nekk ci asamaan yi ak suuf si; te it xam na lu ne.(r)

98. Xamleen ne Yàlla Ku tar mbugal la, te it Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

99. Dara warul Yonent bi lu dul jottal. Te Yàlla xam na li ngeen feeñal ak li ngeen di nëbb.

100. Neel : “Lu bon ak lu sell yemuñu, doonte yéem na la barig alal ju araam. Nangeen ragal Yàlla yéen woroom xel yi, ndax xéy-na ngeen texe.

101. Éy yéen ñi gëm ! Buleen di laaj ci yoo xam ne, bu ñu leen ko leeralee, mu nekk lu naqari ci yéen. Te bu ngeen ko laajee ca waxtu wa Alxuraan di wàcc, ñu leeral leen ko. Yàlla jéggal na leen [seen laaj yooyu]. Yàlla Jéggalaakoon la, Ku lewet la.

102. Am na xeet yu leen jiitu yu laajoon lu mel noonu, te ca sababus laaj ya, tax ñu mujj di ay yéefar.

103. Du ut ne Yàlla Moo taxawal Bahiirata , ak Saaniyata , ak Wasiilata ak Haam , waaye yéefar ya ñoo duural Yàlla ay fen te la ëpp ca ñoom xel-luwuñu.

104. Bu ñu leen nee : “Kaayleen ci li Yàlla wàcce ci Yonent bi”, ñu ne : “La ñu fekk ca sunuy maam doy nanu.”. Doonte la sax ! Seeni maam xamuñu dara te gindikuwuñu [dañuy sax ci loolu]... ?

105. Éy yéen ñi gëm ! Sàmmleen seen bopp te yéwénal ko ! Ku réer duleen wàññi dara ndegam gindiku ngeen. Seen delluwaay, yéen ñépp, ca Yàlla la jëm ; mu won leen la ngeen daan def.

106. Éy yéen ñi gëm ! Bu dee dabee kenn ci yéen, na dénkaane te am seede yu nekk ñaar ñu maandu ci yéen, walla ci ñeneen ñu dul yéen,

su fekkee dangeen a nekk ci tukki, tiisu dee dab leen. Taxawal-leen ñoom ñaar, ginnaaw julli, ndegam dangeen a am ci ñoom sikki-sàkka, ñu giñ ci Yàlla ne : "Jaayunu sunu seede ci genn njëg, doonte la dafa jëm ci sunu mbokk, te it nëbbunu lu nu Yàlla seedeloo ndax danuy bokk ci way-bàkkaar ña (su nu ko defee)".(S)

107. Bu ñu xamee ne ñoom ñaar waxuñu dëgg, kon ñeneen ñaar wuutu leen, ñu di ña gën a nekk i jegeñaale [néew ba], ñu giñ ci Yàlla ne : "Sunu seede moo gën a dëggu sunu bos te jalgatiwunu. Nde kon nu bokk ci way-tooñ ña".

108. Loolooy tax ña giñ joxe seede su dëggu ; mbaa ñu ragal ñu dàq seeni seede ginnaaw ba ñu defee seede su [dëng]. Te nangeen ragal Yàlla tey dégg [ndigal]. Yàlla du gindi nit ñu di ay saay-saay [ñu génn ci topp].

109. Bis bu Yàlla dajalee Yonent ya, ne leen : "Lu ñu leen toontu ?" Ñu ne Ko : "Amunu xam-xam : Yaw yaay ki xam kumpa".

110. [Fàttalikul] ba Yàlla nee : «Yaw Iisaa, doomi Maryaama, fàttalikul xéewal ya Ma la defal yaak sa yaay ba Ma la dimbalee boole la ak Ruu gu sell ga [Jibriil]. Ba nga wax ak nit ñi fekk yaa ngi nekk liir ak ba nga nekkee mag mu weesu ndaw. [Fàttalikul it] ba Ma la jàngalee Téere ba ak gis-gis bu ubbiku, ak Tawreet ak Linjiil ! [Fàttalikul it] ba ngay sos ci ban lu ame melow njanaaw ; ci Sama coobare nga ëf ca. Mu nekk njanaaw ci sama coobare. Te ngay wéral ku gumba ak ku gaana, ci Sama coobare. Ak di génne ku dee [ci bàmmeel] ci Sama coobare ak ci li Ma la fegal waa Bani-Israayiil [ñu bañ laa lor] ba nga leen indilee lay yu leer ya. Te ña weddi ca ñoom ne leen : "Nekkul lu dul njibar gu bir".

111. Fàttalikul ba nu xiiree sa taalibe ya [waaraatekat ya], sol ci seeni xol ne leen: "Gëmleen Ma ak Sama Yonent". Ñu ne : "Gëm nanu ; te Nanga seede ne nun way-wommatu lanu [jullit lanu]".

**112**. (fàttalikul) ba waarekat yooyu waxee ne : "Yaw Iisaa, doomi Maryaama, moo ndax sa Boroom mën naa wàcce ci nun [ndën] lu jóge ci asamaan [am ñam] ?". Mu ne leen : "Ragal- leen Yàlla, ndegam gëm ngeen".**(n)**

113. Ñu ne : "Danoo bëgg lekk ci moom [ndën la] ndax sunu xel dal, nu daldi xam ne wax nga dëgg te kon nun dananu seede loolu".

114. Iisaa doomu Maryaama ne : «Yaw sama Boroom, wàcceel ci nun taabal [ndën lu am ñam] mu jóge asamaan, mu nekk ci nun xew-

xewu mbégte, mu ñeel ku jëkk ak ku mujj ci nun, te it muy kéemaan gu tukkee ci Yaw. Defal nu ko : Yaa di gën gi xéewalaakoon buy joxe wërsëg."

115. Yàlla toontu ne : "Maa ngi koy wàcce ci yéen. Waaye ku weddi ci yéen ginnaaw loolu, Dinaa ko mbugale noo xam ne mësuma koo mbugale kenn ci àdduna bi."

116. (Fàttalikul) ba Yàlla nee : «Yaw Iisaa, doomu Maryaama, moo ndax yaw yaa wax nit ñi ne : "Jàppeleen ma, maak sama yaay, nu di ñaari yàlla, beddi Yàlla ?". Mu toontu [moom Iisaa, doomu Maryaama] ne ko : "Tudd naa sag sell ! Yellul ci man may wax lu dul dëgg ! Su fekkee maa ko wax, xam nga ci dara. Ndax Yaw xam nga li nekk ci man, te man xamuma li nekk fi Yaw. Te Yaw yaay Xamaakoonu kumpa yi.

117. Waxumaleen lu dul li nga digle ci loolu, ne leen : "Jaamuleen Yàlla, miy sama Boroom, di seen Boroom". Ma nekk seede ci ñoom, fekk maa nga nekkoon ca seen biir. Ba nga ma yóbboo ci Yaw [jële ma fa], Yaw yaa leen doon fuglu [nemmiku]. Te sax Yaw yaay Aji-seede ci lépp.

118. Boo leen mbugalee, say jaam lañu. Boo leen jéggalee it, Yaw yaa di Aji-not ji, di Ku xereñ [ci say àtte]".

119. Yàlla ne : "Bis niki tey, ña dëgguwoon, seen dëggu ga dana leen jariñ : am nañu Àjjana yoo xam ne ay dex ñooy daw ca seen ron, dañu fay béel ba fàwwu." Yàlla bég na ci ñoom, ñoom it ñu bég ci Yàlla. Loolu mooy texe gu màgg ga tigi.

120. Yàllaa moom nguuru asamaan yi ak suuf si ak li nekk ci seen biir, te Muy ku am kàttan nag ci def lépp [lu ko soob].

Draft

# Saar 6 : Jur ga

## 165 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Cant ñeel na Yàlla mi bind asamaan yeek suuf si, te sos lëndëm yi ak leer yi. Terewul ña weddi ñoom di dendale seen Boroom ak leneen.(S)

2. Moom mooy ki leen bind ci ban ; ba noppi dugal àpp [ci dundu gu ne] ak àpp ba ñu tudd ci Moom [ci jéexug àdduna si]. Ba noppi ngeen di am xel-yaar !

3. Te Mooy Yàlla ci asamaan yeek suuf si. Mooy ki xam seen mbóot yi ngeen di nëbb ak yi ngeen di feeñal te xam it la ngeen di fàggu.

4. Te kat amul lenn ndigal lu leen dikke ca seen Boroom te dëdduwuñu ko.

5. Weddi nañu dëgg ba mu dikkee ca ñoom. Waaye dana leen mas a dikkal xew-xewi la ñu tejji.

6. Moo ndax dañoo xamul ñaata maas Lanu alag ca ña leen jiitu, ñoo xam ne mayoon Nanu leen lu Nu leen mayul [yéen] ? Te dottil woon Nanu asamaan mu taw ca ñoom, waaye defaloon leen ay dex yuy dawaan. Waaye Nu daldi leen alag ngir seeni bàkkaar ; sosaat nag geneen maas wu watle leen ko.

7. Bu Nu la wàcceeloon Téere bu ñu bind ci kayit gu ñu mën a laal ak seeni yoxo sax, du tee ñu weddi ñoom ne : “Lii ag jibar doŋŋ la !”

8. Ba noppi di wax naan : “Lu tee woon ñu wàcce ci moom Malaaka ?”. Waaye bu ñu wàcce woon Malaaka, kon mbir ya sottikoon na ; ndax kenn duleen muñandiku kon.

9. Te sax bu Nu ko defoon muy Malaaka, kon jëmmi nit Lanu koy jox, te kon Nu lëntal ca ñoom la Nu lëntal ci seen bopp.

10. Doon nañu yejji ay Yonent lu jiitu, waaye ña leen doon reetaan, la ñu daan yejji wàcc na ca seen kaw [alag leen].

11. Neel : “Doxleen ci suuf si te ngeen seetlu naka la mujjug way-weddi ña deme”.

12. Neel : “Kan moo moom li nekk ci asamaan yeek suuf si ?”. Neel : “Yàllaa ko moom !” Bind na ci boppam yërmaande. Fàwwu Dana leen dajale Bis-pénc ba : sikkuwul. Ña yàqal seen bopp, ñoom duñu gëm.

13. Moo moom lépp lu ne tekk [dal] ci guddi ak bëccëg. Aji-dégg la, Aji-xam la.(r)

14. Neel : “Moo ndax ci keneen ku dul Yàlla laay sàkku kiiraay, te Moo sàkk asamaan yeek suuf si ? Mooy lele te kenn du ko leel [ñam]. Neel : “Dëggaleef na ma, ma nekk ku jëkk a wommatu”. Te buleen bokk ca way-bokkaale ña.

15. Neel : “Su ma moyee sama Boroom [cig ndigalam], mbugalum bis bu màgg ba [Bis-pénc ba], ragal naa mu dal ma”.

16. Koo xam ne musal nañu ko ca bis booba ci mbugal moo ma, kooka Yàlla yërëm na ko, te loolu mooy texe tigi tigi.

17. Su la Yàlla tegee metit, kenn du mën a teggi lor jooju ku dul Moom. Su la joxee yiw, xamal ne Moom lu nekk la mën.

18. Te Moom Aji-not la ci kaw jaam ñi ; Ku xereñ la [Moom Yàlla], Ku deñ la ci kumpa.

19. Neel : “Ana lan moo gën a màgg ci wàllu seede ?”. Neel : “Yàlla dana nekk seede ci sama diggante ak yéen ; te sol nañu ma Alxuraan jii ngir ma waar ci yéen ak képp ku ca jot.”. Moo ndax dangeen di seede ne am na jeneen yàlla ju dul Yàlla ? Neeleen : “Seedewuma loolu”. Neel: “Moom daal nekkul lu dul jenn Yàlla doŋŋ. Te man set naa wecc ci li ngeen koy bokkaale”.

20. Ña nga xam ne jox Nanu leen Téere, xam nañu ko ni ñu xàmmee seeni doom. Ña yàqal seen bopp duñu gëm de.

21. Ana ku gën a tooñ kuy duural Yàlla aw fen, walla di weddi ay kàddoom ? Tooñkat ya duñu texe de.

22. Ca bis ba ñu leen di fang ñoom ñépp [dajale leen], bu ñuy wax ak ña daan bokkaale, ne leen : “Ana ña ngeen sosoon, bokkaale woon leen ak Yàlla ?

23. Su ko defee, seen njàqare duleen xiir ci leneen lu dul ñuy wax naan : “Giñ nanu ci Yàlla sunu Boroom ne nekkunu woon di way-bokkaale”.

Draft

24. Gisal ni ñuy fenee seen bopp ! Te dana fekk la ñu daan duur réer leen mërr !

25. Am na ci ñoom ñu lay déglu, waaye def Nanu ci seen xol muuraay ba duñu am dégg-dégg ci Alxuraan, te ca seeni nopp, def Nanu ca saañ. Tax na bu ñu gisee laaya, ju mu mën di doon, ne duñu ko gëm. Ba ba ñuy ñëw dàggasanteek yaw, dañuy wax ñoom ñi weddi : "Lii du dara lu dul léebi mag ñu njëkk ña".

26. Te ñoom dañuy tere ku jegeñ Yonent bi, te di ko sori. Waaye alaguñu kenn ku dul seen bopp te bëgguñu ko.(s)

27. Cëy boo leen gisoon, fa ñu leen taxawale ca Safara. Te ñuy wax : "Ngalla nun ! Yelante kon ñu delloo nu àddina, ba dunu weddi kàddug Yàlla sunu Boroom, bokk ca way-gëm ña".

28. Li wér mooy, la ñu doon nëbb, bu jëkkoon feeñ na ca ñoom. Te bu ñu leen delloo woon it, ñu dellu di def la ñu leen tere woon. Ca dëgg-dëgg ñoom ay fenkat lañu.

29. Dañuy wax ne : "Amul geneen dundu gu dul gu àddina bii ; [nun bu nu faatoo] kenn du nu dekkalaat".

30. Cëy boo leen gisoon bu ñu leen taxawale ca seen Boroom. Mu ne leen : "Ndax lii du dëgg ?" Ñu toonte ne : "Axakañ ! Giñ nanu ko ci sunu Boroom !" Mu ne leen : "Léegi nag, mosleen mbugal mi ngeen daan weddi".

31. Ña daan weddi ne dajeek Yàlla am na, yàqule nañu. Su Bis-pénc ba nee xes ci seen kaw nag, ñuy wer-weri naan : "Wooy nun yàqule nanu ndax la nu ca sàggane woon. Ñu boot seen bàkkaar ya, ndaw yen bu bon !

32. Dundug àddina nekkul lu dul po ak i caaxaan. Te kërug àllaaxira moo gën ca ña ragal Yàlla. Moo ndax dungeen xel-lu ?

33. Xam Nanu xéll ne li ñuy wax metti na la lool. Tooñkat ya, du yaw lañuy weddi, waaye kàdduy Yàlla lañu weddi.

34. Weddig ay Yonent yu la jiitu amoom na fi. Ñu muñ loraange ja, ba Nu dikke leen Sunu ndimbal. Kàddug Yàlla du soppiku, te jot nga lenn ca xew-xewi Yonent ya.

35. Ndagam seen dëddu dafa rëy ci yaw, boo mënee sàkk ag tajfal ci biir suuf si, walla ker- keraan ci asamaan yi ba tax nga indil leen kéemaan,

def ko. [Xamal ne] bu neexoon Yàlla, Mu dajale leen cig njub. Kon bul bokk ca ña sànku réer.

**36**. Ñay dégg ñoo lay wuyu. Ña dee, Yàlla Dana leen dekkal ; ñu dellusi ca Moom.**(h)**

37. Te ña ngay wax naan : "Lu tee woon ñu wàcce ci moom kéemaan gu tukke ci Yàlla ?". Neel : "Yàlla ku am kàttan la ci wàcce kéemaan. Waaye li ëpp ci ñoom xamuñu".

38. Amul lenn luy dukkat ci suuf, du caageene luy naawe ñaari laaf, lu dul ne dañoo doon ay xeet [waasoo] ni yéen. Amul lenn lu Nu bàyyi ci Téere bi. [Xamleen ne] dees na leen fang jëme ci seen Boroom, gurgur jiital wëtal.

39. Te ña weddi Sunuy kàddu, dañoo tëx, luu, gumba. Yàlla ku ko soob, mu bàyyi ko cig réeram ; ku Ko soob Mu teg ko ci yoon wu jub wa xocc.

40. Neel : "Waxleen ma : ndax su leen mbugalum Yàlla dalee, walla Bispénc ba na jaseet ci seen kaw, su fekkee li ngeen di woote dëgg la ci yéen, moo ndax kon dangeen fawoo keneen ku moy Yàlla ?"

41. Déedéet, Moom ci boppam ngeen di woo. Mu xar lor ja su ko soobee, ngeen daldi fàtte ya ngeen daan bokkaale.

42. Te yónnee woon Nanu ca xeet ya la jiitu. Nu tegoon leen coonay ñàkk ak i naqar - ndax Yàlla ñu jànge ca toroxlu ! -

43. Su fekkoon ba leen coono dalee toroxlu nañu, sax [nga ne waaw] ? Waaye seeni xol dafa wow, Séytaane daldi leen koy jékkalal ak la jëf ja di ju nu lébbi.

44. Ba ñu fàttee la Nu leen waare woon nag, ubbil Nanu leen buntu [teraanga] bu nekk ; ba ñu bég ca la Nu leen jox, Nu seet seet ne xes ca seen kaw ak sànje bu dootul dog, ñu ne tocc.

45. Dogeef na ginnaawug ña tooñoon. Te nag Yàlla miy Boroom àddina bi rekk a yayoo cant !

46. Waxleen ma : "Bu Yàlla téye woon seenug dégg, ak seenug jis, tëj seeni xol, ana keneen ku dul Yàlla ku leen mën a delloo yooyu ? Gisal ni Yàlla di leerale ay tegtalam ! Ba noppi ñoom ñuy jeng.

47. Waxleen ma : "Ndax bu mbugëlam Yàlla nee xes ci yéen walla muy lu fés, ndax kenn dana ca loru ku dul ña di way-tooñ ?"

48. Dunu yónni ay Yonent lu dul ne ñoom dañuy xuppeek a bégle : ña gëm te sellal, yéwénal, njàqare duleen dal, duñu am naqar.(s)

49. Ña weddi Sunuy kàddu, mbugal dana leen sóor ndax la ñu daan jalgati.

50. Neel: "Dumaleen wax it ne Malaaka laa, li am mooy li ñu ma soloo doŋŋ laay topp.". Neel : "Ndax mënees naa yemale gumba ak njàccaar ? Moo ndax dangeen dul xel-lu ?"

51. Artul ak Alxuraan, ñi ragal, ñu fang leen jëme fa seen Boroom, amuñu leneen kiiraay, du caageene ab rammukat. Ndax xéy-na ñu ragal Yàlla !

52. Bul dàq ñiy jaamu seen Boroom suba ak ngoon ngir bëgg jëmmam [Yàlla]. Dara waru la ci àtte seeni mbir, ñoom it dara waruleen ci àtte say mbir. Ba tax na, boo leen dàqee daldi bokk ca tooñkat ya.

53. Noonu la Nu notee ñenn ci ñoom jaare ko ci ñeneen ca ñoom, ngir ñu wax ne : "Ndax [ña doyadi] ñii la Yàlla xéewale ci nun ?". Moo ndax Yàlla Moo gën a xam ña koy gëram ciy xéewalam ?

54. Ña gëm Sunuy kàddu, bu ñu la dikkalee, neel : "Yal na jàmm wàcc ci yéen ! Yàlla seen Boroom dogal na ci boppam yërmaande. Li am mooy, ku def ci yéen aw ñaawtéef cig ñàkk a xam, ba mu noppee, tuub, rëccu, sellal jëfam ... Yàlla moom Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la".

55. Te noonu Lanuy leeralee tegtal yi ngir fésal yoonu tooñkat yi.

56. Neel : "Man tere nañu ma may jaamu li ngeen di jaamu te du Yàlla". Neel itam : "Duma topp seeni bànneex : ndax su ma ko defee, damay sànku te kon duma bokk ca ñu gindiku ña".

57. Neel : "Man dama nekk ci lu bir [leer nàññ], di lu jóge fa sama Boroom, ngeen weddi ko. Li ngeen di [laaj te di ko] yàkkamti, nekkul ci man. Àpp ba, Yàlla rekk a ko moom : Mooy nettali dëgg te Mooy gën jaa mën a àtte [téqale] ay mbir.

58. Neel : "Bu fekkoon li ngeen di [laaj] di yàkkamti mi ngi ci man, kon mbir ya sottikoon na sama diggante ak yéen." Te Yàllaa gën a xam tooñkat ya.

59. Fa Moom la caabiy kumpa nekk. Kenn xamuleen ku dul Moom. Te xam na li nekk ci jéeri ji ak géej gi. Te amul fenn xob wuy rot te xamu ko. Du caageene wenn fepp wu nekk ci biir lëndëmu suuf si, di lu tooy, di lu wow, ndare du nekk na ci ab téere bu leer nàññ.(r)

60. Moom moo leen di nelawloo guddi, te xam na la ngeen di fàggu ci bëccëg. Topp Mu yee leen ngir àtte dig buñu dogal ba. Topp nag, ngeen dellu ci Moom, Mu biral leen la ngeen doon def..

61. Te Moom mooy Aji-not ja ci kaw jaamam ya. Te Mooy yónni ci yéen ay Malaaka yu leen di wattu. Ba kero bis ba dee di agsi, ba kenn ci yéen sunuy ndaw rey ko, te ñoom sàgganuñu ci dara.

62. Bu loolu jàllee, ñu delloo leen fa Yàlla, kay seen Boroom tigi. Moo ndax du Moo moom àtte ba te Moo gën a gaaw wàññikat yépp.

63. Neel : "Kan moo leen di musal ci lëndëmu jéeri ak gu géej ?" Te ngeen di Ko faral a woo ànd ak toroxlu ak nëbbu, naan : " Cëy Yàlla, boo nu musalee ci lii, kon dey nu bokk ca gërëmkat ya.

64. Neel : "Yàlla moo leen di musal ci loolu, ak njàqare ju mu mën di doon. Ba noppi ngeen di ko bokkaale".

65. Neel : "Moom am na kàttanug yónnee leen mbugal mu leen bawoo ci kaw walla ci seen suufi tànk, mbaa Mu dogal, ci seen biir, juuyoo. Ba ku nekk mos ngaañ la jóge ca moroomam." Gisal ni Nuy leeralee tegtal yi ndax ñoom ñu mën koo dégg ?

66. Say nit weddi nañu te Moom mooy dëgg. Neeleen : "Du maa leen di sàmm.

Draft

67. Xew-xew bu ne am na waxtoon te dangeen mës a xam."

68. Boo gisee aw nit ñuy doyadal Sunuy kàddu, dëdduleen ba bañuy xuus ci weneen waxtaan. Bu la Séytaane fàtteloo ba nga fàtte ko. Saa soo ko fàttalikoo sañatoo toogandoo nag ak aw nit ñu di ay tooñkat.

69. Ñi ragal Yàlla, kenn àtteloowuleen ñooña. Xanaa kay ñu di leen fàttali. Ndax xéy-na ñoom it ñu ragal Yàlla.

70. Bàyyil ña nga xam ne dañoo jàppe seen diine am po ak i caaxaan fii ci àddina. Waarleen ci Alxuraan ndax benn bakkan bañ a yàqule ci sababus la mu doon fàggu, amul lenn kiiraay walla kuy rammu ku dul Yàlla. Te deesu ko nangul mu jotu ak menn jotu. Ñooña, dañoo alku ngir la ñu doon fàggu [ciy ñaawteef]. Naan gu tàng jérr lañuy jolu ak mbugal mu metti, ndax la ñu doon weddi.(s)

71. Neel : "Moo ndax danuy jaamu loo xam ne dunu jariñ, dunu lor, bàyyi Yàlla ? Kon dey nu dellu ginnaaw, te fekk Yàlla gindi nanu ba noppi, mel ni ka nga xam ne Séytaane dakoo réeral ci kaw suuf, muy ku gëlëm, ay àndandoom di ko woo ci njub, naan ko : - "Ñëwal ci nun.".

Neel : “Njubug Yàlla mooy dëggi-dëggi njub. Te am nanu ndigal ci wommatu jëm ci Boroom àddina si,

72. te it ngeen taxawal julli te ragal Ko. Fa Moom kat lañu leen di dajale yéen ñépp”.

73. Moom mooy ki sàkk asamaan yeek suuf si ci dëgg. Ca bis ba Mu nee : “Nekkal !”. Mu daldi nekk, Ay waxam mooy dëgg. Te Moo moom nguur, bis ba ñuy ëf buft bi. Mooy xamaakoonu kumpa ak li fés. Te Mooy ku xereñ ki, deñ ciy kumpa.

74. (Te nga fàttaliku) ba Ibraahiima waxee baayam [Aazar] : “Ndax dangay jël ay xërëm def leen ay yàlla ? Man dey gis naa ne, yaak saw nit, yéen a ngi ci réer gu tar !”

75. Noonu Lanu wonee Ibraahiima moomeelu asamaan yi ak suuf si, ndax mu bokk ca way- wóolu ña.

76. Ba guddi lëndemee ci moom, mu gis benn bidiw, mu daldi ne : “Sama Yàllaa ngi nii !” Waaye, ba bidiw ba suuxee, mu ne : “Man daal soppuma ñiy suux”.

77. Ba mu gisee weer wi mu feq, mu ne : “Sama Yàllaa ngii !”. Waaye, ba mu suuxee, mu ne : “Bu ma sama Boroom gindiwul, fàwwu danaa bokk ca nit ñu réer ña”.

78. Ba mu gisee jant ba fenk, mu ne : “Sama Yàllaa ngii ! Jii moo gën a màgg”. Ba mu suuxee, mu ne : “Yéen samaw nit, man dey deñ naa ba set wecc ci lii ngeen di bokkaale ak Yàlla.

79. Man jébbalu naa ci Ki sos asamaan yeek suuf si ; di ku Ko wéetal, man dey bokkuma ci way-bokkaale ya.”

**80**. Aw nitam dàggasanteek moom ; mu ne leen : “Moo ndax dangeen di dàggasanteek man ci Yàlla, te man gindi Na ma ? Ragaluma li ngeen koy bokkaale lu dul lu Yàlla namm. Xam- xamu sama Boroom peeg na yëf yépp. Moo ndax dangeen dul fàttaliku [xalaat] ?**(n)**

81. Te sax man, naka laay ragale li ngeen Koy bokkaale te yéen ragaluleen ne yéen, yéen a ngi bokkaleek Yàlla yoo xam ne wàcceluñu leen ca aw lay ? Kon ñaari kurél ya [yéen ak nun], ku ci gën a yay ci am kóolute ? (waxleen) dengam xam ngeen.

82. Ña gëm te jaxasewuñu seen ngëm ak tooñeel, ñooña ñoo am kóolute ; te ñoom ñooy ña tegu ci njub”.

83. Loolu mooy Sunu lay wi nu jox Ibraahiima mu yay ca aw nitam. Dananu yékkati ku Nu neex mu kawe. Te sa Boroom Ku xereñ la, Ku xam la.

84. May Nanu ko Isaaqa ak Yanqooba, gindi leen, teg leen cig njub ñoom ñépp. Ak Nooh it, gindi Nanu ko lu jiitu, ak cay sëtam, Daawuda ak Suleymaan, ak Ayuuba ak Yuusufa, ak Muusaa, ak Haaruuna. Te noonu la Nuy feyee ñay rafetal.

85. Ak Zakariyaa ak Yahyaa, ak Iisaa ak Ilyaas, ñoom ñépp ca nit ñu yiw ña lañu bokk.

86. Ak Ismaahiila ak Ilyaas, ak Yunuus, ak Lóot. Te ñoom ñépp defal Nanu leen ngëneel ci kaw waa àddina si.

87. Te ca biir seeni baay ak seeni sët ak seeni mbokk, tànn Nanu leen, jubal leen, teg leen ca yoon bu jub wa.

88. Loolu mooy njubug Yàlla, Dana ci gindi ku Ko neex ciy jaamam. Waaye bu ñu bokkaale woon, fàwwu la ñu daan def [ci lu baax] dana yàqu.

89. Ñooña ñooy ña Nu jox Téere ba ak àtte ya ak Yonent ga. Nit ña, bu ñu weddee yooyu, dana fekk dénkoon Nanu leen aw xeet wu leen weddiwul woon.

Draft

90. Ñooñu la Yàlla gindi : royal seenug njub. Neel : “Laajumaleen ci ag pey”. Dafa fekk rekk ne lii moom ag fàttali la ñeel waa àddina si.

91. Màggaluñu Yàlla kem dayo bi mu yayoo ñu màggale Ko, bu ñu waxee ne : “Yàlla wàccewul dara ci kenn.”. Neel : “Kan moo wàcce Téere bu Muusaa ànd ak leer ak njub ñeel nit ñi ? Ngeen bind ko ciy këyit di ko wone ak di ca nëbb lu bari. Te jàngaleef na leen lu ngeen xamul woon yéen ak seeni baay. Neel : “Yàlla la”. Te nga bàyyi leen ci seen cànkute ga ñuy nuur cim po.(s)

92. Te lii Téere la bu ñu wàcce bu barkeel, buy dëggal la ko jiitu, ak ngir nga waar waa ndeyi njéndi ya [Màkka] ak la ko wër. Ña gëm àllaaxira, danañu ko gëm te ñoom danañu sàmm seeni julli.

93. Ana ku gën a tooñ kuy duural Yàlla ay fen, walla muy wax naan : “Soloo nañu ma”, te fekk soloowuñu ko dara. Ak kuy wax naan : “Danaa wàcce lu mel ni lii Yàlla wàcce.”. Cëy boo gisoon tooñkat ya bis ba ñu nekkee ci wextanu ndee, te Malaaka ya tàllal seeni yoxo (naan leen) : “Génneleen seen bopp. Tey jii, dees na leen feye mbugal

muy toroxale ci sababus la ngeen doon wax ci Yàlla te du dëgg ak la ngeen daan rëy-rëylu tey dëddu ay tegtalam".

94. (Moom Yàlla Mu ne leen) Dikk ngeen di kenn kenn ni Nu leen binde woon cig njalbéen, te bàyyi ci seen ginnaaw la ñu leen wërsëgale woon. Waaw Nun sax gisunu ña ngeen daan jaamu, di ko bokkaale ak Yàlla. Léegi seen digganteek ñoom dog na, te la ngeen doon sos réer na leen.

95. Yàlla mooy xar pepp ak i saal : [génne ca luy sax gàncax walla garab], Mooy génne luy dundu ci lu dee, tey génne lu dee ci luy dundu. Yàllaa ngoogu. Waaw naka lañu leen wëlbatee ?

96. Mooy sos leeraayu suba si, def guddi muy noflaay ; def jant bi ak weer wi ñuy waññikaayu jamono. Loolu mooy nattaleb Aji-not jiy Aji-xam [Yàlla].(r)

97. Moom moo leen defal ay bidiw ngir ngeen di ca gindiku bu ngeen nekkee ci lëndëmi jéeri walla géej gi. Faramfàcce Nanu Téere ba, ngir aw nit ñuy xam !

98. Moom moo leen sose ci benn bakkan. [Ngeen jaar] ci dekkiwaay [ci ndiggu baay] ak saxuwaay [ci biiru yaay]. Leeral Nanu sunuy kéemaan ngir aw nit ñu am dégg-dégg.

99. Moom mooy wàcce ndox mu jóge asamaan. Nu genne ci gàncax lu nekk, Nu génne ci loolu gàncax gu naat, ci loolu Nu génne ci ay pepp yu raŋaloo ; ak ci garabu tàndarma, ay tëggu tàndarma yu jóge ci tóor-tóor yi te jegeñ suuf. Seetluleen seeni meññent bu ñuy meññ ak bu ñuy ñor. Kéemaan guy waaree ngi noonu ci ñi gëm.

100. Te ñoom sàkkal nañu Yàlla ay bokkaale yu di ay jinne te Moo leen bind. Sosal nañu ko it ay doom yu góor ak yu jigéen, ci lu àndul ak benn xam-xam. Cëy sellam ga ak màggam ga ! Jomb Na la ñu koy nirële.

101. Moo bind asamaan yi ak suuf si. Naka lay ame doom, te amul àndandoo ju jigéen ? Moo bind lu nekk, di Ku xam lu ne.

102. Yàllaa ngi noonu, di seen Boroom ! Yàlla ju dul Moom amul, Moom mi bind lépp lu ne. Jaamuleen ko, Mooy kiy saytu lépp.

103. Ay gët mënu koo gis, te Moom mën naa gis ay gët. Te Moom mooy Aji-ñeewant, di Ku deñ ciy kumpa.

104. Ay lay yu leer nàññ dikkal na leen, tukke ca seen Boroom. Ku nangoo gis, boppam la ko defal ; ku gëmm [bañ a gis], boppam lay yàqal, nekkewuma fi di leen wattu.

105. Noona Lanuy faramfàccee Sunuy àtte. Ngir ñu wax ne : “Jàng nga”. Ak ngir Nu leeral ko aw nit ñuy ràññee.

106. Nanga topp la ñu la soloo te muy lu tukkee ca sa Boroom. Kenn du Yàlla ku dul Moom. Dëddul way-bokkaale ya.

107. Bu neexoon Yàlla, duñu bokkaale ! Defunu la [yaw Yonent bi] nga di leen wattu mbaa nga di leen aar.

108. Buleen di ŋàññ ñay jaamu leneen lu dul Yàlla, ndax kon dañuy ŋàññ Yàlla cig jalgati, ngir ñàkk a xam. Noonu Lanuy rafetale jëfi wépp xeet [ci seeni gis-gis]. Ba noppi, ñu dellu jëm ca seen Boroom; Mu leeral leen la ñu nekkoon di ko def.

109. Ñangay waat ci Yàlla gën gaa màggi seen ngiñ, ne bu leen kéemaan dikkaloon, kon fàwwu danañu ko gëm.

110. Te Dananu wëlbati seeni xol ak seeni gis-gis ca nawoon, ba ñu ko ñàkkee gëm ca njalbéen ga ; te Dananu leen bàyyi ca seenug féttéerlu ñuy tuñ-tuñi.

Draft

**111**. Te su Nu wàcce woon ci ñoom ay Malaaka, ñu dee ña di wax ak ñoom, te Nu dajale ci ñoom lu nekk ñu jàkkaarlook ñoom, duñu gëm mukk bu neexul Yàlla. Waaye nag, la ëpp ca ñoom dañoo réer.**(h)**

112. Noonu Lanu sàkkalee bépp Yonent ab noon : muy ay séytaane yu nekk nit walla jinne yuy rafetal ay wax ci ñenn ci ñoom jëme ca ñeneen ngir wor leen. Bu neexoon sa Boroom, duñu ko def ; bàyyileen ak la ñuy duur.

113. Ak ngir xoli ñi gëmul àllaaxira jeng ci wax jooju jóge ca, ak ñu fàggu la ñuy fàggu [ciy bàkkaar].

114. Moo ndax ci keneen ku dul Yàlla laay sàkku àttekat, te Moom moo wàcce ci yéen Téere ba faramfàcce [lu ne] ? Te ña nga xam ne joxoon Nanu leen Téere, xam nañu ne dëgg la te mu wàcc tukkee ca sa Boroom. Kon yaw ci sa wàllu bopp, bul bokk mukk ci ñiy sikki-sàkka.

115. Sa kàddug Boroom mat na ci dëgg ak maandute. Ay waxam du soppeeku. Kuy dégg la, di Ku xam.

116. Boo toppee li ëpp ci ñi nekk ci suuf si, ñu sànk la, nga sori yoonu Yàlla : ndax toppuñu lu dul ay njortu te nekkewuñu lu dul di fen.

117. Te sa Boroom Moo gën a xam ku réere aw yoonam, te Moo gën a xam it ña tegu ci njub gindiku.

118. Lekkleen la nga xam ne tuddeef na ca turu Yàlla [ba ñu koy rendi], ndegam gëm ngeen ay kàddoom.

119. Lu leen nekkal ci bañ lekk loo xam ne tudd nañu ca turu Yàlla ? Moom leeral na leen la araam ci yéen, gannaaw bu fekkee mën ngeen a loru [ngir bañ a am lenn lu ngeen lekk]. Waaye ñu bari dañuy réer ngir topp seeni bànneex cig ñàkk a xam. Sa Boroom moo gën a xam way-jéggi dayo ña.

120. Nangeen bàyyi bàkkaar bu fés ak bu nëbbu, ñiy fàggu bàkkaar dees na leen fey la ñu fàggu woon.(s)

121. Buleen lekk loo xam ne tudduñu ca turu Yàlla, loolu génn topp la [caay-caay]. Te Séytaane mooy xiir aw nitam ñuy dàggasanteek yéen. Te bu ngeen leen toppee, daldi ñibbi ca way-bokkaale ya.

122. Moo ndax ka nekkoon ku dee [yéefar], Nu dundal ko [gëmloo ko], jox ko leer gu muy leerloo buy dox ci biir nit ñi, dana nirook ka nga xam ne misaalam mooy dafa nekk cig lëndëm gu mu dul génn ? Noonu la yéefar yi di rafetloo la ñu doon def.

123. Naka noonu, Lanu defe ci bépp dëkk ay kilifa ca ña dàq a tooñ ngir ñu fay nas ay pexe. Te pexe ya, dara duleen ca moy te yëguñu ko.

124. Te ñoom, saa su leen laaya dikkalee, ñuy wax naan : “Nun dunu gëm ba mbete nu indil nu lu mel ni la ñu joxoon Yonent Yàlla ya”. Yàllaa gën a xam fa Muy wàcce la Muy yónnee. Bàkkaarkat yi, toroxte dal na leen tukke fa Yàlla ak mbugal mu tar ngir pexe [yu bon ya ñu daan nas].

125. Ku Yàlla bëgg a jubal, dafay ubbi xolam ci Lislaam. Ku Mu bëgg a bàyyi cig réeram, day bàyyi xolam nekk cig xat gu tar ba mel ni day yéeg jëm kaw asamaan. Noonu la Yàlla di tege mbugal ña gëmul.

126. Lile mooy sa yoonu Boroom wu jub xocc wa. Leeralal Nanu Sunuy tegtal nit ñuy fàttaliku [seen Boroom].

127. Am nañu kërug jàmm fa seen Boroom. Moom moo di Seen soppe ngir la ñu daan def [ci lu baax].(r)

128. Bis ba Mu leen di dajale [Yàlla] ñoom ñépp, di leen wax ne : «Éy yéen mboolooy jinne yi, baril ngeen seeni jëf ci nit ñi". Nit ña ñu méngool ne : «Sunu Boroom, lenn ci nun, daanañu sàkku xéewlu ca ñeneen ña, te agsi nañu ca àpp ba Nga nu àppaloon.". Mu ne leen : "Safaraay seen dëkkuwaay, te dangeen fay sax dàkk, lu dul la soob Yàlla.". Sa Boroom dey Ku xereñ, Ku xam la.

129. Noonu Lanuy feeñale kiliftéefu yenn tooñkat ya ca kaw ñeneen ña ngir la ñu nekkoon di ko fàggu.

130. [Mu ne leen] Éy yéen mbooloom jinne yi ak nit ñi ndax ay Yonent dafa leen a dikkalul woon, feeñ ci seen biir, di leen nettali Samay ndigal ci doon leen waar ci ndajem seen Bis bii ? Ñu toontu ne : "Seede nanu loolu mu nekk ci sunu kaw.". Dundug àddina wor na leen ; seeni seede dal ci seen kaw, saxal ne ñoom ay yéefar lañu woon.

131. Loolu dafay tegtale ne sa Boroom du alag ab dëkk cig tooñeel ndare dafa yónni ndaw ñu lànk koo topp.

132. Ñoom ñépp danañu am pey gu méngook la ñu jëfoon. Sa Boroom ñàkkul paal ca la ñuy jëf.

133. Sa Boroom Ku woomal la, boroom yërmaande la. Bu ko neexoon, mu jële leen fi, wuutale ci seen ginnaaw la Ko soob, ni Mu leen sose woon ngeen di ay sëti ñeneen.

134. Li ñu leen dig luy ñëw la. Te dungeen mën a raw.

135. Neel : «Yéen samaw nit ! Jëfleen ci seeni mbir ; man dey aji-jëf laa. Dangeen mas a xami kan moo moom kër gu mujj ga.". Ak lu mën a xew, tooñkat ya ñoom duñu texe.(s)

136. Dañuy sédd Yàlla li Mu bind ci mbey ak ci jur gi, ab cér daldi wax ne : "Lii mooy wàllu Yàlla - ci seeni njortu ! - lii mooy wàllu li nu koy bokkaale.". Te la ñu sédd ñii, du agsi ca Yàlla, waaye la ñu sédd Yàlla, dana agsi ca ñañu koy bokkaaleel. Na ñuy àttee ñaaw na !

137. Noonu la seen xërëm yooyu rafetale, ca ñu bari ca way-bokkaale ya, rey seeni doom, ngir alag leen, lëntal seen diine. Bu neexoon Yàlla, duñu ko def. Waaye bàyyileen ak la ñuy duur.

138. Ñu naan : "Jur gi ak mbey mi araam na : kenn du ci lekk ku dul ku Nu neex.". - ci seeni njort ! - Ak jur goo xam ne seen ginnaaw araam na, ak yoo xam ne duñu tuddu Yàlla ci ñoom, lu dul di ko duural, Dana leen fey la ñu nekkoon di ko duur.

139. Ñu naan : “Li nekk ci biir jur gi dagan na ci sunuy góor waaye araam na ci sunuy jabar [jigéen ñi].”. Waay, bu dee lu médd, góor ak jigéen ñoo ci yem. Dana leen fey seeni duur, Moom dey [Yàlla] Ku xereñ la, Ku xam la.

140. Ña rey seeni doom cig réer ngir ñàkk a xam, yàqule nañu booleek di araamal la leen Yàlla wërsëgal, lépp tegu ci kaw duural Yàlla. Ñoom réer nañu ba sànku te dootuñu gindiku.(n)

141. Moom Yàlla Moo sos ay tooli gàncax guy law ci suuf si ak yuy jóg taxaw ; ak garabi tàndarma ak mbey yu meññeent ya wuute ; ak oliw ak garanaat yu niroo ak yu niroowul. Lekkleen seeni doom bu ñoree ; te nangeen génne asaka ja bis ba ngeen di watt [ngóob]. Te buleen yàq ndax Moom [Yàlla] safoowul yàqkat ya.

142. Am na ci jur gi yu mën a sëf, ak yu nekk i gëtt; lekkleen ci li leen Yàlla di wërsëgale, te buleen topp jeegoy Séytaane, moom Séytaane seenub noon la bu bir.

143. Sàkk na juróom-ñett yu nekk i ñaar-ñaar : ci xar yu góor ak jigéen, ci bëy yi ñaar... Neel : “Ndax ñaar ñu góor ñi ñoo araam walla ñaar ñu jigéen ñi walla la ëmbe ci biir ñaar yu jigéen ñi ? Waxleen ma ci xam-xam ndegam aw nit ngeen” ;

144....am na ci gëléem yi ñaar, ak ci nag yi ñaar... Neel : “Ndax ñaar ñu góor ñi ñoo araam walla ñaar ñu jigéen ñi, walla la ëmbe ca biir ñaar ñu jigéen ña ? Am dangeen a nekkoon di ay seede ca la leen Yàlla dénku ci yooyu ?”. Ana kan moo gën a tooñ kuy duural Yàlla ay fen ngir mën a réeral nit ñi ci lu àndul ak xam-xam ? Yàlla du gindi nit ña di ay tooñkat.

145. Neel : “Man dey gisuma, ci li ñu ma soloo, lu araam ci ñam wu ñuy lekk lu dul mu nekk médd walla deret yuy tuuru, walla yàppu mbaam-xuux - ndax sobe la - walla la ñu tuddu [ba ñu koy rey] keneen ku dul Yàlla cig génn topp.”. Waaye koo xam ne dafa loru, te di ku bew, walla muy ku jéggi dayo ca loola, Sa Boroom Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.(s)

146. Dogaloon Nanu ca ña nekk Yahuud, ne araam na ci ñoom lépp luy boroom we te it araam na ca ñoom nebbonu nag ya ak gàtt ya, lu dul bu tegu ci seen ginnaaw, walla bu nekk ca seen mbàq, walla bu jaxasook yax ya. Noonu Lanu leen feye seen bew ga te Nun ñu dëggu Lanu.

147. Bu ñu la weddee, neel : “Seen Boroom dey Ku am yërmaande ju yaatu la, waaye mbugalam ma jëm ca saay-saay sa dara mënukoo feg”.

148. Ñay bokkaale danañu wax ne : “Bu neexoon Yàlla, dunu bokkaale, sunuy baay it kon duñu bokkaale te dunu araamal dara, wat ci watiit !”. Noonu doŋŋ la ña leen jiitu woon doon weddee ba Sa mbugal ne xees ci seen kaw. Neel : “Ndax am ngeen xam-xam bu ngeen nu mën a génneel ? Yéen daal toppuleen lu moy ay njort te nekkuleen ci lu moy di fen”.

149. Neel : “Lii, wommatug Yàlla la, Moo ko moom. Bu ko sooboon, Mu jubal leen yéen ñépp.

150. Neel : “Indileen seeni seede yu mën a seede ne lii Yàlla dakoo araamal.”. Bu ñu ko seedee, yaw bu ca ànd ak ñoom, bul topp bànneexi ñay weddi sunuy ndigal ak ña gëmul àllaaxira, te ñoom dañuy ñaawal seen digganteek seen Boroom.

151. Neel : “Kaayleen ma taril leen li Yàlla araamal ci yéen : mooy buleen ko bokkaaleek dara ; te nangeen di rafetal jëme ci seeni waajur. Te buleen rey seeni doom ngir ragal ñàkk. Ndax Nun [Yàlla], Noo leen di wërsërgal yéen, di leen wërsëgal ñoom it. Te buleen jegeñ njaaloo ca la cay feeñ ak la cay nëbbu. Te buleen rey bakkan bi Yàlla wormaal lu dul ci dëgg. Loolu la leen ci dénk ; ndax Yàlla ngeen xel-lu.(r)

152. Buleen jegeñ [laal] alali jirim ci lu dul na mu gën a rafete, ba bamuy mën a lijjanti boppam. Te nangeen di matal natt ak peese cig maandute. Nun [Yàlla] dunu teg bakkan lu dul lu mu àttan. Bu ngeen di dox [ca la ngeen di àtte], nangeen ko defe ci maandute, doonte la sax seen mbokk ngeen di àtte. Nangeen matal it kóllereg Yàlla. Loolu la leen ci Yàlla dénk. Ndax ngeen di fàttaliku.

153. “Te lii nag moo di Sama yoon wu jub xocc wa, toppleen ko ; te buleen topp ñall yi, kon ñu teqale leen ak samaw yoon.”. Loolu la leen ci Yàlla dénku. Ndax Yàlla ngeen [di fegu] ragal Yàlla.

154. Ba noppi ñu jox Muusaa Téere ba, ngir matal xéewal ci ku rafetal, ak ug faramfàcce ci mbir yépp, di njub, di yërmaande. Ndax Yàlla ñoom ñu gëm ne danañu dajeek seen Boroom.

155. Te Téere bii wàcce Nanu ko, barkeel ko - toppleen ko, te ngeen ragal (Yàlla) ndax Yàlla amaana yërëmees leen -

156. ndax it ngeen bañ a wax ne : “Ab Téere wàcceluñu ko kenn ku dul ñaari kurél ya [Yahuud ya ak Nasraan ya] ca ña nu jiitu, te nun seenug njàngale umpu nanu.

157. Walla ngeen di wax naan : “Bu fekkoon ne ci nun lañu wàcce Téere ba, kon noo leen di gën a gindiku.”. Ag leeral dikkal na leen, jóge fa seen Boroom, di njub ak yërmaande. Ana kan moo gën a tooñ kuy dummóoyu kàdduy Yàlla te weddi leen ? Dananu feye, ñay dëddu Sunuy kàddu, gën jaa suufe [bon] mbugal ngir seenug dëddu.

158. Moo ndax dañuy xaar ba Malaaka ya dikk fa ñoom? Walla sa Boroom agsi ? Walla lenn ci sa kéemaani Boroom dikk ? Bis ba lenn ci sa kéemaani Boroom dikkee, bàjjo bu gëmul woon lu jiitu, di door a gëm, du ko jariñ dara de, walla ku sàkkuwul wenn yiw it, ngëmam du ko jariñ dara. Neel : “Xaarleen !”. Nun it Noo ngi xaar.(S)

159. Ña nga xam ne dañoo xàjjale seen diine ba mu nekk ay pàcc-pàcc, bokkulook ñoom dara : seeni mbir ci Yàlla doŋŋ la nekk. Te Dana leen biral la ñu nekkoon di ko def.

160. Ku def u yiw, am yool bu tollu ni fukki yooni yiw wa ; ku def ñaawtéef am bàkkaar bu tollu ni ñaawtéef wa. Te kenn duleen tooñ [ci yokkal mbaa wàññil leen ci dara].

161. Neel : “Sama Boroom gindi na ma teg ma ca yoon wu jub wa, di diine ju jub, di diiney Ibraahiima ma wéetal Boroomam te bokkuloon ca way-bokkaale ña.

162. Neel : “Samag julli, samag jaamu, samag dund ak samag dee, Yàlla Boroom àddina bee leen moom.

163. Amul bokkaale ! Te loolu lañu ma digal, te nekk naa di ku jiitu ca way-wommatu ña [jullit ña].”

164. Neel : “Ndax damay sàkku beneen boroom bu dul Yàlla, te Moom Mooy Boroom lépp lu ne ? Bakkan bu nekk, la mu fàggu ca moom doŋŋ lay delluwaat : kenn du yenul keneen yenam. Te ca seen Boroom ngeen di dellu Mu biral leen la ngeen nekkoon di ca juuyoo.

165. Moom Moo leen def ngeen di ay kuutaay ci suuf si, Mu yékkati lenn ci yéen ci kaw ñeneen ña, [Dakoy def] ngir nattu leen ca la Mu leen jox. Sa Boroom nag Ku gaaw ci mbugal la, te it Moom Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

Draft

# Saar 7 : Dig wa

## 206 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

**1**. Alif, Laam, Miim, Saad.**(h)**

2. Ab Téeree ngi, bu ñu wàcce ci yaw ; ngir nga waare ca, ak mu nekk ag fàttali ci way-gëm ña ; bu wenn tiis nekk ci sa xol ngir loolu.

3. Toppleen li ñu wàcce ci yéen mu jóge ca seen Boroom. Buleen ko bàyyi di topp ay xërëm. Néew ngeen xalaat.

4. Bariwaana dëkk bu Nu alag ! Sunu mbugal agsi fa ci guddi walla ci bëccëg.

5. Te seeni njàmbat nekkul, ba leen mbugal ma saddee, lu dul : "Nun ay tooñkat lanu woon".

6. Fàwwu Dananu laaj ña Nu yónni ca ñoom [nit ña], fàwwu it Dananu laaj ña Nu yónni woon [Yonent ya].

7. Te Dananu leen nettali ji [ci loolu] ci xam-xam bu wér ndaxte fekke woon Nanu lépp !

8. Booba bis, peese bu dëggu lay doon. Ña seen peese diis ak u yiw... Ñoom ñooy ñu texe ña !

9. Ña seen peese woyof nag ... Ñooy ña yàqal seen bopp ngir ñàkk a faale Sunuy kàddu te doonoon ñu daan tooñ.

10. Defal Nanu leen ag jàppandal ci suuf si, defal leen ca lu ngeen dunde. Te seenug cant néew na !

11. Bind Nanu leen, jox leen i melo, ba noppi Nu wax Malaaka ya : "Sujjóotal-leen Aadama.". Ñoom ñépp a sujjoot, ba mu des Ibliis, moom bokkul ca ña sujjóot.

12. [Yàlla] ne ko : "Lan moo la tee sujjóot ba Ma la ko digalee ?". Mu ne : "Maa ko gën : ndax Danga ma bind ci Safara, moom Nga bind ko ci ban".

13. [Yàlla] ne ko : “Wàccal jóge fi, yaw waroo fi rëy-rëylu. Génnal, torox nga.”

14. Ibliis ne Ko : Muñal ma ba bisu dekki ba.”

15. [Yàlla] ne ko : “Bokk nga ca ña Nuy muñandiku.”

16. Ibliis daldi ne : “Giñ naa ne beewloo gi Nga ma teg, danaa leen rékki ci sa yoon wu jub wi,

17. bu ko defee, ma songe leen ci seen kanam ak ci seen ginnaaw, seen ndeyjoor ak ci seen càmmoñ ba lu ëpp ci ñoom duñu la sant.”

18. Yàlla ne ko : “Génnal”, di ku ñu detteel, di ku ñu dàq. “Ku la ca toppati ci ñoom... fàwwu Danaa feesale Safara ci yéen ñépp [yaak ñoom]”.

19. “Te yaw Aadama, dëkkal yaak sa soxna, Àjjana ; lekkleen yéen ñaar fu leen fi neex ; waaye buleen jegeñ garab gii ; su amee, ngeen tooñ.”

20. Séytaane jax-jaxal leen ngir mu feeñal ca ñoom ñaar la Nu leen nëbboon - ci seen cër - mu ne leen : “Seen Boroom terewuleen ngeen jegeñ garab gii lu dul ne Dafa bañ ngeen nekk ñaari Malaaka walla ngeen bokk ca ñay dund fàwwu [duñu dee] !”.

21. Mu waatal leen, ne leen : “Man dey damaa bokk rekk ci ñi leen di laabire”.(S)

Draft

22. Mu tegtal leen cig wor. Ba ñu mosee ñoom ñaar garab ga, la seen pëy daldi feeñ ; ñuy witt di tafoo ay xob ca Àjjana. Seen Boroom woo leen, ne leen : “Ndax terewuma leen woon garab gii ? Te it wax leen ne Séytaane seenug noon tigi la ?”

23. [Aadama ak Awa] daldi ne : “Sunu Boroom, tooñ nanu sunu bopp. Soo nu baalul, yërëm nu, kon dananu bokk ca ñu yàqule ña”.

24. Mu ne leen : “Wàccleen, ku ci nekk di noonu ka ca des. Suuf si, am ngeen fay dëkkuwaay ak i xéewal ab diir.”

25. “Fa ngeen di dunde, fa ngeen di faatoo, fa lañu leen di génnee [ngeen dekkiwaat].”

26. Yéen doomi-aadama ! Wàcceel Nanu leen koddaay lu ngeen di muure seeni pëy ak i takkaay. -Waaye koddaayul ragal Yàlla moo gën de. - Loolu bokk na ci kéemaani Yàlla yi. Ndax Yàlla ñuy fàttaliku [seen Boroom].

27. Yéen doomi-aadama ! Buleen Séytaane sànke ni mu génne woon seen ñaari maam ya Àjjana, muri seeni koddaay ngir won leen seeni pëy. Moom mi ngi leen di gis, moom ak njabootam, te yéen mënuleen a gis fa ñu nekk. Nun def Nanu Séytaane ya ñu lëkkaloo ak ñi gëmul,

28. bu ñu defee ñaawtéef, dañuy wax ne : "Danoo fekk sunuy maam di ko def, te Yàllaa nu ko digal." Neel : "Yàlla du digle ñaawtéef. Moo ndax dangeen di waxal Yàlla lu ngeen xamul ?"

29. Neel : "Yàlla Dafa digle maandute. Nangeen di jublu ci jàkka yépp te nangeen ko jaamu, di sellal ngir Moom [Yàlla]. Dangeen dellu ca Moom, na Mu leen sose woon cag njalbéen".

30. Am na kurél bu gindiku, waaye am na ab kurél bu ab réer wàkk na leen, ñoom dañoo féeteek Séytaane bàyyi Yàlla te defe ne cig njub lañu nekk !

31. Éy yéen doomi-aadama, [jépp jàkka ju ngeen jëmati] nangeen di waaj ba jekk [ak yére yu rafet]. Te nangeen di lekk di naan ; te buleen di yàq, ndax Yàlla soppul yàqkat yi.

32. Neel : "Ana kan mooy digle ne taari Yàlla, yi Mu génneel ay jaamam, araam nañu, ak xéewal yu sell yi ?". Neel : "Yooyu, ñi gëm ci àddina bi, ñoo koy moom, ñoom doŋŋ te bu àllaaxiraa.". Noonu la Nuy leeralee Sunuy tegtal ci nit ñuy xam.

33. Neel : "Sama Boroom araamalul lu dul ñaawtéef yi, la ca feeñ ak la ca nëbbu ak bàkkaar, ak bew guy jalgati dëgg, ak di Ko bokkaaleek loo xam ne wenn lay wàccewu ca, ak ngeen di wax ci Yàlla lu ngeen xamul. [Yooyu ñoo araam]".

34. Xeet wu nekk am na àpp. Bu àpp ba agsee, duñu yées senn saa te it duñu ko jiitu.

35. Éy yéen doomi-aadama yi ! Amaana ay Yonent yu bokk ci yéen dikkal leen, di leen nettali sunuy tegtal, (nangeen xam ne) képp ku ragal na Yàlla tey yéwénal, du am tiitaange te du jàq.

36. Gaa ña nga xam ne dañoo weddi Sunuy tegtal, rëy-rëylu, dëddu ko, ñooñee ñooy waa Safara, te dañu fay béel.

37. Ana kan moo gën a tooñ kuy duural Yàlla ay fen walla muy weddi ay tegtalam ? Ñoom dey, danañu jot seen wàll wi Nu dogal ci ñoom ; ba kero bu leen Sunuy ndaw dikkale, naan len : "Ana ña ngeen daan

jaamu bàyyi Yàlla ?” - Ñu toontu ne : “Réer nañu nu”. Daldi seede ne ñoom ay yéefar lañu.

38. Mu ne leen : “Dugguleen fekki xeet ya leen jiitu woon, di ay nit ak i jinne ca Safara sa.”. Xeet wu ca dugg rekk, tàmbalee rëbb moroom ja. Ba ñépp yembee, ña jiitu ak ña mujj ku nekk naan : “Ñii noo nu sànkkoon : kon nag Yàlla, fulal mbugal ma ci seen kaw.”. Yàlla ne leen : “Yéen ñépp laay ful seen mbugal, waaye xamuleen”.

39. Ña fa jiitu ñoom di wax ña mujj a agsi, naan leen : “Yéen ñii daal, gënewuleen nu lenn. Kon mosleen [toqamtiku] mbugal mi ngir la ngeen fàggu woon ciy bàkkaar”.(s)

40. Ña weddi Sunuy tegtal, rëy-rëylu ba dëddu leen, Deefuleen ubbil wunti asamaan si, te duñu dugg Àjjana li feek gëléem duggul ci bën-bënu puso. Te noonu Lanuy feye saay-saay si.

41. Am nañu laltaayu Safara ak mbalaanum [Safara]. Noonu Lanuy feye tooñkat ya.

42. Ña gëm te jëf u yiw - Te kat Dunu teg bakkan lu dul lu mu àttan - ñooña ñooy waa Àjjana : te dañu fay béel.

Draft

43. Te Danuy rocci la nekkoon ca seeni dënn cig noonoo, dex ya dañuy daw-dawaan ca seen ron, ñuy wax naan : “Sant nanu Yàlla, Moom Mi nu indi ci lii. Te mënunu woon a gindi mukk sunu bopp, su fekkoon ne Yàlla gindiwunu. Sunu Boroom, ay Yonentam indi woon nañu dëgg.”. Ñu woo leen, ne leen : “Àjjana jii donolees na leen ko ngir la ngeen daan def [ci lu baax]”.

44. Waa Àjjana woo waa Safara, ne leen : “Nun dey, gis nanu la nu sunu Boroom digoon muy dëgg. Moo ndax yéen fekk ngeen li leen seen Boroom digoon muy dëgg ?”. Ñu toontu ne : “Waaw”. Mu am wootekat bu daldi woote ne : rëbbum Yàlla dal na ca tooñkat ya,

45. ñoom ñay féewale [nit ñi] ak diiney Yàlla ji, di doxe doxiin wu jeng, te ñoom dañoo weddi àllaaxira.”

46. Dox na ca seen diggante [waa Àjjana] kiiraay, nekk na ca kaw (dig) wa aw nit ñoo xam ne danañu leen xàmmee ñoom ñépp ca seen màndarga ya. Ñu woo waa Àjjana, ne leen : “Yal na jàmm nekk ci yéen !”. Ñoom duñu dugg Àjjana te xemmem nañu ko.

**47**. Saa su seeni gët jubloo ca waa Safara, ñu ne : “Sunu Boroom, Yàlla boo nu boole ak nit ñu di ay tooñkat”.**(n)**

48. Ña nekk ca dig wa tuddu [Al-Lahraaf] woo ay nit ñu ñu xàmmee ngir seeni màndarga, ne leen : “Waa kon alal ja ngeen daan dajale ak la leen taxoon a rëy-rëylu, amaluñuleen benn njariñ !

49. Moo ndax ñii du ña ngeen giñoon ne Yàlla duleen dugal ci yërmaande... ? - Dugguleen ci Àjjana ! Te buleen am njàqare, te buleen am naqar.

50. Waa Safara woo waa Àjjana ne leen : “Bëbël-leen ci nun lenn ci ndox mi, walla ci li leen Yàlla wërsëgale.” Ñu toontu ne : “Yàlla dogal na ne [xéewal yii] araam na ci yéefar yi”.

51. Ña nga xam ne dañoo jàppe seen diine po ak i caaxaan, te dundug àddina nax leen. Tey Dananu leen fàtte na ñu fàttee woon ndajem tey jii, ak la ñu weddi woon Sunuy kàddu.

52. Te wóor na ne joxoon nanu leen ab Téere, bu Nu faramfàcce mu neex a dégg, muy njub ak yërmaande ngir nit ñu gëm.

53. Moo ndax dañuy xaar ba lu ko firndéel agsi ? Ña ko fàtte woon, la ko jiitu, danañu wax ne : “Yonenti sunu Boroom indi woon nañu dëgg. Moo ndax dananu amatiy rammukat yu nuy rammu ? Walla ñu delloo nu [àddina] nu def fa lu gën a rafet la nu fa daan def ?”. Yàqal nañu jeeg seen bopp ; te la ñu daan duur réer na leen.

54. Seen Boroom nag mooy ki bind asamaan yeek suuf si ci juróom-benni fan, ba noppi Mu jublu ca Gàngunaay ga. Dana muure guddi ak bëccëg Mu toftale ko bu gaaw. Te jant bi ak weer wi ak bindiw, yu ñu tàggat lañu ci ndigalam. Moo ndax du Moo moom bind gi ak dogal yi? Yàlla Boroom àddina si, Ku barkeel la !

55. Ñaanleen seen Boroom ci toroxlu ak ci yelu. Moom nag soppul ñiy jéggi dayo.

56. Buleen di yàq ci suuf si ginnaaw ba ñu ko yéwénalee. Te nangeen di ñaan ànd ak ragal ak yaakaar, yërmaandey Yàlla nag lu jegeñ rafetalkat yi la.

57. Moo moom kiy yabal ngelaw yi ñuy tasaaroo lu jiitu. Ba bu ñu yanoo niir yu diis, ñu nàndal ci réew mu bekkoor, Nu wàccee ca ndox, génne ca bépp xeetu doomu gàncax [meññent]. Noonu lañuy génnee ñi dee [bu ñu leen di dekkal] ndax xéy-na ngeen fàttaliku.(S)

58. Te dëkk bu [suuf sa baax], gàncaxam dana génn ci coobare Boroomam ; ña [seen suuf] bon, du génne lu dul lu bon. Noonu Lanuy leerale tegtal yi ngir nit ñuy gërëm [seen Boroom].

59. Yónni woon Nanu [Nooh] ci aw nitam. Mu ne leen : “Yéen samay mbokk, nangeen jaamu Yàlla. Amuleen jeneen Yàlla ju dul Moom. Man dey, ragal naa ci yéen mbugalum bis bu màgg”.

60. Mbooloo ma, ca aw nitam [kilifa ya], toontu ko ne : “Gis nanu ne yaa ngi ci réer gu tar”.

61. Mu ne : «Man nekkuma ci ag réer ; Waaye man kat ab Yonentub Yàlla, miy Boroom àddina si, laa.

62. Dama leen di jottali sama bataaxalub Boroom, te dama leen di laabire, te xam naa ci Yàlla lu ngeen xamul.

63. Moo ndax dafa leen a jaaxal, ay kàdduy waare dikkal leen tukkee ca seen Boroom, jaare ci góor gu bokk ci yéen, ngir mu artu leen ngeen ragal Yàlla, ndax xéy-na yërëmeef leen ?”

64. Ñu weddi ko. Nu musal ko, moom ak ña nekkoon ak moom ca gaal ga, Nu labal ña weddi samay kàddu. Ñooña, aw nitam ñu gumba lañu woon.

65. [Yónni woon Nanu it] ca waa [Haad], seen mbokk [Huud], mu ne leen : «Yéen samay mbokk, jaamuleen Yàlla. Amuleen jeneen Yàlla ju dul Moom. Moo ndax dangeen dul ragal Yàlla ?”

Draft

66. Mbooloo ma weddi, ca aw nitam, wax ne : “Nun gis nanu la nga nekk ci ag ndof, te nun sax far nanu jort ne yaw ci fenkat yi nga bokk”.

67. Mu ne : “Yéen samay mbokk, ag ndof nekkul ci man de ; waaye li wér moo di ne man ab Yonent laa, [ndaw] lu bawoo fa Yàlla Boroom àddina si.

68. Dama leen di jottali bataaxalub sama Boroom te man dama nekk ci yéen aji-laabir ju wóor.

69. Moo ndax dafa leen yéem, waare dikkal leen tukke ci seen Boroom, jaare ci góor gu bokk ci yéen ngir mu artu leen? Fàttalikuleen ginnaaw ba Mu leen defee ngeen di kuutaay ginnaaw nitu Nooh, te Mu yokk seeni jëmm, dolli seeni kàttan. Fàttalikuleen xéewali Yàlla yi ndax xéy-na yéen ngeen texe.(r)

70. Ñu wax ne : “Ndax danga noo dikkal ngir nu jaamu Yàlla moom doŋŋ, te bàyyi li sunu maam ya daan jaamu ? Indil nu li nga nu daan tëkkoo, ndegam ku dëggu nga”.

71. Mu toontu ne : “Nekk na lu leen dëddale tukke ca seen Boroom, mbugal ak mer. Moo ndax dangeen di dàggasanteek man ciy tur yu ngeen sos yéen ak seeni maam, te Yàlla wàccewu ca wenn lay ? Man maa ngi nekk ak yéen di bokk ca way-muñandiku ña.

72. Nu musal ko moom ak ña ànd ak moom, ci Sama yërmaande, Nu daldi faagaagal nag ña jàppe Sunuy laaya ay fen te gëmuñu.

73. Yónni woon Nanu it ca waa Tamuud, seen mbokk Saalihu, mu ne : “Yéen samay mbokk, nangeen jaamu Yàlla ndax amuleen jeneen yàlla ju dul Moom. Ay lay yu leer nàññ dikkal na leen, tukke ca seen Boroom : gëléem gu jigéen la, di mbindéefum Yàlla, di kéemaan ci yéen. Bàyyileen ko muy lekk ci kaw suuf si Yàlla moom, te buleen ko def lu bon ; kon mbugal mu tar dal leen [bu ngeen jëfewut ndigal li].

74. Fàttalikuleen ba Mu leen defee ay kuutaay, ca ginnaaw Haad, mu dëkkal leen ci suuf si. Ngeen tabax ay kër yu rëy ci dénd yi, di yatt ci doj yi ay kër. Fàttalikuleen xéewali Yàlla te buleen doon ay yàqkat ci kaw suuf si.

75. Kilifa ya nekkoon di rëy-rëylu ciy nitam wax nañu, ña ñu doyadal, muy ña gëm ca ñoom : “Moo ndax wóor na leen ne Saalihu Yonentub Yàlla la ? “. Ñu toontu ne : “Nun dey way-gëm lanu [ci bataaxal] bi ñu ko yónnee”.

76. Ñay rëy-rëylu ne leen : “Nun dey, li ngeen gëm, weddi nanu ko”.(s)

77. Ñu rey giléem ga, jalgati seen ndigalul Boroom, daldi ne : “Yaw Saalihu, indil nu la nga nu doon tëkkoo, ndegam ci Yonent yi nga bokk”.

78. Ag yëngug suuf rajaxe leen ; ñu xëy ne lànjaŋ ca seen kër ya.

79. Mu dëddu leen, daldi ne : “Yéen samay mbokk, jottali naa leen sama Yonenteb Boroom, laabire naa leen itam. Waaye yéen dey soppuleen laabirekat yi !”

80. Fàttalikuleen itam ba Lóot waxee aw nitam, ne leen : “Moo ndax dangeen di def ñaawtéef woo xam ne kenn mësu koo def ci àddina sépp ?

81. Ndaxte yéen dangeen di jublu góor ñi, di ca sàkku bànneex, bàyyi fa jigéen ña ! Yéen daal, aw nit ngeen ñu jéggi dayo.”

82. Toontul aw nitam nekkul lu dulñu ne : “Génneleen leen seenub dëkk. Ndax ñoom aw nit lañu ñuy laab-laablu” !

83. Nu musal ko (Nun Yàlla) mook waa këram, ba mu des soxnaam, moom dafa des ca mbugal ma.

84. Nu sotti ca seen kaw ab taw , waay-waay gisal na mujjug saay-saay sa mel !

85. (Fàttalikul ba Nu yónnee) fa Madyaana, seen mbokk Chuhaybu, mu ne leen : “Éy yéen samaw nit, jaamuleen Yàlla. Amuleen jeneen Yàlla ju dul Moom. Te ay lay yu leer dikkal na leen yu bawoo ca seen Boroom. Kon nangeen di matal natt ak màndaxe te buleen wàññil nit ña, la ñu moom. Te it buleen yàq ci suuf si ginnaaw ba ñu ko yéwénalee. Loolu dey, moo di li gën ci yéen, bu fekkee ni gëm ngeen.

86. Te buleen di toog ci wépp yoon, di dëkku ñi gëm Yàlla, di leen wëlbati, di dox seen digganteek yoonu Yàlla, di ko jéngal. Fàttalikuleen ba ngeen nekkee di ñu néew, Mu baril leen. Te nangeen settantal naka la mujjug yàqkat ya meloon.

87. Su fekkee am na ci yéen kurél bu gëm li ñu ma yónni, ak kurél bu goreedi, nangeen muñ ba ba Yàlla di àtte seenu diggante, te Moom (Yàlla) moo di gën jaa mën a àtte.”

**88**. Kilifa, ya rëy-rëylu ca aw nitam, ne ko : “Dananu la génne, yaw Chuhaybu ak ña gëm ànd ak yaw, ci sunum réew. Walla nga dellusi ci sunu diine.” - Mu ne leen : “Ba bu fekkee ne sax dangeen nuy ga [ci seen diine jooju] ?”.**(h)**

Draft

89. “Bu nu delloo dugg ci seen diine, kon de nu duural Yàlla aw fen gannaaw ba nu Yàlla musalee ci seen diine jooju. Dunu mën a dellu duggu ci lu dul mu soob Yàlla sunu Boroom. Xam-xamu sunu Boroom ump na lu nekk. Ci Yàlla lanuy wéeru. Yaw sunu Boroom, àtteel sunu diggante ak sunuy nit, ci dëgg, ndaxte Yaw [Yàlla], yaa gën a mën àtte àttekat yi.”

90. Kilifa, ya weddi ca aw nitam, ne : “Bu ngeen toppee Chuhaybu, dangeen yàqule”.

91. Yëngug suuf rajaxe leen ; ñu xëy ne lànjaŋ fa seeni kër.

92. Ña weddi woon Chuhaybu, dañoo mujj mel ni masuñu faa dëkk. Ña weddi woon Chuhaybu yàqule nañu.

93. Mu dëddu leen, ne : “Yéen samay mbokk, jottali naa leen sama Yonentub Boroom, laabire naa leen itam. Kon naka laay yërëmtaloo ngir aw nit ñu di ay yéefar ?”

94. Dunu yónni Yonent ci am réew, te tegunu waa réew ma ay tiis ak i njàqare ngir xéy-na ñu toroxlu.

95. Ginnaaw ba ñu soppi yu bon ya, toxal ca yu baax, bu ñu biroo it ñu naan : "Aw naqar ak mbégte daloon na sunuy maam.". Nu songe woon leen ci mbetteel te fooguñu ko woon.

96. Bu fekkoon ne waa dëkk yooyu gëmoon nañu te ragal Yàlla, kon fàwwu Dananu leen ubbil ay wërsëg yu bawoo asamaan ak ci suuf si. Waaye dañoo weddi, Nu sadd leen ngir la ñu daan fàggu ci lu bon.

97. Moo ndax dafa am ci waa dëkk yooyu ñu naagu ne Sunu mbugal duleen dikke ci guddi fekk ñuy nelaw ?

98. Walla dëkk yooyu naagu ne Sunu mbugal duleen dikkal bëccëg fekk ñuy fo ?

99. Moo ndax dañoo naagu ci pexey Yàlla ? Te kenn du naagu ci pexey Yàlla ku dul nit ñu yàqule.

100. Walla ndax dafa leeral ci ñi donn suuf si, ginnaaw ña fi nekkoon, ci ne su Nu neexoon Nu sadd leen ngir seeni bàkkaar ak fatt seeni xol ba dootuñu am dégg-dégg ?(s)

101. Dëkk yooyu, Noo ngi lay nettali dara ci seeni xibaar. Te fekk Sunuy Yonent dikkoon fa ak ay lay yu leer, waaye ñoom mënatuñu woon a gëm la ñu daan weddi ca njalbéen. Noonu la Yàlla di fattee xoli yéefar ya.

102. Fekkunu woon li ëpp ci ñoom ñu ame kóllare fenn ; lu dul ne li ëpp ci ñoom ay saay-saay lañu.

103. Ba noppi Nu yónni ci seen ginnaaw Muusaa, mu ànd ak Sunu kéemaan ca Firawna ak mbooloom ña weddi. Seetlul naka la mujjug yàqkat ya mel nag.

104. Muusaa ne : "Yaw Firawna, man ab Yonent laa [boo xam ne], Yàlla miy Boroom àddina si Moo ma yónni,

105. wér na ci man ma bañ a wax ci Yàlla lu dul dëgg. Ne indil naa leen aw lay wu tukkee ci seen Boroom. Boyalal waa Bani-Israayil ñu ànd ak man."

106. Mu toontu ne : "Ndegam danga indi ag kéemaan, wone ko ndegal ku dëggu nga."

107. Sànni na yetam wa mu daldi nekk jaan ju rëy.

108. Mu génne loxoom mu daldi weex tàll ca ña koy gis.

109. Kilifa ya bokk ca nitu Firawna ne ko : “Jabar bu am xam-xam la”.

110. [Firawna] ne : “Dafa leen bëgg a génne ci seen suuf.” - “Lan mooy seen ndigal ?”

111. Ñu ne ko : “Xaarloo ko mook mbokkam, te yónnee ci dëkk yi ay ndaw ñu mën a dajale nit ñi,

112. ñu indil la bépp jabar bu am xam-xam.

113. Jabar ya ñëw ca Firawna ne ko : “Ndax dananu am pey bu fekkee ne not nanu ?”[joŋ]

114. Mu ne leen : “Waawaaw, kon dangeen bokk ci ñi may jegeñ”.

115. Ñu ne : “Muusaa, benn yaw nga sànni, walla nun nu sànni”.

116. Mu ne : “Sànnileen”. Ba ñu sànnee, dañoo jabar bëti nit ña, ragal-loo leen ci jabar gu rëy.

117. Nu xelal Muusaa ne ko : “Sànnil sa yet wi”. Mu daldi wann la ñu doon wëlbati.(r)

118. Dëgg daldi tàbbi, la ñu doon def yàqu.

119. Ñu not leen foofa, ñu daldi ànd ak toroxte.

120. Ñu rot ñoom jabar ya, sujjóot.

121. Ñu ne : “Gëm nañu Boroom àddina si,

122. Boroom Muusaa ak Aaruuna.”

123. Firawna ne leen : “Ndax dangeen Koy gëm te joxuma leen ci ndigal ? Lii, pexe la mu ngeen fàggu ci dëkk bi, ngir génne ñi fi dëkk.Waaye dangeen xam...

124. Danaa dagg seeni yoxo ak seeni tànk cig jàllawle, ba noppi ma daaj leen, sandamtal leen yéen ñépp.”

125. Ñu toontu ne : “Nun ci sunu Boroom lanuy dellu.

126. Feyoowoo ci nun lu dul nu gëm ay kéemaani sunu Boroom, ba ñu agsee ci nun. Sunu Boroom ! Sottil ci nun muñ te nga rey nu fekk nu dee jullit.”

Draft

127. Kilifa ya bokk ci nitu Firawna ne ko : “Moo ndax dangaa bàyyi Muusaa ak u nitam ñuy yàq ci suuf si, te moom mu bàyyi la, bàyyi sa yàlla ?”. Mu toontu ne : “Danaa rey seeni doom yu góor, ba yu jigéen yi. Ndax nun noo leen tiim, noo leen not.”

128. Muusaa wax ay nitam : “Sàkkuleen ndimbal ci Yàlla te ngeen muñ, suuf si Yàllaa ko moom. Dana ko donnale ku ko neex ciy jaamam. Te muj ga, way-ragal Yàlla yee ko moom”.

129. [Ñoom yahuud ya] ne : “Loreef nanu lu jiitu sa dikk ci nun ak ginnaaw la nga nu indil.”. Mu ne : “Xéy-na seen Boroom dana rey seeni noon, Mu wuutal leen ci suuf si ba noppi di saytu na ngeen di def”.

130. Teg Nanu nitu Firawna bekkoor ay at ak wàññikug meññent ndax xéy-na ñu fàttaliku [seen Boroom].

131. Bu leen lu baax dikkalee, ñu ne : “Lii noo ko moom” ; bu leen lu bon dalee, ñu gaafal Muusaa ak ña ànd ak moom. Déedéet seen gaaf nekkul ci kenn ku dul Yàlla. Waaye ña ëpp ca ñoom xamuñu.(S)

132. Ñu ne : “ Loo nu mën a indil ciy kéemaan ngir jabar nu ci, dunu la gëm”.

133. Yabal Nanu ca seen kaw am mbënn, ak i njéeréer, ak teeñ ya ak mbott ya, ak deret ja, ñu di ay kéemaan yu fés, waaye ña rëy-rëylu nag ay nit ñu saay-saay lañu.

134. Ba mbugal ma agsee ca ñoom, ñu ne : “Yaw Muusaa, ñaanal nu sa Boroom ci kóllare gi dox seen diggante. Boo nu tàggaleek mbugal mii, dananu la gëm te dananu bàyyi Banii- israayil ñu dem ànd ak yaw”.

135. Ba Nu teggee ca ñoom mbugal ma [ca àpp ba mu waroon a yem], firi nañu la ñu dige woon.

136. Tax na Nu feyyu ci ñoom ; labal leen ci géej gi, ndax ñoom dañoo weddi sunuy tegtal, sàggane leen.

137. Nu donnale suuf si nit ña ñu nekkoon daan leen suufeel, penku ba sowu te barkeel ko. Noonu, sa dogalu Boroom bu rafet bi, daldi mat ci Banii-israayil ngir la ñu nekkoon di muñ. Nu rajaxe la Firawna ak u nitam nekkoon di liggéey ak ya ñu tabaxoon.

138. Jàllale Nanu Bani-Israayil géej ga. Ñu fekk fa aw nit ñoo xam ne ña nga doon jaamu seeni xërëm, ñu ne : «Muusaa, defal nu yàlla ju mel ni seen yàlla.”. Mu ne leen : “Yéen daal ñu réer ngeen.

139. Nii la ñu nekkee di ñu alku; te seeni jëf lu yàqu la.”

140. Mu wax ne : “Moo ndax dama leen di wutal jeneen yàlla ju dul Yàlla, te Moom mu defal leen ngëneel, teg leen ci kaw waa àddina si yépp [ca booba] ?”

141. (Fàttalikuleen) ba Nu leen musalee ci nitu Firawna ya leen doon teg mbugal mu gën a ñaaw. Daan rey seeni doom yu góor, di bàyyi yu jigéen ya. Te loolu nekkoon na nattu bu màgg bu tukkee ca seen Boroom.

**142**. Àppal Nanu Muusaa fanweeri guddi, Nu mottali ko ak fukk, diir ba Boroomam dogal mat ñeneenti fukki guddi. Muusaa wax na mbokkam ma Aaruuna : “Wuutu ma ci samaw nit, te nangay jubbanti te bul topp yoonu yàqkat ya”.**(n)**

143. Ba Muusaa agsee ca Sunu ndaje te Boroomam wax ak moom, mu ne : «Sama Boroom, won ma ma gis La !”. Mu ne ko : “Doo ma gis Muusaa ; waaye xoolal tundu doj wii : bu saxee ci barab bi mu nekk, kon danga Ma mën a gis.”. Ba Boroomam feeñoo doj wa, dafa mokk rumbax, Muusaa daanu xëm. Ba mu ximmee, mu daldi ne : “Tudd naa sag sell, kañ naa La ! Dellu naa ci Yaw ; te man sax faf maa di ki jëkk a gëm”.

144. Mu ne ko : “Yaw Muusaa, Man tànn naa la ci biir nit ñi, ngay Sama Yonent ak Sama kàddu. Jëlal li Ma la jox te nga bokk ca way-gëm ña”.

145. Nu bindal ko ci àlluwaya lu nekk ngir waare ak faramfàcce lu nekk ba mu waar ko cig farlu. “Nu digal ko mu wax ay nitam ñu jàppe ko ca na mu gën a rafete. Danaa leen won dëkku saay-saay sa.

146. Danaa soreel Samay tegtal ña rëy-rëylu ci suuf si ci lu dul dëgg. Ba bu ñu gisee bépp kéemaan duñu ko gëm. Bu ñu gisee yoon wu njub, duñu ko topp, muy seenu yoon. Li waral loolu mooy dañoo weddi Sunuy kàddu, sàggan ba dëddu leen.

147. Ña weddi Sunuy kàddu ak ndaje mu mujj ma, seeni jëf yàqu na. Ndax deesuleen fey lu dul la ñu daan def”

148. Nitu Muusaa jàpp nañu ci ginnaawam aw yëkk wu ñu takk seeni takkaayi yaram, weddi Sunuy kàddu. Ndax dañoo gisul ne moom mënuta wax ak ñoom te duleen jubale ciw yoon ? Jàpp nañu ko [di ko jaamu], nekk i way-tooñ.

Draft

149. Waaye ba mu daanoo ca seeni yoxo, te ñu gis ne ñoom dañoo nekkoon cig réer, ñu ne sunu Boroom : "Soo nu yërëmul, baal nu, dananu bokk ca way-yàqule ña".(s)

150. Ba Muusaa ñibbee ca aw nitam, mer lool, dafa wax ne : "Nii ngeen ma ginnaawoo ñaaw na ! Xanaa dangeen a yàkkamti seen àtteb Boroom gaaw a ñëw?". Mu daldi sànni àlluwa ya, jàpp ca boppub mbokkam ma, xëcc ko. Aaruuna toontu ko ne : "Yaw sama doomu-ndey , nit ñi dañu maa doyadal te xaw nañu maa rey sax. Kon bul bégloo noon ya te bul ma boole ca nit ña di way-tooñ".

151. Mu ne : "Yaw sama Boroom, jéggal ma ak sama mbokk mii te nga tàbbal nu ci sa yërmaande, ndax Yaw yaa ëpp yërmaandeképp kuy yërëme".

152. Ña nga xam ne doon nanu jaamu yëkk wa, mbugal dana leen dal tukke fa seen Boroom, ak toroxte ci dundu àdduna. Te noonu Lanuy feyee ñay duural Yàlla.

153. Ñay def lu ñaaw ba noppi ginnaaw ga ñu tuub, tey ñu gëm... sa Boroom nag, ginnaaw loolu, Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

154. Ba merum Muusaa giifee, dafa jël àlluwa ya. Te mbind ma làmboo na njub ak yërmaande ngir ña nga xam ne ñoom ragal nañu seen Boroom.

155. Muusaa tànn juróom-ñaar fukki góor ciy nitam, ngir sunu waxtu ndaje. Ba leen yëngug xeer wa jàppee, mu ne : "Yaw sama Boroom, bu la neexoon nga rey leen ak man lu jiitu tey. Moo ndax Danga nuy rey ngir li ña réer ci nun def ? Loolu du leneen lu dul sa nattu, ci ngay réerale ku La soob, di ci jubal ku La soob. Yaway sunu Cëslaay. Nanga nu baal, yërëm nu, Yaa di ki gën a mën a jéggale.

156. Dogalal ci nun yiw ci àddina ak ca àllaaxira. Nun gindiku nanu jëm ci Yaw". Mu ne : "Sama mbugal, danaa ko sadd ku Ma neex. Waaye Sama yërmaande ëmb na lépp lenn. Te danaa ko sadd ña ragal Yàlla tey génne asaka ak ñi gëm Samay kàddu.(r)

157. Ña nga xam ne danañu topp Yonent ba, di ku ñu soloo te jàngul, te ñu fekk ñu bind ko ca ya ñu yore ci Tawreet ak Injiil. Mu di leen digal lu baax, di leen tere lu bon, daganal leen yu sell ya, araamal ca ñoom yu selladi ya, soppil leen ya leen diisoon ak gàkk ya nekkoon ca ñoom. Kon ñi ko gëm [moom Muhammad] te weg ko, te ñu topp leer ga Nu wàcce ci moom; ñoom ñooy way-texe ña.

158. Neeleen : «Yéen nit ñi ! Man Yonentub Yàlla laa ci yéen ñépp, Moom mi nga xam ne Moo moom nguuru asamaan yi ak suuf si. Amul jeneen yàlla ju dul Moom. Mooy dundal, Mooy rey. Kon gëmleen Yàlla ak Yonentam bi, di ku ñu soloo te jàngul, te moom gëm na Yàlla ak ug kàddoom. Kon toppleen ko, xéy-na kon ngeen gindiku".

159. Amoon na ci nitu Muusaa, mbooloo muy gindee ci dëgg ak di ca tegtaloo ci maandute.

160. Nu xaaj leen fukki giir ak ñaar ñuy ay xeet. Ba noppi, Nu soloo Muusaa, ba ñuy sàkku lu ñu naan, ne ko : "Dóoral xeer wi ak sa yet wi.". Noonu fukki bëti ndox ak ñaar balle ca. Ku nekk ca ñoom xamee fa muy naane. Nu defal leen keppaar ak niir wa, Nu wàcceel leen lem gu weex ak i njanaaw, ne leen : "Lekkleen ci yu sell yi Nu leen wërsëgale.". Waaye tooñuñu Nu, seen bopp rekk lañuy tooñ.

161. [Fàttalikul] ba ñu leen waxee ne : "Dugguleen ci dëkk bii te nangeen di lekk ci ñamam yi fu mu leen soobe, te nangeen di wax : Sippikug bàkkaar te nangeen tàbbi ci buntu bi sujjóot. Kon Nu baal leen seeni ñaawteef ; te Dananu dolli way-rafetal ña".

162. Ña tooñ ci ñoom, soppi la ñu leen wax ak yeneeni wax. Nu yebal fa ñoom mbugal mu tukke asamaan ngir la ñu nekk di tooñ.

163. Te nga laaj leen lu jëm ci dëkk ba nekkoon ca tefesu géej ga ca gaawu ba ! Ba seen jën ya tëmbu ci ñoom ca seenug gaawu, tey bañ a génn bis ya! Noonu la Nu leen doon nattoo ngir la ñu daan fétterlu génn topp.(s)

164. Te am mbooloo ca ñoom ne : "Lu tax ngeen di waar nit ñoo xam ne Yàlla dana leen rey mbaa mu teg leen mbugal mu tar ?". Ñu toontu [ñoom ña doon waare] ne : "Ngir nu am lay ca seen Boroom ak xéy-na ñoom ñu ragal Yàlla !"

165. Ba ñu fàttee la ñu leen doon waare, musal Nanu ña doon tere lu bon, Nu sadd ña doon tooñ, mbugal mu tar ngir la ñu féttérlu woon génn topp.

166. Bu ñu rëyloo ca la ñu leen tere, Nu wax leen ne : "Nekkleen di ay golo yu torox".

167. [Fàttalikul] ba seen Boroom xamlee ne Dana leen yónnee ku leen di teg gëm jaa boni mbugal ba kerook Bis-pénc di agsi. Sa Boroom nag Ku gaaw la ci mbugal te Moom Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

168. Te séddale Nanu leen ay giir ci suuf si. Am ci ñoom ñu yiw, am ñu yiwadi. Nu nattu leen ciy xéewal ak ciy naqar ndax ñu dellusi [ci seen Boroom].

169. Kuutaay gu bon toftaloo ca ñoom, [teewul] ñu jàppe ci alali ku yées ki [di àddina], ñu naan : "Dees nanu baal.". Te bu leen alal ju ne mel dikkalee, ñu jàpp ca. Waaw ndax kóllareb Téere ba tënku leen ci di waxal Yàlla dëgg rekk ? Moone jàng nañu la nekk ca biir de. Te kërug àllaaxira moo gën ca ña ragal Yàlla, - Moo ndax dangeen dul xel-lu ? -

170. Te ñay jafandu ca Téere ba te di taxawal julli, [nañu xam ne] Nun nag Dunu sànk peyu way-sellal ña.

**171**. [Fàttalikul] ba Nu yékkatee doj wa mu tiim leen, mel ni niir la. Ñu am njort ci mu daanu ci seen kaw. Ñu ne leen : "Jàppleen lii ñu leen jox ànd ca ak farlu te ngeen jëfe li nekk ci biir. Ndax xéy-na yéen ngeen ragal Yàlla".**(h)**

172. [Fàttalikul] ba sa Boroom génnee ci ndigul doomu-aadama yi seeni sëf, te Mu seedeloo leen ci seen bopp, ne leen : "Du Maay seen Boroom ?". Ñu ne : "Axakay, seede nanu ko..." - ngir ngeen bañ a wax ca Bis-pénc ba ne : "Danoo réere woon lii [mu nekk seenu lay]",

173. mbaa ngeen bañ a wax : "Du dara lu dul sunuy maam dañoo bokkaale woon lu jiitu nu sëtoo ca ñoom ginnaaw ga. Ndax dees na nu mbugal [ci loo xam ne ña jubutoon ca nun ñoo ko def] ?"

174. Noonu la Nuy leeralee tegtal yi. Ndax xéy-na ñu dellusi [ci seen Boroom] !

175. Nettalileen ka Nu joxoon Sunuy mbóot mu rocceeku ca. Séytaane topp ko, tax na mu bokk ca way-beew ña.

176. Su nu sooboon Nu yékkatikook mbóot yooyu, waaye dafa jengoon jëm ci àddina, topp bànneexam. Dafay mel ni xaj, boo ko songee muy yalkat, boo ko bàyyee muy yalkat. Loolu mooy niróowaaleeb nit ña weddi Sunuy kàddu. Nettalil xew-xew ba. Xéy-na ñoom ñu fàttaliku !

177. Nekkinu nit ña weddi Sunuy kàddu, aka bon, waaye seen bopp lañuy tooñ nag.

178. Ku Yàlla gindi nag, mu nekk cig njub. Ña Mu bàyyi cig réer, ñooy ñu yàqule ña.

179. Nun bind nanu ba noppi ngir Safara jinne yu bari ak nit. Ñeel na leen xol yu dul am dégg-dégg. Ay bët yu ñu dul gis ak ay nopp yu ñu dul

dégge. Ñooña, dañoo mel ni mala ya, ñoo leen gën a réer sax. Ñooy ñu sàggan ña.(s)

180. Yàllaa moom tur yu rafet yi. Nangeen ko ciy jaamu te ngeen dëddu ña di jeng ci turam yi : dees na leen feye la ñu daan def.

181. Nekk na ci ñi Nu bind, xeet woo xam ne danañu gindiku ci dëgg te danañu maandu.

182. Waaye ña weddi Sunuy tegtal, Dananu leen jay, jaarele leen fu ñu xamul.

183. Muñal-leen, Sama pexe naka lu dëgër la !

184. Moo ndax dañu dul xél-lu xam ne seen àndandoo bi jinne jàppu ko? Nekkul lu dul waarekat bu ràññeeku !

185. Moo ndax dañu dul xool nguuru asamaan yi ak suuf si, ak li Yàlla bind lépp, te it xéy-na Mu jegeñal seen àpp ? Kon jan wax gannaaw josam, lañu mën a gëm ?

186. Ku Yàlla bàyyi cig réeram, kenn du la mën a gindi. Dana leen jàppe ca seen beew ga ñuy tëñax-tëñaxi.

187. Ñi ngi lay laaj ci taxawaayu Bis-pénc ba : "Kañ lay doon ?". Neel : "Kenn amu ca xam- xam ku dul sama Boroom. Kenn du ko feeñal ca waxtoom ku dul Moom. Lu diis la ci asamaan ya ak ci suuf si, duleen digal lu dul cig mbetteel.". Ña nga la koy laaj mel ni danga ca xam dara. Neel : "Xam-xam nekkul fenn fu dul fa Yàlla.". Waaye lu ëpp ci nit ñi xamuñu.

188. Neel : "Mënaluma sama bopp njariñ walla lor lu dul la soob Yàlla. Su ma xamoon kumpa, kon ma bari lool alal ak i xéewal, te kon lu metti duma dal. Nekkuma man lu dul waarekat, béglekatu nit ñi gëm Yàlla". (r)

189. Moom mooy Ki leen bind ci benn bakkan, mu génne ca soxnaam ngir muy am ug dal ci moom; ba mu ko muuree, mu ëmb ëmb bu woyof, muy dem ak ëmbam. Ba mu diisee, ñoom ñaar ñu ñaanYàlla seen Boroom ne ko : "Soo nu mayee [doom] ju baax, kon faf dananu bokk ci gërëmaakoon ña".

190. Ba Mu leen mayee [doom], ñu bokkaale Yàlla ca la Mu leen may. Te Yàlla jomb na la ñu Ko bokkaale.

191. Moo ndax dañuy bokkaaleek [Yàlla] ñoo xam ne mënuñoo bind dara te dañu leen a bind,

192. te mënuñuleen a dimbali, mënuñoo dimbali seen bopp sax ?

193. Boo leen woowee ci njub, duñuleen topp. Ngeen woo leen walla ngeen noppi [bañ leen a woo] yem kepp.

194. Ña nga xam ne dangeen leen jaamu bàyyi Yàlla, ay jaam lañu ni yéen. Wooleen ba xam danañu leen nangul ndeem ñu dëggu ngeen.

195. Moo ndax dañoo am tànk yu ñu doxe ? Moo ndax dañoo am loxo yu ñu téye ? Moo ndax dañoo am bët yu ñuy gise ? Moo ndax dañoo am nopp yu ñuy dégge ? Neeleen : "Wooleen seen bokkaale yooyu, te nangeen ma fexeel, bañ maa yeexe.

196. Ki may dimbali mooy Yàlla Mi wàcce Téere ba te mu méngook ñu sell ña.

197. Ña ngeen di jaamu te bàyyi Ko, mënuñuleen a dimbali te mënuñoo dimbali seen bopp sax."

198. Boo leen woowee cig njub duñu dégg sax. Dangeen gis ñu di la xool te ñoom duñu gis.

199. Jéggaleel te nangay digle yiw, te nanga dëddu ñu réer ña.(S)

200. Saa su la ag soppeeku dalee, gu tukke ci Séytaane, nanga sàkku mucc ci Yàlla. Moom Yàlla nag Kuy dégg la, Kuy xam la.

201. Ña ragal Yàlla, bu leen lu metti dalee, tukke ci Séytaane, ñu fàttaliku [seen Boroom] daldi nekk ñu am ràññee.

202. Mu am seen kuute ñoo xam ne danañu leen tàbbal ci ag réer, te di leen ca xamb rekk.

203. Te bu ndigal ñëwul, ñu naan : "Lu tee nga fental ko sa bopp ?" Neel : "Duma def lu dul topp li ñu ma soloo mu tukke ci sama Boroom. Loolu ay lay la yu tukkee ci seen Boroom, di njub ak yërmaande ci nit ñu gëm.

204. Kon bu ñuy jàng Alxuraan, nangeen ko déglu te nangeen ko xarawlu ndax xéy-na yërëmees leen.

205. Nangay tudd sa Boroom ci sa bopp ànd ak toroxlu ak ug ragal, ci lu ànd ak yelu ci sa kàddu, ci kaw subaak ngoon, te bul bokk ca ñu sàggan ña.

206. Ña nga xam ne ñanga ca sa Boroom, duñu di rëylu ci jaamu Ko. Te danañu Ko di sàbbaal, di Ko sujjóotal.

Draft

# Saar 8 : Màng ya

## 75 Laaya–Ginnaaw Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ña nga lay laaj lu jëm ci màng yi. Neeleen : "Màng yi, Yàlla ak Yonentam ñoo leen moom." Kon ragal-leen Yàlla te nangeen defar seeni diggante, te ngeen topp Yàlla ak Yonentam ndeem way-gëm ngeen.

2. Jullit ya ñooy ña nga xam ne bu ñu tuddee Yàlla seeni xol yëngu. Te bu ñu jàngaa ci ñoom ay laayaam mu yokk seen ngëm. Te ci seen Boroom lañu wékku.

3. Ñooy ña nga xam ne danañu taxawal julli te ca la Nu leen wërsëgal, danañu ca joxe.

4. Ñooña ñooy jullit dëgg : ñeel na leen yékkatiku ca seen Boroom, ci ag jéggal ak wërsëg wu tedd.

**5**. Naka noonu, sa Boroom génne na la sa kër ci dëgg, te fekk neexul ñennat ca way-gëm ña.**(n)**

6. Ñangay weranteek yaw ca dëgg ga ginnaaw ba mu feeñee, leer nàññ ; mel ni dañu leen a bëmax jëme ci dee, ñu ne ca jàkk.

7. (Fàttalikul), ba leen Yàlla digee ndam ca kaw benn ca ñaari kurél ya ngeen moom ko. Te ngeen ne siiw moom ga yorul ngànnaay, te Yàlla nammoon a dëgëral dëgg ga ci kàddoom te dog ginnaaw yéefar ya.

8. ngir dëgg sax te caaxaan jóge fi doonte la naqari na saay-saay sa.

9. (Fàttalikul) ba ngeen sàkkoo xettaliku ci seen Boroom te Mu nangul leen, ne : "Man danaa leen dooleel ak junni Malaaka yuy toftalante.

10. Yàlla deful loolu lu dul ngir mbégtem [jullit ñi] ak ngir seen xel dal. Ndimbal amul feneen fu dul fa Yàlla. Naka Yàlla Aji-not la, Aji-xereñ la.

11. (Fàttalikuleen) ba Mu leen muuree ag ngëmmentu muy jàmm ju jóge ci Moom, te Mu wàcce ci yéen ndox mu jóge asamaan ngir Mu laabal

leen ak loolu, ak ngir Mu dàqal leen sobees Séytaane, ak ngir Mu dëgëral seeni xol, dëgëral seeni ndëggu.

12. [Fàttalikul] ba sa Boroom xamalee Malaaka ya ne leen : "Maak yéen a ànd : nangeen dooleel ñi gëm. Danaa sànni njàqare ci xoli ñi weddi. Kon dóorleen ci kaw doq yi te ngeen dóor leen ci cati baaraam yi.

13. Loolu, ngir dañoo juuyook Yàlla ak Yonentam.". Te ku juuyook Yàlla ak Yonentam, ... [na xam ne] Yàlla ku tar mbugal la !

14. Noonu lay dalee ci yéen [yéefar yi] ; kon mosleen ko ! Te ñeel na way-weddi ña mbugalu Safara.

15. Éy yéen ñi gëm ñi, bu ngeen dajeek yéefar yi ñuy ràngu jëm ci yéen, buleen daw won leen ginnaaw.(s)

16. Ku daw won leen ginnaaw, ca bis boobu - lu dul kuy jéem a njuuy ba jekku na mu war a xeexe, walla kuy jéem a tafu ci mboolom jullit, - tàbbi ci merum Yàlla te dëkkuwaayam Safara la. Aka bon booba dëkkuwaay !

17. Te reyuleen leen [yéen jullit ñi] : Yàlla moo leen rey. Te sànniwoo [yaw Yonent bi], bi nga sànnee suuf si : waaye Yàlla moo sànni, ngir Mu may jullit ñi xéewal gu rafet gu tukke ca Moom Yàlla ! Te Yàlla Kuy dégg la, Kuy xam la.

18. Loolu la dëggal ci yéen te [xamleen ne] Kuy doyadal pexey yéefar yi la [Moom Yàlla].

19. Ndegam dangeen di sàkku lu ngeen di àttewoo [yéen yéefar yi], ab àtte dikkal na leen ba noppi. Bu ngeen bàyyee [la ngeen nekkoon cig kéefar], mooy gën ci yéen. Bu ngeen delloo [ca la ngeen nekke woon], Nu dellu [ci di jox Yonent bi ndimbal], te kon seeni mbooloo duleen jariñ dara, doonte dafa bari lool. Yàlla nag Mook jullit yee ànd.

20. Éy yéen ñi gëm ñi ! Nangeen topp Yàlla ak ub Yonentam, buleen ko dëddu te fekk dégg ngeen li muy wax.

21. Buleen mel ni ñiy wax : "Dégg nanu", te fekk dégguñu woon dara.

22. Li gën a yées ci bindeef yi ca Yàlla, mooy ñi tëx, luu te bañ a xel-lu.(r)

23. Ku leen woo woon ñu dëddu, nekk ñu beddiku.

24. Éy yéen ñi gëm ! Nangeen wuyu Yàlla ak Yonentam ba, bu ñu leen woowee ci lu leen di musal, te nangeen xam ne Yàlla nag Dana dox nit ak xelam, te Danañu leen bëmëx jëme ca Moom.

25. Te nangeen ragal mbugal moo xam ne ku dul ña weddi ci yéen. Te nangeen xam ne Yàlla Ku tar mbugal la.

26. Fàttalikuleen ba ngeen nekkee ñu néew, di ñu ñu doyadal ci suuf si, ngeen di ragal nit ñi fëkk leen. Mu daroo leen, dimbali leen ci ndimbalam, Mu wërsëgal leen ci xéewal yu sell ndax xéy-na yéen ngeen gëram [seen Boroom].

27. Éy yéen ñi gëm ! Buleen wuruj Yàlla ak Yonent bi. Te buleen wuruj ci seen kóllare te xam ko xéll.

28. Xamleen ne seeni alal ak seeni doom, fitna lañu ci yéen te pey gu màgg a nga fa Yàlla.

29. Éy yéen ñi gëm ! Bu ngeen ragalee Yàlla, Mu sagal leen, far seeni ñaawtéef, jéggal leen. Te Yàlla Kuy Boroom ngëneel yu màgg la.

30. (Fàttalikul) ba la yéefar ya fexelee ngir ñu tëj la ci barab mbaa ñu rey la mbaa ñu génne la. Ñu def seeni pexe, Yàlla def ay pexeem, te Yàlla di Ku gën a màgg ay pexe.

31. Te saa yu ñu jàngee ci seen kanam Sunuy laaya, ñu ne : “Dégg nanu, ba noppi te sunu neexoon nu wax lu mel ni lii, ndaxte lii nekkul lu dul léebi nit ñu jëkk ña”.(s)

32. (Fàttalikul) ba ñu waxee ne : “Yaw sunu Boroom, ndegam lii lu dëggu la lu jóge ci Yaw, Nanga sotti ci sunu kaw taw bu nekk ay xéewal wàcc jóge asamaan, mbaa nga indil nu mbugal mu metti”.

33. Te Yàlla du Ku leen di mbugal fekk nga nekk [yaw Yonent bi] ci seen biir. Te it du Ku leen di mbugal fekk ñangay sàkku njéggal.

34. Yellul ci ñoom Yàlla bañ leen a mbugal, te ñuy wax nit ñi bañ a jëm ci jàkka ju ñu wormaal ja, nekkuñu ñoom soppey jàkka jooju, ay soppeem ñooy way-ragal Yàlla ña. Waaye li ëpp ci ñoom xamuñu.

35. Seen julli ca néegub, nekkul lu dul ay waliis ak ay tàccu, kon : “Mosleen mbugal mi [ca xare Badar] ngir la ngeen doon weddi !”

36. Ña nga xam ne dañoo weddi, Dananu sànk seeni alal ngir dëdduloo [nit ñi] yoonu Yàlla. Waaye Danañu ko sànk ba noppi di ko réccu. Ñu not leen, te ña weddi dees na leen bëmax jëme Safara,

37. ngir Yàlla téqale yéefar yi ak ña gëm Yàlla, Dana boole yéefar yi, dajale leen ñoom ñépp ca biir Safara. Ñooñu ñooy way-ñàkk ña.

38. Waxal yéefar yi, ne leen : “Bu ngeen bàyyee [xareek Yonent bi], nu baal leen la weesu. Waaye bu ngeen delluwaatee [ca la ngeen nekke woon], dees na leen mbugal kem ni mu daan ame bu njëkk.

39. Xeexleen ak ñoom ba fitna jóge fi, ba diine nekk lu ñu jagleel Yàlla léppam. Waaye bu ñu bàyyee nag, Yàlla mi ngi ne jàkk ci li ñuy def.

40. Bu ñu dëddoo, xamleen ne, Yàlla mooy ka leen di jàppale. Ndaw soppe bu baax, ndaw Aji-dimbalee ju baax !

**41**. Te nangeen xam ne lu ngeen màng ci lu mu mën a doon, juróomeelu xaaj ba ñeel na Yàlla ak Yonent ba ak i jegeñaaleem, ak jirim ya, ak way-ñàkk ya, ak ña nekk ci yoon di tukki, ndegam gëm ngeen Yàlla ak la Nu wàcce ci Sunu jaam ba bisu téqale ba [ca Badar] : bisu ndaje ñaari mbooloo ya, te Yàlla mën na lu ne.**(h)**

42. Fekk na booba ngeen nekk ca xur wa gën a jegeñ, ñoom ñu nekk ca xur wa gën a sori, njëgg ma gën a suufe. Bu ngeen sàkku woon a dajeek ñoom, du sotti. Waaye lu Yàlla dogal day nekk, dana am ñu dee ci lu bir ak ñu dundu ci lu bir. Yàlla Kuy dégg la, Kuy xam la.

43. Ba la Yàlla wonee ci sa gént, ñoom ñu nekk mbooloo mu néew ! [Li ko waral mooy], su Ma la wonoon ñu nekk ñu bari, kon dangeen di yoqat, te dangeen xëccoo ca mbir ma. Waaye Yàlla defal leen dal. Moom nag xam na li nekk ci xol yi.

44. Fàttalikul ba Ma leen wonee, ba ngeen dajee, ñu néew ci seeni bët, te ngeen nekk ca ñu néew ca seeni bët ngir la Yàlla dige lu am la. Te ca Yàlla la mbir yépp di dellu.

45. Éy yéen ñi gëm ñi ! Bu ngeen dajeek mbooloo, nangeen sax ci pastéef te ngeen tudd Yàlla lu bari ndax ngeen am ndam.

46. Te nangeen topp Yàlla ak Yonentam ; te buleen xëccoo, kon ngeen yoqat, seen doole néew. Kon muñleen, Yàlla muñkat yi la àndal.

47. Buleen mel ni ña génnoon seeni kër, rëylu ak di ngistal ci nit ñi, te di gàllankoor [nit ñi ñu bañ jëm ci] yoonu Yàlla. Te Yàlla xam na la ñuy def de.

48. Fàttalikul ba Séytaane rafetalee yéefar ya seeni jëf, ne leen : “Tey kenn duleen not, te man maa leen di dimbali.”. Waaye ba ñaari kurél ya jàkkaarloo, dafa dellu ginnaaw te wafeet daw, daldi wax, moom Séytaane, ne : “Man kat deñ naa ci yéen. Ndax gis naa lu ngeen gisul ; ragal naa Yàlla, te Yàlla Ku tar mbugal la”.

Draft

49. (Fàttalikul), ba naafeq ya ak ña jàngoro nekk ca seeni xol waxee ne : "Ñii seen diine wor na leen." Waaye ku wéeru ci Yàlla ... [na xam ne] Yàlla Kuy not lépp la, Ku xereñ la.(s)

50. Boo gisee na Malaaka ya di reyee yéefar ya ! Dañuy dóor seeni kanam ak seeni ginnaaw, (naa leen): "Mosleen mbugalu Safara.

51. Loolu mooy la ngeen jëfoon ci seeni yoxo." Te it Yàlla du koy tooñ jaam ñi.

52. Niki aaday njabootu Firawna ak ña leen jiitu, weddi woon nañu kàdduy Yàlla. Yàlla sadd leen ngir seeni bàkkaar. Naka Yàlla, Boroom kàttan la, di Ku tar mbugal.

53. Li ko waral mooy Yàlla du soppi yiw wu Mu xéewale aw nit feek soppiwuñu li nekkoon ci ñoom. Yàlla Kuy dégg la, Ku xam la.

54. Niki aada njabootu Firawna ak ña leen jiitu, weddi nañu kàdduy Boroom bi. Nu alag leen ngir seeni bàkkaar. Te Nu labal [ca géej] waa kër Firawna. Te ñoom ñépp nekkoon nañu di ay tooñkat.

55. Ña yées fa Yàlla ñooy ña weddi woon te duñu gëm ba mukk,

56. mooy ña nga fasanteek kóllare ñu lay wor, te ñoom duñu ragal Yàlla mukk.

57. Kon su ngeen dajee cib xare, nanga leen tasaare ak ña leen topp ndax xéy-na danañu fàttaliku.

58. Boo ragalee ciw nit ñu wor la, tërëlal déggoo gu leer, Yàlla soppul workat ya.

59. Ña weddi, buñu njortu ne raw nañu. Ñoom duñu mën a raw Yàlla.

60. Feguleen, ngir ñoom, lu ngeen mën ci doole ak fas yu ngeen mën a tiitale nooni Yàlla ya, di seeni noon, ak ñeneen ñu dul ñoom, xamooleen, Yàlla Moo leen xam. Li ngeen di joxe ci alal ci yoonu Yàlla, dees na leen ko delloo ba mu mat sëkk te deesuleen ci wàññil dara.(r)

61. Bu ñu jengee jëm ci jàmm, jengal yaw it jëm ca te nga wéeru ci Yàlla, naka Moom Kuy dégg la, Ku xam la.

62. Bu ñu la naree wor, na la Yàlla doy. Moom moo lay dëgëral ci ndimbalam ak ñu gëm ña.

63. Te Moo dajale seeni xol (ñu soppante). Te yaw boo joxe woon lépp li nekk ci àddina, du tax nga mën a boole seeni xol ; Moom nag [Yàlla] Ku not la, Ku xereñ la.

64. Éy yaw Yonent bi, Yàlla doy na la ak ku la topp ci ñi gëm.

65. Éy yaw Yonent bi, nanga ñaax ñi gëm ci xare. Bu amee ñaar-fukk ñu muñ, danañu not ñaari téeméeri yéefar ; bu nekkee ci yéen téeméer, danañu not junni ciy yéefar, ndax ñoom nit lañu ñu amul dégg-dégg.

66. Léegi, Yàlla woyofal na leen ngir xam na doyadi gi nekk ci yéen. Kon bu nekkee ci yéen téeméer yu muñ, danañu not ñaari téeméer ; bu nekkee ci yéen junni, danañu not ñaari junni, bu neexee Yàlla. Te Yàlla muñkat yi la àndal.

67. Warul cib Yonent mu am ay jaar-jaar [ca ña ñu jàppe cib xare not leen] fekk ñu nasaxal yéefar yi, faagaagal leen ba ñu mokk ci suuf si. Dangeen a bëgg [yéen jullit ñi] alali àddina, te Yàlla bëggal leen [xéewalu] àllaaxira. Te Yàlla Ku not la, Ku xereñ la.

68. Bu bul koon dogal bu tukkee ca Yàlla bu jiitu, kon mbugal mu rëy dana leen dal ngir la ngeen màng.

Draft

69. Kon lekkleen ca la ngeen màng, muy lu dagan lu teey. Te ngeen ragal Yàlla, Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

70. Éy yaw Yonent bi, waxal jaam yi nekk ci seeni yoxo, ne : “Bu Yàlla gisee dara lu baax ci seeni xol, Dana leen jox la gën ci yéen te Dana leen jéggal. Yàlla Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

71. Bu ñu la bëggee wuruj..., lu jiitu loolu, woroon nañu Yàlla ; ba tax na Mu digle ngeen jàppe leen [ci xare Badar]. Yàlla Ku xam la, Ku xereñ la.(s)

72. Ña nga xam ne gëm nañu, te gàddaay te ñuy xare ak seeni alal ak seeni bakkan ngir Yàlla ak ña leen dalaloon di leen dimbali, ñooña ñooy ñu jàppante ña. Walla ña nga xam ne gëm nañu te gàddaayuñu, loolu du dox seen diggante feek gàddaayuñu. Waaye bu ñu sàkkoo ndimbal ci yéen ci wàllu diine, dimbal loolu war na leen ginnaaw songug nit ñoo xam ne kóllare dox na seen diggante. Yàlla Mi ngi ne jàkk ca la ngeen di def.

73. Ña weddi, dañuy jàppoo. Bu ngeen ko deful, fitna ak yàqute gu rëy dana am ci kaw suuf si.

74. Ña nga xam ne gëm nañu te gàddaay tey xare ci yoonu Yàlla ak ña leen dalaloon, di leen dimbali [Waa Ansaar], ñooña ñooy ñu gëm, ñu dëggu ña : am nañu njéggal ak xéewal gu tedd.

75. Ak ña gëm ginnaaw ga te ñu gàddaay tey xare ànd ak yéen, ñooña ci yéen lañu bokk.Waaye ña nekk ay mbokk ñoo gën a yey [ci donnante] ci Téereb Yàlla bi. Yàlla xam na lu ne.

Draft

# Saar 9 : Tuub

## 129 Laaya - Ginnaaw Gàddaay gi

1. Lii deñtalu la gu tukkee ci Yàlla ak ub Yonentam ci yéen ak ñoom bokkaalekat ya ngeen bokkal koote :

2. “Kon doxleen ci suuf si ñeneenti weer ; te nangeen xam ne nag yéen dungeen mën a raw Yàlla te nag Yàlla Kuy gàcceel yéefar yi la.”

3. Te it xamle la gu tukke ci Yàlla ak Yonentam jëm ci nit ñi, ca bisub gën gaa Màggi Aj mooy ne : Yàlla nag Ku deñ la mook Yonentam ci yéefar yi. Bu ngeen rëccoo, tuub, kon mooy gën ci yéen. Bu ngeen dëddoo [nangeen xam ne] dungeen mën a rëcc Yàlla te nanga yëgal ña weddi, mbugal mu metti.

4. Ba mu des ña nga xam ne, ca bokkaalekat ya, fasante woon nañu kóllare ak yéen, te defuñu dara lu leen wàññi, te dimbaliwuñu kenn kuy dal ci seen kaw : ñooñu, ngeen matal seen kóllare ak ñoom ba ca àpp ba. Yàlla dafa sopp ñu ragal ña [seen Boroom].

**5**. Bu weer ya ñu wormaal weesoo, reyleen bokkaalekat ya fu ngeen leen fekk. Jàppleen leen, nangeen leen gaw, nangeen toog ci fépp ñuy jaar di leen rey. Waaye bu ñu tuubee, di taxawal julli, di joxe asaka, bàyyileen leen, Yàlla nag Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.**(n)**

6. Bu kenn ci bokkaalekat ya làqoo ci yaw, làq ko ba bamuy dégg waxi Yàlla tuub, nga yóbbu ko fu mu wóolu ngir ñoom dañu di ay nit ñu xamul.

7. Naka la ay bokkaalekat di amee kóllare ak Yàlla ak Yonentam ginnaaw ña ngeen kóllaranteek woon ak ñoom ca wetu jàkka ja ñu wormaal. Feek ña ngay def njub ak yéen, defleen yéen it njub ak ñoom. Yàlla nag Dafa sopp ñay ragal seen Boroom.

8. Moo ndax ñoom bu ñu leen notoon, danañu sàmmonteek la dox seeni diggante ci wàllu mbokk. xxxxx; Ay saay-saay lañu.

9. Dañuy weccee ndigali Yàlla ak njëg yu néew, di sakk yoonam wa. Ñoom nag la ñuy def aka bon !

10. Duñu sàmmonteek ña gëmoon, ci wàllu mbokk du ci wàllu kóllare. Te ñoom ñoo di ñu jéggi dayo ña.

11. Waaye bu ñu tuubee, te taxawal julli, di joxe asaka, kon seeni mbokk lañu ci diine ji. Te Danuy leeral tegtal yi ngir nit ñuy xam.

12. Bu ñu firee seen kóllare ginnaaw ba ñu ko fasee, te di ayibal seen diine, xareleen ak njiiti yéefar yi - ndax ñoom faalewuñu kóllare - ndax xéyna ñu yem, bàyyi yooyu.(s)

13. Li leen tere xeex ak nit ñay firi seeni kóllare, te ñuy yittewoo génne Yonent bi te ñoom ñoo leen jëkk a songu ? Moo ndax dangeen leen a ragal ? Te Yàllaa gën a yey ci ngeen ragal Ko ndegam ñu gëm ngeen !

14. Xareleen ak ñoom. Yàlla Dana leen mbugal ñoom, jaare ko ci seeni yoxo yéen, te Dana leen toroxal, Dana leen dimbali ci not leen te Dana seral xoli ñi gëm ña.

15. Te Dana dindi mer mi nekk ci seeni xol. Te Dana baal ku Ko neex. Yàlla Ku xam la, Ku xereñ la.

16. Am dangeen a njortu ne Danu leen di bàyyi te Yàlla duleen nattu ba xam ñiy xareel diine te duñu jàpp xarit, bàyyi Yàlla ak Yonentam ak ña gëm ? Yàlla Ku xam li ngeen di def la.

17. Yellul bokkaalekat ya di toppatoo jàkkay Yàlla ji, te ñoom ay seede lañu ci seen weddi ga. Ñoom seeni jëf yàqu na ; te danañu leen dugal Safara fàwwu.

18. Ki yayoo dundal jàkkay Yàlla ja kay, mooy ku gëm Yàlla ak Bis-pénc ba, tey julli, di joxe asaka te du ragal kenn ku dul Yàlla. Kon ñooña, amaana ñu bokk ca ñu gindiku ña.

19. Moo ndax dangeen di yemale [jëfi] kay dàndale ñay aji tey toppatoo jàkka ju ñu wormaal ak jëfi ka gëm Yàlla ak Bis-pénc ba te xareel yoonu Yàlla ? yemuñu ca Yàlla te Yàlla du gindi nit ñuy tooñ.(r)

20. Ña nga xam ne dañoo gëm, gàddaay te ñuy xareel yoonu Yàlla ci joxe seeni alal walla seeni bakkan, ñooy ña gën a màgg dayo ya ca Yàlla... ñoom ñooy ñu texe ña.

21. Seen Boroom a leen di bégale yërmaandeem ak ngërëmam, ak i Àjjana yu ñuy ame xéewal gu sax

22. dañu fay dëkk fàwwu. Pey gu màgg moo nekk fa Yàlla.

Draft

23. Éy yéen ñi gëm ! Buleen def seeni baay ak seen mbokk yi ay xarit ndegam tànn nañu weddi, bàyyi ña gëm. Ku leen def xarit ca yéen... bokk na ca tooñkat ya.

24. Neel [Yaw Yonent bi] : "Su fekkee ne seeni baay ak seeni doom, ak seeni mbokk, ak seeni jabar, ak seeni jegeñaale, ak alal ju ngeen fàggu, ak njaay mu ngeen ragal mu lamb, ak kër yu leen neex ngeen gën a bëgg ci Yàlla ak Yonentam ak xareel yoonu Yàlla, kon nangeen xaar

ba Yàlla dikk ak dogalam. Yàlla du gindi nit ñu dëng".

25. Yàlla dimbali na leen ci barab yu bari. Ak ca bisu (xareb) Hunayni ba ngeen yéemoo ca nangeen baree woon te jariñuleen dara. Ba li suuf si di yaatu, lépp xat na keroog ci yéen ; ngeen wëlbatiku daw.

26. Ginnaaw ga, Yàlla wàcce dalam ga ca Yonentam ba ak ca ñu gëm ña. Mu wàcce xarekat yu ngeen gisul ak mbugalu ña weddi. Loolu mooy peyu yéefar ya.

27. Mujj Yàlla jéggal ku Ko neex ginnaaw ga, ndax Yàlla Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

28. Éy yéen ñi gëm ! Bokkaalekat ya nekkuñu lu dul sobe : buñu jege Jàkka ju ñu wormaal ja, ginnaaw seen at mii. Bu ngeen ragalee nag Yàlla, Dana leen may kon ci ngënéelam bu ko soobee. Yàlla Ku xam la, Ku xereñ la.(s)

29. Xareleen ak ñi gëmul Yàlla ak Bis-pénc ba, te duñu araamal la Yàlla ak Yonentam ba araamal ak ña dul diinewoo diine ju dëggu ja, ca ña jotoon Téere, [xareleen ak ñoom] ba ba ñuy joxe seen bopp cig mokk, di ñu toroxlu.

30. Yahuuf ya wax nañu ne : "Uzayru doomu Yàllaa", Nasraan yi wax nañu ne : "Iisaa doomu Yàllaa". Loolu seeni wax la jóge ci seeni gémmiñ. Dañoo jaare ci waxi ña weddi woon la leen jiitu. Yal na leen Yàlla alag ! Naka lañuy dummóoyoo ?

31. Dañoo jàppee seen fóore ya ak seen làbbe ya, ak Iisaa doomi Maryaama, ay yàlla, bàyyi Yàlla te digaleefuleen lu dul ñu jaamu Yàlla ja di kenn. Amul jeneen Yàlla ju dul Moom ! Sellam ga jomb na li ñu Koy bokkaale.

32. Dañoo bëgg a feye leerug Yàlla ak seen gémmiñ, te Yàlla di bañ ngir namm a mottali leeram, doonte la ñu weddi ña sib nañu loolu.

33. Moom moo yónni ab Yonentam cig njub jox ko diine ju dëggu ngir mu kaweel ko ca kaw diine yépp, doonte la bokkaalekat ya soppuñu ko.

**34**. Éy yéen ñi gëm ! Ñu bari ci fóore yi ak làbbe yi dañuy lekk alali nit ñi ciy caaxaan tey dox diggante nit ñi ak yoonu Yàlla. Te ña nga xam ne dañuy rënk wurus ak xaalis te duñu ko joxe ngir yoonu Yàlla, nanga leen yégal mbugal mu metti,**(h)**

35. Bis bu ñu leen tàngalee ci biir tàngooru Safara, danañu leen ko ñaas ca seeni jë ak ca seeni wet, ca seeni ginnaaw, ne leen : "Lii mooy la ngeen daan rënk ngir seen bopp. Kon mosleen la ngeen daan rënk."

36. Limu weer ya ca Yàlla fukk lañu ak ñaar, ni Mu ko defee ci Téereem bis ba Mu bindee asamaan yeek suuf si. Mu am ci weer yooyu ñeneent yu ñu wormaal : loolu di diine ju jub ji. Buleen tooñ seen bopp ci biir weer yooyu. Nangeen xareek way-bokkaale ya ci weer yépp, ni ñuy xareek yéen ci weer yépp. Te ngeen xam ne nag Yàlla mook way-ragal Yàlla yépp a ànd.

37. Yeex a wormaal weer yooyu nekkul lu dul luy yokk weddig yéefar yi. Danañu ca jële ag réer : danañu ko daganal cim at, araamal ko cim at, ngir sàkkoo dëppook diir bi Yàlla araamal. Tax na danañu daganal lu Yàlla araamal. Rafetal nañu leen seeni ñaawteefi jëf. Te Yàlla du gindi nit ñu di ay yéefar.

Draft

38. Éy yéen ñi gëm ! Lu tax ngeen di diis-diislu bu ñu ne leen : "Génnleen jëm ci liggéeyal yoonu Yàlla" ; Moo ndax dangeen tànn dundu àddina ? - Te xéewali àddina, ku ko dendaleek bu àllaaxira, lu tuuti lay doon !

39. Bu ngeen génnul, Dana leen teg mbugal mu metti, te wuutale leen nit ñu leen gën. Te dungeen Ko mënal dara [moom Yonent bi]. Ndax Yàlla mën na lu ne.

40. Bu ngeen ko dimbaliwul... Yàlla dimbali woon na ko, ba ko ña weddi génnee, muy ñaareelu ñaar. Ba ñu nekkee ñoom ñaar ca xunti mate muy wax ka mu àndaloon : "Bul jàq, Yàllaa ngi ànd ak nun." Yàlla wàcce dal ci moom, te Moom mu dimbali ko ak lél bu ngeen gisul, mu def kàddug ña weddi mu suufe, kàddug Yàlla di lu kawe. Ndax Yàlla Ku not la, Ku xereñ la.(s)

41. Nangeen di xeex ci woyofaay ak ci dIisaay [sawar ak tàyyeel], nangeen di xeex ci yoonu Yàlla ak seeni alal ak seeni bakkan. Loolu moo gën ci yéen, cëy bu ngeen xamoon.

42. Bu doonoon alal juy xoy-xoyi walla muy tukki bu gàtt, kon ñu toppoon la ; waaye ba mu doonee ab xare, ñangay giñ naan : "Bu nu ko mënoon, kon dananu génn ànd ak yaw dem jaay seen bakkan.". Te Yàlla xam na ne dañuy fen.

43. Yàlla baal na la li nga leen may dingalul ñu toog te nattuwooleen ba xam ña ca wax dëgg ak ña ca di ay fenkat.

44. Ña gëm Yàlla, gëm Bis bu mujj ba, duñu la ñaan mukk ndigalul bañ a dem xare ; ñoom kay dañuy xeex ci yoonu Yàlla ak seeni alal ak seeni bakkan. Yàlla xàmmee na ña ragal Yàlla de.

45. Ñay laaj ndigal kay ñooy ña gëmul Yàlla ak Bis bu mujj ba, te seeni xol di fer-feri, ñuy jiixi-jaaxa.

46. Waay-waay bu ñu bëggoon a génn xare ji, kon danañu waaj ba jekk. Waaye Yàlla daleen a sib; tàyyeel-loo leen. Ba tax na ñu ne leen : "Fafleen toog rekk".(r)

47. Te sax ñoom bu ñu génnoon, ànd ak yéen, dem xare ji, garaawaali rekk lañu leen fay dolli ak fàbbi nit ñi. Te Yàlla xam na tooñkat yi.

48. Fitna rekk lañu daan sàkku, ñu nekk ñu daan la ko wëlbatile mbir yi, ba dëgg ñëw, seen mbir wuññiku feeñ, te sañuñu koo bañ.

49. Am na ci ñoom ñuy ñaan ndigalul toog ba noppi naan : "Bul ma fitnaal nag.". Ñoom tàbbi ñañu ci biir fitna ba noppi ; te Safaraa nga gaw yéefar ya ci wet gu nekk.

50. Boo amee mbégte, ñu mer. Bu la naqar dalee, ñu bég ca, te naan : "Ndokk ba demunu woon." Et ils se détournent tout en exultant.

51. Waxal ne : "Dara mënunoo dal lu dul lu Yàlla bind ci nun rekk. Te Mooy sunu Kilifa. Te it ñi gëm, nañuy wéeru ci Yàlla".

52. Waxal ne : "Yéen a ngi nuy tuŋlu, te nun lu mën a xew, dananu am benn ci ñaari ndam yi [dee Chahiid walla nu dàq leen, not leen], benn Yàlla mbugal leen ci sunuy loxo, walla Mu xaroo leen ko ba ëllëg. Kon book nanu ànd di tuŋlu".

53. Waxal ne : "Génneleen seeni alal, mu neex walla mu naqari leen : ak lu mën a xew, Yàlla du ko nangu, te sax yéen ay saay-saay ngeen".

54. Li waral seen alal jooju Yàlla du ko nangu, moo di ne dañoo weddi Yàlla ak ub Yonentam, tàyyeel lool ci julli, nay lool ci li ñuy joxe.

55. Bula seeni alal yéem, naka noonu bula seeni doom yéem ! Yàlla nammul lu dul mbugal leen ci loolu ci dundug àddina si, ak ca roccig seeni ruu fekk ñu nekk di ay yéefar.(s)

56. Ñuy waat ci Yàlla, naan ñoom ci yéen lañu bokk ; te bokkuñu ci yéen. Waaye ñoom dañoo ragal rekk ngeen dal (ci seen kaw).

57. Bu ñu amoon làquwaay walla xunti walla fu ñu dugg (ba raw), kon ñu dëddu jëm fa te gaaw ca.

58. Am na ci ñoom ñu la ayibal ci sarax yi : ku leen ca joxoon ñu bég ca ; ku leen joxul ñu xundu.

59. Lu tee ñu bég ca la leen Yàlla ak Yonentam jox ? Tey wax : “Yàlla doy nanu. Yàlla Dana nu jox ci mbaaxam ak Yonentam it !... Nun way-xemmem lanu jëm ci Yàlla”.

60. Asaka, ñi ko yeyoo ñooy ñi néew am-am, yalwaankat yi, ñi koy toppatoo, ñi ñu bëgg nooyal seen xol (ci Lislaam) ak ci goreel jaam, ña bor sonnal, ak ca lu jëm ci diiney Yàlla, ak doxandeem bu nekk ci tukki. Looloo di li Yàlla santaane ! Te Yàlla Ku xam la, Ku xereñ la.

61. Am na ci ñoom ñuy lor Yonent bi, naan : “Benn nopp la”. - Neel : “Nopp bu yiw la ci yéen. Gëm na Yàlla te wóolu na way-gëm ña, te yërmaande la ci ñi gëm ci yéen. Te ñiy lor Yonentub Yàlla bi, mbugal mu metti ñeel na leen.(n)

62. Ña nga lay waatal ci Yàlla ngir am seen ngërëm. Te Yàlla ak Yonentam ñoo gën a yey ci ñoom sàkku seen ngërëm ndeem ñu gëm lañu.

63. Moo ndax dañoo xamul ne (li wóor mooy) ne ku juuyook Yàlla ak Yonentam, dana ko ñeel ci loolu tàngooru Safara, fu muy sax ba fàwwu ? Muy gàcce gu mag.

64. Naaféq ya danañu ragal aw saar wàcc feeñal li nekk ci seeni xol. Neeleen : “Ñaawleleen ! Yàlla Dana génne li ngeen di ragal (mu génn)”.

65. Te boo leen laajoon, Giñ naa ne danañu wax naan : “Nun dey danu doon caaxaan.”. Neeleen : “Kon daal yéen Yàlla ngeen di fowe ?”

66. Buleen lay : weddi ngeen ba noppi ginnaaw seen ngëm. Ndeem Dananu jéggal ab kurél ci yéen, Dananu mbugal it ab kurél ngir dañoo nekkoon di ay saay-saay.

67. Naaféq yu góor ya ak naaféq yu jigéen ya dañuy digalante lu bon, dàq lu baax, di téyee seeni yoxo (bañ a joxe). Dañuy fàtte Yàlla ba tax Mu fàtte leen. Naaféq ya ñoom ñooy saay- saay sa.

68. Yàlla dig na naaféq yu góor ya ak naaféq yu jigéen ya ak yéefar ya aw tàngoor ca Safara. Dañu fay béel. Moom doy na leen (mbugal). Te Yàlla rëbb na leen. Am nañu mbugal mu sax.

69. Noonu niki ña leen fi jiitu woon : ñoo leen ëppoon doole, ëpp leen alal ak i doom. Bànneexu nañu ci seen cër, yéen it bànneexuleen ci seen cër niki ña leen fi jiitu woon bànneexoo woon ci seeni cër. Te xuus ngeen (ciy caaxaan) na ñu ca xuusee woon. Ñooy ña nga xam ne seen jëf yàqu na ci àddina ak àllaaxira te ñoom yàqule nañu.

70. Moo ndax daleen a dikkalul xew-xewi ña leen jiitu woon : nitu Nooh ak nitu Haad ak Samuuda, ak nitu Ibraahiima, ak waa Madyaana, ak ña ñu wëlbati seeni dëkk ? Seeni Yonent dikkoon nañu ca ñoom, ànd ak ay lay yu leer. Te Yàlla tooñuleen woon, waaye ñoom ñoo tooñ seen bopp.(s)

71. Te way-gëm yu góor yi ak way-gëm yu jigéen ya, ay xarit lañu. Dañuy digalante lu baax, di tere lu bon, tey taxawal julli, di joxe asaka, tey topp Yàlla ak ub Yonentam. Ñooña, Yàlla Dana leen yëram, naka Yàlla, Ku not la, Ku xereñ la.

72. Yàlla digal na way-gëm yu góor yi ak way-gëm yu jigéen yi Àjjana joo xam ne ay dex ñooy daw ci suufam, dañu fay béel, ak dëkkuwaay yu sell ca Àjjana ju sax ja. Te ngërëmul Yàlla moo gën a màgg, te loolu nag moo di texe gu màgg ga.

73. Éy yaw Yonent bi, nanga xeex ak yéefar yi ak naaféq yi, te nanga leen tiisal ; seen dëkkuwaay Safara la, te moo yées ci delluwaay !

74. Ñangay waat ci Yàlla ne waxuñu dara, te wér na ne wax nañu baati weddi te tàbbi nañu ci kéefar ginnaaw ba ñu duggee ci Lislaam. Te ñangay ittewoo lu ñu mënul a am. Te amuñu la ñuy sàkku lu dul Yàlla - ak Yonentam - dafa leen jox ci mbaaxam koom-koom. Bu ñu tuuboon, mooy gën ci ñoom. Su ñu lànkee, féttéerlu, Yàlla Dana leen mbugal mbugal mu metti ci àddina ak àllaaxira ; te duñu am ci kaw suuf ku ñuy wéeru mu méngoo seeni mbir walla ku leen dimbali.

75. Ci ñoom, am na ñu warlul Yàlla, ne : “Bu nu Yàlla mayoon ci mbaaxam (alal), kon dey dananu natt asaka, te it dananu bokk ca ñu baax ña”.(r)

76. Ba leen Yàlla mayee ci mbaaxam (alal), ñu nay ci joxe, ginnaaw ba ñu fuuyu.

77. Tax na Yàlla wuutale ci seen xol naaféq ba kera ñuy dajeek Moom ngir la ñu wor Yàlla ca la ñu ko digoon ak ca la ñu doon fen.

78. Moo ndax dañoo xamul ne Yàlla xam na seen mbóot ya nëbbu ak seenub déeyoo, te nag Yàlla mooy xamaakoonub kumpa.

79. Ña nga xam ne dañuy ayibal (sikkal) way-coobarewu ña ci jullit yi ci natt asaka, ak ña nga xam ne amuñu leneen lu dul seeni kàttan ba tax ñuy reetaan lenn ca ñoom. Yàlla Dana leen yéjji te danañu am mbugal mu metti.

80. Nga balul leen walla nga bañ leen a balul (moo yem) - soo leen baluloon juróom-ñaar fukki yoon - du tax Yàlla baal leen mukk. Ngir dañoo weddi Yàlla ak ub Yonentam te Yàlla du gindi aw nit ñu di ay saay-saay.

81. Ña dem bañ a xeexal Lislaam, bég nañu ca seenub toogaay ngir juuyook Yonent Yàlla bi, te soppuñu di xeex ak seeni alal ak seeni bakkan ngir Yàlla, ñuy wax naan : “Buleen génn xare ji ci tàngaay bi !”. Neel : “Tàngaaru Safara moo gën a tar.” - Cëy bu ñu xamoon ! -

82. Nañuy ree lu néew (ci àddina), danañu jooy lu bari (ca àllaaxira) mu di seenug pey ca la ñu doon fàggu.

Draft

83. Bu la Yàlla delloo ci ab kurél ñoom, te ñu ñaan la ndigalul génn (ànd ak yaw), neeleen : “Dootuleen génn mukk di ànd ak man, te it dootuleen xare ak noon yi ànd ak man. Ndax yéen tànnoon ngeen toog ca njalbéen ga ; kon nag toogleen, ànd ak way-des ña ginnaaw”.

84. Bul jullee kenn ku dee ci ñoom, te bul taxaw mukk ci bàmmeelam, ndax ñoom dañoo weddi Yàlla ak ub Yonentam ba ñuy dee, fekk ñu di ay saay-saay.

85. Bumu la yéem seeni alal ak seeni doom ! Yàlla Daleen a namm a mbugal ci yooyu ci àddina, te bu seeni ruu di rot fekk ñu di ay yéefar. (s)

86. Bu aw saar wàccee (di leen ñaax) ci gëm Yàlla ak ànd xare ak ub Yonentam, woroom alal ya ca ñoom di laaj ndigal, naan : “Bàyyinu nu ànd ak ñay toog”.

87. Neex na leen ñu ànd ak way-des ginnaaw ña. Tax na tëjeef na seeni xol ba ñoom dootuñu am dégg-dégg.

88. Waaye Yonent bi ak ña ànd ak moom ci ngëm, ñangay xare ak seeni alal ak seeni bakkan. Ñoom am nañu ay ngëneel te ñoom texe nañu.

89. Yàlla xaroo na leen Àjjana joo xam ne ay dex ñooy daw ci suufam te dañu fay béel. Loolu moo di texe gu màgg ga !

90. Ñiy sàkku ngànt (ci bañ a dem) xare ji ca sàmm sa, nekk nañu ngir ñu am ci ndigal. Ña weddi Yàlla ak ub Yonentam, toog nañu. Ña weedi ca ñoom, mbugal mu metti dana leen dal.

91. Ña néew dolle ak ña wopp, ak ñi amul yóbbal, amuñu bàkkaar (ci toog bañ a xare ji) ndeem ñu rafet yéene lañu ci Yàlla ak ub Yonentam. Naka noonu it, ca ñay rafetal seeni jëf. Yàlla ab Jéggalaakoon la, ab Jaglewaakoon la.

92. Ña nga xam ne bu ñu dikkee ci yaw di sàkku waruwaay, nanga leen di wax ne amuloo lu ñu mën a war, ñu dellu ànd ak naqar, di jooy ngir jàq ca la ñu amul waajtaay, ñoom it amuñu bàkkaar. Kenn du am ci ñoom aw yoon.

93. Ñay am bàkkaar kay ñoo di ña woomal te di la laaj ndigal ci bañ a dem xare ji, bëgg a ànd ak ñay fuuyu. Yàlla fatt na seeni xol te ñoom xamuñu. Ñoom kenn du mën a am ci ñoom aw yoon.

**94**. Danañu ñëw ci yéen di lay bu ngeen dellusee. Neel : “Buleen lay : dunuleen gëm mukk. Yàlla nettali nanu ba noppi seen mbir. Te Yàlla ak ub Yonentam Danañu gis seeni jëf. Nu door leen a delloo fa Ajixam ja kumpa ak la feeñ, Mu xamal leen li ngeen daan def.**(h)**

95. Danañu leen waatal ci Yàlla, ba ngeen dellusee ci ñoom, ngir ngeen bañ leen a sikk. Waaye nangeen leen dëddu. Ñoom nag sobe lañu te seen delluwaay mooy Safara, muy peyug la ñu nekkoon di ko fàggu.

96. Ñanga leen di waatal ngir ngeen nangu (seeni ngànt), rafet njort ci ñoom. Bu ngeen nangoo seeni lay, Yàlla du nangul aw lay nit ñu di ay saay-saay.

97. Sàmm sa, ñoo gën a tar ag weddi ak ug naaféq, te gën a yey ci ñàkk a xam ndigal yi Yàlla wàcce cib Yonentam. Yàlla nag Ku xam la, Ku xereñ la.

98. Am na ci sàmm si ñu jàpp ni, la ñu joxe (ngir Yàlla) lu yàqu la, tax na ñuy seentu xew- xew (bu bon dal leeen). Yal na xew-xew bu bon (ba ñuy seentu) dal ci seen kaw ! Yàlla Kuy dégg la, Kuy xam la.

99. Am na it ca sàmm sa, ñu gëm Yàlla ak Bis-pénc ba te jàpp nañu ne la ñuy joxe (ngir Yàlla), ag jaamu Yàlla la ak ug julli ci Yonent bi. Moo ndax loolu dafa nekkul di ag jege Yàlla ci ñoom? Yàlla Dana leen dugal ci yërmaandeem. Yàlla Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

100. Ña jiitu woon bu jëkk ca ña gàddaayoon (Muhaajiruuna ya) ak ña leen dalaloon (Lansaar ya) ak ña leen toppoon cig rafetal (seeni jëf), Yàlla bég na ci ñoom, te ñoom it bég nañu ci Yàlla. Te it sédde na leen Àjjana joo xam ne ay dex ñooy daw ci suufam te dañu fay béel ba fàwwu. Loolu moo di texe gu màgg ga !

101. Am na it ca sàmm sa nekk ca seen wet, ay naaféq, ak waa (Madina). Am na ñu téppeeral cig naaféq. Xamuloo leen, (waaye) Nun xam Nanu leen. Dananu leen mbugal ñaari yoon ba noppi Nu door leen a delloo ca mbugal mu màgg ma.(s)

102. Ak ñeneen ña nangu seeni bàkkaar (tuub nañu), jaxase woon nañu jëf yu sell ak yeneen yu ñaaw. Xéy-na Yàlla jéggal leen. Yàlla nag Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

103. Jëlal ci seen alal ab sarax (asaka) ngir laabal leen ca ak sellal leen ca, te nga ñaanal leen. Ndax sa ñaan dalum xel la ci ñoom. Te Yàlla Kuy dégg la, Kuy xam la.

104. Moo ndax dañoo xamul ne Yàlla Moom Dana nangu tuub ciy jaamam, te Dana jël it sarax ya, te Moom Yàlla Mooy Nanguwaakoon cig tuub, di Jaglewaakoon.

105. Neel : "Jëfleen (lu leen soob), Yàlla ak ub Yonentam ak jullit ña, Danañu gis seeni jëf, te dees na leen delloo ca Aji-xam ja kumpa ak la feeñ. Mu xamal leen la ngeen daan def".

106. Ak ñeneen ñoo xam ne dees na leen yeexe ci ndigalul Yàlla, mën naa am Mu mbugal leen, mën naa am it Mu jéggal leen. Yàlla Ku xam la, Ku xereñ la.

107. Ña nga xam ne dañoo defar jàkka ngir bëgg a lore ak weddi ak téqale way-gëm ña, ak di fàggul (pexem ña fay julli) ku xeex ak Yàlla ak ub Yonentam ca njalbeen ga, ak ngir mën a giñ ne bëgguñu lu dul lu baax. Yàlla seede ne li wóor mooy dañuy fen.

108. Bul ca taxaw mukk. Ca njalbeenu bis (ba nga wàccee Madina), moo gën a yey ci nga taxaw fa. Aw góor a nga fa, ñoo xam ne, sopp nañu jéem a nekk ñu laab, te Yàlla sopp na ñu laab ña.

Draft

109. Moo ndax ku samp ab tabaxam cig ragal Yàlla ak yaakaar ngërëmam moo gën ? Walla ku sampu tabaxam ci pindub kàmbu gu joy jëm ci daanu ca biir Safara ? Te Yàlla du gindu aw nit ñu di ay tooñkat.

110. Tabax ba ñu tabax du noppee nekk sikki-sàkka ca seeni xol ba ba seeni xol di daggatoo (ba ba ñuy dee). Te Yàlla Ku xam la, Ku xereñ la.

111. Yàlla nag jënd na, ca ña gëm, seeni bakkan ak seeni alal, feye na leen Àjjana. Ndax ñangay xeex ci yoonu Yàlla : di reye, ñu di leen rey. Muy dig bu réy ca Yàlla ci dëgg (na Mu ko waxe) ci Tawreet ak Injiil ak ca Alxuraan. Ana kan moo gën a matal kóllareem ci Yàlla ? Kon bégleen ci njaay mi ngeen jaayanteek Moom. Te loolu moo di texe gu mag ga.(r)

112. (Ñooña) ñuy tuub lañu, di ñuy jaamu Yàlla, di Ko sant, di ñuy woor, di lunku di sujjóot (julli), di digle lu baax, di tere lu bon, di wattu dëeli Yàlla yi (daytal)... bégalal ña gëm.

113. Yellul ci Yonent bi ak ñi gëm ñuy baalul bokkaalekat yi, doonte la sax mbokk lañu ginnaaw ba mu leen biree ne ñoom ñuy dugg Safara lañu.

114. Te it jéggalu ga Ibraayiima doon jéggalul baayam, du utoon dara lu dul ab dig bu mu ko digoon. (Waaye), ba mu ko leeree ne noonub Yàlla la (moom baayam), dafa deñ ba set wecc ci loolu. Ibraahiima ab delluwaakoon la ci Boroomam, ku lewet la.

115. Yàlla du bàyyi ñoo xam ne gindi na leen ba noppi ñuy tàbbiwaat cig réer, te leeralal na leen la ñu war a ragal. Yàlla xam na lépp.

116. Yàllaa moom nguurug asamaan yi ak suuf si. Mooy dundal, di rey. Te amuleen wéeruwaay walla ku leen mën a dimbali ku dul Moom (Yàlla).

117. Yàlla jéggal na ba noppi Yonent ba ak way-gàddaay ña (Muhaajiruun ya) ak ña leen dalaloon (Lansaar ya) ñoom ña nga xam ne toppoon nañu ko ca jamono ju jafe ja, ginnaaw ba xoli lenn ca ñoom xawoon a jeng. Mu jéggal leen ndax Moom (Yàlla) Ku ñeewant la, di Jaglewaakoon ci ñoom.

118. Ak ñett ñañu bàyyi woon ginnaaw ba tax li suuf si yaatu yépp, lépp xat ci ñoom ; te it seeni jëf xat ci ñoom ba ñu jort ne amul wenn wéeruwaay (wuy musle) ci Yàlla ju dul Moom Yàlla. Mu daldi leen jéggal ngir ñu tuub (rëccu). Naka Yàlla Nanguwaakoonu tuub la, Jaglewaakoon la.(s)

119. Éy yéen way-gëm ñi ! Nangeen ragal Yàlla te ànd ak ñu dëggu ña.

120. Yellul ci ñi dëkk Madina ak sàmm sa ko wër, ñuy des ginnaaw, di bàyyi Yonent bi (buy dem jareji), te buleen seeni bakkan gënal bosam. Ndax ñoom, mar walla coono, walla xiif, duleen dale ci yoonu Yàlla, te duñu dëkk senn suuf (soo xam ne, danañu ca taxaw lu dul ne) dana metti yéefar ya, te it duñu am genn nooteel cib noon, te Dana leen ko bindal muy jëf yu yiw ñeel leen. Yàlla du sànk mukk peyug ñiy rafetal.

121. Te duñu joxe alal ju tuuti, walla ju bari, te it duñu jàll aw xur lu dul ne dees na leen ko bindal, Yàlla feye leen ko lu gën a rafetal.

122. Warul ci jullit ñépp dem (xareji). Lu tere mbooloo mu ne mu am ñu ca dem (xamluji) xam-xamu diine, ba bu ñu delsee ca seeni mbokk, waar leen ngir ñu mën a wattandiku.

123. Éy yéen ñi gëm ! Xeexleen ak ñi leen jegeñ ci yéefar yi ; nañu fekk ci yéen dëgër gu mat sëkk. Te ngeen xam ne Yàllaa ngi ànd ak ñi ragal Yàlla.

**124**. Te bu aw saar mësaan a wàcc, dana am ci ñooña (naaféq) ya, ñuy wax naan : "Ana kan la lii mën a dolli ngëmam ?". Waaye, ña nga xam ne ñoom gëm nañu, Dana leen yokk ngëm, te it danañu ca bég.**(n)**

Draft

125. Ña nga xam ne jàngaro nekk na ci seen xol ya, dafay nekk ci ñoom kéefar guy dolliku cig kéefar, te ci kéefar googu lañuy deewaale.

126. Moo ndax dañoo gisul ne at mu nekk dees na leen not benn walla ñaari yoon ? Te ñooña, duñu tuub, duñu waaru.

127. Te su ñu wàccee aw saar ñu daldi xoolante, daldi wax ne : "Moo ndax am na ku nu gis ?". Daldi wëlbëtiku. Yal na Yàlla wëlbëti seeni xol ndax ñoom, aw nit lañu ñu amul genn dégg-dégg.

128. Ab Yonent dikkal na leen bu bokk ci yéen, seeni coono tiis ci moom, di ku xér ci ngeen jub, di ku am ñeewant ak yërmaande ci jullit ñi.

129. Bu ñu dëddoo, neel : "Yàlla doy na ma. Amul jenn yàlla ju dul Moom. Te Moom laay dëgërloo ; te Moom moo di Boroom gàngunaay gu màgg ga (Aras)".

# Saar 10 : Yunus

## 109 saar - Laata Gàddaay gi

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Alif, Laam, Raa. Lii ay laayay Téere bu ñu xereñe lañu.

2. Moo ndax dafa dul yéem ci nit ñi, Nu soloo (xamal) góor gu bokk ci ñoom : "Ndigalul waar nit ñi ci bégal way-gëm ñi te xamal leen ne, am nañu fa seen Boroom dawal bu di dëgg ? Ña weddi ñoom nee nañu : "Lii dey ag njibar gu fés la".(s)

3. Yàlla seen Boroom nag Mooy ki bind asamaan yi ak suuf si ci juróom-benni fan, topp Mu yemoo ca gàngunaay ga (Haras), di settantal mbir ya (ndigal ya). Amul kenn ku mën a ramm te du ci ndigalam. Kookoo di seen Boroom. Jaamuleen Ko. Moo ndax dungeen fàttaliku ?

4. Seen delluwaay yéen ñépp ca Moom la jëm, mooy digub Yàlla bu dëggu ba ! Moom moo sos mbindéef yi (booba dara amul), Moo leen di delloosi (ginnaaw bu ñu dee ba ràpp) ngir Mu feye ña gëm pey gu duun. Waaye ña weddi woon ñoom, seenug naan, ndox mu tàng lay doon ak mbugal mu metti, muy peyug seenug weddi !

5. Moom mooy ki jox jant bi tàkk-tàkk, jox weer wi leeraay te dogal ko ay wàccuwaay ndax ngeen mën a xam limu at yi ak mën a waññi. Yàlla bindul loolu lu dul ci dëgg. Te Dana biralal tegtal ya nit ñay xam.

6. Nekk na ci jéllasanteb guddi gi ak bëccëg gi, ak li Yàlla sàkk ci asamaan yi ak suuf si, ay kéemaan ci nit ñu ragal (Yàlla).

7. Ña nga xam ne nag yaakaaruñoo dajeek Nun, te tànn dundug àddina gii, doyloo ko, ak ña nga xam ne sàggane nañu Sunuy ndigal,

8. ñooña seen delluwaay moo di Safara ngir la ñu fàggu.

9. Ña nga xam ne gëm nañu tey jëf yu yiw, seen Boroom dana leen wommat ngir seen ngëm, tàbbal leen Àjjanay xéewal. Ay dex di daw ci seen suuf.

10. Seenug jaamu foofa mooy di wax naan : “Cëy sellug sunu Boroom”, te seenug nuyyoo foofa mooy : “Jàmm rekk”, te la ñuy mujjeel ca seenug jaamu, moo di ñu wax ne: “Mbooleem xeeti cant yi ñeel na Yàlla Boroom àddina si”.

11. Bu Yàlla gaawe woon àtte nit ñi ci mettit kem ni ñu yàkkamtee am alal, àttekoon na seenug yàkkamti. Waaye Dananu bàyyi ña nga xam ne yaakaaruñoo dajeek Nun ñuy laam- laame ca seen biir ngëlamte.(r)

12. Nit, bu ko aw naqar dalee, mu daldi Nuy woo, (moo xam dakoo fekk mu) tëdd walla mu toog walla taxaw. Te bu Nu ko tekkilee naqaram woowu, muy wéy (ci kéefaram), fakk mel ni mësunoo woo ci naqar wu ko dal. Noonu la jekkee woon ca ñoom bokkaalekat ya la ñu daan def.

13. Alag Nanu ay xeet yu bari yu leen jiitu ba ñu tooñee, te Yonent dikkal leen ak i lay yu leer nàññ. Te nanguwuñuleen woon a gëm. Noonu la Nuy feyee nit ñu di ay saay-saay.

14. Ba noppi Nu def leen ngeen wuutu leen ci suuf si ci seen ginnaaw, ngir Nu seetlu naka ngeen di def.

15. Te bu ñu jàngee ci seen kanam Sunuy kàddu yu leer yi, ña yaakarul a dajeek Nun wax ne : “Indil weneen jàngin wu wuuteek wii” mbaa “Nga soppi ko”. Neel : “Yellul ci man ma soppi ko ci sama coobare bopp. Duma topp lu dul la ñu ma soloo. Ragal naa, su ma moyee sama Boroom, mbugalum bis bu rëy (dal ma)”.

16. Neel : “Bu sooboon Yàlla, duma leen ko jàngal te duma leen ko xamal. Ndax dundu naak yéen ay at lu ko jiitu. Moo ndax dangeen dul xel-lu ?”.

17. Ana kan moo gën a tooñ kuy duural Yàlla ay fen, walla di weddi ay tegtalam ? Ak lu mën a xew, saay-saay sa duñu texe.

18. Dañuy jaamu, bàyyi Yàlla, loo xam ne duleen mën a lor, duleen mën a jariñ dara, ñuy wax naan : “Ñii ñoo nuy rammu fa Yàlla”. Neel : “Ndax dangeen a mën a xamal Yàlla lu Mu xamul ci asamaan yi ak suuf si ?”. Kañ naa Ko, te kawe na lool la ñu Koy bokkaale !

19. Nit ñi nekkuñu woon lu dul wenn xeet. Ñu juuyoo. Te bu dul koon waxi Yàlla ja jiitu woon, àttekoon na seeni diggante ca la ñu juuyoo. (s)

Draft

20. Ñuy wax naan : “Lu tee woon ñu wàcce ci moom laaya ju tukkee ca Boroomam ?”. Neel : “Lu fàddu (di kumpa) Yàlla rekk a ko xam. Kon nanga muñandiku ; Man nag, maa ngi ànd ak yéen bokk ca way-muñandiku ña.

21. Su Nu musalee nit ci yërmaande [niki taw] ginnaaw ba leen naqar dalee, ñuy def i pexe ci Sunuy tegtal. Neel : “Yàllaa gën a gaaw ciy pexe”. Sunuy ndaw danañu bind li ngeen di fexe de.

22. Moom mooy ki leen doxloo, ci suuf si ak ci géej gi, ba ngeen nekkee ca gaal ga. Te gaal googu daw ak ñoom ci ngelaw lu teey. Ñu bég ca ba ngelaw lu tar songu leen, duusi géej wër leen ci wet gu nekk, ba ñu njortu ne ñoom alageef na leen, ñuy ñaan Yàlla, di sellal diineem, di [giñ] ne: “Boo Nu musalee ci lii, fàwwu dananu bokk ci way-sant ña [Yàlla] !”

23. Ba Nu leen musalee, ñu daldi beew ci kaw suuf si ci lu dul dëgg. Éy yéen nit ñi ! Seen beew googu tooñuleen ci kenn ku dul seen bopp. Muy yóbbalub àdduna. Ba noppi nag ngeen dellu jëm ci Nun, Nu xamal leen la ngeen doon def.

24. Nirale dundug àddina nekkul lu dul lu mel ni ndox mu ñu wàcce mu jóge asamaan sa, gàncax ga ràbboo ci suuf si [ngir màndi ci ndox moomu], muy li nit ñi ak mala yi di lekk. Bu suuf si jot taaram ci rafet ba ña ca dëkk am yaakaar ne am nañu kàttan ci moom, Sunu dogal dikkal ko guddi walla bëccëg, Nu def ko ni lu ñu góob, mu mel ni nekku fa woon démb. Noonu Lanuy leerale laaya yi ci nit ñoo xam ne danañu xalaat.

25. Yàllaa ngi woote jëme [ci topp ndigal] ca këru jàmm ga, te Dana jubal ku ko soob jëme ko ca yoon wu jub wa xocc.

**26**. Ñay rafetal, am nañu li gën a baax [Àjjana] ak ndollant [Gis Yàlla]. Te seeni kanam du muuru ngir njàqare walla toroxte. Ñooña ñooy duggu Àjjana te dañu fay béel.**(h)**

27. Ña nga xam ne dañoo fàggu lu ñaaw, am nañu lu ñaaw lu ko niru. Te la ñu yayoo mooy toroxte, - te duñu am kenn ku leen musal ci Yàlla -, daanaka day mel ni seeni kanam dañoo muuru ak daggitu guddi gu lëndëm. Ñooña ñoo dugg Safara te dañu fay béel.

28. Te bis ba ñu leen dajalee ñoom ñépp, te ñu wax ña daan bokkaale : “Beruleen fale ak seeni xërëm ya.”. Dananu téqale seeni diggante, seen xërëm ya naan : “Du nun ñii lañu doon jaamu de”.

29. Te Yàlla doy na seede ci sunu diggante ak yéen. Nekkewunu woon lu dul di ñàkk a faale seenug jaamu".

30. Noonu, bakkan bu nekk la mu jëfoon sadd ko. Ñu delloo leen ca seen Boroom muy dëgg ; ya ñu daan sos réer leen.

31. Neel : "Ana kan moo leen di jox xéewal yu jóge kaw asamaan ak ci suuf si ? Kan moo moom dégg-dégg [nopp yi], ak gis-gis [bët yi], ana kan mooy génne luy dundu ci lu dee, di génne lu dee ci lu dundu, ana kan mooy dogal mbir yi ?". Danañu toontu ne : "Yàlla". Neeleen kon : "Lu leen teree ragal Yàlla ?".

32. Kon noonu la, Yàlla di seen Boroom ba di dëgg ga. Kon lan moo nekk ci ginnaaw dëgg lu dul ag réer ? Kon naka leen leen mën a wëlbatee ?".

33. Noonu la sa kàddug Boroom yayee te dal ca kaw ña di ay saay-saay ndax gëmuñu.

34. Neel : "Ndax am na ci ña ngeen di bokkaaleek [Yàlla] kuy sos mbindéef, mën koo dundal [gannaaw ba mu deewee]?". Neel : "Yàlla rekk a mën a sos mbindéef te mën koo dundal. Kon naka lees leen di wëlbatee ?".

35. Neel : "Yàlla rekkay gindee jëme ci dëgg. Moo ndax du Kiy gindee jëme ci dëgg moo gën a yey ci ñu topp ko, walla ka nga xam ne du gindee, lu dul ñu di ko gindi ? Kon lu leen jot te naka ngeen di àttee ?".

Draft

36. Li ëpp ci ñoom, toppuñu lu dul ay njort. Te njort du jariñ dara ci dëgg ! Yàlla naka Ku xam xéll la li ngeen di def.

37. Alxuraan jii nekkul lu ñu duur bàyyi Yàlla, waaye dafa nekk di luy dëggal la ko jiitu tey settantal Téere ba nga xam ne sikk nekkul ci ne ma nga tukkee ca Boroom àddina si.(S)

38. Am dañoo wax ne : "Dafa koo duur" ? Neel : "Indileen saar wu ni mel, te woo ku leen neex ba mu des Yàlla [mu dimbali leen ci loolu] ndeem ñu dëggu ngeen".

39. Déedéet : weddi nañu loo xam ne amuñu xam-xamam te ag leeralam agsiwul ci ñoom. Noonu la ña leen jiitu weddee woon. Waaye xoolal rekk la mujjug tooñkat ya deme woon !

40. Te kat am na ci ñoom ñu ko gëm, am na it ñu ko gëmul. Te sa Boroom moo gën a xam yàqkat ya.

41. Bu ñu la weddee, neel : "Sama jëf laa moom, ngeen moom seeni jëf. Yéen deñ ngeen ci li may jëf, man it set naa wecc ci li ngeen di dëf".

42. Te am na ci ñoom ñu lay déglu. Moo ndax yaw mën nga dégglоо ab tëx, doonte la nekkuñu ñu am i xel.

43. Te am na ci ñoom ñu lay xool. Moo ndax dangay gindi gumba, doonte dañu dul gis ?

44. Yàlla nag du tooñ nit ci dara, waaye nit ñi ñooy tooñ seen bopp.

45. Bis bu leen Yàlla dajalee, dana mel ni tooguñu [ca seeni bàmmeel] lu dul diirub benn waxtu cig bëccëg, ñuy xamante. Te ña weddi woon ne dajeek Yàlla dana am, yàqule nañu ndax nekkuñu woon ñu gindiku.

46. Te Nu won la dara ca la Nu leen tëkkoo, walla Nu rey la [Yaw Muhammad], lu mu ca doon seenug delluwaay ci Nun la jëmsi. Ba noppi, Yàlla nekk di seede ca lañu daan def.

47. Xeet wu nekk am na ab Yonent. Bu seenub Yonent agsee rekk, dees na àtte seen diggante ci maandute, te kenn duleen tooñ.

48. Ñu naan : "Boobu dig kañ lay doon, ndegam ñu dëggu ngeen" ?

49. Neel : "Mënaluma sama bopp lor walla njariñ, lu dul lu neex Yàlla. Xeet wu nekk am na àpp. Bu seen àpp matee, deefuleen yeexe wenn waxtu, te duñu jiitu it àpp ba".(r)

50. Neel : "Waaw waxleen ma ! Bu leen mbugal bettoon guddi walla bëccëg, lan la bàkkaarkat yi mën a gaawal ?

51. "Moo ndax bu agsee ngeen koy door a gëm ? [Kon deef na leen wax : "Léegi, yéen a ngi ci biir ba noppi".] Te yéen a ngi koy yàkkamti".

52. Topp waxees tooñkat ya : "Ayca mosleen mbugal mu sax dàkk ! Moo ndax dees na leen feye lu wuuteek la ngeen doon fàggu ?"

53. Te danañu sàkku nga leeral : "Ndax loolu dëgg la ?" - Neel : "Waawaaw ! Giñ naa ci sama Boroom ne dëgg la !Te yéen dungeen mën a raw".

54. Bépp bakkan bu tooñ, bu amoon li nekk ci àddina si, dana ko nangoo joxe ngir jotoo ko.Te bu ñu gisee mbugal ma, dana jéem a nëbb seenug rëccu. Waaye deef na àtte seeni diggante ci maandute, te kenn duleen tooñ [ci wàññil leen dara]..

55. Moo ndax dafa nekkul ne Yàlla moo moom li nekk ci asamaan yi ak suuf si. Digub Yàlla mooy dëgg tigi. Waaye li ëpp ci ñoom xamuñu.

56. Moom mooy dundal, Mooy rey ; te ci Moom ngeen di dellu.

57. Éy yéen nit ñi ! Ag waaraate dikkal na leen, jóge ci seen Boroom, di saafara li nekk ci seen xol yi, di gindee, di yërmaandey ñi gëm.

58. Neel : “Bégleen ci xéewal ak yërmaande ; te loolu lépp moo gën la ñu daan dajale [ci alal]”.

59. Neel : “Moo ndax gis ngeen li leen Yàlla wàcceel ci xéewal, ngeen jàpp ne am na ci yu araam ak yu dagan ? - Neel : “Ndax Yàllaa leen ko digal ? Walla dangeen di duural Yàlla” ?

60. Ana lan mooy njortul ñiy duural Yàlla ay fen Bis-pénc ba ? - Dafa dëggu ne Yàlla xéewalaakoon la, waaye li ëpp ci ñoom duñu gërêm [Yàlla].

61. Doo nekk ci menn mbir, walla ngay jàng dara ci Alxuraan, walla ngeen def jenn jëf te Nekkunu ca seede ba ngeen cay duggu. Te lu toll ni pepp su tuuti du rëcc sa Boroom, du ci suuf si, du ci asamaan yi ; te amul lu ko gën a tuuti walla lu ko gën a rëy lu dul ne mi ngi ci ab téere bu bir.(s)

62. Ca dëgg-dëgg, ña féeteek Yàlla duñu gis lu ñu ragal, duñu gis njàqare,

63. Ña gëm te ragal Yàlla,

Draft

64. Am nañu mbégte ci dundug àddina ak ca àllaaxira. - Soppeeku du am ciy kàddu Yàlla -. Loolu mooy texe gu mag ga !

65. Li ñuy wax , bumu la naqari. Teraanga nag Yàllaa moom lépp. Te Moom Kuy dégg la, Kuy xam la.

66. Ca dëgg-dëgg, li nekk ci asamaan yi ak suuf si, Yàllaa leen moom. Ñay jaamu leneen lu dul Yàlla, ñoom daal toppuñu lu dul ay njort. Nekkewuñu lu dul di sos ay fen.

67. Moom [Yàlla], moo def guddi ngir ngeen di ca noppalu, ak bëccëg ngeen di ca gise. Kéemaan nekk na ci loolu ngir aw nit ñuy dégg !

68. Wax nañu ne : “Yàlla am na doom”. Kañ naa sellam ga ! Moom ku doylu la ci boppam. Ñeel na ko li ci asamaan yi ak suuf si ; - Amuleen aw layati ci wax jooju. Moo ndax dangeen di wax ci Yàlla lu ngeen xamul ?

69. Neel : “Ñiy duural Yàlla ay fen duñu texe”.

70. Am nañu yóbbal bu néew ci àddina bi ; ñépp danañu dellusi ci Nun Nu mosal leen mbugal mu tar ngir la ñu nekkoon di weddi.

71. Nettalileen xew-xewu [Nooh], ba mu waxee aw nitam ne leen : «Yéen samaw nit, ndeem sama nekk fii diis na ci yéen, ak samag waare ci kàdduy Yàlla yi, man maa ngi wéeru ci Yàlla. Bu ngeen yaboo ngeen dajale seeni kàttan yéen ak ñi ngeen di jaamu [bàyyi Yàlla]. Te bu seeni pexe nekk aw tiis ci yéen. Te it [lu leen neex] jëme ci man, te buleen négasndiku dara ci def ci man [seeni yéene].(n)

72. Bu ngeen dëddoo, xamleen ne laajumaleen ag pey... Samag pey nekkul fenn fu dul fa Yàlla. Te digaleef na ma ma bokk ca way-jébbalu ña".

73. Ñu weddi ko. Nu musal ko mook ña ànd ak moom ca gaal ga, Nu def leen ñuy ñay wuutu [nit ña ci kaw suuf si]. Nu labal ña weddi sunuy ndigal. Nanga xool nag ña ñu waaroon [ca ña weddi], ni seen mujj deme !

74. Topp nu yónni ginnaawam ay Yonent ci seenu nit. Nu indil leen ay lay yu leer. Waaye nekkuñu woon di way-gëm la ñu weddi woon ca bu jëkk. Ba noonu Lanu tëjee ràpp xoli ña jéggi woon dayo, daan jalgati.

75. Topp Nu yónni ci seen ginnaaw Muusaa ak Haaroona ca [Firawna] ak mbooloo ma [ñu xamal leen] sunuy ndigal. Ñu rëy-rëylu, di aw nit ñu dëng [diy saay-saay].

76. Ba dëgg ga agsee ca ñoom tukkee ci Nun Yàlla, [ñu ne leen] : "Jibar tigi la !".

77. Muusaa ne leen : "Moo ndax dangeen di wax ci dëgg gii ba mu agsee ci yéen, naan leen : Ag jibar la ? Te jibarkat yi duñu texe...".

78. Ñu ne ko : "Moo ndax danga fee dikk ngir dëddale nu ak la nu fekkoon sunuy baay nekk ca ? Ba noppi yéen ñaar ngeen yilif àddina bi ? Waay-waay nun sax gëmunuleen !"

79. Firawna ne : "Indil-leen ma bépp jibarkat bu am xam-xam !".

80. Ba jibarkat ya dikkee, Muusaa ne leen : "Sànnileen li ngeen di sànni".

81. Ba ñu sànnee, Muusaa ne leen : "Li ngeen indi jibar rekk la ! Yàlla dana ko neenal. Ne : "Yàlla du àntuloo jëfi yàqkat ya".

82. Te Yàlla dana notal dëgg ci dogalam, doonte neexul it ñu dëng ña".

83. Te kenn gëmul woon Muusaa lu dul ab kurél ci aw nitam, [la ko waral] mooy Firawna ak mbooloo ma lañu ragal seen fitna. Te Firawna dafa rëy-rëylu woon ci kaw suuf si, kawe lool, te moom bokk na ca saay-saay sa.(s)

84. Muusaa ne : “Yéen samaw nit, ndegam gëm ngeen Yàlla, nangeen wéeru ci Moom ndeem ñu wommatu tigi ngeen te di ay jullit”.

85. Ñu wax ne : “Ci Yàlla lanuy wéeru. Yaw sunu Boroom, Yàlla boonu teg nattu ya tooñkat ya yayoo.

86. Te nga musal nu ci sa yërmaande, ca nit ña di ay yéefar”.

87. Nu jox Muusaa ak mbokkam ma ndigal, ne leen : “Sàkkleen néeg ca Misra ca seen biiru nit, te ngeen def seen néeg jàkka te nangeen di taxawal julli. Te di bégloo ñi gëm [ca seenug waare]”.

88. Muusaa ne : «Yaw sunu Boroom, may nga Firawna ak u nitam taar ak alal ci alali àddina. Yaw sunu Boroom, ña réer moy saw yoon, faral seen alal ya te nga fatt seeni xol, duñu gëm mukk ndare bu ñu gisee mbugal mu tar ma”.

89. Mu ne leen : “Nangoof na seeni ñaan. Taxawleen temm yéen ñaar ci bañ a topp yoonu ña xamule”.

90. Nu jàlle waa Banii-Israayiila géej ga. Firawna topp leen ak lelam [ay xarekatam] ngir mbewte ak ug noonu. Ba lab ga agsee ci moom, mu ne : “Gëm naa ne lay mbir moo di ne : amul jeneen yàlla ju dul Ji waa Banii-Israayiila gëm. Te man bokk naa ci way-wommatu ña”.

91. [Yàlla ne ko] : Moo ndax léegi [ngay door a gëm] ? Te nga féttéerlu woon lu jiitu te nga bokk ca yàqkat ya !

92. Tey jii Dananu la musal ci sàmm saw yaram [mu bañ a yàqu] ngir nga nekk ci ña lay wuutu màndarga. Ndaxte ñu bari ci nit ñi dañoo sàggane Sunuy màndarga [yu leen di teete jëme ci Man seen Boroom].

93. Te wàcceel Nanu waa Banii-Israayiila wàccuwaayu teraanga, Nu xéewale leen ñam yu sell ya. Waaye réeruñu woon ba ba leen xam-xam dikkalee. Sa Boroom nag dana àtteji seen diggante bu Bis-pénc baa ci lépp lañu doon juuyoo.(r)

94. Boo amee sikki-sàkka ci li Nu wàcce ci yaw, laajal ña jàngoon Téere ba. Ba li wér dëgg agsi na ci yaw jóge ca sa Boroom : bul bokk ci way-sikki-sàkka ña, werantekat ña.

95. Bul bokk mukk ci ñiy weddi kàdduy Yàlla. Nde kon nga bokk ca ña yàqule.

96. Ña nga xam ne seen kàddug Boroom far na dal ca seen kaw, duñu gëm,

Draft

97. doonte la tegtal yépp dikkal na leen it [duñu gëm], mbete ñu gisee mbugal mu metti ma.

98. Te amul benn dëkk [bu gëmadi, bu alkaande dikkee] buy door a gëm, di jariñoo ngëmam, lu dul nitu Yuunusa ! Ba ñu gëmee Lanu leen teggil mbugal muy toroxale ci dundug àddina gii, teg ca jox leen ay xéewal ab diir.

99. Bu neexoon sa Boroorm, fàwwu ñi nekk ci kaw suuf si ñépp gëm. Moo ndax yaw dangay ga [gétén] nit ñi ci ñu nekk ñu gëm ?

100. Yellul ci benn bakkan muy gëm lu dul ci coobarey Yàlla. Te Dana teg mbugal ña xel- luwul [ba mën a ràññee dëgg].

101. Neel : "Xool-leen li nekk ci asamaan yi ak suuf si". Te kaawtéef ya ak waaraate ya duñu jariñ dara ci aw nit ñu gëmul.

102. Moo ndax ñooña dañuy xaar ba mu deme ni bis yu tiis, yu ña leen jiitu woon dajoon, agsi ci ñoom ? Neleen : "Muñandikuleen ! Man it maa ngi bokk ci ñay muñandiku".

103. Topp ginnaaw ba, Nu musal Sunuy Yonent ak ña gëm. Noonu la yaye ci Nun Nuy musal ñi gëm.

104. Neel : «Éy yéen nit ñi ! Bu ngeen amee xel-ñaar ci sama diine jii, xamleen ne man duma jaamu li ngeen di jaamu bàyyi Yàlla ; Waaye Yàlla laay jaamu, Moom mi leen di rey. Te digaleef na ma ma bokk ca way-gëm ña".(s)

105. Te : "Nga taxaw temm jublu ci diine jii wéetal Yàlla ! Te bul bokk mukk ca way- bokkaale ña ;

106. bul jaamu, bàyyi Yàlla, loo xam ne mënu laa lor, mënu laa jariñ. Soo ko defee rekk daldi bokk ca tooñkat ya".

107. Bu la Yàlla saddee aw naqar, kenn du la ko mën a teggil ku dul Moom. Bu la bégalee ci aw yiw, dara du mën a fànq xéewalam. Dana ko jottale ku ko soob ci jaamam yi. Moo di Xéewalaakoon ba, di Jaglewaakoon ba.

108. Neel : «Éy yéen nit ñi ! Dëgg gi ñëw na ci yéen tukke ci seen Boroom. Ku jub te gindiku, boppam ; ku réer, sànku it boppam. Man dey warlulumaleen dara [ci seeni mbir].

109. Te nanga topp [Yaw Yonent bi] la ñu la soloo, te nga sax ci Man ba ba Yàllay àtte te Mooy gën jaa mën a àtte.

Draft

# Saar 11 : Huud

## 123 aaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Alif, Laam, Raa. Lii ab Téere la bu ñu xereñe ay kàddoom, faramfàccees ko mu tukkee ca Ku xereñ ka, di Ku deñ-kumpa [Yàlla].

2. [Digaleef na leen] ngeen bañ a jaamu kenn ku dul Yàlla. Man mii dey kuy xuppe laa, di kuy waare ci yéen.

3. Te ñu sàkku njéggalu seen Boroom ; te dellu ca Moom, ànd ak tuub. Mu yóbbale leen xéewal yu gën ba ca àpp ba Mu ko dogale, mu jox képp ku ko yayoo ngëneel, ay ngënéelam. Waaye bu ngeen dummóoyoo, ragalal naa leen mbugal dal leen ci bis bu mag.

4. Ca Yàlla ngeen di dellu ; te Moom mën na lu ne.

5. Ndax ñoom dañuy lem seeni dënn ngir mën a nëbbu Yàlla ? Moo ndax bu ñu muurook seeni yëre, Yàlla dadul xam li ñuy feeñal ak li ñuy nëbb ? Moom dey ku xam li nekk ci xol yi la.

**6**. Amul lenn luy dukkat ci kaw suuf si te sag dundu Yàlla warluwu ko te xam na saxuwaayam ak dëkkuwaayam ; lépp a ngi ci ab Téere bu wér péŋŋ [mu di Lawhul mahfuuz].**(h)**

7. Moom mooy ki bind asamaan yi ak suuf si ci juróom-benni fan, - te fekk Gàngunaay ga ma nga ca kaw am ndox, - ngir Mu nattu leen [ba xam] kan moo gën a rafet jëf ci yéen. Te wóor na ne, boo leen waxoon ne : "Yéen ñu ñuy dekkal ngeen ginnaaw dee", fàwwu ña weddi danañu wax ne : "Lii nekkul lu dul njibar gu bir".

8. Te wóor na it ne su Nu yéexalee ci ñoom mbugal ma, jëme ko ca waxtu wu ñu dogal àppam, fàwwu danañu ne : "Lan moo ko téye ? - Te bis ba muy agsi ci ñoom, ndax dana nekk lu kenn dul mën a jiñ; te la ñu daan yéjj dana wàcc ci seen kaw.

9. Te wóor na it ne, su Nu mosaloon nit lenn ci Sunu yërmaande, ba noppi Nu nangu ko ci moom, kon dey dana nekk di ku ñàkk yaakaar ak fakk (sunuy xéewal).

10. Te wóor na it ne, su Nu ko mosalee xéewal ginnaaw naqar wa ko daloon, dana wax ne : “Tiis teggeeku na ma”, Moom [nit] kuy bég la, di puukarewaakon.

11. ba mu des ña nga xam ne dañoo muñ, di jëf jëf yu sell. Ñoom ñooña am nañu njéggal ak pey gu mag.

12. Xéy-na danga bàyyi lenn ca la Nu la soloo, nga ànd ci ak xol bu xat ; ngir la ñuy wax naan : “Lu tee woon ñu wàcceel ko ndàmbul alal ?”. Walla : “Mu dikk ànd ak i Malaaka ?” - Waaye yaw nekkuloo lu dul waarekat. Yàlla nag mooy Kuy wattu lépp lu mu mën a doon.

13. Am dañuy wax ne : “Dakoo duur” - Neel : “Indileen fukki saar yu ni mel, yu ngeen fent. Te ngeen woo ku leen neex ndeem ñu dëggu ngeen”.

14. Bu ñu leen wuyyuwul, nangeen xam ne la ñu wàcce, ci xam-xamub Yàlla la, te nag amul jeneen yàlla ju dul Moom. Waaw, ndax dangeen dul wommatu nekk ay jullit ?

15. Koo xam ne dundug àddina la bëgg ak taaram, Dananu leen fey seeni jëf ci biir dundu googu, te dara du wàññikuwu ci seen cëri àddina.

16. Ñooña ñoo dul am ca àllaaxira lu dul Safara. Te la ñu liggéeyoon yàqu na, te it la ñu doon def ag neen la.(S)

17. Moo ndax ku tënku ci [Téere] ba tukkee ca Boroomam te mu am seede su tukkee ca Moom di ko jàng ci ndigalam, [dana niroo ak ñooña] ? te la ko jiitu, téereb Muusaa jaaroon na fa di gindee, di yërmaande itam. Am na ñu ko gëmoon. ku ko weddi ca sàmm sa, Safara mooy nekk li muy dajeel. Bul am benn sikki-sàkka. Te moom mooy dëgg gu tukkee ca sa Boroom ; waaye li ëpp ci nit ñi duñu gëm.

18. Ana kan moo gën a tooñ ku sosal Yàlla ay fen ? Ñooña danañu leen teewal, gaaral leen fa seen Boroom, seede ya daldi wax ne : “Ñii ñooy ña doon fen ci seen Boroom”. Moo ndax rëbbum Yàlla du wàcc ci kaw tooñkat yi waay !

19. Ñoo di ñay wëlbati [nit ña] ngir ñu bañ a jëm ci yoonu Yàlla, di sàkkal diine ay sikk, boole ca ñoom gëmuñu àllaaxira.

20. Ñooña duñu mën a raw [rëcc] Yàlla ci kaw suuf si ! Te duñu mën a am ku leen wallu, deef na leen fulal mbugal ma. Ngir ñoom mënuñu woon a am dégg-dégg ak gis-gis.

21. Ñoo di ña yàqal seen bopp. Te xërëm ya ñu sosoom danañu leen réer.

22. Ca dëgg-dëgg, ñoom ñoo di ña gën a yàqule ca àllaaxira.

23. Ña nga xam ne way-gëm lañu, te ñu jëf jëf yu yiw te dellu ci seen Boroom, ñooña ñooy dugg Àjjana te dañu fay béel.

24. Niraleeb ñaari kurél yii mel na ne gumba ga ak tëx ba, ak kuy gis ak kuy dégg. Moo ndax ñaar ñooñu yem nañu te méngoo ? Moo ndax dañu dul xel-lu ?(r)

25. Yónni woon Nanu Nooh ca aw nitam, mu ne leen : "Man waarekat laa bu leen di xamal lu leer

26. te ngeen bañ a jaamu ku dul Yàlla. Te ragalal naa leen mbugalum bis bu metti dal leen".

27. Ña di ay kilifa ci aw nitam, te weddi, ne ko : "Xoolewunu la lu dul ngay kenn rekk ci nun ; te it gisunu ñi la topp ñu dul ñi gën a suufe ci nun te lu yomb a gis ; te ëppalewuleen nu dara. Te sax am nanu njort ci ne ay fenkat ngeen".

28. Mu ne leen : «Samaw nit ! Naka ngeen di gisee mbir mi ? Su fekkee maa ngi ci lu wér lu jóge ci sama Boroom, te Mu jox ma yërmaande ju jóge ci Moom ci lu nëbbu ci yéen, ndax dama cee ga te fekk yéen ngeen sib ko ?

29. Te yéen samaw nit, laajumaleen ci alal. Samag pey nekkul ci kenn ku dul Yàlla. Te nekkuma ñiy dàq way-gëm, ñoom danañu dajeek seen Boroom. Waaye ni ma leen gise, aw nit ñu réer ngeen.

30. te yéen samaw nit, ku may dimbali ci [mbugalu Yàlla] su ma leen dàqee ? Moo ndax dangeen dul xel-lu ?

31. Te waxumaleen maa yore ndàmbi Yàlla, te xamuma it lu fàddu, neewumaleen Malaaka laa ; te waxuma it ne seeni bët a xeebu, Yàlla duleen jox yiw ; Yàlla moo gën a xam li nekk ci ñoom [su ma leen waxoon yooyu], kon ma bokk ci tooñkat yi.

32. Ñu ne ko : «Yaw Nooh, dàggasante nga ak nun ba ëppal ci dàggasante bi. Indil li nga nuy tëkkoo, su fekkee ne li ngay wax dëgg la".(s)

33. Mu ne : "Yàlla rekk a leen ko mën a indil - bu Ko soobee - te dungeen mën a raw.

34. Te lu ma leen bëgg bëgg a laabire, te [seen Boorom] namm ci yéen bew, kon laabire googu duleen jariñ dara. Ndax Yàlla moo di seen Boroom te ca Moom ngeen di dellu".

35. Am dañuy wax ne : dañu koo duur ? Neeleen : “Su fekkee ne dama koo duur, sama bàkkaar ci sama kaw lay dal ! Te li ngeen di bàkkaar it ku ca set wecc laa”.

36. Te soloo woon Nanu Nooh [xamal ko], ne ko : “Kenn dootul gëm ci saw nit lu dul ña xas a gëm ba noppi. Kon bul jàq ca la ñuy def.

37. Defaral gaal ci Sunug càmm ak ci Sunu ndigal. Te bul wàqanteeti ak Man ci mbirum ñiy tooñ, ñoom dañu leen di labal”.

38. Muy defar gaal ga. Saa yu ko kenn ci kilifay aw nitam rombee, reetaan ko. Mu ne : “Su ngeen nu reetaanee [tey jii], nun itam [dananu leen reetaan] nu ngeen nu reetaanee woon.

39. Xalset ngeen a xam ana kan la mbugalam di dal, toroxal ko, ba noppi mbugalam wàcc ci kawam, di lu sax dàkk !”

40. Ba Sunu ndigal agsee, ndox ma di ballee fu ne, Nu ne : “Defal ci gaal gi, ci xeet wu nekk ñaar [góor ak jigéen] ak sa njaboot - ba mu des ña dogal ba xas dal [ña weddi] - ak ña gëm”. Te lim bu néew rekk a gëmoon.

**41**. Mu ne leen : “Yéegleen ci biir tey tudd Yàlla, mooy aw xélam, te it ag teeram. Sama Boroom nag Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la”.**(n)**

42. Gaal gay daw ak ñoom ciy ganax yu kawe ni ay tundu. Nooh daldi woo doomam, fekk mu beru woon, ne ko : «Sama doom, yéegal ànd ak nun te bul ànd ak yéefar yi”.

43. Mu ne ko : “Maa ngi tëdd ci tundu doj wi, dana ma musal ci ndox mi”. Mu ne ko : “Kenn du mucc tey ci mbirum Yàlla ku dul ku Yàlla yërëm”. Noonu, am ganax [duus] wu dox seen diggante, mu daldi lab.

44. Waxeef na suuf si : “Wannal sa ndox mi ! Te yaw asamaan, téyal !”. Ndox ma daldi ŋiis, àtte ba dog, gaal ga teer ca tundu [Aljuudiyi], nu wax ne : “Alkaande ñeel na aw nit ñu di ay tooñkat” !

45. Nooh daldi woo Boroomam, ne ko : “Yaw sama Boroom, sama doom ci sama njaboot la bokk, te Sab dig lu dëggu la. Te it Yaa gën a xereñ àttekat yi”.

46. Mu ne ko : «Nooh, moom nag [sa doom jooju] bokkul ci sa njaboot, sa laaj bii itam du jëf ju sell. Te bul Ma laajati mukk loo xam ne leeru la. Te Maa ngi lay wattandikuloo ngay bokk ci ña réer”.

47. Mu ne : “Sama Boroom, maa ngiy sàkku ci Nga musal ma ci laaj la loo xam ne amuma ci xam-xam. Te soo ma baalul te yërëm ma, danaa bokk ci ña yàqule”.

48. Waxeef na ko : «Yaw Nooh, Wàccal te ànd ak mucc gu Nu la defal te barke nekk ci yaw ak ci xeet yi sosoo ci ñi ànd ak yaw. [Waaye, am na] xeet yoo xam ne Dananu leen jox ay xéewal ; ba noppi Dananu leen teg mbugal mu metti”.

49. Loolu bokk na ci xew-xew yi nëbb ci kumpa te Nu xamal la leen. Te xamooleen woon yaak saw nit lu jiitu lii. Nanga muñ. Ñiy ragal Yàlla ñooy am ag muj [ndam].

50. Te waa Aad, seen mbokk Huud wax na leen ne : “Yéen samaw nit, jaamuleen Yàlla. Amuleen jeneen yàlla ju dul Moom. Nekkeewuleen fa lu dul di duural Yàlla.

51. Te samaw nit, laajumaleen ci ag pey. Samag pey bokkul ci loxob kenn ku dul Ki ma bind [sàkk]. Moo ndax dangeen dul xel-lu ?

52. Te yéen samaw nit, baaluleen seen Boroom te ngeen tuub [réccu] jëm ci Moom, kon Dana dottib taw bu jóge asamaan ci seen kaw te Dana leen yokk doole ju dolliku ci seen doole. Bu ngeen dëddoo nekk i bokkaalekat”.

53. Ñu ne : «Éy yaw Huud, indiloo nu lu leer, te nun dunu bàyyi sunu yàlla yi ngir say wax, te it gëmuñu la.(S)

54. Dunu la wax lu dul ne kenn ci sunu yàlla yi moo la sadd lu bon”. Mu ne : “Man dey, maa ngi seedeloo Yàlla - te seedelooleen yéen itam - ne deñ naa ba set wecc ci li ngeen di jaamu,

55. bàyyi Yàlla. Te fexeel-leen ma yéen ñépp te buleen xaar dara.

56. Man wéeru naa ci Yàlla Miy sama Boroom, di seen Boroom. Te amul luy dukkat [dox] ci kaw suuf si te du Moo cay jàpp. Sama Boroom nag Moo xàll yoon wu jub wa.

57. Bu ngeen ko dëddoo... man fekk na jottalinaa leen li Nu ma yónni ci yéen. Te dungeen ko wàññi dara, naka sama Boroom, Aji-sàmm lu nekk la”.

58. Ba Sunu dogal agsee, musal Nanu Huud ak ña gëmoon ànd ak moom ci Sunu yërmaande. Te musal leen ci mbugal mu rëy.

59. Waa Aad ñoom, dañoo weddi woon kàddug seen Boroom, moyoon ay Yonentam, toppoon képp kuy rëy-rëylu ci dëng.

60. Te tofal Nanu leen mbugal ci àddina ak su Bis-pénc baa. Waaw, moo ndax waa Aad nekkuñu woon ñu weddi seen Boroom ? Moo ndax alkaande dalul waa Aad nitu Huud ña ?

61. Yónni woon Nanu it ca Samuuda, seen mbokk Saalihu, mu ne : “Yéen samaw nit, jaamuleen Yàlla. Amuleen jeneen yàlla ju dul Moom. Moo leen binde ak suuf, Moo leen ciy dundal. Sàkkuleen njéggalam te tuub jëm ci Moom. Naka sama Boroom, Ku jegeñ la, Kuy wuyyu la [ku Koy] ñaan”.

62. Ñu ne : «Éy yaw Saalihu, nekkoon nga di ku yaakaaru ci nun, lu jiitu lii. Moo ndax danga nuy tere nu jaamu la sunu baay ya daan jaamu ? Nun, am nanu sikki-sàkka gu tar ci li nga nuy woo jëme”.(r)

63. Mu ne : «Yéen samaw nit! Ndax niir ngeen ba gis ne ndax nekk naa ci lu leer lu tukkee ci sama Boroom, te Mu jox ma yërmaande ju jógeci Moom, te ana kan moo may musal ci Yàlla su ma moyee [ndigëlam] ? Te kon sax dungeen ma yokkal lu dul ag yàqule.

64. Éy yéen samaw nit, giléemug Yàlla gii na nekk kéemaan ci yéen. Bàyyileen ko muy lekk ci kaw suufus Yàlla si, buleen ko def dara lu bon, kon mbugal dana leen dal bu gaaw !”

65. Ñu rey ko. Mu ne leen : “Xéewluleen ci seeni kër ñetti fan ! Loolu àpp la bu dul deñ”.

66. Ba Sunub dogal agsee, musal Nanu Saalihu ak ña gëm ànd ak moom, - ci Sunu yërmaande - [te musal leen it] ci gàcceg bis booba. Sa Boroom nag, Moom moo di ku bari kàttan, tey Notaakoon ba.

67. Ña tooñoon, ag xaacu faagaagal leen. Ñu mujj ne lànjaŋ dee ca seen kër ya,

68. ñu mel ni mësuñu faa sax. Waaw, ndax waa Samuuda weddiwuñu woon seen Boroom ? Moo ndax alkaande dalul waa Samuuda ?

69. Sunuy ndaw indiloon na Ibraahiima mbégte, ñu ne ko : “Jàmmi Yàlla na nekk ci yaw !”. Mu ne leen : “Jàmm ci yéen it !”, nis tuut mu indil leen sëll wu ñu wàjj.

70. Ba mu gisee ne seeni yoxo laalu ko, mu am tuuma ak ug tiit ci ñoom. Ñu ne ko : “Bul ragal, nun kat dañunoo yónni ca nitu Lóot ñi”.

Draft

71. Noona soxnaam sa taxawoon [foofa] daldi ree ; Nu bégal ko [te xamal ko ne dana am doom ju tudd] Isaaqa, ak ci ginnaawam Isaaqa, Yanqooba.

72. Mu wax ne : "Cëy man ! Ndax danaa jurati doom te màggat naa, sama boroom-kër bii it di ku mage ? Lii dey mbir mu doy waar la !"(S)

73. Ñu ne ko : "Ndax dangay yéemu ci mbiru Yàlla ? Yërmaandey Yàlla ak barkeem, yal na nekk ci yéen waa kër gi ! Moom Yàlla moo yeyoo cant ak màggal ko !"

74. Ba tiit ma bàyyee Ibraahiima te mu am mbégte, jéem naa dàggasante ak Nun ci nitu Lóot ña,

75. Ibraahiima dey ku lewet la, di kuy toroxlu, di ab delluwaakoon ci Boroomam.

76. Ñu ne ko : "Yaw Ibraahiima, génnal ci lii ndax sa ndigalul Boroom dikk na ba noppi, te ñoom, mbugal mu ñu dul delloo dana leen dikkal".

77. Ba Sunuy ndaw agsee ca Lóot, mu jàq ca ñoom, am naqar ci ñoom. Daldi ne : "Lii dey bis bu tiis la".

78. Nitam ña ñëw ci moom di gaawantu. Te lu jiitu loolu, dañu daan def jëf ju ñaaw. Lóot ne leen : "Yéen samaw nit, samay doom yu jigéen ñi : ñoo gën a yell ci yéen. Nangeen ragal Yàlla, te buleen ma toroxal mukk ci sama gan ñi. Ndax amul ci yéen génn góor gu jub ?"

79. Ñu ne ko : Xam nga ne amuñu soxla ci sa doom yu jigéen yi. Te yaw xam nga xéll li nu bëgg".

80. Mu ne : "[Cëy !] su ma amoon dooley dal ci seen kaw ! mbaa ma mën a tàbbi ci giir gu am doole !"

81. Ñu ne ko : "Éy Lóot, nun ay ndawi sa Boroom lanu. Duñu agsi ci yaw. Nanga rañaan yaak sa njaboot ci biir guddi gi. Te bu kenn ci ñoom gestu. Ba mu des sa soxna ndax moom lu leen dal dana ko dal. Seenub àpp ëllëg rekk la. Moo ndax suba jigeñul ?"

82. Ba Sunu dogal agsee, wëlbati Nanu [dëkk ba], la féete woon kaw féete suuf, Nu sotti ca kawam tawu xeer yu jóge Sijjiil [Safara] ay doj yu ñu toftale,

83. yu ñu màndargaal ca sa Boroom. Te dëkk boobu soreewul ag way-tooñ ya [ya ca Màkka].

84. Yónni woon Nanu it ca waa Madyaana seen mbokk Suhaybu, mu ne leen : “Yéen samaw nit, jaamuleen Yàlla ; amuleen jeneen yàlla ju dul Moom. Buleen wàññi nattukaay yi ak màndaxe yi. Gis naa ne yéen a ngi ci biiri xéewal, te ragal naa mbugal dal leen ca bis ba ëmb lépp.(h)

85. Yéen samaw nit, nangeen di matal natt ak màndaxe cig maandute, te buleen wàññi dara ci lu nit ñi moom, te buleen salfaañe ci suuf si nekk yàqkat..

86. Wërsëgu Yàlla moo gën ci yéen ndegam ñu gëm ngeen ! Te nekkuma di ku leen di warlul kiiraay”.

87. Ñu ne ko : «Yaw Suhaybu! Ndax say julli dalaa xiir ci bàyyiloo nu la sunuy baay daan jaamu, walla nu bañ a def ci sunuy alal lu nu neex ?Yaw daal, yaa di ku lewet, di ku jub ?”

88. Mu ne : «Yéen samaw nit, ndax seetlu ngeen ba xam ndax nekkuma ci lu leer lu jóge ca sama Boroom, te Mu jox ma xéewalam, mu di xéewal gu màgg ?... Te bëggumaa juuyook yéen ci lu ma leen tere. Bëgguma lu dul sellal [yéwénal] kem sama kàttan. Te samag njébbal wéeruwul fu dul ci Yàlla. Ci laa wéeru te ci Moom laay dellu.

89. Yéen samaw nit, bëgg a wuuteek man bumu tax ngeen mel ni la daloon nitu Nooh dal leen, walla la daloon nitu Huud, walla nitu Saalihu, te sax nitu Lóot ña [fa ñu nekkoon] soriwuleen.

90. Nangeen baalu seen Boroom te ngeen tuub jëm ci Moom. Naka sama Boroom, ab Jéggalaakoon la ku sopp [way-gëm ña] la”.

91. Ñu ne : “Yaw Suhaybu, amuñu ag dégg lu bari ci say wax ; te gis nanu nga nekk ku ñàkk solo fi nun. Te bu dul koon giir gi nga bokk, dananu la jam ay xeer. Nekkuloo ku tedd ci sunu kaw”.

92. Mu ne : «Yéen samaw nit, moo ndax sama giir moo gën a tedd ci yéen Yàlla ba tax ngeen bàyyi Ko ginnaaw ? Sama Boroom nag Ku peeg la li ngeen di def.

93. Yéen samaw nit, defleen lu leen soob. Man it danaa def [li ma sama Boroom sant]. Dangeen mas a xam kan la mbugal di dal, gàcceel ko, ak kan mooy kay fen. Te muñandikuleen ! Maa ngi ànd ak yéen di muñ”.(s)

94. Ba Sunu ndigal agsee, musal Nanu Suhaybu ak ña gëmoon ànd ak moom ci Sunu yërmaande. Ag xaacu faagaagal ña tooñ, ñu mujj xëy ne lànjaŋ dee fa seen kër ya,

Draft

95. mu mel ni masuñu fa woon a dëkk. Waaw, ndax alkaande dalul waa Madyaana na mu alake woon waa Samuuda ?.

96. Te yónni woon Nanu Muusaa mu ànd ak Sunuy kaawtéef ak lay yu leer nàññ,

97. ca Firawna ak boroom darajaam ya. Ñu topp ndigalu Firawna, te ndigalu Firawna jubul woon.

98. Dana jiite aw nitam Bis-pénc ba. Tàbbal leen Safara. Ndaw tàbbikaay bu bon !

99. Am rëbbu topp na leen ci àddina sii te Bis-pénc ba, yool ba ñuy am it bon na, ci aw yooliin !

100. Loolu bokk na ca xew-xewi dëkk ya, Nu nettali la ko : te am na ca dëkk yooyu yu taxaw ba léegi, ak yu ñu maasale.

101. Tooñunuleen. Waaye ñoo tooñ seen bopp. Seen yàlla ya ñu doon jaamu, bàyyi fa Yàlla, jariñuleen dara. Ba sa ndigalu Boroom agsee, dolliwuleen lu dul alkaande.

102. Noonu la sa Boroom di alage, bu alagee njéndi fekk ñu tooñ. Alage ju Muy alag [ñooña], dafay metti tar.

103. Kaawtéef nekk na ci loolu ci ku ragal mbugalam àllaaxira. Bis boobu bis ba ñu koy dajaleel nit ñi; te bis la bu ñépp di teewe.

104. Yeexewuñu ko de, dafa di rekk am na dig bu ñu ko àppal.

105. Bu bis ba dikkee, kenn du wax ku dul ku ca am ndigal. Te ca nit ña am na ca ñu texeedi ak ñu texe.(r)

106. Ña texeedi danañu nekk ca Safara di yikkat ak a jooy.

107. Dañu fay béel, nekk fa feek asamaan yi ak suuf si - ndare lu neex sa Boroom - ndax Moom lu ko soob Mu def ko.

108. Ña texe, danañu nekk fa Àjjana, te dañu fay béel, nekk fa li feek asamaan yi ak suuf si ñi ngi fi - ndare lu neex sa Boroom - mu di ag may gu dul dog mukk.

109. Bul am sikki-sàkka ci la ñooñu di jaamu. Ci ña seeni baay daan jaamu bu jëkk rekk lañuy jaamu. Te Nun Dananu mottali seeni cër, te dara du ca wàññiku.

110. Joxoon Nanu Muusaa Téere ba. Ñu wuute ca. Bu dul koon sa kàddug Boroom jiitu woon, kon àtteef na seen diggante. Te ñoom dañu caa am sikki-sàkka gu tar.

111. Fàwwu ñoom ñépp sa Boroom Dana matal seen peyug jëf... Naka Moom ku xam xéll la li ñuy jëf.

112. Jubal [yaw Muhammad] ni ñu la ko digle, ak képp ku tuub ànd ak yaw. Buleen beew. Moom Yàlla mi ngi ne jàkk ci li ngeen di def.

113. Buleen jeng féetéek tooñkat ya : kon Safara laal leen. Te dungeen am ku leen di yiir ku dul Yàlla. Te it kenn du leen dimbali.

114. Nanga taxawal julli ci yaari cat yi séq bis bi ak li bokk ci guddi. Jëf yu baax yi dañuy far jëf yu ñaaw ya. Loolu ag waare la ci ñuy waaru.

115. Nanga muñ. Yàlla dey du sànk peyug ñay rafetal.

116. Lu taxoon ca xarnu ya leen jiitu, ñu baax ña [dese woon yan bi] nekkoon ñu néew, ñoom ña daan tere lu bon ci suuf sa ! Ñu bokk ca ña Nu musaloon te ñu tooñoon, topp seeni bakkan ca xéewal ya ñu donnoon ay bàkkaarkat.

117. Sa Boroom du alag lenn njénde ci ag tooñeel fekk aw nit di sellal seeni jëf.(s)

Draft

118. Bu sooboon sa Boroom mu def nit ñi ñu nekk di wenn xeet doŋŋ. Waaye duñu deñ di wuute

119. ndare ña sa Boroom yërëm. Loolu moo tax Mu bind leen. Te it moo tax sa kàddug Boroom mat ca la mu wax ne : “Danaa feesal Safara ci aw nit ak i jinne mbooleseen”.

120. Te lépp Lanu lay nittili ci xew-xewi Yonent ya, Danu cay dalal sa xel. Te dëgg ak ug waare dikkal na la di aw lay ànd ak di fàttali ci ñi gëm.

121. Te waxal ña gëmul ne leen : “Defleen lu leen soob. Nun it, nu ngiy jëf [li nu sunu Boroom digal].

122. Xaarleen. Nun it noo ngi xaar !”

123. Yàllaa moom kumpag asamaan yi ak suuf si, te mbir yépp ca moom lañuy dellu. Kon nag jaamu ko te nga wéeru ci moom. Sa Boroom ñàkkul paal ci li ngeen di def de.

# Saar 12 : Yuusufa

## 111 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Alif, Laam, Raa. Lii ay xamle la yu nekk ci Téere bu wér péŋŋ bi.

2. Wàcce Nanu ko mu di ay njàng ci làkku [araab] ngir ngeen xam la mu tekki.

3. Nun noo ngi lay nettali gën jaa rafeti nettaliin ci Alxuraan jii Nu la xamal te lu ko jiitu nekkoon na loo réere.

4. [Fàttalikul] ba Yuusufa waxee baayam ne ko : «Yaw sama baay, man gis naa [ci gént] fukki bindiw ak ñaar ak jant bi ak weer wi ; ñu may sujjóotal".

5. Mu ne ko : «Yaw sama doom, bul nettali sa gént gi say doomi-baay, [boo leen ko nettalee], danañu la fexeel am pexe ; ndax Séytaane noonub nit la bu tar ag nooneel.

6. Kem [ni nga génte], sa Boroom dana la tànn te Dana la xamal pirim gént, te Dana matal ci yaw ay xéewalam ak njabootu Yanqooba, ni Mu ko matalee woon bu jëkk ca sa ñaari maam ya, Ibraahiima ak Isaaqa, sa Boroom nag ku xam la, ku xereñ la".

7. Dëgg-dëgg kéemaan gu réy am na ci diggante Yuusufa ak i doomi-baayam ngir képp kuy gëstu,

8. ba ñu waxee ne : "Sunu baay, Yuusufa ak doomu-ndeyam la gën a bëgg ci nun, te nun mbooloo lanu. Sunu baay daal dafa nekk cig réer gu bir.

9. [Am ku wax ne] reyleen Yuusufa mbaa ngeen sànni ko fenn ci suuf si, kon seen baay dootul xool kenn ku dul yéen, te bu loolu amee dangeen nekk di aw nit ñu feeñ".

**10**. Mu am ca ñoom ku wax ne : "Buleen rey Yuusufa, sànnileen ko ci teen bu lëndëm, kon tukkikat yi danañu ko for su fekkee def ngeen ko".**(n)**

11. Ñu ne : «Yaw sunu baay, ana lan moo tax wóoluwoo nu ci Yuusufa ? Te nun dañu koy laabire doŋŋ.

12. Bu subaa nga yabal ko mu ànd ak nun muy sàmm jur gi, di fo. Dananu ko wattu".

13. Mu ne leen : "Man dey, am naa njàqare ci ngeen ànd ak moom ; danaa ragal ngeen sàggan ba ag till lekk ko".

14. Ñu ne : "Till! Su ko lekkee nag ak nii nu nekkee di mbooloo, kon dey nu gën a yées".

15. Ba ñu àndeek moom, te mànkoo ci sànni ko ca xóot-xóot ba [teen ba], Nu xamal [Nun Yàlla] Yuusufa ne : "Danga leen mës a nettali seen jëf jii fu ñu ko foogewul".

16. Ñu dellu ci seen baay ci marax, di joox.

17. Ñu ne : «Yaw sunu baay, ba ñu demee, dañu doon rawante, bàyyi Yuusufa ca sunuy yóbbal ; ag till lekk ko. Te bu nu waxee dëgg it du tax nga gëm li nu wax".

18. Ñu indiwaale yéreem yu taq dereet [ju dul dereeti Yusuufa]. Mu tontu leen ne : "Yéen dey, seen bakkan rafetal na leen mbir mii... Waaye danaa sax ci muñ gu rafet ! Ci Yàlla laay dimbandikoo ci lii ngeen nettali !"

Draft

19. Ay tukkikat agsi, yónni seenub rootkat, mu yoor baagam. Mu daldi ne : "Mbégtee ngi ! Lii de ab xale la !" Ñu yóbbu ko nar koo jaay. Te Yàlla ku xam la la ñuy def.

20. Ñu jaay ko ci njëg gu néew : ay dërëm yu bariwul. Ndax dañu koo xeeboon.

21. Ka ko jënd di waa Misra, wax na jabaram ne ko : "Teralal ma ko. Xéy-na mu jariñ nu mbaa nu def ko sunu doom.". Noonu la nu darajaale Yuusufa ci suuf si, ak it ngir Nu jàngal ko pirim gént. Yàlla kuy not la ca la Mu namm : waaye li ëpp ci nit ñi xamuñu.

22. Ba mu màggee ba tollu ci góor gu mat, jox Nanu ko ràññee ak xam-xam. Te noonu Lanuy feye way-rafetal ña.

23. Ndaw sa nga xam ne [Moo ko fat ca kërëm] sàkku na ko ci boppam. Tëj na buntu ya ne ko : "Ayca ñëwal ci man" - Mu ne : "Maa ngi muslu ci Yàlla ! [tëdd ak yaw] te sama sang [bi ma jënd] fonk na ma, teral na ma. Te tooñkat ya duñu texe mukk".(s)

24. Ndaw sa xemmem na [Yuusufa]. Moom [Yuusufa] it xemmem na [ndaw sa] bu dul koon la mu gis kaawtéefi Boroomam. Noonu la Nu

def ngir fegal ko ñaawtéef ak njaaloo. Moom sax dafa bokk ca sunu jaam yu sell ya.

25. Ñu jëkkante buntu ba, [ndaw sa] xëcc yérey [Yuusufa] ca ginnaaw ga. Ñu dajeek jëkkëram ca buntu ba. [Ndaw sa] daldi ne : "Ana lan moo di peyug ku naral lu bon sa jabar, lu dul tëj ci kaso walla mbugal mu metti ?"

26. [Yuusufa] ne : "Moo ma sàkku ci sama jëmm". Mu am seede su di mbokkum ndaw sa daldi seede ne : "Bu fekkee ne yéreem ci kanam la xottiku, ndaw sa moo wax dëgg, moom mu bokk ca fenkat ya.

27. Bu yéreem xottikoo ci ginnaaw, ndaw sa moo fen, moom mu bokk ca ñu dëggu ña".

28. Ba jëkkër ja gisee yére ya xottiku ca ginnaaw, mu ne : "Lii ci seeni pexe la [yéen jigéen ñi] ! te seeni pexe réy na !

29. Yuusufa, dëddul lii ! Te yaw [sama jabar] jéggalul sa bàkkaar ndax yaw bokk nga ca ñay def lu bon".

30. Aw jigéen di wax ci dëkk bi naan : "Jabaru buur bi dafa doon sàkku jaamam ! Mbëggeel gëlamal ko. Nun daal gis nanu mu nekk ci ag réer gu tar.

31. Bi mu déggee seen jëw, mu yónnee ca ñoom, waajalal leen aw ñam ; indil ku nekk ca ñoom paaka. [Ba ñuy lekk, mu ne Yuusufa] : "Génnal jëm ci ñoom" - Ba ñu ko gisee, ñu yéemu ci moom bay dagg seeni yoxo, di wax naan : "Cëy Yàlla ! Kii du nit, kii nekkul lu dul Malaaka mu tedd !"

32. Mu ne : "Mu ngoog lii ngeen ma doon yedde. Maa ko sàkku woon mu bañ. Te bu deful li ma ko sant, waat naa ne dees na ko tëj kaso mu detteelu".

33. Mu ne[moom Yuusufa] : «Yaw sama Boroom, kaso laa gën a bëgg ci lii ñu may woo jëme ma ca. Te boo ma wëlbatilul seeni pexe, danaa jeng jëm ca ñoom te kon ma bokk ca ña réer [xamadi]".(r)

34. Boroomam nangu ñaanam, daldi ko fegal seeni pexe. Moom [Yàlla] mooy Aji-dégg, di Aji-xam ji.

35. Ginnaaw ba ñu gisee dëgg ga mu fees ca ñoom, ñu ne fàwwu danañu ko tëj kaso ab diir.

36. Mu duggandoo ca kaso ba ak ñaari xale yu góor. Kenn ca ñoom ne : "Damaa gent di nal sàngara..." Keneen ka ne : "Gént naa man itam yenu ci sama bopp mburu, ay picc di ca lekk. Leeralal nu seenum piri, ndax nun gis nanu la nga bokk ca way-rafetal ña".

37. Mu ne leen : "Ñam wii ñu leen di wërsëgale, balaa ñëw ma leeralal leen seen piri. Noonu lay deme ci yéen ñaar ngir la ma sama Boroom xamal. Ndax man bàyyi naa diiney nit ñu gëmul Yàlla te weddi àllaaxira.

38. Damay topp diiney samay baay Ibraahiima ak Isaaqa ak Yanqooba. Warul ci nun bokkaale Yàlla ak dara. Loola bokk na ci ngëneel yi nu Yàlla defal nun ak nit ñi ; waaye li ëpp ci nit ñi duñu gërëm [Yàlla].

39. Yéen sama ñaari àndandooy kaso ! Moo ndax ay yàlla yu téqalikoo ñoo gën walla Yàlla jenn jii doŋŋ, tey Notaakoon bi ?

40. Jaamuwuleen ginnaaw Moom lu dul ay tur yu ngeen di tudd ak seeni baay, te Yàlla wàccewul ci loolu wenn lay. Te kenn yeyoowul àtte ku dul Yàlla. Te digle na ngeen bañ a jaamu ku dul Moom. Loolu moo di diine ju jub ; waaye ñi ëpp ci nit ñi duñu xam.

41. Yéen sama ñaari àndandooy kaso ! Kenn ci yéen dana nekk kuy màndal buuram sàngara ; ka ca des, danañu ko daaj ci bant, ay picc di lekk ci boppam. Dogaleef na noonu mbir ya ngeen doon laaj."

42. Yuusufa wax ka nga xam ne yaakaar na ne dana mucc ca ñoom ñaar, ne ko : "Nanga fexe ba buur fàttaliku ma". Waaye Séytaane fàtteloo na ko [yóbbante boobu] ba fàttaliwu ko buur ba [ba mu delloo ca moom]. Ba tax mu toog ca kaso ba ay at.(S)

43. Buur ba wax ne : "Gént naa juróom-ñaari nag yu duuf yu juróom-ñaari nag yu loof di lekk ; ak juróom-ñaari gub yu nëtëx ak yeneen yu wow. Yéen njiit yi, firil-leen ma sama gént gii, ndegam mën ngeen firi gént".

44. Ñu ne : "Gént yooyu jaxasoo nañu ! Te sax nun xamunu pirim gént !"

45. Ka muccoon ca ñoom daldi fàttaliku ginnaaw ab diir, daldi wax ne : "Danaa leen leeralal. Yebal-leen ma, Dinaa leen indil am pireem".

46. [Mu dem ca Yuusufa] ne ko : "Yaw waxkatu dëgg ! Ubbee ma ci juróom-ñaari nag yu duuf yu juróom-ñaari nag yu loof di lekk, ak juróom-ñaari gub yu nëtëx ak yeneen yu wow, ndax xéy-na su ma delluwaatee nit ña am ci xam-xam".

47. Mu ne : "Nangeen bey juróom-ñaari at ni ngeen ko baaxoo defe. Te lu ngeen góob, bàyyileen ko ca aw gubam [bañ koo bàcc], lu dul lu néew ca la ngeen di lekk.

48. Dana ca topp gannaaw loolu juróom-ñaari at yu bekkoor yuy lekk la ngeen dencoon ngir ñoom ba mu des lu néew ca la ngeen dencoon.

49. Dana ca topp gannaaw loolu at moo xam ne dana xettali nit ñi te it danañu ca nal [reseñ ndax dana am]."

50. Buur ba ne : "Indil-leen ma ko". Ba ndaw la agsee ca moom [Yuusufa], mu ne ko : "Dellul ca sa sang, nga laaj ko : "Lan moo doon mbirum jigéen ña dogatoon seen yoxo ? Sama Boroom xam na bu baax seen pexe".

51. [Buur ba ne jigéen ña] : "Lan moo doon seen mbir ba ngeen sàkku Yuusufa ci jëmmam ?". Ñu tontu ne : "Wax dëgg Yàlla ! Xamalunu ko dara lu bon". Jabaru buur ba ne : "Léegi nag dëgg gi leer na. Maa ko sàkku woon. Moom moo waxoon dëgg !"

52. "[Man Yuusufa maa defoon] noonu ngir buur bi xam ne wuruju ma ko ginnaawam, te sax Yàlla du jubale pexem wurujkat ya.

**53**. Jéemumaa setal sama bopp, ndax bakkan moom digalaakoon la ci lu bon, [mucctil ci moom] ku dul ku sama Boroom yërëm. Ndax sama Boroom Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la".**(h)**

54. Buur ba ne : "Indil-leen ma ko : def ko mu sës ci man". Ba mu waxeek moom, mu ne ko : "Bis niki tey, nekk nga ci man ku ñu darajaal, ku ñu wóolu".

55. Mu ne : "Dénkleen ma alali réew mi : am naa xam-xamu wattu ko".

56. Noonu Lanu darajaale Yuusufa ca réew ma, mu fay wàcc fu ko neex. Dananu jox sunu yërmaande ku Nu neex te Dunu sànk peyug rafetalkat ya.

57. Te peyug àllaaxira moo gën ci ña gëm, di ña ragal [Yàlla].

58. Ay doomi-baayi Yuusufa agsi ca moom [jóge seen réew ma]. Mu xàmmee leen te ñoom fakk nañu ko.

59. Ba mu solee seen saaku ba noppi, mu ne leen : "Indil-leen ma seen doomi-baay ja des ak seen baay. Moo ndax gisuleen ne nattal na leen lu mat sëkk te it dalal naa leen gën ji daluwaay ?

60. Bu ngeen ma ko indilul, dungeen amati ci man indaar ; te it dungeen ma jegeñ”.

61. Ñu ne ko : “Dananu ko sàkku ci baayam. Te dananu ko def ”.

62. Mu ne ay surgaam : “Dellooleen, ci seeni sëf, njëg [ga ñu joxe]: xéy-na danañu ko xàmmee bu ñu delloo ca seeni mbokk te xéy-na danañu dellusi”.

63. Ba ñu delloo ca seen baay, ñu ne ko : “Yaw sunu baay, [su nu yóbbaalewul sunu rakk jii weneen yoon, kenn dunu nattal]. Kon yebal ko mu ànd ak nun ndax ñu nattal nu. Kon dey dananu ko wattu”.

64. Mu ne : “Ndax, wóolu leen ci dafay mel ni ba ma leen wóolu ca bu njëkk ca doomu- ndeyam ja ? Waaye Yàllaa di gën jaa mën a wattu [aar], te Moo ëpp yërmaande yërëmaakoon ya !”

65. Ba ñu ubbee seeni ëmb, ñu fekk ca njëg ga ñu leen delloo. Ñu ne : «Waaw yaw sunu baay. Lan lanu bëggati ? Alal ja [nekkoon ca njëg ga nu feyoon] mi ngi nii ñu delloo nu ko. Dananu mën a jëggiwaat lu nu mën a dundale njaboot gi, mën nanoo wattu sunu doomu-baay te dananu yokk sëfu gëléem, loolu natt bu yomb lay doon”.

66. - Mu ne leen : “Duma ko bàyyi mukk mu ànd ak yéen li feek waatuleen ci Yàlla ne dangeen ma ko delloosil, ndeem lottuleen ca”. Ba ñu ko waatalee, mu ne : “Li nu waxante, nu ngi ciy wéeru ci Yàlla”.(s)

Draft

67. Mu ne : “Yéen samay doom, [bu ngeen àggee ca dëkk ba], buleen ca duggandoo ci benn buntu, nangeen xàjjalikoo dugge ciy buntu yu soriyaantoo. Mënuma leen a fegal dara lu jóge ci Yàlla. Moom rekk a moom àtte : Ci Moom rekk laa wéeru. Te képp kuy wéeru, na weeru ci Moom [Yàlla]”.

68. Ba ñu duggee na ko seen baay diglee woon, taxul mu jariñ dara ca la Yàlla namm. Lu dul ne Yanqooba soxla woon na yiir leen ci loolu. Naka moom, boroom xam-xam la ci la Nu ko xamal. Waaye li ëpp ci nit ñi xamuñu.

69. Ba ñu agsee ca Yuusufa, mu daldi xëcc taf ci boppam doomu-ndeyam ja, daldi ne : “Maa di sa doomu-ndey. Bul jàq ca la ñu nekkoon di ko def ci jéem maa sànk”.

70. Ba mu leen solalee seeni saaku ba noppi, mu dugal andaar [ja ñu doon natte] ca biir sëfu doomu-ndeyam ja. Mu am yéglekat bu wax ne : “Éy yéen jëgg ji ! Ay sàcc ngeen”.

71. Ñoom it ñu wëlbatiku ca moom ne leen : "Lan ngeen réerle ?"

72. Ñu ne : "Li nu réerle mooy nattukaayu buur bi. Te ku ko feeñal nu jox ko sëfu giléem, maa ko warlul loolu".

73. Ñu ne : "Giñ nanu ci Yàlla, te xam ngeen ne dikkunu fii ci suuf si ngir yàq te it dunu ay sàcckat".

74. - Ñu ne: "Luy peyug ku sàcc, bu fekkee dangeen a fen ?".

75. Ñu ne : "Ag peyam moom ka ñu fekk [nattukaay ba] ci sëfam mooy : ag peyam moom ci boppam [mu nekk jaam]. Noonu Lanu feye tooñkat ya".

76. Mu jëkke ca ndabi doomi-baay ya, di seet, mujje ndabul doomu-ndey ja ; génne ca nattukaay ba. Noonu Lanu joxe pexe Yuusufa. Pexe mu ko tax a téye doomu-ndeyam ja ci lu dëppook yoonu buur ba, [mënu ko woon a def] lu dul lu soob Yàlla. Dananu yékkati darajay ku Nu soob. Te boroom xam-xam bu nekk, am na ku ko ëpp xam-xam.

77. Ñu ne : "Ndegam sàcc na, am na doomu-ndeyam ju sàccoon bu jëkk. "Yuusufa nëbb ca xelam la mu xalaat, bañ leen koo feeñal. Mu ne [ci xelam] : "Yéen yées ngeen ! Te Yàlla xam na li ngeen jëf".(r)

78. - Ñu ne : «Ay yaw kilifa gi, moom dafa am baay bu mage lool ; téyeel kenn ci nun bàyyi ko. Gis nanu ne yaw bokk nga ca rafetalkat ya [seeni jëf]".

79. - Mu ne : "Maa ngi ñaan Yàlla mu musal ma ci jàpp ku dul ka ma fekk nattukaay ci moom ! [Su nu ko defee], kon dananu bokk ca tooñkat ya.

80. Ba ñu amatul yaakaar ci moom, beru nañu di diisoo. Ka di seen mag ne : "Moo ndax dangeen a fàtte ne seen baay waatloo woon na leen ci Yàlla, ca la jiitu loolu la ngeen defoon Yuusufa ? Man dey du ma fi jóge ba kerook may jot sama ndigalul baay walla Yàlla àtte ma, ndax Moom moo gën a mën a àtte àttekat ya.

81. [Mu ne] demleen ca seen baay, ngeen ne ko : "Yaw sunu baay, sa doon ja sàcc na. Te dunu seede lu dul la nu xam. Te nun xamunu kumpa.

82. Laajal waa dëkk ba nu nekkoon, ak njëgg ma nu àndaloon ñibbisi. Li nu wax dëgg la."

83. [Seen baay tontu leen] ne : “Deewallaay dangeen a topp seen bakkan mu rafetal leen am mbir !… [Muñ gu rafet]. Xéy-na Yàlla delloosil nu leen ñoom ñépp. Moom Yàlla Ku xereñ la, Ku xam la”.

84. Mu dummóoyu leen, wax ne : “Céy sama njàqare ci Yuusufa !”. Noona ay gëtam weex [gisatul] ngir mer ma mu wann.

85. - Ñu ne ko : “Céy Yàlla ! Doo deñ di fàttaliku Yuusufa, ba tax na yaa ngi wéradi te mën nga cee loru”.

86. - Mu ne : “Defuma lu dul tawat sama njàqare ak sama naqar ci Yàlla. Te xam naa ci Yàlla lu ngeen xamul.

87. Mu ne : “Yéen samay doon ! Demleen xeeñtu ji lu jëm ci Yuusufa ak doomu-ndeyam ja. Te buleen xàddi ci dajeek yërmaande Yàlla. Ndax ay yéefar rekk ñooy xàddi ci dajeek yërmaande Yàlla”.

88. Ba ñu agsee ci Yuusufa, ñu ne ko : “Éy yaw jawriñ ju tedd ji, xiif danoo dal nun ak sunug njaboor ; te indi nanu njëgg gu xeebu. Nattal nu te sarax nu. Yàlla dana fey saraxekat ya !”(S)

89. - Mu ne leen : “Ndax xam ngeen la ngeen defoon Yuusufa ak doomu-ndeyam ja, ba ngeen nekkee cig réer ?”.

90. - Ñu ne ko : “Ndax yaw yaay Yuusufa ?” - Mu ne leen : “Maay Yuusufa, kii mooy sama doomu-ndey, Yàlla defal nu ay xéewal. Ndax ku ragal Yàlla te muñ, [dana gis ne] Yàlla du sànk mukk peyug ñay refetal”.

91. - Ñu giñ ci Yàlla ne : “Yàlla gënal na la ci sunu kaw te nun danoo juumoon rekk def bàkkaar”.

92. - Mu ne : “Tey du bisub yeddeel ci yéen ? Yal na leen Yàlla baal. Te Moom moo gën a mën a yërëm yërëmekat ya.

93. Demleen yóbbu sama yére yii ngeen sànni ko ca sama kanamu baay : dana dellu di gisaat. Te ngeen dellusi ànd ak njaboot ga gépp”.

94. - Ba njëgg ga génnee [Misra], seen baay daldi ne : “Xetu Yuusufaa ngi may xeeñ, ndegam du ngeen wax ne damaa naax”.

95. Ñu ne ko : “Giñ nanu ci Yàlla ne yaa ngi ci sa njuumte lu jëkk la”.

96. Waaye, ba kuy bégle ka agsee, daldi koy xëpp yére ya ci kanam. Mu daldi ne xàjj di gis, mu ne : “Moo ndax waxuma leen woon ne xam naa lu ma jële ci Yàlla lu ngeen xamul ?”

Draft

97. - Ñu ne : «Éy yaw sunu baay, sàkkul nu njéggal [ci Yàlla] sunuy bàkkaar. Ndax nun dey juumoon nanu ba def bàkkaar naka”.

98. - Mu ne : “Danaa leen ñaanal njéggal ci sama Boroom. Moom Yàlla nag mooy Jéggalaakoon ba, di Jaglewaakoon ba”.

99. Ba ñu delloo ca Yuusufa, mu song ñaari waajuram, ne leen : “Dugguleen Misra ànd ak kóolute, bu soobee Yàlla !”

100. Mu yéegal ñaari waajuram ci kaw gàngunaay ga, ñu rot sujjóotal ko. Mu ne : “Yaw sama baay, lii moo di pirim sama gént ga woon. Sama Boroom def na ko muy dëgg... Te it defal na ma lu baax ba ma mën a génn ci kaso bi, indi leen ngeen jóge ca àll ba, ginnaaw ba Séytaane yàqee sama diggante ak samay doomi-baay. Sama Boroom nag ku lewet la ca la ko soob. Mooy Ku xam te xereñ.

**101**. Yaw sama Boroom, may nga ma nguur, jàngal nga ma it pirim gént. Yaw mi sos asamaan yi ak suuf si, Yaw yaay sama sang, ci àddina ak ca àllaaxira. Yal na nga may rey te fekk may aji-jublu ci Yaw [sama Boroom] sama mbir mépp te yal na nga ma yéege ci ñu yiw ña.**(n)**

102. Loolu bokk na ca xew-xew yu fàddu ya, ñu soloo la ko. Te fekkewuloo ba ñu mànkoo ci mbir, di tëral pexe.

103. Te li ëpp ci nit ñi duñu gëm doonte la xér nga sax yaw [ci ña gëm].

104. Te laajoo leen ag pey ci [Alxuraan ji]. Te nekkul leneen lu dul ag waare ñeel àddina si yépp.

105. Bariwaana ay kéemtaan yu nekk ci asamaan yi ak ci suuf si, ñu di ko romb, te defuñu ca paal !

106. Li ëpp ci ñoom duñu gëm Yàlla, xanaa kay dañuy nekk rekk di bokkaale Yàlla.

107. Ndax dañoo gëmul ne mbugal mu leen muur mën na leen a dal, di mbugalum Yàlla mbaa mu digal leen, bu Bis-pénc baa ci mbetteel te duñu ko yég ?

108. Neel : “Samaw yoon a, ngir damay woote jëme ci Yàlla ànd ak aw lay. Man bokkuma ci bokkaalekati Yàlla yi, maak ku ma àndal.

109. Yónniwuñu woon, lu la jiitu [yaw Muhammad], lu dul ay góor yu ñu soloo ñu dëkk ca njénde ya. [Nee leen] ndax dañoo doxul ci suuf si, ba seetlu lan mooy mujjug ña leen jiitu woon ? Te ca dëgg-dëgg kërug àllaaxira moo gën ca ña ragal Yàlla. Moo ndax dangeen dul xel-lu ?

110. Ba ña Nu yónni naagoo ne [ndimbal dootul ñëw] te ñu jort ne weddeef nañu leen ba noppi, foofa la Sunu ndimbal agsee ci ñoom. Nu musal ku Nu soob. Te Sunu mbugal amul kenn ku ko mën a fegal tooñkat ya.

111. Seen nettali yooyu ay waaree nga ca ñeel woroom xel ya. Du waxtaan wu ñu sos. Waaye day dëggal ya jiitu, te it di leeral lépp lu nekk di ag njub, di yërmaande ñeel nit ñu gëm.(s)

Draft

# Saar 13 : Dënnu

## 43 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Aliif, Laam, Miim, Raa. Kàdduy Téere ba ñoo ngi nii te di lu ñu wàcce ci yaw, mu jóge ci sa Boroom dëgg ga ; waaye li ëpp ci nit ñi gëmuñu.

2. Yàlla Moo di ki wàcce asamaan yi ci lu amul keno yu ñu mën a gis. Topp Mu yemoo ca [Aras], Mu tàggat jant bi ak weer wi, ñoom ñépp ñuy daw jëm ci àpp bu ñu dogal. Mooy àtte doxiinu [àddina], Dana leeral ag kàddoom ndax mu wóor leen ne dangeen dajeek seen Boroom.

3. Moom mooy Ki tàllal suuf si, def ca ay doj ak i dex. Te def na ca mépp meññent ñaar-ñaar [góor ak jigéen]. Dana muure bëccëg ci guddi gi. Nit ñuy xalaat am nañu ci loolu ag waaru.

4. Nekk na ci kaw suuf si ay déndi suuf yu tàqaloo [te wuute], ak tooli reseñ ak mbeyum pepp, ak garabi tàndarma yu ràngaloo ak yu soreyaantoo, ñoom ñépp ndox mi leen di suuxat menn la. Nuy gënal yenn ya ci kaw yeneen ya ci cafka ga. Ag waare nekk na ci biir loolu ngir nit ñu am xel.

5. Ndeem danga yéemu yaw [Yonent bi], dana la yéem li ñuy wax naan : "Ndax bu ñu deewee ba seey nekk suuf, danañu dekkiwaat nekk i mbindeef ?". Ñooña ñooy ña weddi seen Boroom. Te mooy ña gëx nekk ca seen loos. Te ñoom ñoo di waa Safara, te dañu fay béel.(r)

6. Ñangay yàkkamti naan na mbugal [mi nga nu dig] nëw lu jiitu seenug sàkku yërmaande. Waaye ca la weesu, amoon na ay mbugal [yu daloon ña leen jiitu]. Doonte la sa Boroom kuy jéggal nit ñi la seeni bàkkaar, waaye fekk na sa Boroom di ku tar mbugal itam.

7. Ña weddi ñangay wax : "Lu tee ñu wàcce ci moom kéemaan gu jóge ca Boroomam ?". Te yaw nekkoo lu dul kuy waare, te xeet wu nekk am na ku koy gindi.

8. Yàlla xam na lu jépp jigéen ëmb, ak lay wàññeeku ak a yokk ca ëmb ba. Te lépp lu nekk am na moom ab natt [bu mu tollool].

9. Mooy kiy xam lu fàddu ak li feeñ, di Ku màgg, di Ku kawe ka.

10. Ci yéen ku ca jàpp ndigal ci lu nëbbu ak ku jàpp ca la feeñ, ñoo ca yem kepp. Naka noonu, ku nëbbu [di ko jëf] guddi ak ku ne dàŋŋ ci bëccëg.

11. Kooku jàpp ndigal la, am na [ña koy wattu] ñuy wuutuwante ci kanamam ak ci ginnaawam. Danañu ko sàmm ci ndigalul Yàlla. Naka Yàlla du soppi li nekk ci aw nit li feek soppiwuñu la nekk ca ñoom. Te bu Yàlla nammee teg mbugal aw nit, kenn du ko mën a delloo : te it du am kenn ku leen mën a sàmm ginnaaw Yàlla.

12. Moom moo leen indil melax ngeen yëg ci am tiit ak njàqare ; te Moo sos niir yu diis yi [ak ndox].

13. Dënnu ga di ko sàbbaal, màggal cant gi mu yeyoo. Malaaka ya it ànd ak ragal ko. Te dana sànni dënnu, sadd ko ci ku ko soob. Ñoom nit ña, ñangay dàggasante ci Yàlla, te Moom ku tar la ci kàttanam.

14. Mooy boroom woote bu dëggu ba ! Te ña ñuy jaamu dëddu Ko, duñu mën a wuyyu [ba jariñ leen] ci dara ; dafa mel ni [ku mar], tàllal ay yoxoom ndox ma, bëgg mu jëm ca gémmiñam, te jotu ko. Jaamug ña weddi du jëme fu dul ci sànku.

Draft

15. Lépp lu nekk ci asamaan yi ak suuf si danañuy sujjóotal Yàlla cig nangu walla cig nooteel, ak seeni takkandeer suba ak ngoon.(S)

16. Neel : “Kan mooy boroom asamaan yi ak suuf si ?”. Neel : “Yàlla”. Neel : “Waaye ndax dangeen Koy bàyyi di jàpp ci ay yàlla yoo xam ne mënaluñu seen bopp njariñ walla jenn lor ? Neel : “Ndax gumba dana yem ak njàccaar walla ndax leer ak lëndëm ñoo yem, walla ndax dañuy sàkkal Yàlla way-bokkaale yu mën a bind lu mel ni li Mu bind ba seeni mbindeef niroo ci ñoom? Neel : “Yàlla mooy Aji-bind ji lépp lu ne te Moom mooy Notaakoon bi di kenn”.

17. Wàcce na ndox mu jóge asamaan, ay dex walangaan ciy xur. [Lu na toll] yol mu yanu puurit mu njaxlaf, muy nirook puurit muy féey ci kaw lu ñuy teg cib taal ngir defar i takkaay walla ndab. Noonu la Yàlla [di joxee misaal ngir téqale] dëgg ak neen te puurit ma day dem ci neen, lay jariñ mooy la des ca suuf sa. Noonu la Yàlla di joxee misaal.

18. Ña wuyyu seen [wooteb] Boroom am nañu Àjjana. Waaye ña ko bañ a wuyyu, bu ñu amoom li nekk ci suuf si lépp ba dolli ca lu na toll, du mën a nekk seen njot [ci mbugal ma]. Ñooña, natt bu ñaaw [lañuy

natte seen jëf] te seen saxuwaay Safara la. Te delluwaay boobu bon na !

**19**. Moo ndax koo xam ne la ñu wàcce ci yaw mu jóge ca sa Boroom dëgg, mel na ne ka nga xam ne gumba la ? Woroom xel yi rekk ñooy waaru,**(h)**

20. ñooy ñay matal seen kóllare ak Yàlla te duñu firi kóllare googu,

21. ak ñay jokk la Yàlla santaane ñu jokk ko [mooy mbokk], te ragal nañu seen Boroom, di ragal it [ca àllaaxira] natt bu bon [seen jëf yu ñaaw ëpp seen jëf yu baax],

22. ak ñay muñ ngir jëmmi seen Boroom, tey taxawal julli tey dundale ca la leen Yàlla wërsëgale ci la nëbbu walla ci lu feeñ, te ñuy jiñe lu ñaaw ak lu rafet. Ñooña am nañu kër gu mujj ga,

23. Àjjana ju sax ja, danañu ca dugg, ak ña jëfoon lu baax ca seeni baay ak ca seeni jabar ak seeni doom ak i sët. Te Malaaka ya dañuy duggandook ñoom ci buntu yépp :

24. [Ñu naan leen] - "Jàmmi Yàlla na nekk ci yéen ngir la ngeen muñoon !" - Aka rafet kërug mujj ga !"

25. [Waaye] ñiy firi kóllareg Yàlla ginnaaw ba mu fasoo, te muy dog la Mu santaane ñu jokk ko [mooy ag mbokk], di yàq ci kaw suuf si, ñooña am rëbb dal na ci seen kaw [sori yërmaandey Yàlla], te it am nañu kër gu bon ga.

26. Yàlla dana yaatal wërsëg ci ku ko soob, Dana ko xatal it. Te ñoom dundu àdduna neex na leen, te dundu àdduna soo ko méngaleek gu àllaaxira, du nekk lu dul xéewal gu ñàkk solo.

27. Te ñoom ña weddi dañuy wax naan : "Lu tee woon ñu wàcce ci moom kéemaan gu jóge ca Boroomam ?". Waxal ne : "Yàlla dana bàyyi cig réer ku ko soob, te it Dana gindi jëme ci Moom ku dellu [jëm ci topp Yàlla],

28. ñooy ña gëm te seen xol dal ci tudd Yàlla". Te nag ca dëgg-dëgg, tuddu Yàlla mooy dalal xel yi [xol yi] ?

29. Ña gëm tey jëf jëf yu sell yi, am nañu ag texe ak delluwaay bu rafet.

30. Ci noonu yónni Naa la ci xeet woo xam ne - yeneen xeet ya wéy jiitu woon nañu ko - ngir nga jàngal leen la Nu la soloo, ci noonu ñuy wéy di weddi Yërëmaakoon bi [Yàlla]. Waxal ne : "Moom moo di sama

Boroom. Amul jeneen yàlla ju dul Moom. Ci Moom laa wéeru te ci Moom la delluwaay ba nekk".

31. Alxuraan, bu ñu ci doxloo woon tundi doj yi, walla xotti suuf si, walla waxloo ñu dee ñi, [du tax ñu gëm]. Waaye li am moo di mépp mbir Yàllaa ko moom. Moo ndax ñi gëm dañoo xamul ne bu neexoon Yàlla Mu jubal nit ñépp. Waaye ñi weddi duñu deñ mukk njuuma di leen dal ngir seen jëf yu ñaaw, walla xanaa mu wàcc fu jegeñ seeni kër ba digub Yàlla di agsi. Te Yàlla du wuute ab digam.(s)

32. Yéjjeefoon na ay Yonent lu la jiitu. Ma yeexe ña weddi woon. Topp Ma mbugal leen. Naka la sama mbugal mel ? Xanaa metti rekk !

33. Ndax ku di kay fuglu lu bakkan bu ne fàggu [danañu ko niroole ak leneen ?...]. Te ñoom dañoo sàkkal Yàlla ay bokkaale. Neel : "Tuddleen leen. Walla moo ndax dangeen koy soloo [Moom Yàlla] ci la Mu xamul ci suuf si ? Walla lu ngeen di wax rekk la ci kaw [te eggul ci seen xol]? Déedéet". Ñooña rafetaleef na leen seen kéefar ba fekk na ñu soril leen yoon [wu jub wa]. Te ku Yàlla bàyyi cig réeram, du am ku ko gindi.

34. Am na ñu am mbugal ci dundug àddina. Te ca dëgg-dëgg mbugalum àllaaxira moo gën a tiis te duñu am ku leen aar ci la Yàlla dogal ci ñoom.

35. Àjjana ja ñu dig ña ragal Yàlla [kem ni tool] bu ay dex di daw ci suufam ; ay meññantam ak i keram day sax ba fàww. Loolooy mujjug ña ragal Yàlla, te ña weddi Yàlla seen mujj mooy Safara.(r)

36. Ña nga xam ne jox nañu leen Téere ba, nekk nañu ci la wàcceef na ko ci yaw. Te am na ñenn ci kurél ya, ñu weddi lenn ci Alxuraan. Neel : "Man dey digaleef na ma may jaamu Yàlla te du ma ko bokkaaleek [dara]. Maa ngi woote jëme ci Moom, Te samab delluwaay ma nga fa Moom".

37. Noonu la Nu ko wàccee muy lu ñu xereñe ci làkku araab [di ay àtte]. Te boo toppoon seeni bànneex ginnaaw li la dikkal ci xam-xam, doo am kenn ku la wattu waxantumaak ku lay fegal [mbugalum] Yàlla.

38. Yónni woon Nanu ay Yonent lu jiitu, te defaloon Nanu leen ay soxna ak i doom. Te ab Yonent daawul mën a def kéemaan lu dul ci ndigalul Yàlla. Àppub xew-xew bu mu mën a doon bind Nanu ko ba noppi.

39. Yàlla dana far lu ko soob te Dana saxal itam [lu ko soob] ca cosaani Téere ba di [Lawhul- Mahfuuz] ma nga fa Moom.

Draft

40. Ndegam won Nanu la lenn ci li Nu leen dig, walla Nu rey la [lu mu ca mën di doon], yaw li la war moo di jotal, waaye Nun noo warloo natt [jëf ya].

41. Xanaa dañoo gisul ne Nun noo ngi wàññi suuf si ci ay catam ? Yàlla mooy àtte, Dananu delloob àtteem, te Moom ku gaaw la cib nattam.

42. Ña leen jiitu woon defoon nañu ay pexe ; te Yàllaa moom gépp fànnu pexe. Xam na lu bépp bakkan fàggu. Te yéefar yi dananu mës a xam kan moo moom kër gu mujj ga.

43. Ña weddi dañuy wax naan : “Doo ab Yonent”. Neel : “Yàlla doy na seede ci sama diggante ak yéen, ak képp ku am xam-xamu Téere ba”.

Draft

# Saar 14 : Ibraahiima

## 52 aaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Alif, Laam, Raa. Ab téere la bu Nu wàcce ci yaw ngir nga génne nit ñi cig lëndëm [kéefar], jëme leen cig leer [gëm Yàlla], ci ndigalu seen Boroom jëme leen ci yoonu Boroom kàttan gi, Ki yeyoo gépp cant,(s)

2. [ci yoonu] Yàlla mi nga xam ne Moo moom li nekk ci asamaan yi ak suuf si. Te alkaande ñeel na yéefar yi ci mbugal mu tar.

3. Ña nga xam ne dañoo tànn dundug àdduna [mu gënal leen] gu àllaaxira, te ñuy wëlbati ña jëm ci yoonu Yàlla, di ko sàkkal ay gàkk, ñooña ñanga ca ag réer gu sori dëgg.

4. Dunu yónni ab Yonent lu dul ci làkku nitam ña [lay waxe] ngir mu leeralal leen [la ñu ko yónni]. Te Yàlla mooy bàyyi cig réer ku ko soob, Dana gindi itam ku ko soob. Ndax Moom moo di boroom kàttan gi tey Aji-xereñ [ciy àtteem].

5. Yónni woon Nanu Muusaa, dooleel kook Sunuy kaawtéef, ne ko : "Génneel saw nit cig lëndëm jëme leen cig réer, te nga waar leen ci xéewali Yàlla yi". Ndax kéemtaan a ngi ci loolu ñeel képp ku di ab muñaakoon, di ab santaakoon.

6. (Fàttalikul) ba Muusaa waxee aw nitam ne leen : "Fàttalikuleen xéewalu Yàlla ga Mu leen defaloon ba Mu leen musaloon ci waa kër Firawna, ñu leen doon teg mbugal mu bon. Di rey seen doon yu góor, di bàyyi jigéen ña. Te loolu nekkoon na ab nattu bu rëy bu jóge ci seen Boroom",

7. Ak ba seen Boroom xamlee ne : "Bu ngeen gërëmee, fàwwu Mu dolli leen. Bu ngeen weddee nag, [na ngeen xam ne ] Sama mbugal lu tar la".

8. Te Muusaa ne leen : "Bu ngeen weddi woon, yéen ak ñi nekk ci suuf si yépp [du wàññi Boroom bi dara], ngir Yàlla Aji-doylu la ci boppam [wëliis ay mbindéefam], Aji-yeyoo cant la".

9. Ndax agsi na ci yéen nettalib xew-xew ya leen jiitu woon? Niki nitu Nooh ak waa Haad, ak waa Samuuda ak ña ñëw seen ginnaaw, kenn xamuleen ku dul Yàlla. Seeni Yonent dikkaloon nañu leen, ànd ak lay yu leer, te ñu màtt seeni waaraam wiccax, ñu ne : "Nun weddi nanu li nga xam ne yónneef na leen ko, te nun am nanu sikk gu tar ci li ngeen nuy won".

10. Seeni Yonent ne leen : "Moo ndax dangeen di am sikk ci Yàlla, Moom mi sos asamaan yi ak suuf si, Ma nga leen di woo ngir Mu baal leen seeni ñaawtéef te Mu muñal leen ba ca àpp bu ñu dogal ?". Ñu tontu ne : "Dungeen dara lu dul aw nit ni nun. Dangeen noo bëgg a tàggaleek la sunu maam ya daan jaamu. Indil-leen nu aw lay wu bir".

11. Seen Yonent ya ne leen : "Nekkunu lu dul aw nit ni yéen. Waaye Yàlla dana xéewale ku ko soob ciy jaamam. Dunuleen mën a indil ay lay lu dul ci ndigalul Yàlla. Te way-gëm ña dañuy wéeru ci Yàlla."(n)

12. [Ñi gëm] ne : "Lu téye dunu wéeru ci Yàlla, te gindi nanu ba noppi te teg nu ci sunuy yoon ? Te it dananu muñ lor yi ngeen nuy teg. Kuy wéeru daal na wéeru ci Yàlla."

13. Ña weddi wax seen Yonent ne leen : "Dananu leen génne ci sunu suuf walla ngeen dellusi ci sunu diine !". Seen Boroom soloo leen ne : "Fàwwu dana alag tooñkat ña,

14. te ci seen ginnaaw Danaa leen jox suuf si muy seen dëkkuwaay [yéen Yonent yi ak ñi leen topp]. Loolu mooy peyug ku ragal Sama taxawaay [ak moom] te ragal Samay tëkku".

15. Ñu sàkku ndimbal [ñoom Yonent ya]. Képp ku doon rëy-rëylu te jeng daldi yàqule.

16. Te Safaraa nga xaar ca ginnaaw te dees na ko nàndal ndox mu bon te tàng jér

17. dana ko guux. Waaye du ko xaw a mën a wann. Dee di ko dikkale wet gu nekk, te du dee ; te it mbugal mu tar dana ca topp.

18. Ña weddi seen Boroom, seeni jëf dafa mel cig niróole ni ab dóom bu ngelaw ëf ci bisu mbóoya mu ràddi. Duñu mën a jariñoo dara ca la ñu fàggu woon. Loolu moo di réer gu sori dëgg.

19. Ndax dañoo gisul ne Yàllaa bind asamaan yi ak suuf si ci dëgg ? Bu ko neexoon Mu jële leen fi, indi fi ay mbindéef yu bees,

20. Loolu nekkul lu jafe Yàlla.

Draft

21. Ñoom ñépp ñu teew ca Yàlla. Ña neew doole wax ña daan màgg-màggalu ne leen : “Nun dey, yéen lanu toppoon. Moo ndax mën ngeen noo jiñal dara ci mbugalum Yàlla mi ?” - Ñu tontu ne : “Su nu Yàlla jubaloon kon nu jubal leen. Léegi nag, nu tiit walla nu muñ, lépp a yem ci nun ; amunu làquwaay [fu nu rawe]”.

22. Séytaane dana wax, ba lépp sottee, ne : “Yàlla dey digoon na leen dig bu dëggu ; man it ma dig leen te wor leen. Waaye nag amuma woon genn kàttan ci not leen, defuma lu dul woo leen ngeen wuyu ma. Buleen ma yedd ; yeddleen seen bopp. Mënuma leen a xettali te mënuleen maa xettali. Man weddi naa seenug bokkaaleek man ca la jiitu woon”. Tooñkat ya daal am nañu mbugal mu metti.

23. Ñu dugal, ña gëm te jëfoon jëf yu sell ya, ci Àjjana joo xam ne ay dex dañuy daw-dawaan ci suufam, dañu fay béel ci seen ndigalul Boroom. Seenub nuyyoo foofa moo di : “Jàmm”

24. Ndax gisoo ni sa Boroom di joxee ci waxiinu léebu baat bu sell bu mel ni garab gu sell goo xam ne dàtt ba lu sampu la ba dëgër te wanqaas ya nekk ca kaw asamaan ?(s)

25. Muy joxi meññantam saa su nekk ci ndigalul Boroomam. Yàlla danay gaaral nit ñi ay léebu ndaxtelee ñu fàttaliku [seen Boroom].

26. Te itam, léeboo wax : “Baat bu bon dafa mel ni garab gu ñu buddee ci suuf te amul fu mu sax.”

27. Yàlla dana dëgëral ña gëm ci wax ju dëggu, ci dundug àddina ak ca àllaaxira. Te Dana bàyyi tooñkat ya ca seen réer ga. Te Yàlla dana def lu ko soob.

28. Ndax gisuloo ñay feye xéewali Yàlla ci di Ko weddi tey wàcce seenu nit ci kërug alkaande(r)

29. ... danañu séndal ci Safara ? Ndaw saxuwaay bu bon !

30. Ñay sàkkal Yàlla nawle ngir réeral [seenu nit] soreel leen yoonu [Yàlla] : “Xéewluleen rekk, Safara ngeen di mujj di”.

31. Waxal sama jaam yi gëm ne leen : «Nañuy taxawal julli tey joxe ca la Ma leen wërsëgale ci lu nëbbu walla la feeñ, balaa àpp bis di ñëw boo xam ne jotoo amu fa waxantumalaa xaritoo.

32. Yàlla mooy ki bind asamaan yi ak suuf si te Mooy wàcce ndox mu jóge kaw asamaan ngir Mu génne ca meññent yu nekk i xéewal ci yéen. Te

Moo leen tàggatal gaal ngir ngeen mën a daw ci géej ci ndigalam. Te tàggatal na leen it dex yi.

33. Te tàggatal na leen it jant bi ak weer wi ñuy ñaari way-daw [ku ca nekk ci aw rëddëm]. Tàggatal na leen guddi ak bëccëg.

34. Te Moo di leen may ci lépp lu ngeen ko ñaan. Te sax, bu ngeen doon jéem a waññi ay xéewalam, dungeen ko mën a takk. Ndekete yoo nit moom ab tooñkat la bu mën a fakk jëf.

35. [Fàttalikul] ba Ibraahiima waxee ne : "Sama Boroom, [ñaan naa la] nga def dëkk bii di fu am kóolute, te maak samag njaboot nga soril nu ak jaamu xërëm.

36. Boroom sama, xërëm yooyu dey réeral nañu [sànk] lu bari ci nit ñi. Képp ku ma topp ci man la bokk. Képp ku ma weddi... [Yaa xam noo koy def], ndax Yaw Jéggalaakoon nga, Jaglewaakoon nga !

37. Yaw sama Boroom, dëkkal naa lenn ci sama njaboot ci xur wu amul mbey, ci sa néeg bu ñu wormaal ba [Kaaba ga], ngir ñuy taxawal julli. Defal seenug cofeel ci xoli nit ñi. Te nga wërsëgal leen ay meññent. Ndax xéy-na ñu gërëm la ?

38. Yaw sunu Boroom dey, xam nga li ñuy nëbb ak li ñuy fésal : - te amul menn mbir mu umpu Yàlla ci suuf si, waxantuma laak asamaan ! -

Draft

39. Xéeti cant yépp moomale naa ko Yàlla, Mi nga xam ne Moo ma may cig mage [sama doom] Ismaahiila ak Isaaqa. Sama Boroom daal kuy dégg ñaan la.

40. [Éy] Yaw Boroom bi !, def ma maak samay doom ak i sët, nuy taxawalkati julli ; waay- waay nangul sunu ñaan !

41. Yaw Boroom sama ! Jéggal ma maak samay waajur ak ñi gëm ca bis ba Yàlla di natt jëfi mbindéef yi".(s)

42. [Yaw Yonent bi], bul njort ne Yàlla amul paal ci li tooñkat yi di def. Deful lu dul yeexe leen ba Bis-pénc ba bët yi buqeeku [janook seen mbugal].

43. Ñuy daw, muur seeni bopp [ngir kersa], ne muq di xoole te dara nekkul ca seen xol ya [lu dul njàqare].

44. Waaral nit ñi ci bis bu ñu leen di indil mbugal mi, ba tooñkat ya di wax naan : "Sunu Boroom, tee nga noo muñal diir bu gàtt, kon dey

nu wuyusi woote, topp itam say Yonent". - Mu tontu leen ne: "Ndax daawuleen giñ ne àllaaxira amul ?".

45. Ngeen dëkk ci dëkki ña tooñoon seen bopp. Te ngeen xamoon xéll na Nu defoon ak ñoom te joxoon Nanu leen ay tegtal.

46. Dañoo fexe seen pexe te umpul Yàlla. Doonte la sax, seen pexe moomu mën naa dindi tundi doj yi...

47. Bul njort ne Yàlla dana soppi la Mu dig ay Yonentam. Yàlla ku am kàttan la, di Kuy feyu [tooñeel],

48. ba bis ba ñuy weccee suuf sii seneen suuf ak asamaan yi itam te nit ñi génne [ca seeni bàmmeel] teew ca Yàlla ja di jenn, te di Notaakoon ba.

49. ca bis booba, danga gis saay-saay sa ñu lëkkale leen ca jéng ya,

50. seeni yére keteraan la, ñu muure seeni kanam ak safara.

51. [La ko waral] moo di Yàllaa feye bakkan bu nekk la mu fàggu. Te nag Yàlla moom Ku gaaw ka ci natt lu ne.

52. Ngir ñu waaru te xame ca itam Moom Yàlla jenn Yàlla doŋŋ la, ak itam woroom xel ya fàttalikoo ci.

Draft

# Saar 15 : Goxub Hijri

## 99 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1/1. Alif, Laam, Raa. Àttey Téere bee ngi nii, di am njàngale muy biral [dëgg].(h)/(n)

2. Amaana ña weddi ñanga ne siiw nekki jullit.

3. Bàyyileen ñuy lekk ak a xéewlu, tey mébét lu leen soxal; danañu mës a xam !

4. Dunu alag benn dëkk te fekk amul àpp bu ñu xam.

5. Benn xeet du jiitu àppam te it mënu koo weesu.

6. Ñu naan leen : “Yaw mii, wàcceef na ci yéen Téere ba, yaw dof tigi nga !

7. Lu teewoon nga indil nu ay Malaaka, ndegam bokk nga ca ñu dëggu ña ?”

8. Nun dunu wàcce ay Malaaka lu dul ci dëgg (gu Nu doxal mu jeex) ; te kon dungeen doon ñu ñuy muñandiku ab diir.

9. Nun noo wàcce Téere ba [Alxuraan] te Nun noo koy wattu.

10. Yónni Nanu ci lu la jiitu ay Yonent ca kurél yu njëkk ya.

11. Te ab Yonent daawuleen dikkal te yéjj wuñu (ñaawal).

12. Noonu la Nu koy tàbbalee ci xoli saay-saay sa.

13. Duñu ko gëm te aadaay ñu njëkk ña wéy na.

14. Te su Nu leen ubbiloon ab buntu ci asamaan ñu mën caa yeendoo yéeg,

15. Kon it fàwwu ñu wax ne : “Dañoo gëlëmal sunuy gët. Walla sax dañu noo njibar”.

16. Def nañu ci asamaan ay bidiw te rafetal Nanu ko ñi koy xool mu ne ràññ.

17. Te wattu Nanu ko ba sépp séytaane su ñu rëbb du fa mën a egg.

18. Lu dul ku jéem a sàcc lu mu dégg, [te ku ko ca jéem] ay jumu safara soxal ko.

19. Tàllal Nanu suuf si te samp ci ay tundi doj (yu tax mu dal) ; saxal Nanu itam wépp xeetu gàncax muy lu ñu nattale.

20. Nu defaral leen ca lu ngeen di dunde, yéen ak ñi ngeen dundalul.

21. Amul lenn loo xam ne ndàmbam nekkul ci nun, waaye Dunu ca wàcce lu dul ab natt bu ñu xam (bu yem ak bu doy).

22. Yónni Nanu ngelaw luy sos (taw ci niir yi) ; wàcce Nanu ndox mu jóge asamaan, nàndal Nanu leen ci te mënuleen ko woon a denc.(S)

23. Te Nun nooy dundal te Nun nooy rey te Nun nooy donn (mujje) àddina bi yépp.

24. Sunu xam-xam làmb na ña jiitu woon ak ñay mujj ci yéen.

25. Sa Boroom dana leen fang ñoom ñépp. Moom Yàlla Ku xam la, Ku xereñ la.

26. Bind Nanu nit ci ban bu wow bu jóge ci ban bu ñuul.

27. Te fekkon na Nu binde jinne lu jiitu loolu ci safara wu xonk coyy.

28. [Fàttalikul] ba sa Boroom waxee Malaaka ya ne leen : “Man damay bind nit ci ban bu ñu togg,

29. te saa su Ma ko yemalee ba wal ci dara ci sama ruut, rotleen sujjóotal ko”.

30. Malaaka yépp sujjóot,

31. ba mu des Ibliis, moom bañ naa bokk ca ñay sujjóot.

32. Mu ne [Moom Yàlla] : “Yaw Ibliis, lu la dal ba bokkuloo ci sujjóotkat yi ?”

33. Mu tontu ne : “Man kat duma sujjóotal nit koo binde ci ban bu wow bu jóge ci banit bu ñu togg”.

34. -Mu ne ko [Moom Yàlla]: “Génnal, yaw ku ñu dàkku (dàq) nga bis niki tey !

35. Te am rëbb dal na ci sa kaw ba Bis-pénc ba di taxaw !”

Draft

36. -Mu ne : «Yaw sama Boroom, kon muñal ma ba bisu dekki ba".

37. Mu ne : bokk nga ca ña ñu muñal,

38. ba ca Bis ba nga xam ne waxtoom lu ñu xam la.

39. - Ibliis ne : «Yaw sama Boroom, ci sababus li nga ma beewloo, fàwwu danaa leen rafetalal ci àddina [lu bon], te fàwwu danaa leen beewloo ñoom ñépp,

40. ba mu des ña sellal ca sa jaam ña."

41. - Boroom bi tontu ne : lii mooy yoon wu jub wi jëm ci Man.

42. Sama jaam ñi nag ñoom mënoo ci ñoom dara lu dul ña beew ña la topp.

43. Te Safara mooy fa ñuy daje ñoom ñépp.

44. Te Safara nag am na juróom-ñaari buntu te buntu bu nekk am na xaaj bu ñu ko sédde ca [ñu beew ña].

45. Ña ragal Yàlla nag, ñangay nekk ciy àjjana ak i bëti-ndox [yuy ball].

46. [Ñu ne leen] : "Dugguleen ci jàmm ànd ak kóolute".

47. Te Nu rocci [raxas] la nekkoon ci seeni xol cig noonoo : ñu nekk ay mbokk yu jaaxaan ca seeni lal jàkkaarloo.

48. Coono duleen fa laal. Te dootuñu fa génnati.

49. Xamalal samay jaam ne, Man Jéggalaakoon laa, Jaglewaakoon laa.(r)

50. Waaye sama mbugal mooy mbugal mu metti mi.

51. Te nga nettalileen la xewoon ca gani Ibraahiima ya

52. Ba ñu agsee ca moom ne ko : "Jàmmu ngaam" - Mu ne leen : "Am naa njàqare ci yéen".

53. Ñu ne : "Bul jàq ci nun ! Noo ngi lay bégal ne [danga am doom] ju góor juy bari xam-xam".

54. Mu ne : "Li ngeen di bégle ndax ànd naak samag mage ? Li ngeen may yégal mooy lan ?"

55. - Ñu ne ko : "Yégal ne lii dëgg la. Bul bokk ca ña naagu ña".

56. - Mu ne : "Kan mooy naagu ci yërmaande Yàlla, ñu dul ñu réer [sànku] ?"

57. Mu ne leen : “Waaw lan mooy seen mbir yéen ñi ñu yónni ?

58. - Ñu ne : “Yónneef nañu ci aw nit ñu bari bàkkaar,

59. ba mu des njabootu Lóot, danañu leen musal ñoom ñépp

60. ku ca dul soxnaam sa. “Dogal Nanu ne moom ca way-des ña lay bokk (alku)”.

61. Ba ña ñu yónni agsee ca waa kër Lóot,

62. Lóot ne leen : “Yéen dey aw nit ñu ma xamul ngeen”.

63. - Ñu ne ko : “Axakay, digal nanu la ànd ak la ñu doon sikki-sàkka.

64. Te ñëw nanu ci yaw indil la dëgg. Te it ñu dëggu lanu.

65. Te nanga dem rañaan yaak sa njaboot bu guddi xaajee ; te nga topp ca seen ginnaaw te bu kenn ci yéen geestu. Te ngeen jublu fa ñu leen digal”.

66. Noo xamal Lóot sunu ndigal la : te danañu alag nitam ña ci njël.

67. Waa dëkk ba agsi ànd ak mbégte.

68. - Lóot ne leen : “Ñii samay gan lañu, buleen ma ci rusloo.

Draft

69. Nangeen ragal Yàlla te buleen ma teg gàcce.

70. Ñu ne : “Ndax terewuñu la woon ngay woo nit ñi [ci sa diine ji] ?”

71. Mu ne leen : “Samay doom yu jigéen a ngii ndegam bëgg ngeen a def [li ngeen nar] !”

72. Giñ naa ci sag dund [yaw Muhammed] ne naka ñoom nekkoon nañu di dengi-dengi ci seeni ngëlamte.

73. Ag xaacu sadd leen suba cuuy.

74. Nu wëlbati la nekkon ca kaw [dëkk ba] dëpp ko mu féete suuf, Nu sotti ca kaw ab tawu xeer yu jóge Sijjiil.

75. Loolu nekk ay kéemaan ci ñuy settantal !

76. Te [dëkk boobu] nekk na ci yoon wuñuy faral di jaar.

77. Loolu nekk na di kéemtaan ci ñi gëm !

78. Te waa Leykata ay tooñkat lañu woon.

79. Nu mbugal leen. Te [ñaari dëkk yooyu] ñanga ca yoon wu neex a xam.

80. Waa Hijri weddi woon nañu Yonent ya.(s)

81. Nu joxoon leen sunuy kawtéef, ñu dëddu leen.

82. Ñu nekkoon ñu daan yatt i néeg ci ay tundi doj.

83. Ag xaacu sadd leen ci ag suba cuuy.

84. La ñu doon fàggu jariñu leen dara.

85. Te Nun bind nu asamaan yi ak suuf si ak li nekk ci seen diggante lu dul ci dëgg. Te jeexug Sama àddina sii luy nekk la ! Kon nanga dëddu ña weddi dëddu gu rafet.

86. Sa Boroom mooy Ka bind, di Ku xam.

87. May Nanu la "juroom-ñaar yu Nu ñaar-ñaaral [Al-Faatiha]", ak Alxuraan ju màgg jii.

88. Bul tàllal say gët [di xool] la Nu xéewale ay kurél ci ñoom, bul am naqar ci ñoom te nangay suufeel say mbagg ñeel ñi gëm.

89. Te neel : "Man aji-laabir laa ju wér" [ci xamal leen dëgg],

90. Noonu it Lanu wàccele woon [ab Téere] ca ña xàjjatle woon [seen diine],

91. ca ña séddale Téere ba ay xaaj, pàcc-pàccee Alxuraan ngir sànkaate.

92. Giñ naa ci sama màggug Boroom ! Fàwwu danañu leen laaj ñoom ñépp

93. la ñu nekkon di ko def [ci ay ñaawtéef].

94. Waxal ci kaw li Nu la digal te nanga dëddu bokkaalekat yi.

95. Naka Nun fegal nanu la ña lay téjji.

96. Ña nga xam ne dañuy boole Yàlla ak jeneen yàlla, danañu mës a xam.

97. Xam Nanu ne la ñuy wax tiis na ci sa xol.

98. Sàbbaalal sa Boroom mi yeyoo cant, te nanga bokk ca sujjóotkat ya ;

99. te nangay jaamu Yàlla ba balaa bir la [dee ga] di agsi ci yaw.

Draft

# Saar 16 : Yamb ya

## 128 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Mbirum Yàlla jege na. Buleen ko yàkkamti. Sellam ga màgg na ! Te kawe na, sori lañu koy bokkaale.

2. Mooy wàcce ay Malaaka yuy ànd ak ug soloo, ciy ndigalam, jox ko ku ko soob ci ay jaamam, neeleen : “Nangeen waare ci xamle ne amul jeneen Yàlla ju dul Man. Ragal-leen Ma”.

3. Moo bind asamaan yi ak suuf si ci dëgg. Kawe na, sori lool la ñu koy bokkaale.

4. Moo bind nit ñi ci toqent ; te moom [nit] mu nekk di pànk mu mën a xuloo.

5. [Moo bind it] mala yi, ngeen di ca jële ay yére yu nuggu ak yeneen njariñ. Ak lu ngeen di lekk.

6. Te it yéen a ngi bànneexu ci seeni taar bu ngeen di jofal ci ngoon ak bu ngeen di wëtal ci suba.

7. Te danañu yenu seen [yóbbal], yóbbul leen ko ca dëkk ba ngeen dul woon mën a dem lu dul ci ab coono bub bakkan. Naka seen Boroom Aji-ñeewant la, Jaglewaakoon la.

8. [Moo bind it] fas ak i baxla [berkelle] ak mbaam ngir ngeen war leen, ak ngir taar. Te it bind na lu ngeen xamul.

9. Yàlla moo yeyoo leeral yoon wu jub wa, [te am na ci yoon yi] yu jeng féeroo ak njub. Te bu Ko sooboon Mu jubal leen yéen ñépp.

10. Moom mooy ki leen wàcceel ndox mu jóge asamaan, ngeen di ca naan, garab yi di ca saxe, ngeen di ca nàndale [jur gi].

11. Mu di leen cay saxal mbey, garabi oliiw ak i tàndarma, ak yu reseñ, ak bépp meññent. Loolu mën naa waar aw nit yuy xalaat [natt].

12. Te Moo leen tàggatal guddi gi ak bëccëg gi ; ak jant bi ak weer wi. Ak bidiw yi itam. Ci ndigalam, loolu dey ag kéemaan a ngi ci ngir aw nit ñuy xel-lu.

13. Te li Mu leen wesaareel ci kaw suuf si am nañu ay melo yu wuute. Te ci biir yooyu, am na ca ay kéemaan ñeel aw nit ñuy waaru.

14. Te Moom moo leen tàggatal géej gi ngir ngeen mën ciy jële yàpp wu tooy wu ngeen di lekk, ak ngeen ciy mën a génne ay takkaay yu ngeen di takk. Te gis ngeen ne gaal yaa ngi cay daw, ak it ngeen di ca sàkku ci xéewalam ya, te kon xéy-na di ngeen ko gërëm.

15. Te Moo samp ci suuf si ay ndëgërlaay [mu dal] bañ a jaayu ak yéen, ak i dex ak i yoon,(S)

16. [def na it ci suuf si] ay màndarga, nit ña mën a gindikoo ci bidiw yi.

17. Waaw ndax ku bind dana mën a yem ak ku bindul dara ? Moo ndax dangeen dul fàttaliku ?

18. Te bu ngeen doon jéem a lim xéewal yi leen Yàlla defal, dungeen ko mën. Te Yàlla Moom Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

19. Te Yàlla xam na li ngeen nëbb ak li ngeen feeñal.

20. Te ya ñuy jaamu bàyyi Yàlla binduñu dara, te sax dañu leen bind far.

21. Yu dee lañu, nekkuñu luy dundu, te xamuñu kañ lañu leen di dekkal.

22. Seen Yàlla jenn rekk la. Tax na ña gëmul àllaaxira, seeni xol a dàq a weddi te ñoom dañuy rëy-rëylu.

23. Ca dëgg-dëgg, Yàlla xam na la ñuy nëbb ak la ñuy feeñal. Te Yàlla nag soppul ñiy rëy- rëylu.

24. Bu ñu nee leen : "Lan la seen Boroom wàcce ?". Ñu ne : "Xanaa ay léeb yu jóge ca mag ñu njëgg ña !"

25. Danañu yenu seeni bàkkaar ba mu mat sëkk, Bis-pénc ba, ak lenn ca bàkkaari ña ñu réeral, ci loo xam ne amuñu ca woon xam-xam ; cëy ndaw yen bu bon !

26. Ña leen jiitu woon defoon nañu ay pexe, Yàlla toj seeni tabax ya dale ko ca ndëgërlaay ja. Téeg ma daanu seen kaw, mbugal ma agsi ca ñoom jaare fu ñu ko foogewul woon.

27. Te bu Bis-pénc baa, Dana leen gàcceel, ne leen : “Waa ana sama bokkaale ya taxoon ngeen wuuteeg [jullit ñi] ?” - Ña amoom xam-xam tontu ne : “Bis niki tey, toroxteeg mbugal dal na ci kaw yéefar yi”.

28. Ñoom ña Malaaka yay song, fekk ñoo tooñ seen bopp, ñu sànnib nuyyoo, naan : “Defunu woon dara lu bon !” - “Axakañ, Yàlla ku xam la li ngeen daan def”.

29. Kon dugguleen ciy buntu Safara, te dangeen cay béel. Te bon na lool dëkkukaayu ña daan rëy-rëylu !

30. Ñuy wax [ña ragal seen Boroom] : “Ana lan la seen Boroom wàcce ?”. Ñu tontu ne : “Yiw”. Ñeel na ñi rafetal ci àddina Samay teraanga ; waaye kërug àllaaxiraa gën. Te aka baax kërug way-ragal ña [seen Boroom] !(r)

31. Àjjana ju sax la, ñu tàbbi ca, te ay dex danañuy daw-dawaan ci suufam. Te danañu fa am lu ñu bëgg ; Noonu la Yàlla di feye way-ragal ña [Yàlla].

32. Ña nga xam ne Malaaka ya danañu leen rey - fekk ñu nekk ñu sell - danañu leen wax ne : “Yal na jàmm nekk ci yéen ! Dugguleen Àjjana ci sababus la ngeen daan jëf [ci lu baax]”.

33. Lan la [yéefar ya] di xaar, Malaaka ya digal leen walla sa dogalu Boroom agsi ci ñoom ? Noonu la [yéefar ya] leen jiitu nekke woon. Waaye ñoom ñoo tooñ seen bopp.

34. Dal na ci seen kaw ñaawtéefu la ñu defoon, ndax wàcc na ci ñoom la ñu doon soofantal di ko reetaan.

35. Ña daan bokkaale wax ne : “Bu neexoon Yàlla, dunu jaamu kenn ku dul Moom, du nun du kenn ci sunuy baay ; te kon dunu ne dara araam na te du ci ndigalam. Ña leen jiitu woon noonu lañu defoon. Te li war ab Yonent ndax dafa dul jottali rekk [la ñu ko yónni] ba mu mat sëkk ?

36. Yónni nañu ci xeet wu nekk ab Yonent [buy xamle ne] : “Jaamuleen Yàlla te ngeen moytuy xërëm”. Mu am ci ñoom [xeet yooyu] ñu Yàlla jubal ak ñoo xam ne réer war na ci ñoom. Doxleen ci seeni suuf te xool ña weddi woon naka lañu mujje.

37. Loo xér xér ci jubal leen...Yàlla moom du gindi ku Mu bàyyi cig réer. Te duñu am ñu leen dimbali.

38. Ñangay giñ ba fa seeni ngiñ yem naan : “Yàlla du dekkal ku dee”. Axakañ ! Loolu dig bu dëggu la ci Moom [Yàlla], waaye li ëpp ci nit ñi xamuñu.(s)

39. Ngir mu leeralal leen [lay dëgg] ca la ñu daan wuute, ak it ña weddi xam ne dañu daan fen.

40. [Li am mooy], Sunu kàddu ci mbir, bu Nu ko bëggee, Danu ko naan : “Nekkal”. Mu daldi nekk.

41. Ña gàddaay jëm ci Yàlla, ginnaaw ba ñu leen tooñee, Dananu leen wàcceel aw yiw ci àddina. Te peyug àllaaxira moo gën a màgg, cëy bu ñu xamoon !

42. Ñoo di ñay muñ, wéeru ci seen Boroom [Dana leen wërsëgal lu ñu njortul woon].

43. Yónniwunu woon ca la jiitu lu dul ay góor yu Nu xamaloon [Sunuy ndigal]. Ne leen bu ngeen xamul laajleen woroom xam-xam yi.

44. [Ay Yonent lañu woon] yu indi lay yu leer ak i téere. Te Nu wàcce it Alxuraan ngir nga leeralal nit ñi la ñu wàcce woon ca ñoom, ñu xel-lu [waar ña gëm].

45. Ndax am na ci ñuy fexe lu bon, ñu wóolu ne Yàlla du këpp suuf ci sunu kaw, mbaa Mu sadd leen mbugal mu ñu foogul ?

46. Mbaa mu sadd leen ci seeni tukki ngir ñoom mënuñoo raw [Yàlla].

47. Mbaa Mu sadd leen cim tiit ? Te sax seen Boroom Aji-ñeewant la, Jaglewaakoon la.

48. Moo ndax seetlu nañu lenn lu Yàlla bind, loolu keram danay jeng jëm càmmoñ, ak a jengiy jëm ndeyjoor ngir sujjóotal Yàlla ak a toroxlu ?

49. Lépp lu nekk ci asamaan yi ak suuf si tey dukkat, ak Malaaka yi, dañuy sujjóotal Yàlla te duñu rëy-rëylu.

50. Dañuy ragal seen Boroom bi leen tiim, te dañuy def la ñu leen digal.

**51**. Yàlla nee na : “Buleen sàkk ñaari yàlla. Yàlla jenn rekk la. Kon nangeen Ma ragal”.**(h)**

52. Te Moo moom li nekk ci asamaan yi ak suuf ; te Moo moom it ñu war koo jaamu ci diine ju sax. Moo ndax dangeen di ragal keneen ku dul Yàlla ?

53. Li ngeen am ciw yiw mi ngi jóge ca Yàlla. Te bu leen lu metti dalee, Moom ngeen di ñaan ndimbal.

54. Te bu leen lor ja deggikoo, mu am ab kurél buy bokkaaleeti seen Boroom,

55. Ngir weddi la Nu leen jox. Xéewluleen ! Dangeen mës a xam !

56. Ñuy sàkkal ay cër ca la Nu leen wërsëgal ñoo xam ne xamuñu leen. Waat naa ci Yàlla ne dees na leen laaj la ngeen nekkoon di ko duur.

57. Ñuy sàkkal Yàlla ay doom yu jigéen. Sellam ga [sori na lool ! Te ñoom ñuy moomale seen bopp la ñu bëgg [ay doom yu góor].

58. Ku ñu ca yégal ne am na doom ju jigéen, mu yendoo ñëgal kanam gi ànd ak mer.

59. Muy nëbbu nit ñi ngir lu naqari la ñu yégal. Muy seet ndax dakoy téyee ndax gàcceem walla dakoy suul ci suuf ? Cëy aka bon nañuy àttee mbir !

60. Ñeel na ñi gëmul àllaaxira nekkin wu bon. Te ñeel na Yàlla nekkin wa gën a kawe. Te Moom mooy Aji-not ji ; Aji-xereñ.

61. Bu Yàlla [doon] gaaw a duma nit ñi ngir seen tooñeel, kon du bàyyi kenn ci kaw suuf si. Waaye Dafa leen ci yeexe ba ci àpp bu ñu dogal ba noppi. Kon bu seen àpp agsee, duñu ko weesu mbaa ñu jiitu ko wenn waxtu.

62. Ñangay sédd Yàlla la ñu sib ñoom. Te seeni làmmiñ di sos i fen naan ñoo moom Àjjana. Te ca dëgg-dëgg ñoo yeyoo Safara te ñoo cay jiitu.

63. Giñ Nanu Nun Yàlla ne yónni woon Nanu ay Yonent cay xeet ya la jiitu. Waaye Séytaane rafetalal leen seeni jëf ba faf mu nekk tey seeni àndandoo. Te ñeel na leen mbugal mu metti.

64. Wàccewuñu ci yaaw Téere [Alxuraan] ba lu dul ngir nga leeralal leen la ñu nekkoon ci juuyoo, ak ngir mu nekk di njub ak yërmaande ci nit ñu gëm.

65. Te Yàlla moo wàcce ndox mu jóge ca kaw, mu dundal ci suuf si ginnaaw ba mu bekkooree. Te nekk na ci loolu tegtal ci nit ñuy dégg.

66. Te sax am ngeen lu ngeen mën a waaroo ci mala yi : Noo ngi leen di nàndal ci li nekk ci seen biir - lu génne ci diggante sebret ak deret - muy meew mu neex te sell ca ña koy naan.

67. Te ci meññenti tàndarma ak reseñ, dangeen ca jële naan guy màndee ak xéewal gu baax. Te nekk na ci loolu ay tegtal ci aw nit ñuy xalaat.

68. Te sa Boroom moo yenkewal yamb [xamal ko ne] : "Nanga sàkk néeg ci doj ak ci garab yi ak ca lañu tabax.

69. Topp [Mu ne ko] nanga lekk ci mépp meññent, te nangay sóobu ci say yooni Boroom muy lu ñu la yombalal. Dana génnee ci biiram naan goo xam ne dana am ay melo yu wuute (lem). Te nekk na ci luy faj nit ñi. Te loolu kéemaan la ci aw nit ñuy xalaat.

70. Te Yàlla moo leen bind ! Dana leen rey. Te am na ci yéen ñuy àgg ba ci màggat lool, duñu xamati dara ginnaaw ba ñu nekkoon ñu xam. Naka Yàlla moo di Aji-xam ji, di Aji-kàttan gi.

71. Yàlla yékkati na ñenn ña ci kaw ñeneen ña ci wërsëg. Te ña Mu jox ngëneel loolu, duñu delloo dara ci wërsëg woowu, jox ko seeni jaam ngir ñu yemoo ca wërsëg wa. Moo ndax dañuy weddi xéewali Yàlla ? Fàkk(r)

72. Yàlla sàkkal na leen ay jabar yu jóge ci yéen, Mu sàkkal leen ay doom yu jóge ci seeni jabar ak i sët. Mu boole ca wërsëgal leen ñam yu sell. Waa ndax [yéefar yi] dañuy gëm ay xërëm tey weddi xéewali Yàlla yi ?

73. Te dañoo bàyyi Yàlla di jaamu loo xam ne moomul dara lu mu leen mën a wërsërgal ci kaw asamaan yi ak ci suuf si. Te mënul dara.

74. Buleen wutal Yàlla niraale mukk. Yàlla xam na te yéen xamuleen.

75. Yàllaa ngay joxe léebu ci jaam bu ñu moom, te amul mën-mën ci dara, ak ki nga xam ne [gor] la te Nu wërsëgal ko lu jóge ci Nun wërsëg wu rafet, te mu di ca dimbalee ci lu nëbb ak ci lu feeñ. Ñooña ñaar ndax yem nañu ? Cant ñeel na Yàlla ! Waaye li ëpp ci ñoom xamuñu.

76. Yàllaa ngay joxe ba-tey léebu ñaari góor yoo xam ne : kenn ka dafa luu [muuma], mënul dara te moom dafa wéeru ci sangam ; Te fu mu mën di jubale, du ca jële njariñ ; ndax dafay yem ak ki nga xam ne dafay digle maandute te lu mu def mu àntu tegu ci njub ?

77. Ñeel na Yàlla kumpag asamaan yi ak suuf si. Te mbiru Bis-pénc ba dafay mel ni xef ak xippi mbaa lu ko gën a gaaw ! Naka Yàlla lu nekk la mën.

78. Yàlla moo leen génne ci seen biiri ndey, xamuleen wóon dara, Mu sàkkal leen ag dégg ak ug gis, ak xel, ndaxtelee ngeen gërëm ko.

Draft

79. Ndax gisuñu picc yi [mbindéef yu ñu tàggat lañu ci jawi asamaan si], dara téyuleen lu dul Yàlla ? Te nekk na ci biir loolu dëgg-dëggi kéemtaan ngir aw nit ñu gëm.

80. Yàlla defal na leen ca seen biiri kër ay dëkkuwaay [néeg], Mu defal leen ci deri mala yi kiiraay [mbaar] mu woyof ci bu ngeen di tukki walla ngeen di sax fenn. Te defal na leen it ci ngëndël ak ci seeni karaw ak seeni cëx-cëx laltaayi néeg ak i jumtukaay bu jëmmi jamonoo.

81. Yàlla defal na leen, ci li Mu bind, ay ker. Mu defal leen ci doj yi ay néeg. Mu defal leen ci mbubb yu leen di fegal tàngoor, ak mbubbi koŋ yu leen di fegal seen ngaañ. Noonu la mottalee xéewalam ndax xéy-na ngeen jébbalu [doon ay jullit tigi].

82. Bu ñu dëddoo Yàlla... dara waru la [yaw Yonent bi] lu dul jottali gu mat, bu ñu ko xasee dégg rekk wàcc na la.

83. Xam nañu xell Yàlla ba noppi ; ñu fakk ko. Te ñu bari ci ñoom yéefar lañu.

84. Ca bis ba Nu dogalee ci xeet wu ne seen seede, te deeful may [ña weddi] lay, te duñu leen nangul it ngànt.

85. Ña tooñ, bis ba ñu gisee mbugal ma, deesuleen woyofalal dara, te deefuleen yeexe.

86. Te ña doon bokkaale, bu ñu gisee seen xërëm ya, danañu ne : "Yaw sunu Boroom, ñile ñoo di ñanu daan bokkaalee, di leen jaamu bàyyi la". Ñoom it ñu tontu ne : "Yéen ay fenkat ngeen".

87. Ñu sànni jëme ca Yàlla, ca bis booba njébbal la ñu doon duur réer leen [Yàlla rekk a fi sës].

88. Ña weddi tey wëlbati nit ñi bañ ñu jëm ca yoonu Yàlla, Dananu leen dolli mbugal mu tegu ci mbugal ya ngir la ñu nekkoon di yàq.

89. Te bis bu Nu dekkale ci xeet wu nekk sunu seede su nekk seede ci ñoom, Dananu la indil [yaw Muhammad] nga nekk seede ci ñooñu. Ndaxte wàcce Nanu ci yaw Téere ngir biral lépp lu nekk te muy luy gindee, di yërmaande, di mbégte ñeel ña jébbalu [diy jullit].

**90**. Te Yàlla nag dafay digle maandute, di tere njaaloo ak lu bon ak tooñ. Mi ngi leen di waar ndaxtelee ngeen fàttaliku [seen Boroom].**(n)**

91. Matal-leen kóllareg Yàlla ginnaaw ba ngeen ko fasee, buleen di fàtte la ngeen dige woon ginnaaw ba mu nekkee di lu dëgër, te ngeen def Yàlla Mu di seen seede. Yàlla dey xam na li ngeen di def !

92. Buleen mel ni ndaw sa firinci buum ga mu raw ba mu dëgër, mu firinci ko ba mu nekk i dogit, ngeen di jàppe seeni ngiñ li ngeen di wuruje ci seen diggante, ngeen defe ne ku ëpp mbooloo mën naa wor. Te Yàlla dafa leen ciy natt. Te bu Bis-pénc baa Dana leen leeralal la ngeen nekkoon di ca juyoo.

93. Su neexoon Yàlla Mu def leen ngeen nekk wenn xeet doŋŋ. Waaye Mooy bàyyi cig réeram ku ko soob, di gindi ku ko soob. Te fàwwu ñu laaj leen ca la ngeen defoon.

94. Buleen def seeni ngiñ muy yàq li nekk seeni diggante, ba tax tànk bu sampu woon tarxiis, kon dangeen mos lu bon ndax seen dëddëleek nit ñeek yoonu Yàlla, mbugal mu mag dal leen.

95. Buleen di jaaye kóllareg Yàlla ci njëg gu néew. La nekk fa Yàlla moo gën ci yéen, cëy bu ngeen xamoon !

96. Li ngeen moom day jeex, la Yàlla moom nag luy des la. Te fàwwu Dananu feye ñiy muñ ca na mu gën a rafete, ngir la ñu nekkoon di ko def.

97. Ku jëf u yiw, di ku góor walla ku jigéen te muy ku gëm, fàwwu Dananu ko dundal dundu gu sell. Te fàwwu Dananu leen fey seenug pey na mu gën a rafete la ñu nekkoon di ko jëf.

98. Booy jàng Alxuraan, nanga muslu ci Yàlla Mu musal la ci Séytaane su ñu rëbb sa.

99. Naka Séytaane du am genn kàttan ci [yàqal] ña gëm te wéeru ci seen Boroom.

100. Ña mu mënal dara ci kàttanam du kenn ñu dul ña féetewook moom Séytaane ak ña koy bokkaaleek [Yàlla].

101. Bu ñu weccee jenn laaya, def jeneen laaya fa mu nekkoon - te Yàllaa gën a xam la Muy wàcce - ñuy wax naan : "Nekkuloo lu dul duurkat". Déet, li ëpp ci ñoom xamuñu.

102. Neel : "Ruu gu sell gaa ko wàcce mu jóge ci lu dëggu ngir mu dëgëral ñi gëm, muy luy gindee, di luy bégal jullit ñi.

103. Te xam Nanu jeek la ñuy wax ne : "Nit la ku jàngul". Muy koo xam ne aw làkkam du [araab] te lii nekk di làkku araab wu réer..

104. Ña nga xam ne gëmuñu kàdduy Yàlla yi, Yàlla duleen gindi. Te ñeel na leen mbugal mu metti.

105. Ca dëgg-dëgg ñay duur ay fen ñooy ña gëmul kàdduy Yàlla yi, ñoom ñooy fenkat yi.

106. Ku weddi Yàlla ginnaaw ba mu gëmee... - ku dul ka ñu not fekk xelam sax na ci gëm Yàlla - ak ña ubbi seen dënn cig kéefar, mer mu tukkee ca Yàlla dana leen sadd te ñeel na leen mbugal mu màgg.

107. Li waral loolu moo di dañoo tànn dundug àddina ci kaw dundug àllaaxira. Te nag Yàlla du gindi aw nit ñu di ay yéefar.

108. Ñooñooy ña Yàlla fatt seeni xol, ak seeni dégg-dégg, ak seeni gis-gis. Te ñoom ñooy ña sàggan.

109. Ca dëgg-dëgg, ñoom ñooy ñay yàqule ci àllaaxira.

110. La cay topp moo di sa Boroom dana jéggal ña gàddaayoon te muñ, ginnaaw loolu sa Boroom dana jagle njéggalam ak yërmaandeem.

111. Bis bu bakkan bu ne dàggasanteeg boppam, te bakkan bu nekk ñu feye ko la mu jëfoon, bu boobaa Dunu tooñ kenn ci dara.(r)

112. Yàllaa ngay joxe léebu ci dëkk ba amoon xel mu dal ; te am kóolute, wërsëgam di fa dikk, bari lool tey jóge fu nekk. Waaye mu weddi xéewali Yàlla yi. [Waa dëkk ba] tax Yàlla mosal ko càngaayu xiif ak tiitaange ndax la ñu jëf.

113. Ab Yonent bu bokk ci ñoom dikkal na leen, ñu weddi ko. Mbugal sadd leen te ñu nekkoon ñu tooñ.

114. Lekk-leen ci xéewal gi leen Yàlla jox, muy lu lew, lu teey. Te ngeen gërëm Yàlla ciy xéewalam ndeem Moom rekk ngeen di jaamu.

115. Waaye araamal na ci yéen médd, ak deret, ak yàppu mbaam-xuux ak lu ñu [rey] te tuddu ca keneen ku dul Yàlla. Képp ku nar a loru [ba tax mu lekk yooya araam], na xam ne Yàlla jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

116. Buleen wax loo xam ne seeni làmmiñ a koy melal ciy fen, naan : "Lii dagan na, lii araam na", di duural Yàlla ay fen. Te ñiy duural Yàlla ay fen duñu texe.

117. Ñeel na leen yóbbal bu néew, ak mbugal mu metti.

118. Te araamaloon nañu ca yahuud ya li Nu la nettali ca bu jëkk. Te tooñunu leen ; waaye ñoo tooñ seen bopp.

119. Mu des nag ne sa Boroom, lu jëm ci ña jëfoon [lu bon niki bokkaale] cig réer, ginnaaw loola ñu tuub ko, rafetal seeni jëf, ñooña sa Boroom fàwwu Mu jéggal leen, yërëm leen naka.

120. Ibraahiima nag roytéef la. Di jaamukatu Yàlla, di ko wéetal, musul a bokk ca bokkaalekat ya.

121. Ku daan gërëm [Yàlla] la ci xéewalam yi, Yàlla tànn na ko, gindi ko, teg ko ci yoon wu jub xocc wa.

122. Te may Nanu ko ci àddina tagg wu rafet. Te ca àllaaxira, dana bokk ca ñu sell, ñu [yiw] ña.

123. Tax na Nu soloo la ne : "Toppal diiney Ibraahiima [yaw Muhammad] cig wéetal sa Boroom, bokkul woon ca bokkaalekat ya".

124. Màggal bisu gaawu tegewul woon lu dul ca kaw ña ca juuyoo woon. Te sa Boroom dana àtte seen diggante ca Bis-pénc ba ca la ñu nekkoon di ca juuyoo.

125. Wooteel ci sa yoonu Boroom [Lislaam], sukkandiku ci Alxuraan ak waare ci lu baax. Nanga dàggasanteek ñoom ca na mu gën a rafete. Naka sa Boroom moo gën a xam ña réer, sori aw yoonam te Moom moo gën a xam ñu jub ña.

126. Nangeen feye ña leen mbugal, lu tollu ni la ñu leen mbugale. Waaye bu ngeen mënee [bañ a feyu]... moo gën ci ñay muñ.

127. Nangay muñ ! Te sag muñ bu mu wéeru fu dul ci Yàlla. Te bul jàq ngir ñoom. Te bul nekk ci tiis ngir la ñuy fexe.

128. Yàlla nag, ñay rafetal te ragal Ko la àndal de.

Draft

# Saar 17 : Rañaan ga

## 111 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

**1**. Tudd naa sellug Ka nga xam ne Moo rañaane woon jaamam ba Muhammad [yal na ko Yàlla dolli xéewal te musal ko] jële ko Màkka yóbbu ko Baytil Muqaddas [Al qudsu], muy dëkk boo xam ne wurumam barkeel na, ngir Nu won ko ci Sunuy kéemaan,Yàlla mooy Kiy dégg, mooy Kiy gis.**(h)**

2. Indil Nanu Muusaa ab Téere, def ko mu di ag njub ngir Banii-Israayiila [aw xeetam] te ñu bañ a jàppee keneen wéeruwaay.

3. Ñoo di sëti ña àndoon ak Nooh ca gaal ga te Nu musaloon leen. Nooh jaam la bu daan sant Boroomam.

4. Nu leeral giiru Banii-Israayiila ca Téere ba, ne leen : “Dangeen yàq ci suuf si ñaari yoon, te it dangeen beew beew gu rëy”.

5. Ba dig bu njëkk ba agsee, Dananu yónni te yebal ci seen kaw Sunuy jaam yu am kàttan gu tar ñu songe leen ci seen biir kër. Loolu dig buy ñëw la.

6. Ba noppi, Nu joxaat leen doole ci kaw ñooñu ; dolli leen ay alal ak i doom. Def leen ngeen ëpp mbooloo :

7. “Su ngeen rafetalee, jariñoo ko ; su ngeen ko yàqee loroo ca”. Su dig bu mujj ba agsee, ñu toroxal leen, duggaat fa, jaxasewaat lépp.

8. Xéy-na seen Boroom yërëm leen. Waaye bu ngeen delloo [def lu bon], Nu dellu [mbugal leen]. Te def Nanu Safara mu di géttub yéefar yi.

9. Alxuraan jii nag dafay gindee jëm ci la gën a jub, tey bégal way-gëm ñay jëf jëf yu sell, [xamal leen ne] ñeel na leen pey gu rëy,

10. [Te xamal it ne] ña gëmul àllaaxira, xaroo Nanu leen mbugal mu metti.

11. Te nit dana ñaan lu bon ak lu baax, ndax dafa nekk di ku yàkkamti.

12. Def Nanu guddi ak bëccëg ñu nekk ñaari kéemaan, te far Nanu lëndëmi guddi ak leeraayu bëccëg, ngir ngeen mën a gis, di sàkku xéewal gu jóge ci seen Boroom, ak ngir ngeen mën a xam limi at yi ak ngir ngeen mën a waññi. Te lu nekk faramfàcce Nanu ko ci anam yu leer.

13. Te nit ku nekk, tàbbal Nanu ko jëfam ci doqam. Ca Bis-pénc ba, Dananu ko génneel ab téere bu muy dajeel, ñu tàllal ko ko :

14. [Nu ne ko] : "Jàngal sab téere. Sa bopp doy na la tey, sa nattub jëf yaw la war".

15. Ku jub, boppam la ko defal ; ku dëng boppam la ko def. Ndax kenn du yenu yenu keneen. Te nekkunu woon di Aji-mbugal wenn xeet te yónniwunu ab Yonent ca ñoom.

16. Bu Nu nammee alag ab dëkk, dafay fekk ne boroom alal ya dañoo jubadi ca dëkk ba. Àtte ba daldi yell ca ñoom. Nu sadd leen sadd gu tar.

17. Aka bari xeet yu Nu alag ginnaaw Nooh ! Te sa Boroom kuy gis la te xam bàkkaari jaam ñi.

18. Képp ku bëggul lu dul teraangay àddina, Dananu gaaw ci jox ko la Nu neex ; ca ku Nu neex. Topp Nu def Safara fa muy séndalu, di ku ñu xas, ku ñu génne [ci yërmaandey Yàlla].

19. Ku bëgg [teraangay] àllaaxira te mu jëf lu méngook moom, te muy ku gëm... ñooñu seeni jëf lu ñu gërëm lay doon.

20. Ñoom ñépp Dananu leen tëbb ; ñii ak ñële, ay may yu jóge ca sa Boroom. Te sa mayu Boroom nekkul lu ñu tere kenn.Làndi na!

21. Gisal ni Nu gënalee ñenn ñi ci kaw ñeneen ña. Te ca dëgg-dëgg àllaaxira moo gën a màgg daraja te moo gën a màgg i xéewal.

22. Bul sàkk jeneen yàlla di ko booleek Yàlla ; kon dey danga doon ku ñu xas, ku ñu wacc mu beddiku.

23. Sa Boroom dogal na ne : "Buleen jaamu ku dul Moom doŋŋ ; te ngeen rafetal jëme ci seeni waajur : te ndeem kenn ci ñoom walla ñoom ñaar egg nañu ci màggat ci sa teewaay ; buleen wax : "Kuf ma la !", buleen leen gëdd, nangeen leen wax wax ju yiw.(r)

24. Nanga suufeel sa bopp ngir ñoom ; di toroxlu ci yërmaande ; te deel wax : «Sama Boroom yërëm leen [ni ñu ma yërëme woon] ba ñu may yar ba ma nekkee xale".

Draft

25. Seen Boroom a gën a xam li nekk ci seen bakkan. Ndeem nekk ngeen ñu sell ; Moom Jéggalaakoon la ci ñiy dellu jëm ci jaamu Yàlla.

26. “Nanga jox sa jegeñaale li la war ci moom, ak ku ñàkk ak ku nekk ci tukki. Waaye bul nekk di pasar-pasaree alal,

27. yàqkat yi mbokki Séytaane lañu ; te Séytaane dafa weddi Boroomam.

28. Bu fekkee [ñàkk loo leen jox tax na] nga dëddu leen, toog di yaakaar sa yërmaandey Boroom ; nanga leen wax wax ju neex.

29. Bul bank sa loxo ba mu mel ni lu ñu yeew ci sa doq, waaye it bu ko tàllal mu tàlli ñareet, kon danga mujj di ku ñu yedd, ku ñu dàkku.

30. Naka sa Boroom mooy yaatal wërsëgu ku Ko soob. Moo koy xatal it, naka Moom ku xam tey gis la jaamam yi.

31. Buleen rey seeni doom ngir ragal ag ñàkk ; Nun noo leen di wërsëgal ñoom ak yéen. Rey leen bàkkaar bu rëy la.

32. Te buleen jegeñ njaaloo. Ndax moom nekk na lu ñaaw tey yoonu lu bon !

33. Buleen rey bakkan ngir lu Yàlla araamal la, lu dul ci dëgg. Képp ku ñu rey, di ku ñu tooñ, jox Nanu kay taxawu mbiram sañ-sañ. Waaye bu mu jéggi dayo ci rey, ndax moom ku [yoon] dimbali la.

34. Buleen jegeñ alali jirim lu dul ca na mu gën a rafete, ba kero muy nekk mag te sàmm kóllare ga. Ndax kóllare lu ñuy laaj la ëllëg ca àllaaxira

35. Nangeen di matal natt bu ngeen di natt ; te nangeen di peese cig maandute gu jàpp. Looloo gën te moo gën a rafet ag muj.

36. Bul toppati loo xam ne amoo ca xam-xam. Naka dégg-dégg ak gis-gis ak li nga fas ci sa xol : loolu lépp Dananu la ca laaj ca Bis-pénc ba.

37. Bul di dox ci kaw suuf ci di rëy-rëylu : yaw mënoo bënn senn suuf te it mënoo jot njoolaayu tundi doj yu rëy yi !

38. Loolu yépp, ñaawtéefam lu ñu sib la ca sa Boroom.

39. Loolu nekk na ci la la sa Boroom soloo, muy waare. Bul sàkk jeneen Yàlla di ko booleek Yàlla, dees na la sànni ci Safara, di ku ñu yedd, di ku ñu dàq [boo ko defee].

40. Waaw ndax seen Borom dafa leen a tànnal ay doom yu góor, na noppi jël ci Malaaka yi ay doom yu jigéen ?Yéen nag ca dëgg-dëgg li ngeen di wax rëy na.

41. Te leeral Nanu ci Alxuraan jii [lu ne] ngir ñu xalaat. Te dolliwuleen lu dul fen [wëliis dëgg].

42. Neel : "Bu amoon yeneeni Yàlla tu nekk ak Moom, ni ñu ko waxe, kon dinañu sàkk [yoon wu leen yóbb] ca Boroom gàngune ga".(yab Yàlla)

43. Cëy sellam ga ! Kawe na, jomb na li ñuy wax, jombute gu màgg a màgg !

44. Juróom-ñaari asamaan yi ak suuf si, ñi ngi koy sàbbaal, ak li nekk ci seen biir. Te sax amul dara lu nekk te du Ko sàbbaal ci li Mu yeyoo mboolem cant. Waaye dangeen a amul dégg-dégg ci seeni sàbbaal. Naka Moom Aji-lewet la, Jéggalaakoon la.

45. Booy jàng Alxuraan, Dananu def ci sa diggante ak ñi gëmul àllaaxira kiiraay lu nëbbu,

46. Nu def ci seeni xol muuraay ba duñu ca am dégg-dégg : te nekk na ci seeni nopp ab daaj. Te booy tudd sa Boroom moom doŋŋ ci Alxuraan, ñu dëddu, foñ.

47. Nun noo gën a xam li ñuy dégg bu ñu lay déglu. Ak bu ñuy déeytoo ci wax ñoom tooñkat ya : "Toppuñu lu dul as waay su ñu jibar".

48. Gisal li ñu lay nirale ! Tax na réer nañu te dootuñu mën a am yoonu dellusi (ci ag njub).

49. Ñu naan : "[Ndax bu ñu deewee] ba nekk yax yu funux, dananu dekki nekkaat ay mbindeef yu bees?"

**50**. Neel : "Nekkleen i xeer walla weñ**(n)**

51. walla yeneeni mbindeef yu reyci seeni xel. [Ngeen dégg] ñu naan : "Ku nuy dundalaat ?" - Neel : "Ka leen bindoon bu njëkk ba". Danañu yëngal seen bopp jëme ci yaw [ngir weddi la], ñuy wax naan : "Kañ lay doon ?" Neeleen : "Xéy-na nekk na lu jegeñ.

52. Bis bu leen [seen Boroom] woowee, [ngeen dikk], ngeen tontu Ko, di tuddu cant [gi Mu yeyoo]. Te ngeen defe ne tooguleen ci [bàmmeel] lu dul diir bu néew !".

53. Neel samay jaam, nañuy wax wax ju gën a rafet, ndax séytaane yi dañuy yàq seen diggante. Séytaane nag nekk na di noon tigi ci nit ñi.

54. Seen Boroom moo leen gën a xam. Bu ko neexee Mu yërëm leen, walla Bu ko neexee Mu mbugal leen. Te yónniwunu la ci ñoom ngir nga warlul leen [seen texe].

55. Te sa Boroom moo gën a xam ña nekk ci asmaan yi ak suuf si. Te def Nanu yenn Yonent yi gën ñeneen ña. Te Noo jox Daawuda “Zabour” [Téere].

56. Neel : “Wooleen ñi ngeen jàpp ne [Yàlla lañu] bàyyi Ko. Duñu mën a wuññi lor ja leen dal, duñu mën a soppi dara.

57. Ña ñuy jaamu dañu ne siiw am pexem gën a jegeñ seen Boroom. Te yaakaar nañu yërmaandeem, ragal nañu mbugalam. Naka sa mbugalum Boroom, lu mat a wattandiku la.

58. Amul benn dëkk bu Nu dul alag balaa Bis-pénc ba, walla Nu mbugal ko mbugal mu tar. Looloo nekk ci Téere bu ñu bind. [Yàlla kuy nose la].

59. Lu Nu terey wàcce ay kéemaan, lu dul ñu jëkk ña dañu leen a weddi woon. Te sax joxoon Nanu waa Samooda giléem gu jigéen [muy kéemaan] gu leer : ñu def cag tooñeel. Te Nun dunu wàcce kéemaan lu dul ne Danuy xuppe ci kéemaan googu ak di ca àrtu nit ña.

60. [Fàttalikul] ba Nu la waxee ne sa Boroom ku peeg nit ñi la. Te gént gi Nu la wonoon, defunu ko woon lu dul muy nattu ci nit ñi, te garab ga Nu rëbb ca Alxuraan it, Danu leen cay tiital ; waaye yokku leen lu dul beew gu mag.

61. [Fàttalikul] ba Nu waxee Malaaka ya : “Sujjóotleen ci Aadama”, ñu sujjóot ginnaaw Ibliis, mu ne : “Ndax damay sujjóotal koo binde ak ban ?”

62. Mu ne : “Wax Ma lu tax nga teral kii ci sama kaw ? Soo ma muñalee ba Bis-pénc ba, danaa fexe ba ay sëtam yépp yàqule, ba mu des ñu néew”.

63. Mu ne ko : “Demal ! Ku la topp ci ñoom... [na xam ne] Safara moo di seen pey, pey guy nekk di lu mat sëkk.

64. Génnal ak say kàddu, loo mën ci ñoom, nanga leen song ak say xarekat ak say gawar, nanga bokk ak ñoom alal ak i doomn te digleen”. Waaye Séytaane duleen dig lu dul ay nax.

65. Naka samay jaam, doo am genn kàttan ci ñoom”. Ndax sa Boroom doy na cëslaay.

66. Sa Boroom mooy kiy dawloo gaal ci géej, ngir ngeen mën a sàkku ay xéewalam ; Naka Moom ku am yërmaande la ci yéen,

67. Bu leen naqar dabee ci géej, ña ngeen doon jaamu réer leen ginnaawam. Te bu Nu leen musalee ba ñu agsi ci jéeri ji, ngeen dëddu. Nit daal ku goreedi la !

68. Moo ndax dangeen a naagu ne : du xar suuf si [mëdd leen], walla duleen yónnee ngelawu sànniy xeer fekk dungeen ci am ku leen ci yiir.

69. Am dangeen a wóolu ne duleen ca delloo [ca biir géej] beneen yoon, yónnee leen ngelaw lu tar, Mu labal leen ngir seen weddi ? Te fekk dungeen mën a am ku leen dimbali ci Nun !

70. Ca dëgg-dëgg, teral Nanu doomi aadama. Yónni Nanu leen ci jéeri ji ak ci géej gi, te xéewal Nanu leen [ciy ñam] yu sell, Nu defal leen ngëneel ci kaw ñu bari ca ña Nu bind ngëneel lu fés.(r)

71. Bis bu Nu woowee nit ku nekk ca turu njiitam, képp ku Nu jox téereem ci ndeyjooram, ñooña danañu jàng seen téere te deesuleen tooñ [ci wànnil leen dara].

72. Ku nekkoon gumba ci àddina si, dana wéye gumba ca àllaaxira, te gën a réer, sori yoonu njub wa.

73. Xaw nañu laa fitnaal ba nga bàyyi la Nu la xamal, ngir nga duur lu wuuteek moom. Kon ñu jàppe la xarit ñoom yéefar yi.

Draft

74. Te bu Nu la dëgaralul woon, tuuti kon nga xaw a jeng jëm ci ñoom

75. Te kon Dananu la mosal mbugali àddina ak mbugali àllaaxira; te doo am ku la dimbali ci Nun.

76. Te xaw nañu laa génne ca suuf sa [suufi Madiina] ngir ñu jële la fa. Te kon duñu fa toog lu dul diir bu néew ci sa ginnaw. [alag leen].

77. Loolu aada la ca ña Nu yónni woon la la jiitu ci Sunuy Yonent. Te doo gis lu soppiku ci Sunuy aada.

78. Nanga taxawal julli bu jant fenkee ba ba muy suux, ba ba guddi gi di ñuul, ak it jullig suba, ndax jullig suba lu ñuy seede la.

79. Te nangay julli ci suba, def ko muy naafila : xéy-na kon sa Boroom dekkal la, jox la ndam lu yeyoo cant.

80. Neel : «Sama Boroom ; dugal ma ci duggukaayu dëggu te nga génne ma ci génnukaayu dëgg ; te nga defal ma kàttan gu tukke ci yaw di dimbal".

81. Te neel : “Dëgg ga egsi na. Caaxaan wéy na. Caaxaan nag luy dem la naaxsaay”.

82. Wàcce Nanu ci Alxuraan loo xam ne saafara la ak yërmaande ca waygëm ña. Waaye du yokk tooñkat ya lu dul yàqule.

83. Te bu Nu defalee nit xéewal ; mu dëddu, fuuyu ci wetam ; waaye bu ko tiis dalee, mu ñàkk yaakaar [yërmaande Yàlla].

84. Neel : “Ku nekk a ngay jëf lu méngook meloon, waaye sa Boroom a gën a xam ku gindiku tegu ca yoon wu jub wa”.

85. Ña nga lay laaj lu jëm ci ruu, - Neel : “ Ruu ci mbiri sama Boroom la bokk”. Te joxeefuleen ci xam-xam lu dul lu tuuti.

86. Ca dëgg-dëgg su Nu neexoon, Nu yóbbu li nu la xamal ; te kon doo am kenn ku la musal ci Nun.

87. Lu dul yërmaande ju jóge ci sa Boroom, te ngënéelam li Mu la jagleel rëy na [ba tax na Mu bàyyee la xam-xam bi bañ koo rocci].

88. Neel : “Bu nit ak jinne booloo woon ngir fexee indi lu mel ni Alxuraan jii, duñu mën a indi lu ni mel, doonte dañu caa dimbalante”.

89. Te ca dëgg-dëgg, jox Nanu nit ñi ci Alxuraan jii léebu wu ne [wuy leeral]. Waaye terewul li ëpp ci ñoom wéy di weddi.

90. Ñu naan : “Duñu gëm mukk li feek ballaloonu ci suuf si ay seewnde [bëti ndox] ;

91. walla nga am tooli garabi tàndarma ak garabu reseñ, nga ballal ay dex ci seen diggante yuy ball bu baax ;

92. walla nga rotal ci sunu kaw asamaan si ni nga ko dige, mu nekk ay daggit, mbaa nga indi Yàlla ak Malaaka yi nu jàkkaarloo ;

93. mbaa nga am këru wurus ; mbaa nga yéeg ci kaw asamaan si. Te dunu gëm sa yéeg feek wàcceloonu Téere bu nuy jàng”. Neel : “Tudd naa sellug sama Boroom ! Moo ndax man nekkuma lu dul nit ku ñu yónni doŋŋ ? «

94. Te lan moo tere nit ñi gëm, ba leen njub ga dikkalee, lu dul la ñuy wax naan : “Moo ndax Yàlla dana yónni nit [nit ni nun]muy ab Yonent ?”

95. Neel : “Bu fekkoon ne ay Malaaka ñoo nekkoon ci kaw suuf si di dox, kon de Malaaka Lanuy yónni ci ñoom Mu jóge asamaan”.

96. Neel : “Yàlla doy na seede sama diggante ak yéen”. Moom Yàlla nag nekk na ci ay jaamam, di Ku xam, di Kuy gis [seeni mbir].

97. Ku Yàlla gindi nga jub, Ku mu bàyyi cig réer... duñu am keneen ku ñuy wéeru te Dananu leen dajale bisub dekki ba, ñu di leen diri ci seeni kanam, ñu gumba, tëx, lu. Seen dëkkuwaay moo di Safara : te saa yu giimee Nu dolli leen seneen safara.

98. Loolu moo di seen pey, ndax ñoom dañoo weddi Samay kàddu, naan : “Ndax [bu ñu deewee] ba nekk yax yu funux, dananu dekki nekk mbindeef yu bees ?”

**99**. Ndax dañoo gisul ne Yàlla moo bind asamaan yi ak suuf si, te Ku kàttanu la ci bind leneen lu mel ni ñoom ? Te Mu àppal leen dig bu amul benn sikki-sàkka, waaye way-tooñ ña wéy nañu ci seenug weddi.**(h)**

100. Neel : “Su fekkoon ne yéen a moom ndàmbi yërmaandey Yàlla yi ; kon ngeen nay [ci joxe ko] ngir ŋott. Nit dafa di ku ŋott !

101. Tigi, joxoon Nanu Muusaa juróom-ñeenti kéemaan yu leer. Laajal waa Bani-Israayiil, ba mu ñëwee fa ñoom, Firawna ne ko : “Muusaa, dama defe ne dañu laa jabar”.

102. [Muusaa tontu ne] : “Xam nga ne kenn wàccewul yile [kéemaan] ku dul Boroom asamaan yi ak suuf si ngir ñu nekk di waare ; te damaa defe ni, yaw Firawna, dangaa nekk ku alku”.

103. Mu bëgg leen a génne suuf sa. Nu labal ko mook ña mu àndaloon ñépp.

104. Nu wax ginnaawam ñeel (waa Bani-Israayiil)ne leen : “Dëkkeleen suuf sa”. Ba àppu bisub àllaaxira jotee, Dananu leen indi ngeen di mbooloo.

105. Ca dëgg-dëgg wàcce na ko te ci dëgg it la wàcce ni ci yaw [Yonent bi], kuy bégle, di xuppe nga.

106. Te Alxuraan, téqale Nanu ko [cig wàccam] ngir nga jàng ko ci nit ñi, cig teey. Te wàcce Nanu ko ndànk-ndànk.

107. Neel : “Gëmleen ko mbaa ngeen bañ koo gëm, nanga xam ne joxeef na leen xam-xam. La ko jiitu, bu ñu jàngee ci seen kanam, danañu rot dëpp seeni sikkim ci suuf, sujjóot”

Draft

108. te ñuy wax ne : “Tudd nanu sellug sunu Boroom ! Digub sunu Boroom fàwwu mu am”.

109. Ñu rot dëpp seeni sikkim ca suuf di sujjóot. Seen toroxlu ci Yàlla dolliku.

110. Neel : “Wooleen Yàlla mbaa ngeen woo Aji-yërëme ji. Lu ngeen mën a woo [xamleen ne] Moo moom tur ya gën a rafet. Bul biral ci kaw ci sa julli ; te bul ca yelu it, sàkkal ci diggante ñaar yooyu [yoon wu digg-dóomu]”.

111. Neel : “Gépp cant ñeel na Yàlla mi amul doom te amul ku Mu bokkal nguuramte amul ku koy dimbali cig toroxte”. Dee ko màggal bu baax.

Draft

# Saar 18 : Xunt ma

## 110 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Gépp cant ñeel na Yàlla mi wàcce Téere ba ca jaamam [Muhammad], te defalu ko genn logg-logg !

2. Muy lu jub xocc, di xuppe ci mbugal mu tar lu jóge ci Moom ak di bégle way-gëm ñay jëf jëf yu yiw, ci ne ñoom am nañu pey gu rafet.

3. te dañu cay sax dapet dàkk ba fàwwu,

4. te muy xupp ñay wax naan : "Yàlla am na doom."

5. Amuñu ci loolu benn xam-xam, Seeni baay it [amuñu ko ca]. Muy wax ju réy ju génne ci seen gémmiñ! Waxuñu lu dul fen.

6. Te xéy-na nga lor sa bopp ci naqarlu ngir li ñu ñàkk a gëm kàddu ga !

7. Nun noo def ci suuf si taaram ngir nattu leen, [ba xam] ña ca gën a rafet jëf.

8. De Dananu def li nekk ci kawam nekk di pàkk bu wow koŋŋ.

9. Ndax amuloo njort ci ne, ñoñ-xunt ma ak ñoñ-mbind ma [téere ba] bokkoon nañu ca Sunuy kéemaan yu doy waar [yéeme] ?

10. [Fàttalikul] ba waxamaande ya làqoo ca xunt ma, te ñu waxoon ne : "Yaw sunu Boroom, may nu yërmaande ju bawoo ci yaw; te nga yéwénal sunuy mbir mu nekk cig njub".

11. Nu fëkk seeni nopp [nelawloo leen] ca biir xunt ma ay at yu limu.

12. Topp Nu yee leen ngir bëgg a xam ban ci ñaari kurél yii moo gën a xayma diir ba ñu fa toog.

13. Noo ngi lay nettali seeni mbir ci dëgg. Ne ko ñoom ay waxambaane lañu yu gëmoon seen Boroom ; ba tax na ñu gën leen a dëgëral cig njub.

14. Nu dëgëral seeni xol ba ñu taxawee [ca kanamu buur ba nekkoon jaamukatu xërëm], wax ne : "Sunu Boroom mooy Boroom asamaan yi ak suuf si : dunu jaamu jeneen Yàlla bàyyi ko, ndax kon dananu wax lu jeng.

15. Sunuy nit a ngi nii di jaamu yu ñu tudde ay yàlla bañ a jaamu Yàlla. Lu tee ñu indi ci ñooom ay lay yu bir ?

16. Bu ngen leen beroo ñoom ak li ñuy jaamu bàyyi Yàlla, nangeen dugg ci xunt mi : Seen Boroom dana leen wasaareel seeni mbir ci yërmaandeem te Dana leen yéwénalal seeni mbir cig jàppandal".

17. Doon nga gis jant bi su fenkee mel ni lu jàdd jëm ca ndeyjooru xunt ma, te buy so mel ni luy jëm càmmoñ, ñu nekk ca digg xunt ma... Loolu ci kéemaani Yàlla la bokk. Ku Yàlla gindi mu jub. Ku Mu bàyyi cig réer, du am kilifa gu koy jubbanti.(r)

18. [Boo leen gisoon], dangay defe ne dañoo yewwu te fekk ñoo ngay nelaw. Nu leen di wëlbati lee-lee jëme càmmoñ, seen xaj ba it di nelaw tàllal ñaari tànk ya ca ëttu xunt ma. Boo leen yëroon kon dey danga wëlbatiku daw ngir tiitaange.

19. Noonu la Nu leen yewwuloo ngir ñu laajante. Mu am ci ñoom ku ne : "Ana ban diir ngeen fi toog ?" Ils dirent : "Nous avons demeuré un jour ou une partie d'un jour". Ñu ne : "Seen Boroom dal a gën a xam diir bi ngeen fi toog. Léegi yónnileen ken ci yéen ak seen xaalis bii, den ca dëkk ba utal nu fa ñam wu gën a sell, mu indil nu ci xéewal. Na beru te bumu yégal kenn dara ci yéen.

Draft

20. Ñoom bu ñu leen yëgee, danañu leen rey, mbaa ñu delloo leen ci seen diine te kon dootuleen texe ba fàwwu".

21. Nu feeñal leen ca waa dëkk ba, ngir ñu xam ne digu Yàlla lu dëggu la te xam it ne waxtu wa [àddinay jeex] amul sikk ci ne luy am la. Ba ñuy xëccoo ci seen biir ci mbirum [waxembaane ya], ñu naan : "Tabaxleen ci seen kaw am taax. Seen Boroom a gën a xam seen mbir". Ña not wax ja ci seen mbir ne : "Nanu def ci seen kaw jàkka".

22. Danañu wax ne : "Ñett lañu woon, seen xaj ba ñeenteel leen". Danañu wax it ne juróom lañu woon, seen xaj bi juróom-benneel leen, muy njort ci lu fàddu. Te danañu wax ne : "Juróom-ñaar lañu woon, seen xaj ba juróom-ñetteel leen". Neel : "Sama Boroom a gën a xam seen lim. Te kenn xamu ko lu dul ñu néew". Bul werante ci ñoom lu dul ci waxi biti te bul sàkku xam ci kenn ci ñoom.

23. Bul wax mukk ci dara ne : “Man dana def nàngam ëllëg”.

24. [te boolewoo ca] : “Bu soobee Yàlla”, tuddal sa Boroom, boo fàttee fàttaliku Ko te nga wax ne : “Xéy-na sama Boroom gindi ma jëme ma ca la gën a jegeñ lii cig njub”.

25. Toog nañu ca seen xunt ma ñetti téeméeri at yu teg juróom-ñeent.

26. Neel : “Yàllaa gën a xam diir ba ñu fa toog. Ñeel na ko [moom Yàlla] kumpag asamaan yi ak suuf si. Nangay gise ci Moom, di dégge ci Moom ! Amuñu ku leen di wattu ci Moom, du boole kenn ci àtteem.

27. Jàngal li ñu la soloo ci sa Téereb Boroom. Bul soppiy waxam [ay waxam du soppiku]. Te doo am mukk wéeruwaay wu dul Moom.

28. Nangay muñ ànd ak ñay jaamu seen Boroom suba ak ngoon ngir xemmem jëmam. Te say gët bumu leen jéggi ngir xemmem taaru dundu àddina. Te bul topp koo xam ne sàgganloo nañu xelam ba dunu fàttaliku, di ku topp bakkanam, mbiram di lu jéggi dayoo.

29. Neel : “Dëgg ga ca seen Boroom la jóge”. Ku yabu na gëm, ku yabu na weddi”. Naka Nun xaroo Nanu way-tooñ ña Safara soo xam ne ay sàkketam wër na leen. Te bu ñu bëggee xettaliku, ñangay xettalikoo ndox mu deme ni weñ gu ruy guy ñoral kanam. Ndaw naan gu bon ak yenduwaay bu bon te naqari!

**30**. Naka ña gëm tey jëf jëf yu yiw... , [nañu xam ne] Dunu sànk peyug kuy rafetal jëfam.**(n)**

31. Ñooña ñeel na leen Àjjana dëkkuwaay boo xam ne ay dex dañuy daw ca suufam. Te deef na takkaayale ca foofa ay lam yu wurus te danañu fa sol ay yére yu nëtëx, di yéréy sooy bu sew ak sooy bu tal, ñu sóonu ca seen lal ya. Ndaw yool bu neex, waay-waay ndaw yenduwaay bu rafet te neex !

32. Joxleen leebuw ñaari góor ñoo xam ne : kenn ka jox Nanu ko tool bu am garabi reseñ, Nu wërsëgale leen ak garabi tàndarma, Nu def ca seen diggante ay tooli mbey.

33. Ñaari tool yépp ñu cay jële meññent mu dara wàññeekuwut. Nu xotti ca seen diggante ag dex.

34. Mu am meññent [mu bari] tax mu wax ak moroom ma neko : “Maa la ëpp alal te gën laa bari mbooloo”.

35. Mu dugg ca toolam te moom tooñ na boppam ; mu ne : "Yaakaar naa ne lii du jeex mukk,

36. te yaakaaruma [foogu ma] jeexug àddina dana egsi. Te sax su ma [deeyoon] ba dellu ca sama Boroom fàwwu, danaa fa fekk lu gën lii cig daluwaay.

37. Moroom ma wax ak moom, tontu ko ne ko : "Moo ndax dangaa weddi Ki la binde ci suuf, topp ci toqit [gu jóge ci góor], topp Mu melal la nga di góor gu mat sëkk ?

38. Waaye man, Moom Yàlla moo di sama Boroom ; te duma bokkaaleek sama Boroom kenn ?

39. Lu teewoon ba ngay dugg ca tool ba nga wax ne : "Lu neex Yàlla [rekk ay am] ! Amul kenn ku am kàttan ku dul Yàlla". Ndeem danga maa gis ma gën laa néew alal ak i doom,

40. xéy-na sama Boroom jox ma lu gën sa tool, te yabal ca sa tool jéyya ju jóge asamaan ba mu nekk dénd bu amutul dara,

41. walla ndox ma ŋiis te dootu ko ame feneen".

42. Alageef na meññent ma mu xëy di moqarñi ñaari yoxoom ngir la mu ca tàbbal ci alal, te fekk tool ba yàqu na, garab ya daanu, dàmme ca dàtt ya. Mu naan : "Ay aka neexoon bokkaalewuma kenn ak sama Boroom !".

43. Te amatul mbooloo mu ko mën a dimbali ku dul Yàlla. Te nekkul it di mënal boppam dara.

44. Fu mu doon, kaaraange ñeel na Yàlla ju dëggu ja. Mooy joxe gën ji yool ak gën ji muj.

45. Joxleen léebug dundu àddina. Dafa mel ni ndox mu ñu wàcce mu jóge asamaan ; tax gàncax ga jóge ci suuf sax. Mu mujj nekk mboob mu wow, ngelaw yi tasaare ko. Yàlla ku am kàttan la ci def lu ne !

46. Alal ak i doom ci yiy neexal àddina lañu bokk. Waaye way-des ya di [jëf] yu yiw, ñooy ya gën ca sa Boroom ci wàllu yool ak yaakaar.

47. Bis ba Nuy doxloo tundi doj yi nga gis suuf si maase nerr, Nu fang leen te Dunu bàyyi kenn ci ñoom.

48. Te Nu werale leen ci sa kanamu Boroom ñu def ay sàppe. "Dangeen di sikk ci ne sàkk Nanu ab dig [bu ngeen di dekkee]".

Draft

49. Ñu teg Téere ba. Nga gis saay-saay sa tiit ca la nekk ca biir, ñu naan : “Ngalla nun, cëy waay téere bii, bàyyiwul lu tuuti, bàyyiwul lu rëy, bind na lépp ?” Ñu gis la ñu defoon di lu teew. Te sa Boroom du tooñ kenn.(r)

50. [Fàttalikul] ba Nu waxee Malaaka ya ne leen : “Sujjóotleen ci Aadama”, ñu sujjóot [ñoom ñépp] ba mu des Ibliis, moom bokkoon na ca jinne ya, daldi sàqi ndigalu Boroomam. Ndax dangeen koy jàppe xarit mook i sëtam, bàyyi Nu [Nun Yàlla], te ñoom seeni noon lañu ? Bon na, li tooñkat ya di weccee !

51. Seedeloowunu leen it sos ga Nu sos seeni bakkan. Te it jàppewuma [ñiy sànk nit ñi] ñu may jàppale.

52. Ca bis ba Mu waxee ne : “Wooleen sama bokkaale ya ngeen sos”. Bu ñu leen woo dey, duñu leen wuyyu ndax def Nanu ci seen diggante aw xur.

53. Te saay-saay sa jenook Safara daldi foog ne dañu cay tàbbi te duñu ca am aw rawtukaay bu ñu ca rëccee.

54. Te Nun biral nanu ci Alxuraan jii, ngir nit ñi, léebu wu nekk. Waaye nit mooy ki gën a mën a dàggasante ci mbindeef yi.

55. Li tere nit ñi ñu gëm ba leen njub ga dikkalee, te ñu baalu seen Boroom, lu dul dañoo bëgg mu dikkal leen la daloon seen maam ya, walla mbugal dikkal leen [mu leen bett] jàkkaarlook ñoom.

56. Dunu yónni Yonent yi lu dul ngir ñuy bégle, di xuppe. Te ña weddi di dàggasante cig neen, ngir bëgg cee yàq dëgg ga, di weddi Sunuy kàddu ak la ñu leen di waare.

57. Ana ku gën a tooñ ku ñu waar ci kàdduy Boroomam, mu dëddu te fàtte la yaari yoxoom doon jëf ? Nun def nanu ci seeni xol muuraay ngir duñu ca am dégg-dégg ak i saañ ca seeni nopp. Tax na boo leen woowee jëme leen ci njub, duñu gindiku ba fàwwu.

58. Te sa Boroom mooy Jéggalaakoon ba, di boroom yërmaande. Bu leen jàppe woon la ñuy fàggu [ciy jëf yu bon]. Kon Dana gaawal seen mbugal. Waaye am nañu àpp boo xam ne bu agsee, duñu am mukk ku leen musal ku dul Moom.

59. [Noonu la] Nu alage woon dëkk yooyu ba ñu tooñee te Nu sàkkaloon alkaande ja ab àpp.

60. [Fàttalikul] ba Muusaa waxee surgaam ba ne ko : “Duma deñ di dox ba mbete ma eggee ca dajewaayu ñaari geej ya, walla may wéy jamano ju yàgg”.

61. Ba ñu eggee ñoom ñaar ca dajewaay ba, ñu fàtte ca diggante ba seenu jën, mu potoxlu daldi koy rëcc jëlu yoonam ca biir géej ga.

62. Ba ñu ko weesoo, mu ne surgaam ba : “Indil sunu añ : daj nanu coono ci sunu tukki bii”.

63. Mu tontu ne : “Ndax gisoo ba nu toogee ca doj wa, damaa fàtte jën wa - te dara fàttewooluma ko lu dul Séytaane mi tax xalaatuma ko - mu dem yoonam ci géej, lu yéeme”.

64. Muusaa ne ko : “Loolu lanu doon sàkku”. Ñu dellu fa ñu jaaroon di xeeñtu.

65. Ñu daje ak ab jaam ci sama jaam yi boo xam ne may Nanu ko yërmaande lu jóge ci Nun, te jàngal Nanu ko xam-xam bu bàyyikoo ci Nun.

66. Muusaa ne ko : “Ndax ma topp la ci kaw nga jàngal ma ci lu xamaleef na la ko ci luy gindee [ak xamle] ?”.

67. Mu tontu ko, ne: “Doo mën a ànd ak man ci sag muñ.

68. Naka ngay muñee ci loo xam ne peeguloo ko ci xam-xam ?”.

69. Mu ne ko : “Danga ma fekk bu soobee Yàlla ma di muñkat ; te duma moy sa lenn ndigal”.

70. Mu ne ko : “Boo ma toppee, bul ma laaj ci dara, ba kerook ma la ciy niital dara”.

71. Ñu ànd ñoom ñaar. Ba ñu duggee ci genn gaal, mu xar gaal ga. Muusaa ne ko : “Ndax danga koy xar ngir labal ña ca nekk ? Def nga jëf ju siibu !”.

72. Mu ne ko : “Ndax waxuma la woon ne doo mën a ànd ak man ci sag muñ ?”.

73. Mu ne ko : “Bul ma jàppe ci lu ma fàtte ; te it bul ma togg-jëf ci sama mbir”.

74. Ñu demaat ba dajeek benn xale, mu rey ko. Muusaa ne ko : “Ndax dangay rey bakkan bu sell bu reyul bakkan ? Def nga jëf ju yéeme !”

Draft

**75**. Mu ne ko : “Ndax waxuma la woon ne mënuloo muñ li may def soo àndeek man ?”**(h)**

76. [Muusaa] toontu ko ne : “Saa yu ma la laajee menn mbir, kon bul àndateek man. Ndax am nga ngànt ci tàggook man”.

77. Ñuy dox ba egg cib dëkk, ñu sàkku ca waa dëkk ba lekk, ñu lànk leen a ganale. Noona mu gis ab tabax buy bëgg a daanu. Mu yékkatiwaat ko. [Muusaa] ne ko : “Su la neexoon dey nga laaj ag pey”.

78. Mu ne ko : “Maak yaw fii la nuy tàqalikoo.Waaye danaa la leeralal mbirum li nga mënul woon a muñ.

79. [Gaal ga ma bënoon], ay ndóol ñoo ko móomoon, daan ca daan seen doole ngir dundu. La tax ma bënn ko moo di dafa buur bu daan siif gépp gaal gu mu romb, ma bënn ko ngir mu bañ koo yóbb.

80. Xale [ba ma reyoon], ay waajuram dañoo doonoon ñu gëm Yàlla ; te su màggoon, dana leen weddiloo, beewloo leen.

81. Nu bëgg Yàlla soppil leen ko ku gën a sell, gën a topp i [waajuram].

82. Tabax [ba ma doon yékkatiwaat], ñaari xale yu jirim ñoom la ko fa seen baay bàyyil; seen baay doonoon ku yiw, ku baax, am alal ju mu leen ca dencal. Sa Boroom bëgg su ñu màggee mën a gindiku jël seen alal joojee ci yërmaandey Yàlla. Defuma ko woon rekk ci sama coobarey bopp. Loolu kon mooy mbirum la nga mënul woon a muñ”.

83. Danañu lay laaj ci mbirum [Zul-Qarnayni]. Neel : “Danaa leen jàngal na mu doxe woon”.

84. Mayoon Nanu ko kàttan ci kaw suuf ba mu mën a def lépp lu mu bëgg.

85. Mu sóobu bëgg-bëggam, topp aw yoon di dem.

86. Mu takk xare dem ba fa sowwu yem, mu fekk ne jant ba ma ngay sowe fa ndox ma ànd ak ban, mu fekk itam aw xeet [wa ko dëkke]. Ñu ne ko : “Fàwwu yaw Zul-Qarnayni ! nga mbugal leen walla nga yërëm leen”.

87. Mu wax ne : “Képp koo xam ne dafay tooñ, dananu ko mbugal fii ; te su delloo fa Boroomam, Dana ko mbugal mbugal mu gën a tar.

88. Képp koo xam ne dafa gëm tey jëf u yiw, dana am pey gu gën a rafet. Te it fu mu tollu di gis yombal gu bawoo fi nun”.

89. Mu dellu sóobu ci bëgg-bëggam.

90. Mu takk xare dem ba fa penku yem, mu fekk fa xeet wu amul lu leen yiiral tàngooru jant bi.

91.Mu wax ne : na ñu defoon ñële rekk la ñuy def ñii, waxoon nanu lépp la mu nar.

92. Mu wéyati ci bëgg-bëggamdi dox di wéy.

93. Muy dem ba fekk aw xur mu fekk aw xeet, woo xam ne, seeni wax xaw naa niru waxi nit.

94. Ñu ne ko : “Yaa juuja ak Maa juuja ay yàqkat lañu ci kaw suuf si. Moo ndax duñu la fey nga ñag sunu diggante ak ñoom ?”

95. Mu ne leen : “Li ma Yàlla defal moo gën ci man [seenug pey]. Li may laaj rekk mooy ngeen jàppale ma, danaa defar ab ñag seen diggante ak ñoom.

96. Indil-leen ma mbuluŋi weñ gu ñuul, te ngeen fatte ko bën-bën yii, te ngeen soy ko ba mu ruy, ngeen sotti ci betteex bi”.

97. Yaa juuja ak Maa juuja duñu ko mën a bënn te duñu ko mën a daane.

98. Zul-Qarnaynine leen : “Lii dey xéewal la gu bawoo fa Yàlla. Waaye, Saa su digub Yàlla agsee, ca la koy màbb. Te digub Yàlla bi dëgg la te fàwwu mu dikk”.

Draft

99. Bu boobaa, nit ñi dañuy mbëkkënte ni ay duusi géej, bu ñu walee buftu ba, Nu daldi leen di dajale ñoom ñépp.

100. Ca boobale bis Dananu gaaral yéefar yi ca Safara,

101. [Yéefar] yi nga xam ne dañu daan muur seeni gët ngir bañ a gis Sunuy tegtal, te daan ko bañ a dégg.(r)

102. Ndax ña weddi [Yéefar ya], dañoo njort ne mën nañoo am wéeruwaay ci sama jaam ñi féddiku Ma ? Déedéet yéefar yi Safara la leen di xaaroo de.

103. Neel : “Moo ndax duma leen xamal ñi gën a sànk seen jëf ?

104. Ñoo di gaa ña nga xam ne sànk nañu seeni jëf, dara baaxu ca, ba noppi ñuy njort ne li ñuy jëf baax na.

105. Ñoom ñoo di ña daan weddi kàdduy Yàlla seen Boroom ak daje ga ñu nar a dajeek Moom. Seeni jëf sippiku na”. Kenn duleen peeseel dara.

106. Loola moo tax ñu feye leen Safara, ngir la ñu weddi woon tey jàppe Sunuy kàddu ak Sunuy Yonent ay caaxaan.

107. Ña gëmoon tey jëf u yiw, Àjjana [Firdawsi] mooy seen wàccuwaay,

108. dañu fay béel te duñu ko bëgg a weccee.

109. Waxalne : “Su ndoxum géej gi doonoon daa, ñu di ca binde kàdduy Yàlla yi, kon ndox ma dana jeex balaa kàddu ya di mat, doonte la sax dañu cay dolliwaat lu tollu ni géej ya”.

110. Neel : “Man dey mbindéef laa ni yéen. Danu may soloo rekk, waaye li wóor moo di seen Yàlla jenn rekk la ! [Kon nag], képp ku yaakaar dajeek Boroomam, nay jëf jëf yu yiw te bu mu bokkaale dara ak Boroomam [na ko jaamu Moom doŋŋ]”.

Draft

# Saar 19 : Maryam

## 98 Laaya–Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Kaaf, Haa, Yaa, Ayin, Saad.

2. [Fàttalikul] firndey yërmaandey sa Boroom ca jaamam ba Zakariyaa.

3. Jamono ja muy ñaan Boroomam ci ag yalu,

4. mu ñaanoon ne : “Yaw Boroom bi, sama kàttan néew na, sama bopp bi bijjaaw na. Te mësumaa sooy ci ñaan la.

5. Te man dey tiit naa ci ñi may donn [ëllëg]. Te sama soxna jaasir la. Ay waay may ma doom

6. [doom] ju may donn, di donn itam njabootug Yànqooba. Te nga def ko muy kuy gërëm”.

7. “Éy Zakariyaa, Noo ngi lay bégal ci ne [danga am] doom ju tudd Yahyaa. Te turam woowu kenn masu koo am”.

8. Mu ne : “Waaw yaw Boroom bi, ana fan la ma doom di bawoo te sama soxna di ku jaasir, man itam ma màggat ba kumur ?”

9. Mu ne ko : “Aa ! Loolu la sa Boroom wax de. Te lu ñàkk solo la ci man ndax maa la bindoon ba nga doonagul dara”.

10. Mu ne ko : “[Yàlla] sama Boroom, defal ma màndarga”. Mu ne ko : “Sa màndarga mooy danga am ñetti fan yoo dul mën a waxante.

11. Mu daldi génne ca fa [mu doon jaaamoo Yàlla] ; jottale leen ne nañuy sàbbal Yàlla suba ak ngoon.

12....”Éy Yahyaa, jàngal Téere ba [cig settantal] !”.Jox Nanu la xam-xamu xereñe [àtte ya] ca ba nga doonee ndaw,

13. ci ag ñeewant ak ug sellal. Mu doonoon ku ragal Yàlla,

14. di ku toppoon ay waajuram ; doonutoon ku fétterlu mbaa muy kut.

15. Te jàmm rekk la am ca ba mu juddoo ak ca ba muy dee, ak ca ba muy dekkiwaat !

16. [Fàttalikul], ca Téere ba, Maryaama ba mu fàddoo mbokk ya, génn dem fa penku dëkk ba.

17. Mu wutoon kiiraay seen diggante. Nu daldi yónni ci moom Sunu ruu [Malaaka] mu yor jëmmi nit [Jibriil].

18. [Maryaama] daldi ne : “Man dey maa ngi sàkku ci yërëmaakoon bi [Yàlla] mu musal ma ci yaw ndeem ku ragal Yàlla nga.

19. Malaaka ma [Jibriil] ne ko : “Man dey ndawul sa Boroom laa [damaa ñëw] ngir may la doom ju sell”.

20. Mu ne ko : “Man naka laay ame doom, te génn góor masumaa laal, te duma ku baaloy ?”

21. Mu ne ko : “Loolu la sa Boroom wax ! Te lu yomb la ci Man ! Lii dafay doon kéemaan ci nit ñi, ak yërmaande wu bawoo fa Yàlla. Dogal ba sotti na”.

**22**. Mu daldi ëmb, daldi dem ca bérab bu sori.**(n)**

Draft

23. Mat ma dikkal ko mu wattatu ba ca benn dàttu tàndarma, mu daldi ne: “Aka neexoon ma dee lu jiitu ! Kon fàttees na ma !”

24. Mu daldi koy woo ci ronam, ne ko : “Bul ragal, bul jàq. Yàlla defal na la ag dex ci sa ron [ci suuf] ndox.

25. Gësëmal tàndarma gi : meññent mu nooy dana rot ci say tànk.

26. Lekkal te naan te dalal sam xel ! Nit koo fi mëna gis nee ko: “Damaa woor, tey duma wax ak kenn nit”.

27. Mu lewu [doom ja] indi ko fa mbokk ya. Ñu ne ko : “Indi nga fi mbir mu juunu !

28. Yaw jigéenub Haaruuna bi, sa baay de doonul woon ku bon, sa yaay it du ku baaloy [taxawaalukat]”.

29. Mu joxoñ leen liir ba. Ñu ne ko : “Naka la nuy waxeek liir bu tëdd ciy laltaay ?”

30. Liir ba daldi ne : “Man dey jaamub Yàlla laa. Jox na ma Téere ba, def ma ab Yonent.

31. Te it, def na ma ku barkeel [sakkan]fu ma mën a nekk; dénk ma ma taxawal julli, di natt asaka feek maa ngi dundu ;

32. tey topp sama yaay. Te doonuma kuy fétterlu, ku texeedi.

33. Jàmm rekk laay am bis ba ma juddoo, ak ca bis ba may dee ak bis ba may dekkiwaat".

34. Loolu mooy mbirum Iisaa doomu Maryam, wax jii moo cay dëgg ca la ngeen doon werante.

35. Yellul ci Yàlla muy jàppe kenn doomam. Cëy sellam ga ! Bu bëggee menn mbir, Danaan : "Nekkal !" mu daldi nekk.

36. "Te nag Yàlla moo di sama Boroom, di seen Boroom. Jaamuleen ko. Lii moo di yoon wu jub wi xocc".

37. Kurél yi juuyoo nañu ci seen diggante. Ñay weddi, xuru Safara ñeel na leen ca teewaayub bis bu màgg ba !

38. [Bu bis baa, tooñkat yi danañu dégg], danañu gis ! Waaye tey fii ci àddina, ñi ngi ci réer gu bir.

39. Nanga leen xupp ci tiisu bisub jagle ga ; ndax àtte ba dog na te ñoom ña nga cig càggante te duñu gëm.

40. Nun nooy donnu suuf si ak lépp lu nekk ci kawam, te it fi Nun la ñuy dellusi [Bis-pénc ba].

41. [Fàttalikul] Ibraahiima ca Téere ba, moom dey ku dëggu woon la, di ab Yonent.

42. [Fàttalikul] ba mu waxee baayam ne ko : "Ana lan moo tax ngay jaamu loo xam ne du dégg du gis, te du la fajal dara ?

43. Man sama baay, man dey am naa ci xam-xam loo xam ne yaw amoo ko ; topp ma, kon dey danaa la gindi, [teg la] ci yoon wu jub wa.

44. Yaw sama baay, bul di jaamu Séytaane, ndax Séytaane kat moykatub Yàlla la.

45. Yaw sama baay, man dey ragal naa mbugalum Yàlla dal la nga fay lëkkook Séytaane".

46. Baayam daldi ne ko : «Moo Ibraahiima, ndax dangaa bañ sama yàlla jii ? Soo bàyyilwul [lii ngay wax], danaa la yóori xeer [ba nga dee], te sax génnal topp sa një".

47. [Ibraahiima] ne ko : “Yal na jàmm nekk ci yaw”. “Danaa la sàkkul njéggal ci sama Boroom ndax Ku ma teral la.

48. Danaa leen beru yéen ak ñi ngeen di jaamu te du Yàlla, tey ñaan sama Boroom. Yaakaar naa ne duma xañ”.

49. Ba mu leen beroo, [dëddu leen] ñoom ak la ñu daan jaamu te duñu Yàlla, booba Lanu ko may Isaaqa ak Yànqooba ; def leen ñoom ñaar ñépp ñu di ay Yonent.

50. Nu daldi leen may ci Sunu yërmaande, defal leen làmmiñ wu dëggu wu kawe.

51. [Fàttalikul] Muusaa ca Téere ba. Moom dey ku sellal la woon, di ku ñu soloo, di ab Yonent.

52. Woo Nanu ko ca wetug ndeyjooru tundu Sinaay wa, sësloo ko rëkk ci Nun.

53. Nu daldi koy may ci Sunu yërmaande, defal ko mbokkam ma Aaruuna mu di ab Yonent.

54. [Fàttalikul] Ismayla ca Téere ba. Doonoon na boroom dégg bu dëggu ; dib Yonent.

55. Daa woon na digal njabootam taxawal julli ak asaka, di ku amoom ngërëmul Yàlla.

56. Fàttalikul Idriisa ca Téere ba. Moom dey ku dëddu la woon, di ab Yonent.

57. Mayoon Nanu ko daraja ju kawe.

58. Ñooña ñooy ña nga xam ne Yàlla wàcceloon na leen xéewalam ca Yonent ya, ak ca sëti Aadama, ak ña àndoon ak Nooh ca gaal ga, ak ña bokk ca sëti Ibraahiima ak ca ñu Nu gindi woon te tànnoon leen. Te saa su ñu mësaa na jàng kàdduy Yàlla fa ñoom, ñu rot sujjóot boole kooki jooy.

59. Seen ginnaaw mu am ñu leen wuutu, sànk julli, topp seeni bànneex. Ñooña danañu dajeek tuskare,(r)

60. ba mu des ku tuub te gëm tey jëf u yiw : ñooña danañu tàbbi Àjjana te keen duleen tooñ ci dara [wàññi seenug pey],

61. àjjana yu sax ya, àjjana ya Yàlla dig jaamam ña ci kumpa te digub Yàlla fàwwu mu ñëw.

62. Duñu fa dégg lenn coow ; daldi leen kañ ci : “Jàmm” ; te ñam ya du dogamtal suba ak ngoon.

63. Àjjana jooju la Nuy donnale képp ku ragal Yàlla ci Sunu jaam ñi.

64. “Dunu wàcce ca Àjjana ja lu dul ci ndigalul Yàlla. Mooy Boroom li wéy ak li teew ak liy ñëw. Sa Boroom du fàtte de.

65. Boroom asamaan yi ak suuf si ak li nekk ci seen diggante. Nanga ko jaamu te nanga sax ci jaamu Ko. Waaw ndax xamal nga ko benn turandoo? Mukk amul”

66. Nit nag di wax naan : “Ndax su ma dee danañu ma génnewaat may dundu ?”

67. Moo ndax nit dafa fàttalikuwul ne Noo ko bindoon bu njëkk te doonutoon dara ?

68. Giñ naa ci sa màggug Boroom ne Dananu leen pang [dajale] ñook séytaane ya ba ñu yemb. Nu wërële leen ca Safara ñu sukk fa.

69. Ba noppi nag, Nuy rocci ci xeet wu nekk kan moo ca gën tar ug féttéerlu ca Yàlla.

70. Noo gën a xam kan moo gën a yeyoo jaaru ca Safara.

71. Ñépp a fay jaar, Yàlla dogal na ko ba noppi.

72. Bu ko defee Nu musal ñi ragal Yàlla, daldi fay bàyyi tooñkat ya ñu sukk.

73. Saa su ñu jàngee Sunuy laaya ca ñoom, muy lu leer nàññ, yéefar ya dañuy daldi wax ne gëmunu leen : “Ana sunu ñaari kurél yi ban moo ci ëpp daraja ?”

74. Aka bari ña Nu alagoon ca ña leen jiitu, ñoo xam ne ñoo leen ëppoon alal, gën leen a jekk ?

75. Neel : “Ku nekk cig réer, Yàlla da koy yoor ba mu ne ticcët ca la Nu ko doon dig, benn muy mbugal walla muy Bis-pénc ba. Bu boobaa danañu xam ñoo, ana kan moo yées wàccuwaay te gën a néew doole [ci way gëm ña ak yéefar ya]”.

76. Yàlla dana dolli njub ña gindiku woon. Jëf yuy des te di yu jiw [sell] moo gën a ëpp ab yool fa sa Boroom te moo gën wàccuwaay.

77. Xanaa gisoo ka weddi Sunuy kàddu bay wax naan : “[Ak lu mën a xew], man danaa am alal ak i doom” ?

78. Moo ndax dafa xam kumpa, walla mu digaaleek Yàlla ?

79. Déewallaay ! Dananu bind la muy wax, te it Dananu ko mbugal.

80. [Doom ya ak alal ja] Dananu ko donn, te buy dikk fi Nun jubbu boppam lay àndal.

81. Dañuy jàpp leneen lu dul Yàlla [di ko jaamu] ngir ame ca teraanga [dimbal].

82. Ndaw njombe ! [Ya ñu doon jaamu] dana weddi jaamu googee te dañuy far safaanoo

83. Xanaa gisoo ne Danañu yebal Séytaane ca yéefar ya ñu leen di jax-jaxee ?

84. Bul yàkkamti seen mbir : dafa am rekk lu ñu leen di nége.

85. Bis ba ñuy pang ña ragal ña Yàlla jëme leen ca Yërëmaakoon ba ñu di ay mbooloo,

86. Nu sëkkëtal tooñkat ya jëme leen Safara ñuy sërëx-sërëxi,

87. [Bis booba] kenn du mën a ramm ku dul ku ko Yàlla digal.

88. Ñuy wax it naan : “[Yàlla] Yërëmaakoon ba am na doom !”

89. Indi ngeen lu juunu !

90. [Loo xam ne] asamaan yi xaw na cee xottiku, suuf si xar, tundi doj yi màbb [ngir wax jooju],

91. ña wax ne alamikk Yàlla am na doom,

92. Waay-waay yellut ci Yërëmaakoon bi muy am doom waay !

93. Képp ku nekk ci asamaan yi ak suuf si, jaamub Yàlla rekk lay doon.

94. [Moom Yàlla] xam na fa ñu nekk ak na ñu day [na ñu tollu].

95. Te bu Bis-pénc baa, bindéef yépp danañu taxaw ci kanamam kennoo kenn.

96. Ña gëm tey jëf u yiw, Yàlla dana leen sagoo.

97. Yombalal Nanu la Téere bii, jaarale ko ci saw làmmiñ ngir nga bégal ci ñi ragal Yàlla te xupp ca ña dëgër bopp [weddi].

98. Aka bari li Nu alag ca xeet ya leen jiitu woon ! Moo ndax gisati nga lu ca bokk ? Mbaa nga déggati seenum riir ?

Draft

# Saar 20 : Taa-haa

## 135 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

**1**. Taa Haa.**(h)**

2. Wàccewunu Alxuraan jii ci yaw ngir nga texeedi [tiis],

3. [waaye] Danu koo wàcce ngir muy waar ñi ragal Yàlla,

4. dafa wàcc bawoo ca Ka bind suuf si ak asamaan yu kawe ya.

5. Yàllaa nga yemoo ca Gàngunaay ga [Aras].

6. Moo moom li nekk ci asamaan yi ak ci suuf si ak li nekk ci seen diggante, ak li nekk ci ron déeley suuf si.

7. Soo dee jóoru say wax it, Moom xam na mbóot ak la gën a nëbbu.

8. Yàlla mooy Yàlla ! Amul jeneen yàlla ju dul Moom ! Moo moom tur yi gën a rafet.

9. Moo ndax xam nga xibaari Muusaa ?

10. Ba mu gisee aw safara, mu ne njabootam : “Xaarleen ma fii ! Lële ma séen dey aw safara la ; Amaana ma jële fa aw xal, walla ma fekk fa ku ma gindi [teg ma ci yoon]”.

11. Ba mu agsee ci safara wa, mu am lu ko woo ne ko : “Éy Muusaa !

12. Man maay sa Boroom. Summil say dàll : yaa ngi ci biir xur wu sell wu ñuy wax [Tuwaa].

13. Dama laa tànn. Kon déggal li Ma lay soloo.

14. Man mii maay Yàlla : amul jeneen yàlla ju dul Man. Nanga may jaamu, tey taxawal julli, di Ma màggal.

15. Te Bis-pénc ba daanaka ñëw na. Dama koo xaw a làq rekk ngir fey bakkan bu nekk la muy jëf.

16. [Kon farlul ba] képp ku gëmul tey topp bànneexam, bañ laa gàllankoor ngay alku.

17. Waaw Muusaa, li nekk ci sa loxo ndeyjoor lan la ?”

18. Mu wax ne : “Samaw yet la, dama ciy sukkóotu, di ci waññ samag jur ak yeneeni mbir”.

19. [Yàlla ne ko] : “Sànni ko yaw Muusaa”.

20. Mu sànni ko : ndekete yoo jaan a ngay bélaw-bélawi.

21. Mu ne ko : “Jël ko : Dananu ko delloo na mu meloon, bul ragal.

22. Te nga dugal sa loxo ci sa biir poqotaan : mu génn weex tàll lool, di geneen kéemaan

23. [Lii lépp] Danu la koo waajale ngir won la ci Sunu kéemtaan yu màgg yi.

24. Demal ca Firawna, moom dafa beew.

25. [Muusaa] ne ko : “Yaw sama Boroom, leeralal ma sama dënn [mën a dékku lu bari],

26. te nga yombalal ma sama soloo sii,

27. te nga leeral samaw làmmiñ,

28. ba ñu mën a xam samay wax,

29. te nga may ma, defal ma ci samag njaboot ku may jàppale :

30. Te mu far doon sax Haaruuna, sama mbokk,

31. Doolel ma ci moom !

32. te boole ko ci samay mbir,

33. ngir nu mën di la sàbbaal lu bari,

34. di La tuddu, di la fàttaliku lu bari.

35. Te Yaa gën a xam sunuy mbir, Yaa nu gën a gis”.(s)

36. [Yàlla] tontu ne : “Li nga doon laaj [di ko ñaan] am nga ko.

37. Te it, wér na ne xéewaloon Nanu la feneen,

38. Ba Nu déggalee sa yaay la Nu ko déggal :

Draft

39. Ne ko na sànni liir ba ca kees ga, sànni kees ga ca ndox ma, ndox ma dana ko gëq ca tefes ga ; samab noon, dib noonam moo koy jël". Yaw Muusaa, defal naa la Samag cofeel, te it ci Samag càmm nga màgge.

40. [Fàttalikul] ba sa jigéen ba di dox te naan leen : "Ndax duma leen tegtal ci ku ko mën a yar ?" Ba tax Nu delloo la fa sa yaay ngir xelam dal, mu bañ a yàq. Nga reyoon bakkan, Nu musal la ca mbamb ma ; Nu fitnaaloon la, nattu la lu yàgg. Nga demoon fa waa Madiyaana ba am fa ay at. Ba tey jii yaa ngi nii ci àpp bu ma dogaloon.

41. Maa la bind ngir Sama mbiri bopp.

42. Demal yaak sa mbokk ngeen yor samay kàddu ; te buleen sàggane di Ma jaamu.

43. Demleen yéen ñaar fa Firawna : ndax moom dafa beew.

44. Nangeen wax ak moom wax ju nooy. Ndax amaana mu waaru walla mu ragal Yàlla ?

45. Ñu ne Ko : "Yaw sunu Boroom, nun dey danuy ragal, bu nu demee fa moom, mu jaay nu doole".

47. Demleen fa Moom ne ko : "Ñun ñaar ñii ndawi Yàlla lanu. Delloo nu waa Banii-Israayiila [ñi nga jàppe jaam] te buleen mbugalati. Ndax indi nanu ci yaw ay kàddu yu jóge fa sa Boroom. Te jàmmi Yàlla nay nekk ca kay topp njub ga !

48. Xamalees nanu ne : képp ku weddi te dummóoyu [kàdduy Yàlla], kooka mbugal dana ko dal".

49. [Firawna] ne leen : "Waaw yéen ñaar kan moo di seen Boroom ?"

50. Mu ne ko : "Sunu Boroom, Moo sos mbindéef yépp, te Mooy gindee".

51. [Firawna] ne ko : "Waaw xeet ya jiitu woon, ñoom luy xala doon seenub àtte ?".

52. Mu ne ko : "Seeni mbir a nga ca Téere ba fa sa Boroom. Sama Boroom du juum, du fàtte.

53. Sama Boroom bi nga xam ne Moo leen defal suuf si laltaay [maasale ko], defal leen ci ay yoon [ngeen di jokkoo] ; Mu wàcce am ndox mu bawoo asamaan, ñu di ca génne ay xeeti gàncax yu wuute."

54. "Lekk-leen te sàmm seenug jur". Ay kéemaan a ngi ci loolu, ñeel aw nit ñu am xel.

55. [Ci suuf si] la Nu leen binde, ci la Nu leen di delloo, te ci la Nu leen dellu génnewaat weneen yoon.(r)

56. Won Nanu ko Sunu kéemaan yépp mu lànk weddi [Yàlla].

57. Mu daldi ne : "Waaw yaw Muusaa, danga noo bëgg génne ci sunuy suuf ak sa njibar gi ?

58. Dananu la indil njibar gu ni mel. Nu sàkk bis ak barab te kenn bañ koo wuute ci nun ñépp".

59. Mu wax ne : "Kon jàpp nanu bis ba nu daan daje, di ca fo. Ca yoor-yoor ba".

60. Firawna daldi dëddu, dem dajale ay pexeem, daldi dellusiwaat.

61. Muusaa ne leen : "Tuskare ngeen ! Fexeleen ba bu leen duural Yàlla ay fen : kon Mu toroxal leen de. Te duurkat sooy nañu".

62. Ñu xëccoo ca seen biir, gise, déeyoo di yum-yumi.

63. Ñu daldi wax ne : "Ñaar ñii dey, ay jibar lañu, li leen tax a jóg moo di génne leen ci seenum réew, not leen ba fàwwu.

64. Kon booleleen seeni pexe, doon jenn jëmm bisub tey bii. Ku not rekk raw nga ba fàwwu".

65. Ñu ne ko : "Yaw Muusaa, benn nga jëkk a sànni, walla nun nooy jëkk a sànni ?"

66. [Muusaa ne leeen] : "Sànnileen". Ñu daldi sànni seeni yet ak i buum ca seenug njibar mu mel ni yëf yaa ngay dox di yëngatu.

67. Muusaa xaw a amum tiit ci boppam.

68. Nu ne ko : "Bul ragal [yaa leen mën], yaa leen fare kaw.

69. Sànnil li ci sa loxo ndeyjoor [yet wa] ; li ñuy wone lépp pexey njibarkat doŋŋ la ; te njibarkat moom fàwwu ay tappaleem naaxsaay". Ba mu ko sànni, yet waa daldi wann yooya yépp

70. Njibarkat yépp far daldi tëdd ci suuf sujjóot, daldi ne : "Gëm nanu bis niki tey Yàllaay Muusaa ak Haaruuna".

71. [Firawna] ne leen : "Gëmoon ngeen ko la jiitu lii. [Xam naa ne] Muusaa mooy kàndiŋ mi leen jàngal ag njibar. Danaa dàgg seeni tànk ak seeni yoxo cig jàllawle, danaa leen daaj ci dàtti tàndarma yi, dangeen xam kan ci nun moo gën a mettile te gën a tarle mbugal".(s)

72. Ñu ne ko : “Yàlla mi ñu bind ak kàddoom yii Mu nu indil moo nu la gënal fàwwu. Dogalal loo bëgg a dogal. Waaye nag say àtte moom àddina rekk la yem.

73. Nun dey gëm nanu sunu Boroom ngir mu jéggal nu sunuy bàkkaar, ak njibar gii nga nu jaay doole ba tax nu def ko”. Te Yàlla Moo gën te Mooy des.

74. Kuy saay-saay ba dem fa Boroomam, dana tàbbi Safara te du fa dee du fa dundu.

75. Kuy gëm Yàlla ak a def u yiw ba dem fa Yàlla, ñooña danañu am ay daraja yu kawe,

76. ay àjjana yu sax yoo xam ne ay dex ñooy daw ci suufam te dañu fay béel. Loolu moo di peyug képp kuy sellal.

77. Digal Nanu Muusaa [soloo ko]ne ko : “Nga rañaan ak sama jaam ñi, nanga leen sàkkal aw

yoonu suuf wu wow ca biir géej ga : bul ragal ku lay dab walla ngay tiit”.

78. Firawna ak ug xareem topp leen. Duus ya labal leen.

79. Firawna sànk na aw nitam, te farul gindiku.

80. Éy yéen waa giir Banii-Israayiil, musal Nanu leen ci seenub noon, Nu digeek yéen fa wàllug ndeyjooru tundu Sinaay wa. Nu wàcceel leen yàpp.

81. “Lekk-leen ci lu teey [sell] li Nu leen wërsëgale te buleen ca beew, [bu ngeen beewee], kon Sama mer day wàcc ci seen kaw : te képp ku Sama mer wàcc ci kawam, sànku na.

82. Te moo ne Man dey ab Jéggalaakoon laa ci képp ku tuub, te gëm, te jëf u yiw tey jubal”.

**83**. “Waaw Muusaa, ana lan moo tax nga jiitu saw nit ?”**(n)**

84. Mu ne ko ñoom dey ñanga ca sama ginnaaw. Ma yàkkamtee agsi ci Yaw ba am sa ngërëm.

85. [Yàlla] ne ko : “Nattu woon Nanu saw nit sa ginnaaw. Saamiriyu ñëw moom sànk leen”.

86. Muusaa dellu fa nitam ña mer bay fuur ; ne leen : “Yéen samaw nit, ndax Yàlla digu leen woon dig wu rafet ? Walla dig wa dafa yàgg ?

Walla dangeen bëgg merum Yàlla wàcc ci seen kaw, ba tax ngeen wuute samag dig ay yéen ?"

87. Ñu ne ko : "Wuutewuñu sab dig. Waaye danu noo nax sànniloo nu takkaay ya ; ca noona la ko Saamiriyu sànnee ca safara wa.

88. Daldi leen cay génneel aw sëll [nag]. Ne leen : "Mooy seen yàlla ; ñu daldi fàtte Yàllay Muusaa" !

89. Moo ndax dañoo gisul ne bu ñul wax ak moom du toontu, te mënuleen a lor, mënuleen a jariñ dara ?

90. Aaruuna moom waxoon na leen bu njëkk ne leen: "Yéen samaw nit, lii ngeen nekk aw sànje la. Waaye seen Boroom moo di Yërëmaakoon bi. Toppleen ma te wéyal samay ndigal".

91. Ñu ne ko : "Dunu fi jóge mukk ba ba Muusaa di dellusi fi nun".

92. [Ba Muusaa dellusee] ne : "Yaw Aaruuna, lan moo tere woon nga waar leen ba ñu sànkoo.

93. Danga maa toppatul walla dangaa mooy léegi samay ndigal ?"

94. [Aaruuna] ne ko : "Doom ndey, bul bipp samab sikkim mbaa sama kawari bopp. Damaa ragaloon nga naan ma : "Féewale nga giiru Bani-Israayiila, toppoo sama ndigal, [lii rekk la]".

95. Muusaa ne : "Ayca Saamiriyu, waxal book ?"

96. Mu ne : "Gis naa lu ñu gisul : ma daldi ŋoor ci suufi jeexiti Yonent bi, daldi koy sànni li am am. Loolu la ma sama xel joxoon".

97. [Muusaa] daldi ne ko : "Ayca, demal. Toppal sa një : "Dootoo jegeñ kenn !" Te am nga dig boo dul wuute. Te xoolal sa yàlla ji nga daan jaamu. Dananu ko lakk, sànni ko ca ndox ma.

98. [Seen Yàlla tigi] mooy Yàlla jenn ja, amul jeneen ju dul Moom. Moo xam lépp.(S)

99. Noonu la Nu lay nettalee xew-xewi ña jiitu woon. Indil naa la njàng mu bawoo fi Man.

100. Ku ko dummóoyu [kàddu yooyu], bu Bis-pénc baa, dana yenu ay bàkkaar [mbugal] ;

101. te dañu cay béelbu keroo gee [Bis-pénc ba], ndaw yen bu bon,

Draft

102. bis ba ñu walee [ëf] buftu ba, bis boobee, Dananu pang tooñkat ya ñuy fér-féri [ndax tiit] !

103. Ñuy déeyante ca seen biir naan : "Yéen kat fukki fan doŋŋ ngeen am àddina" !

104. Nun [Yàlla] Noo gën a xam la ñuy wax, far ka leen gën a kaanu naan : "Aa yéen kat benn fan doŋŋ ngeen am àddina".

105. Ñii nga lay laaj ci dundi doj yi [naka lay mujje]. Neel : "Yàlla dana leen moxoñe,

106. bàyyi ko mu ne ag joor gu ne càndaŋ

107. dootoo gis ab nóox-nóox walla ab junni-junni, léppay maase nerr.

108. Ca Bis booba ñépp danañu topp wootekat ba ; kàddu yépp ne xuum [cëy Yàlla Yërëmaakoon bi]. Doofa dégg lu dul kuy dée [di wax ndànk].

109. Bisub kerook, kenn du fa mën a ramm ku dul koo xam ne Yërëmaakoon baa ko ko digal te gërëm ay waxam.

110. Moo xam la jàll ak liy ñëwi, te kenn ci ñoom mënu koo peeg ci xam ko.

111. Loos yépp janoo nañu fa kanamu Yàlla, Muy dundu te taxawu lépp, te képp ku yenu na ag tooñ , [na ko wóor ne] sooy na bu kero gee.

112. Képp koo xam ne nag yaa ngay jëf u yiw te gëm, du ragal foofa ag tooñ [gu ñu koy tooñ], walla ku koy sërxal.(r)

113. Noonu Lanu wàccee Alxuraan ci làmmiñu araab, biral ci lool ag tëkku, ndaxtele amaana ñu ragal Yàlla walla ñu jàjju [fàttaliku xalaat]?

114. Yàlla Buur ba di dëgg, kawe na ! Bul yàkkamtee tasaare Alxuraan ji tey jiitu soloo ga. Waxal ne : "Yaw sama Boroom dolli ma xam-xam !"

115. Fasantee woon Nanu ak Aadama ab dig ca la jiitu woon ; mu fàtte ; te taxu ko caa woo na farlu.

116. [Fàttalikul] ba Nu waxee Malaaka ya ne leen : "Sujjóotleen ci Aadama", ñépp sujjóot ba mu des Ibliis, moom dafa lànk.

117. Nu wax ko ne ko : "Kii dey sab noon la yaak sa soxna. Farluleen ba bu mu leen génne Àjjana, [su ngeen génnee] da ngeen sonnu de.

118. [Fii ci Àjjana] doo fi xiif, doo fi rafle,

119. doo fi yëg u mar, doo fi màggat".

120. Séytaane daldi koy jax-jaxal [nëxal xelam] ne ko : "Yaw Aadama, ndax duma la tegtal garab guy tax nga am nguur gu dootul foq ?"

121. Ñu daldi cay lekk [garab ga]. Seen rafle wa daldi feeñ. Ñu tàmbalee witt ca xobi garab ya nekk Àjjana di ko làmboo. Aadama moy na ndigalu Boroomam, tooñ tàbbi.

122. Yàlla delloo cim xelam ba mu tuub, Mu daldi koy jéggal, Mu daldi it jubbanti ko.

123. Yàlla daldi ne leen : "Génnleen Àjjana, wàcc jëm suuf, ñennat ci yéen di noonoo ñeneen ña ca des. Dana am nag njub gu bawoo fi Man dikk ci yéen, képp ku topp Sama njub googu, du sànku, du sonn.

124. Képp ku ko dummóoyu, dana dundu dund gu metti, te buy dekki Bis-pénc ba gumba lay doon ñu gotti ko".

125. [Su ko defee] muy laaj naan : "Sama Boroom, lan moo tax nga pang ma may gumba te ca àddina ma doon gis ?"

126. [Yàlla tontu] ne ko : "Noonu la la Sunuy kàddu dikkalee woon, nga sàggane ko, kon book tey yaw itam kenn du la faale".(s)

Draft

127. Noonu la Nuy feye ña ëppal [xaabaabal] te gëmuñu seen kàdduy Boroom [ay màndargaam]. Te mbugalum àllaaxira moo gën a tar te gën a yàgg.

128. Ndax dafa leerul ci seen bopp te aka bari ay xeet yu Nu alag ca ña leen jiitu woon te tey ñuy dox ci kaw fa ñu dëkkoon ? Loolu war naa mën a waar ñu am xel [te di ko jariñoo] !

129. Su fekkoon ne du dig bu ko Yàlla sàkkal, kon seen mbugal fii lay tàmbalee.

130. Nanga muñ li ñuy wax te nga sàbbaal ci cantug sa Boorom balaa jant bi di fenk ak balaa muy so, ak guddi gi ak subaak ngoon. Soo bëggee maare [gërëm Yàlla te am xel mu dal] :

131. Bul wékk say gët ci li Nu leen wërsëgal ci ay jabar ak alali àddina, ngir sànk leen ci doŋŋ la. Sa peyug Boroom moo gën [fuuf] te moo gën a sax.

132. Nanga digal sag njaboot ñuy julli, te nanga saxoo muñ. Tegunu la wut ub dundu : Nun noo warloo sab dund. Ña ragal Yàlla ñoo ëppug muj.

133. Ñuy wax naan : “Lan moo tax indilunu kiiman gu bawoo ca Boroomam ? Moo ndax xalam mujjug ña leen jiitu woon da leen a doyul am njàng ?

134. Bu fekkoon ne Danu leen a mbugal la ko jiitu, kon ñuy wax naan : “Cëy Yàlla soo yónni woon ab Yonent ci nun, kon dananu topp say ndigal bala noo torox ak a tuskare”.

135. Neel : “Ñépp a ngay xaar. Xaarleen yéen it ! Dangeen xam ñan ñoo jaaroon ca yoon wu jub wa xocc ak ana ñan ñoo gënoon a gindiku”.

Draft

# Saar 21 : Yonent ya

## 112 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Waññub [jëfi] nit ñi jegesi na, te ñoom ña nga nuur cig càggante dëddu. (h)

2. Amul lenn lu leen di digal ci Alxuraan di lu bawoo fa seen Boroom, te dégluwaale wuñu kook am po,

3. Càggante nekk na ca seen xol ; tooñkat ya di déeyoo naan : "Ndax kii dafa nekkul mbindéef ni yéen ? Ndax dangeen di topp ag njibar te janook moom ?"

4. Neel : "Sama Boroom xam na lépp lu ñu wax ; ci kaw asamaan yi ak suuf, mooy Aji-dégg di Aji-gis".

5. Waaye ñu naan : "Way-jaxasook ay gént rekk la ! Du lenn lu dul lu mu sos. Ndax [moom Yonent bi] waykat la. Nanu indil kaawtéef ni ñu ko daan yónnee ñu njëkk ña".

6. Xeet ya leen jiitu woon te gëmuñu, alag Nanu leen. [Kon] ñoon ndax danañu gëm ?

7. Mësunoo yónni ñu la jiitu lu dul aw góor yu Nu soloo. Laajleen ña jotoon Téere ndeem xamu leen.

8. Defunuleen woon [boroom] yaram yu dul lekk ñam. Te it nekkuñu woon ñuy béel [dañu daa lekk, di wopp, di dee].

9. Topp, Nu def la Nu leen digoon. Daldi leen boole musal ak ku Nu soob. Yàqkat ya ñoom, Nu rey leen.

10. Wàcce Nanu ci yéen ab Téere boo xam ne seen teraangaa nekk ca biir. Moo ndax dangeen dul xel-lu ?

11. Ay ay dëkk yu daan tooñ, te Nu alag leen ; ba noppi sosaat ca seen ginnaaw ñeneen nit.

12. Ba ñu yégee Sunu mbugal, ñoom daw nañu [di jéem a génn dëkk ya].

13. Buleen daw de. Delluleen fa seen kër ya ngeen nekkoon di xéewlu, ndax xéy-na dees na leen laaj.

14. Ñu ne : "Ngalla nun ! Nun dey ay tooñkat lanu woon".

15. Xawuñoo eggale seen njàmbat loolu ba Nu def leen ni am ngóobit mu ne selaw.(s)

16. Bindinu asamaan yi ak suuf si ak li nekk ci seen diggante ngir fo.

17. Su Nu bëggoon po, kon [Dunu soxla bind dara], ci Sunu bopp la Nu koy sose, ndegam lu Nu nammoon a def la

18. Déedéet Dananu sanni dëgg ci kaw fen mu tojte ko, tax mu raaf. Te li ngeen di nirale [Yàlla] dana tax ngeen toskare.

19. Moo moom lépp li nekk ci asamaan yi ak suuf si. Te ña nekk fa Moom duñu rëy-rëylu [ci di ko jaamu], te it duñu ca lott.

20. Dañu Koy sàbbaal guddi ak bëccëg, duñu ca jóge.

21. Ndax ñoom dañuy jaamu ay yàlla ci suuf si [yuy mën a dekkal ku dee ni Boroom bi] ? [Mukk du am]

22. Su jeneen yàlla ju dul Yàlla amoon ci asamaan yeek suuf si, kon ñoom ñaar ñépp yàqu. Cëy sellam ga, Mooy Boroom Gàngunaay ga [Aras] ; Jomb na li ñu koy nirale !

Draft

23. Deefu ko sañ a laaj ci li Muy def, waaye ñoom la ñuy sañ a laaj.

24. Am dañuy jaamu ay yàlla bàyyi Ko ? Neel : "Indileen seenu lay". Lii [Alxuraan jii] mooy lépp lu ñuy waare képp ku ànd ak man, moo di li ñu waare woon it ña ma jiitu. Li ëpp ci ñoom xamuñu dëgg, tax na ñu dummóoyu.

25. Yónniwunu la la jiitu benn Yonent te soloowunu ko [lay dëgg] te moo di : "Amul jeneen yàlla ju dul Man. Kon jaamuleen Ko".

26. Ñiy wax naan : "Jërëmaakoon bi am na doom". Cëy sellam ga ! Déet, ay jaam lañu yu Nu teral [ñoom Malaaka ya].

27. Duñu ko jiitu ci wax te ñoom ndigalam lañuy def.

28. Xam na li nekk ci seen kanam ak li nekk ci seen ginnaaw. Te duñu rammu lu dul ka Ko neex, te ñoom ña nga ca tiitaangey ragal Yàlla.

29. Te ku ca waxoon bokk ca ñoom ne : "Man yàlla laa, ju dul Moom". Loola Safara la Nu ko oy feyee. Te noona it la Nuy feye tooñkat ya.

30. Ndax ña weddi dañoo gisul ne asamaan yi ak suuf si dañoo taqaloodef [benn dank] ? Nu daldi leen téqale, te Nu sose ndox lépp luy dundu. Moo ndax dañu dul gëm ?(r)

31. Te def Nanu ci biir suuf si ay tundi doj, ngir mu bañ a baj-baji ak ñoom. Te def Nanu ci ay yoon ngir ñu mën a gindiku.

32. Te def Nanu asamaan si mu nekk am téeg mu Nu wattu. Te ñoom ñangay dëddu Sunuy kéemtaan [bañ leen a seetlu].

33. Te Moom mooy ki bind guddi gi ak bëccëg bi, ak jant bi ak weer wi, ku ci nekk di daw caw rëdd [wa ñu ko rëddal].

34. Te defalunu kenn nit ca la la jiitu muy ku fi sax. Waaw konndax yaw ginnaaw boo deewee, ñoom dañu fiy sax ba fàwwu ? [Déedéet]

35. Bakkan bu nekk dana mos dee. Te Dananu leen nattu ci lu bon ak yiw mu dib sànje. Te ci Nun ngeen di dellusi.

36. Ña weddi, bu ñu la gisee, duñu la jàppe lu dul ku ñuy yéjji, naan : “Ndax du kii mooy sikkal seen yàlla yi ?” Te ñoom dañuy weddi Yàlla Mi nga xam ne [bokk na ci turam yi] Yërëmaakoon bi.

37. Bindeef na nit cig yàkkamti. Danaa leen won Samay kéemaan. Buleen ma yàkkamti.

38. Ñuy wax naan : “Kañ la dig boobu di agsi ndegam ñu dëggu ngeen ?”

39. Ña weddi bu ñu xamoon waxtu wa nga xam ne duñu mën a feg safara say lakk seeni kanam walla seeni ginnaaw, te kenn duleen ca dimbali...

40. Déedéet, ndekete yoo ci mbetteel la leen di dikkale, gëlëmal leen ; duñu ko mën a fànq, te kenn duleen ca yéexe.

41. Yéjjeefoon na Yonent ya la jiitu woon. Faf ña doon yéjji, la ñu doon reetaan wàcc ci seen kaw.

42. Neel : “Kan moo leen mëna yërëm guddi ak bëccëg ci Yërëmaakoon bi ?” Teewul ñoom ñangay dëddoo tuddu seen Boroom [Fàttaliku Ko].(s)

43. Am dañoo am ay yàlla ju dul Nun, ju leen di mën a aar ? Duñu mën a dimbali seen bopp, te deefuleen mën a xettali ci Nun.

44. Li am mooy, xéewalal Nanu ñooñook seeni baay ba seenug dund yàgg ci ñoom. Waaye ndax dañoo gisul ne wàññi Nanu suuf si cig wàññi ay catam ? Moo ndax ñoom ñooy not ?

45. Neel : “Defuma lu dul ragal-loo leen li ñu ma soloo”. Waaye ay tëx duñu dégg wooteb ña leen di waar.

46. Te bu leen lu tuuti daloon ci sa ndigalu Boroom, ñu dellu tàmbalee wax naan : “Ngalla nun ! Nun ay tooñkat lanu woon”.

47. Dana tëral màndaxe mu maandu ca Bis-pénc ba. Te deesul tooñ benn bakkan ci dara, doonte lu tollu ni pepp bàkket, Dananu ko indi. Te aka mën a wàññi.

48. Joxoon Nanu Muusaa ak Aaruuna Tawreet ak leeraay ak fàtttaliku ngir ña ragal Yàlla,

49. ñooy ña ragal seen Boroom ci kumpa, te ñoom way-jàq lañu ca Bis-pénc ba.

50. Te lii [Alxuraan jii], tur la wu barkeel [sakkan] wu Nu wàcce. Ndax yéen dangeen koy weddi ?

**51**. Te mayoon Nanu Ibraahiima njub lu jiitu. Te nekkoon Nanu ñu ko xam xéll.**(n)**

52. [Fàttalikul] ba mu waxee baayam ak nitam ña, ne leen : “Ana luy yàlla xërëm [yu diy jëmm yu ñu yatt] te ngeen fonk leen lool ?”.

53. Ñu tontu ne : “Dañoo fekk sunuy baay di leen jaamu”.

54. Mu ne leen : “Ca dëgg-dëgg, yéen ak seeni baay dangeen a nekk ci réer gu fés”.

55. Ñu ne ko : “Ndax li nga nu dig dëgg la ci yaw walla dangay kaf ?”.

56. Mu ne déedéet : “Seen Boroom mooy Boroom asamaan yi ak suuf si, te Moo leen sàkk. Te man dey bokk naa ci ñiy seede loolu ci yéen.

57. Te waat naa ci Yàlla ! Ne danaa fexeel seen xërëm yi ci seen ginnaaw, bu ngeen dëddoo”.

58. Mu dàggate leen ba mu des xërëm bu mag ba. Ngir xéy-na mu mën cee delloo [seeni xel].

59. Ñu ne : “Ku def lii sunu yàlla yi ? Kooka dey bokk na ca tooñkat ya”.

60. Am ñu wax ne : “Déggoon nanu benn waxamaande mu di leen ayibal ; ñu di ko woowe Ibraahiima”.

61. Ñu ne : “Indileen ko ci kanamu nit ñi”, xéy-na ñoom ñu nekki seede [ci loolu].

Draft

62. Ñu ne ko : “Ndax yaw yaa def lii ci sunu yàlla yi, yaw Ibraahiima ?”

63. Mu ne : “Déedéet, ki ko def mooy ki ci gën a mag ci ñoom. Laajleen ko ndegam mën nañoo wax”.

64. Ñu dellu ca seeni xel, daldi wax ne : “Nun noo tooñ sunu bopp”.

65. Ñu daldi far delluwaat ca seen kéefar ga, daldi ne : Xam nga ne ñii mënuñoo wax waay”.

66. Mu ne : “Waaw, ndax dangeen di bàyyi Yàlla di jaamu loo xam ne mënuleen a jariñ dara te mënuleen a lor.

67. Kuf ma leen yéen ak li ngeen di jaamu bàyyi Yàlla ! Ndax dangeen dul xel-lu ?”

68. Ñu ne : “Lakk-leen ko ngir ngeen dimbali seen xërëm yi ndegam nar ngeen ko”.

69. Nu wax ne [Nun Yàlla] : «Yaw safara, nekkal lu sedd te am jàmm ci kaw Ibraahiima”.

70. Ñu bëgg a def seeni pexe ci moom, Nu def leen ñu di ñu yàqule ña.

71. Nu daldi koy musal moom ak Lóot jëme leen fa suuf sa Nu barkeel ngir waa àddina si yépp.

72. Nu may ko Isaaqa ak Yàqooba, muy ndollent, Nu def leen ñu nekk ñoom ñépp di ñu sell.(S)

73. Def leen ay njiit yuy gindee ci Sunu ndigal. Nu soloo leen jëf yu yiw, ak taxawal julli ak génne asaka. Te ñoom daal daanañu Ma jaamu.

74. Ak Lóot ! May Nanu ko ràññee, dégg ak xam-xam, te musal Nanu ko ci waa dëkk ba doon def lu bon ; ñoom nag aw nit ñu bon lañu woon, di ay saay-saay.

75. Dugal Nanu ko ci Sunu yërmaande. Te moom bokk na ca ñu sell ña.

76. Ak Nooh itam, [fàttalikul] ba mu wootee ca lu jiitu. Nu dal koy wuyyu te musaloon ko, mook njabootam, ca njàqare ju rëy ja,

77. te Nu dimbali woon ko ca nit ña weddi woon Sunuy kàddu. Ñoom aw nit ñu bon lañu woon. Nu daldi leen labal ñoom ñépp.

78. Ak Daawuda, ak Suleymaan, [fàttalikul] ba Nu àttee mbirum mbéy ma gàtti nit ñu yàqoon [ruur]. Te teewoon fa seen àtte ba.

79. Déggloo Nanu Suleymaan àtte ba. Te ñoom ñaar ñépp mayoon Nanu leen ràññee dëgg ak xam-xam. Te tàggatoon Nanu tundi doj ak njanaaw ya ñu àndak Daawuda di Nu sàbbaal. Te Nun noo ko defoon.

80. Te jàngal Nanu ko ràbbiinu mbubbi koŋ ngir mu musal leen ci seen ngaañ. Moo ndax yéen du ngeen sant [delloo njukkal] ?

81. Suleymaan tàggatal Nanu ko ngelaw luy ràddi, di daw ci ndigalam, mu jëm ci suuf su Nu barkeel. Te kat Nun xam Nanu lépp lëf,

82. te ci jinne yi am na ci ñu ko daan nuural [ci géej te daan nañu ko liggéeyal yeneeni liggéey, te Daan naa leen wattu [Man Yàlla].

83. Ak Ayuuba [fàttalikul] ba mu woowee Boroomam ne ko : "Man dey mettit dal na ma. Te Yaw yaay gën jaa yërëme yërëmaakoon ya" !

84. Te Nu nangul ko, daldi wuññi lor ja nekkon ca moom, Nu may ko njabootam te boole ca ñeneen ñu tollu ni ñoom, muy yërmaande ju tukkee fi Nun, ak fàttali jaamukati Yàlla yi.

85. Ak Ismaayiila, ak Idriisa ak Zul-Kifli, ñoom ñépp bokkoon nañu ca muñkat ya ;

86. dugal Nanu leen ci Sunu yërmaande, bokk nañu ca ñu yiw ña [sell].

Draft

87. [Fàttalikul] boroom jën wa [Yunus] ba mu demee ànd ak mer. Te mu jortoon ne du lu Nu dogal ci moom [ciw tiis ngir la mu dem te amu ca ndigal]. Waaye mu woote ca biir lëndëm ga ne : "Amul jeneen yàlla ju dul Yaw ! Tudd naa sag sell ! Man nag bokk naa ca tooñkat ya".(r)

88. Nu daldi koy nangul te musal ko ca njàqare ja. Te it noonu la Nuy musalee way-gëm ña.

89. [Fàttalikul it] Zakariyaa ba mu woowee Boroomam ne : "Boroom sama, bul ma bàyyi ma wéet, te Yaa di ku gën a mën a dimbalee".

90. Nu nangul ko, may ko Yahyaa te Nu yéwénalal ko soxnaam. Ñoom sax dañu daan njëkkante ci jëf yu yiw ya te ñoom daanañu Nu jaamu, nekk ci diggante xemmem ak ragal. Te nekkoon nañu diy way-toroxlu ci Nun.

91. Ak jigéen ja ñoŋal boppam [Maryam] ! Nu wal ci moom lenn ci Sunu ruu, daldi koy def mook doomam [Iisaa] ñuy kaawtéef ci àddina si yépp.

92. Lii nag moo di seen diine, mu di jenn diine doŋŋ, te Man maa di seen Boroom. Waay- waay kon jaamuleen Ma.

93. De daggate nañu seeni mbir ca seen diggante. Te ñoom ñépp fi Nun lañuy dellusi.

94. Képp kuy jëf ca jëf yu yiw ya te muy ku gëm, deesul fakk jëfam ndax Nun noo ko koy bindal.

95. Te dëkk bu Nu rey, waa dëkk ba duñu mënatee dellusi!

96. Ba ba kerook Nuy ubbi Yaajuuja ak Maajuuja ñuy sottiku di rogaat ci tunduwu nekk ;

97. dig bu dëggu ba daldi gën a jegeñ, bu boobaa bëti ña weddi dana buqiku, ñu naan : "Ngalla nun ! Nekkoon nanu cig càggante ci lii. Te nekkoon nanu di ay tooñkat".

98. "Yéen nag ak li ngeen di jaamu bàyyi Yàlla, yéen a di mattum Safara te yéen dangeen ca dëkk.

99. Bu fekkoon ne ay yàlla lañu, kon duñu ca tàbbi ; nit ñooña ñépp dañu fay béel.(S)

100. Te ñoom am nañu ca biir foofa ay yikkat, te ñoom duñu fa mën a dégg dara.

101. Ña nga xam ne digoon Nanu leen xéewal yu jëkk ya jóge ci Nun, ñoom ñu Nuy soreel [Safara soosu] lañu.

102. Duñu dégg yëngoom ga te ñoom ñangay nekk ca lu neex seen bakkan ba fàwwu.

103. Tiit mu rëy ma duleen tiital, te Malaaka ya danañu leen gatandu naan : "Lii mooy seen bis ba ñu leen digoon".

104. Bis boobu Dananu taxañ asamaam ni Nuy taxañe këyit gu am bind. Na nu tàmbalee woon sos ga bu jëkk ba, Dananu dellu [defaat ko] ; muy dëel bu Nu warlu [lu Nuy def la] !

105. Te bind Nanu ba noppi ca Téere ya ginnaaw bind ga nekk [ca Lawhul Mahfuuz] Àlluwa ja, ne suuf si Sunu jaam yu yiw yi ñoo koy donn".

106. Nekk na ci biir loolu ab jottali ñeel aw nit ñuy jaamu Yàlla !

107. Yónniwunu la ngir dara lu dul nga nekk yërmaandey waa àddina.

108. Neel : "Man dey dañu may soloo doŋŋ : Waaye seen Yàlla jenn doŋŋ la ; kon ndax yéen dungeen wommatu jébbalu?" [dugg ci Lislaam]

109. Bu ñu dëddoo, neel : “Xamal naa leen loo xam ne noo ca yem ; mu di ndax li ñu leen dig dafa jegeñ walla dafa sori.

110. Moom dey xam na li ñuy biral ciy wax ak it li ngeen di nëbb.

111. Te xamuma ; ndax moom nattu la ci yéen ak xéewal gu gàtt” !

112. Yaw Yonent bi neel : “Yaw sama Boroom, àtteel ci dëgg ! Te sunu Boroom mooy Yërëmaakoon biy Dimbaliwaakoon biy musalee ci li ngeen koy nirale”

Draft

# Saar 22 : Aj ga

## 78 Laaya - Ginnaaw Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

**1**. Éy yéen nit ñi ! Ragal-leen seen Boroom. Yëngutug Bis-pénc ba nag mbir mu rëy la.**(h)**

2. Bis bu ngeen ko gisee, képp ku doon nàmpal dana fàtte la mu doon nàmpal, te ku ëmboon dana wësin la mu ëmb. Te nga gis nit ña màndi fekk màndiwuñu. Mbugalu Yàllaa tar [ci ñoom].

3. Am na ci nit ñi ñuy dàggasante ci Yàlla cig ñàkk a xam ci di topp Séytaane mi féttérlu.

4. Te dogaleef na ca moom [Séytaane soosu] ne képp ku ko def sëriñam, dana la réeral, yóbbee la mbugalum Safara.

5. Éy yéen nit ñi ! Ndegam dangeen a nekk cig sikki-sàkka, [xamleen ne] Nun nag noo leen binde ci suuf, topp ci toqente [maniyyu], topp ci aw lumbu, topp ci suuxu yàpp wu Nu matal bindam ak wu Nu matalul bindam ngir Nu leeralal leen, ak Nu saxal ci ëmbukaay ba lu Nu soob ba ca àpp bu Nu tudd. Topp Nu génne leen ngeen di ay liir, topp ngeen màgg ba dëgër. Te mu am ci yéen ñuy teel a dee ak ñuy dundu ba egg ci gën jaa boni dundu ba tootuñu xam dara ginnaaw ba ñu nekkoon di ñu xam. Te nga gis suuf si mu wow koŋŋ : te bu Nu ca wàccee ndox mu yëngutu, fokki, saxal gépp xeetu gàncax gu rafet.

6. Loolu [lu wér la] ngir Yàlla mooy dëgg ga ; te Moom mooy dekkal ñi dee ; te Moom am na kàttan ci def lu ne.

7. Te Bis-pénc ba amul sikk ne luy ñëw la,te Yàlla dana dekkal mboolem ñi nekk ci bàmmeel yi.

8. Ci nit ñi, am na ñuy dàggasante ci Yàlla cig ñàkk a xam te àndul ak njub, te amul Téere bu wér,

9. muy lem loosam [di rëy-rëylu] ngir réerloo [nit ñi] soreel leen yoonu Yàlla. Kooku dey am na ci àddina toroxtaange ; te Dananu ko mosal Bis-pénc ba mbugal muy tàng di lakkaate.

10. Loolu la yelloo ngir la ñaari yoxoom ya def ci àddina ! Te Yàlla du tooñ jaamam ñi.

11. Ci nit ñi am na ñuy jaamu Yàlla ci genn wet rekk. Tax na bu amee lu baax mu nekk ku dal, bu ko lu naqari dalee, mu soppeeku ca la mu nekke woon, yàqule na ci àddina ak àllaaxira. Te loolu mooy yàqule tigi !(s)

12. Mangay jaamu, bàyyi Yàlla, loo xam ne mënu koo lor, mënu koo jariñ. Loolu moo di réer gu sori dëgg !

13. Mangay jaamu loo xam ne loram moo gën jegeññjariñam. Aka bon wéeruwaay te aka bon àndandoo !

14. Naka Yàlla, Dana dugal ñi gëm tey jëf u yiw ci Àjjana yoo xam ne dex dañuy daw ci seen suuf [ron], Yàllaay def lu ko soob.

15. Ku jort ne Yàlla du dimbali [Muhammad] ci àddina ak àllaaxira, na tàllal buum jëme ko asamaan, topp mu dog ko, te na xool nag ndax pexeem dana fa jële la ko tax a mer.

16. Noonu la Nu ko wàccelee ay kàddu yu leer te Yàlla dana gindi ku ko soob.

17. Ña gëm ak ña nekk Yahuud ak ña di Saabiina, ak ña nekk Nasaaraan ak ña nekk Majuus ak way-bokkaale ña, naka Yàlla dana àtte seen diggante, bu Bis-pénc baa Yàlla seede la ci lu nekk.

18. Ndax gisoo ne lépp lu nekk ci suuf si ak asamaan yi mangay sujjóotal Yàlla, ak jant bi ak weer wi ak biddiw yi, ak garab yi ak tundi doj yi, ak way-sujjóot yi ak lu bari ci nit ñi ? Waaye lu bari (ci nit ñi) ñu yeyoo mbugal lañu. Te képp ku Yàlla texeedil kenn du ko mën a teral.

19. Ñaari kurél yooyu di way-xuloo ci seen mbirum Boroom. Ña nga xam ne dañoo weddi, xottileef na leen ay yére yu di Safara, te deefi sotti fi seeni kaw bopp ya ndox mu bax.(r)

20. danañu ruyal la nekk ca seen biir ak der ya.

21. Ñeel na leen ay bolde yu weñ.

22. Saa su fa bëggee génne ca njàqare ja, Nu delloo leen, di leen toqamtikuloo mbugal muy lakke.

23. Yàlla nag Dana dugal ña gëm te jëf jëf ju yiw ay Àjjana yoo xam ne ay dexay daw ci suufam. Dees na leen fa takkal ay lami wurus ak i per ; te foofa yérey sooy lañu fay sol.

24. Te jubaleef na leen ca wax ju teey te jubaleef na leen it ca yoon wu ñu gërëm.

25. Ña weddi tey wëlbatiku jëm ci yoonu Yàlla ak ca Jàkka ju ñu wormaal ja Nu def muy jëmukaay ci nit ñi : te aji-dëkk ak gan ñoo ca yem kepp... Ku fa bëgg a jeng ngir tooñ, Dananu ko musal mbugal mu tar,

26. Fàttalikul ba Nu biralee Ibraahiima bérabu néeg ba [Kaaba ga], ne ko : "Bul ma bokkaaleek dara te nga laabal sama néeg ngir ñi koy wër, ña fay taxaw, di sukk di sujjóot".

27. Te nanga woote ci nit ñi ngir aji Màkka. Danañu la dikkal ñuy dox ak ñeneen ñuy war xeetu waruwaay wu ne, jóge ca barab yu soree,

28. ngir ñu tase fa ak seeni njariñ tey tudd turu Yàlla ci ay bis yu ñu xam, ca la Mu leen wërsëgale ci mala yi ngeen di dunde, "Kon lekkleen ca te nangeen ca leel ñu ñàkk ña amul dara.

29. Bu ñu noppee, nañu dindi seeni tilim, sangu, wattu, mottali seeni yéene, daldi wër néeg bu yàgg a yàgg ba (Kaaba ga)".

30. Looloo wér, te képp ku màggal jaamukaayu Yàlla ba, loolumoo gën ci moom fa Boroomam. Te mu dagan ci yéen juri kër yi ginnaaw ya mu leen limal (ca saaru Ndën la). Kon nangeen wattandiku sobes xërëm yi te wattandiku waxi caaxaan, ay fen.(S)

31. Nangeen doon ñuy sellal ngir Yàlla (ñu àndul ak bokkaale) ; ku bokkaale ak Yàlla, dangay mel ni ku rëcc jóge asamaan, njanaaw fëkk ko walla ngelaw sànni ko barab bu sore.

32. Noonu la. Képp ku màggal jaamukaayu Yàlla, na xam ne màggal googu bokk na ca ragalug Yàlla ci xol yi.

33. Ñeel na leen ci loolu ay njariñ ba àpp bu ñu tudd ; te it seen barab ba ñuy loje ma nga ca Néeg bu yàgg a yàgg ba.

34. Te xeet wu nekk, defal Nanu ko jaamukaay ngir ñuy tudd turu Yàlla ci li Mu leen wërsëgal ci juri kër yi. Kon seen Boroom jenn Yàlla doŋŋ la. Kon nangeen wommatu jëm ci Moom. Bégalal way-toroxlu ña,

35. ña nga xam ne fu ñu tudde Yàlla seeni xol yëngu, ak way-muñ ña ca la leen dal, ak ñay taxawal julli tey lele ca la Nu leen wërsëgale.

36. Te giléem yu suur ya, defal Nanu leen ñu bokk ca ya ñuy jaamoo Yàlla. Aw yiw doŋŋ la ñeel leen. Nangeen ci tudd turu Yàlla bu ñu leen di loj. Bu ñu daanoo tëdd ci seeni wet, nangeen ca lekk te ngeen leel ca

way-doylu ña ak yalwaankat ya. Noonu la Nu leen tegtale ndax yéen ngeen gërëm.

**37.** Te Yàlla amul soxla ci yàpp wi walla dereet ji. Waaye la Ko soxal moo di ragal Yàlla gi nekk ci yéen. Noonu la Nu leen leen tàggate ngir ngeen màggal Yàlla ci li Mu leen gindi. Te nga bégal way-rafetal ña.**(n)**

38. Te Yàlla dana jiñal lu bon ña gëm. Te Yàlla soppul bépp wurujaakoon ju di weddikat.

39. Ña ñu dal ca seen kaw, may Nanu leen ñu xare ngir dañu leen a tooñ ; te Yàlla am na kàttan ci dimbali leen -

40. may Na ko it ña ñu génnee ci seeni kër, - ci lu dul dëgg, te defuñu lu dul wax rekk ne : "Yàllaa di sunu Boroom". - Bu dul kon ak li Yàlla di fege ñenn nit ci ñeneen, kon deef na màbb jaamukaayi yahuud yi, ak yu nasraan yi ak jàkka yi di fu ñuy tudde Yàlla lu bari. Te fàwwu Yàlla dana dimbali ña koy dimbali. Te Yàlla ku bari doole la, di ku not lépp,

41. ña nga xam ne, bu Nu leen mayee doole ci kaw suuf si, ñu taxawal julli, di joxe asaka, di digle lu baax, di tere lu bon. Nañu xam ne Yàllaa moom mujjug mbiryi.

42. Te bu ñu la weddee, nitu Nooh weddi woon nañu, ak waa Haad ak waa Samuuda,

43. ak nitu Ibraahiima ak nitu Lóot.

44. ak waa Madyaana. Te wedd woon nañu it Muusaa ; Teewul mu muñal yéefar yi, topp Ma sadd leen. Kaawtéef Sama mbugal ma !

45. Ak mbiru dëkk ya Nu alag, te fekk dañoo tooñ. Ñu màbbal seen bopp : Teen ya yàqu ! Tabax ya gent !

46. Moo ndax dañoo doxul ci kaw suuf ? Kon danañu am xol bu am ràññee ci loolu ak nopp yu ca am dégg gu wér.Te sax du gët yi ñoo di gumba, waaye xol yi nekk ci seeni dënn ñooy gumba.

47. Ña nga lay yàkkamti ci mbugal mi. Te Yàlla du soppi àppam. Te benn bis ca sa Boroom mi ngi mel ni junni at ci seen waññi.

48. Aka bari dëkk yu Mu muñal te ñu tooñoon ? Ba noppi Mu fàdd leen. Te ci Man la lépp di mujj.

49. Neel : "Éy yéen nit ñi ! Man nekkuma ci yéen lu dul ab waaraatekat bu wér".(s)

Draft

50. Kon ña gëm tey jëf jëf ju yiw am nañu njéggal ak xéewal gu tedd,

51. ña nga xam ne ñi ngi dox di yoqatloo nit ñi ci Sunuy ndigal, ñooña ñooy waa Safara.

52. Mësunoo yónni ci lu jiitu ab Yonent walla ku Nu soloo te bu mébétee dara Séytaane du sànni pexe mu bon ci mébétam. Waaye Yàlla dana masaxal la Séytaane sànni woon, ba noppi dëggal ay ndigalam. Te Yàlla Ku xam la Ku xereñ la.

53. Lu Séytaane sànni Dafa koo def muy nattu ca ña jàngoro nekk ca seen xol ak ña seeni xol wow... Ca tooñkat ya ñu nekk ci wuute gu sore [dëgg].

54. Te Moo dogal loolu lépp ngir ña nga xam ne joxeef na leen xam-xam, ràññee ne Alxuraan ak moom dëgg la gu bawoo fa sa Boroom, ak ngir ñu gëm ko ci seeni xol, dellu ci Moom. Te ñu xam ne Yàlla dana gindi ñi gëm teg leen ca yoon wu jub xocc wa.

55. Te ña weddi duñu deñ ci sikki-sàkka ci moom Alxuraan ba baa Bis-pénc di leen dikkal ci mbetteel walla mbugalum bis bu tiis ba dikkal leen.

56. Bis niki tey nguur gi Yàllaa lo moom. Dana àtte seen diggante. Kon ña gëm tey jëf jëf ju yiw, danañu nekk ci Àjjanay xéewal,

57. waaye ña weddi te jàppe ay fen Sunuy kàddu, ñooña ñeel na leen mbugal muy toroxale !

58. Ña gàdday ngir liggéey ci yoonu Yàlla, topp ñu rey leen mbaa ñu dee, fàwwu Yàlla dana leen wërsëgal wërsëg wu rafet, te nag Yàlla moo di Ki gën a mën a wërsëgal ci képp kuy wërsëgal.

59. fàwwu dana leen tàbbal barab boo xam ne danañu ca bég, te Yàlla ku xam la, Ku lewet la.

60. Noonu la. Ku mbugale lu toll ni la ñu ko tooñ, topp ñu tooñaat ko, Yàlla dana ko dimbali, Yàlla Jéggalaakoon, Baalewaakoon la.(r)

61. Noonu la ngir Yàlla mooy dugal guddi ci bëccëg, di duggal bëccëg ci guddi, te nag Yàlla Kuy dégg la, Kuy gis la.

62. Noonu la ngir Moom mooy dëgg ga, te lépp lu ngeen di jaamu te du Yàlla, neen la ; te Yàlla moom Ku kawe la, Ku màgg la.

63. Ndax dangaa gisul ne Yàlla mooy wàcce ndox mu jóge asamaan, soppi suuf si mu naat ? Yàlla Kuy ñeewant la (jaam ñi), Ku deñ-kumpa la.

64. Moo moom li nekk ci asamaan yi ak suuf si. Te Yàlla moom ku woomal la, Ku yeyoo cant la !

65. Ndax gisoo ne Yàlla tàggatal na leen li nekk ci suuf si, te gaal gay daw ci ndigalam la ? Te Moo tee asamaan daanu ci kaw suuf si ci ndigalam. Te Yàlla kuy ñeewant la, di Kuy jagle nit ñi yërmaandeem.

66. Te Moom mooy ki leen dundal te Dana leen rey, ba noppi Mu dundalaat leen. Waaye nit weddiwaakoon la.

67. Xeet wu nekk defal Nanu ko jaamukaay wu ñu koy jaamoo. Kon buñu xëccook yaw ci mbir yi ! Te nanga woote jëme ci sa Boroom. Yaw de yaa ngi ci njub gu ne xocc.

68. Bu ñu dàggasanteek yaw, neel : "Yàlla moo gën a xam li ngeen di def.

69. Yàlla dana àtte seen diggante bu Bis-pénc baa ca la ngeen doon juuyoo".

70. Ndax dangaa xamul ne Yàlla xam na li nekk ci asamaan yi ak suuf si ? Te loolu nekk na ci ab Téere, te it loolu lu yomb Yàlla la.

71. Te ña ngay jaamu, bàyyi Yàlla, loo xam ne wenn lay wàccu ca te amuñu ci benn xam- xam. Tooñkat ya duñu am dimbal de.

72. Bu ñu jàngee ci seen kanam Sunu kàddu yu leer yi, danga ràññee ca kanamu ña weddi weddi ga. Te tuuti kon ñu songu ña jàng Sunuy kàddu ci seen kanam. Neel : "Ndax ma xamal leen lu yées loolu ci yéen ? - Mooy Safara : Yàlla dig na ko ña weddi. Ndax daluwaay bu bon !"(s)

73. Éy yéen nit ñi ! Ñi ngi leen di sadd léebu, dégluleen ko : "Ñi ngeen di jaamu bàyyi Yàlla duñu mën bind mukk aw weñ, doonte dañoo dajaloo ngir def ko. Te bu leen wenn weñ jëlaloon dara, duñu ko mën a nangu ci moom. Néew na doole ka jaamu ak ka ñu jaamu !"

74. Màggal-leen Yàlla ni ko màggaayam yeyoo ; Te Yàlla ca dëgg-dëgg Dafa bari kàttan tey Notaakoon ba.

75. Yàlla moo tànn ay Yonent ci Malaaka yi ak nit ñi. Yàlla nag dana dégg, dana gis.

76. Xam na li nekk ci seen kanam ak la weesu nekk ca seen ginnaaw. Te ca Yàlla la mbir yépp di dellusi.

77. Éy yéen ñi gëm ! Deeleen sëgg di sujjóot, di jaamu seen Boroom, tey def lu baax. Ndax xéy-na yéen ngeen texe !

Draft

78. Te jiyaarleen ci Yàlla jiyaar ju dëggu jëm ci Moom. Moo leen tànn ; te teg leen tiis ci diine ji, diiney seen baay Ibraahiima, moo leen tudde “way-wommatu ña” bu njëkk ba ak it ngir Yonent bi nekk seede ci yéen, te yéen ngeen nekk seede ci nit ñi. Kon taxawal-leen julli tey joxe asaka, te ngeen jafandu ci Yàlla. Moom Aji-dimbali leen la. Te Mooy gën jaa baaxi wéeruwaay ! Di gën jaa baaxi kuy dimbalee !

Draft

# Saar 23 : Way-gëm ña

## 118 Laaya - Laata Gàdday ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

**1**. Way-gëm ña dey texe nañu,**(h)**

2. gaa ña nga xam ne dañuy toroxlu ci seen biirug julli,

3. te ñooy gaa ña nga xam ne dañoo dëddu am po,

4. tey génne asaka,

5. te mooy gaa ña nga xam ne dañuy sàmm seeni pëy,

6. lu dul ci seeni soxna ak ci seeni jébéer , ñoom dey kenn yejju leen ;

7. ku sàkku leneen ginnaaw loolu nag, ñoom la ñuy tudde way-jalgati ña ;

8. ña nga xam ne nag dañuy sàmm la ñu leen dénk ak seeni kàddu,

9. tey wattu seeni julli [di ko sàmm].

10. Ñoom dey ñooy donnkat ya,

11. ña nga xam ne danañu donn Àjjana Firdawsi, te dañu cay béel.

12. Nun bind Nanu nit [sàkk ko]mu bawoo ci cosaanul ban [suuf],

13. ginnaaw ba Nu def ko mu di maniyu ma mu di aw lumbu.

14. Ginnaaw ba Nu def lumbu ma di aw suux ; ginnaaw ba Nu def suux wa mu di ay yax, daldi sànge yax ya aw yàpp. Daldi koy def jëmm,Yàllaa mën a sakkanal. Moom miy gën gi Bindkat !

15. Bu loolu jàllee, dangeen di dee.

16. Ba noppi Bis-pénc ba Mu dekkal leen.

17. Sàkk Naa juroóm-ñaari asamaan yu leen tiim. Te na leen wóor ne sàgganewuma leen ci li Ma leen sàkk.

18. Te wàcce Nanu ndox mu bawoo ca asmaan. Topp Nu sowal ko ci biir suuf, kon Nun am Nanu kàttanug sànk ko de.

19. Te ci ndox moomu Lanu leen sosale ay tooli dër yu tàndarma ak reseñ, yu ngeen di am ci biiram ay fuytéef yu bari ngeen di ca lekk,

20. ak garab gay génne ci tuuri Siinaa, mu am diw gu ngeen di tabasoote di ko rënde li ngeen di lekk [garabug oliw].

21. Te xanaa war ngeen a am xalaatu fàttaliku ca jur ga leen Yàlla xéewale : Dananu leen nàndale ci li nekk ci biiram [meew], am ngeen ca itam ay njariñ yu bari ; te it ca ngeen di lekk.

22. Ngeen di ca war, di ca lonk la ngeen di war.

23. Yónni woon Nanu Nooh ca aw nitam. Mu ne leen : «Éy yéen samaw nit, jaamuleen Yàlla. Amuleen jeneen yàlla ju dul Moom. Moo ndax dangeen dul ragal Yàlla ?"

24. Gaa ña weddi woon ca aw nitam di wax naan : "Kii daal nit la ni yéen, dafa bëgg toog ci seen kaw doŋŋ. Te sax bu neexoon Yàlla mu wàcce ay Malaaka. Mësunoo dégg lii ca sunu maam ya jiitu woon.(S)

25. Kii daal as waay la su jinne sadd, muñal-leen ko tuuti.

26. [Nooh]ne : "Yaw sama Boroom ! Dimbali ma ci weddi gi ñu ma weddi".

27. Nu daldi ko soloo [digal ko] ne ko : "Defaral gaal ci Sunug càmm ak Sunu ndigal. Te saa su Sunu ndigal agsee ba lakkukaayu mburu ba sãs, nanga dugal te bàyyi sag njaboot ak yóllent ci wépp xeet ba mu des ña nga xam ne wax ja jiitu woon na ca ñoom cig weddi ; te bul wàqanteek Man ci mbirum tooñkat ya, ndax ñoom dañuy lab.

28. Saa soo duggee ca gaal ga yaak ña nga àndal ba noppi, nanga wax ne : "Cant ñeel na Yàlla Moom mi nu musal ci ay nit yu di ay tooñkat."

29. Te nanga wax ne : "Sama Boroom, nanga ma wàcce ngën gi wàccuwaay bu barkeel, Yaw yaa di gën ji wattu".

30. Ay kéemaannekk na ci biir loolu. Doontele sax dañuy nattu (ñi gëm).

31. Topp, ginnaaw ba, Nu sos ay maas ci ñeneen,

32. Nu yónni ci ñoom ab Yonent bu bokk ci ñoom [ngir mu wax leen] : "Jaamuleen Yàlla. Amuleen jeneen yàlla ju dul Moom. Moo ndax dangeen dul ragal Yàlla ?"

33. Ña jiite yéefar ya cig nitam tey weddi ne danañu dajeek seen Boroom Bis-pénc ba, daldi wax ne : "Kii daal nit la ni yéen, ci li ngeen di lekk lay lekk, di naan ci li ngeen di naan.

Draft

34. Te bu ngeen toppee ci moom (nitug njorondaay)ni yéen, dangeen yàqule.

35. Moo ndax daleen a dig ne bu ngeen faatoo ba doon suuf ak i yax, dangeen génnaat dekki ?

36. Mukk, mukk li ñu leen dig !

37. Lii daal du lenn lu dul sunug dundug àddina sii : danuy dundu, dee ; waaye dunu dekki.

38. Kii daal as waay la suy duural Yàlla ay fen ; te nun sax gëmunu ko".

39. Mu ne : "Yaw sama Boroom ! May ma ndimbal ci weddi gi ñu may weddi".(r)

40. Mu wax ne [Moom Yàlla] : "Li feek ndiir su néew, danañu rëccu".

41. Ag xaacu dikkal leen ci dëgg ; ñu ne lànjaŋ. Tooñkat ya tuskare nañu !

42. Ba noppi, Nu sos ca seen ginnaaw yeneeni maas.

43. Amul wenn xeet wuy jiitu walla mu mujj ab digam.

44. Topp, ginnaaw ba Nu yónni sunuy Yonent ñuy toppante. Xeet bu ca ab Yonentam dikkal, ñu weddi ko. Toftale Nanu leen kenn kenn, def Nanu leen ñu di ay waxtaan. Toskare ñeel na aw nit ñu gëmul !

45. Topp, ginnaaw ba yónni Nanu Muusaa ak mbokkam ma Aaruuna jox leen Sunuy laaya ak kàttan gu bir,

46. jëmale ko ca Firawna ak gàngooram ña doon rëy-rëylu te doon aw nit ñuy kawe-kawelu.

47. Ñuy wax naan : "Ndax dananu gëm ñaari nit ñu mel ni nun, ñoo xam ne seenu xeet sunuy jaam lañu.

48. Ñu daldi leen weddi, daldi alku.

49. Jox Nanu Muusaa Téere ba ngir mu waar leen ca ba ba ñuy gindiku.

50. Te Noo def doomi Maryaama [Iisaa] ak yaayam di kéemaan ; te Nu dugal leen ci aw tundu, mu maasee ànd ak bëti-ndox [naan].

51. Éy yéen Yonent yi ! lekk-leen ci yi teey yi tey jëf u yiw. Man dey kuy xam laa li ngeen di def.

52. Te diine jii mooy seen diine, di jenn diine, te maa di seen Boroom. Ragal-leen Ma".

53. Séddale nañu seeni mbir ci ay kurél, xaaj bu ne doyloo na la fa moom.

54. Bàyyileen ci seen ngëlëmte loolu ab diir.

55. Ndax dañoo jàpp ne li ñu leen may ci alal ak i doom,

56. Danu leen di gaawe [fey leen baaxug la ñu nekk] ? Ñoom yëguñu li xew de.

57. Ña sóobu dëgg dëgg ci ragal seen Boroom,

58. ña nga xam ne dañoo gëm seen kàdduy Boroom,(s)

59. ña nga xam ne duñu bokkale seen Boroom ak dara,

60. ña joxe ca la ñu leen xéewale, te seeni xol di nux-nuxi ci [di xalaat] ne danañu delluwaat ca seen Boroom.

61. Ñooña ñooy jëkkante ci jëfu yiw te jëkk nañu ca.

62. Dunu teg benn bakkan lu dul la mu àttan. Te ab Téeree ngi fi buy àtte ci dëgg, te kenn du leen ca noonu [ci wañãi yiw walla yokk safaan].

63. Waaye seeni xol réere na lii [di Alxuraan]. Te am nañu ay jëf yu yées yooyu te ña nga koy jëf,

64. ba ba ñuy mbugal seen njiit ya ñu seet seet di yuuxu walla.

65. “Buleen wooteg wallu tey. Kenn duleen dimbali ci Nun.

66. Samay kàddu wàccoon na ci yéen ; ngeen daan ko dummóoyu,

67. ngeen daan ca rëy-rëylu, di ko waxtaane”.

68. Ndax dañoo settantalul wax ji [di Alxuraan] ? Walla daleen a digalul lu ñu digalul woon seen maam ya leen jiitu woon ?

69. Walla dañoo xamul seenub Yonent, ba tax ñu umpale ko ?

70. Walla dañu naan : “Jinnee ko sadd ?” [Du loolu lépp], li am mooy moom dëgg rekk la indi. Te li ëpp ci ñoom dañoo sib dëgg.

71. Te bu Yàlla toppoon seen bànneex, kon asamaan ak suuf si yàqu. Indil Nanu leen ag waare, waaye dañoo dummóoyu waare googu.

72. Ndax danga leen di laaj ab génnuwaay ? Sa génnuwaayu Boroom moo gën. Te moom [Yàlla] moo Gën ji kuy wërsëgal.

73. Te yaa ngi leen di woo jëme leen ca yoon wu jub wa xocc.

Draft

74. Ña xamul àllaaxira nag ñoom xamuñu yoon wa.

**75**. Bu Nu leen yërëmoon ba wàññi seeni tiis, ñu dellooti nuur ca seen bew ga.**(n)**

76. Dananu leen mbugal ndax toroxlu wuñu ngir seen Boroom ; jaamuwuñu Ko,

77. ba ba kerook Nuy ubbi ci ñoom buntub mbugal mu tar, ñu ne ca xiim.

78. Moom moo leen sàkkal ag dégg, ak ug gis, ak i xel. Néewaana ngeen gërëm.

79. Moom moo leen bàyyi ci kaw suuf si, te dees na leen pang jëme ci Moom.

80. Moom mooy dundal, mooy rey ; Moom mooy jàllasante guddeek bëccëg. Ndax dangeen dul xel-lu ?

81. Ñoom kay faf dañoo wax rekk la ñu jëkk ña waxoon.

82. Nee nañu : “Ndax bu nu faatoo ba nekk suuf ak i yax, ndax dananu dekkiwaat ?

83. Lii dey digoon nañu ko sunuy maam ak nun ; lii daal ay léeb rekk la”.

84. Neel : “Ana kan moo moom suuf si ak li ci biiram ? Ndeem xam ngeen”.

85. Kon danañu wax ne : “Yàllaa ko moom”. Neel : “Moo ndax dangeen dul fàttaliku ?”

86. Neel : “Ana kan mooy Boroom asamaani juróom-ñaar tey Boroom Gàngunaay [Aras] gu màgg ga ?”

87. Danañu wax ne : “Yàllaa ko moom”. Neel : “Ndax dangeen dul ragal Yàlla ?”

88. Neel : “Ana kan moo ame ci loxoom nguurug lépp, kiy aare te soxlawul ku ko aar ? Waxleen rekk, ndax xam ngeen ko !”

89. Danañu wax ne : “Yàllaa ko moom”. Neel : “Ana fu ñu leen jibare ?” [ba mënuleen a gëm].

90. Indil Nanu leen dëgg waaye ñoom ay fenkat lañu.

91. Yàlla jàppewul kenn doomam te it amul jeneen Yàlla ju muy àndal ; su loolu amoom, kon yàlla ju nekk dem ak boppam ak la mu sàkk te

kon danañuy ëppantey doole. [Tudd naa sellam ga] ! Rawante naak li ñu koy melal.

92. Mooy ki xam kumpaag li teew ! Kawe na [lool] li ñu koy bokkaaleel !

93. Neel : “Sama Boroom, cëy boo ma wonoon li nga leen dig ;

94. Yaw sama Boroom, bul ma boole mukk ci tooñkat yi.

95. Te it am Nanu kàttanu won la li Nu leen dig.

96. Ña ngay jiñe ñaawtéef ci [jëf yu gën a]rafet. Nun [Yàlla] noo gën a xam la ñuy melal.

97. Neel : “Maa ngi sàkkoo ci sama Boroom mu musal ma ci jax-jaxali Séytaane.

98. te maa ngi sàkku ndimbalul sama Boroom ci ñu di ma teewe ànd ak man”.

99. ... ba ba dee dikkal kenn ci ñoom, mu naan : “Sama Boroom ! Delloo ma àddina,

100. ndax ma mën a jëf yiw ca la ma fa bàyyi”. [Mukk loolu du mës a am], loolu kàddu la rekk gu muy wax. [Barsàq] kiiraay la ñuy nekk ba ba ñuy dekki”.

Draft

101. Bu ñu walee Buftu bi kerook Bisboobu, askan amatul seen diggante te dootuñu lijjanti.

102. Képp ku peeseem diis [ak jëf yu baax]ñoom ñooy ña texe ;

103. képp ku peeseem woyof [ak jëf yu baax], ñooña ñoo di ña sànku ci biir Safara te béel fa.

104. Safara waa ngay làkk seeni kanam, ñu ne fa xuum.

105. “Moo ndax daa weesul jàng samag waareci yéen, ngeen jàppe ko ay fen ?”

106. Ñu wax ne : “Boroom sunu ! Texeedi not nanu te xamadi woon nanu itam.

107. Boroom sunu, génne nu ci ! Bu nu tey-teyloo ba dellu ci, noo tooñ”.

108. Mu ne leen : “Jattleen ci biir te buleen ma tuddati”.

109. Am na ab kurél bu bokkoon ci sama jaam, daan wax naan : “Boroom sunu, gëm nanu ; jéggal nu te yërëm nu, Yaw yaa di gën ji Yërëmaakoon” ;

110. ngeen jàppee woon leen ay reetaan ba faf ñu fàbbi leen fàtteloo leen Samay kàddu, dëkkoon ci di leen reetaan rekk.

111. Bis niki tey feye naa leen ca la ñu doon muñ ; ñoom texe nañu.

112. Mu ne leen : “Yéen sax ñaata at ngeen saxoon ci àddina [dundoon] ?”

113. Ñu tontu ne : “Nun daal, benn walla fan yu néew la nu fa saxoon, xam sax laajal limkat yi.”

114. Mu ne leen : “As ndiir su néew ngeen fa saxoon. Cëy bu ngeen xamoon”.

115. Moo ndax dangeen a jortoon ne caaxaan rekk a taxoon Ma bind leen, ngeen jort it ne dungeen dellusi ci Man [Yàlla] ?”

116. Yàlla buur biy dëgg, kawe na ! Amul jeneen yàlla ju dul Moom, Mooy Boroom gàngunaay [Aras] gu tedd ga !(r)

117. Képp kuy jaamu leneen di ko boole ak Yàlla, [na bir ne] amu ca firnde, te Yàllaa koy lijjanti. Li wér mooy yéefar ya duñu texe.

118. Waxal ne : “Boroom sama, jéggaleel te yërëme. Yaw yaa di gën ji yërëmaakoon yi”.

Draft

# Saar 24 : Leer ga

## 64 Laaya - Ginnaaw Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Lii aw saar la wu Nu wàcce faratаal ko, mu nekk ci biiram ay laaya yu Nu leeral [faramfàcce] ndax xéy-na ngeen fàttaliku".

2. Njaalookat bu jigéen ak njaalookat bu góor, nangeen leen dóor téeméeri yar. Te buleen leen yërëm [ci li diine tege] - ndegam gëm ngeen Yàlla ak Bis-pénc. Te itam mbugalum njaalookat yooyu, na ko mbooloo mu bari teewe ci jullit yi.

3. Njaalokat bu góor du sëy ak ku dul njaalookat bu jigéen walla bokkaalekat. Njaalookat bu jigéen, kenn du sëy ak moom ku dul njaalookat bu góor walla bokkaalekat te loolu araam na ci jullit ñi.

4. Ñay yàq deru jigéen ña, saŋewu [ci jiiñ leen njaaloo] ba noppi ñàkk a indi ñeenti seede, nangeen leen dóor juróom-ñetti fukki yar, te buleen nangooti ñuy seede ba fàwwu. Ñoom ay saay-saay lañu,

5. ba mu des ña rëccu, tuub ginnaaw loolu, tey jëf u yiw, Yàlla Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

6. Ñay tuumaal seeni jabar te amuñu ay seede lu dul seen bopp, na waat ci Yàlla ñeenti yoon ne ku dëggu la,

7. juróomeel ba mu waat ne "rëbbum Yàlla [sori yërmaandeem] na dal ci kawam su dee fenkat la".

8. Su jabar ja waate ñeenti yoon ci Yàlla ne waa ja fenkat la, kenn du ko sànni xeer [rajmu],

9. ndaw sa itam na waat ne merum Yàlla na wàcc ci kawam su jëkkëram ja waxee dëgg [pasem rëbboo dootu ko fàttaliku mukk] muy juróomeelu waatam.

10. Cëy dugankoon ak ngënéelul Yàlla ci yéen ak yërmaandeem, waaye nag Yàlla Nanguwaakoonu tuub la bu xeréñ !

11. Ña leen di indil jiixi-jaaxa [naaféq ya], ab kurél lañu ci yéen. Buleen ko jàppe ay, yiw la ci yéen. Kenn ku nekk ci yéen dana jot bàkkaaram. Képp ku ca ëppal dana am mbugal mu màgg.

12. Lu tere woon jullit ñu góor ñeek jigéen di jort ci aw yiw ci seen diggante ? Ana lu tere ca saa sa ñu ne : “Lii kat aw duur la” ?

13. Bu ñu indi woon sax ñeenti seede, waaye bu ñu ko indiwul [ngeen daldi xam fa saa sa] ne ñoom kat ay fenjat lañu.

14. Cëy dogankoon ak ngënéelul Yàlla ci yéen fii ci àddina sii ak fee ci àllaaxira, kon dey seen duur wii mbugal mu rëy dana leen ci dal,

15. ngir yéen a ngi jokk-jolaate xibaar ba ak seeni làmmiñ, di wax ci seeni gémmiñ loo xam ne amuleen ci benn xam-xam ; ngeen jàppe ko lu doyadi te fekk muy lu rëy a rëy fa Yàlla.

16. Ana lan moo tere, ba ngeen ko déggee, ngeen sàbbaal Yàlla te wax ne : “Wii duur wu rëy warut a génne ci seeni làmmiñ” ?

17. Yàllaa ngi leen di ñaax ngeen bañ a dellu mukk ci jëf ju ni mel, ndegam ay way-gëm ngeen.

18. Yàllaa ngi leen di faramfàcceel i laayam de, te Yàlla Ku xam la, Ku xereñ la.

19. Ñi bëgg a tasaarey ñaawtéef ci biir jullit ñi, mbugal mu metti dana leen dal ci àddina ak àllaaxira. Yàlla xam na te yéen xamuleen.

20. Cëy dogankoon ak ngënéelul Yàlla ak yëmaandeem ci yéen, waaye Yàlla Moom ku ñeewant la, di Jaglewaakoon ...

**21**. Éy yéen ñi gëm ! Buleen topp jeegoy Séytaane. Ku topp jéegoy Séytaane, [na xam ne] Séytaane ñaawtéef ak njekkar la am. Dogankoon ak ngënéelul Yàlla ak yërmaandeem, kenn ci yéen du sellal. Waaye nag Moom Yàlla mooy sellal ku Ko soob. Te Yàlla Kuy dégg la, Ku xam la.**(h)**

22. Te ña Yàlla jox wërsëg te ñu bokk ci yéen, buñu cay ñàkk a jox jegeñaale ya ak ndóol ya ak ñay gàddaay ci yoonu Yàlla. Nañuy jéggale tey jéllale. Moo xanaa bëgguleen Yàlla jéggal leen ? Yàlla dey Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la !

23. Ña nga xam ne dañuy tuumaal [njaaloo] jigéeni jullit ñi amul ay caaxaan, ña koy def danañu sori yërmaande ci àddina ak ca àllaaxira ; te it danañu am mbugal mu metti,

24. Bu keroogee [Bis-pénc ba], seen làmmiñ ya, seeni yoxo ak seeni tànk danañu seede ci seen kaw la ñu daan def.

25. Bu Bis boobaa, Yàlla dana leen jox, indil leen seen diine ja di dëgg ; [Bu keroogee] lañuy xam ne Yàllaay dëgg gu fés ga.

26. Jigéen ñu bon ña témboo nañook góor ñu bon ña. Jigéen ñu baax ña témbook góor ñu baax ña. Góor ñu baax ña it ñoom témbook jigéen ñu baax ña. Ñoom set nañu wecc ca la ñuy wax. Am nañu ag njéggal te am nañu pey gu duun.

27. Éy yéen ñi gëm ! Buleen dugg kër gu dul seeni kër ndare bu dangeen a yéglu te nuyyu waa kër ga. Loolu dey moo gën ci yéen ndax xéy-na ngeen fàttaliku.

28. Bu ngeen ca fekkul kenn, buleen ca dugg li feek joxuñuleen ca ndigal. Te bu ñu la nee :

“Dellul [damaa jàpp]”, dellul. Loolu moo gën a sell ci yéen. Yàlla aka xam li ngeen di def.

29. [Waaye] bàkkaar amul ci yéen ngeen dugg ci kër gu ñu dëkkewul te seen tobarte nekk fa. Yàlla xam na li ngeen feeñal ak li ngeen di nëbb.

30. Neel war na ci way-gëm ñi ñuy sajj seenub gis tey sàmm seen pëy. Looloo gën a sell ci yéen. Te nag Yàlla ku deñ la kumpa ci li ngeen di def.

31. Waxal jullit ñu jigéen ñi ne leen : nañuy sajj seenub gis, nañuy sàmm seen pëy, te nañuy bañ a feeñal seenub taar lu dul li ca feeñ, nañuy sàng [muur] seeni yaram ; te buñu feeñalal seenub taar ku dul seen jëkkër, walla seen baay, walla seen baayi jëkkër, walla seen doom, walla seen doomi jëkkër, walla seen càmmiñ, walla seen doomi càmmiñ, walla seen dommi jigéen, walla seen tàpp, walla xaleel yu géwantagul. Te it nañuy bañ a dóor seeni tànk ngir di feeñal li làqu ca seenub taar. Tuub-leen yéen ñépp jëm ci Yàlla yéen ña di way-gëm ndaxtelee ngeen texe.

32. Takk-leen [jabar/jëkkër] ci ña séyul ak ca ña yiw te bokk ci seeni jaam [góor, jigéen]. Su fekkee dañoo ndóol, Yàlla Dana leen woomalal ci ngënéelam. Yàlla ku yaatu la, Ku xam la.

33. Ña amul lu ñu takkee jabar, nañu sàmmu ba baa Yàlla di leen wërsëgal ci ngënéelam. Seen jaam ñii, sàkku ngeen goreel leen, nangeen bindanteek ñoom su ñu dee ñu yiw ; te it nangeen di joxe ca alali Yàlla

ja leen Yàlla jox. Buleen di xiirtal seen jaam yu jigéen ci ñuy jaay seen bopp ngir bëgg doŋŋ ci loolu alali àddina. Ku ko daan def [te tuub ko], Yàlla Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

34. Wàcce Nanu ci yéen ay laaya yu Nu faramfàcce, di ay misaal yu bawoo ca ña leen jiitu woon, di ag waare ci ña ragal Yàlla !

35. Yàllaay leerug asamaan yeek suuf si. Te leeram googu dafa mel ni ab cëgg bu ami làmp ci biiram. Làmp boobu nekkaat ci ab weer, weer boobu mel ni bidiw buy nes-nesi ; ñu di ko taalee ci diwub garabug oliw gu tedd [gu wuuteeg yi ñu miin]. Diwam ga xaw naa mën a leeral te safara laalu ko. Te Yàlla dana saddal nit ñi ay leebu te Yàlla xam na lu ne.(r)

36. Ci biiri kër [jàkka] yoo xam ne Yàlla digle ñu di fa tudd aw Turam, di Ko yékkati ; di Ko ca sàbbaal suba ak ngoon,

37. aw gaay ñoo xam ne njulaakum njaay duleen mës a fàbbi ci tudd Yàlla ak a taxawal julli, ak génne asaka, ngir ñoom kat dañoo ragal Bis ba xol ya di wëlbëtiku ak gët ya.

38. [Ci loolu], Yàlla dana leen feye la gën a rafet ca la ñu jëf. Dana leen dolli ngëneel. Te Yàlla dana wërsëgal ku ko soob ci lu àndul ak ug waññi [lijjanti].

39. Ña weddi, di ay jéefar, ñoom seeni jëf dafa mel ni ñàndóox, bu ko boroomu mar séenee, dakoy jàppe ndox. Saa bu fa agsee, du fa fekk tus ; Yàlla rekk la fay fekk Mu waññal ko ay jëfam ba mu mat sëkk, te moo ne Yàllaa ka gaaw ab lijjanti.

40. [Jëfi yéefar ba-tey dafa mel ni] lëndëmug géej guy duusu : ganax ci kaw ganax, ay niir yu lëndëm tegaloo tiim ko. Ba sax moom bu génnee loxoom, du ko xaw a gis. Te képp ku Yàlla defalul ag leer, du am ag leer.

41. [Xanaa gisuloo ne] ñépp ñu nekk diggante asamaan yeek suuf si, dañuy sàbbaal Yàlla ; picc yi sax dañuy sàppe. Lenn lu nekk xam na naka lay jullee ak na muy sàbbaalee. Yàlla xam na li ñuy def.

42. Yàllaay boroom nguurug asamaan yeek suuf si. Te ca Moom la ñéppiy dellu.

43. Xanaa gisuloo ne Yàllaay wommat niir yi ? Dajale leen mu diw xiin, nga gis ndox di ca génnee bawoo asamaan. Ci tundi yuur lay sottikoo,

Mu di ko dottil ku ko soob. Di ko xañ ku ko soob. Melxatug melaxam xaw naa mën a yàq ab gis.

44. Yàlla mooy jéllasante guddeek bëccëg. Boroom gis-gis yi mën nañu cee xalam.

45. Yàllaa bind mala yépp cim ndox. Am na ci yuy doxee biiram, am na ci yuy doxee ñaari tànk, am na ci yuy doxee ñeenti tànk. Yàllaay bind, sàkk [sos] lu ko soob te Yàlla mën na lu ne.

46. [Wér na céŋŋ ne] wàcce Nanu ay laaya [kàddu] yu leer nàññ. Te Yàlla dana gindi ku ko soob jëme ko ci yoon wu jub xocc wa.

47. Danañuy wax naan : "Gën nanu Yàlla ak Yonent bi, topp nanu it". Mu am kurél bu bokk ñoom wëlbëtiku ginnaaw loolu. Ñoom gëmuñu.

48. Saa su wootees leen jëme ci Yàlla ak ci Yonentam ngir Mu àtte seen diggante, ndekete yoo ab kurél ci ñoom day dummóoyu.

49. Su ñu nekkoon ci dëgg kon danañu dikk [ci Yonent bi] topp ko.

50. Moo ndax dañoo am woppi xol ? Walla dañuy jiixi-jaaxa ? Walla dañuy ragal Yàlla ak ub Yonentam yiir leen ? Deewalaay !... ñoom ay tooñkat lañu.

51. Ñi gëm Yàlla [jullit ñi], saa su ñu déggee woote buy jëme ci Yàlla ak ub Yonentam ngir àtte seen diggante, seeni wax du doon lu dul ne : "Dégg nanu, topp nanu". Ñooña ñooy ña texe.

52. Képp kuy topp Yàlla ak ub Yonentam, ragal Yàlla te di Ko fuglu, ñooña ñooy ña texe.

**53**. Danañuy giñ ci Yàlla fa mu gën a ñàngee, naan boo leen digalee danañu génn [dem xare ji]. Neel : "Buleen giñ. [Wax ji rekk doyul]. Yàlla xam na li ngeen di def".**(n)**

54. Neel : "Toppleen Yàlla te topp ab Yonentam. Bu ñu dummóoyoo [ndigal la] ñoom nag,... yéen itam ak seen mbiri bopp ; su ngen toppee [ndigal la] gindiku". Yonent bi moom jottal rekk a ko ci war.

55. Yàlla dig na ña gëm ci ñoom, tey jëf u yiw ne def na leen kuutaay ci kaw suuf kem ni Mu defe woon kuutaay ca ña leen jiitu woon. Te Dana leen yombalal jëfandikoo diiney [Islaam] ji Mu leen tànnal. Te it Dana leen soppil ginnaaw tiitaange kóolute. Ñu di Ma jaamu te duñu Ma bokkaale lenn. Képp ku weddi ginnaaw loolu, kon ñoom ñooy saay-saay sa.

56. Nangeen di taxawal julli tey génne asaka, te it nangeen topp Yonent bi, ndaxtele yërëmees leen.

57. Buleen foog ne yéefar yi dañoo tiiñ [Yàlla] ci kaw suuf. Seenub daluwaay Safara la. Ndaw muj gu bon.

58. Éy yéen ñi gëm ! Na leen seeni jaam ak seeni xale yi matagul [mukkàllaf] di yëglu ba la ñoo dugg ci yéen ci ñetti waxtu yii : lu jiitu jullig fajar, ak bu ngeen summikoo ci njolloor, ak ginnaaw jullig gee ; loolu ñetti awra la ba ca waxtuy julli ya. Aayul ci yéen ngeen di gëwéelu di nemmeekuwante. Lii nag, Yàllaa leen cay faramfàcceel ay laayaam [kàddu], Yàlla ku xam la, Ku xereñ la.

59. Xale yi itam [nañuy yëglu saa su ñu matee mukkàllaf], nañu yëglu na ko ña leen jiitu daan yëgloo. Nii la leen Yàlla di faramfàccelee ay kàddoom, te Yàlla ku xam la, Ku xereñ la.

60. Aayul ci jigéen ñi toog ba yaakaaratuñoo sëy ñuy summiku te bañ a wut ab taar, [waaye] bu ñu muuroon seeni yaram moo gën ci ñoom. Yàlla kuy dégg la, Ku xam la.

61. Aayul itam ci silmaxa [gumba], aayul itam ci ku lompoñ [làggi], aayul itam ci ku wopp, aayul itam ci yéen ci seen bopp ngeen di lekke ci seeni kër walla seeni këri baay, walla seeni këri mbokk yu jigéen, walla seeni këru baay-tëx, walla seeni këru bàjjen, walla seeni kër nijaay, walla seeni këri yaay-tëx, walla seeni jaam, walla seeni xarit. Aayul ci yéen ngeen di lekkandoon walla ngeen beru. Bu ngeen duggee ci kër, nangeen di nuyyuwante ci nuyyoo bu bawoo ca Yàlla, teey te barkeel . Noonu la leen Yàlla di faramfàccelee laaya ya ndaxtele ngeen xel-lu.

62. Way-gëm ña dëgg-dëgg ñooy ña gëm Yàlla ak ub Yonentam, te mépp mbir mu ñu bokk ak nit ñi, bala ñu caa jëfandiku, laaj ndigal. Ñooñii nga xam ne ñoo lay laaj ndigal ngir seen itte bopp, na nga jox ndigal ña la soob ; te nanga leen jéggalul Yàlla, Yàlla Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

63. Buleen def wooteb Yonent bi ni wooteb jenn waay ci yéen. Yàlla dana xam ñay potoxlu te bokk ci yéen. Ña nga xam ne dañuy moy ndigalam, nañu moytu ab sànje dal leen mbaa mbugal mu metti.(r)

64. Ca dëgg-dëgg, Yàllaa moom li nekk ci asamaan yeek suuf si. Moo gën a xam li ngeen nekk, bu keroogee ba ñu leen di delloo ca Moom, Mu di leen xibaar la ñu defoon. Yàlla kat xam na lépp.

# Saar 25 : Téqale ga (alQuraan)

## 77 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Yàlla barkeel na [màgg na] Moom mi wàcce Téere ba [Alxuraan] ca jaamam ba ngir mu doon luy xupp waa àddina si yépp.

2. Moom mi nga xam ne Moo moom nguurug asamaan yeek suuf si, te jàppewul kenn doomam, te it amul ku Mu bokkal nguur gi, Moo bind lépp te jox na ko dayo ba mu témbool.

3. Te ñoom dañoo jàppe ay yàlla ñenenn ñoo xam ne binduñu tus, faf ñoom sax dañu leen a bind, te it mënuñoo lor seen bopp waxantumalaak njariñ, amuñu dee amuñu dundu waxantumalaak dekki.

4. Yéefar yi wax nañu ne : "[Alxuraan] jii daal aw duur la wu [Muhammad] moo ko sos, te dafa am ñu ko cay jàppale". Li ñu fi indi tooñ ak i fen la.

5. Ñu wax it ne : "Léebi mag ñu jëkk ña rekk la ! Ñu koy saa muy bind suba ak ngoon !"

6. Neel : "Ki ko wàcce moo xam mbooti asamaan yeek suuf si. Di ab Jéggalaakon, di Jaglewaakoon.

7. Ñu wax ne [ñoom yéefar yi] : "Ana lan moo tax Yonent bii di lekk ñam ak a dox ci ja yi [màrse yi] ? Lan moo tax wutéelsu ko Malaaka mu ànd ak moom di xuppaate ?

8. Walla mu am ndàmb ? Mbaa mu am tooli dër di ci lekk ?". Tooñkat ya naan : "Yéen daal toppiwuleen ku dul as waay ju ag njibar jàpp".

9. Gisal ni ñu lay méngaléelee ! Dañuy sànku te amuñu ca wenn yoon.

10. Yàlla ju barkeel ja nga xam ne bu Ko sooboon Mu defal la ci loolu Àjjana joo xam ay dex dañuy daw ci suufam ; Mu defal la it ay jénde.

11. Waaye wedd nañu Bis-pénc ba. Te Nun kat waajalal Nanu, képp ku weddi Bis-pénc ba, aw safara wuy jér-jéri.(s)

12. Saa su leen Safara soosu séenee fu sori, dinañu dégg riiram.

13. Bu ñu leen ca sànnee ci pukus bu xat, lëkke leen [jéng], ñuy wél-wéliy juuxu ci toskare.

14. “Bisu tey jii, buleen yuuxu jenn tuskare doŋŋ, ay tuskare yu bari la”.

15. Neel : “Ndax loolu moo gën ? Walla Àjjanay xéewal ju sax ju ma digee fey gaa ña ragal Yàlla, muy seen kër ?”

16. Am nañu fa lépp lu leen fa soob te dañu fay béel. Yàllaa ko warlu.

17. Bis ba Mu leen di pang, boole leen ak ya ñu doon jaamu bàyyi Yàlla, Di leen wax [moom Yàlla] naan : “Ndax yéen a sànkoon sama jaam ñii, walla ñoom ñoo sànku woon réere yoon wa ?”

18. Ñuy wax di tontu naan : “Tudd nanu sa sell gi. ! Yellut ci nun nuy wut kilifa bàyyi la, waaye Yaa leen tuuroon xéewal ñook seeni baay ba tax ñu fàtte [Alxuraan]. Far sànku”.

19. “Weddi woon nañu leen ca li ngeen di wax. Amuñu ab rawtukaay. Te képp ku tooñati ci yéen, Dananu ko mosal mbugal mu réy”.

20. Musunoo yebal ay Yonent ca la la jiitu lu dul dañu daan lekk ñam te di dox ci ja yi [màrse yi]. Def Nanu it ñenn ci yéen di sànjeb ña ca des, mbaa dangeen muñ ? - Sa Boroom de kuy gis la.

**21**. Ña yaakaarul a dajeek Nun ñangay wax naan : “Céy bées wàcce woon ci nun ay Malaaka, mbaa nu gis sunu Boroom [Yàlla] !”. Dañu doon rëy-rëylu [kaweel seen bopp], réer réer gu jéggi dayo.**(h)**

22. Bis ba ñuy mën a gis malaaka ya du neex ci ñoom de, ndax Malaaka yaa nga naan leen : “Seeni mbir sakk na” !

23. Nu fab jépp jëf ju ñu mësoon a jëf, def ko pënd bu ñu wasaare.

24. [Bu keroogee Bis-pénc ba], waa Àjjana ñooy gën delluwaay te ñooy dàq ub nooflaay.

25. [Bu Bis baa] ba niiri asamaan si di xottiku, ñuy wàcce Malaaka yi,

26. bu keroogee [buntub] nguur dëgg, Yërëmaakoon baa koy ame, mu doon nag Bis bu jafe ci yéefar yi.

27. Bis ba tooñkat yi di màtt seeni yoxo, te naan : “Aka neexoon ma ànd ak Yonent aw yoon !...

28. Ngalla man ! Aka neexoon jàppewuma diw sàngam ab xarit !...

Draft

29. Moo ma féewaleek [Alxuraan] ginnaaw ba mu ma ñëwalee". Séytaane moo di yàqalekat bu bon (bu yées ba).

30. Yonent bi daldi wax ne : "Yaw sama Boroom, nit ñi dey dëddu nañu Alxuraan jii !"

31. Noonu la Nu defe woon Yonent bu nekk am ab noon ca tooñkat ya. Waaye nag, Sa Boroom Moom doy na sëkk kuy gindee, doy sëkk it ndimbal.

32. Yéefar yaa ngay wax naan : "Lu tax wàccendoo wuñu Alxuraan jii wenn yoon mu ne ñumm ?" [Waaye Nun nii la Nu koy wàccee] ngir dëgëral sa xol. Te it toftale Nanu ko bu jekk.

33. Amul léebu wu ñu lay mën a indil te indilunu la dëgg, te gën koo jub.

34. Ña nga xam ne dees na leen pang, di leen diri ci seen xar-kanam ya, jëme leen Safara, ñoom ñooy gën a yées wàccuwaay, gën a réere yoon wu jub wa.

35. Jox Nanu Muusaa Téere ba, defal ko Aaruuna mbokkam mu di ko jàppale.(s)

36. Nu wax leen ne : "Demleen yéen ñaar ca nit ña weddi woon Sunuy kàddu". Nu alag leen.

37. Te nitu Nooh ya, ba ñu weddee Yonent ya, labal Nanu leen, def Nanu leen it kéemaan ci nit ñi. Te waajalal Nanu tooñkat ya mbugal mu metti.

38. Ak nitu Aad, ak nitu Samooda ak waa Rasi, ak maas yu bari yu nekkoon seeni diggante !

39. Ku nekk ci ñoom, sadd Nanu koy léebu, alag Nanu leen ñoom ñépp.

40. Romb nañu dëkk ba mbugal ma wàcce woon. Moo ndax gisuñu ko woon ? Ñoom kay dañoo foogoon ne duñu dekki !

41. Bu ñu la gisee dañu lay téjji naan : "Ndax kii la Yàlla yónni ?

42. Bu nu muñul woon, danañu xaw a féewaleek sunu yàlla jii !". Waaye danañu xam [Bis bu ñu gisee mbugal ma], ana kan moo réere yoon wu jub wa.

43. Ndax gisuloo ka jàppe bakkanam mu di yàllaam ? Moo ndax dangay doon wéeruwaayam ?

44. Walla dangaa jàpp ne li ëpp ci ñoom dañuy dégg di xam ? Ñoom kay ñook mala yi ñoo yem. Walla sax ñoo gën a sànku.

45. Xanaa gisoo ni sa Boroom tàllale ker [takkander] ? Bu ko sooboon, Mu def ko mu di lu sax. Ba noppi def Nanu jant bi muy firnde,(r)

46. te ginnaaw loolu, xëcc Naa ko jëme ci Man muy lu yomb.

47. Mooy Ki leen defal guddi gi mu di ag col ak nelaw yu neex, te Mu def bëccëg muy yëngatukaay.

48. Moom moo yebal ngelaw muy bégal ci yërmaandey Yàlla. Te wàcce Nanu ci asamaan si ndox mu laab,

49. ngir Nu dundalaat ci dëkk bu dee woon, màndal ci ña Nu bind ci mala ak nit ñu bari.

50. Tasaare Nanu ko ci seen diggante ngir ñu fàttalikoo ca. Li ëpp ci nit ñi lànk di ay yéefar.

51. Bu Nu sooboon, dëkk bu nekk Dananu fa yebal ab xuppekat.

52. Bul topp ñiy weddi Alxuraan ; te nanga xeex ak ñoom xeex bu rëy.

53. Mooy Kiy dawloo ñaari géej : bii neex, lewet, ba ca des saf xorom, naqari. Te moo def ci seen diggante aw téq [bu kenn mënul a jaxase].

54. Mooy ki sos nit ci ndox, def ci aw askan ak ug goromle. Sa Boroom di Ku am kàttan [ci def lu nekk].

55. [Yéefar ya], ña ngay jaamu, bàyyi Yàlla, loo xam ne duleen jariñ, duleen lor ! Ku di ab yéefar mooy takkatook noonub Boroomam !

56. Yónniwunu la lu dul ngay xuppe ak a waare.

57. Neel : "Laaju ma leen ci ag pey. Ku mu soob nag, mën naa joxe ci yoonu Yàlla".

58. Te nanga wéeru ci Yàlla Miy Aji-dund te du dee. Te nangay sàbbaal ci sant Ko. Moom

Yàlla ku mat sëkk la ci xam bàkkaari jaamam ñi.

59. Mooy Ki bind asamaan yaak suuf si ak li nekk seen diggante, ci juróom-benni fan, daldi yemoo ca gàngunaay ga [Aras], Moo di ab Yërëmaakoon. Laaj ko ku xam.

Draft

60. Saa su Nu leen waxee : “Sujjóotal-leen [Yàlla] Mi di ab Yërëmaakoon”, ñu tontu ne : “Kuy kooku ?” - Mu faf dolli leen ug foñ.

61. Barkeel na [Moom Yàlla] mi def ci asamaan si ay yoon, def ca ab làmp [jant bi] ak weer wu leer nàññ !(s)

62. Mooy Ki def guddeek bëccëg ñuy jëlasante ngir ku bëgg a xalaat, fàttaliku, mbaa mu bëgg a sant.

63. Ak jaami Yàlla yii dox ci kaw suuf si ndànk, su ñu réer ña di wàqanteek ñoom, ñuy wax jàmm,

64. ñoom ñooy fanaanee julli te Yàlla rekk tax [taxaw ak a sujjóot] ;

65. ñoom ñooy wax naan : “Yàlla, yal na nga nu dëddëleek mbugalum Safara”. - mbugalum Safara soosu lu ne dànk la.

66. Ndaw dëkkuwaay bu soof !

67. Bu ñuy joxe alal, duñu xaabaabal te it duñu nay, dañuy digg-dóomu.

68. Duñu boole di jaamoondoo dara ak Yàlla, te duñu rey bakkan bu Yàlla tere ku ko rey, lu dul ci dëgg ; duñu njaaloo it - képp ku def loolu, dana dajeek mbugal

69. dees na ko fulal mbugal ma bu Bis-pénc baa, te dafay béel cig doyadi ;

70. lu dul ña ca tuub, rëccu te gëm, tey jëf u yiw ; ñooña, Yàlla dana soppi seeni ñaawtéef def ko mu di yiw, Yàlla ab Jéggalaakoon la, ab Jaglewaakoon la ;

71. képp kuy tuub [rëccu lu bon te bañ koo defati], dana dellu ca Yàlla mucc.

72. Ña nga xam ne duñu seede mukk aw fen ; te bu ñu rombee ay caaxaan duñu fa xand ;

73. ña nga xam ne bu ñu déggee seen kàdduy Boroom, duñu ca tëx, duñu ca gumba ;

74. ña nga xam ne dañuy wax naan : “Yaw sunu Boroom, defal nu ci sunuy jabar ak sunuy doom ñuy seral xol, te nga def nu ay njiit ca ña ragal Yàlla tey wattandiku”.

75. Ñoom dees na leen feye ay néeg yu kawe [ca Àjjana], muy peyug la ñu doon muñ, te dees na leen fa teeroo ab nuyyoo ak jàmm [ju ne béyyi],

76. dañu fay béel. Ndaw dëkkuwaay bu neex !

77. Neel : “Seen Boroom duleen faale, xanaa sax bu fekkoon ne yéen a ngi Koy jaamu ; waaye weddi woon ngeen Yonent bi. Seen mbugal, dungeen ko mën a raw, te dafay doo lu sax.

Draft

# Saar 26 : Woykat ya

## 227 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

**1**. Taa, Siin, Miim.**(n)**

2. Lii mooy laayay Téere bu bir ba.

3. Amaana nga am ñàngi-ñàngi xol ci li ñu gëmul !

4. Bu Nu neexoon Nu wàcce ci asamaan kéemaan guy tax ñuy jatti loos.

5. Amul benn woote bu bees bu mësoon a bawoo ca Yàlla lu dul ne dëndu dañu ko.

6. Weddi woon nañu, te danañu mës a joti xibaari la ñu doon téjji.

7. Xanaa dañoo gisul yu bari yi Nu saxal ci kaw suuf, ci xeeti gàncax muy tollént ?

8. Ay kéemaan yu bari nekk ci loolu ! Waaye taxut li ëpp ci ñoom gëm [diy jullit].

9. Te sa Boroom mooy Boroom kàttan ga te di Jaglewaakoonug [yërmaande].

10. [Fàttalikul] ba Yàlla woo na Muusaa, [ne ko] : “Demal [jubbanti ji] tooñkat ya,

11. nitu Firawna” ; moo ndax ñoom duñu ragal Yàlla ?

12. [Muusaa] wax ne : “Yaw Sama Boroom, damaa ragal ñu jàppe ma ab fenkat [weddi ma] ;

13. samab dënn di xat, te kon dootuma mën a wax : Yónnil kon Aaruuna, def ko Yonent.

14. Te itam, am na tuuma ju ñu may jiiñ ; te ragal naa ñu rey ma”.

15. [Yàlla] ne : “Mukk du am ! Demleen yéen ñaar yóbb sunuy kàddu. Maa ngi ànd ak yéen di dégg.

16. Dem ca Firawna ne ko : “Nun ñaari ndawi Boroom àddina si lanu,

17. Yebalal giir Banii-Israayil ñu ànd ak nun”.

18. [Firawna] ne ko : “Moo ndax yarunu la fii ba nga doonee liir ? Ak li nga fi nekk lépp ?

19. Ak jëf ji nga fi jëfoon tey xarabaate”.

20. Muusaa ne ko : “Defoon naa ko, waaye teyuma ko.

21. Ma daldi daw ba ma tiitee : faf Yàlla jox ma xam-xamu [baatin], def ma ma bokk ca Yonent ya.

22. Te loolu xéewal la goo may mën a xéewale, ndax liggéeyloo nga giir Banii-Israayil lu ne ?”

23. [Firawna] ne ko : “Waaw, ana kan mooy Boroom àddina si ?”.

24. [Muusaa ne ko] : “Mooy Boroom asamaan yeek suuf si ak li nekk seen diggante, ndegam wóolu nga !”

25. [Firawna] daldi wax ak ña ko wëroon, ne leen : “Gaa ñi xanaa dégguleen ?”(s)

Draft

26. [Muusaa] ne ko : “... Mooy seen Boroom, di Boroomub seeni baay”.

27. [Firawna] daldi wax ne : “Seen Yonent bii ñu leen yónni ab dof la kat”.

28. [Muusaa] ne ko : “Mooy Boroom penkook sowwu ak li nekk seen diggante, bu ngeen xel-loo !”

29. [Firawna] ne ko : “Soo fi jéemee indi jeneen yàlla ju dul man, danaa la téj kaso de”.

30. [Muusaa] ne ko : “Moo ne indil naa la mbir mu leer de ?

31. [Firawna] ne ko : “Génne ko bu fekkee li ngay wax dëgg la”.

32. [Muusaa] daldi sànni yetam wa, ndekete yoo jaan la juy béllaw-béllawi.

33. [Muusaa] daldi génne loxoom, mu weex tàll ca ña koy xool.

34. [Firawna] wax gàngoor ga ne leen : “Kii dey ab jibar la bu xor.

35. Da leen a bëgg a génne ci seen suuf sii ak jibaram gi. Lu ngeen ma ciy digal ?”

36. Ñu ne ko : “Joxleen ñoom ñaar beneen bis te nga yónni ci gox yi ñuy woo nit ñi, di leen dajale,

37. danañu la indil bépp jibar bu fi xor".

38. Ñu dajale mbooleemi jibarkat ca bis ba ñu waxoon.

39. Mu am ku yéene wax ne : "Ndax nit ñépp yemb nañu,

40. xéy-na bu nu toppee njibarkat yi, ndegam ñoo not ?"

41. Ba jibar ya agsee, dellu wax Firawna ne ko : "Ndax dananu am ag pey bu fekkee ne not nanu [Muusaa] ?"

42. Mu ne leen : "Waawaaw, kon dingeen bokk ci samay jegeñaale !

43. Muusaa ne leen : "Sànnileen li ngeen di sànni".

44. Ñu daldi sànni seen buum ak i yet, daldi wax ne : "Ci doole Firawna la nuy note".

45. Muusaa daldi sànni yetam wa, ndeketeyoo mëdd na ya ñu deferoon.

46. Jibar ya daldi rot sujjóot,

47. daldi wax ne : "Gëm nanu Boroom àddina si yépp,

48. Boroom Muusaa ak Aaruuna".

49. [Firawna] ne leen : "Gëmoon ngeen ko ba ma leen a laataa woo. [Xam naa ne] mooy kàndiŋ mi leen jàngal njibar ! Dangeen xam ne ! Danaa dagg seen yoxook seeni tànk, jalawle ko, danaa leen daaj yéen ñépp".

50. Ñu ne ko : "Boo yaboo ! Nun daal jublu nanu sunu Boroom.(r)

51. Danoo xemmem Yàlla jéggal nu sunuy njuumte, xemmem it doon ñu njëkk a gëm".

52. Nu daldi soloo Muusaa, digal ko mu rañaan ànd ak samay jaam te danañu leen dabsi.

53. Firawna daldi yónnee ci gox yi ñuy yéene dajale nit ñi :

54. "Ñoom dey, ay mbooloo yu néew lañu,

55. te it mere nañu nu,

56. te nun danoo lefoog".

57. Noo leen génne woon ci dër yaak dex yi,

58. Ak ca ndàmb yaak dëkkuwaay yu neex ya.

59. Noona la Nu ko donnalee giir Bani-israayiila.

60. Ba jant ba fénkee la ñu leen dabuji.

61. Ba ñaari mbooloo ya séenantee, waa kër Muusaa daldi ne : "Ñanga nuy dabsi de".

62. [Muusaa] ne : "Mukk, duñu nu dab ndax ànd naak sama Boroom te Dana ma gindi".

63. Nu daldi soloo Muusaa, digal ko : "Dóoral géej geek sa yet wi". Mu daldi xàjjeeku, xaaj bu nekk tollu ni aw tund wu mag.

64. Nu tañcale Firawna mook u nitam.

65. Nu daldi musal Muusaa mook ña mu àndanloon ñépp ;

66. Nu daldi labal ña ca des [Firawna ak i gaayam].

67. Kéemaan a ngi ci biir loolu te taxut woon li ëpp ci ñoom gëm.

68. Te sa Boroom, mooy Boroom kàttan, di Jaglewaakoon ba.

69. Jàngal-leen xibaari Ibraahiima:

70. Ba mu waxee baayam ak u nitam, ne leen : "Lu ngeen di jaamu ?"

71. Ñu ne ko : "Ay xërëm lanuy jaamu, te gëm ko lool".

72. Ibraahiima ne leen : "Ndax danañu leen dégg bu ngeen leen di woo ?

73. walla ñu di leen jariñ mbaa ñu leen di lor ?"

74. Ñu wax ne : "Nun kat, dañoo fekk rekk sunuy baay daan ko def".

75. Ibraahiima ne leen : "Xanaa gisuleen li ngeen di jaamu... ?

76. Yéen ak seen maam ya fi woon ?

77. Ñoom ñépp sama noon lañu ku dul Yàlla Miy Boroom àddina si,

78. Moom mi ma bind te gindi ma ;

79. Mooy ki may leel di ma nàndal ;

80. su ma woppee, Mu faj ma,

81. Moo may rey, di ma dundal,

82. Mooy ki ma xemmem mu jéggal ma samay ñaawtéef bu Bis-pénc baa. (S)

83. Yaw sama Boroom, may ma xam-xam te def ma joti ca gaa ñu baax ña ;

84. defal ma am làmmiñ wu dëggu;

85. def ma ma bokk ca way-donn ya Àjjanay xéewal ya.

86. te Nga jéggal sama baay : moom dafa bokk ca ñu réer ña ;

87. te bul ma gàcceel kerook bisub dekki ba,

88. bis ba alal ak i doom du jariñati,

89. ku dul kay ñëw ca Yàllaak xol bu mucc ayib".

90. Ñu jigeeñal Àjjana ña ragal Yàlla.

91. te gaaraleef na Safara ñeel ña béewoon,

92. Ñu wax leen ne : "Ana fan ngeen nekkoon di fa jaamoo,

93. bàyyi woon Yàlla ? Ndax mën nanoo dimbali seen bopp ? Walla ñu dimbali leen ?"

94. Ñu sànni leen fa, galajaane leen ñook mboxos ma,

95. ak gàngoorug Ibliis ga gépp.

96. Ñuy wax ca biir tey xuloo :

97. "Waat naa ci Yàlla ne ! Noo ngi woon ci réer gu bir,

98. jamono ya nu leen doon yemaleek Boroom àddina si.

99. Te tooñkat ya doŋŋ a nga nu sànk.

100. Amunu ku nu tinu,

101. amuma it xarit bu may miisloo.

102. Céy bu nu delluwaatoon àdduna, kon dananu bokk ca way-gëm ña !"

103. Ay kéemaan a ngi ci biir loolu ; te taxut woon li ëpp ci ñoom gëm.

104. Te sa Borom, mooy Boroom kàttan, di Jaglewaakoon ba.

105. Nitu Nooh ñoom weddi woon nañu Yonent ya,

106. ba leen seen mbokk ma Nooh waxee, ne leen : "Ndax dungeen ragal Yàlla ?

107. Man seenub Yonent laa bu wóor.

108. Ragal-leen Yàlla te topp ma.

109. Te laajuma leen ci génn pey ; samag pey Boroom àddina si moo ko warlu.

110. Ragal-leen Yàlla te topp ma".

**111**. Ñu wax ko ne : "Ndax dananu la gëm te ñi gën a saay-saay a ngi la topp?"**(h)**

112. Mu wax ne : "Ana man lu ma xam ca la ñu daan def.

113. Seenub wañño nga ca Yàlla [Moo koy taxawe]. Céy bu ngeen yëgoon.

114. Man dey du maay dàq ñi gëm.

115. Man doonuma lu dul ab xuppekat bu bir".

116. Ñu ne ko : "Yaw Nooh, soo bàyyiwul li nga nekk, dees na la jóori xeer [ba nga dee] !"

117. Mu ne : "Yaw sama Boroom, samaw nit weddi nañu, jàppe ma fenkat.

118. Àtteel sama digganteek ñoom ba mu ne làññ : te nga musal maak ñi ma àndal te ñu bokk ca ña gëm".

119. Nu daldi koy musal mook ña mu àndaloon ci gaal ga mu duyyoon ba mu fees.

120. Ginnaaw ba, Nu labal ña ca des.

121. Ay kéemaan a nga ci biir loolu. Te taxut woon la ëpp ci ñoom gëm.

122. Te sa Boorm, Mooy boroom kàttan, di Jaglewaakoon.

123. Waa Haad, weddi woon nañu Yonent ya, jàppe leen ay fenkat.

124. Ba leen seen mbokk ma Huud waxee ne : "Ndax dangeen dul ragal Yàlla ?"

125. Man dey, ab Yonent laa bu wóor,

126. Ragal-leen Yàlla te topp ma.

127. Duma leen ca laaj genn pey ; samag pey Boroom àddina see ko warlu.

128. Ndax dangeen di tabax ci kaw wépp tundu ab jàjj ngir caaxaan ?

129. Ngeen di liggéey i njéndi mel ni dangeen fiy béel ?

130. Te saa su ngeen songee mu jéggi dayo.

Draft

131. Ragal-leen Yàlla te topp ma.

132. Ragal-leen Yàlla mi leen kàttanal ba ngeen mën a jëf,

133. Moo leen may alal ak i doom,

134. ak tooli dër ak i dex.

135. Man dey, ragal naa ci yéen mbugalum Bis bu màgg.

136. Ñu tontu wax ne : “Nga di nu waar ak nga ñàkk noo war a yem ci nun képp !

137. Lii daal du lenn lu dul jikkoy mag ñu jëkk ña :

138. Nun daal, kenn dunu mbugal”.

139. Ñu weddi ko. Nu daldi leen mbugal. Te ca biir, ay kéemaan a nga ca ! Te taxul la ëpp ca ñoom gëm.

140. Te sa Boroom, moo di Boroom kàttan, di Jaglewaakoon.

141. Waa Samuuda, weddi woon nañu Yonent ya.

142. Ba leen seen mbokk Saalihu waxee ne : “Moo ndax dungeen ragal Yàlla ?”

143. Man mii dey, ab Yonent laa ci yéen bu wóor.

144. Ragal-leen Yàlla te topp ma [samay ndigal].

145. Te duma leen ca laaj genn pey, samag pey Boroom àddina see ko warlu.

146. Ndax jàpp ngeen ne dañu leen di bàyyi nii rekk ngeen ne fayax ?(s)

147. Ci biir tooli dër yeek dex yi,

148. ak mbey yi, ak tàndarma yii neex lool a reesal ?

149. Ngeen di yett ay kër ci tundu doj yi te njaxlaf lool ?

150. Mu ne ragal-leen Yàlla waay te topp samay ndigal.

151. Te buleen topp mukk nag ndigalul ñiy sànkaate [xaaxaabal],

152. ñiy yàq rekk ci suuf si te duñu defar”.

153. Ñu ne ko : “Yaw daal, ab njibar moo la ŋëb.

154. Yaw daal, doo kenn ku dul nit ni nun. Indil kaawtéef ndegam li ngay wax dëgg la".

155. Saalihu ne leen : "Lii giléem gu jigéen la [naaga] : am na bis bu muy naan, yéen it am ngeen seen bis.

156. Buleen ko def mukk lu bon, [su ngeen ko ko defee], di ngeen yendu bisub mbugal mu tar".

157. Ñu rey ko, daldi koy rëccu !

158. Mbugal ma dal leen. Ci biir loolu ay kéemaan a nga ca. Te taxul li ëpp ci ñoom gëm.

159. Te sa Boroom, moo Boroom kàtta, di Jaglewaakoon bi.

160. Nitu Lóot weddi woon nañu Yonent ya,

161. ba leen seen mbokk ma Lóot waxee ne : "Moo ndax dungeen ragal Yàlla ?

162. Man mii dey, ab Yonent laa ci yéen bu wóor.

163. Ragal-leen Yàlla te topp ma.

164. Laajuma leen ci genn pey ; samag pey, Boroom àddina see ko warlu.

165. Yéen góor ñi, moo ndax dangeen di sàkku bànneexu séy ci góoru àddina sii [Ngóor- jigéen]?

166. Ne fa ñukk seen jabar ya leen Yàlla sàkkal ? Waajii ! Yéen ay jalgatikat ngeen de".

167. Ñu ne ko : "Yaw Lóot, boo bàyyiwul lii ngay wax, dananu la génne".

168. Lóot ne leen : "Seen jëf jii, lenn rekk laa ciy wax.

169. Yaw sama Boroom, yal na nga musal maak saag njaboot ci lii ñuy def".

170. [Nun Yàlla] Nu daldi koy musal mook njabootam gépp,

171. ba mu des menn màggat mu àndoon ca mbokk ga.

172. Topp [Nun Yàlla] Nu faagaagal ña des ;

173. Nu dottil leen [taw] waame doj. A ndaw taw bu bon ca ña mu dal !

174. Ay kéemaan a ngi ci biir loolu. Te taxul ña ëppoon ca ñoom gëm.

175. Sa Boroom, Mooy Boroom kàttan, di Jaglewaakoon ba [yërmaandeem].

176. Waa Aykata weddi woon nañu Yonent ya.

177. Ba leeen seen mbokk ma Suhaybu waxee ne : "Moo ndax dungeen ragal Yàlla".

178. Man mii dey, ab Yonent laa ci yéen bu wóor.

179. Ragal-leen Yàlla te topp ma [samay ndigal],

180. te duma leen ci laaj genn pey ; samag pey [Yàlla] Boroom àddina see ko warlu.

181. Nangeen di matal nattukaay yi, te buleen cay naxaate.(r)

182. bu ngeen dee màndaxe [peese], nay mat sëkk.

183. Buleen di ñormati ca yëfi nit ña [wattu ko] ; buleen di lawal asaru ci suuf si.

184. Nangeen ragal Yàlla mi leen sàkk, mook maas ya leen jiitu woon".

185. Ñu ne ko : "Yaw daal ag njibar moo la ŋëb ;

186. Te doo kenn ku dul nit ni nun ; nun sax foog nanu ne ci fenkat yi nga bokk.

187. Waay-waay li nga ne su dee dëgg, rotalal ci sunu kaw ay dogiiti asamaan si !"

188. Suhaybu ne leen : "Sama Boroom a gën a xam li ngeen di def".

189. Ñu weddi ko. Mbugalum niir wa dal ca seen kaw. Doon mbugalum bis bu màgg.

190. Ay kéemaan a ngi ci biir loolu. Te taxul ña ëppoon ca ñoom gëm.

191. Te sa Boroom, Mooy Boroom kàttan, di Jaglewaakoon ba [yërmaandeem].

192. [Alxuraan jii], ci lu bir, wàcceg Boroom àddina si la,

193. Ruu gu wóor ga [Jibriil] moo ko wàccaale

194. def ko ci sa biir xol [yaw Muhammad] ngir nga bokk ca xuppekat ya,

195. ci làmmeñu araab bu leer nàññ.

196. Te nekkoon na ca biir Téerey Yonent yu njëkk ya.

197. Ndax amuñu woon ay kéemaan yu taxoon boroom xam-xami giir Banii-Israayiila xamoon ko ?

198. Su Nu ko wàcce woon ci ku dul ab araab,

199. mu jàngal leen ko, du tax kon ngeen gëm ko.

200. Noonu it la nu dugalee jiixi-jaaxa ca biir xoli tooñkat yi ba gëmuñu ko ;

201. duñu ko gëm mukk ndare ba ñu gisee mbugal mu metti ma,

202. mu dikke leen ci mbettel te ñoom bëgguñu ko;

203. ñuy wax naan : "Ndax deesu yeexe sunuy mbir ?"

204. Ndax dañoo yàkkamti Sunu mbugal ?

205. Xanaa gisuloo ne bàyyi woon Nanu leen ay ati at ñuy xaab-xaabi,

206. tey jii nag la Nu leen doon dig agsi na,

207. la ñu bànneexu woon jariñatuleen dara.

208. Amul benn dëkk bu Nu mës a alag u nitam te yónneewunu fa woon ay xuppekat,

209. di fàttali rekk, tooñunu kenn.

210. Alxuraan jii, séytaane yi wàccewuñu ko de : (s)

211. Amuñu ko, mënuñu ko.

212. Ñoom mënuñoo dégg ndigali Yàlla.

213. Bul jaamu lenn di ko booleek Yàlla, ku koy def rekk mbugal di dal ci sa kaw.

214. Nangay xupp yaw [Muhammad] nit ñi la gën a jegeñ.

215. Nangay suufeel sa bopp ci jullit ñi la topp [say ndigal].

216. Bu ñu moyee nag, neeleen : "Samaw yoon nekkatul ci li ngeen di def".

217. Nangay wéeru ci Yàlla Miy Boroom kàttan tey Jaglewaakoonu yërmaande,

218. Moom mi lay gis boo taxawee,

219. ak say jëfiin ba nga nekkee ci biir ñay sujjóot [julli].

220. Mooy dégg, di xam.

221. Moo ndax Duma la xibaar ana kan la séytaane ya wàcce ca moom ?

222. Danañuy wàcc ci képp kuy ab duuraakoon bu bariy bàkkaar.

223. Ñooy yàng seen nopp di déglu... Te la ëpp ci ñoom fenkat lañu.

224. Woykat ya nag, nitu mbalgas ya rekk a leen di topp.

225. Xanaa gisoo ne ñoom ci xur wu nekk la ñu fay wëndeelu,

226. Te it dañuy wax lu ñu dul def ?

227. ba mu des woykat ya gëm, te jëf u yiw tey tudd lool Yàlla , ñuy sàkku ndam ci ginnaaw bu ñu leen tooñee. Tooñkat ya xalset nañoo xam naka la ñuy mujje!

Draft

# Saar 27 : Xorondom ya

## 93 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Taa, Siin. Lii ay laayay Alxuraan la tey tere bu bir, leer nàññ,

2. di njub ak mbégte ci way-gëm ñi,

3. ñay taxawal julli tey génne asaka te wóolu ne àllaaxira am na.

4. Ña gëmul àllaaxira, taaralal Nanu leen seeni jëf, ñuy tañax-tañaxi.

5. Ñooñaay am mbugal mu tiis te ca Bis-pénc ba, ñooy ña yàqule.

**6**. Yaw Muhammad, Alxuraan jii Nu lay jox, ma nga bawoo ca Ku xereñ, Ku xàmme.**(n)**

7. (Fàttalikul) ba Muusaa waxee njabootam ne leen : "Séen naa aw safar ; xaarleen ma, danaa leen fa jëlale xibaar, walla ay xal yu ngeen jaaroo ".

8. Ba mu fa eggee, mu am lu ko woo ne ko. - barkel nañu Ki nekk ci safara si ak ñépp ñi ko wër, tudd naa sellug Yàlla miy Boroom àddina si.

9. "Yaw Muusaa, yégal ne Maay Yàlla, Boroom kàttan, di Ku xereñ ki".

10. Te : "Nanga sànni sa yet wi". Ba mu ko gisee muy yëngantu mel ni jaan, mu tiit bëgg a daw. "Éy yaw Muusaa. Bul ragal, Yonent yi duñu ragal ci sama wet.

11. lu dul kuy tooñ te ginnaaw ba mu soppi ñaawtéef ak lu rafet... naka Man Jéggalaakoon laa, Jaglewaakoon laa".

12. Sóobal sa loxo ci sa mbubbu. Dana génn weex tàll - muy benn ci juróom-ñeenti kéemaan yi jëm ca Firawna ak u nitam, ñoom ay saay-saay lañu woon".

13. Ndax ba leen Sunuy laaya dikkalee, leer nàññ, dañoo wax ne : "Lii ag njibar la gu bir !"

14. Weddi nañu ko waaye seeni xol gëm na ko, xanaa kay rëy a leen jàpp. Xoolal nag yàqkat naka la ñuy mujje.

15. Joxoon Nanu Daawuda ak Suleymaan xam-xam ; ñuy wax naan : “Xeeti cant yépp ñeel na Yàlla, Moom mi nu gënal ci kaw nit ñu bari ñi bokkoon ci jaamam ñi gëm”.

16. Suleymaan wuutu na Daawuda, daldi ne : “Éy yéen nit ñi ! Xam naa waxi picc yi ; te am naa lu ne. Loolu mooy ngëneel lu bir.

17. Dajaleef na Suleymaan ak i xaritam, cij jinne yeek nit ñi, ñu def i sàppe. (s)

18. Ba ñu agsee ca xuru xorondom ya, mu am xurondom wu wax ne : «Éy yéen xorondom yi, dugguleen ci seeni biir kër, balaa leen a Suleymaan ak i xaritam di nappaaje te duñu ko sax yëg”.

19. [Suleymaan] muuñ, daldi ree ndax wax jooju, daldi wax ne : “Yaw sama Boroom, Nanga baaxe may sant ci xéewal gii Nga ma dafal maak samay waajur, te may jëf jëf ju baax Joo gërëm te Nga may ma ci Sa yërmaande ma bokk ca Sa jaam ñu yiw ña”.

20. Mu nemmiku njanaaw ya, daldi ne : “Lan moo tax gisuma Muusaa-njuburi ? Walla nekku fi ?

21. Danaa ko mbugal mbugal mu tar ! Walla ma rendi ko ! Walla mu indil ma lay wu wér”.

22. Mu sax fa tuuti, [picc] ma dellusi ne ko : “Xam naa loo xamul te indil naa la xibaar bu wóor bu bawoo réewum Sabaa” :

23. Fekk naa leen ñu am buur bu jigéen, am na lépp, am it gàngunaay gu rëy.

24. Fekk naa ko it mook aw nitam ñuy jaamu jant bi bàyyi Yàlla. Séytaane taaralal leen jëf jooju, wëlbati leen ñu dëddu yoonu Yàlla ba gëmuñu.

25. Moo ndax duñu jaamu Yàlla Miy génne li nëbbu ci asamaan yeek suuf si, te Moo xam li ngeen di nëbb ak li ngeen di feeñal ?

26. [Cëy] Yàlla ! Jeneen yàlla amul ju dul Moom, Mooy boroom gàngunaay [Aras] gu màgg ga.

27. Suleymaan ne ko : “Dananu xool ndax wax nga dëgg walla dangay fen. (r)

28. Jëlal sama bataaxal bii ; boo demee nga sànni leen ko ; te dëppal xool ba xam na ñuy def.

Draft

29. Buur ba [Balxiis] ne leen : “Kilifay dëkk bi ! Man dey, sànni nañu ma bataaxal bu tedd.

30. Mi ngi bawoo ca Suleymaan : “Ci turu Yàlla la Miy Yërëmaakoon, di Jaglewaakoon,

31. Buleen rëy-rëylu ci sama kaw te ñëwleen jébbalusi seen bopp”.

32. Buur ba ne gàngooram : «Ubbileen sama bopp ci mbir mii : masumaa dugg ci menn mbir te joxewuleen ci xalaat”.

33. Ñu ne ko : “Nun am nañu dooleek alal te yaay digle. Seetal loo nuy digal”.

34. Buur ba ne leen : “Buur yi dey, bu ñu duggee cib dëkk, yàqate ko, daldi toroxal ña fa gënoon a tedd. Ñoom noonu la ñuy def.

35. Man, dama leen di yónnee alal [neexal], su ma ko defee nag xool lu ndaw ya di delloosi”.

36. [Ba ndaw ya àggee] ca Suleymaan, mu ne leen : “Yéen daal dangeen may jéem a gere alal ? Maa leen ko gënle fuuf. Mbaa du ! Lii doŋŋ la.

37. Dellul ca ñoom. Neleen danaa leen indil xare bu ñu dul mën a dékku. Te danaa leen fa génne toroxal leen ba ñu ne tott.

38. Suleymaan ne : «Yéen kilifa yi ! Ana kan moo may indil gàngunaayam ba la ñoo agsi di jébbalesi seen bopp ?”

39. Mu am jinne ju ne ko : “Mën naa la koo indil bala ngaa jóge fii nga toog : Mën naa ko te wóor na”.

40. Ka ame woon xam-xamu Téere ba ne ko : “Mën naa la koo indil ba la ngaa xef”. [Ne ko mingi nii] , ba ko Suleymaan gisee ci kanamam, dafa wax ne : “Lii dey ngënéelul sama Boroom bi la. Dama ciy nattu ndax damay sant walla damay xarab... képp kuy sant yaw caak, ku weddi nag, sama Boroom moom di Ku doylu, di Ku tedd”.

41. Suleymaan réerantal leen, toog na di xool ndax dana gindiku am déet.

42. Ba Balxiis agsee, ñu ne ko : “Ndax lii mooy sa toogu ba ?” Mu ne : “Mel na ni moom la de”. - [Suleymaan ne]: “Am nanu xam-xam lu ko jiitu ba tax na nu jébbalusi”.(s)

43. Li mu daan jaamu bàyyi Yàlla moo ko fàbbi woon, ndax dafa bokkoon ci askanu yéefar.

44. Ñu ne ko : “Dugal ci njénde li”. Ba mu ko gisee, mu njort ne am ndox la, daldi wog i yeelam. Suleymaan ne ko : “Njénde li ay weer la ñu ko defare”. - Balxiis daldi ne : “Yaw Boroom bi, tooñaan naa sama bopp : Tey jii nag, jébbalu naa ànd ak Suleymaan dib jullit ngir Yàlla jiy Boroom àddina si”.

45. Yónnee woon Nanu ca Samuuda seen mbokk Saaliwu. Mu ne leen : “Jaamuleen Yàlla”. Ndekete yoo dañoo séddalikoo ñaari kurél di xulloo rekk.

46. Mu ne leen : «Éy samaw nit, lu tax ngeen di gën a yàkkamti lu bon ci lu baax ? Céy bu ngeen jéggalu woon Yàlla ? Kon xéy-na Mu yërëm leen.

47. Ñu ne ko : “Gaafal nanu la yaak ña nga àndal.”. Mu ne leen : “Kon dey cig sànje ngeen di sax ndax li ngeen di gaafal moo nekk fa Yàlla.

48. Mu amoon kurél bu nekkoon ca dëkk ba di juróom-ñeenti nit, daan yàq rekk te daawuñu defar.

49. Ñu wax ne : “Nanu waatoo ci Yàlla rey ko mook njabootam. Bu ñu xëyee ba ñay dese mbir ma laaj nu, nu tontu ne : “Nun kat teewewunu woon seenug rey”.

50. Ñangay fexe am pexe, Nun it Noo ngi fexe am pexe te ñoom yéguñu ko.

51. Xoolal naka seen pexe ya mujje woon : Danu leen a faagaagal ñook seeni xeet wépp.

52. Seen kër yaa ngi noonu gent na ngir la ñu tooñoon. Ay kéemaan a ngi ci loolu ngir aw nit ñuy xam.

53. Te musal Nanu ña gëmoon te ragal Yàlla.

54. [Fàttalikul] Lóot, ba mu waxee aw nitam, ne leen : “Ndax dangeen di def ñaawtéef te ne ca jàkk”.

55. Ndax dangeen di gën a xemmem góor ñi bàyyi jigéen ñi ? Yéen daal aw nit ñu réer ngeen.

**56**. Nitam ña tontuwuñu lu dul ne : “Génneleen njabootug Lóot ci seen dëkk bii ! Ndax ñoom dañuy jéem a laab-laablu.**(h)**

57. Nu daldi koy musal mook njabootam ga ba mu des soxnaam sa àndoon ak defkatu ñaawtéef ya Nu faagaagal.

Draft

58. Dotti Nanu ca seen kaw waamem [doj]. Ndaw taw bu bon ca ña mu dal ca seen kaw!

59. Waxal : “Xeeti cant yépp ñeel na Yàlla te yal na jàmm wàcc ci kaw jaamam ña Mu tànn !” Waaw! Ana lan moo gën : Yàlla walla li ngeen di bokkaale ?

60. Ana kan moo bind [sàkk] asamaan yeek suuf si te Mu wàcceel leen am ndox mu bawoo asamaan, daldi cay saxale ay tool yu taaru yoo xam ne mënuleen ko woon a saxal. Moo ndax dafa am jeneen yàlla juy ànd ak Yàlla ? [Amul], ñoom kay fu ñu toll ña ngay jéem a utal Yàlla ndend.

61. Ana kan moo waajal suuf si ba mu doon dëkkuwaay, mu def ci biir ay dex ak tundi doj te def ci diggante ñaari géej yi ay téq [muy tax ndox mu neex mi ak mu xorome mi duñu jaxasoo], - Moo ndax dafa am jeneen yàlla ju ànd ak Yàlla ? Déedéet amul, waaye li ëpp ci ñoom xamuñu.

62. Ana kan mooy wuyyu boroom tiitaange saa yu Ko woowee, ana kan it mooy dindi njàqare ji, te def leen ngeen wuutu ko ci suuf si, - Moo ndax dafa am jeneen yàlla ju ànd ak Yàlla? [Déedéet amul]. Li ñuy fàttaliku moo néew doŋŋ !

63. Ana kan moo leen di gindi ci lëndëmug jéeri jeek géej gi, tey yebal ngelaw liy bégle ci yërmaandeem [xamle taw buy bëgg sóob]. Moo ndax dafa am jeneen yàlla ju ànd ak Yàlla ? Déedéet [amul de]. Yàlla kawe na li ñu koy bokkaaleel.

64. Ana kan mooy tàmbali sosu ga, topp Mu di ko delloosi, ana kan moo leen di dundal ci la bawoo asamaan ak suuf. Moo ndax dafa am jeneen yàlla ju ànd ak Yàlla ? [Déedéet amul de]. Neeleen : “Indileen seen firnde ndegam wax ngeen dëgg !”

65. Neel : “Ñi nekk ci asamaan yeek suuf si, kenn xamu ci kumpa ku dul Yàlla”. Te it xamuñu kañ la ñuy dekki !

66. Seeni xam-xam soriwul ci mbiri àllaaxira. Ñoom sax dañu cay sikki-sàkka. Te ñoom sax ay gumba lañu ci mbir moomu.

67. Yéefar yaa ngay wax naan : “Ndax [ginnaaw ba ñu faatoo] ba doon suuf nook sunuy baay, dananu génnaat suuf [dekki] ?(S)

68. Lii daal digoon nañu nu ko nook sunuy baay. Lii du dara lu dul léebi mag ñu jëkk ña !”.

69. Neeleen : “Doxleen ci suuf si [wëréelu] te ngeen xool naka la tooñkat ya mujje”.

70. Bul jàq ci ñoom te seeni pexe itam bu mu la xatal.

71. Ñangay wax naan : “Dig bi moom kañ lay doon ndegam wax ngeen dëgg ?”

72. Neel : “Amaana lii ngeen di yàkkamtee ngi ci seen kaw”.

73. Te nag sa Boroom aka bari ngëneel yu Muy jox nit ñi, waaye li ëpp ci ñoom duñu sant.

74. Te it sa Boroom xam na li ngeen rënk ci seeni dënn ak li ngeen di feeñal.

75. Te it amul lenn lu fàddu nekk ci asamaan si walla ci suuf si te dul ne nekk na ci biir ab Téere bu ñu faramfàcce.

76. Alxuraan jii dafay nettali ci giir Bani-Israayiila, li ëpp ci la ñu daan juuyoo ak a wuute,

77. Te Alxuraan jooju njub la ak yërmaande ci képp ku gëm [di ab jullit].

78. Sa Boroom dana àtte seen diggante ci àtteem yi ; Mooy Boroom kàttan ga, di Ku xam.

Draft

79. [Yaw Muhammad], nanga wéeru ci Yàlla, [te xamal it ne] yaa ngi ci dëgg gu bir.

80. Mënoo tax ku xas a dee ba noppi di dekki, mënoo tax it ab tëx dégg woote ba, saa su la wonee ginnaaw dummóoyu.

81. Mënoo gindi gumba yi ci seenug réer. Ñi lay déglu kay ñooy ña gëm Sunuy kàddu te doon ay jullit.

82. Saa su wax ja tàbbee ci seen kaw, Dananu leen génneel benn mala buy wàqanteek ñoom ne : Nit ñi gëmuñu woon Sunuy kàddu, kéemaan.

83. Bu keroogee Bis ba Nuy pang, ci wépp xeet ay mbooloo yu daan jàppe Sunu kàddu yii ay fen [di ko weddi], Nu def leen ñu di ay sàppe.(r)

84. Bu ñu agsee, [Yàlla] ne leen : “Waaw, yéen a daan weddi Samay kàddu te xamuleen ci woon dara ? Walla lan ngeen daan def ?”

85. Su wax ja agsee ci ñoom, seen tooñ ga dana tax duñu àddu.

86. Ndax dañoo gisul ne [Man Yàlla] maa leen defal guddi ngir ñu di ca dal-lu, def bëccëg muy yëngukaay ? Ay kéemaan nekk na ci biir loolu ngir ñi gëm.

87. Bu keroogee Bis ba ñuy wal buftu bi, ñi nekk ci asamaan yeek suuf si ñoom ñépp danañu tiit, ku dul ku soob Yàlla ! – Ñoom ñépp danañu dikk fa Yàlla te tott.

88. Ngay gis tundi doj yi foog ni dafa taxaw benn barab, te fekk na booba ñangay daw niw niir. Loolu mooy liggéeyub Yàlla. Te Mooy Xereñaakoonub mépp mbir, te Ku deñ-kumpa la ci li ngeen di def !

89. Moo ndax du ku indi ag yiw dana ca ame pey gu ko gën, te bu Bis-pénc baa dana mucc ci am tiit.

90. Te it képp ku indig jëf ju ñaaw... dees na nargan seeni kanam ca safara. Te la ñu defoon doŋŋ la ñu leen di feye"

91. "[Man Muhammad] daal, digaleef na ma may jaamu Boroom dëkk bii Mu wormaal, - te Moo moom lu ne - digaleef na ma it ma bokk ca jullit ña, jébbal ko sama bopp,

92. Ak it ma nettali Alxuraan". Képp ku gindiku, mook boppam. Képp ku ko mën a réer..., yaw neel : "Man daal damay xuppe doŋŋ".

93. Waxal ne : "Xeeti cant yépp ñeel na Yàlla ! Dana leen won ay kéemaan, firndeem ngeen di ko xam". Te sa Boroom sàgganewul li ñuy def.

Draft

# Saar 28 : Nettali ya

## 88 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Taa, Siin, Miim. (s)

2. Lii mooy laayay Téere ba Nu biral.

3. Dananu la nettali ci xibaari Muusaa ak Frhawna ci dëgg, muy lu ñeel aw nit ñu gëm.

4. Firawna dadoon kawe-kawelu ci suuf si ; féewale waa réew ma, di jaamuloo ab kurél ci ñoom : ak a réndi seeni doom yu góor, di bàyyi jigéen ña. Moom Firawna yàqkat la woon.

5. Nun Yàlla nammoom Nanoo dooleel ña néewoon doole ca réew ma, Nu bëgg leen a def ay njiit, def itam [ñu mujj fa],

6. may leen kàttan, ak it wonaale Firawna ak Haamaan ak seeni gàngoor la ñu daan moytandiku.

7. Soloo Nanu yaayu Muusaa ne ko : "Nàmpal ko. Te soo tiitee ciy mbiram, sànni ko ci dex gi. Bul ragal, bul jàq : Dananu la ko delloosil mu bokk ca Yonent ya".

8. Waa kër Firawna for ko, ngir mu doon seenub noon, di seenu lëjal ! Firawna, Haamaan ak seen gàngoor juumoon nañu.

9. Jabari Firawna ne ko : "(Xale bii di Muusaa) ! buleen ko rey. Nanu ko wéttalikoo maak yaw walla nu doomoo ko, amaana mu jariñ nu". Lii lépp nag ba muy xew yëguñu ca dara.

10. Xolub ndeyu Muusaa ja jeex na tàkk. Ba mu xaw a feeñal, cëy bu Nu ko dëfëlul woon xolam ak la mu doonoon di ab jullit.

11. Mu wax mbokkam mu jigéen ma ne ko : "Topp ko" ; mu di ko bàyyi xel, topp ko te kenn xamut.

12. Noo ko bañloo woon nàmpalkat ya. Ba mbokkam mu jigéen ma agsee, daldi wax ne : “Ndax duma leen tegtal waa kër goo xam ne danañu leen ko yaral te di ko toppatoo ?”...(n)

13. Nu daldi koy delloo ndeyam ja ngir mu wéttaliku ba bañ a tiit ak it ngir mu xam ne digub Yàlla lu dëggu la. Waaye li ëpp ci ñoom xamuñu.

14. Ba mu matee sëkk te ñor xomm, [Muusaa] jox Nanu ko àtte ya ak xam-xam. Noonu la Nuy feye rafetalkat yi.

15. Mu dugg ca dëkk ba te yëguñu ko ; mu fekk fa ñaari gaay yuy xeex, kenn ka bokkoon ci ay farandoon, ka ca des bokkoon ci ay noonam. Muusaa daldi koy dóor mbëkk mu dee. - Mu daldi wax ne : “Lii dey ci liggéeyub Séytaane la bokk. Ab noon la buy sànke bu bir”.

16. Mu wax ne : “Yaw sama Boroom, man dey tooñ naa sama bopp ; jéggal ma”. Mu daldi koy jéggal. Moom Yàlla, Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la !

17. Mu daldi ne : “Yaw sama Boroom, xéewal gi nga ma xéewale tax na duma dimbali mukk tooñkat yi”.

18. Mu nekk ca dëkk ba tiit lool di moytu, jekki-jekki rekk waa ja ko doon ñaan ndimbal sàkkooti na ca moom ndimbal. Muusaa ne ko : “Yaw daal jalaasa nga, di ku tafaar”.

19. Ba mu bëggee lottal ka doon seen noon ba, mu ne ko : “Waaw yaw Muusaa, ndax danga maa bëgg a rey ni nga reyee woon démb bakkan ? Yaw kay dangaa bëgg a doon ku të ci réew mi ; waaye bëggoo bokk ca ñay yéwénal”.

20. Mu am waa ju bawoo ca aanéeri dëkk ba di dox, dikk ne ko : “Kilifay dëkk yaa ngi takktoo ngir rey la. Génnal (dëkk bi). Man dama lay laabire”.

21. Mu génne ca [dëkk] ba, tiit lool di moytu. Daldi wax ne : “Yaw sama Boroom, maa ngi sàkku nga musal ma ci tooñkat yi !”.(s)

22. Ba mu jubloo njëlal Madiyaana, wax na ne : “Amaana sama Boroom gindi ma, teg ma ci yoon wu jub wa”.

23. Ba mu agsee ca rootukaayub waa Madiyaana, mu fekk fa aw nit ñuy wëgg di jukki, mu fekk fa ba-tey ñaari jigéen ñu beru wëgguñu. Mu ne leen : “Lu xew ba wëgguleen ?” Ñu ne ko : “Dunu wëgg lu dul ginnaaw ba sàmm si génnee ba dem ; te sunu baay màggat na”.

24. Mu wëggal leen ba eggal, dem toog ca ker ga, daldi ne : “Sama Boroom, cëy aka maa ittewoo li nga may wërsëgale”.

25. Kenn ca ñaari xale yu jigéen ña dikk fa moom ak kersa ga, daldi ne ko : “Saa baay nee na nga ñëw mu fey la li nga nu wëggaloon”. Ba Muusaa agsee ba nettali ko xew-xew ba, mu ne ko : “Bul tiit : mucc nga ci tooñkat ya”.

26. Kenn ca ñaari jigéen ña ne ko : “Baay jàpp ko surga, koy dey nga am surga bu am doole te wóor”.

27. Mu ne ko : “Dama laa bëgg may kenn ci sama ñaari doom yu jigéen yii ci nga doon sama surga juróom-ñetti at. Soo ko matalee fukk nag, ci sa coobare lay doon ; ndax man bëgguma laa teg coono. Te bu soobee Yàlla, danga xam ne nit ku yiw laa”.

28. Mu daldi ne : “Loolu sama diggante la ak yaw. Ñaar ñépp a yem ci man, duma la bunduxataal mukk. Te lii nuy wax Yàllaa di seede si”.

29. Ba Muusaa matalee dig ba, màng njabootam di ñibbi, gis na safara ci wàllug ndeyjooru tundu doju Tuur wa. Mu ne leen : “Xaarleen ma fii, li ma séen aw safara la. Amaana ma indil leen ci xibaar walla ay xal ngir ngeen mën caa jaaroo”.(r)

30. Ba mu fa agsee, mu am lu ko woo ci xuru ndeyjoor wa, ne ko : “Éy Muusaa ! Man Mii Maa di Yàlla jiy Boroom àddina si yépp”.

31. Te : “Nanga sànni sa yet wi” ; [Ba mu ko sànnee] gis ne ma ngay yëngatu mel ni jaan, mu ne baxarñit.”. Yàlla woowaat ko, ne ko : “Dellusil te bul tiit : yaa ngi ci lu wóor”.

32. Sóobal sa loxo ci sa mbagg, dina génn weex tàll. Te nanga taf sa loxo bi ci sa kaw ngir bañ a tiit. Yooyu yaari mbir ay firnde la yu bawoo ca sa Boroom Mu jëme ko ci Firawna ak gàngooram. Ñoom ay saay-saay lañu”.

33. [Muusaa wax na ne] : “Rey naa ci ñoom bakkan te ragal naa ñu rey ma.

34. Te Aaruuna moo ma gën a leer i wax. Yebal ko mu ànd ak man di ma ruqandi, di ma dëggal : man daal ragal naa ñu jàppe ma fenkat”.

35. [Yàlla] ne ko : “Dananu dëgërale sa përëg ci sa mbokk mi, Dananu leen defal ay firnde [doole joo xam ne dana mën a agsi ci yéen] ak Sunuy kéemaan. Yéen ñaar ñépp ak ña leen topp yéen ay not.

36. Ba leen Muusaa dikkee, indil leen Sunuy kàddu yu leer ñàññ, wax nañu ne : “Lii daal du lenn du dul ag njibar gu ñu sos, te sax nun lii mësunu leen woon a dégg ca sunuy maam”.

37. Muusaa ne leen : “Sama Boroom moo gën a xam ana kaan moo indi dëgg te jóge fa Moom, ak kan mooy ëppug mujj. Tooñkat ya duñu texe de”.

38. Firawna daldi wax ne : «Éy yéen kilifa yi, xamaluma leen jeneen Yàlla ju dul man. Yaw Haamaan, taalal ma aw safara ci ban bi te tabaxal ma ag tóoj ndax ma mën cee yërndu Yàllay Muusaa ji. Te man sax njortu naa ne ci fenkat yi la bokk”.

39. Muy rëy-rëylu mook i xarekatam ci réew mi ci lu dul dëgg. Ñu foogoon ne duñu dellusi ci Nun.(S)

40. Nu jël ko mook i xarekatam nargan leen ca ndox ma. Xoolal mujjug tooñkat ya.

41. Defoon Nanu leen ay njiit yuy woote jëme Safara. Te bu Bis-pénc baa kenn duleen dimbali.

42. Nu toqal leen am rëbb ci àddina sii. Te bu Bis-pénc baa dañuy bokk ca ña ñuy siibiibal.

Draft

43. Jox Nanu Muusaa Téere ba, - ca ginnaaw ba Nu faagaagalee maas ya ko jiitu, - ngir mu doon am njis ak njub, ak yërmaande ak it ngir ñu mën caa fàttalikoo.

44. Te yaw [Muhammad], nekkoo woon ca xuru sowwu wa ca ba Nuy jox Muusaa ndigal ya: te fekkewoo ko woon [seede ko].

45. Waaye sosoon Nanu ay maas yu guddu na fan. Te it nekkoo woon ca waa Madiyaana di leen nettali Sunuy kàddu; waaye Nun [Yàlla], Noo daan yable.

46. Nekkoo woon it wetu Tuur jamono ja Nuy woote. [Waaye dangaa dikk di] yërmaandey sa Boroom, ak it ngir nga xupp aw nit ñoo xam ne mësuñoo am ab xuppekat ci la ko jiitu, ndax it ñu mën caa fàttalikoo.

47. Bu fekkoon ne musaba da leen dale ca la ñu daan jëf ci seeni yoxo, kon dey danañu wax naan : “Yaw sunu Boroom, lu tax yónni woo ci nun ab Yonent ? [Soo ko defoon dey], dinanu topp say ndigal te it dananu gëm doon ay jullit”.

48. Ba leen dëgg ga dikkalee bawoo fi Nun, ñuy wax naan : “Cëy bu nu amoon la ñu joxoon Muusaa !”. [Kon ñoom], ndax weddiwuñu woon bu jëkk la Nu joxoon Muusaa ? Te daan wax naan : “Ñaar ñii daal ay jibarkat lañu yuy jàppalante !”. Tey wax naan : “Weddi nanu leen ñoom ñépp”.

49. Neel : “Indileen ab Téere bu jóge ca Yàlla bu leen gën a mën a jubbanti, [su ngeen ko indee] kon danaa ko topp, su ngeen waxee dëgg”.

50. Bu ñu la wuyuwul nag, xamal ne seen bakkan lañuy topp. Te ana kan moo gën a sànku ci kuy topp bakkanam ci lu àndul ak njub ga bawoo ca Yàlla [Lislaam]? Yàlla du gindi aw nit yuy tooñ.

**51**. Jottali Nanu leen wax jii [Alxuraan] ngir ñu fàttaliku ca.**(h)**

52. Ña nga xam ne joxoon Nanu leen Téere lu jiitu Alxuraan, gëm nañu ko.

53. Te bunu leen ko mësaan a jàngal, dañu daan wax ne : “Gëm nanu ko. Te mooy dëgg ga jóge ca sunu Boroom. Faf nun jébbalu nanu ba mu laataa na ñëw”.

54. Ñooña danañu seen pey ñaari yoon ca la ñu daan muñ, daan toontoo aw ñaawtéef ak lu rafet, te di joxe ca la Ma leen wërsëgal ;

55. te saa yu ñu déggee ay caaxaan, dummóoyu ko tey wax naan : “Nun ak sunuy jëf, yéen ak séeni jëf. Yal na ngeen am jàmm. Nun dey, dunu sàkkuji mukk ñu réer ña”.

56. Yaw (Muhammad) du ut ne yaay gindi ku la soob : waaye Yàlla mooy gindi ku ko soob. Te moo gën a xam ñiy gindiku.

57. Ñuy wax naan : “Su nu toppee njub gi ànd ak yaw, kon deef nanu foqarñee ci sunu suuf si”. - Ndax defalunu leen woon am réew wuñu wormaal, ñuy jëmmal wépp xeetu meññeef muy bawoo ci Nun [Yàlla] ? Waaye li ëpp ci ñoom xamuñu.

58. Aka bari dëkk bu Nu faagaagal ci sababus seenug weddi te ñu daan dunde xéewal, ca seen kër ya lu néew la, te keneen dëkkee seen ginnaaw, Nun Yàlla noo doon donnale.

59. Yàlla du faagaagal yenn dëkk ndare du dafa yebal ab Yonent ca dëkk ba fa gën a rëy, mu di leen nettali ay kàddoom. Te Nun Yàlla dunu faagaagal ay dëkk lu dul ne dañuy tooñ.

60. Lii Nu leen jox, bànneexu dundug àddina [doŋŋ la], te la nekk fa Yàlla moo gën a des ... Moo ndax dangeen dul xel-lu ?

61. Moo ndax ka Nu digoon dig bu rafet te mu dajeek moom, dana mel ni ka Nu bànneexaloon ca àddina ak ug dundam, bu ñu leen teewalee ca seen kanamu Boroom.

62. Bu keroogee ba mu di leen woon, naan leen : "Ana ka ngeen Ma doon bokkaaleel ?"

63. Ña wax ja dal ci seen kaw daldi ne : "Yaw sunu Boroom, ñii ñoo nu fàbbiwoon ni ñu fàbbikoo woon. Deñ nanu ci ñoom ci sa kanam : ñii daal jaamuwuñu nu woon".(s)

64. Nu wax ne : "Wooleen seen bokkaale ya". Ñu woo leen, waaye wuyyuwuñu leen. Gis nañu mbugal ma, cëy bu ñu gindiku woon.

65. Bu keroogee bis ba Mu leen di woo naan leen : "Ana lan ngeen tontu woon Yonent ya ?"

66. Seeni firnde jaxasoo, bu boobaa [dañu naa xuum] dootuñu laajante.

67. Képp ku ca tuub te gëm te jëf u yiw, amaana mu texe.

68. Te sa Boroom mooy sàkk lu ko soob te neex ko ; ñoom amuñu coppan. Tudd naa sellug Yàlla ! Te kawe na lool ci la ñuy bokkaale !

69. Te it sa Boroom a xam li seeni xol nëbb ak li ñuy feeñal.

70. Te Moom mooy Yàlla te amul jeneen yàlla ju dul Moom. Moo moom xeeti cant yépp cig njalbéen ba cig mujj. Te Moo moom àtte ya. Te ca Moom lañu di delloo ñépp.

71. Neel : "Xanaa gisuleen ne bu Yàlla defoon guddi gi muy lu sax ba Bis-pénc ba, ana jan yàlla ju dul Moom moo leen di indil ag leer ? Moo ndax dungeen dégg ?"

72. Neel : "Xanaa gisuleen ne bu Yàlla ci yéen bëccëg muy lu sax ba Bis-pénc ba, ana jan yàlla ju dul Moom moo leen di indil guddi gu ngeen di dalloo ? Moo ndax dangeen dul gis ?"

73. Ci yërmaandeem la leen defalee guddeek bëccëg ngir ngeen di ca dal ak a sàkku wërsëg, ak it ngir sant Ko.

74. Ak bis ba Mu leen di woo naan leen : "Ana ña ngeen Ma doon bokkaaleel ?"

Draft

75. Nu rocci ci xeet wu nekk seede, daldi ne leen : “Indileen seeni firnde”. Ñu daldi xam ne dëgg Yàllaa ko moom ; la ñu daan sos réer leen.

76. [Bir na ne], Xaaruuna ci nitu Muusaa la bokkoon, waaye dafa bewoon. Joxoon Nanu ko ci ay ndàmb, loo xam ne, bu ñu lewaa caabi ya mu diis gann ay ponkal. Fàttalikul ba ko ay nitam waxee ne ko : “Bul rëy-rëylu. Yàlla safoowul ñuy rëy-rëylu.(r)

77. Li la Yàlla jox, sàkku ci kërug àllaaxira [Àjjana]. Te bul fàtte sa wàll ci àdduna. Te nangay rafetal kem ni Yàlla di rafetale jëme ci yaw. Bul di sàkku ag yàq ci suuf si. Ndax Yàlla dey safoowul yàqkat yi”.

78. Xaaruuna wax ne : “Lii ci sama xam-xam laa ko ame”. Xanaa moom dafa xamul ña Yàlla faagaagal ca maas ya ko jiitu, ña ko gënoon a ñàng ëpp ko fuuf dooleek alal ? Te tooñkat ña deefuleen laaj seen bàkkaar !

79. Mu génn ca nitam ña, ànd ak alalam ja. Ñi bëgg dundu àddina wax ne : “Aka neexoon nu am lii Xaaruuna am. Moom dey boroom cër bu duun na”.

80. Ña am xam-xam ne leen : “Toskare ngeen ! Yoolub Yàllaa gënal képp ku gëm tey jëf u yiw”. Ku dul muñkat du ko am.

81. Nu mëdd ko ci biir suuf si mook kërëm ga. Amul kenn ku ko mënoon a dimbali ku dul Yàlla, te it kenn dimbaliwu ko woon.

82. Ba ñu xëyee, ña doon xemmem wàccuwaayam ca démb sa, daldi wax ne : “Dafa mel ni Yàlla dana tàbbalal wërsëg ku ko neex, ci jaamam yi. Bu dul kon ak xéewalam, kon dey mëddoon Nanu. Te it yéefar yi duñu texe”.

83. Góogale mooy kër gu mujj ga, Dananu ko defal ñi bëggul a kawe-kawelu ci suuf si, te duñu yàq. Ña ragal Yàlla tey moytandiku ñooy ëppug mujj.(s)

84. [Amul lu ñu bàyyi fii], Ku dikk ak i ñaawtéef, [na xam ne] ñay jëf ñaawtéef, la ñu daan def rekk la ñu leen di feye.

85. [Yàlla] mi wàcce Alxuraan ci yaw, Moo lay delloo fa Màkka. Neel : “Sama Boroom moo gën a xaw kuy indi dëgg ak kuy nekk ci réer gu bir.

86. Musuloo yaakaar ne dees na la jox Téere ba. Lu dul ne yërmaande ju bawoo ca sa Boroom. Te bul dimbali mukk yéefar yi ;

87. te it buñu la fàbbi mukk ci kàdduy Yàlla ginnaaw ba Nu ko wàccee ci yaw. Nangay woote jëme ci sa Boroom te bul bokk ca way-bokkaale ña.

88. Bul woo jeneen yàlla di ko booleek Yàlla. Amul jenn yàlla ju dul Moom. Lu nekk a faagaagalu ba mu des Moom. [Yàlla] mooy boroom àtte yi te ca Moom ngeen di dellu.

Draft

# Saar 29 : Al-Ankabut (Jargoñ)

## 69 Laaya - Laata-Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Alif, Laam, Miim.

2. Ndax nit ñi foog nañu ne danañu wax ne : "Gëm nañu !" te kenn duleen sànje ?

3. Sànje woon Nanu ña leen jiitu woon ; Yàlla xam na ñay dëggal ak ñay fen.

4. Walla ñay jëfi ñaawteef, jàpp nañu ne danañu Nu jiitu ? Aka ñoo ñaaw ab àtte !

5. Képp kuy yaakaar a dajeek Yàlla, digub Yàlla boobu luy dikk la. Te Mooy dégg, di xam.

6. Képp kuy xare, boppam la koy defal, Yàlla ku doylu la ci waa àddina bi yépp.

7. Ñi gëm tey jëf u yiw, Dananu leen faral seeni ñaawteef, te Dananu leen feye ca la gën ca la ñu daan def.(s)

8. Dénk Nanu nit muy def yiw ciy ñaari way-juram, "bu ñu la sonnalee nag ci bëgg nga bokkaale Ma ak loo xamul, buleen ca topp". Ci Man ngeen di dellusi, Ma xibaar leen la ngeen daan def.(n)

9. Ña gën tey jëf u yiw, Dananu leen dugal ca nit ñu yiw ña.

10. Am na ci nit ñi ñuy wax naan : "Gëm Nanu Yàlla" ; te bu ñu leen loree ci ànd gi ñu ànd ak Yàlla, dañuy jàppe sànjeb nit ñooñu ni mbugalum Yàlla. Bu leen ndimbal dikkalee lu bawoo ca sa Boroom, ñu tàmbalee wax naan : "Nun ak yéen a àndoon !" Moo ndax Yàlla dafa gënul a xam li nekk ci dënni waa àddina si yépp ?

11. Yàlla xam na tigi ña gëm, xam na itam naaféq yi .

12. Yéefar yaa ngay wax ña gëm naan leen ; “Toppleen sunu mboor, dananu yenu seeni ñaawteef”. [Mukk] duñu mas a yenu tus ci seeni ñaawteef. Li wóor moo di ñoom ay fenkat lañu.

13. Danañu yenu seen yu diis ya ak yeneen yu diis boole ko ca. Te bu Bispénc baa, danañu leen laaj la ñu daan duur [fen].

14. Yónni woon Nanu Nooh ca aw nitam. Mu sax fa ñoom junniy at yu yées juróom-fukk. Mbënn ma daldi leen di mëdd ba ñu tooñee.

15. Nu musaloon ko mook waa gaal ga ; def Nanu leen ñuy kéemaan ci waa àddina sépp.

16. [Fàttalikul it] Ibraahiima, ba mu waxee nitam ña, ne leen : “Jaamuleen Yàlla : moo gën ci yéen, de cëy bu ngeen xamoon”.

17. Yéen a ngay jaamu ay xërëm bàyyi Yàlla, di sos ay fen yu ngeen di jaamu te du Yàlla. Amaluñuleen woon wërsëg ; sàkkujileen wërsëg ci Yàlla. Te ngeen jaamu Ko te sant Ko. Ca Moom ngeen di dellu de.

18. Su ngeen ko weddee, jàppe ko ay fen, am na ay xeet yu leen jiitu woon daan weddi. Rikk nangeen xam ne ab Yonent jottali mu leer rekk a ko war.

19. Moo ndax dañoo gisul ni Yàlla di sosee mbindéef te di ko defaraat ? Looloo ka yomb ca Yàlla.

Draft

20. Neel : “Wërleen [dox] ci kaw suuf si te ngeen xool naka la Yàlla sosee mbindéef yi. Ak itam naka lay sos gu mujj ga di deme. Yàlla mën na lépp lu ne”.

21. Dana mbugal ku ko soob te it Dana yërëm ku ko soob ; te yéen ñépp ca Moom ngeen jëm.

22. Mënuleen a të ci kaw suuf si waxantumaak asamaan si ; te itam amuleen wenn wéeruwaay mbaa dimbalikat bu dul Yàlla.

23. Ña nga xam ne dañoo weddi kàdduy Yàlla ak dajeek Moom, ñooña naag nañu ci Sama yërmaande. Te it danañu am mbugal mu mitti.

24. Tontul aw nitam doonul woon lu dul ñuy wax naan : “reyleen ko mbaa ngeen lakk ko”. Yàlla musal na ko ca safara sa. Ay kéemaan a ngi ci biir loolu ngir aw nit ñu gëm.

25. [Ibraahiima] wax na ne : “Yéen a ngi jàpp xërëm yi bàyyi Yàlla ngir dëgëral seenug cofeel seen diggante fii ci dundug àddina. Waaye bu

Bis-pénc baa, dangeen weddiwante, rëbbante te Safara mooy doon seen kër, te it dungeen fa am ndimbal.

26. Lóot daldi koy gëm. Wax ne : "Maa ngi gàddaay jëm ci sama Boroom, Mooy boroom Kàttan, di Ku Xereñ".(r)

27. May na ko Isaaqa ak Yanqooba, defaloon Nanu ko ca sëtam ya ag Yonent ak Téere ba. Te indil Nanu ko ag peyam ci àddina, te it bu àllaaxiraa, ca nit ñu yiw ña lay bokk.

28. [Fàttalikul] Lóot, ba mu waxee aw nitam, ne leen : "Yéen a ngi def u ñaawteef [ngóor- jigéen], te ci àddina, kenn jëkkewuleen ko ci.

29. Moo ndax yéen, dangeen di sëyanti ci góor ñi ? Di dogale yoon yi ? Ngeen di def njekkar ci seeni mbootaay ?". [Waaye] nitam ña tontuwuñu ko lenn lu dul ne ko : "Indil nu mbugalum Yàlla ndegam wax nga dëgg".

30. Mu wax ne : "Yaw sama Boroom, may ma ndam ci kaw nit ñii di ay tooñkat !"

31. Ba Sunuy Malaaka dikkalee Ibraahiima ak xibaari mbégte, ne ko : "Danuy faagaagale waa dëkk bii ndax ña fa dëkk ay tooñkat lañu".

32. Ibraahiima ne leen : "Waaye Lóot ma nga fa !". Ñu tontu ko ne ko : "Noo gën a xam ña fa nekk : Dananu musal [moom Lóot] mook njabootam, ba mu des soxnaam, moom day bokk ca ña alku".

33. ba Sunu ndawi Malaaka yi agsee ci Lóot, ñaawalees na jëme ci ñoom, mu tiit ci seeni mbir. Ñu ne ko : "Bul tiit, bul ragal... Dananu la musal yaak sa njaboot, ba mu des sa jabar, dafay alku.

34. Wàcce Nanu ci kaw waa dëkk bi mbugal mu bawoo asamaan ngir seen caay-caay ga".

35. Bàyyi Nanu fa lu bokk ca ñoom muy kéemaan gu leer nàññ ngir aw nit ñuy xel-lu.

36. [Naka noonu], la seen mbokk Chuhaybu demee woon Madyaana, ne leen : "Éy yéen samaw nit, jaamuleen Yàlla te gëm Bis-pénc ba, te buleen dox di yàq ci kaw suuf si".(s)

37. Ñu weddi ko. Yëngu-yëngu ba fab leen, ñu xëy ne lànjax ci seen kër.

38. Ak waa Haad ak Samuuda. - Noona lañu leen faagaagale - mu leer nàññ, ngeen di ko gis ci seen gént ya. Séytaanee leen taaralaloon seeni jëf, férëwle leen ; daawuñu jéem a gis lu baax.

39. Te kat [faagaagal Nanu] Xaaruuna ak Firawna ak Haamaan. Muusaa indiloon na leen Sunuy firnde, ñuy rëy-rëylu ci kaw suuf si. Waante mënuñu Nu woon a raw de.

40. Kenn ci ñoom [faagaagale Nanu ko] kem [tolluwaayu] bàkkaaram : Am na ci ñoom ñu Nu yóonni am mbënn ci ñoom ; am na ci ñoom ñu ag xaacu jël na leen ; am na ci ñoom ñu Nu mëdd ci biir suuf si ; am na ci ñoom ñu Nu labal. Yàlla tooñuleen ; waaye ñoo tooñ seen bopp.

41. Gam-gamleek ñay wut wéeruwaay bàyyi Yàlla, mi ngi mel ni jargoñ buy lëndub néeg. Te néeg bi gën a doyadi moo di néegu jargoñ. Cëy bu ñu xamoon !

42. Yàlla xam na mboolem yu ñuy tës-tësi di ko jaamu, Moom ñu ne ko ñukk fale. Te Moom Yàlla moo di Boroom Kàttan, di Ku Xereñ.

43. Léebu yooyee ñuy sadd nit ñi ; te ñi xam ñoo cay xalaat. .

44. Moo bind [sàkk] asamaan yeek suuf si ci dëgg. Te ay kéemaan a ngi ci biir loolu ngir aw nit ñu gëm.

45. Nettalil li Nu soloo ca Téere ba te ngay taxawal julli. Ca dëgg-dëgg, julli daal dafay faat ñaawtéef ak njekkar. [Xamal ne] tudd Yàlla te di Ko fàttaliku moo gënatee rëy. Yàllaa ka xam li ngeen di def.

**46**. Buleen dàggasante ak ñoñ-téere yi lu dul ca na mu gën a rafetee te buleen ca boole ña yiwadi ca ñoom. Nangeen di wax ne : “Nun gëm nanu li ñu wàcci ci nun ak li ñu wàcce ci yéen, sunu Yàlla ak seen Yàlla jenn la, te nun jébbale nanu sunu bopp di ay jullit”.**(h)**

47. Noonu Lanu wàccee Téere bii di [Alxuraan] ci yaw [Muhammad]. Ña nga xam ne joxoon nañu leen Téere, gëmoon nañu ko. Am na ci ñoom ñu ko gëm [Alxuraan]. Yéefar yi doŋŋ ñoo weddi Sunuy kàddu.

48. Yaw [Muhammad], li jiitu wàccug [Téere bii di Alxuraan], musuloo jàng ab téere, musoo koo binde loxob ndeyjoor. [Su fekkoon ne loolu am na], kon weddikat ya danañu mën a sikki- sàkka.

49. Li wér te wóor moo di ne, [Alxuraan] ay laaya la yu ñu faramfàcce ci biir dënni woroom xam-xam yi. Te tooñkat yi rekk ñoo koy weddi.

50. Ñuy wax naan : “Lu tax Yàlla wàccewul ci moom kéemaan ?”. Waxal ne : “Kéemaan a nga ca Yàlla. Man, ab xuppekat buy leeral rekk laa”.

Draft

51. Ndax doyuleen ñoom, wàcce gii Nu wàcce ci yaw Téere bi, Nu di leen ko dégtal ? Yërmaande ak fàttalikoo nga ca biir lool ngir aw nit ñu gëm.

52. Waxal ne : "Yàlla doy na seede sama digganteek yéen". Xam na li nekk ci asamaan yeek suuf si. Ña gëm neen, weddi Yàlla, ñoo yàqule.

53. Té ñanga lay laaj mbugal ma cig yàkkamti. Bu fekkoon ne du dig ba Nu leen àppal, kon ñëwoon na [bu yàgg]. Waaye mbugal ma dana ñëw ci ñoom, di mbetteel te duñu ko yég.

54. Ña nga lay laaj mbugal ma cig yàkkamti, te fekk Safara waa ngay gaw yéefar ya.

55. Bu keroogee ba mbugal ma muur leen ci seen kaw ak seen ndëgguy tànk. Mu di leen wax naan : "Mosleen, toqamtikuleen li ngeen daan def !"

56. Éy yéen sama jaam ñi gëm ! Sama suuf si yaatu na [lool]. Waay-waay jaamuleen Ma !

57. Bakkan bu nekk dana mos dee. Te [ñéppay] dellusi ci Nun.

58. Ña gëmoon tey jëf u yiw, Dananu leen dëkkal ay néeg yu kawe yoo xam ne ay dex ñooy daw ca suufam. Dañu fay béel, ndaw pey gu neex,

59. ña daan muñ te wéeru woon ca seen Boroom !

60. Amul jenn daaba ju warlul boppam wërsëg ! [Waaye] Yàlla moo koy wërsëgal ak yéen. Te Moo di Aji-dégg, di Ku xam.(s)

61. Soo leen laajoon : "Ana kan moo bind asamaan yeek suuf si, tàggatal leen jant bi ak weer wi ?", kon danañu tontu wax ne : "Yàllaa ko def". Waaw, kon ñoom naka lañuy dummóoyoo yoon wu jub wi ?

62. Yàlla mooy yaatalal wërsëgam ci ku ko soob ci jaamam ñi, Moo koy xatal itam. Yàlla xam na lépp lu ne.

63. Soo leen laajoon : "Ana kan moo leen wàccey ndox ci asamaan si, dundale ko suuf si ginnaaw bu dee woon [wow] ?", kon danañu wax ne : "Yàllaa ko def". Neel : "Sant ñeel na Yàlla !". Li ëpp ci ñoom duñu xalaat.

64. Dundu gi ci àddina sii doonul lu dul féexal xol ak po. Waaye kër gu mujj ga mooy dëgg- dëggi dundu. Cëy bu ngeen xamoo !

65. Saa yu ñu waree ci gaal, dañuy ñaan Yàlla di ko sellal. Waaye, saa su leen musalee ba wàcce leen ci jéeri ji, ndeke yoo ña ngay bokkaale.

66. Dañuy xebet la ñu leen di jox ak di bànneexu ! Danañu xala xam !

67. Xanaa dañoo gisul ne def Nanu [Màkka] muy barab bu ñu wormaal bu wóor, te nit ñi leen wër, dees na leen dax-daxee ? Moo ndax ñoom dañoo gëm ag neen tey weddi xéewali Yàlla yi ?

68. Ana kan moo gën a tooñ kuy duural Yàlla ay fen, walla mu weddi dëgg ga koy dëggal ? Moo ndax ca biir Safara dëkkuwaayu yéefar yi dafaa amul ? [Axakañ]

69. Ñay xare di jànkuwante [samaw yoon], danañu leen gindi Sunuy yoon, te Yàlla ànd naak way-rafetal ña.

Draft

# Saar 30 : Rom (Waa Rom)

## 60 Laaya - Laata-Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Alif, Laam, Miim.

2. Noteef na waa Rom,

3. ci réew yi leen gën a jegeñ, wante ginnaaw nooteef googu, ñoom it danañu not ,

4. ci biir diirub lu matul fukki at. Yàlla moo yor dogal yi, ci la jëkkoon ak li lay mujj, bu boobaa way-gëm ñi danañu sëgg ree, bég

5. ci ndimbalul Yàlla. [Moom Yàlla] mooy dimbali ku ko soob, Mooy boroom Kàttan, di Jaglewaakon bi.

6. Loolu mooy li Yàlla di dige. Te Yàlla du wuute ab digam, waaye li ëpp ci nit ñi gëmuñu.

7. Danañu xam li feeñ ci dundug àddina, te ñoom ñu sàggan lañu ci mbiri àllaaxira,.

8. Ndax dañoo xalaatul ci seen bopp ? Yàlla bindul asamaan yeek suuf si ak li nekk ci seen diggante lu dul ci dëgg, te sàkkal na lépp ay dig. Te nag li bari ci nit ñi dañoo weddi te danañu dajeek seen Boroom.

9. Ndax dañoo doxul ci suuf tey xool naka la ñu mujje ña leen fa jiitu woon ? Ñoo leen ëppoon doole, daan réjji suuf si, feesoon ko dell ak seeni njaboot. Seeni Yonent indiloon leen ay kàddu yu leer. Yàlla tooñuleen, waaye ñoo tooñ seen bopp.(r)

10. Ña daan jëf u ñaawteef, seenug mujj dellu ñaaw, ndax ñoom weddi woon nañu kàdduy Yàlla, daan ko yéjji.

11. Yàllaa bind yëf yi ; yi di ko defaraat ; te ca Moom la ñuy dellu.

12. Bu keroogee bu Bis-pénc ba di taxaw, tooñkat ya danañu naan cucum jaaxle.

13. Ñа ñu daan bokkaaleek Yàlla duñu leen rammu, te sax far dañuy weddi ña ñu daan bokkaaleek [Yàlla].

14. Bu kerook Bis-pénc baa, dañuy téqalikoo, féewoo.

15. Ña gëmoon tey jëf u yiw, ña ngay xéewu ci biir ay dër ;

16. yéefar yay weddi Sunuy kàddu ak dajeb àllaaxira ba, ñoom ña nga ca biir mbugal ma.

17. Tudd naa sellug Yàlla, kañ naa ko !

18. Xeeti cant yépp ñeel na Ko ci asamaan yeek suuf si, ca marax ga ak njolloor.

19. Mooy génne ndundu ci ndee, di génne ndee ci ndundu. Mooy dundal suuf ginnaaw ba mu dewee. Noonu it lees leen di génnee [yéen ñépp] ca bisub dekki ba.

20. Bokk na ci kéemaanam yi : Mu binde leen suuf, - léegi nag, yéen a ngi nii tasaaroo ci àddina si -.

21. Te bokk na ci kéemaanam yi, mu sàkkal leen ci seeni jëmm ay soxna ngir ngeen di ca dall, Mu def ci seen diggante cofeel ak yërmaande. Ay kéemaan a ngi ci biir loolu ngir aw nit ñuy xalaat.(S)

Draft

22. Bokk na it ci ay kéemaanam, bindug asamaan yeek suuf si ak wuuteeg seeni làmmiñ ak seeni melo. Ay kéemaan a ngi ci loolu ñeel ñeel waa àddina si yépp.

23. Bokk na it ci ay kéemaanam, seeni nelaw ci guddi gi ak seenug sàkku wërsëg. Ay kéemaan a ngi ci biir loolu ngir aw nit ñuy dégg.

24. Bokk na it ci ay kéemaanam, Mu di leen won melax mu boole ragal ak xemmem, muy wàcce ndox mu bawoo asamaan di ca dundal suuf si ginnaaw ba mu deewee. Ay kéemaan a ngi biir loolu ngir aw nit ñuy xalaat.

25. Bokk na it ci ay kéemaanam, ni asamaan ak suuf taxawe ci ndigalam ; te saa Su leen jiinee ab woote, yéen ñéppay génn ci biir suuf si [ginnaaw dee]

26. Moo moom ñépp ñu nekk asamaan ak suuf : ñépp a koy toroxlul.

27. Moo sos mbindéef yi di leen defaraat ; te looloo gën a yomb ci Moom. Moo dàmbe li gën a kawe ci asamaan yeek suuf si. Mooy boroom Kàttan, di ku Xereñ ki.

28. Yàlla sadd na leen ay léebu ci seen bopp : Ndax seen jaam ñi bokk nañu ak yéen seeni alal, ngeen yem ci kepp ? [Mukk], loolu rekk ngeen ragal. Nii la Nul leerale laaya yi ngir aw nit ñuy xalaat.

29. Tooñkat yi dañoo topp seen bànneex, te àndul ak xam-xam. Ana kan mooy mën a gindi ku Yàlla réeral ? Duñu am ku leen dimbali.

**30**. Nangay jubbantiku topp diine Yàlla jiy cosaan te Mu sos ci nit ñi - bindéefu Yàlla du soppiku -. Loolu mooy diine ju jub ja ; waaye li ëpp ci nit ñi duñu xam.**(n)**

31. Wommatuleen jëm ci Moom ; te nangeen ko ragal, tey taxawal julli te buleen bokk ca way-bokkaale ña,

32. ña téqale seen diine di ay kurél, xaaj bu nekk ne siiw la fa moom.

33. Bu lor ju laal nit ña amee, dañuy ñaan Yàlla di Ko woo booleek toroxlu. Waaye su leen di mosal yërmaande rekk, [nga gis] ñu delluy bokkaale,

34. di fakk la Mu leen indiloon. “Bànneexuleen. Dangeen xala xam”.

35. Walla Danuy wàcce ci ñoom [kilifa] ab Téere buy wàqante la ñu daan bokkaale ?

36. Saa su Nu mosalee nit ñi yërmaande, ñu bég lool. Bu ñu defee ab garaawaale ba safaan dal leen ca, ndekete yoo dañuy yoqat.

37. Xanaa dañoo gisul ne Yàlla Dana yaatalal ku ko soob, wërsëgam ? Dana ko xatal it. Ay kéemaan a ngi ci biir loolu ngir aw nit ñu gëm.

38. Dangay jox say [mbokki] jegeñaale lay seen yelleef, ak ndóol ya ak doxandeem ya. Loolu moo gën fuuf ngërëmul Yàlla ; te ñoom ñooy texe.

39. Alal ji ngeen di lebalante ngir muy yokk, du yokku fa Yàlla de, waante li ngeen di génne asaka ngir jëmmi Yàlla... Dangeen fekk muy lu ñu ful.

40. Yàlla mi leen sàkk, wërsëgal leen. Di leen rey te di leen dundalaat. Moo ndax ñi ngeen koy bokkaaleel am na ñu mën a def loolu ? Tudd naa sellam ga, kañ naa Ko ! Soree na lool ak li ngeen di bokkaale.

41. Yàqute feeñ na ci jéeri ji ak géej gi ci jëfi nit ñi ; ci loolu, Yàlla da leen ñamal tuuti rekk ci seen [peyug] jëf yu bon yooyu ; ngir ñu mën caa jàjjoo, dellu ginnaaw, dëpp [dem jëf lu baax].

42. Neel : “Doxleen ci suuf si tey xool naka la mujje woon ña leen jiitu woon. Te li ëpp ci ñoom doon bokkaale [Yàlla]”.

43. Jubbantikul topp diine ju jub ja, ba laa bis di ñëw boo xam ne kenn du ko mën a randal ca Yàlla. Bu keroogee, danañu fallaxoo [réeroo, téqalikoo] :

44. Ku weddi, weddeem ga dana dal ca kawam. Ñay jëf yiw nag... Ñoom ña ngay waajal seen bopp [daluwaay bu maase] néeg,

45. Nar naa feye ñi gëm tey jëf u yiw, ngënéelam. Moom safoowul yéefar yi.

46. Bokk na ci ay kéemaanam, muy yebal yërmaandeem, ak gaal yi di daw ci ndigalam, te ngeen di sàkku ci xéewalam yi. Ak ngir ngeen di gëm !

47. Yónni woon Nanu ay Yonent yu jiitu woon ca nit ña, indiloon leen ay kàddu yu leer. Nu daldi feyu ca tooñkat ya ; te ndimbalul jullit ñi [way-gëm ñi], Maa ko warlu.

48. Yàlla miy yebal ngelaw mu yenu niir, di ko tàbbal ci asamaan si na Mu ko soobe ; Mu di ko def ay daggit. Ab taw di ca génnee su ko tawale. Ña ko soob ci jaamam yi, ndeketeyoo dañuy sëgg ree ngir bég,

49. doonte la sax naagu woon nañu ba mu laataa na wàcc.

50. Xoolal jeexitali yërmaandey Yàlla naka lay dundalee suuf si ginnaaw ba mu deewee. Kookee de Mooy dekkalaat néew yi te mën na lu ne.

51. Bu Nu yebaloon ngelaw, ñu gis ne [seen gàncax ga] mbokk, di [lax ak a dee], dañuy daldi weddi, fakk xéewal ya.

52. Yaw dey, mënoo tax a dégg ñu dee ; waxantumalaak tëx, su ñu nee wërëñ dummóoyu, ak lu woote ba xumb xumb nag.

53. Du caageene yaw yaaw gindi gumba yi ci seen réer ga. Ñi nga mën a dégtal [sa woote bii] daal, ñooy ña gëm, di ay jullit.

54. Yàlla mi leen bind cig lott, teg ca kàttan ; delloo ci lott gu ànd ak kumur, màggat [bijjaaw] : Te mooy sàkk lu ko soob, Mooy ki Xam te Mën.(r)

55. Bu Bis-pénc ba taxawee, tooñkat ya danañu giñ naan as ndiir su ndaw la nu fi saxoon. Noonu la Nu leen daan férawale, soreel leen dëgg ;

56. Gaa ña amoon xam-xam ak ngëm, ne leen : “Sax ngeen fa ci dogalu Yàlla ba bisub dekki ba, - lii nag mooy bisub dekki ba, - waaye yéen xamuleen woon”.

57. Su boobaa, tooñkat ya, seenug tinu du fa jariñ dara te kenn duleen faale.

58. Saddal Nanu nit ci biir Alxuraan jii léebu wu nekk. Soo leen indiloon kéemaan it, yéefar ya dañu naan : “Yéen daal, ay caaxaankat doŋŋ ngeen”.

59. Noonu la Yàlla di fattee xoli ña xamadi.

60. Muñal ndax digub Yàlla la dellu [yàgg yàgg dina ñëw]. Ñi gëmul, buñu la yàkki !

Draft

# Saar 31 : Luqmaan

## 34 Laaya - Laata Gàggaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Aliif, Laam, Miim.

2. Lii ay laaya la yu Téere bu xereñ,

3. jub la, yërmaande la ngir ñuy rafetal ,

4. ñiy taxawal julli, di génne asaka te amug wóolu ci ne àllaaxira dina ñëw.

5. Ñooñaa nga tege ca kaw seen yoonu Boroom wu jub xocc wa, te ñoom ñooña ñoo texe.

6. Am na ci nit ñuy nëbb xam-xam, di feeñal waxi caaxaan ngir namm a soreel nit ñi, sànk leen, réeral leen yoonu Yàlla ci lu àndul ak xam-xam, weddi ko, jàppe ko ag doyadal. Ñoom ñooña am nañu mbugal muy toroxale.

7. Saa su ñu jàngee Sunuy laaya ci moom, mu dummóoyu mel ni ku ko déggul, mel ni ab saañ dafa nekk ca nopp ya. Yégal ko ne [am na] mbugal mu metti.

8. Ña gëm tey jëf u yiw, am nañu Àjjanay xéewal,

9. dañu fay béel, - ni ko Yàlla dige woon tigi. - Mooy boroom Kàttan, di Ku Xereñ.

10. Moo bind asamaan si ci lu àndul ak keno yu ngeen di mën a gis ; Moo def ay doj ci biir suuf ngir mu bañ jeriku ak yéen ; def na ci xeetu mala wu nekk. Te nun, Yàlla wàcceel nanu ndox mu bawoo asamaan, nu saxal ci ay yóllent ci xeetu gàncax wu nekk.(S)

11. “Lii mooy li Yàlla sàkk. Kon wonleen ma, ña dul Moom, ana lu ñu sàkk ñoom ?”. Li am kay mooy, tooñkat ya ñi ngi ci réer gu bir .

12. Joxoon Nanu Luqmaan xam-xamu xereñ, ne ko : “Santal Yàlla, [gërëm Ko], ku Ko sant ci di Ko dello jukkal, boppam ; ku Ko xarab it..., [Na xam ni] Yàlla ku doylu la, Yayoowaakoonug cant la”.

13. [Fàttalikul] ba Luqmaan waxee doomam ja, di ko waar, naan ko : “Yaw samas doom, bul bokkaale mukk dara ak Yàlla, ndax bokkaale kat ag tooñ gu réy la”.

14. Dénk Nanu nit muy rafetal jëme ci ñaari waajuram ; ndax yaayam ëmb na ko muy coono ci biir coono : ba feral ko diirub ñaari at. “Nanga may sant Man [Yàlla] ak sa ñaari waajur. Ci Man la lépp di mujj.

15. Saa su ñu la sonnalee ci bëgg nga bokkaale Maak loo amul xam-xam, bulen ca topp ; waaye nangay ànd ak ñoom ci àddina si ak njekk. Te nanga topp yoon wa jëmsi ci Man. Fi Man ngeen di mujje [yéen ñépp], su ko defee, Ma téqantalal leen la ngeen daan def”.

16. “Yaw sama doom, dIisaay woowu, doonte la sax dafa tollu ni as fepp, nekk ci kaw doj mbaa ci biir asamaan yi, walla ci biir suuf, du tee Yàlla indi ko . Yàlla Ku deñ-kumpa la .

17. Yaw sama doom, taxawalal julli tey digle njekk, te it nangay tere njekkar, te it nangay muñ li lay dal. Loolu mooy dégu !

18. Bul dox di dummóoyu nit ñi, bul dox it di fuukarewu : Yàlla safoowul képp kuy fuukarewu ak a damu.

19. Nangay teey ci sab dox, te nangay suufeel sa kàddu, ndax kàddu gi gën a suufe moo di kàddug mbaam sëf”.

20. Xanaa gisuleen ne Yàllaa leen tàggatal li nekk ci asamaan yeek suuf si ? Te Mu tuur leen xéewalam yi ci li feeñ ak li nëbbu. Am na ci nit ñi ñuy dàggasante ci mbiri Yàlla, te amuñu ca benn xam-xam, du càggenu ag gindiku, waxantumalaak Téere buy gindi.

21. Te bu ñu leen waxee ne : “Toppleen li Yàlla wàcce”, dañu naan : “Nuy kay dañuy topp sunu baaxi maam”. Moo ndax Séytaane daawuleen woo jëme leen ci mbugalum Safara !

**22**. Képp ku jébbal Yàlla boppam tey rafetal, [na xam ne] ŋoy na ci buum gi gën a dëgër. Te ca Yàlla la mbir yépp di mujj.**(h)**

23. Képp ku weddi it, weddeem ga bumu la jaaxal : danañu dellusi ci Nun, ñu xibaar leen la ñu jëfoon. Yàlla xam na xéll li nekk ci dënn yi.

24. Dananu leen bànneexal as ndiir ; daldi leen mbaq ci mbugal mu diis.

25. Te su leen laajoon : “Ku bind asamaan yeek suuf si ?”, kon ñu ne : “Yàlla !”. Waxal : “Cant ñeel na Yàlla !”. Waaye ñi ëpp ci ñoom xamuñu.

26. Yàllaa moom li ci asamaan yeek suuf si. Yàlla Ku doylu la, di Yayoowaakoonub cant !

27. Su fekkoon ne mboolem li nekk ci suuf si ciy garab, dafa doon ay xalima, géej gi amaat yeneen juróom-ñaari géej yu koy dolli, lépp di daa, kon dey du tax kàdduy Yàlla jeex. Yàlla Borom Kàttan la, di Ku Xereñ.

28. Seenug sosu ak seenug dekkiwaat yéen ñépp, mi ngi yombe Yàlla ni benn bakkan kepp. Yàlla Kuy Dégg la, Kuy Gis la.

29. Xanaa gisoo ne Yàlla mooy dugal guddi ci bëccëg, Moom dugal it bëccëg it ci guddi, Moo tàggat jant beek weer wi, ku ca nekk a ngay daw ci ab dig bu ñu ko àppal ? Te Yàlla Ku Deñ- kumpa la, Ku Xàmmee li ngeen di def la.

30. [Loolu nag] ngir xam ne Yàlla mooy dëgg, lépp lu ngeen mën a jaamu te du Moom, neen la te Yàlla moo di Aji-kawe, di Ku màgg.

31. Xanaa gisuloo ne gaal a ngay daw ci biir géej, mu bokk ci xéewali Yàlla yi ? Ay kéemaan a ngi ci biir loolu ñeel bépp santaakoon, dib muñaakoon.

32. Bu leen duus yi muuree ba mel ni ker, ñuy woo Yàlla, di Ko sellal ; bu leen musalee ba [ñu génn ci jéeri ji], mu amaat ca ñoom ñuy diiŋat ; te Sunuy kàddu kenn du ko diiŋat ku dul ku goreedi, di ab xarabaakoon.

33. Éy yéen nit ñi ! Ragal-leen seen Boroom [te di Ko wattandiku], te nangeen tiit ci Bis boo xam ne baay du warlul doom dara, doom it du warlul baayam dara. [Fexeleen it] ba buleen Séytaane tax ngeen faku. (s)

34. Xam-xamu Bis-pénc baa ngi ca Yàlla ; Mooy wàcce tawu waame ; Moo xam li nekk ci jurukaay ya. Benn bakkan xamul lu muy fàggu ëllëg, benn bakkan xamul it ci san suuf lay deewe. Yàlla Ku Xam la, Ku Xàmmee la.

Draft

# Saar 32 : Sujjóot

## 30 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Aliif, Laam, Miim.

2. Wàcceg Téere bii [Alxuraan], sikk nekku ca, mu bawoo ca Boroom àddina sépp.

3. Walla dañu naan [Muhammad] moo ko sos ? [Déedéet, lii mooy dëgg ga bawoo ci sa Boroom ngir nga xupp ci aw nit ñoo xam ne bi nga laataa ñëw, amuñu woon xuppekat, te amaana ñu gindiku.

4. Yàlla mi bind asamaan yeek suuf si ak li nekk ci seen diggante ci diirub juróom-benni fan. Daldi yemoo ca Gàngunaay ga [Aras]. Amuleen benn wéeruwaay walla rammukat bu dul Moom. Moo ndax dangeen dul fàttaliku ?

5. Mooy settantal [lijjanti] mbir yi, jële ko asamaan jëme ko ci suuf si, topp mu yéeg asamaan ci bis boo xam ne ab nattaleem junni la ci ay ati àddina.

6. Kooka mooy xamkatu kumpa ak li feeñ, mooy Boroom Kàttan, di Jaglewaakoonu yërmaandeem,

7. Moo jekkal sosug lu ne. Daldi door sosug nit ci ban,

8. daldi nay defe askanam wa mu càllaloo ci am ndox mu doyadi;

9. daldi koy yemale, ëf ci Ruuwam. Defaral leen dégg-dégg, ak ub gis ak i xol. Te néewaana ngeen di Ko sant !

10. Ñuy wax naan : "Ndax bu nu seeyee ci biir suuf si, dananu dekkiwaat ?". Ñoom dañoo weddi ne danañu dajeek seen Boroom.

11. Neel : "Malaakam ndee ma ñu sasee loolu ci yéen moo leen di rey. Su ko defee, ngeen dellu ca seen Boroom".(r)

12. Cëy soo gisoon, tooñkat yaa ngay jatt seeni loos, naan ! "Yaw sunu Boroom, gis nanu, dégg nanu, delloo nu ca [àddina], kon de nu jëf lu baax ; léegi, xam nanu ne lii lu wóor la".

13. "Bu Nu sooboon, Dananu indil bakkan bu nekk ag njubam. Waaye dafa fekk ne li Ma wax fàwwu mu am : "Danaa feesal Safara ci nit ak jinne mbooleseen".

14. "Kon mosleen ci li ngeen fàtte woon seen dajeek Bis bii. Dananu leen fàtte-fàttelu. Toqamtikuleen mbugal muy sax dàkk, muy peyug la ngeen daan def".

15. Ñii gëm Sunuy kàddu, ñoom ñi nga xam ne saa su Nu leen ko fàttalee, dañuy rot di sujjóot, di sàbbaal, di kañ ak a sant seen Boroom, ñoom duñu rëy-rëylu.

16. Dañuy fojjatiku ca seen tëddukaay ya [lal ya], di ñaan seen Boroom ci ragal ak xemmem ; te di joxe ca la Nu leen wërsëgal.

17. Benn bakkan xamul la ñu koy xala deñcal ci yuy neex ci bët, muy peyug la mu daan def !

18. Moo ndax ku gëm dina mel ni ab saay-saay ? [mukk], duñu mës a yem.

19. Ña gëmoon tey jëf u yiw, am nañu ay dër ca Àjjana, muy seen wàccuwaay ngir la ñu daan jëf.

20. Ña saay-saayoon, ñoom Safaraa di seen kër : saa su ñu ca bëggee génn, ñu delloo leen ca, te naan leen : "Toqamtikuleen mbugalum Safara sa ngeen daan weddi".

21. Dananu leen ñamal ci àdduna [takkandeerub mbugalum àllaaxira] ndax ñu mën a dellu ca yoon wu jub wa !(S)

22. Ana kan moo gën a tooñ ka nga xam ne, saa su ñu ko fàttalee laayay Boroomam, mu dummóoyu ko ? Dananu feyyu ci tooñkat yi.

23. Joxoon Nanu Muusaa Téere ba - bul am xel-yaar ci dajeek moom [yaw Muhammad] -, te defoon Nanu Téere ba mu di njub ñeel Bani-Israayiila gépp.

24. Defoon Nanu ci ñoom ay njiit yuy gindee ci Sunu ndigal, waxtu wa ñu muñee te wóolu Sunuy laaya [kàddu].

25. Sa Boroom ci boppam dana àtte seen diggante ca la ñu daan wuute.

26. Ndax dafa doyul ci ñoom gindiku, te faagaalaloon Nanu ay maas ya leen jiitu woon te tey ñi ngi dox ci seen génti kër yi ? Ay kéemaan nekk na ci biir loolu ! Ndax ñoom dañu dul dégg ?

27. Xanaa dañoo gisul ñoom ci ne Man Yàlla maay wàcce ndox ci kaw suuf su wow, génne gàncax gu seeni jur di lekk ak ñoom it ñu di ca lekk ? Moo ndax ñoom dañu dul gis ?

28. Ñangay laaj naan : "Lii kañ lay doon, ndegam wax ngeen dëgg ?".

29. Waxal ne : "Bis ba ndam la di ñëw, ngëmug yéefar yi dootuleen jariñati dara ! Te kenn duleen négandiku".

30. Dummóoyuleen te xaar. Ñoom it ñi ngi xaar.

Draft

# Saar 33 : Farandoo yi

## 73 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Éy yaw Yonent bi ! Ragalal Yàlla te bul topp yéefar yi ak naaféq yi, Yàlla ku xam la, Ku xereñ la.(n)

2. Toppal li ñu lay soloo te mu bawoo ca sa Boroom. Yàlla xàmmee na ca la ngeen di def.

3. Te nangay wéeru ci Yàlla. [Ndax] Yàlla doy na sëkk wéeruwaay.

4. Yàlla defalul kenn nit ñaari xol ci dënnëm. Deful it jabar yi ngeen di wodde seen pendali ndey [ci pase] ñuy seeni yaay . Deful it doom yi ngeen doomoo ñuy seeni doom. Loolu seeni wax doŋŋ la ju yem ci seeni gémmiñ. Yàlla dëgg lay wax te Mooy jubbanti, di tege ci yoon wu jub.

5. Appelez-les du nom de leurs pères : c'est plus équitable devant Allah. Ña ngeen xamul seeni baay, kon ñoom seeni mbokk la ñuy doon ci diine ak seeni farandoo. Ayul ci yéen it lu ngeen ca wax te muy njuumte, li aay kay mooy la ngeen ca wax te tey ko. Yàlla, Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

6. Yonent bi moo gën a yey jullit ñi ci seen bopp ; te ay soxnaam, seeni yaay lañu. Ña ame mbokku gu deret, gën nañoo yeyante kem ni mu dikke ci Téereb Yàlla bi, te jullit ñi ak way- gàddaay ñi, mën ngeen a bind ab dénku ci seeni alal mu ñeel seeni farandoo ya dul donn. Loolu lu sax la lu ñu bind ca Téere ba.

7. [Fàttalikul] ba Nu jëlee daalante ci Yonent yi ak ci yaw, ak ci Nooh ak ci Ibraahiima, ak Muusaa, ak Iisaa doomu Maryaama : jëloon Nanu ci ñoom daalante bu dëgër, diis,

8. ngir laaj [Moom Yàlla] ñi dëggal ci seenug dëggal. Te waajalal na yéefar yi mbugal mu metti.

9. Éy yéen ñi gëm ! Fàttalikuleen xéewali Yàlla ci yéen, ba leen xarekat ya songee te Nu yebaloon ci ñom ngelaw ak i xarekat yu ngeen gisul. Yàllaa ngi doon gis li ngeen doon def.(s)

10. Ba ñu leen songee, jóge leen kaw ak ci suuf [fépp], seen gët ya di tiiw-tiiwi, ngeen rët ba seeni xol nekk ci seeni boli, ngeen di njort ci Yàlla njort lu nekk...

11. Foofee la Nu nattoo jullit ña, yëngal leen yëngal gu tar.

12. Ak ba naaféq ya ak ña seen xol tawat di wax naan : "Yàlla ak Yonentam diguñu nu lu dul ay nax".

13. Ak ba mu amee kurél ci ñoom buy wax naan : "Yéen waa Yasriba [Madina] ! Buleen fa toog. Delluleen [ginnaaw]". Mu am it kurél ci ñoom buy ñaan ndigal Yonent bi, di wax naan : "Sunuy kër dafa aaruwul", du loolu de : waaye dañoo bëggoon a daw doŋŋ.

14. Ku leen doxe woon ginnaaw, ne leen na ñu weddi, kon ñu def ko, te duñu ca yéex,

15. te la ko jiitu, fekkoon na ñu daalante ak Yàlla te dañoo wone ginnaaw [daw xare]. Te daalanteb Yàlla, lu ñuy lijjanti lay doon.

16. Neel : "Su ngeen dawee it, seenug daw duleen jariñ dara ; rey mbaa dee rekk a fiy am, dundu yàggul".

17. Neel : "Ana kan moo leen di musal ci Yàlla, su nammee ci yéen safaan walla Mu namm ci yéen yërmaande ?". Duñu am wéeruwaay walla ndimbal leneen lu dul Yàlla.

18. Yàlla xam na ñay gàllankoore ci yéen ak ñay wax : "Ñëwleen ci nun", fekk na yabuñu ab xare,(r)

19. Dañuy soxore loolu ci yéen. Bu am tiit dikke, nga gis ñu di la xool, seen gët yi di wur- wuri mel ni ñuy sukkraat. Bu tiit ma jeexee, ñu di leen teg ay baat yu ñaaw. Ña bañ aw yiw, ñoom ñooñee gëmuñu. Yàlla daldi sepi seeni jëf. Te loolu yomb na Yàlla.

20. Te ñuy foog ne farandoo ya demuñu. Te bu ñu dikkoon, dañu naa ngéeju bokk ca màngaan ya, duñu xam li ngeen xewle lu dul bu ñu ko laajtoo. Bu ñu nekkee ci seen biir itam, lu néew la ñuy xareji.

21. Am ngeen royuwaay wu jekk ci Yonentub Yàlla, te képp ku yaakaar Yàlla te gëm Bis- pénc bu mujj ba, tey tuddu, di fàttaliku Yàlla lu bari .

Draft

22. Ñа gëm tigi, ba ñu gisee farandoo ya, dañoo wax ne : "Lii la Nu Yàlla ak ub Yonentam doon dig ; te Yàlla ak ub Yonentam dëggal Nañu". Te dolliwuleen lenn lu dul ngëm ak jébbulu.

23. Am na ci jullit ñi ñuy dëggal la ñu dëelante woon ak Yàlla. Am na ci ñoom ñu ko matal, am it ci ñoom ñuy négandiku ; te soppiwuñu ca dara ;

24. Yàlla dana fey ña dëggaloon ca seen dëggu ga, Dana mbugal it naaféq ya bu ko soobee, walla Mu baal leen. Yàlla Yërëmaakoon la, Jaglewaakoonu [yërmaandeem] la.

25. Yàlla delloo na yéefar ya, ñu dellook seen mer, amuñu wenn yiw, Yàlla fegal na jullit ñi xeex ba. Yàlla ku bari doole la tey Boroom kàttan.(s)

26. Te wàcce na ca ña doom jàmmaarlook yéen te bokk ca ñoñ-Téere, [yonjaxal leen], daldi dugal am tiit ci seen xol ya ; ngeen rey ñenn ña, lél ñenn ña.

27. Mu donnale leen seen suuf, ak seeni kër, ak seeni alal, ak suuf soo xam ne mësuleen ca xand. Yàlla mën na lu ne.

28. Éy yaw Yonent bi ! Waxal say soxna ne leen : "Su fekke ne dundug àddina sii rekk a leen

ñor ak ub taaram, kaayleen ma yombalal leen ko, ci ma fase leen ci am pase mu jekk.

29. Su fekkee nag ne Yàlla ak Yonentam ak kër gu mujj ga di àllaaxira rekk a leen ñor, [nangeen xam ne] képp kuy rafetal ci yéen, Yàlla dana ko waajalal ag pey gu màgg.

30. Éy yéen soxnaay Yonent bi ! Képp ku bokk ci yéen te def aw ñaawtéef wu bir, dees na ko fulal mbugalam ñaari yoon ! Te loolu yomb na Yàlla.

**31**. Képp ku bokk ci yéen te jébbal boppam Yàlla ak ub Yonentam tey jëf u yiw, Dananu ko fulal ag peyam ñaari yoon, te waajalal Nanu ko xéewal gu màgg.**(h)**

32. Éy yéen soxnaay Yonent bi ! Yemuleen ak yeneen jigéen ñi. Su fekkee ne ragal ngeen Yàlla, buleen di wax waxi caaxaan, yuy tax góor gu xolam tawat di xemmem. Nangeen di wax wax ju yiw njekk.

33. Nangeen di sax ci seeni kër ; te buleen di baraj-baraji kem ni ko jigéenu jaahiliya yu njëkk ya daan ko defe. Te nangeen di taxawal julli tey

génne asaka te nangeen di topp Yàlla ak ub Yonentam. Ndax Yàlla dafa namm a dindi ci yéen, waa kër Yonent bi, lépp luy taq-taq, te laabal leen ba ngeen sell.

34. Nangeen fàttaliku li Nu leen jàngal ci seen biiri kër, te mu bokk ci laayay Yàlla yi , Alxuraan ak lépp luy xereñe. Yàlla dey Kuy ñeewante la, di Kuy xàmmee.

35. Naka jullit yu góor yi ak jullit yu jigéen yi, way-gëm yu góor ak way-gëm yu jigéen, way- wommatu yu góor ak way-wommatu yu jigéen yi, way-dëggu yu góor ak way-dëggu yu jigéen yi, way-muñ yu góor ak way-muñ yu jigéen, way-ragal yu góor ak way-ragal yu jigéen ya, saraxekat yu góor ak saraxekat yu jigéen yi, woorkat yu góor ak woorkat yu jigéen yi, góor ñiy sàmm seeni pëy ak yu jigéen yi, ñiy tuddu Yàlla lu bari ci góor ñeek jigéen ñi, Yàlla waajalal na leen njéggal ak pey gu màgg.

36. Su Yàlla ak ub Yonentam àtte mbir ba sottalI, amul benn jullit bu góor ak bu jigéen bu ciy am coppan, te seen àtte ba xas dog. Képp kuy moy Yàllaak ub Yonentam, mi ngi ci ag réer gu bir.

37. [Fàttalikul] ba ngay wax ak waa ja Yàlla xéewaloon te yaw it nga xéewaloon ko, ne : “Jàppal sa soxna si te ragal Yàlla, wattandiku Ko”, yaa ngi nëbb ci sa biir lu Yàlla xal a feeñal. Ngay ragal nit ñi te Yàlla moo gën a yeyoo ku Ko ragal. Ba Zaydun fasee soxna soosa, takkal Nanu la ko, ngir jullit yi bañ a aayalati seen jabari doomoo yi, ngeen mën leen takk saa su ñu leen fasee. Te ndigalul Yàlla moom, def rekk. (s)

38. Aayul ci Yonent bi [muy jëfandikoo] la Yàlla yoonaloon, faratal ko ca ña ko jiitu woon. Te ndigalul Yàlla luy sax la.

39. Ña nga xam ne ñooy jottali bataaxali Yàlla yi te ragal Ko, te it duñu ragal keneen ku dul Moom. Ndax Yàlla doy na sëkk ci wañña [natt] jëf yi.

40. Muhammad du baayub kenn ci seeni gaay, waaye ndawul Yàlla te di mujjug Yonent yi. Yàlla xam na lépp lu ne.

41. Éy yéen ñi gëm ! Nangeen di faratal, di tudd Yàlla lu bari.

42. te nangeen di Ko sàbbaal suba ak ngoon.

Draft

43. Mooy kiy julli ci yéen, di leen ñaanal, - Mook ay Malaakaam, - ngir génne leen cig lëndëm, jëme leen cig leer ; te Mu di Jaglewaakoonu yërmaandeem ci ñi gëm.

44. Seenub nuyyoo Bis nuy dajeek Moom : "Jàmm rekk", te mu waajal leen ag pey gu tedd .

45. Éy yaw Yonent bi ! Noo la yebal ngir nga doon seede, di béglekat, di xuppekat.

46. té woote jëme ci Yàlla ; te di làmp bu leer.

47. Te ngay bégal jullit ñi, ne leen am nañu ca Yàlla ngëneel lu màgg.

48. Te bul topp mukk yéefar yeek naaféq yi, te it bul faale seen lor, nangay wéeru ci Yàlla, Yàlla doy na sëkk wéeruwaay.

49. Éy yéen ñi gëm ! Su ngeen takkee jabar ci jullit [jigéen ñi] ba joxe can ga, su ngeen leen fasee te laalewuleen, warul a jàpp yedda. Nangeen leen boyal ci njekk.(r)

50. Éy yaw Yonent bi ! Daganal Nanu la sa soxna yi nga jox can ak ñi nga moom [jaam bu jigéen] ak doom yu jigéen yu sa baay-tëx ak sa doomi bàjjen yu jigéen ak doomi nijaay yu jigéen ak sa doomi ndey-tëx ju jigéen, - ñi gàddaay ànd ak yaw, - ak jigéenu jullit ju may boppam Yonent bi, bu ko Yonent bi bëggee takk soxna : Lew na la domm, waaye jullit yu góor ñi duñu ko sañ. Ndax Noo gën a xam li Nu farataal ci ñoom ak seeni soxna ak seeni jaam yu jigéen, [li ko waral moo di] ngir rekk dellu te yeddu. Te Yàlla Jéggalaakoon la yërmaandeem.

51. Mën nga xaarloo ku la soob ci ñoom, dëkkoo ku la ca soob. Ak lu la ca neex ca ña nga beddi woon, aayul ci yaw. Te loolu moo leen dàqal, buñu yërëmtalu te nañu gërëm ñoom ñépp ca la nga leen jàppe. Yàlla xam na li nekk ci seeni xol. Yàlla ku xam la, Ku lewet la.

52. Ginnaaw loolu, jigéen ñi duñu dagan ci yaw. Walla nga di leen wecceek yeneeni jabar, doonte la seenub taar yéem na ; - ba mu des say jaam yu jigéen. Yàlla kuy fuglu la ci lépp.

53. Éy yéen ñi gëm ! Buleen dugg kër Yonent bi, lu dul ci ndigal, buleen fay xaaraanu ñam. Waaye bu ñu leen woowee, nangeen dugg. Bu ngeen noppee ca lekk ga, daldi leen tasaaroo te buleen toog di waxtaan. Ndax loolu, dafay lor Yonent bi mu di leen ko rus a wax, te Yàlla Moom rusul dara ci dëgg. Te su ngeen deeti laaj jegeñam ña dara, nangeen koy

laaj ci ginnaaw kiiraay : ndax loolu moo gën a laab ci seeni xol [yéen ak ñoom] ; Te it waruleen di lor Yonent bi, waxantumalaak ngeen di takk soxnaam ginnaawam ; Ba fàwwu, loolu lu rëy la ca Yàlla.(s)

54. Mbir mu ngeen mën feeñal mbaa ngeen nëbb ko,... Yàlla xam na ko.

55. Aayul ci ñoom [soxna yi] seeni baay [di ko def], walla seeni doom, walla seen mbokk, walla seeni doomi mbokk mu jigéen, walla seeni jabar, walla seeni jaam. Te nangeen ragal Yàlla ndax Yàllaa seede lépp lu ne.

56. Yàlla ak i Malaakaam dañuy julli ci Yonent bi ; Éy yéen ñi gëm, jullileen ci moom te sëlmal ci moom .

57. Ñi nga xam ne dañuy lor Yàlla ak ub Yonentam, Yàlla rëbb na leen ci àddina ak ca àllaaxira, te waajalal na leen mbugal muy doyadiloo, di toroxtale.

58. Ña nga xam ne dañuy lor jullit yu góor yi ak jullit yu jigéen yi te defuñu lu ko jar, ñangay yenu aw duur ak bàkkaar bu rëy.

59. Éy yaw Yonent bi ! Waxal say soxna ak say doom yu jigéen ak jigéeni jullit ñi, ñuy muur seenu yaram : ci la ñu leen di gën a xame te kenn duleen di xas. Yàlla, Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

**60**. Su fekkee ne naaféq yeek lëjëlkat yeek woroom xel yu tawat yi dëkk [Medina] bàyyiwuñu, Danaa xiir ci seen kaw, te kon lim bu néew moo ca déeti dëkkaale ak yéen.(n)

61. Muy ñuñu rëbb. Fu ñu jublu, ñu faagaagal leen :

62. Lii mooy sunnas Yàlla, ab dogalam ci ña fi jiitu woon te sunnas Yàlla du soppiku mukk.

63. Nit ñaa ngi lay laaj ci mbiri Bis-pénc ba. Waxal ne : "Yàllaa ko xam". Te yaw sax loo ci xam ? Amaana Bis-pénc ba di lu jegeñ.

64. Yàlla rëbb na yéefar yi te waajalal na leen aw safara,

65. dañu fay béel fàww, duñu fa am ku leen méngoo, duñu fa am ndimbal.

66. Bis ba ñuy wëlbati seeni kanam ca Safara, ñuy wax naan : "Aka neexoon nu toppoon Yàlla, nu toppoon Yonent ba !".

67. Ñuy wax naan : "Yaw sunu Boroom, nun dey toppoon nanu sunuy sang ak sunuy kilifa. Ñu réerale nu ak yoon wa.

Draft

68. Boroom sunu, fulandileen mbugal te nga rëbbleen rëbb mu rëy".

69. Éy yéen ñi gëm ! Buleen mel ni ña daan lor Muusaa, di ko tuumaal. Far Yàlla setal ko ca tuuma ya, di ku mu jubaloon.

70. Éy yéen ñi gëm ! Ragal-leen Yàlla tey wax wax ju jub.

71. kon dey Dana leen yéwénalal seeni jëf, jéggal leen it seeni bàkkaar. Te képp kuy topp Yàlla ak ub Yonentam, dana texe texe gu màgg.

72. Gaaral Nanu ndénkaan lii asamaan yeek suuf si ak tundi doj yi . Ñu lànk koo yenu ngir ug ragal ko, nit moo ñëw ne ko fànkul yenu ko ; te nit nekk ab tooñaakoon bu xamadi.

73. [Ci loolu] Yàlla dana mbugal naaféq yu góor yeek yu jigéen, ak bokkaalekat yu góor yeek yu jigéen yi te Dana nangu tuubug jullit yu góor yeek yu jigéen yi. Yàlla Jéggalaakoon la, Jaglewaakoon la.

Draft

# Saar 34 : Réewum Saba

## 54 Laaya – Laata Gàggaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Cant ñeel na Yàlla, Yàlla mi moom li nekk ci asamaan yeek suuf si. Cant it ñeel na ko ca àllaaxira. Moo di Ku Xereñ, di Ku Xàmmee.(s)

2. Xam na li duggu ci suuf ak la cay génne, ak lay wàcc ci asamaan si ak la cay yéeg. Mooy Jaglewaakoon ba, di Jéggalaakoon ba.

3. Yéefar yaa ngay wax naan : "Bis-pénc ba du ñëw". Waxal ne : "Axakañ. Giñ naa ci sama Boroom ! ne dana leen dikkal. Moom mi xam kumpa. Te dara lu tollu ni aw pepp du ko lënt ci asamaan yeek suuf si. Walla lu ko gën a tuuti, walla lu ko gën a rëy, lu dul ne mi ngi ci ab Téere bu bir.

4. [Li waral Bis ba], ngir fey ña gëmoon tey jëf u yiw. Danañu am njéggal, ak teraanga ak i xéewal.

5. Ña doon dëgërante bopp te Sunuy laaya nag ñoom, danañu am mbugalum kaŋ-kaŋ mu metti.

6. Woroom xam-xam ya danañu gis ne li Nu wàcce ci yaw mu bawoo ca sa Boroom, mooy dëgg te dafay gindee jëme ca yoonu Yàlla wu jub wa xocc, Yàlla miy boroom kàttan, di Yayowaakoonu cant.

7. Ña weddee ngay wax naan : "Ndax dunu leen tegtal ci waa joo xam ne nee naay su ngeen deewee ba daggatoo, di ngeen dekkiwaat?

8. Moo ndax dafay sosal Yàlla ay fen ? Walla jinne dakoo sadd ?" La am kay moo di ña gëmul àllaaxira ñanga ca mbugal ak réer gu sori.

9. Ndax dañoo gisul li leen wër ci asamaan ak suuf ? Su Nu sooboon, mën Nanu leen a jaxaseek suuf si, walla Nu rotale ay dogit yu bawoo ci asamaan si. Ay kéemaan a ngi ci loolu ngir bépp jaam buy delluwaakoon ci Boroom bi .

10. Joxoon Nanu Daawuda ngëneel lu bawoo ci Nun. Doj yeek njanaaw yi ànd ak moom di sàbbaal. Te it nooyalaloon Nanu ko weñ gu ñuul.(r)

11. (ne ko) : “Liggéeyal ay mbubbi koŋ te jekkal ko”. Te ngeen di jëf u yiw. Kuy gis laa [Man Yàlla] li ngeen di def.

12. Tàggataloon Nanu Suleymaan ngelaw li, am xëyëm doxub weer la woon, am ngontam it, doxub weer la woon. Nu nooyalaloon ko bëtub mbellum përëm. Amoon na ci jinne yi ñu koy liggéeyal ci ndigalul Yàlla. Ku ca fétt nag, Dananu ko mosal mbugalum safara.

13. Ñu di ko liggéeyal lu ko soob : ci ay tabax ak i bóoli yu tollu ni ay xur, ak i kawdiir yu ñu sësale. “Yéen waa kër Daawuda, gërëmleen Yàlla”, te néewaana mu am ci sama jaam yi ay santkat.

14. Ba Nu dogalee mu war a dee, la leen ko xamal moo di max ga lekk yetam wa. Ba mu daanoo, jinne yi daldi xam ne bu ñu xamoon kumpa, duñu sax ca mbugal moomee daan leen tax a doyadi.

15. Waa réewum Saba amoon nañu màndargam ñaari dër ci ndeyjoor ak càmmooñ. “Lekkleen ci xéewali Yàlla, mayi seen Boroom, te ngeen sant Ko ndax : may na leen dëkk bu teey, neex, te di Boroom biy Jéggalaakoon”.

16. Waaye dummóoyu woon nañu . Nu daldi leen yebalal mbënnum téqum ndox ma, Nu daldi leen soppil seen tooli dër y, def leen ay tool yu am meññent mu sëcc ak i gargamboose ak i siddéem juy néewal.

Draft

17. Loolu la Nu leen feye woon ngir seenug weddi. Moo ndax Dananu ko feye keneen ku dul ñuy weddi ?

18. Te defoon nanu seen digganteek yeneen dëkk ya barkeel, ay dëkk yu fés, te nattle woon Nanu seenug demlante. “Demlanteleen ci guddi mbaa bëccëg ci kóolute”.(s)

19. Ñuy wax naan : “Yaw sunu Boroom, dandaleel sunuy diggantey dëkk”, daldi tooñ seen bopp. Ba mujj di ay waxtaan ndax téqale Nanu leen. Ay kéemaan a ngi ci biir loolu ngir bépp muñaakoon buy sant.

20. Séytaane dëggalal na leen njortam. Ñoom ñépp daldi koy topp ba mu des ab kurél bu néew ca way-gëm ña.

21. Amul woon ci ñoom benn mën-mën lu dul ngir Nu xam ña ca gëm àllaaxira ak ña koy sikki-sàkka. Sa Boroom mooy wattu lépp lu ne.

22. Waxal ne : “Li ngeen di jaamu bàyyi Yàlla. Amuñu lu tollu ni kem aw fepp ci asamaan yeek suuf si. Bokkuñu ci, ci dara, te it kenn dimbaliwu ko woon ci ñoom”.

23. Tinu mënu la jariñ dara fa Moom [Yàlla], lu dul ka Mu ca jox ndigal. Bu tiit ma duggee seeni xol nag, ñu naan : “Lan la seen Boroom wax nag ?”. Ñu ne leen : “Dëgg rekk ; Te Moom moo di Ku Kawe, di Ku Màgg ka”.

**24**. Neel : “Ana kan moo leen di wërsëgal ci asamaan yeek suuf si ?”. Waxal ne : “Yàlla. Te Nun ak yéen, ana kan moo nekk ci njug walla réer gu bir”.**(h)**

25. Neel : “Kenn duleen laaj li nuy def, te it kenn dunu laaj li ngeen di def”.

26. Waxal ne : “Sunu Boroom dananu dajale, daldi Nuy àtte ci dëgg, Mooy ubbiwaakoon bu xam ba”.

27. Waxal ne : “Wonleen ma ña ngeen daan bokkaaleek Yàlla. [Mukk] ! Li wér moo di ne Mooy Yàlla, di Boroom Kàttan, di Ku Xereñ”.

28. Yónniwunu la [yaw Muhammad] lu dul nga daj képp nit ñi, di béglekat, di xuppekat. Waaye li ëpp ci nit ñi duñu xam.

29. Ñuy wax naan : “Dig ba kañ lay doon su fekkee ne li ngeen di wax dëgg la ?”.

30. Waxal ne : “Am ngeen digub Bis boo xam ne dungeen ko jiitu, dungen ko yées !”.

31. Yéefar ya nee nañu : “Duñu gëm Alxuraan walla lu ko jiitu”. Cëy boo gisoon tooñkat ya bu keroogee ba ñu taxawal leen ci seen kanamu Boroom, nga gis leen ñuy wàqante ! Ña néewoon doole di wax kilifa ya, naan leen : “Bu dul kon ak yéen, ay jullit la nuy doon”.

32. Ña ca doonoon kilifa wax ña ca néewoon doole, ne leen : “Ndax Nun noo leen féewale woon ak njub ga ca ba mu leen dikkalee ? Li wér kay mooy yéen ay tooñkat ngeen”.

33. Ña ca néewoon doole wax ña ca doonoon ay kilifa, ne leen : “Moom ngeen daan fexe guddi ak bëccëg, ndax yéen a nu daan digal nuy weddi Yàlla, di ko sàkkal ay bokkaale”. Daldi nañu rëccu ba ñu gisee mbugal ma. Nu daldi def ay jéng ca loosi ña weddi : moo ndax feyewuñu leen lu dul la ñu daan def ?”

34. Amul benn dëkk bu Nu mës a yebal ab xuppekat lu dul ne kilifa ya dañuy wax naan : “Nun dey weddi nanu lii ñu leen yónni”.

35. Ñuy wax it naan : “Nun noo leen ëppale alal ak i doom te sax kenn dunu mbugal”.(s)

36. Waxal ne : “Yàlla sama Boroom mooy yaatalal ku ko soob wërsëg, di ko xatal it. Waaye li ëpp ci nit ñi waxuñu”.

37. Nekkul ne seeni alal walla seeni doom ñoo leen di tax a jegeñ Yàlla. Lu dul ña ca gëm tey jëf u yiw. Ñooñu danañu am pey gu ñu fulandi ci sababus la ñu daan jëf, te ñoom ña nga ne fayax ci ay kër yu kawe [ca Àjjana].

38. Waaye ña daan dox, di dëgërante bopp ak Sunuy kàddu, ñoom ña nga ne xeew ci biir mbugal ma.

39. Waxal ne : “Yàlla sama Boroom mooy yaatalal ku ko soob wërsëgam ci jaamam yi, Moo koy xatal it. Lépp lu ngeen mën a joxe [ci alal], moom Yàlla moo koy wuutalaat, te Yàlla moo di ngën ji kuy wërsëgal”.

40. Bu keroogee Bis ba leen Yàlla di dajale mbooleseen. Ba noppi daldi wax Malaaka ya ne leen : “Moo ndax ñii yéen la ñu daan jaamu ?”.

41. Ñu ne : “Tudd nanu sag sell ! Yaw yaay sunu wéeruwaay, du ñoom. Li am moo di, ñoom jinne yi la ñu daan jaamu, li ëppoon ci ñoom jinne la ñu gëm.

42. Tey jii nag, kenn ci ñoom ëmbalut moroomam lor mbaa njariñ, te Dananu wax ña daan tooñ ne leen: “Tokkamtikuleen mbugamal Safara sa ngeen doon weddi”.

Draft

43. Bu ñu mësaan a jàng ci ñoom laaya yu leer, dañu naan : “Waa jii daal nammul lu dul féewale leen ak li leen seeni baay daan jaamu”. Ñuy wax it naan : “Lii daal du dara lu dul ay fen yu ñu sos”. Ña weddi woon dëgg it ba mu leen dikkalee, ña nga naan : “Lii daal ag njibar doŋŋ la !”.

44. [Moonte] Joxuñuleen woon ay téere yu ñuy mën a jàng. Mësuñoo yónni it ca ñoom ab xuppekat bu la jiitu.

45. Xeet ya jiitu woon waa Màkka weddi woon nañu Yonent ya. Te waa Màkka amuñu ca lu tollu ni fukkeelu la ñu joxoon ñooña [ci kàttan]. Ñoom it ne sunuy ndaw ay fenkat lañu. Kon naka la samab sànje di dem !

46. Waxal ne : “Maa ngi leen di waar ci lenn : nangeen taxaw ngir Yàlla, moo xam ngeen diy ñaar-ñaar walla ngeen di benn been, te ngeen xalaat. Seen àndandoo bii di Muhammad jinne sadd ko : moom doonul lu dul ab xuppekat bu ame mbugal mu nekk seen kanam”.(r)

47. Neel : “Laajumaleen ci ag pey, yéen a ko moom. Samag pey, Yàllaa ko warlu. Moom seede la ci lépp lu nekk”.

48. Neel : “Neel Yàlla mooy badd ndawam ci dëgg. Mooy xamaakoonu mbóot ya”.

49. Waxal ne : “Dëgg [Lislaam] dikk na. Te ag neen [kéefar] du fi tàmbalee te du fi dellusi”.

50. Waxal ne : “Su ma réeree , sama bopp doŋŋ laay sànk ; su ma gindikoo it, ci sababus li ma Yàlla soloo lay ame, Moom Yàlla kuy Dégg, kuy Jigeñ la”.

51. Cëy soo leen gisoon ba ñu jàqee, - kenn du raw, - dañu leen a ndarkepp ci barab bu nekk !

52. Ñu neey : “Gëm nañu”, - Moo fu leen ngëm di bawoo ?

53. te fekkoon ñu weddi lu jiitu, di sànney kumpa ci barab bu sori !

54. Ñu gàllankoor seen digganteek la ñu doon wuneen [sopp], kem nañu ko defe woon ca ña leen jiitu, ña nga woon ci biir sikki-sàkka gu xóot.

Draft

# Saar 35 : Aji-sàkke ji

## 45 Laaya – Laata Gàddaay gi

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Xeeti cant yépp ñeel na Yàlla mi bind asamaan yeek suuf si, Mooy ki def Malaaka yi ñu di ay ndaw te di woroomi laaf, ñaar-ñaar, ñett ñett walla ñeent ñeent. Mooy dolli ca mbind ga lu ko soob, Yàlla mën na lépp lu nekk.

2. Li Yàlla di ubbil nit ñi ci yërmaande, kenn mënu koo fànq, lu Mu tëj itam, kenn mënu koo tijji ginnaawam. Mooy boroom Kàttan, di Ku Xereñ.

3. Éy yéen nit ñi ! Fàttalikuleen xéewali Yàlla yi ci yéen : moo ndax amuñu bindkat bu dul Yàlla, bu leen di wërsëgal ci asamaan yeek suuf si ? Amul jeneen yàlla ju dul Moom ! Moo yéen ndax mën ngeen koo dummóoyu ?

4. Bu ñu la weddee it, xamal ne weddi woon nañu ay Yonent yu la jiitu woon. Te ca Yàlla la mbir yi di mujj.

5. Éy yéen nit ñi ! Li Yàllay dige dëgg la. Buleen dundug àddina bii di fàbbi, buleen Séytaane tax a fakku ci Yàlla.

6. Séytaane, seenub noon la. Nangeen ko jàppe ab noon. Li muy woote di ci xiirtal gàngooram moo di ngir ñu nekk waa Safara doŋŋ la.

7. Ña weddi, mbugal mu metti dana leen dal, ña gëm nag tey jëf u yiw, danañu am njéggal ak pey gu rëy .

8. Naka kay jàppee ñaawtéefam ya muy lu rafet... ? – Yàllaay réeral ku ko soob, di gindi ku ko soob – Bul sonnal sa bopp ci ñoom : Yàlla xam na xéll la ñuy def.(s)

9. Yàlla miy yebal ngelaw muy niir, Nu wommat ko jëme ko ci dëkk bu deewoon ; di ca dundal suuf si ginnaaw ba mu deewee. Noonu la Dekki di ame.

10. Képp kuy bëgg kàttan , na xam ne kàttan ba kàttan jeex, Yàllaa ko ame : ca Moom la wax ju yiw di yéeg ak jëf ju yiw, Mu di ko yékkati. [Waaye] ñiy fexe ay ñaawtéef, am nañu mbugal mu tar. Te seeni pexe du joy mukk.

11. Yàlla moo leen bind ci suuf ba eggal, def leen ay lumb deret, topp Mu def leen ay yóllent [góor ak jigéen]. Amul jenn jigéen juy ëmb walla muy imbi lu dul ci xam-xamam lay ame. Amul it genn dundu guy yokk walla muy wàññiku te duwut ne mi ngi ci ab Téere . [Loolu] yomb na lool ca Yàlla.

12. Ñaari géej ya yemuñu : gii dafa neex a naan te lewet domm, gee saf xorom te naqari. Ngeen di ca génnee aw yàpp wu tooy di ko lekk, ngeen di ca génne itam gànjar gu ngeen di sol. Nga gis gaal ya di jax ca biir ngir sàkku ci ay xéewalam. Ak it ndax amaana ngeen sant.

13. Mooy dugal guddi ci bëccëg, di dugal bëccëg ci guddi. Di tàggat jant beek weer wi. Lu ca nekk a ngay daw ci ab dig bu ñu ko àppal. Kooku moo di Yàlla : seen Boroom moo moom nguur, te li ngeen di jaamu bàyyi ko, amuñu sax lu tollu ni kem mbuusum xooxu tàndarma.

14. Bu ngeen leen di woo, duñu leen dégg ; bu ñu leen déggoon it, duñu leen tontu. Bu Bis- pénc baa, danañu teggi ba mu set li ngeen ko doon bokkaale. Amul kenn ku la mën a jox xibaar yu wére nii.

**15**. Éy yéen nit ñi, yéen ay soxlaa woo Yàlla, waaye Yàlla moom Ku doylu la ci boppam, di Yeyoowaakoonu cant.**(n)**

16. Su ko neexoon Mu yóbbu leen, indi ñeneen mbindeef yu bees.

17. Te loolu du lu jafe ci Yàlla.

18. Kenn du yenu bàkkaarub keneen. Te képp ku diis gann ak bàkkaar, bumu cay woote ndimbal, kenn du ko yenul dara, doonte la sax dafa di mbokkug jegeñaale. Da di rekk ne nangay xupp ña di ña ragal seen Boroom ci kumpa tey taxawal julli. Te képp ku cay sellal, na xam ne boppam la koy defal, te ca Yàlla la lépp di mujj.

19. Gumba ak njàccaar niróowuñu.

20. du caagene lëndëm ak leer.

21. du caagene ker ak naaj.

22. Ñiy dundu it niróowuñook ñi dee. Yàlla dina déggloo ku ko soob, te yaw Muhammad mënoo déggloo ñi xas nekk ci biiri bàmmeel.

Draft

23. Yaw daal nekkoo lu dul ab xuppekat.

24. Yónni Nanu la ci dëgg ngay bégalekat di ab xuppekat, amul wenn xeet wu amul ab xuppekat.

25. Su fekke ne dañu laa weddi, [xamal ne] am na ñu leen jiitu woon te daan weddi, ndax seeni Yonent indiloon nañu leen ay laaya, ay firnde yu bir ak ay mbind ak ab Téere bu leer.

26. Ginnaaw ba, Ma jël ña weddi. Cëy na Ma leen jële.

27. Xanaa gisuloo ne Yàlla moo wàcce ndox mu bawoo ci asamaan si ? Nu daldi cay génne ay meññent yu wuute ay wirgu. Am na it ci tundi doj yi yuy sësëloo te weex, ak yuy xonk, yu wuute ay wirgu, ak yu ñuul kukk.

28. Am na it ci nit ñi, ci daaba yeek mala yi yu wuute ay wirgu, noonu rekk la. Jaami Yàlla yi ko ragal ñoo di woroom xam-xam yi. Te Yàlla boroom xam-xam la, di Jéggalaakoon.

29. Ñay jàng Téereb Yàlla ba, tey taxawe julli, tey joxe ci [alal] ji Nu leen wërsëgale, ci lu nëbbu ak ci lu feeñ, ñoom yaakaar nañu am njula mu dul yàqu.

30. loolu lépp ngir Yàlla jox leen seenug pey te dolli leen ciy ngënéelam. Moom Yàlla, Jéggalaakoon la, Kuy sant la.

31. La Nu la soloo ci Téere bi mooy dëgg tey saxal la ko jiitu woon . Yàlla kuy Xàmmee la, Kuy Gis jaamam ñi la.(S)

32. Ginnaaw ba, donnale Nanu Téere ba sunu jaam ña Nu tànn. Am na ci ñoom kuy tooñ boppam, am na ci ñoom ñuy yamamaay, am na it ci ñoom ñuy jëkkante ciy jëf yu baax ci ndimbalu Yàlla ; loolu nag tigi mooy ngëneel la gën a màgg.

33. Àjjanay Hadan yoo xam danañu ca dugg, ñu di leen fa sadd ay lami wurus ak peme ; te seenug col ca biir àjjana yooyu sooy lay doon.

34. Ñuy wax naan : “Xeeti cant yi ñeel na Yàlla, Yàlla mi nu dàqal tiitaange. Sunu Boroom daal Jéggalaakoon la buy Yayoowaakoonu cant.

35. Moom mi nu dalal ci kërug nooflaay ci mbaaxam, coono dunu fa dab, jaaxle it dunuu fa dab”.

36. Ñay weddi nag, ñoom Safara la ñuy dëkk : ñu di leen xorñoññal, duñu dee ; te it deesuleen woyofalal mbugal ma. Noonu la Nuy feye képp ku di ab weddiwaakoon.

37. Ña ngay yuuxu ca biir, di wax naan : "Yaw sunu Boroom, génne nu ; kon dey dananu jëf u yiw, wu bokkul ak la ñu daan jëf". "Waaw, moo ndax dundalunuleen fa woon diir bu tax, ña fàttaliku ñépp, fàttaliku nañu ca ? Te ay xuppekat it dëkkaloon nañu leen. Kon book, toqamtikuleen mbugal mi. Tooñkat yi, kenn duleen dimbali".

38. Yàllaa xam kumpag asamaan yeek suuf si. Moom ab Xamaakoon la li nekk ci dënn yi .

39. Moo leen def ngeen di ay kuutaatam ci kaw suuf si. Képp kuy weddi, weddeem ga dana daanu ci kawam. Te yéefar ya, seenug weddi duleen dolli lu dul jéppig Yàlla. Te it seen weddi googu duleen dolli lu dul yàqule.

40. Neel : "Ndax gis ngeen ñi ngeen bokkaleek Yàlla, di leen jaamu ? Wonleen ma ñoom ana lan la ñu bind ci kaw suuf si. Walla dañoo am sañ-sañ ci asamaan yi ? Walla dañu leen a joxoon Téere bu leen bir" Déedéet ! Li am kay moo di ne tooñkat ñi ñoom wor rekk la ñuy digante.

41. Yàlla moo téye asamaan yeek suuf si ba daanuwuñu. Te bu ko dindi woon it, amul kenn ci ñoom ku ko cay téye ginnaawam. Moom Yàlla ab Jéggalaakoon la, ku Lewet la.(r)

42. Dañu daan waat ci Yàlla fu ngiñ gën a ñàngee, di wax naan : su leen ab xuppekat dikkaloon, ñooy gën a gindiku weneen xeet wu dul ñoom. Waaye ba leen ab xuppekat dikkalee , dolliwuleen lu dul dummóoyu .

43. [Te dara waralu ko] lu dul rëy-rëylu ak pexe yu bon. Te pexe mu bon du rey lu dul boroom. Te ñoom néggandikuwuñu lu dul xew-xew ya leen jiitu woon ? Te tëralinu Yàlla kenn du ko sopparñi, te kenn it du ko wëlbati.

44. Moo ndax dañoo doxul ci suuf si tey xool mujjug ña leen fi jiitu woon te ëppoon leen doole ? Amul dara lu mën të Yàlla ci asamaan yeek suuf si. Moom Yàlla kuy Xam la, kuy Mën la.

45. Su Yàlla doon jàppe nit ñi ci li ñuy def. Kon du bàyyi kenn kuy dox ci kaw suuf si. Waaye daleen di xaare àpp ba Mu àppal. Cëy bu dig ba agsee... [danañu xam ne] Yàlla kuy gis jaamam ñi la.

# Saar 36 : Yaa-Siin

## 83 Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Yaa-Siin.

2. Maa ngi waat ci Alxuraan jii fees dell ag xereñ.

3. Ci ne yaw [Muhammad] bokk nga ci limub Yonent yi.

4. ci kaw yoon wu jub xocc wa.

5. Mi ngi wàcce ci Yàlla boroom Kàttan ga di ab Jaglewaakoonu yërmaandeem.

6. Ngir nga xupp aw nit ñoo xam ne kenn musul a xupp seeni baay : ñoom dañoo sàggan.

7. Àtte ba dog : te la ëpp ca ñoom [ca Lawhul Mahfuuj] ci ne duñu gëmati. (s)

8. Def Nanu ay jéng ci seeni loos, mu àndak seeni daayi sikkim : ñu joñ leen.

9. def Nanu ab ñag ci kanam ak ci seen ginnaaw ; Muur Nanu leen ba dootuñu gis.

10. Nga xupp leen ak nga ñàkk leen a xupp ñoo yem kepp ci ñoom : duñu mës a gëm.

11. Ka ngay war a xupp kay mooy kay topp [Alxuraan], tey ragal Yàlla ci kumpa. Nanga ko bégal ci ag njéggal ak pey gu tedd .

12. Nun Yàlla nooy dundal néew tey bind la ñu defoon ak seeni jeexit. Te mbir mu ci bokk yéege Nanu ko ci biir ab téere bu bir , bind ko ca.

13. Joxleen misaal ci waa dëkk ba ab Yonent dikkaloon.

14. Ba Nu leen jebalee ñaari ndaw ñu weddi leen. Nu daldi leen kàttanalaat ci ndaw lu leen ñetteel, ñu ànd ñoom ñett, ne leen : “Nun ndawi Yàlla lanu”.

15. [Waa dëkk ba] tontu [Antaakiya] ne leen : “Yéen daal, ay mbindeef ngeen ni nun. Te Yàlla wàccewul dara, yéen daal ay fenkat doŋŋ ngeen”.

16. [Yonent ya] waxaat ne : “Yàlla xam na ne nun ay Yonent lanu ci yéen.

17. te dara warunu lu dul jottali ba mu leer nàññ.”

18. Ñu ne : “Gaafal nanu leen. Te bu ngeen bàyyiwul, dananu leen jóori xeer te dananu leen mbugal mbugal mu tar”.

19. Yonent ya ne leen : “Seen gaaf googu mook yéen a ànd”. Moo ndax fàttaliwunu leen woon ? Yéen daal dangeen a yebaate !”.

20. Mu am waa ju jóge woon ca anéeri dëkk ba, di dox ne leen : “Éy yéen samaw nit, moo tee ngeen a topp Yonent yi :

21. Toppleen ku dul laaj ag pey te ñoom ñu gindiku lañu.

22. moo man, ana lu may war a dal ba tax duma jaamu Yàlla mi ma bind ? Te ca Moom ngeen di dellu.

23. Moo ndax damay wuti jeneen yàlla ju dul Moom ? Te bu Yërëmaakoon bi natte ci man lor, seenug tinu duma jariñ dara te duñu ma xettali.

24. Su loolu amoon dey kon, maa ngi ci ag réer gu bir.

25. Man dey, gëm naa seen Boroom, dëggal-leen ma”.

26. Waxees na ko, ne ko : “Tàbbil Àjjana”. Mu wax ne : “Cëy aka neexoon samaw nit xam !

27. ... li tax Yàlla jéggal ma, def ma ma bokk ci ña Muy teral”.

**28**. Wàccewunu ci aw nitam ginnaaw ba mu jàllee, ay xarekat ñuy bawoo asamaan. Bëggunu fa woon a wàcce dara itam.**(h)**

29. Génn xaacu rekk a fa jaar, ñu faf giim.

30. Ndeysaan jaam ñi le ! Ab Yonent mësuleen a dikkal mukk te du dañu koy ñaawal.

31. Xanaa gisuñu na Nu faagale woon maas ya leen jiitu woon ? Te kenn du ca dellusi.

32. Te ñoom ñépp danañu daje Sama kanam .

33. Indil Nanu leen firnde te moo di suuf si dee , Nu dekkalaat ko, [tawu ndow] génne ca ay doom, ngeen di ca lekk.

Draft

34. Nu def ca ay tooli dëri tàndarma ak yu reseñ, xàbbal ca ay bëti ndox,

35. ndax ngeen di lekk ca meññent ma ak li ngeen cay liggéeyee. Moo ndax duñu sant ?

36. Tudd naa sellug bind yóllent yi mbooleseen ci liy sax ci suuf ak ci seeni jëmm ak ci li ñu xamul !

37. Ak firndey bu bëccëg jàlle, guddi ñëw lëndëm taruus.

38. te jant baa ngay daw ca fa ñu ko rëddal ; looloo di nattaleb Yàlla miy boroom Kàttan, di ku Xam.

39. Weer wi nattale Nanu ko ay këri wàccuwaay ba faf mu mel ni tàndarma gu màggat.

40. Jant bi du jot weer wi, guddi it du jiitu bëccëg ; ku nekk a nga ca yoonam di féey.

41. Ak firndey yenu gi Nu yenu seeni sët ci biir ag gaal gu ñu sëf ;

42. Te sàkkal Nanu leen yeneen yu ni mel ñu di ca war.

43. Bu Nu sooboon, Nu labal leen ; duñu xam fu ñuy yuuxu jëmële, te kenn du leen xettali,

44. lu dul yërmaande ju bawoo ci Nun, ak i xéewal ba jëmmi jamono.

45. Te saa su ñu leen waxee ne : "Wattandikuleen li nekk ci seen kanam ak li ci seen ginnaaw ndax amaana yërmaande wàcc ci yéen" !...(s)

46. Amul yenn laaya , yu bokk ci seeni laayay Boroom, dikkal leen te dañu koo dëddu.

47. Saa su ñu leen waxee ne : "Joxeleen ci alal ji leen Yàlla wërsëgal", ña weddi dañuy wax ña gëm, naan leen : "Moo ndax nun danuy dundal koo xam ne bu neexoon Yàlla mu dundal ko ? Yéen daal ci ag réer gu bir ngeen nekk".

48. Ña ngay wax naan : "Dig ba kañ lay ñëw ndegam li ngeen di wax dëgg la ?"

49. Xaaruñu lu dul genn yuuxu gu leen jël fekk leen ñuy xuloo.

50. Duñu mën a batale, di dénkaane, mbaa ñuy mën a dellu ca seen njaboot.

51. Su ñu ëfee Buftu bi, dañu naan futeet ca bàmmeel ya, dox wuti seen Boroom,

52. ñuy wax naan : “Wóoy ngalla nun ! Moo ana kan moo nu yékkatee ci sunu yàndoorukaay bi ?” Lii dey mooy la nu Yërëmaakoon bi doon dig ; kon Yonent yi waxoon nañu dëgg.

53. Genn ug xaacu rekk a jib, ñu seet-seeti ñoom ñépp, ne jaseet Sunu kanam.

54. Bis niki tey, deesul tooñ benn bakkan . Te deefuleen feye lu dul la ngeen daan jëf.

55. Bis niki tey, waa Àjjanaa ngi ci xéewal gu mat sëkk ;

56. ñoom ak seeni soxna, ña nga ca biir kër ya, sóonu ca lal ya.

57. Am nañu fa ay fuytéef ak lépp lu ñuy soxla,

58. “Jàmm rekk la ñu fay ame” ! Mu bawoo ca Boroom biy Jaglewaakoonu Yërmaandeem.

59. “Ayca ! Ca biti, yéen tooñkat yi !(r)

60. Yéen doomi-aadama, ndax digewuma woon ak yéen ngeen bañ a jaamu Séytaane ? Ndax seenub noon la bu nëbbëtuwul,

61. te ngeen di Ma jaamu ? Lii mooy yoon wu jub xocc wi.

62. Mu réeral ci yéen lim bu takku. Xanaa daawuleen xalaat ?

63. Safara si ñu leen daan dig, mi ngi nii.

64. Xoyomuleen ci bis niki tey, muy [peyug li ngeen daan weddi]”.

65. Bis niki tey, Dananu ŋalaab seeni gémmiñ, seen yoxo ya di wax ak Nun, seen tànk ya di seede la ñu daan fàggu.

66. Te kat, bu Nu sooboon, Dananu fatt seeni gët, bàyyi leen ñuy jëkkante ci kaw [siraat], ba xam fu ñuy giseeti ?

67. Bu Nu sooboon, Dananu leen rat benn barab ; dootuñu dem, duñu dikk.

68. Képp ku Ma defal aw fan wu guddi, Danaa ko màggatloo, xanaa dungeen xalaat ?

69. Jàngalunu Muhammad woy mbaa lu koy nuru ; lii daal du dara lu dul ag fàttali ak Alxuraan juy biral,

Draft

70. ngir muy xupp ñiy dundu, wax ja itam di lu yay ca yéefar ya.

71. Xanaa dañoo gisul ne sàkkal Nanu leen ci Sunu liggéeyu loxo ag jur gu ñuy moom ;

72. Nu tàggatal leen ko ; ñu di ca war te it ñu di ca lekk ;

73. am nañu ci ay njariñ ak i naan. Moo ndax dañu dul sant ?

74. Ñuy jàppe yàlla leneen lu dul Yàlla, ngir ñu neey danuy sàkku ndimbal...

75. Yooyu duleen mën a dimbali, dañuy sax faf di jàmmaarlook ñoom [di xare].

76. Bula seeni wax jaaxal ! Nun xam Nanu li ñuy yelu ak li ñuy biral.

77. Xanaa nit dafa gisul ne Nun Yàlla noo ko bind ci lumbub deret ? Deketeyoo moom ab xulóowaakoon la bu di ab pànk !

78. Mu di Nu sàdd léebu, fàtte na ag sosoom ; dana wax naan : "Ana kan mooy dekkalaat ay yax yu funux ?"

79. Neel : "Ki ko sosoon bu jëkk. Te xam lool bindafoon yépp ;(S)

80. te Moo di ki leen defal ci garab gu nëtëx, aw safara wu ngeen di taaloo.

81. Moo ndax ku bind asamaan yeek suuf mënul a bindaat ñeneen yu na mel ? Axakañ ! Moo di Bindaakoon, Xamaakoon bi.

82. Ay mbiram moo di, saa su bëggee menn mbir, dakoy wax : "Nekkal", mu daldi nekk.

83. Tudd naa sellug ki nga xam moo ame ci loxoom moomeelug lépp ! Te it ca moom ngeen di dellu yéen ñépp.

Draft

# Saar 37 : Sàppe ya

## 182 Laaya – Laata Gàddaay

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. [Maa ngi] giñ ci [Malaaka] ya sësëloo, def ay sàppe.

2. Ñay bëmëg niir yaak doole.

3. Ñay jàng ngir fàttali :

4. "Ne seen Yàlla jenn la tigi,

5. mooy Boroom asamaan yeek suuf si ak li nekk seen diggante tey Boroom penku yi".

6. Taaralal Nanu asamaan si gën a jexe àddina si ci taarub ay bidiw,

7. def ca kaaraange ci sépp séytaane suy féttérlu.

8. Duñu mën yëddu waa péey ba gën a kawe ; te dañu leen fay mbàqe wet gu nekk,

9. dàqe leen fa. Ñu am mbugal muy sax.

10. Xanaa rekk léeg-léeg mu am ñu cay sàcc ay xibaar ; ñu di ko dàq ak jumu safara buy bënn.

11. Laajleen baxam dañoo gën a jafe bind ñeneen ña Nu bind ? Noo ngi leen binde ci ban bu tikk !

12. Yaw waaru nga, te ñoom ña ngay tejjiy reetaan !

13. Te bu ñu leen di fàttali, duñu fàttaliku [Alxuraan] ;

14. dañuy wàkkante ak a reetaan [saa su ñu gisee keemaan],

15. tey wax naan : "Lii dey ag njabar doŋŋ la.

16. Moo ndax su nu faatoo ba def suuf ak i yax, dees nanu dekkalaat ?

17. ak sunuy baay ak i maamaat ?"

18. Neel : "Waaw ! te dangeen torox de".

19. Genn ug xaacu rekk ay jib, ñu ne xewwu di xoolante (dekki),

20. ñuy wax naan : “Ngalla nun ! Bis-pénc baa ngi nii waay”.

21. “Lii mooy bisub àtte ba ngeen jàppe woon ay fen, weddi ko”.

**22**. “Dajaleleen tooñkat ya ak seeni jabar ak la ñu daan jaamu,**(n)**

23. bàyyi woon Yàlla. Te wëtal leen jëme yoonu Safara.

24. Te ngeen taxawlooleen : ndax dañu leen di laaj”.

25. “Ana lan moo tax dungeen dimbalante” ?

26. Li wér mooy bis niki tey jébbalu nañu,

27. ku nekk di geesu moroom ma, ñuy laajante ;

28. Ñuy wax naan : “Yéen a nu daan ga ci kéefar”.

29. [Kilifa ya] ne leen : “Yéen kay yéen a gëmul woon.

30. Te nun amunu woon benn sañ-sañ ci yéen. Yéen kay yéen a bewoon.

31. La Yàlla daan wax dal na ci sunu kaw ; [tey] noo ngi toqamtiku [mbugal].

Draft

32. “Noo ngi leen di jiiñ cànkute, waaye nun ñépp a faf sànku”.

33. Bu bisub keroogee ñoom ñéppay bokk mbugal ma.

34. Noonu la Nuy def tooñkat ya.

35. Bu ñu waxaan ne : “Amul jeneen yàlla ju dul Yàlla”, dañu daan rëy-rëylu,

36. tey wax naan : “Ndax danuy bàyyi sunu yàlla yi ngir woykat bu dof ?”

37. Te moom dëgg rekk la indi tey dëggal li Yonent ya indi woon,

38. Yéen dangeen mos mbugal mu mitti.

39. Te it kenn du leen feye lu dul la ngeen daan jëfe,

40. ba mu des jaami Yàlla yay sellal,

41. Ñoom am nañu wërsëg wu ñu xam :

42. ay fuytéef ak i teraanga,

43. ca biir Àjjanay xéewal ja,

44. ñuy jàkkaarloo ca seen kawi lal.
45. Ñu di leen wër ak kaasi bënub ndox
46. weex tàll, te neex lool ca ña koy naan,
47. Lëj-lëj du fa am.
48. Te am nañu fa ay lamsalkat yu am bët ,
49. weex ba mel ni nen.
50. Ku nekk di geesu moroomam di laajante.
51. Mu am ci ñoom kuy wax naan : “Man dey amoon naa àndandoo”(s)
52. di wax ba-tey naan : “Ndax yaw gëm nga tigi ?
53. Ndax bu nu faatoo ba doon suuf ak i yax, dara dananu warati ?”
54. Mu wax ne : “Xanaa téenuleen ?”
55. Mu daldi téen, gis ko ca biir Safara,
56. mu wax ne : “Waat naa ci Yàlla ne ! Xaw nga maa tax a alku !
57. dogankoon ak sama dimbalul Boroom, danaa sànku.
58. Xanaa nun dey dunu dee
59. lu dul ca dee gu jëkk ga te xanaa kenn dunu mbugal ?”
60. Lii mooy texe gu màgg ga.
61. Ñiy jëf, nañuy jëf lu mel nii.
62. Moo ndax loolu moo di wàccuwaay ba gën, walla garabug Zaquum ?
63. Def nanu ko muy sànjub tooñkat ya.
64. Moom garab la guy génn ca ndéntul Safara.
65. Meññent ma mel ni boppi séytaane.
66. Ca la ñuy lekk, di ca feesal seeni biir.
67. Am nañu fa, ca kawam, am ndox mu tàng [di wañax].
68. Safara rekk mooy seen kër.
69. Daje nañu faak seeni [baay ak i maam] cig cànkute,

70. ñuy yolli-yolli topp leen.
71. Li ëppoon ca ña leen jiitu woon sàkku woon nañu.
72. Ndax yónni woon Nanu ci ñoom ñuy xuppe, di waaraate .
73. Xoolal mujjug ñanu daan xupp !
74. Ña ca dul jaami Yàlla ya ca daan sellal :
75. Nooh woo na Nu di ñaan, Nu wuyyu ko, nangu ñaanam.
76. Nu musal ko mook njabootam ci tiit mu rëy ma,
77. Nu def ay sëtam doŋŋ des fa.
78. Nu bàyyi ko, may ko mu di fàttaliku,
79. Yal na jàmm wàcc ci Nooh ci kaw àddina sépp !
80. Noonu la Nuy feye ñiy rafetal.
81. Moom bokk na ca Sunu jaam yu gëm ya.
82. Ginnaaw ba, Nu labal ña ca des.
83. Ibrahiima bokkoon na ca ay njabootam.(r)
Draft
84. Fàttalikul ba mu dikkee ca Boroomam ànd ak xol bu mucc ayib.
85. Ak ba mu waxee baayam ak nitam, ne leen : “Ana li ngeen di jaamu ?”
86. Moo ndax ay nar ngeen di namm a def ay yàlla bàyyi Yàlla Moom ?
87. Waaw, lu ngeen njort ci Yàlla boroom asamaan si ?”
88. Mu téen xool biddéew yi [di settantal],
89. mu daldi wax ne : “Man damaa wopp”.
90. Ñu dëddu ko, won ko ginnaaw.
91. Mu potoxlu ca seen yàlla ya, ne leen : “Ndax du ngeen lekk ?
92. Ana lu leen dal ba dungeen wax ?”
93. Mu potoxlu dóor leen ak ndeyjoor.
94. Ñu wutsi ko di daw.
95. Mu wax ne : “Ndax dangeen di jaamu lu ngeen di yatt,

96. te Yàlla moo leen bind ak li ngeen di defar ?”

97. Ñu wax ne : “Tabaxal-leen ko puur te sànni ko ca safara sa !”

98. Ñu bëggoon koo fexeel ; Nu suufeel leen, detteel leen.

99. Mu wax ne : “Maa ngi dem ca sama Boroom, Dana ma gindi.

100. Yaw sama Boroom, may ma ay sët yu yiw”.

101. Nu bégal ko, may ko doom ju lewet .

102. Ba mu amee ati àndak moom, Ibraahiima wax na ne : “Yaw samas doom, gis naa ci bi may nelaw, ci biir gént, ndigalul war laa rendi. Seetal looy xalaat”. (Ismaayiila) ne ko : “Yaw sama baay, defal lu ñu la digal : bu soobee Yàlla, danga gis ne maag muñkat yee ànd”.

103. Ba ñu wéyalee seen ndigalul Boroom, mu di dëféenal ko,

104. Nu woo ko, ne ko : “Éy yaw Ibraahiima !

105. Dëggal nga gént gi. Te noonu la Nuy feye ñiy rafetal”.

106. Lii ab tontu la bu bir.

107. Nu daldi koy jot ak lu ñuy rendi lu màgg.

108. Daldi koy bàyyi muy dundu moom Ismaahiila :

109. “Jàmmi Yàlla na nekk ci kaw Ibraahiima”.

110. Noonu la Nuy feye ñiy rafetal ;

111. bokk na ci Sunu jaam ñi gëm.

112. Bégal Nanu ko ci def Isaaqa mu di Yonent bokk ca ñay rafetal.

113. Nu barkeel ko moom ak Isaaqa. Mu am ci seeni sët kuy rafetal ak kuy tooñ boppam.

114. Xéewaloon Nanu Muusaa ak Haaruuna,(s)

115. Musaloon Nanu leen ñoom seeni sët ca tiit mu rëy ma,

116. Nu dimbali woon leen, ñoom ñoo nootoon.

117. Nu indiloon leen ab téere bu bir

118. Nu indiloon leen yoon wu jub wa xocc.

119. Nu bàyyi woon leen nit ña di leen fàttaliku :

120. “Jàmmi Yàlla na wàcc ci Muusaa ak Haaruuna”

121. Noonu la Nuy feye ñiy rafetal ;

122. ñoom ñaar bokkoon nañu ci Sunu jaam ñi gëm.

123. Ilyaas it tigi bokkoon na ci Yonent ya.

124. [Fàttalikul] ba mu waxee aw nitam, ne leen : “Ndax dungeen ragal Yàlla ?”

125. Moo ngax dangeen di woo Bahlu bàyyi Yàlla miy ngën ji kuy bind,

126. Yàlla miy seen Boroom te di Boroomi seeni baay ak i maamaat ?”

127. Ñu weddi ko, Nu mbugal leen.

128. Ba mu des jaami Yàlla ya daan sellal.

129. Nu bàyyi nit ñuy mujj noonu di ko fàttaliku :

130. “Jàmm yal na nekk ci njabootug Ilyaas”.

131. Noonu la Nuy feye ñiy rafetal,

132. bokk na ci Sunu jaam ñi gëm.

133. Lóot it bokk na ci Yonent yi.

134. [Fàttalikul] ba Nu ko musalee mook njabootam gépp,

135. ba mu des màggat gu jigéen ga àndoon ak ña sànku woon,

136. Ginnaaw ba, faagaagal Nanu ña ca des

137. Te yéen a ngi leen di romb bu ngeen di xëy

138. ak ci guddi gi. Xanaa dungeen xalaat ?

139. Yuunuusa it bokk na ca Yonent ya.

140. Ba muy daw jëm ca gaal ga ñu yeb ga,

141. Ba ñu wantalee mu bokk ca ña ñu waroon a sànni ca ndox ma.

142. Jën wa dal koy wann, muy ku yeddu.

143. Dugankoon ak li mu bokkoon ca ña doon sàbbaal Yàlla,

144. kon dey dana sax ca biir [jën wa] ba bisub dekkiwaat ba di ñëw.

**145**. Nu sànni ko ca teges ga te muy ku ràgg.**(h)**

Draft

146. Nu daldi fay saxal gàncaxug beraf,

147. Nu yebal ko muy Yonent ci téeméeri junniy nit mbaa lu ko ëpp.

148. Ba ñu gëmee, xéewalal Nanu leen fa ab diir.

149. Laajleen baxam : “Ndax Yàlla moo ame doom yu jigéen, ñoom ñuy am doom yu góor ?

150. Walla dañoo bind Malaaka yi def leen ñu di ay jigéen, seere ko ?”.

151. Ndax ñoom dañuy faral di wax ci seen duur ya, naan :

152. “Yàlla am na doom” ; te ñoom dañuy fen doŋŋ !

153. Moo ndax dafay gënal doom ju jigéen ci kaw doom ju góor ?

154. Ana lu leen dal ba ngeen di àttee nii ?

155. Moo ndax dangeen dul fàttaliku ?

156. Walla dangeen am ay firnde yu wóor ?

157. Kon indil seenub Téere ndegam ñu dëggu ngeen !”

158. Ñu di ko askanale ci jinne yi, ndax jinne yi xam nañu ne danañu teew ci kanamu [Yàlla].

159. Tudd naa sellug Yàlla ga. Kawe na lool la ñu koy melal !

160. Ba mu des jaami Yàlla yiy sellal.

161. Yéen ak li ngeen di jaamu,

162. kenn duleen ci fitnaal,

163. ku dul kuy nar a xoyomu ci Safara.

164. Amul kenn ci [Malaaka yi] lu dul ne am na wàccuwaay wu ñu xam ;

165. te noo leen defoon ay sàppe ;

166. te nun nooy sàbbaal Yàlla.

167. Doonte la sax ña ngay wax naan :

168. “Su nu amoon waarate gu bawoo ca sunuy maam,

169. kon de nu doon ay jaami Yàlla yuy sellal !

170. Weddi nañu ko, waaye danañu xam ne.

171. Sunu kàddu jiitu woon na ci Sunu jaam ña di ay Yonent,

172. ñoom danañu am ndimbal,

173. te it Sunuy xarekat ñooy not.

174. nanga leen dummóoyu ab diir ;

175. te nga seetluleen : danañu gis de !

176. Moo ndax ñoom dañuy yàkkamti sunu mbugal ?

177. Su wàccee ci seenub ëtt, ñoom ña ñu doon fàttali, ndaw suba gu bon !

178. nanga leen dummóoyu ab diir ;

179. te nga seetluleen : danañu gis de !

180. Tudd naa sellug sa Boroom, Boroom kàttan gi. Kawe na ca la ñu koy melal !

181. Te jàmm yal na wàcc ci Yonent yi,

182. te xeeti cant yépp ñeel na Yàlla miy Boroom àddina si !

Draft

# Saar 38 : Saad

## 88 Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Saad. Maa ngi giiñ ci Alxuraan, miy boroom tur ci ne :(s)

2. Ña weddi ña nga cag rëy-rëylu ak kaŋ-kaŋ !

3. Aka bari ñu nu faagaagal ca ña leen jiitu woon, ñu daan yuuxu, walla te du ñu man a raw?

4. (Waa Màkka) daana yéeme ci waaraatekat bii leen digal te bokk ci ñoom, yéefar ya daan wax naan : “Kii dey ab njibarkat la bu di ab fenaakoon,

5. Moo ndax dafa bëgg a def Yàlla yii muy jenn Yàlla ? Aa lii dey mbir mu yéeme la”.

6. Kilifa ya ne leen : “Demleen, te muñ jàpp ci seen Yàlla yii : lii daal la nu bëgg.

7. Nun masunoo dégg lii ci diine ji fi mujj wàcc (Iisaa) ; lii daal ay sos rekk la !

8. Nuy wax naan, ak ni nu tollu ndax ci moom la [Alxuraan] di wàcc?” Li wer moo di yéefar yaa ngay sikki-sàkka ci sama Téere bi. Xanaa kay dañoo mosagul mbugël !

9. Walla ndabi yërmaandey sa Boroom tey Mayewaakoon, biy boroom Kàttan bi, da fa nekk ci ñoom.

10. Walla dañoo moom nguurug asamaan yeek suuf si, ak li nekk ci seen diggënte? su fekkee ne looloo am kon nañu def pexe ci yéeg ci !

11. Ak nu seeni xarekat man a tollu ak ña leen di jàppale, danuy nërméelu !

12. ña leen fi jiitu woon, weddi woon nañu ña di nitu Nooh, ak Aad ak Firawna ma doon boroom dëx (tabax yu rëy),

13. ak Samuud, ak nitu Lóot, ak waa Aykata, (ñoom ñépp weddi woon nañu seeni yonnent). Te ñoom ñoo di jàppalekat ya (farandoo ya).

14. Ñoom ñépp weddi woon yonnent ya. Nu daldi leen mbugël !

15. Ñoom xaaruñu lu dul genn xaacu, gu dul tóllantiku wol.

16. Ñuy wax naan : "Yaw sunu Boroom, gaawal jox nu sunu wàll balaa wañoo ba".

17. Muñal lii ñuy wax ; te ngay fàttaliku Sunu jaam ba Daawuda ma doonoon boroom doole, Moom ku faral daan dellu ci Boroomam la woon.

18. Tàggataloon Nanu ko, tundi doj yi nu daan ànd ak moom, di sàbbaal Yàlla subaak ngoon,

19. picc yépp it dañuy dajaloo, di delloo kañ [Yàlla].

20. Dëgaralal Nanu ko nguuram jox ko xam-xamu xereñe ràññee ak xam-xamu àtte.

21. Moo ndax xibaari xulóokat ya agsi na ci yaw ba ñu bëttee ñagub mbaar ma (mihraab ba) !(r)

22. Ba ñu duggee fekk fa Daawuda, mu tiit ci ñoom. Nu wax ko ne : "Bul tiit ! Ñaari way xuloo la nu ; kenn ci nun dafay néewal dole ka ca des. Kon àtteel sunu diggënte ci dëgg, te it nga gindi nu teg nu ci yoon wu jub xocc wa.

23. Kii nag sama mbokk la : amna juróom-ñeenti fukki xar ak juróom ñenenta, man ma am menn xar doŋŋ. Mu wax ma ne : "Naa ko ko jox" ; daldi wane lool ; doole ca ba ñuy waqante".

24. [Daawuda] ne ko : "Moo la tooñ ci laaj gi mu la laaj sam xar ngir dollee koy xaram". Te ñiy faral a ànd di liggéey bariyaana ba ñennat ci ñoom jaayee doole ña ca des, ba mu des ña gëm tey def yiw – te ñooña ñu néew lañu ci. – Daawuda daldi xam nag ne dañu ko doon nattu. Mu daldi rot (rukuu) sëgg jàpp ci ay wóomam delluwaat ca Boroomam. (s)

25. Nu daldi koy jégël loola. Te amna daraja ju Nu jige ak wàccuwaay wu jekk.

26. "Éy yaw Daawuda, def Nanu la ngay sunu kuutlaay ci kaw suuf si. Na ngay àtte diggënte nit ñi ci dëgg te bul topp mukk bànneex : su ko defee dana la féewale ak yoonu Yàlla". Te ñiy féewook yoon danañu am mbugël mu tar mitti ngir lañu fàtte bisub wañoo ba (Bis Pénc ba).

27. Te bindunu asamaan ak suuf ak li nekk ci seen diggënte cig neen. Loolu la yéefar ya njortu. Te yéefar yaa ngaay tuskare ca biir safara !

28. Moo ndax dañuy jëflaantéek yàqkat yi nekk ci suuf ? walla danuy jëflaantéek ña ragal Yàlla kem ni ñuy jëflaantéek kàccoor yi ?

29. [Lii] ab Téere la bu Nuy wàcce ci yaw bu barkeel nak, ngir ñuy settantal ay laayaam ak it ngir woroomi xel yi man ciy fàttalikoo!

30. May Nanu Daawuda (doomam ja) Sulaymaan, - ndaw jaam bu baax ! – Ku daan dellu ca boroomam la.

31. (Fàttalikul) ngoon ga, ñu ko gaarale fasi naari góor ya,

32. Sulaymaan dellu wax ne : "Cëy man, maa ngi fees dell ak bëgg (àddina sii) mu fàbbi maa ba jant bi so te fàttalikuwuma sama Boroom.

33. Delloosil ma fas yi.". Ñu delloosil ko ko mu dagg yeel ya ak doq ya.

34. Nattu Nanu Sulaymaan ci nu sànni ca toogoom ba (jëmm ju nu wotte). Mu delluwaat, màggal Boroomam.

35. Mu wax ne : "Yaw sama Boroom, na nga ma jégal te may ma nguur goo xam ne kenn dootu ko am sama ginnaaw. Yaw yaay Mayaakoon bi".

36. Tàggatal Nanu ko ngelaw li, muy daw ci ndigëlam, ak fu mu jublu.

37. Tàggatal Nanu ko sayaane yi, ñu di ko tabaxal ak di ko nuural ci (ndox).

38. Ak ñeneen, ñu ñu lëkkële ak i njéng.

39. "Lii mooy sunug may ; mayeel walla nga téye ko kenn du ko wañ̃ook yaw".

40. Te mooy am na daraja ju Nu jege ak wàccuwaay wu jekk.

41. Fàttalikul sunu jaam Ayyuuba , ba muy woo Boroomam naan ko : "Yaw sama Boroom Saytaane teg na ma coono ak i tiis".

42. (Yàlla ne ko) dóoral sa tànk fi ci suuf : am ndox ngi nii mu sedd mu man a sangu neex a naan.

43. Nu delloowaat ko njabootam joxaat ko lu na tollu, muy yërmande ju bawoo ci Nun ak fàttili woroom xel yi.

44. "Ŋëbal sëqub ñax, te dóor ko ko (soxnaam sa). Te bul gàddu bàkkaarub ngiiñ". Moom, muñkat la di jaam bu baax. Kuy farlu di dellu ci Boroomam la.

45. Fàttalikul suñu jaam ña Ibraahiima, ak Ishaaq ak Yaaquub ? Woroomi kàttan la ñu woon ak i gis-gis (xel).

46. Noo leen ràññi woon ngir sellalug : fàttaliku bis pénc ba.

47. Te ñoom, bokk nañu, ca tànnéef ya gën a ràññiku.

48. Fàttalikul Ismaahiila ak Ilyaas, ak Suul kifli, ñoom ñépp ay tànnéef la ñu.

49. Lii ag fàttali la. Te ne ñay ragal Yàlla, am nañu, wàccuwaay wu jekk,

50. Àjjanay Adan, seen wunt ya ne ŋàll ngir ñoom,

51. dañu fay, sóonu, di woo ay futéef yu bari ak i naan.

**52**. Amnañu fa ay jigéen (jabar) ñu di ay lamsalkat, yu maase ay at.**(n)**

53. Lii mooy li Nu leen dégóon ci bisub wañoo ba.

54. Lii moo di sunu xéewal gi te du jeex mukk.

55. Yëgal it ne ! ñay bew am nañu wàccuwaay wu yées,

56. Mooy Safara su ñuy xoyomoo. ndaw kër gu bon !

57. Mi ngi nii ! Nu cay tokamtiku : ndox muy tàng ak a wañax,

58. ak yeneeni xeeti mbugël yu mu témbóol.

59. Ñii ay mbooloo la ñu ñuy buuxanteek yéen, kenn dalaluleen. Te ñooy xoyomu ca Safara.

60. Ñuy wax naan : "Yéen kay la kenn dul dalal, lii, Yéen la ñu ko waajal". Te ndaw saxuwaay bu bon !

61. Ñuy wax naan : "Yaw sunu Boroom na nga dolli, ki nu waajalal lii, mbugël muy fulandiku ca biir Safara".

62. "Ana lan moo xew ba gisunu fi gaa ya nu daan limaale ci saay-saay si ?

63. Moo ndax dañu leen ko daan tooñe walla danu làqu sunu gëm ?"

64. Lii daal tigi mooy xulóob waa Safara.

65. Waxal ne : "Man daal ab xuppekat laa. Te jenn Yàlla amul judul, Yàlla jiy jenn , Notaakoon ba,

66. Mooy Boroom asamaan yeek suuf si ak li nekk ci seen diggënte, te mooy boroom Kàttan gi, di Jégëlaakoon bi".

Draft

67. Waxal ne : “Xibaar bu rëy la,

68. waaye yéen dumóoyu ngeen ko.

69. Amuma woon xam-xam ca xulóob kilifa ya gën a kawe.

70. Li nu may soloo doonul lu dul ne man mii ab xuppe kat laa waaraatekat bu bir”.

71. (Fàttalitul) ba sa Boroom waxee Malaaka ya ne leen : “Man de maa ngi sàkk mbindéef ci ban.

72. Suma ko móolee ba ëf ci Sama Ruu, na ngeen daldi rot, sujuudal ko”.

73. Malaaka ya yépp daldi sujuud,

74. ba mu des Ibliis moom dafa rëy-rëylu bokk ca yéefar ya.

75. (Yàlla) daldi ne : “yaw Ibliis, lan moo la tere nga sujuud ci lii ma bind ci samay yoxo ? Dangay rëy-rëylu walla dangaa bokk ci ña kawe ?”

76. “[Ibliis,] tontu ne ko : maa ko gën ndax yaa ngi ma bind ci safara moom nga bind ko ci ban”.

77. (Yàlla) ne ko : “Génnal ca biti, dàkku naa la ;

78. te Samam rëbb dal na la ba baa saa di taxaw”.

79. “[Ibliis,] ne ko : yaw sama Boroom, muñal ma, ba bisub dekkiwaat ba”.

80. (Yàlla) ne ko : “may Nanu la dig boobu,

81. ba ca bisub waxtu wu ñu xam wa (Bis Pénc ba)”.

82. “[Ibliis ne ko] giiñ naa ci sa màgg gi ne ! Danaa leen lajj loo ñoom ñépp,

83. ba mu des sa jaam ñiy sellal”.

84. (Yàlla) daldi wax ne : “Maa ngi waat, ci dëgg ne dëgg laay wax,(s)

85. Danaa feesal Safara ci yaw ak ña la topp ñépp”.

86. Waxal ne : “Laajumaleen ci ag pey ; te it yanuwuma ci.

87. [Alxuraan] jii daal ag fàttali la ñeel waa àddina si yépp.

88. Te dangeen xam ay xibaaram ci ndiir su yàggatul !”.

Draft

# Saar 39 : Mbooloo ya

## 75 Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Wàcceg Téere ba bawoo ca Yàlla, miy boroom Kàttan, di ku Xereñ.

2. Wàcce Nanu ci yaw Téere bi ci dëgg. Na ngay jaamu Yàlla te di ko sellalal jaamu ga.

3. Yàlla rekk am diine ju sell. Ñay jaamu leneen lu dul moom tey (wax naan) : “Lii nuy jaamu daal danu ciy sukandiku ngir man a jigeñ Yàlla”. Te, Yàlla dana àtte seen diggënte ci la ñu daan woote. Yàlla du gindi fenkat bu weddiwaakoon.

4. Su Yàlla nàmmoon jàppe kenn doomam, Kon dana tànn ca la mu bind namu ko soobe (waaye nammu ko). Tudd naa Sellam ga ! Mooy Yàlla, jiy Jenn, tey Notaakoon ba.

5. Moo bind asamaan yeek suuf si ci dëgg. Mooy muur guddi ci kaw bëccëg mooy mur it bëccëg ci kaw guddi, moo tàggat jant beek weer wi lu ca nekk ngay daw ci ab dig bu ñu ko àppal tigi. Mooy boroom Kàttan gi, di Jégalaakoon bi !

6. Moo leen bind ci jenn jëmm daldi cay defar soxnaam sa. Te wàcceel na leen ci mala yi lu tollook juróom-ñatti tóllent. Mu di leen sos ci seen biiri nday, cig sosu ginnaawug sos, ci biir yatti lëndamaay. Koo koo di Yàlla, seen Boroom ! Moo moom Nguur. Te amul jeneen Yàlla judul Moom. Man dey xamuma naka ngeen koy walbatee ?

7. Su ngeen weddee, Moom doyewu leen dara. Te gëramul kéefër, ci jaamam yi. Su ngeen santee, Mu gëramal leen ko. Amul kenn kuy yanu bàkkaarub keneen. Te it, dees na leen delloo ca seen Boroom : Mu xamal leen la ngeen daan jëf ndax Moom ku xam la li nekk ci dënn yi (pas-pas yi).

8. Te saa su lor laale nit, dafay daldi fàtte la mu doon woote aka ñaan Boroomam daldi wutal Yàlla ag bokkaale. Di rëyal nit ñi fàbbi leen ci yoonu Yàlla, Waxal ne : “Bànneexul tuuti ci sa kéefër gi. Yaw ci waa Safara nga bokk”.(r)

9. Moo ndax, kuy jóg, diggu guddi, di sujuud ak a taxaw( julli), ngir moytu (tiisu àllaaxira) tey yaakaar yërmaandey Boroomam... Waxal ne : “Ndax ñi xam danañu yem, niróok ñi xamadi ?” Li wér moo di ne woroom xel yi rekk ay fàttaliku.

10. Waxal ne : “Éy yéen Sama jaam ñi gëm ! Ragalleen seen Boroom (Yàlla)”. Ñiy jëf aw yiw ci àddina, danañu am [aw yiw]. Te suufus Yàlla si yaatu na te muñkat yi danañu leen jox seenug pey mu mat sëkk ci lu dul ak wañ.

11. Waxal ne : “digëléef na ma may jaamu Yàlla di ko sellalal diinéem,

12. te it digaléef na ma doon Jullit buy jëkk.

13. Waxal ne : “Ragal naa, su ma mettee sama Boroom, (dajeek) mbugëlam bis bu màgg”.

14. Waxal ne : “Yàlla laay jaamu, te di Ko sellalal sama diine.

15. Jaamuleen, lu leen soob (bàyyi Yàlla)!” – Waxal ne : “ña yàqule, ñooy ña ñàkk seen bopp ak seen njaboot, ca Bis Pénc ba”. Loolu mooy yàqule tigi.

16. Am na ci seen kaw, ay muuraayi safara, ak ci seen suuf ay laltaayi safara. Loolu la Yàlla di ragalloo jaamam ñi. “Éy yéen Samay jaam, ragalleen ma !”

17. Ñay moytandikoo jaamuy xërëm, tey dellu ca Yàlla, danañu am mbégte ! Bégalal Sama jaam ñi

18. Ña nga xam ne dañuy déglu Wax, tey topp la ca gën a rafet. Ñoom la Yàlla gindi te ñooy woroom xel ya !

19. Ka baatub mbugël yay ci moom,... ndax yaw yaay xettali ku nekk ca biir safara ?

20. Waaye ñay ragal seen Boroom am nañu [ay neegi] taax yu tegaloo ay dex di daw ci suufam. Muy digub Yàlla ! Te Yàlla du wuute Ab dégg.

21. Xanaa gisoo ne Yàlla wàcce na ndox mu bawoo asamaan, daldi koy sóob ci bëtu ndox ci biir suuf si ; di ca, génne mbay mu wuute ay wirgó, di lu bëbbu, nga gis ko mu mboq wow ; bay, dammatoo. Ag fàttiliku nekk na ci biir loolu ngir [aw nit] ñu am ay xel.(S)

22. Moo ndax ki Yàlla ubbi dënnam ci Lislaam mu nekk ci leerug Boroomam( moo gën walla ka des cig kéefër)... Toskare ñeel na ñiy bañ a tudd Yàlla ngir xol bu wow. Ñoom ña nga ca réer gu bir.

23. Yàlla wàcce na gën jaa rafet waxtaan, muy Téere bu bari yu niróo ak i baamu. Yaramu ñi ragal Yàlla day daw [saa su ñu ko déggee] ; ba egal seen yaram ya ak seen xel ya door a firiku jëm ci fàttaliku Yàlla. [Alxuraan] jooju moo di njubug Yàlla mu di ci gindi ku ko soob. Ku Yàlla namm a réeral kenn du ko gindi.

24. Moo ndax ki am bugël mi gën a gën a bon ( niróo na ak ka dugg Àjjana), bu Bis Pénc baa bu boobaa tooñkat ya... Dañu naan leen : "Tokamtikuleen li ngeen daan fàggu".

25. Xeet ya leen fi jiitu woon weddi woon nañu (Yonnent yi), mbugël ma dikkëlleen fuñu ko foogewul.

26. Yàlla musal na leen mbugëlu toroxtaane ci dundug àddina sii. Te mbugëlu àllaaxira, moo, gën a rëy, cëy bu ñu xamoon !

27. saddalal Nanu nit ñi ay léebu ci Alxuraan jii, ndax amaana ñuy fàttaliku.

28. Mooy Alxuraan ju di [làmmiñu] araab, amul lugg-luggal, ndax amaana ñuy ragal Yàlla !

29. Yàllaa ngi sadd léebu jenn waay ju am digaale yu bari tey ŋaayoo : ndax niróonaak waa ju am benn digaale bu mu jubóol ? Yàlla rekk yayoo cant ! Li am moo di ne li ëpp ci ñoom xamuñu (misaalum kuy jaamu Yàlla ak ku koy bokkaale).

30. Yaw dangay dee ñoom it dañuy dee ;

31. su ko defee, ngeen daje ca seen kanamu Boroom, di xulóo bu Bis Pénc baa.

**32**. Ana kan moo gën a tooñ, kuy fenal Yàlla tey weddi dëgg saa su dëgg dikkee ? Moo ndax Safara dafa amul wàccuwaayub yéefar ya ? (Axakaañ !)**(h)**

33. Ku indi dëgg ak ku koy saxal, ñooñoo ragal Yàlla.

34. Am nañu lu leen soob fa seen Boroom ; loolu mooy peyug ñiy rafetal,

35. te Yàlla dana far seen ñaawtéef fay leen ca la gënnoon a rafet ca la ñu daan jëf.

36. Moo ndax Yàlla dafa doyul [wéruwaay] ci ab jaamam ? Bay tax ñu di la tiitale ci leneen lu dul Moom. Képp ku Yàlla natt ci moom réer kenn du ku gindi.

37. Te it képp ku Yàlla namm ci moom njub, kenn du ko réerël. Moo ndax Yàlla dafa dul boroom Kàttan di boroomuk Fayu ? Axakañ !

38. Soo leen laajoon : “Ku bind asamaan yeek suuf si ?”, Ñu ni la : “Yàlla”. Waxal ne : “Xanaa gisu leen li ngéen di jaamu bàyyi Yàlla ; ci ne su Yàlla nammee ci man lor, ndax ñoom kon danañu man a teggi lor ja ? Walla su Yàlla nammoon ci man yërmaande, ndax kenn danañu man a fanq yërmaande ja ?” – waxal ne : “Yàlla doy na ma : ci moom la wéerukat ya di wéeru”

39. Waxal ne : “Éy yéen samaw nit, liggéeyleen lu ngeen man, man it [maa ngi liggéey]. Dangeen xalset a xam

40. ana kan la mbugël di dikk toroxal ko ; ak ci kaw kan la mbugëlam dëggële di wàcc”.

41. Wàcce Nanu ci yaw Téere ba, ci dëgg, ngir nit ñi. Ku gindiku boppam ; ku réer it boppam. Seenub lijjënti warula

42. Yàlla mooy faat bakkan bu ñuy dee ak ya deewul ci biiri nelaw. Mooy téye ya mu namm ñu dee, di boyal ya ca des jëme ko ca dig ba mu ko àppal. Ay kéemaan a ngi ci biir loolu ngir aw nit ñuy xalaat.

43. Walla dañoo wut, yeneeni tinukat, bàyyi Yàlla ? Waxal ne : “Ndax ! Nekkuñu woon ñu amal dara te xamu ñu dara ?”(S)

44. Waxal ne : “Tinu ba tinu jeex (ramm) Yàllaa ko jagoo. Miy boroom nguurug asamaan yeek suuf. Te ci moom ngeen di dellu”

45. Te saa su ñu tuddee Yàlla doŋŋ, xoli ñi gëmul àllaaxira tàmbalee wurwuri (xat mer) saa su ñu tuddee ñeneen (ya ñu koy bokkaaleel), ñu daldi bég.

46. Waxal ne : “yaw sama Boroom, Yaa bind sàkk asamaan yeek suuf si, Yaa xam kumpa ak li feeñ, te danga àtte diggënte Sa jaam ñi ci la nu daan woote”.

47. Te ñiy tooñ su ñu amoon àddina ak li ci biiram, - ak leneen lu na tollaat, - kon danañu ko jéem a jote seen bopp bu Bis Pénc baa ; ngir mbugël mu tar, ak la ñu gis mu bawoo ca Yàlla, te masu ñu koo foog ;

48. seen ñaawtéef ya ñu fàggu woon feeñ, la ñu daan ñaawalaatee muur leen.

Draft

49. Saa su nit amee lor ju ko dab, danuy daldi woo. Tey ñaan waaye saa su nu ko teggee may ko xeewël, muy wax naan : “lii ci [sama] xam-xam laa ko ame”. Ab nattu la, de; waaye li ëpp ci ñoom xamuñu.

50. Ña leen fi jiitu woon waxoon na ñu ko. Te taxul la ñu daan fàggu jariñ leen dara ;

51. Faf sax la gënoon a ñaaw a la ñu daan fàggu moo leen dal. Te ñii itam li gën a ñaaw ca la ñu doon fàggu dana dal ci seen kaw te duñu ko man a teggi.(r)

52. Xanaa dañoo xamul ne Yàlla mooy yaatalal ku ko soob wërsëgam di ko xatal it ? Ay kiiman a ngi ci biir loolu ngir aw nit ñu gëm.

53. Waxal ne : “Éy yéen Sama jaam ñi yàq seen bopp, buleen naagu ci yërmandey Yàlla. Ndax Yàlla dana jégële bakkaar yépp. Mooy Jégëlaakoon ba, di Jaglewaakoon ba”.

54. Delluleen ci seen Boroom, te jébël ko seen bopp, balaa mbugël di dal ci seen kaw te kenn duleen ca dimbali.

55. Te it na ngeen di topp li gën a rafet ci li nu wàcce (Alxuraan) ci yéen mu bawoo ca seen Boroom, balaa mbugël di dal ci seen kaw te du ngeen ko yëg ;

56. balaa benn bakkan di wax naan : “Wóy ngalla man ci na mu soofentale woon mbiri Yàlla. Te daan ca reetaan nit ña” ;

57. walla mu naan : “Suma Yàlla gindi woon, kon danaa bokk, ca ñay ragal Yàlla” ;

58. walla muy wax ba mu gisee mbugël ma naan : “Cëy ! Suma delluwaatoon àddina ! Ba man a bokk ca ñay rafetal”.

59. “Mukk ! Ndax Samay laaya dikkaloon na la nga weddi ko, di rëy-rëylu dem àndeek yéefar yi”.

60. Bu Bis Pénc baa, dangay gis ña fenal Yàlla, seen xar kanam ya ñuul kukk. Moo ndax wàccuwaayi yéefar ya nekkul ca biir Safara ? (Axakañ)

61. Yàlla dana musël ña ragal Yàlla te texel leen [ca Àjjana]. Lu bon du leen fa laal te it duñu fa jàq.

62. Yàlla moo sàkk bind lépp, te it Mooy lijjënti lépp it.

63. Moo moom caabiy asamaan yeek suuf si ; ñay weddi kàdduy Yàlla, ñooy ña yàqule.

64. Waxal ne : “Yéen ñi réer, ndax dangeen may digël may jaamu lu dul Yàlla ?”

65. Te, soloona Nu la ak (Yonnent ya la jiitu woon) ci ne : “Saa soo bokkaalee , sa jëf dana sippiku; nga bokk ci ñu yàqule ña.

66. Jaamujil Yàlla, tey sant”.

67. Joxuñu Yàlla dayoom tigi, suuf si sépp ab ŋëbëm lay doon bu Bis Pénc baa, asamaan yépp ab lem lay doon ci [loxoom]. Tudd naa Sellam ga ! Kawe na ci liñu koy bokkaale.(s)

68. Suñu ëfee bufta bi, lu nekk ci asamaan yeek suuf si léppay dee, lu dul la ca soob Yàlla. Ñu ëfaat ko beneen yoon ndeketeeyóo, ñépp a ngi ne fujjet jóg taxaw ne xey di xoole.

69. Suuf si daldi fenk ak leerug Boroomam ; ñu daldi teg Téere ba, indi Yonnent ya ak seede ya ; daldi àtte seen diggënte ci dëgg te kenn duleen tooñ ci dara ;

70. bakkan bu nekk ñu fay ko la mu daan jëf. Te [Yàlla] moo gën a xam ñu daan def.

71. Ñuy jiital yéefar yi jëme leen Safara ñu di ay mbooloo. Bu ñu fa àggee, buntu ba ubbiku ña koy wattu ne leen : “Xanaa amuleen woon ay Yonnent yu leen daan jàngal kàdduy Yàlla seen Boroom ak daan leen xupp ci dajeb seen bis bii ?” Ñu ne leen : axakañ, waaye dogalub mbugël yay na ca yéefar ya.

Draft

72. “Ñu ne, [leen] dugguleen, wunti Safara, ngeen béel fa”. Rëy-rëylu kat tee ka bon ab saxuwaay !

73. Ñooy jiital ña ragaloon seen Boroom jëme leen Àjjana. Ñu, di ay mbooloo bu ñu fa àggee wunt ya ubbeeku, ña koy wattu ne leen : “Jàmm rekk yal na nekk ci yéen ! Yéen dey baax ngeen : dugguleen ci, te dangeen ciy béel”.

74. Ñuy wax naan : “Noo ngi sant Yàlla mi nu dëggëlal digëm bi te donale nu suuf si ! Tey noo ngi xéyoo ci Àjjana nu mu nu neexe”. Ay waay gii pey a neex !

75. Nga gis Malaaka yaa ngay wër (Aras), di sàbbaal seen cantug Boroom. Ñu wax naan :“Xeeti cant, ñeel na Yàlla miy Boroom àddina si”.

# Saar 40 : Jégëlekat ba

## 85 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Haa, Miim.(n)

2. Wàcceg téere bii ma ngi bawoo ca Yàlla, miy boroom Kàttan, te di ku Xam.

3. Mooy Jéggalkatu bàkkaar yi, di Nanguwaakoonu tuub, di ku Tar mbugël, mooy Boroom xéewal yi. Amul jeneen Yàlla judul Moom te ci Moom la lépp di mujj.

4. Kenn du dàggasante ci kàdduy Yàlla ku dul yéefar yi. bu la seeni feem nax.

5. Nitu Nooh, weddi woon na ñu ca la leen jiitu woon, ak farandoo ya (weddi woon na ñu ñoom itam), xeet wu nekk taqal ab yonnentam. Sànjaafu ko di dàggasante ak moom bëggoon a suufeel dëgg. Mu daldi leen fob (faagaagal leen). Cëy ni ma leen mbugële !

6. Noonu it la sa kàddug Boroom yaye ci kaw yéefar yi : “Ñoom ñooy waa Safara”.

7. Ña yanu Aras ak ña ko wër ña ngay sàbbaal di kañ seen Boroom, di ko gëm tey jéggalu ñi gëm naan ko : “Yaw sunu Boroom ! sa yërmaande yaatu na man a daj ñépp ak sa xam-xam. Kon jéggëlal ña daan tuub tey topp sa yoon wi te nga fegalleen mbugëlu Safara.

8. Yaw sunu Boroom ! Tàbballeen àjjana Aden ja nga leen digoon, ak képp ku baaxoon ci seeni baay ak i maam, ak seeni soxna ak seeni sët, yaw yaa di boroom Kàttan, di ku Xereñ.

9. Te nga fegalleen [mbugëlu] ñaawtéef yi. Képp koo fegal [mbugëlum] ñaawtéef, Yërëm nga ko tigi”. Te loolu mooy texe gu mag ga.

10. Ña weddi nag ñoom dañu leen woo naan leen : “jéppig Yàlla moo gën a rëy ni ngeen jéppee seen bopp, ba ñu leen daan woo jëme leen ci ngëm dangeen daan weddi”.(s)

11. ñuy wax naan : “Yaw sunu Boroom, rey nga nu ñaari yoon, dundal nga nu ñaari yoon : nangu nanu sunuy bàkkaar. ndax lii man nanu tee génn” ?

12. “...Amul ndax bu ñu masaan a woo Yàlla doŋŋ ngeen weddi ; bu ñu ko bokkaalewaale ak leneen, ngeen gëm koo. (Tey jii), àtte ba Yàllaa ko yor, moo di ku Kawe, te di ku Màgg”.

13. Moo leen di won ay kéemaan, di leen wàcceel ndox, mu bawoo asamaan, ngen di ca xéewlu. Te ñay dellu [ca Yàlla] rekk ay fàttaliku.

14. Ñaanleen Yàlla, te jaamu Ko te sellalal ko diineem, doonte la neexul yéefar yi.

15. Moo kawey daraja, di Boroom Aras, Mooy sànni ruu ci ndigalam jëme ko ci ku ko soob ci jaamam ñi, ngir muy xuppe ci bisub Daje ba (Bis Pénc ba),

16. bis ba ñuy feeñ seen dara du man a nëbbu Yàlla. Ana kan mooy boroom nguur gi, bis niki tey ? Yàlla, miy Kenn, di ab Notaakoon.

17. Bis niki tey, bakkan bu nekk dees na ko faye ca la mu daan fàggu. Tooñ amatul, Yàlla ku gaaw ab wàññ la.

18. na nga leen xupp ci bis buy jige si, ba xol yi di nekk ci put yi, (ngir tiit ak njàqare). Te bu boobaa tooñkat yi du ñu fa am xarit, mbaa ku leen di tinu ñu di ko topp.

19. Xam na worug ay gët, luy nëbbu ci biir dënn yi.

20. Yàlla mooy àtte ci dëgg, ña ñu koy bokkaaleel du nu àtte dara. Te Yàlla kuy Dégg la, kuy Gis la.

21. Moo ndax da ñoo doxul ci suuf, tey seetlu mujug ña leen fi jiitu woon te ëppoon doole ak i alal ? Yàlla faagaagaloon leen ngir seeni bàkkar. Te kenn manu leen woon fegal mbugëlu Yàlla mii.(r)

22. Li ko waral, moo di ñoom seeni Yonnent, da ñu leen daan indil ay lay yu leer ñu weddi. Yàlla daldi leen faagaagal, Yàlla boroom doole la di ku Tar mbugël.

23. Yónni woon nanu Muusaa ak sunuy laaya boole ko ak ay firnde yu leer,

24. jëmële ko ca Firawna, ak Haamaana ak Qaaruuna. Ñuy wax naan : “Kii ab njibarkat bu di ! ab fenaakoon la !”

Draft

25. Ba mu àggee ca ñoom, indi ko baawoo fi Nun da ñoo wax ne : “reyleen doom yu góor ñi gëm ànd ak moom, te bàyyi jigéen ñi ñuy dund”. Pexey yéefar yi du dara lu dul ci ag réer (lay tege).

26. Firawna daldi wax ne : “Bàyyileen ma rey Muusaa. Na woo Boroomam ! Da may ragal mu soppi seen diine walla muy ger nit ñi di yàq réew mi”.

27. Muusaa [daldi] ne : “Maa ngi sàkku ci sama Boroom mu musal ma ci képp kuy rëy-rëylu, te gëmul bisub wañoo ba (Bis Pénc ba)”.

28. Mu am waaju gëm te bokk ca waa kër Firawna, daldi wax ne : “Ndax dangeen a bëgg rey waa joo xam ne li mu wax lépp moo di ne : “Yàllaay sama Boroom” ? Te indil na leen ay firnde yu bawoo ca Yàlla. Su fekkee day fen, fenam ya du ko moy ; su waxee dëgg, ngeen dor a xam ne li mu leen dig dana dal seen kow”. Te, Yàlla du gindi mukk fenkat buy yàq (waaja da doon nëbbu ngëmam) !

29. “Yéen samaw nit, tey yéen a ngi gore, am lool doole ci kaw suuf si (réew yi). Waaye ana kan moo nuy man a dimbali ci mbugëlum Yàlla su nu digëlee ?” Firawna daldi ne : “Wanumaleen lu dul li ma gis. Te it duma leen teg fudul ci yoonu njub”.

30. Ka gëmoon daldi waxaat ne : «Yéen samaw nit, ragal naa ci yéen lu mel ni bis ba farandoo ya doon xare.(S)

31. Lu melni lëgg-lëggub nitu Nooh, ak Aad ak Samuud, ak ña leen mujjoon”. Te Yàlla bëggul ag tooñ ci jaamam ñi.

32. “Éy yéen samaw nit, ragal naa ci yéen bisub wootante ba,

33. Bis ba ngeen di wane sànku, te dungeen am ku leen di aar ci Yàlla”. ku Yàlla natt ci moom réer, kenn du ko man a gindi.

34. “Yuusuf, indaloon na leen ay firnde yu leer naññ, te de ñu leen di sikki-sàkka ca la mu indiwoon. Ba mu faatoo, ngeen wax naan : “Yàlla yónniwaatul beneen Yonnent ginnaawam”. Noonu la Yàlla di réerale ñiy yàq tey sikki-sàkka.

35. Ñiy dàggasante ci laaya Yàlla yi, ci lu àndul ak firnde ju leen digël jéppi gu rëy lay doon ca Yàlla ak ña gëm. Noonu la Yàlla di fatte xolub képp kuy rëy-rëylu di ponkal.

36. Firawna wax na ne : “Yaw Haamaan, tabaxal ma ag tóoj : ndax amaana ma man a gis yoon ya,

37. yooni asamaan yi, ndax ma man a yërndu Yàllay Muusaa ; te man sax ay fen laa ko jàppe". Noonu la Firawna rafetloo jëfëm ju ñaaw joojee ; sorenaak dëgg lool ; te pexem Firawna du lenn lu dul luy naaxsaay.

38. Waa ja gëmoon daldi wax ne : "Yéen samaw nit, toppleen ma. Ma gindileen jëmëleleen ci yoonu njub.

39. Yéen samaw nit, dundug àddina sii diir bu néew la, dundug àllaaxira nag mooy sax.

40. Képp kuy def ñaawtéef dees na ko fay kem la mu def ; waaye képp kuy def yiw, di góor mbaa muy jigéen, te fekk mu gëm, ñoom ñooy dugg Àjjana di fa jot xéewël yu amul wañ̃ñ.

**41**. Éy yéen samaw nit, ana lan moo tax ma di leen woo jëme leen ci mucc, te yéen ngeen di ma woo jëmale ma Safara ?**(h)**

42. Yéen a ngi may woo ngir ma weddi Yàlla di ko bokkaaleek lu ma amul benn xam-xam, te man maa ngi leen di woo jëme leen ci Yàlla miy boroom Kàttan, tey Jégëlaakoon ba.

43. Sikkuwul ne li ngeen may woo jëmale amuñu luy tax ñu war leen a woo ci àddina sii waxantumaalaak ca àllaaxira. Te it ca Yàlla lañuy dellu, te itam yaqkat ya ñooy wa Safara.

44. Yàggatul ne dangeen fàttaliku ji lii ma leen di wax ; te wéer naa samay mbir ci Yàlla. Ndax, kuy Gis jaamam ñi la.

45. Yàlla fegal na ko ñaawtéef ya ñu doon fexe, daldi sóob njabootug Firwana gën jaa tar i mbugël :

46. ñu di leen , gaaral ci Safara suba ak ngoon. Bu Bis Pénc baa (da naa digle) : "Ñu dugël njabootug Firawna ca gën jaa tar i mbugël".

47. Bu keroogee ba ñuy xulóo ci Safara, ña néewoon doole di wax ña ca doon ay kilifa naan leen : "Ca àddina kat yéen la ñu toppoon : kon ndax tey dangeen nu fegal dara ci mbugëlum safara si ?"

48. Ña ca doon ay kilifa te daan rëy-rëylu daldi ne : "Nun ñépp kat, ñi ngi ci biir Safara". Ndax Yàlla àtte na diggënte jaam ñi.

49. Ña nekk ca biir Safaraa ngay wax ña koy wàttu naan leen : "Ñaanleen seen Boroom mu woyofalal [nu] doonte la sax benn bis lay doon ci mbugël mi".

50. Wattukat ya ne leen : “moo ndax, seeni Yonnent indiluñuleen woon ay lay yu leer naññ” ? Ñu ne : “Axakañ” ! Ñu waxaat ne [wattukat ya]: “Kon, ñaanleen” ! Ñaanug yéefar moom ag réer doŋŋ la.

51. Nun, Yàlla dananu dimbali (jox ndam), Sunuy Yonnent, ak ñi gëm, ci dundug àddina sii ak bu seede ya taxawee (Bis Pénc ba),

52. bis ba nga xam ne tooñkat ya, seenug doglu ngànt du leen jariñ dara te am rëb dal na leen te it am nañu fa kër gu bon (soof).

53. Indil Nanu, Muusaa njub, te donale Nanu giiru Banii-Israayiila, Téere ba,(S)

54. mu di njub ak ug fàttali ngir ñu di woroom i xel (di xalaat).

55. Na nga muñ, (te xam ne) digub Yàlla dëgg la, te it na ngay jéggalu say bàkkar tey sàbbaal sa Boroom di ko sant, ci ngoon si ak ci suba si.

56. Ñay dàggasante ci laayay Yàlla ya ci lu àndul ak firnde yu ñu leen jox, rëy-rëylu doŋŋ a nekk ca seen dënn ya. Te seen aajo du ca fajoo. Na ngay muslu ci Yàlla, moom Mooy aji Dégg, di aji Gis.

57. Bindug asamaan yeek suuf si moo gën a rëy bindug nit ñi. Waaye li ëpp ci nit ñi xamuñu.

58. Gumba niróowul ak njàccaar, ña gëm tey jëf yiw it niróowuñu ak ñiy def ñaatéef (kenn du leen gam-gamle). Néewaana bu ngeen fàttalikoo !

59. Bis Pénc ba ; Luy dikk la : nàttable amu ca ; waaye li ëpp ci nit ñi gëmu ñu.

60. Seen Boroom nee na : “Wooleen ma, Ma wuyu leen. Ña nga xam ne, dañoo rëy-rëylu, lànk bañ maa jaamu, danañu dugg Safara ànd ak toroxtaane”.

61. Yàlla mi leen defal guddi ngeen di ci dallu, defal leen bëccëg bi it ngeen di ci man a gis (bay fàggu ji). Yàlla boroom Ngënéel la ci kaw nit ñi, waaye li ëpp ci nit ñi duñu sant.

62. Koo ku moo di Yàlla seen Boroom, Moo bind lépp. Amul jeneen Yàlla judul moom. Kon naka ngeen di lajje féew (ca yoonu Yàlla wu jub wa xocc) ?

63. Noonu la ñu daan weddi kàdduy Yàlla di dumóoyoo [yoonu] Yàlla.

64. Yàlla mi leen defal suuf si muy laltaay defal leen asamaan si muy mbaar mu móol leen rafetal seeni melo , - wërsëgal leen ci yu teey yi ! Koo koo di seen Boroom ; Yàlla barkeel na, Moom Miy Boroom àddina si!

65. Mooy kiy dund. Amul jeneen Yàlla judul moom. Na ngeen koy jaamu, te di ko sellal diine ji. Cant ñeel na Yàlla, Miy Boroom àddina si !

66. Waxal ne : "Tere na nu ma, may jaamu li ngeen di jaamu te du Yàlla, waxtu wa ma ay lay yu leer nàññ digëlee te bawoo ci sama Boroom, te it digaléef na ma jébël sama bopp Yàlla miy Boroom àddina si".(r)

67. Mooy ki leen bind ci suuf, te jaarale leen ci toqu maniyy, ak ci lumbu deret door leen a génne ngeen di ay xale mu def leen ngeen di ay mag yu war a maggat kumur, - am na ci yéen ñuy faatu balaa loolu lépp di am, - ku ca nekk it am na ab dig bu ñu ko àppal, ak it ngir ngeen xellu (xalaat).

68. Mooy dundal mooy rey. saa su dogoo ci mbir, danaan ko : "nekkal", mu daldi nekk.

69. Xanaa gisuloo ñiy dàggasante ci laayay Yàlla yi ni ñu leen di walbatee?

70. Ñay weddi Téere ba (Alxuraan) ak li nu yónnee sunuy Yonnent ; (waaye) dananu xala xam,

71. jéng, yaa nga seen doq ñuy gëwéele

72. ca biir ndox may wañax; ñu door leen a yóbbu xoyom leen ca Safara.

73. Bu loolu jàllee ñu ne leen : "Ana li ngeen daan bokkale

74. bàyyi Yàlla (jaamuwuleen ko) ?" "Ñu tontu ne, réer nañu. Nun kay, lu jiitu tey, masunoo woo di jaamu dara". Noonu la Yàlla di sànke yéefar ya.

75. Lii moo di peyug li ngeen daan bég ci suuf si (àddina), te du woon dëgg, ngeen daan ca maare.

76. Dugguleen ci wunti Safara te ngeen béel fa. Ña rëy-rëylu woon seenub dëkkuwaay bon na !

77. Na ngay muñ (te xam ne). Digub Yàlla dëgg la. Amaana Nu wan la lenn ci li Nu leen di tëkkoo mbaa nu faat la (balaa loolu di am)... ak lu man a xew ñoom ñépp ci nun la nuy dellusi.

78. Yónni woon Nanu ay Yonnent yu la jiitu woon. am na ci ñu ñu la nettali ; am na ci ñu ñu la nettaliwul. Amul benn yonnent bu sañ a

Draft

indi [kimaan laaya] lu dul ne da ca am ndigëlul Yàlla. Saa su ndigëlul Yàlla agsee, mbir yépp àttewo ci dëgg ; fenkat yi daldi yàqule.

79. Yàlla mi leen defaral mala yi ngir ngeen di ci war te di ca lekk,(s)

80. te am ngeen ci ay njariñ ak it ngeen di ca faj ay aajo yu leen soxal. Ngeen di ca yéeg di ànd ak ñoom di war ci gaal yi.

81. Mu di leen won ay kéemaanam. Naka ngeen koy weddee ?

82. Xanaa du ñu dox ci kaw suuf tey seetlu mujjug xeet ya leen jiitu woon ? ëppoon leen gënoon leen bari doole [ak i jeexit] ci suuf si. Te lañu daan fàggu fegalu leen dara (taxut woon mu doy leen).

83., Ba seen Yonnent dikkee indil leen ay lay yu leer nàññ, bokk na ca lañu xamoon. Lañu daan ñaawalaatee far sóor leen mujj leen talañ (faagaagal).

84. Ba ñu gisee Sunu Kàttan, daldi nañuy wax naan : “Yàlla doŋŋ la nu gëm, te weddi na nu la nu ko daan bokkaaleel”.

85. Seen ngëm googee jariñatuleen dara, ba ñu xasee ba gis tiis wa, muy àttey Yàlla ; Kem ni mu ko weyëlee woon ca jaamam ña. Foofee la yéefar ya di yàqulee tigi.

Draft

# Saar 41 : Laaya yu ñu faramfànce

## 54 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Haa, Miim.

2. [Ak solool] gu ñu wàcce mu bawoo ci Yëramaakoon bi , di Jaglewaakoon bi (yërmandéem).

3. Ab Téere bu ñu faramfànce ay laayam muy Alxuraan di ko [jàng] ci làmmiñu araab ngir aw nit ñuy xam,

4. di bégle tey xuppe. Ña ëpp ci ñoom dañoo dumóoyu ; du ñu (ko) dégg.

5. Ñuy wax naan : "Sunuy xol dañoo muuru ci li nga ñuy woo jëmële, sunuy nopp dañoo saañu. Sunu diggënteek yaw kiraay da cee nekk, Defal li ngay def (yaw caag) ; nun noo ngi def li nuy def".

6. Waxal ne : "Man nit laa ni yéen. dañu may soloo waaye seen Yàlla jenn Yàlla rekk la. Sàkkuleen tegu ca yoonam wu jub wa xocc te na ngeen sàkku njégël". toskare ñeel na yéefar ya

7. ña dul génne asaka tey weddi (dikkug) Bis Pénc ba !

8. Ñiy gëm tey jëfu yiw danañu am pey gu dootul dogamtal.

9. Waxal ne : "Ndax dangeen di weddi ki bind suuf si ci ñaari fan, ngeen di Ko sàkkal ay bokkaale ? Kooku moo di boroom àddina si,**(n)**

10. Moo poose ay tundi doj ci kawam, def ca barke, (sakkan) mu doxal ca lépp luy yombal luy tax a man a dund ci diirub ñeenti fan. [Mooy tontul] képp ku la koy laaj.

11. Ba mu éggalee la yemoo ca asamaan muy Saxar mu daldi wax asamaan ak suuf moom Yàlla ne : "Dikkleen, ci bu leen neexee, walla bu leen naqaree". Ñu tontu ko ne : "Dikk nanu ci sunu coobare".

12. Dogal na ñay juróom-ñaari asamaan ci ñaari fan ci asamaan su ca nekk la muy liggéey. Te taaralal nanu asamaanu àddina si si gën a jige ak i làmp [biddiw] ak di ko sàmm. Loolu mooy Dogalub (Yàlla) kiy boroom Kàttan, di ku Xam.

13. Bu ñu dumóoyoo lànk, waxal ne ; "maa ngi leen di xupp ci ag dënnu dënnu gu melni ga daloon waa Aad ak Samuud".

14. Ba leen yonnenta ya digëlee, bawoo kanam ak ginnaaw, [daan leen digël]: "Ci nuy jaamu Yàlla (ba ña jaamu leneen)", ñuy wax naan : "Bu neexoon Yàlla, Mu wàcce ay Malaaka. Te sax nun lii ñu leen yónni gëmuñu ko".

15. Waa Aad, rëy-rëylu ci suuf ci lu dul dëgg, daan wax naan : "Ana ku ñu ëpp doole ?" (Di damu) ! Daan féttéerlu ci sunuy laaya.

16. Bayal nanu ca ñoom ngelawul callmeer lu sedd guy ay fan yu nduxum, ngir mosal leen mbugëlum toroxtaane ci dundug àddina sii. Te mbugëlum àllaaxiraa gën a man a toraxal te it kenn duleen fa dimbali. (s)

17. Waa Samuud nag ñoom, gindi woon nanu leen ; waaye dañoo tànni ngumba bàyyi gindi ku (njub) dëng. Mbugalum doyadi fab leen muy peyug la ñu daan fàggu.

Draft

18. Nu daldi musël ña gëmoon tey ragal Yàlla.

19. Bu keroogee bis ba ñuy pang (dajale) nooni yàlla ya... Jëme leen Safara di leen gur-gur.

20. Bu ñu nee jaas agsi ci Safara, seeni nopp, ak seeni gët at seeni yaram dañuy doon ay seede ci li ñu daan def.

21. Ñuy waxanteek seen deri yaram ya naan : "Ana lutax ngeen di seede ngir dugal nu ?" (Der ya) tontu naan : "Yàlla miy wax loo lu nekk, Moo nu wax loo. Te Moo leen sàkk cig njaalbéen te it ca Moom ngeen di dellu".

22. Te manuleen woon làqatu ba seeni nopp, ak seeni gët du caagéeni seen yaram (ñu seede dugël leen). Waaye dangeen defe woon ne Yàlla xamul lu bari ci li ngeen daa def.

23. Loolu mooy seen njortu la ngeen jortoon ci Yàlla, moo leen faagaagal, ba ngeen xëy yàqule.

24. Bu ñu xaaree, Safaraa di seen kër ; bu ñu sàkkoo njégël, kon duleen jégël.

25. Boole Nanu leen ak ñu ñu lëkkëlool ñu taaralal leen la ca seen kanam ak sen ginnaaw (la ñuy jëf). Dogal ba dal ci seen kow, kem na mu ame woon ca xeet ya leen jiitu woon ci jinne yi ak nit ñi. Ñoom dañoo yàqule !(r)

26. Ña weddi ngay wax naan : "Buleen déglu Alxuraan jii, te ngeen koy doyadil (di ko caaxaane) ndax amaana ngeen am ndam".

27. Dananu, mosal ña weddi mbugal mu tar te dananu leen faye la gën a ñaaw ca la ñu daan def.

28. Loolu, mooy peyug noonu Yàlla Safara mudi seen kër ga ñuy dëkk béel ca, muy peyug weddi ga ñu daan weddi sunuy laaya.

29. Ña daan weddi dañuy wax naan : "Yaw sunu Boroom, wan nu ña nu daan réeräl ci jinne yi ak nit ñi, dananu leen def ci ron sunu ndëguy tànk, ngir nu gën a soofe".

30. Ñiy wax naan : "Yàllaay sunu Boroom", tey jéem a tegu ci seen yoonu Boroom wu jub wa xocc, Malaaka yi dañuy wàcci ci ñoom naan leen. "Buleen jàq buleen ragal ; bégleen ci àjjana ja ñu leen daan dig.

31. Nun (Yàlla) noo di seen wéeruwaay ci àddina di seen wéeruwaay ca àllaaxira ; te am ngeen fa lépp lu seen bakkan di wonnén ak lépp lu ngeen fay laaj,

32. (wàccuwaayu teraanga) bu bawoo ca Jéggëlekat ba, di ab Jaglewaakoonu yërmande".

33. Ana kan moo gën a rafet ay wax kuy woote jëme ci Yàlla, tey jëf yiw tey wax naan : " Ci jullit ñi laa bokk ?"

34. Lu rafet ak lu ñaaw du ñu yem. Na ngeen jiñe (ab safaan) ci lu baax ; (soo ko defee) ki nga gënoon a noonoo dafay jekki di sa xaritu benn bakkan.

35. Lii nag kenn du ko am ku dul ñuy muñ kenn it du ko am ku dul boroom cër bu duun.

36. Amaana leeg-leeg bu la saytaane jaxjaxee (waaye bu boobaa), na nga sàkku ci Yàlla mu mësal la ; Moo di, aji Dégg ja, aji xam ja.

37. Bokk na ci ay kéemaanam, guddi ak bëccëg, ak jant beek weer wi : buleen sujuudal jant bi, waxantumalaak weer wi, waaye na ngeen di sujuud ngir Yàlla mi leen bind, ndegam Moom ngeen di jaamu.

38. Bu ñu rëy-rëyloo... (ba defuñu ko) Malaaka ya nekk ca sa Boroom ñoom dañuy sàbbaal, guddeek bëccëg, te duñu ko bàyyi !(S)

39. Bokk na ci Ay kéemaanam ngay gis suuf si mu ne ndàpp (wow koŋŋ). Saa su ñu ci wàccee ndox, mu funki màgg. Ki koy dundal (di ci def gàncax) mooy dekkal ñi dee, Moom man na Lépp lu ne.

40. Ñiy jéem a soppi samay laaya (Alxuraan) manuñu nooraan. Moo ndax ku ñu sànni ca safara moo gën walla kuy dikk bu Bis Pénc baa ànd ak ug wóolu ? Defleen lu leen soob moom kuy gis la li ngeen di def ;

41. Ñay weddi [Alxuraan] ba mu dikkee ak li mu leen di fàttali dees na leen mbugël... te Téere bii Téere bu Kàttanu la ;

42. Ay caaxaan [du ko dikke fenn], du ci kanamam mbaa ci ginnaawam : dañu koo wàcce mu bawoo ca (Yàlla) miy aji Xereñ, di Yayoowaakoonu cant.

43. Deesul a wax lenn lu ñu waxutoon Yonnent ya la jiitu woon. Sa Boroom, ku Am njégël la te di Boroom mbugël mu mitti.

44. Bu Nu ko defoon muy weneen làkk (wu dul araab), danañuy wax naan : "Ana lutax faramfànce wu ñu ay laayaam? Yonnentub araab ak làkk wudul araab (nu muy ame)?" Waxal ne : "njub la ak saafara, ñeel ñi gëm". Ñi gëmul nag ñoom, ay saañ nekk ci seeni nopp def ngumba ci seeni (gët xel) ; te ñoom na nga leen di woowe ca barab bu sori.

45. Joxoon Nanu Muussaa Téere ba. Mu am ñu ca wuute. Bu ca sa kàddug Boroom jiituwul woon, dana fekk ñu àtte woon seen diggënte. Te it ñoom, ñi ngi sikki-sàkka ci ay mbiram.

46. Képp kuy jëf yiw, boppam la koy defal. Képp kuy jëf ñaawtéef it, te ci kawam lay dal. Sa Boroom, du tooñ, benn jaamam.

**47**. Ca moom la xam-xamu Waxtu wa di dellu (moom rekk xam). Amul menn meññat muy génn ciw xottam, amul it jenn jigéen juy ëmbu walla muy imbi lu dul am na ca xam-xam bu mat sëkk. Te bu keroogee bis ba mu leen di woo naan : "Ana ña ngeen ma daan bokkaaleel ?", ñu naan ko : "Noo ngi lay birëlal ne kenn seede wu ko ci nun" !**(h)**

48. Lañu daan jaamu ca àddina réer leen ; ñu daldi xam nag ne amatuñu rawukaay.

Draft

49. Nit du bàyyi du yoqat ci di sàkku di ñaan aw yiw. Waaye saa su ko lor dalee, mu di ku yàkki, kuy yoqat.

50. Saa su nu ko musalee yërmande ju bawoo ci nun, ginnaaw lor ja ko laaloon, muy wax naan : "lii maa ko yayoo ! Te sax fooguma ne saa dana taxaw. Te it su ñu ma delloo ca sama Boroom, li ma fay fekk, mooy dàqati". Danañu xibaar yéefar ya la ñu daan jëf te dana nu leen musal ci mbugël lu diis gànn (miti).

51. Su Nu mayee nit xéewël, mu dumóoyu daldi féew (sori). Waaye saa su ko lor laalee, muy ñaan ñaan yu gudd.

52. Waxal ne : "Xanaa gisuleen ? Alxuraan jii ca Yàlla la bawoo ngeen weddi ko ; ana kan moo gën a réer kuy nekk ci teqalikoo gu sore (faasaloo) ?"

53. Dananu leen won sunuy kéemaan ci déeléey asamaan ak ci seen bopp, ba baa ñuy gindi ku ci xam ne (Alxuraan), mooy dëgg tigi. Xanaa kay war na laa doy rekk ci sa Boroom ne moom seede la ci lépp ?

54. Ñoom xanaa ña ngay sikki-sàkka, ci dajeek seen Boroom ? Te Yàlla moom peeg na lépp lu ne .

Draft

# Saar 42 : Diisóo

## 53 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Haa, Miam.

2. Ayn, Siin, Qaaf.

3. Noonu la la Yàlla, miy boroom Kàttan, tey ku Xereñ, di soloo ay ndigëlam, kem ni mu ku defe woon ca Yonnent ya la jiitu woon.(s)

4. Moo moom li nekk ci asamaan yeek suuf si. te mooy Kooku, di aji Màgg ji,

5. Asamaan yi dañuy xawa foq bu Malaaka yi di sàbbaal di kañ seen Boroom, tey jéggalul ñi nekk ci kaw suuf si. te Yàlla tigi mooy Jéggëlaakoon bi, di Jaglewaakoon bi yërmandéem.

6. Ñuy wut ay wéeruwaay yu dul Yàlla, Yàllaa ngi leen di fuglu. Te yaw (Muhammad) du yaay lijjanti seen mbir.

7. Noonu la nu la soloo (Alxuraan jiy làmmiñu araab), ngir nga xupp ci ndayi dëkk ya (waa Màkka) ak dëkk ya ko wër ak it nga waar leen ci Bisub daje ba, - (bis pénc ba) sikkuwul bu boobaa - Ab kurél dafay nekk ca àjjana beneen kurél ba nekk ca biir Safara.

8. Su sooboon Yàlla, Mu def leen wenn xeet. Waaye Mooy dugël ku Ko neex ci biir yërmandéem. Te tooñkat yi nag ñoom duñu am wéeruwaay, waxantumalaak ku leen di dimbali.

9. Walla ñoom dañoo far am wéeruwaay yu dul Yàlla ? Wéeruwaay tigi mooy Yàlla ; te mooy dekkal ñu dee woon ña te moo di ki man lépp lu ne.

10. Te lépp lu ngeen am ag juuyoo, Yàlla yor àtte ba. Koo koo di Yàlla sama Boroom; ci Moom laay wéeru te it moom la doyloo.

11. ... Moo bind (sàkk) asamaan yeek suuf si. Defaralal na leen y soxna [jële ko] ci seeni jëmm ak ay mala yu di ay tóollént ( góor ak jigéen); te

ci loolu la leen di yokki (jurante). Amul lenn lu mel ni moom (Yàlla) ; mooy aji Dégg, di aji Gis.

12. Moo ame caabi [ndami] asamaan yeek suuf si. Mooy yaatalal wërsëg ku ko soob, moo ko koy xatalal it. Te, Moo di ku xam lépp lu nekk.

13. Diine ji mu tëral (ngeen war koo dund), mooy la mu dénkoon Nooh, ak la Nu la soloo (yaw Muhammad), ak li nu dénkoon Ibraahiima, ak Muusaa ak Iisaa(te moo di) : "na ngeen taxawal diine; te buleen cay teqalikoo". Li ngeen di woo bokkaalekat yi bëg leen caa jëmële dafa diis ci ñoom lool. Yàlla mooy jigeel boppam ku ko soob te it mooy gindi képp ku koy jébbël boppam.(r)

14. Xam-xam da leen a digël ba noppi ñu door a teqalikoo (ngir bew ak kujje) ga nekk ci seen diggënte. Du gan kon ak li Yàlla xas a joxe dig ba (Bis Pénc), kon dees na àtte seen diggënte (fii ci àddina). Te ña ñu donale woon Téere ba seen ginnaaw, ña ,nga cig sikki-sàkka gu yéeme (lënt).

15. Kon na ngay woo (nit ñi) jëme leen ci diine jooju ; te na ngay tegu ca yoon wu jub wa xocc ni ñu la ko digële ; te bul topp mukk seen bànneex ; te na nga wax ne : "Gëm naa lépp lu Yàlla wàcce mu di ab Téere, te digaleef na ma may maandu ci seen diggënte. Yàlla moo di sama Boroom. Te it Yàlla dananu dajale nun ñépp te ca moom la ñépp di mujj".

16. Ñiy diiŋat mbiri Yàlla, ginnaaw ba ñu ko nangulee, seenu lay la naaxsaay la ca Yàlla. Te mer dal na ci seen kaw ñu am mbugël mu tar.

17. Moo di Yàlla mi wàcce Téere ba ci dëgg, ak nattukaay ba (balaas ya). Ana loo ci xam ? te amaana waxtu wa di lu jigeñ ?

18. Ña ko gëmul ña nga koy yàkkamti ; waaye ña gëm ñoom dañu koy ragal te xam nañu ne mooy dëgg tigi. Ñay werante ci mbirum waxtu wa (Bis Pénc ba) ña nga ci réer gu sore.

19. Yàlla kuy ñeewanti jaamam ñi la. Mooy wërsëgël ku ko soob. te moo di boroom Doole ja, boroom Kàttan ga.

20. Képp ku namm ruuj [toolu] dundug àllaaxira, Dananu ko dollil ruujeefam. Képp it ku namm ruuj [toolu] dundug àddina, Dananu ko nangul ; waaye du am benn cër ca àllaaxira.(s)

21. Am ñoom da ñoo am bokkaale yu leen tërëlal diine ju bokkewul ak li Yàlla digle ? Du gan kon, ak kàddu gu xas jib ba noppi, kon àtteef na seen diggënte. Te tooñkat ya ñoom am nañu mbugël mu mitti .

22. Danga gis tooñkat ya ñu tiit lool ngir la ñu daan def, (mu di mbugël) muy dal ci seen kaw. Waaye ña gëmoon te daan def yiw, ñoom ña nga ca biir dëri àjjana ya, ñu fay am la ñu bëgg ci seen Boroom. Loolu moo di ngëneel la gën a rëy !

23. Loolu moo di [xibaar bu neex] bi Yàlla di bégale jaamam ña gëm tey jëf yiw ! waxal ne : "Du ma leen laaj genn pey lu dul dëgëral gi ci diggënte ag mbokkoo". Képp ku def lu rafet, Dananu ko ko dollil lu gën a rafet (mu di ab neexal). Yàlla jégëlaakoon la kuy sant la (delloo njukël).

24. Walla ñu daan wax naan day duural Yàlla ay fen. Bu neexoon Yàlla, Mu fatt sab xol. Yàlla dana (raaf , far) lépp luy neen. Te dana dëgëral dëgg ci ay kàddoom moom xam na li làmbu ci dënn yi.

25. Mooy kiy ndangu tuub ci jaamam ñi, tey jéggale ñaawtéef yi tey xam li ngeen di def.

26. te it mooy nangul ñi gëm tey jëf yiw di leen xeewël, yéefar yi nag ñoom am na ñu mbugël mu tar.

**27**. Bu Yàlla yaatalaloon wërsëg jaamam [ñépp], kon dañuy bew ; ba tax na, mu di ko wàcce di ko yemale na mu ko soobee. Ndax Yàlla ku Xàmmee la kuy Gis la Jaamam ñi.**(n)**

28. Moo (leen) di wàcceel taw ginnaaw bu ñu yàkke xont, te mooy tasaare Yërmaandeem. Mooy Kilifa gi, di Yayoowaakoonu cant.

29. Bokk na ci ay kéemaanam bindug asamaan yeek suuf ak ndundët yi mu tasaare (nuy duggat). Te man na leen dajale saa su Ko soobee.

30. Bépp lor ju leen dal yéen a ko jëf. Yàlla dafay jéggale yu bari.

31. Munuleen a raw Yàlla ci suuf si ; te it du ngeen am geneen kilifa, waxantumalaa ndimbal kudul Yàlla.

32. Bokk na ci ay kéemaanam (firndéem), gaal yuy daw ci géej, tollu ni ay tundu doj.

33. Su ko neexee, Mu téye ngilaw, ñu ne tekk ca ndox ma. Ay kéemaan na ngi ci biir loolu ngir [nit] kuy muñ tey sant (dello njukël).

34. Walla, mu mbugël leen ci seeni jëf. Tey jéggële lu bari.

35. Ñiy diiŋat sunuy firnde it danañu xam ne du nu man a am rawtukaay.

36. Lii nu leen jox lépp [ci alal] bànneexu dundug àddina rekk la ; waaye la nekk ca Yàlla moo gënn te moo gën a sax ngir nit ñi gëm tey doyloo seen Boroom,

37. ñiy wattandiku bàkkaar yu mag a mag yi ak ñaawtéef yi, te saa su ñu meree jéggale,

38. ñiy nangul seen boroom, ak taxawal Julli, ak di disóo seen mbir ci seen diggënte, tey joxe ci la ñu leen wërsëgël (seeni alal),

39. ña nga xam ne, saa su ag tooñ amee, ñu saafara ko (fayu).(s)

40. Lu bon lu bon a koy fay ni moom. Waaye kuy jéggële tey yéwénal (na xam ne), Yàllaay warloo peyam. Te Yàlla du safoo tooñkat ya !

41. Ñay fayu ginnaaw ba ñu leen tooñee,...ñooñu kenn amul ci ñoom aw yoon ;

42. Ña yoon war a dal ci seen kaw kay ñoo di, ñay tooñ nit ñi, di xaabaabal ci lu dul dëgg ci suuf si : mbugël mu mettee leen di xaar.

43. Képp kuy muñ tey jéggële, man na ñu koo limaale ca ñu dogu ña.

44. Képp ku Yàlla xas réerël dootul am kilifa gu koy man a aar ku dul Yàlla. Danga gis tooñkat ya bu ñu gisee mbugal ma dañuy wax naan : "Fu ñuy ame pexe mu nuy delloo [àddina] ?"

45. Danga leen gis ñu di leen gaaral ca kanam Safara, ñu boole tiit ak gàcce, ña ngay xoole ne xeww di rummi, ña gëm ña ngay wax naan : "ña yàqule tigi, ñooy ñi ñàkk seen boop ak seenug njaboot bu Bis Pénc baa". Tooñkat ya nekk ci mbugël mu sax.

46. Amuñu ay wéeruwaay yu leen man a dimbali wudul Yàlla (ndax) képp ku Yàlla réerël mu sànku.

47. Wuyuleen wooteb Yàlla bi balaa bis di ñëw boo xam ne kenn du ko man a fomm te it kenn du ca man a làqu Yàlla. Te it bu keroogee (Bis Pénc ba), dungeen man a miim (seeni bàkkaar).

48. Bu ñu dumóoyoo,... Yónniwunu la ngir nga di leen sàmm : yaw jottali doŋŋ la war. Te Nun saa su nu musalee nit ki yërmaande, mu bég ca maare ; waaye saa su ko lor dabee ju mu fàggul boppam...,muy xarab di xund !

49. Yàllaa moom nguurug asamaan yeek suuf si. mooy bind lu ko soob. Mooy may ku Ko soob ay doom yu jigéen, mooy may it ku Ko soob ay doom yu góor,

50. walla mu di ko def njaxas ñu di góor ak jigéen ; Mooy def it ku Ko soob jaasir. Yàlla aji Xam la boroom Doole la.

51. Yàlla du waxanteek kenn nit lu dul ci soloo, walla ci ginnaaw kiiraay, walla mu yabal ndaw (Malaaka) mu di ko soloo, lu ko soob, ci ndigalul Yàllal. Yàlla aji Kawe la aji Xereñ la.(r)

52. Noonu la ñuy soloo ci yaw [Alxuraan] ci Sunu ndigël. amoo woon benn xam-xam ci Téere bi du caagéene ngëm; waaye def leer di ci gindi ku nu soob ci sunu jaam ñi. Te yaw it da ngay gindee jëme ci yoon wu jub wa xocc,

53. yoonu Yàlla ji moom asamaan yeek suuf si ak li ci seen biir. Ca dëgg-dëgg ca yàlla la mbir yépp di mujj.

Draft

# Saar 43 : Xoyxoyal

## 89 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Haa, Miim.

2. Ci Téere bu leer bu !

3. Def Nanu ko Alxuraan ci làmmiñu araab ndax amaana ngeen xellu (xalaat).

4. Nekk na fi Nun, ca ndayi Téere ba (Allawhul mahfuus), kawe lool fees dell ag ràññee.

5. Moo ndax ! Danu leen di jox [Alxuraan] te fekk ngeen di ay yàqkat ?

6. Ak a bari lu nu yónni ci ay Yonnenta ca ña jiitu woon !

7. amul Yonnent bu mas a ñëw te yéjjiwuñu ko (ñaawal).

8. Faagaagal na nu ña leen ëppoon doole ! Xam ngeen xibaari ña jiitu woon.

9. Te soo leen laajee : "Kan moo bind asamaan yeek suuf ?" Dañu naan : "Yàlla, miy boroom Kàttan di ku Xam moo leen bind".

10. Yàlla mi leen defal suuf si muy laltaay defaral na leen ci ay yoon ngir ngeen man cee ginduku ;(s)

11. Mooy kiy wàccee am ndox ci asamaan si di ko yemale Ñu di ca naatal ay dëkk yu bekkooroon. noonu it ngeen di dekkiwaate ;

12. Moo bind tóolent yépp, defaral ay gaal, amal yu ngeen di war,

13. ngeen di def ñoŋŋ ca kaw, ngeen di fàttaliku xéewali Yàlla, su ngeen yemoo ca kaw ne ñoŋŋ, te it na ngeen di wax naan : "Tudd nanu sellug ki nu tàggatalal lii (wépp waruwaay) te manalu nu ko woon sunu bopp.

14. Te dañuy wëlbatiku jëm ci sunu Boroom".

15. Nit ñi dañuy mbokkale yàlla ak lenn ci jaamam ñi. Te nit xarabaatekat la bu bir !

16. Am Yàlla moom dafa jàpp ci li mu bind aw jigéen def leen ñu di doomam ba eggal yéen mu tànnal leen ay doom yu góor ? (mukk amul)

17. Te kat, saa su nu bégëlee kenn ci yéen ak la Yàlla doon misaal (doom ju jigéen), xar- kanamam ba daldi ñukku muy fuuñ-fuuñi (mer).

18. Moo ndax ! Du ul ne (jigéen) mooy màgg ci gànjaroo takkaay, te joŋewul ci dàggasante ?

19. Ñuy def Malaaka ya di ay jaamu Yàlla [aw jigéen] ! moo ndax baleen Yàlla di sàkk dañu koo teewe woon ? Danañu bind la ñu seede ; laaj leen ko (ba xam lu ñu ca xam).

20. Dañuy wax naan : "Bu neexoon Yàlla du nu leen jaamu". Waaye amuñu ca benn xam-xam ; dañuy foog doŋŋ.

21. Walla, da Nu leen joxoon ab Téere ca la ko jiitu woon ba tax ñu ŋoyoon ca ?

22. Li ñu wax kay moo di : "Fekkoon nanu sunuy maam am diine, kon nag (wat ci watiit) ñoom la ñuy toppandoo".

23. (Noonu it la daan deme) ndax masunoo yónni waa ab xuppekat (waaraatekat) cib dëkk lu dul ne ne kilifa ya danuy wax naan : "Sunuy maam amoon nañu diine te nun ñoom la ñuy roy".

**24**. Mu wax leen ne : "Ndax indilu ma leen lu gën a jub la seen baay ya nekkoon ?" Ñu tontu ne ko : "Nun kat gëmu nu lii ñu la yónni".**(h)**

25. Nu daldi fayu ca seen kaw. Xoolal (settantal) naka la mujjug weddikat ya deme.

26. (Fàttalikul) Ibraahiima ba mu waxee baayam aku nitam : "Man mii ku deñ laa ci lii ngeen di jaamu,

27. ba mu des (Yàlla) mi ma sàkk bind ma, te moo may gindi".

28. Mu def (dénkaane boobu) muy kàddu guy sax ginnaawam. Ngir amaana ñu dellu (di jëfe seeni xel) ?

29. Waaye xéewaloon naa ñooñee ak seeni maam, Ba dëgg ga (Alxuraan) digël leen ànd ak Yonnent buy leeral.

Draft

30. Ba leen dëgg ga digëlee, dañoo wax naan : “Lii daal ag njibar la te nun ay fen la nu ko jàppe”.

31. Ñuy wax it ne: “Cëy Alxuraan jii bu wàccoon ci nit ku tekki te dëkk ci benn ci ñaari dëkk yi ?” (Taayif, Màkka) (al Waliidu ibn almuqiira) walla (Urwatu ibn masuud).

32. Moo ndax ñoom ñooy séddële yërmaandey sa Boroom ? Te Nun dey Noo leen di séddale seenub dundu ci àddina te it tooñkat ya ñennat ci ñoom, teg na leen ca kaw ña ca des ngir nuy yilifante. Waaye yërmaandey sa Boroom, moo gën fuuf, li ñuy dajale.

33. Su nit ñi doonoon wenn xeet, kon Dinanu defaral ñiy weddi Yàlla, seeni kër am ay xàddi xaalis ak ay ker-keraan ñu di ca yéege ;

34. seen kër ya amna ay wunt ak ay lal ñu di ca sóonu,

35. ak ay xoyxoyal. loolu lépp du lenn lu dul bànneexu dundug àddina, te àllaaxiraa, nga fa sa Boroom, ngir ñu ragal Yàlla.

36. Képp kuy sori ak a dumóoyu tudd Yàlla (fàttaliku) Yëramaakoon bi, Dananu ko booleek Saytaane su mu lëkkalool.

37. Te ñoom Dañu leen dëdaleek yoon (wu jub wa xocc), te ñu foog ne dañoo gindiku.

38. Ba ne seef agsi ci Nun dey, daldi wax ne: “Aka neexoon ! Sunu diggënte soriyaantoo ni [Pénkook Suwu] !” – Ndaw lëkkëloo bu bon !

39. Loolu lépp du leen jariñ lenn tey jii – ginnaaw ba ngeen tooñee – yéen ay bokk yem ca biir mbugël ma.

40. Moo ndax yaw man ngaa dégglo ku tëx mbaa nga man a gindi ku gumba mba ku nekk ci réer gu tar ?

41. Benn nu yóbbu la nga [dee] Nu daldi fayu ci ñoom ;

42. Walla Nu wan la la Nu leen digoon ñoom ; am Nanu Kàttan ci seen kaw de.

43. Jafandikul ci li nu soloo ci yaw yaa ngi ci yoon wu jub xocc wa.(S)

44. Dëgg-dëgg [Alxuraan] fàttaliku la ngir yaw ak saw nit. Te it deefna leen ko laaj.

45. Laajal Yonent yi Nu jëkkoon a yónni ñu jiitu la, ba xam ndax defaroon Nañu Yàlla, ju bokkul ak yëramaakoon bi, ju ñuy jaamu ?

46. Yónni woon Nanu Muusaa ak Sunuy kéemaan, ci Firawna ak gàngooram ga. Mu ne leen: "Man ndawul Boroom àddina si laa".

47. Ba mu dikkee ca ñoom ànd ak Sunuy firnde (kéemaan), ndeketeyoo dañu koy reetaan.

48. Kéemtaan gu mujj a ñëw ëpp ga ko jiitu woon. Ba noppi nu toftal ca teg léen ay jafe-jafe, ngir amaana ñu dellu ginaaw.

49. Ñu wax (Muusaa AS) ne ko : "Éy njibarkat ! Ñaanal nu sa boroom ci li nga séq ak moom ( mu teggil nu jafe-jafe yi). Soo ko defee nu jubook yaw".

50. Ba nu teggee jafe-jafe ya, da ñoo tiri lépp la ñu digéwoon.

51. Firawna daldi dajale aw nitam ne leen: "moo sama gaa ñi ! Ndax moomu ma nguurug Misra ak dex yii di dawdawaan ci sama ron? Xanaa du ngéen gis ?

52. Xanaa man sax maa wara gën waaju doyadi jii nga xam ne xawut a man a wax ( lu nit di xam )?

53. ( Lii muy woote su doon dëgg) Kon ñu takkal ko lami wurus? Wala mu lëngook ay Malaaka?"

54. Mu fëkk xeli nit ña ñu daldi ko topp génn ci diine.

55. Ba ñu Nu merloo, ca la Nu fayyoo labal ñoom ñépp.

56. Nu def leen ñu di am njàng ci ñiy xalset a dikk ëllëg.

57. Ba ñu jëlee misaal ci Iisaa doomi Maryaama, saw nit dañoo daldi dumóoyu,

58. Ñu daldi wax ne : "Ndax sunuy Yàlla ñoo gën, walla moom sax ?" Ay werante rekk la ñu fi indi . Te sax ñoom ay niti tafaar la ñu.

59. Moom de (Muusaa) ab jaam rekk la bu Nu jox xeewal def ko muy roytéef ci wa Bani Israayiil.

60. Bu Nu sooboon , Nu def ci yéen ay Malaaka yuy ayayloo ci kaw suuf si.

61. Te firnde lay doon ci (Bis Pénc ba) waxtu wa. Buleen ci am sikki-sàkka. Te na ngeen ma topp : yoon wu jub xocc waa ngi nii.

62. Buleen nangu mukk Saytaane di leen wëlbati ! Ndax seenub noon la (bu nëbbutuwul) fes.

Draft

63. Ba Iisaa dikkee and ak i firnde, nee na leen : “Indil naa leen xam-xamu xereñ ak it ngir ma leeralal len lenn ci li ngeen di juubuu. Ragalleen Yàlla te topp ma.(r)

64. Yàlla moo di sama Boroom di seen Boroom. Na ngeen ko jaamu. Lii mooy yoon wu jub wa xocc.

65. Kurél ya juuyoo ci seen biir. Ña daan tooñ toskare nañu ci mbugëlu bis bu mitti !

66. Moo ñoom ndax xaaruñu lu dul (Bis Pénc ba) waxtu wa mu naan jaseet ci seen kaw, bett leen te du ñu ko yëg ?

67. Ña xaritoo woon, bu keroogee ñennat ci ñoom, ay noon la ñuy doon ; lu ca dul ñay ragal Yàlla.

68. “Éy yéen Sama jaam ñi ! tey jii buleen tiit ; mbaa ngeen di jaaxle,

69. Ña gëmoon Sunuy kàddu te doonoon ay jullit,

70. “Dugguleen àjjana, yéen ak seeni soxna, danu leen fay berndeel”.

71. Danu leen fay wër ak booli wurus ak i kopp ; def lépp lu bakkan di wonnen ay gët di ko bànneexoo ; - “te dangeen fay béel.

72. Loolee mooy àjjana ja Nu leen donale ci la ngeen daan jëf.

73. Am ngeen fa ay fuytéef yu bari ngeen di ca lekk”.

74. Tooñkat yaa ngi, ci biir mbugalum Safara béel ca,

75. kenn duleen ko mas a woyafal te dañu naan fa xuum ne muq ngir jaaxle.

76. Du ut ne Nun noo leen tooñ, waaye ñoom ñoo tooñ (seen bopp).

77. ña ngay woo : “ Maalik (bëkknéegu safara)! naan ko nanu sa Boroom jéggëli book !” muy tontu naan : “Yéen kay, ci [mbugël mii] ngeen di sax dëgg” !

78. “Indiloon Nanu leen dëgg; waaye ñi ëpp ci yéen dañoo bañ Dëgg”.

79. Walla, Ñoom dañoo fexe ay mbir [ak lu man a xew] ? Nun nooy sottal mbir yi ñu alku !

80. Moo ndax ñoom dañoo jortu ne dunu dégg li ñuy nëbb ak di ko déeyoo ? Axakañ (dégg Nanu ko de) ! te sunuy ndaw a nga ca ñoom di bind.

81. Waxal ne : “Su fekkoon ne Yàlla Yëraamaakoon bi amoon na doom dey, man maay doon jaamam biy gën a (nungu ag njaamam)”.

82. Tuddnaa sellug Boroom asamaan yeek suuf, mooy Boroom (Aras) gàngunaay ga ; Kawe na lool soree ak ni ñu koy melal.

83. Bàyyileen rekk ñuy nuur ciy caaxaan ak di fo ba baa ñuy dajeek seen bis bi nu leen daan tëgoo (Bis Pénc ba).

84. mooy jenn Yàlla ci asamaan si di Yàlla ci suuf si ; mooy ki Xereñ, di ku Xam !

85. Te itam barkeel na Moom mi am nguurug asamaan yeek suuf si ak li nekk ci seen diggënte. Moo ame it xam-xam bi làmboo waxtu wa (Bis Pénc ba). Te it ca moom ngeen di dellu.(S)

86. Ñay jaamu leneen lu dul moom duñu am benn man-man ci tinu (rammu), ba mu des ñay seede ci dëgg te di ñu xàmmee.

87. Soo leen laajoon ana kan moo leen bind, ñu ne la : “Yàlla”. Kon naka la ñu koy dumóoyoo ?

88. Waxi Yonnent ba moo di : “Éy sama Boroom, ñii daal ay nit la ñu ñu gëmul”.

89. Dumóoyuleen yaw ; tey wax : “Jàmm !” Danañu xalset a xam.

Draft

# Saar 44 : Saxar sa

## 59 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Haa, Miim.

2. Ak ci (Alxuraan) Téere bu leer bi (Maa ngi ciy waat) ne.

3. Wàcce Nanu ko ci guddi gu barkeel, Nu ca doon xuppaate,

4. ci la Nuy teqalee mépp mbir mu xereñ,

5. moo di mbir mu bawoo ci Nun. Ci la Nuy yónnee [Yonnenta ya],

6. moo di yërmaande ju bawoo ci sa Boroom, mooy Kiy Dégg, di ku Xam,

7. Moo di Boroom asamaan yeek suuf seek li nekk ci seen diggënte, ndegam wóolu ngeen.

8. Amul jenn Yàlla judul Moom. Mooy dundal di reye, Mooy seen Boroom mooy Boroom seeni maam ya fi jëkkoon.

9. Ñoom, ña ngay sikki-sàkka, di fo.

10. Fuglul, cëy bis ba asamaan si di dikk ak saxar suy jolli

11. di moor nit ñi. Tey mbugël mu mitti.

12. "Waay-waay, sunu Boroom téggil nu mbugël mi. Ndax nun ay jullit la nu [léegi]".

13. Ana fan la leen kii fàttaliku bawoo te ab Yonnent bu bir dikkoloon leen,

14. Ñu daldi dumóoyu te naan : "Kii daal, ab dof la".

15. Dananu teggi mbugël mi tuuti ; dangeen dellusi de.

16. Cëy bu keroogee bis ba nuy kaanu di nappaje danuy fayu de.

17. Sànje woon Nanu , nitu Firawna ña leen jiitu woon, te amoon na ñu ab Yonnent bu leen dikkaloon bu tedd,

18. [daan leen wax naan]: “Delloleen ma jaamu Yàlla yi ! Ndax man mii ab Yonnent laa bu wóor.

19. Buleen kawe kawe lu ci Yàlla, ndax man dey firnde ju wér laa leen indil.

20. Maa ngi sàkku muslaay ci sama Boroom di seen Boroom, ndax ngeen bañ ma jóor i xeer.

21. Su fekkee ne gëmuleen ma, kon sori leen ma”.

22. Muu daldi ñaan Boroomam ne ko : “Ñi de ay niti Tafaar lañu (tooñkat)”.

23. “Toppal guddi rañaan ak samay jaam ; danañu len dabusi.

24. Bàyyil géej ga mu ne tekk ; ndax ñoom ay xarekat lañu ñuy, xala lab”.

25. Ak a bari ay dër yu ñu bàyyi ginnaaw ak bëti ndox(n)

26. ak tool (mbay) ak kër yu taaru,

27. ak i xéewal yu ñu daan gamaajoo.

28. Noonu la Nu ko donolee yeneeni xeet.

29. Asamaan ak suuf jooyuñuleen te kenn it muñadikuwuleen.

30. Musëloon Nanu , waa bani Israayiila ci mbugël mu doyadima (rey góor)

Draft

31. mom Firawna ma kawe woon lool ca yàqkat ya.

32. Tànnoon Nanu leen tigi ci kaw waa àddina sépp (bawoo jamono),

33. indiloon Nanu leen ay kéemaan (firnde) yu leer nàññ.

34. Ñoo ñaa ngay wax naan :

35. “Genn dee rekk am muy sunu dee, gu jëkk gi. Te it kenn dunu dekkalaat.

36. Su fekkee ne dëggu ngeen kon dekkalleen sunuy maam, délloosileen”.

37. moo ndax ñoom ñoo gën Tubbaa ak ña leen jiitu woon ? Faagaagoloon Nanu leen ndax ñoom ay niti tafaar lañu woon (tooñkat).

38. Bindu Nu asamaan yeek suuf si ak li ci seen diggënte di ko fowe.

39. Bindu Nu leen ci lu dul dëgg. Waaye ñi ëpp ci ñoom xamuñu.

40. Ca bisub àtte ba, lañuy daje ñoom ñépp,

41. Bis ba farandoo dul jariñ moroom ja ; te kenn duleen dimbali,

42. ku dul ku Yàlla yërëm. mooy, boroom Kàttan, di Jaglewaakoon yërmande.

43. Garabub Sakkuum ga tigi

44. moo di lekkug defaakoonu bàkkaar ya.

45. Day melni biteex ; buy wañax ca (seen biir ya)

46. ni ndox muy bax di wañaxe.

47. Jëlleen ku tëmbéel ko moom ca digg Safara;

48. topp ñuy sotti ci kaw boppam ba mbugëlum ndox muy wañax.

49. Mosal tokamtikul ! Yaay [boroom kàttan] tey ku Tedd (daan rëy-rëylu).

50. Lii nag tigi mooy li ngeen daan werante di ko sikki-sàkka.

51. Ña ragaloon Yàlla te daan wattandiku ña nga ca ay kër yu wóor,

52. ci ay tooli dër ak i dex,

53. ñuy soloo ca xeeti sooy ya gën a rààññiku ne rojj jàkkarloo.

54. Noonu ! La ñu leen di maye ay soxna (yu am bët) huuru alayn.

55. Ñu fay man a am wépp xeeti fuytéef féex lool ne fayax.

56. Duñu fa mos wextanu ndee lu dul dee gu jëkk ga. [Yàlla] fegal na leen mbugëlum Safara,

57. muy ngëneel lu bawoo ca sa Boroom. loolu mooy texe gu màgg ga.

58. Di ko yombal ci saw làmmiñ, ngir amaana ñuy fàttaliku !

59. Xaaral. Ñoom it ñi ngiy xaar.

Draft

# Saar 45 : Ku nërméelu ka

## 37 Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Haa, Miim.(s)

2. Wàccug Téere bi ma nga bawoo ca Yàlla, ji am Tedd nga ( Kàttan sañ-sañ), di ku Xereñ.

3. Ay kéemtaan a ngi ci asamaan yeek suuf si yuy soxal way gëm ñi.

4. Ay kéemtaan it, yuy soxal ñi amug wóolu nekk na ci bind, bi ngéen ame ay ci lépp luy dukkat ca anam ya muy giire.

5. Ak ci jëllasanteb guddi gi ak bëccëg bi, ak ci xeewal gi Yàlla wàcce mu bawoo ci asamaan si [Taw] di ci dundal suuf si (Naataange) ginnaaw ba mu bekkooree, ak ci ni muy soppaxndikoo ngelaw yi, ay kéemtaan la yuy soxal ñi xellu.

6. Yooyu ñooy firndey Yàlla nu di la ko jàngal mu tegu ci dëgg. Kon ana jan wax la ñuy man a gëm ginnaaw bu Yàlla ak firndeem Yii jàllee?

7. Képp ku dib duuraakoon defaakoonub bàkkaar toskare na ca xuri sawara !

8. Daan dégg ñuy jàng laayay Yàlla yi ( Alxuraan) mu féttéerlu di jaayub dayo, melni ku ko déggul. (Kookee na xam ne ) mbugal mu mettee (nga koy xaar).

9. Bu xamee as lëf ci Sunu laaya yi, jàppe ko ay caaxaan di ko yéjji. Ñooñee mbugël mu doyadi moo leen fay xaar :

10. (Sawaraw) Jahannamaa ngi leen topp. Lañu doon fàggu ak ña ñu doon digaaleel du ñu léen ko man a fegal. Te sax mbugal mu rëy moo léen fay xaar.

11. Lii ag njub la. Ñi weddi seen Téereb Boroom mbugël mu tar te metti dina leen dal.

12. Yàlla ji léen tàggatal géej, ba gaal di ca tëmb di daw, Ci ndigalam, ak it ngeen di sàkku Ca xeewalam ya xanaa nak da ngeen sant.

13. Moo leen tàggatal lépp lu nekk ci asamaan yeek suuf si, Ay kéemtaan a ngi ci yuy soxal ñiy xalaat.

14. Waxal ñi gëm ne leen na ñuy jégël ñi yaakaarul bisi Yàlla ya ci ne Yàlla dana àtte fay xeet wu nekk ci kem la ñu daan fàggu.(r)

15. Képp kuy jëf yiw, moom caak ; képp kuy jëf lu bon it, moom caak. Ndax yéen ñépp ca seen boroom ngeen di dellu.

16. Indiloon Nanu waa giiru Banii-Israayiil Téere ba, ak ngor ga, ak yonnenta ga, wërsëgëloon Nanu leen ci àddina si yépp ;

17. joxoon Nanu leen ay firnde yu leer ci ndigël yi. Wuutewuñu woon lu dul ba ñu amee xam- xam cig bew, ci seen diggënte. Te sa Boroom dana àtte seen diggënte, bu Bis Pénc baa, ca la ñu daan juuyoo.

18. Topp ginnaaw ba teg Nanu la ci yoonu ndigël. Na nga koy topp te bul di topp bànneexu ñiy xamadi.

19. Ndax ñoom du ñu la jariñ ci Yàlla tus. te tooñkat ya ku nekk ma ngay wéeru ci moroomam ; waaye Yàlla tigi mooy wéeruwaayu ñi ragal Yàlla.

20. [Alxuraan jii] ag leer ak gëti xol la, ñeel nit ñi di njub di yërmaande ngir aw nit ñu wóolu.

21. Moo ndax defkati ñaawtéef yi dañoo jàpp ne danu leen di def ni ña gëmoon te daan jëf yiw, ñu yem niróok dundu akg dee ? (mukk du am) aka ñoo bon nu ñuy àttee !

22. Yàlla bind na asamaan yeek suuf si ci dëgg ak it ngir mu fay bakkaan bu nekk ca la mu daan fàggu. Te kenn du leen tooñ (ci wàññi yiw mbaa yokk safaan).

23. Xanaa gisuloo ka jàppe bakkanam muy yàlllaam ? Yàlla faf ko réerël fatt ag déggëm ak ub xolam muur ab gisam. (Waaw) kooku ana kan moo koy gindi ginnaaw Yàlla ? Xanaa dangeen dul fàttaliku?

24. Ñuy wax naan : “lii daal du lenn lu dul su nu dundug àddina : danuy dee di dund te yàggaayu jamono rekk moo nuy ràpploo”. Waaye amuñu ci loolu benn xam-xam : dañuy njortu doŋŋ.(s)

25. Te saa su ñu jàngee Sunuy laaya ci ñoom, seen lay du doon lenn lu dul di wax naan: "Délloosilleen nu sunuy maam (ya deewoon) ndegam li ngeen di wax dëgg la".

26. Waxal ne : "Yàllaa leen di dundal soog leen a rey. Ba noppi mu leen di dajale bu Bis Pénc baa, sikk amul ci loolu, waaye li ëpp ci nit ñi xamuñu.

27. Yàllaa moom nguurug asamaan yeek suuf si. Te saa su Bis Pénc ba taxawee, bu keroogee, yéefar yi danañu yàqule.

28. Ca ngay gise xeet wu nërméelu. Xeet wu ca nekk ñu di ko woo (ngir jox ko ab téereem ba ay jëfëm nekk). Te naan ko bis niki tey dees na leen fay li ngeen daan jëf.

29. Sunub Téere bii nag. Di àddu ci yéen dëgg ndax ci la nu daan bind li ngeen daan jëf".

30. Ña gëmoon te daan jëf yiw, sa Boroom dana leen tàbbal ci biir yërmaandeem. loolu moo di texe gu màgg ga.

31. Ña weddi woon : "Xanaa Sunuy kàddu daawuloon wàcci ca ñoom ? Ñuy rëy-rëylu ak a tooñ di jalgati".

32. Te bu ñu leen waxaan ne : "digub Yàlla bii dëgg la de ; te it Bis Pénc ba sikkuwul", ngeen daan tontu ne : "Nun sax xamunu luy Bis Pénc ba ; am nanu ci ay njortu te wóoluwu nu ko.

33. Ñu ne gegg ca [ñaatéefi ] seen jëf ya. Lañu daan yejje gaw leen.

34. Ñu wax leen ne : "Bis niki tey dananu leen fàtte (bàyyi leen ci biir Safara) kem ni ngeen fàttewoon dajeg seen bis bii ( ba waajaluleen ko). Seenub dëkkuwaay mooy Safara ; te kenn du leen fa dimbali.

35. li ko waral moo di ni ngeen jàpp laayay Yàlla ay reetaan dundug àddina tax ngeen woru faggu". Bis niki tey dootu ñu fa génne te déefuleen ko woyofal.

36. Yàllaa jagoo xeeti cant (yépp), Mooy Boroom asamaan yi di Boroom suuf si : di Boroom àddina sépp.

37. Moo ame màgg ga ci biir asamaan yeek suuf si. Mooy boroom Kàttan ga, di ku Xereñ.

Draft

# Saar 46 : Goxub Ahqaaf tund suuf

## 35 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Haa, Miim.(h)

2. Lii moo di wàccug Téere ba bawoo ca Yàlla, miy boroom Kàttan, te di ku xereñ.

3. Bindunu asamaan yeek suuf seek li ci seen diggante, lu dul ci dëgg ak dig bu ñu yemale. Yéefër yi ñoom bu ñu leen di waar dañuy dumóoyu.

4. Waxal ne : "Ana lan ngeen di xalaat ci li ngeen di jaamu bàyyi Yàlla ? Wan leen ma ana li ñu sàkk ci kaw suuf ! Walla dañoo am man-man ci asamaan yi ? Indilleen ma Téere bu jiitu (Alxuraan) wala book jeexitali xam-xam, ndegam ñu dëggu ngeen".

5. Waaw ana kan moo gën a sànku (réer) ci kuy woo keneen ku dul Yàlla, koo xam ne du ko wuyu ba baa bis penc ba ? Te dañuy sàggane woote ba (duñu dégg duñu tontu).

6. (Te bu bis Pénc baa) ñu pang nit ñi ngir àtte leen dañuy soppeeku di ay noon, weddi jaamu ga ba mu set wecc.

7. Bu ñu jàngaatee ñoom sunuy Laaya mu leer nàññ ña daan weddi dañu daan wax ne: " lii ak njibar la gu fés" , aa li mooy duun-duun dëgg.

8. Walla ñu naan : "Da koo sos !" Nee leen : "Su fekkee ne dama koo sos manalu leen ma ci Yàlla tus. Moom moo gën a xam li ngeen cay lëmbaaje : Doy na sëkk seede sama digganteek yéen. Te moom (Yàlla) moo di Jéggëlewaakoon bi, di Jaglewaakoon bi".

9. Waxal ne : "Du man maay Yonent bi jëkk feeñ ; te it xamuma li ñuy xala def ci man, mbaa ci yéen. Man daal damay topp linu may soloo doŋŋ ; te itam doonu ma kenn ku dul ab waaraatekat buy leeral".

10. Waxal ne: "Ana lan mooy xalaat ci ne lii su fekkee dafa bawoo ca Yàlla ngeen weddi ko, mu am it ci giir banii israayila kenn ku ca seede lu ni mel moom mi gëm, yéen ngeen rëy- rëylu... Yàlla dey du gindi aw nit ñuy tooñkat !"

11. Ña weddi ngay wax ñi gëm naan leen : "Su fekkoon ne yiw la dana nu ca jiitu". Ngir séenug ñakka gindiku dana ñu xala wax naan : "Alxuraan jii ay dur la yu yàgg !"

12. Téereb Muusaa jiituwoon na ko di njub. Lii nag ab téere la buy dëggal loolu ci làmmiñu araab, ngir muy xupp ñiy tooñ di bégal ñiy rafetal (ay jëf).

13. Ñi gëm Yàlla tey jaar ca yoon wu jub xocc wa, duñu tiit duñu jaaxle.

14. Ñooñee ñoo di waa Àjjana dañu fay béel mu di peyug la ñu daan jëf.

15. Dénk nanu nit (mu wara rafetal) jëme ko ci ñaari waajuram : ndayama ko ëmb ci coono, imbi ko ci coono ; fa ëmb ba dale ba ca feral ga fanweeri weer la ; ba sax moom saa su dëgëree ba am ñeent fukki at, muy wax naan : "yaw sama Boroom ! Yenkeewal ma may mana sant ci sa xéewël yi Nga ma xéewale ak sama ñaari waajur, ak itam may man a jëf (jëf ju yiw joo gëram). Te nga yéwénalal ma ci sama njërtiit , Man dey tuub naa dellu ci Yaw te itam Man mii ci jullit ñi laa bokk" (ñi jébbale séen bopp).(S)

16. Ñooñee ñoo di ña nga xam ne dananu leen nangul la gëna rafet ca lañu daan jëf te da nanu leen faral séeni ñaawtéef , te it dananu leen limaale ca waa Àjjana, muy dig bu dëggu banu leen daan dig.

17. Kuy wax ñaari waajuram naan leen : "Kuf ma leen te naan leen ! Ndax dangeen may dig ne danaa génnaat dellu àddina te ña wéyoon masuñoo génnaat ?" Ñoom ñaar ña ngay sàkku ndimbalul Yàlla ngir ag delloom, [ñu di ko wax naan]: "Soo delluwul ginnaaw ci lii nga ne toskare dal na la ! Digub Yàlla dëgg la de". Moom it mu tontuwaat ne : "Lii du lenn lu dul feni mag ñu jëkk ña".

18. Ñoom ñooñee la wax ja dal ca séen kaw (menn mbugël) mooy xeet ya leen jiitu woon ci jinne yeek nit ñi. Ñoom dañoo yàqule woon.

19. Kenn ku nekk am na lu tollook lamuy jëf, ñu nar leen a faye la ñu jëfoon te kenn du leen ca tooñ (ci wàññi natt ba).

20. Bu keroogee bis ba ñuy gaaral ña weddi ci kaw Safara (naan leen) : "jeexaloon ngeen séen yu neex ya ca jamono ba ngeen nekkee daan

dund ca àddina : te pëcëxóowoon ngeen ko, bis bi niki tey dees na leen faye mbugalum toroxtaane, ngir ni ngeen daan saay-saayee.

21. Fàttalikul mbokkum waa Aad ña (Huud) ba muy waar aw nitam ca barabu Al Ahqaaf – te fekkoon na waaraatekat ya jar fa la ko jiitu woon ak ginnaawam - [daan leen wax naan]: "Yàlla doŋŋ ngeen war a jaamu (waaye su ngeen jaamoo leneen lu dul moom). Man dey ragal naa ci yéen mbugëlum bis bu màgg ñàng".(r)

22. Ñu tontu ko ne ko : "Moo ndax dangay ñëw ci nun ngir féewale nu bëgg nu bàyyi sunu yàlla yi ? Waay-waay, indil nu li nga nuy tëkkoo ndegam bokk nga ca way dëggu ña".

23. Mu ne leen : " Xam-xam moom ma nga ca Yàlla. Man nag dama leen di jottali liñu ma yonni. Waaye gis naa ne yéen ñii aw nit ngeen ñu réer xamadi".

24. Ba nu gisee niir wa dëgmël séen xur ya , wax na ñu ne ; "Lii aw xiin la wu nuy tawal". Déet walaay ! lii nag mooy la ngeen daan yàkkamti : Ngelaw lu ëmb mbugël mu mitti,

25. ci ndigalul Yàlla dafay nappaaje lépp". Mu faagaagal leen ñoom ñépp ba séen dëkuwaay ya doŋŋ des fa. Noonu lanuy faye tooñkat ya (sàmbaa-bóoy sa).

26. Yombaloon nanu leen ñoom lu nu leen joxul yéen. Ndax defaloon nanu leen ag dégg ak ub gis, te seen dégg ga, wala séen gis ba, ak séen xol ya jariñu leen woon tus, ndax dañu daan weddi Laaya Yàlla yi firndeem ya. Ñañu daan yéjji far sóor leen.

27. Faagaagal nañu ca dëkk ya leen wër ; defaroon ay keemaan ak firnde yu wuute, ngir bëggoon ñu dellu ginnaaw ca séen kéefër gi.

28. Ana lu tax la ñu daan jaamu, bàyyi Yàlla dimbali wuñu leen ? Li am kay mooy dañu leen far réer mër ; loolu moo di seen fen wa ak la ñu daan dur.

29. (Fàttalikul) itam ba nu jubëlee ci mbooloom jinne ngir ñuy déglu Alxuraan ba ñu teewee nee na : "déglu leen"... Ba mu jeexee, walbatiku nañu ca séen mbokki jinne di leen waar .

30. Nee na ñu : "Eey yéen sunuw xeet ! Déglu nanu ab Téere bu ñu wàcce ginnaaw Muusaa, muy dëggal la ko jiitu dafay gindee itam jëme ci dëgg. Ak ci yoon wu jub xocc wa.

31. eey yéen sunuy xeet wuyu leen wootekatu Yàlla ba ! Te na ngeen koy gëm. (Su ngeen ko defee) dana leen di jéggal seen bàkkaar, te it kon dana leen yiir ci mbugal mu mitti.

32. Te nag képp ku wuyuwul wootekatu Yàlla ba. Du man a raw mukk Yàlla ci kaw suuf si, te it du am ku koy man a dimbali ginnaaw Yàlla. Ñooñee ña nga ci réer gu bir sori.

33. Xanaa gisuñu ne Yàllaa bind asamaan yeek suuf si, te sonnut ci bind gi mu leen bind sàkk leen, xanaa war na man a dekkal néew ? Waaw-waaw. Moom man na lépp lu ne.(s)

34. Cay bu keroogee bis ba ñuy gaaral yéefar ya ca Safara (te naan leen) : “Ndax lii du dëgg ?” Ñuy tontu naan : “Axakañ , ak sunu màggug Boroom”. Mu ne leen : “Tokamtiku leen mbugël ma ngir li ngeen daan weddi”.

35. Yaw (Muhammad) na ngay muñ ni Yonent ya doonoon boroomuk dogu daan muñ; te buleen di yàkkamtil [mbugël]. Ndax bis bu ñu nee gegg ci li ñu leen daan tëkkoo, danuy mel ni masuñoo sax (dund) kon ndax dana alku ku dul saay-saay sa?

Draft

# Saar 47 : Muhammad

## 38 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ña weddi tey dumóoyu yoonu Yàlla, (tax na) ba sànk na séen jëf.

2. Ña gëmoon te daan jëf yiw te ñoo daan gëm la ñu daan wàcce ci Muhammad (Alxuraan) – te mooy dëgg ga bawoo ca séen Boroom – Faralal na leen séen ñaawtéef te it yéwénal na leen séen mbir.

3. Li wér moo di ne ñiy weddi dañoo topp Neen ñi gëm nag ñoom dañoo topp Dëgg gu bawoo ca séen Boroom. Noonu la Yàlla di séddale nit séeni léebu.

4. Te saa su ngeen fa dajeetee ak ñay weddi (ci jamonoy xare) dóorleen ci loos yi. Saa su ngeen leen noote nag, na ngeen leen jéng bu daŋ a daŋ. Su leen soobee, ngeen baal leen dem, wala ngeen laaj leen njotu, ba baa xare ba di giif. Lool nag, bu sooboon Yàlla, Dana feyyu ci kaw yéefar yi, waaye danay faral nattuwante ci ñeneen ña ca des. Te itam ña ñuy roy ci yoonu Yàlla (ña doon jullit), Séeni jëf du réer.

5. (Yàlla) dana leen xala gindi tey yéwénal seeni mbir,

6. te dana leen tàbbal Àjjana ju mu leen jagle.

7. eey yéen ñi gëm ! bu ngeen taxawee temm ci yoonu Yàlla, Kon dey dana leen dimbali te it dana dëgëral séeni ndëggu (gindi leen ci xare).

8. Ña weddiwoon, ñoom toskare nañu te séeni jëf réer na.

9. Li ko waral moo di ne dañoo sibóon li Yàlla daan wàcce ci moom it. Mu daldi sippi séeni jëf (neenal ko).

**10**. Moo xanaa dañoo wërul ca réew yi (suuf si) bay xool naka la mujjug ña leen jiitu deme woon ? Yàlla da leen nappaaje (faag leen). Noonu it la yéefar yi di mujje.**(n)**

11. Dafa fekk ne Yàlla mooy méngóo di Aar ñi gëm ; yéefar yi nag ñoom amu ñu ku leen di aar.

12. Yàlla dana tàbbal ñi gëmoon te daan jëfe yiw, Àjjana yoo xam ne ay dex ñooy daw ci suufam ronu leen. Ña weddiwoon ñoom dañu daan bànneexu ak daan lekk ni jur gi di lekke ; te safaraay séen saxuwaay.

13. Ak i bari dëkk, yu ëppoon doole fuuf sa dëkk bii ñu la génne, te dañu leen faagaagal, te amul kenn ku leen musal.

14. Moo ndax kiy topp firnde yu leer yu tukkee ci Boroomam niróok naak ñay jàppe séeni ñaawtéef lu rafet tey topp séeni bànneex.

15. Nirële melow Àjjana ja ñuy dig ña ragal Yàlla (di watandiku) : am na ci biiram ay dexi ndox yu dul forox, ak ay dexi meew yu dul soppiku, ak ay dexi ñoll yu neex ca ña koy naan, ak ay dexi lem yu sell. Te dañu fay am wépp xëti meññeef, boole kook njegëluk seen Boroom. Moo ndax loolu niroo naak ña béel ca biir Safara te ñu di leen nàndale ndox muy wañax muy daggate séeni butit ? Mukk yemuñu.

16. Am na ci ñoom ñu lay déglu . Bu ñu génne fi yaw rekk, tàmbalee wakaate di laaj ña am xam-xam (Sahaba ya) naan leen : “Waaw moom lu mu waxati woon sax ?” Ñooñee la Yàlla fàtt seen xol ñu topp senn bànneex.

17. Ña gindiku ñoom dolli na leen njub, jox leen yombalal leen ragal Yàlla.

18. Ana lan la (yéefar ya di xaar ci baña jebbalu) ba bis penc ba faf ne jaseet ci seen kaw bett leen ? Ndax màndargam yi dikk nañu. Te sax su xasee ba eksi ana lan la leen fàttaliku di jariñati?

19. Xamal ne, amul jeneen Yàlla ju dul moom Yàlla, te nga jéggalu say bàkkaar, ak di jéggalul jullit yu goor yeek yu jigéen yi. Yàlla xam na li ngeen di def lépp guddeek bëcëg.

20. Ña gëm ña ngay wax naan : “Cëy ! Bu aw saar wàccatiwoon !” Te fekk na saa suñu wàccee aw saar wu leer nàññ te digal ca xare, da ngay daldi gis naaféq ya di la xool ni ñuy xoole dee (ngir ragal). Li gën a yell ci ñoom moo di.

21. topp (jëf) ak wax ju yiw. Su, ndigal la xasee dugg, ñoom dey suñu dëggaloon (ndigalul Yàlla) jëfe ko), mooy gën ci ñoom (fuuf).(s)

22. Moo ndax, su ngeen dëddoo baña xare ji loolu du jur ak yàq ci suuf si ak ngeen di dog séenug mbokk ?

23. Ñooñu la Yàlla di rëbb, tëx loo na leen te gumba loo na séenub gis.

Draft

24. Moo ndax ñoom dañu dul settantal Alxuraan ? Wala séeni xol moo tojul ?

25. Ña murtad weddi ginnaaw ba leen njub ga feeñee, Saytaane legna leen te di leen fàbbi.

26. Li ko waral moo di dañuy wax yéefar yi naan leen : “dananu leen topp ci yennati mbir”. Te Yàlla xam na li ñuy nëbb.

27. Naka la séeni mbir di mujje su leen Malaaka ya jekkalee, di leen dóor ci kanam ak ginnaaw ?

28. Li ko waral moo di dañuy topp luy waral xarabug Yàlla, tey bañ lépp luy ngëramal Yàlla. Moom it mu daldi sippi séen jëf.

29. Moo ndax naaféq ya dañoo foog ne Yàlla du génne mbañeel gi ëmbul (Yonenta bi) mu ne fàŋŋ ?

30. Bu Nu sooboon danga leen gis jàrr. Te danga leen xam ci séen màndarga ; danga leen man a xam itam ci séen galeenu waxiin. Yàlla xam na séeni jëf.

31. Dananu leen natt ba baa nuy xam, ñay jihaad ci yéen ak muñkat ya, te it da nanu feeñal séeni jëf (yu baax ak yu bon).

32. Ña daan weddi tey dumóoyu yoonu Yàlla te daan sonal Yonenta bi ginaaw (ba ñu xamee) njub ga mu leer nàññ, manuñoo wàññi Yàlla dara. Te dana sippi seen jëf.

33. eey yéen ñi gëm ! Topp leen Yàlla tey topp Yonent bi, te bu leen di neenal séeni jëf.(r)

34. Ña daan weddi tey dumóoyu yoonu Yàlla ba dee ca diy yéefar, Yàlla duleen jéggal.

35. Bu leen di doyadi tey woote maslaa te yéen a gën a kawe, Yàlla itam yéen la àndal, te it séenug (peyug jëf) dara du ci wàññiku.

36. Dundug Àddina sii am po la ak i caaxaan ; bu ngeen gëmee te ragal Yàlla di wattandiku , Dina leen jox séenug pey te duleen laaj séeni alal.

37. Buleen ko Yàlla laajoon, kon dangeen di nay te kon dana génne seeni dëxëñ teg mbañeel gi séen diggante .

38. Yéen a ngi nii ñu di leen woo ngir ngeen di joxey alal ci yoonu Yàlla. Am na ci yéen ñuy nay a joxe. Te képp kuy nay a joxe boppam la koy

def. Yàlla di ku woomal te yéen ay ñi ñàkk. Te su ngeen dumóoyoo , Dana wuutal ñeneen nit ñu dul yéen, te du ñu mel ni yéen.

Draft

# Saar 48 : Bom ga

## 29 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Nun dey ubbil nanu la ubbi gu fes bir (jox la ndam) nga bom,

2. ci loolu Yàlla dana la jéggal, la jëkkoon ci say bàkkaar ak lay xala mujj, te it Dana matal ay Xéewal ci yaw te itam dana gindi teg la ca kaw yoonam wu jub xocc wa ;

3. Yàlla dana la dimbali ndimbal (luy tax nga man a not say noon).

4. Moom (Yàlla) ki wàcce ag dal ci xoli jullit ñi ngir ñuy dolliku ngëm ci séen kaw ngëm ga. Te nag Yàllaa moom xarekati asamaan yeek suuf si ; Yàlla Kuy xam la ku Xereñ la

5. (waral gi mu waral ci yéen xare) tax na ba dana tàbbal jullit ñu goor ñeek jullit ñu jigéen ñi ci Àjjana yoo xam ne ay dex ñooy daw ci suufam te dañu fay béel, te it dana leen faral séeni ñaawtéef loolu di texe gu mag ga fa Yàlla.

6. (ngir loolu it) dana mbugël naaféq yu, góor yeek yu jigéen yi, ak bokkaalekat yu goor yaak yu jigéen yay njortu ci Yàlla. Ak itam ne waajalal na leen safara muy dëkkuwaay bu bon!

7. Yàllaa moom xarekati asamaan yeek suuf si ; Yàlla Boroom Kàttan la di Ku Xereñ.

8. Yónni nanu la ngaay seede (ci saw xeet), di béglekat (ci jullit ñi) di xuppekat (ci yéefar yi),(S)

9. ngir ngeen gëm Yàlla akub Yonentam, te di ko màggal, te di ko weg, ak it ngir ngeen di ko sàbbaal (kañ) subaak ngoon.

10. Ñay jaayanteek yow ña ngay jaayanteek Yàlla (“bay’atu ridwaan bil hudaybiyyati”) : loxo Yàllaa ngi séeni yoxo (tegoonañook Yàlla loxo) . Képp ku ca xàcc, boppam la xàccal ; képp ku matal kóllare ga mooy séqag Yàlla, Dana ko xalset a jox ag pey gu màgg.

11. Ña gannaawewoon te bokk ca araab yaa ngay wax naan : “Sunuy njaboot ak sunuy alal ñooñu gàllankoor: jéggalul nu”. Ña ngay wax ci séeni làmmiñ lu nekkul ci seeni xol. Waxal ne : “Ana kan moo leen man a fanqal dara ci Yàlla su bëggee natt ci yéen lor wala mu bëg nat ci yéen njariñ ? Yàlla xàmmee na li ngeen di def.

12. Yéen kay (yéefar yi) dangeen a jortoon ne Yonenta bi ak jullit ñi dunu déllusi ci séeni njaboot . Loolu neexoon lool ci séeni xol ; ngeen daan njortu ay njortu yu ñaaw. Te it ngeen di aw nit ñu toskare”.

13. Képp ku gëmul Yàlla ak Yonentam (na bir ne yéefar la)... te waajal na nu yéefar ya aw safara wu tàng.

14. Yàllaa moom nguuruk asamaan yeek suuf si. Mooy jéggal ku ko soob tey mboogël ku ko soob. Yàlla, ab Jéggëlaakoon la ab Jaglewaakoon la.

15. Ñay fuuyu (te bokk ci giiri araab yi) dana nuy wax, saa su ñu jëmee ca màng ga (alal ya nu nangoo xaybar) ngir jël ko; “Naan leen bàyyi leen nu nu topp leen”. Danuy bëgg soppi waxi Yàlli. Waxleen ne : “Dungeen nu topp: ndax loolu la Yàlla wax cag njaalbéen”. Dana nu xalset wax (ñoom naaféq yi) naa : “Dangeen ñoo iñaane”. Li am kay moo di ne lim bu néew bu bokk ca ñoom ñooy ña xam.

16. Waxal ñiy fuuyu ci araab yi ne leen : “Dees na leen woo jëme leen ci aw nit ñu am qadar ju tar ñàng . Dingeen di xeex ak ñoom wala ñu jébbale seen bopp. Su ngeen toppee, ndigalul Yàlla dana leen jox pey gu jekk, su ngeen lànkee nag kom ni ñu lànke woon cig njaalbéen, Yàlla dana leen mbugël mu mitti”.

17. Bakkaarub baña xare du dal ci kaw gumba, du dal it ci kaw ku lompoñ (làggi) du dal it ci kaw ku wopp. Te képp kuy topp Yàlla akub Yonentam, Dana ko tàbbal Àjjana joo xam ne ay dex dana daw ci suufam. Képp ku lànk, Dana ko mbugal mbugal mu mitti.

**18**. Yàlla gërëm na jullit ñi jamono ja ñuy jaayanteek yaw ca ron garab ga. Xamoon na li nekk ci seen biiri xol, mu daldi wàcce dal ci seen kaw, daldi leen yoole ak ubbi gu jige (yewenóo)**(h)**

19. ak ay màng (alal) yu bari yu nu nangu) yu ñuy jël. Yàlla Borom Kàttan la di Ku Xereñ .

20. Yàlla dig na leen ay màng yu bari yu ngeen di nara jël, mu gaawe leen ci (ubbig xaybar) gii te fegal na leen (ay yoxoy seeni noon), ak it ngir mu nekk kéemaan ci jullit ñi ak itam mu gindi leen tek leen ca yoon wu jubb xocc wa ;

Draft

21. Ak yeneen yu ngeen manul a woon Yàlla peeg na ko, Yàlla man na lépp lu ne.

22. Te sax bu yéefar yi xeexoon ak yéen danuy daw ; te dunu am kenn ku ñuy wéeru waxantumalaa ndimbal.

23. Mooy doxalinu Yàlla wi daan am na ka jekk. Te doxalinu Yàlla kenn du ko soppali.

24. Mooy ki leen fegaloon sen yoxo moo feg it seeni yoxo yéen ci ñoom ca biir xuru Màkka wa (ba xarewooleen), ginnaaw ba mu leen joxee ndam ca kaw yéefar ya. Yàlla gis na la ngeen doon def.

25. Ñoom ñoo di ña weddi woon te daan tere seen digganteek Jàkk ju ñu Wormaal ja dox it seen digganteek fa ñuy rendee hadyu. Dogan ko nag jullit ñu góor ñaak jullit ñu jigéen ña fa nekk te xamee wu leen ba manoon leen reyaale ca biir yéefar ya, te kon dey ñàkk xam dana leen yóbbe bàkkaar... Waaye Yàlla mooy tàbbal ku ko soob ci Yërmaandeem. Waaye su fekkoon ne yéefar yi dañoo beddiku dana leen mbugël mbugël mu mitti.

26. Ngir yéefar ya ëmbu nañu ag rëy, rëy goo xam ne réer moo ko laltaay... Yàlla moom daldinay wàcce ag dal ci Yonentam ba (Muhammad) ak ca jullit ña (sahaaba ya), mu taqale leen ak baatub ragal Yàlla ("Laa Ilaaha illa Laahu Muhammadu rasuulu Laahi"), te ñoo ko gënoon a yayoo ci waa Màkka. Yàlla xam na lépp lu ne.(s)

27. Yàlla dëggal na Yonentam ba géwénta ga ci dëgg : ci ne ko da ngeen dugg ca Al Masjid Al Haraam ca Màkka bu soobee Yàlla, ngeen diy waay wóolu, ngeen di waay watu seen kawar képp wala ngeen diy waay jempu seeni kawar, te du ngeen tiit. Yàlla xam na (ci yéwénóo ga) (ay njariñ) yu ngeen xamul. Moo defaat leneen lu dul loolu ak ubbi gu jigeñ (yoonóog Hudayba).

28. Moom moo yónni Yonentam ba (Muhammad) cig njub ak diiney dëgg (Islaam) ngir mu am ndam ci kaw diine yépp. Yàlla doy na sëkk seede.

29. Muhammadu moo di Yonent Yàlla. Bi ña àndoon ak moom dañoo taroon ca kaw yéefar ya, dañoo daan yëramante ci seen biir. Danga leen daan gis ñuy rukoo, di sujuud (julli), daan sàkku ngënéelul Yàlla ak ngëramam. Seeni jë dafa daan am ay màndarga ngir jeexiitali sujuud ga. Noone la nu leen melale ci tawraat. Ak ci injiil mu deme ni gàncax gu génn nekk baxaw, daldi màgg ba baamuy dëgër, te dijj këndëng yéem lool baykat ya. (Te ni Yàlla taxawoo jullit ña) ni lay

merloo yéefar ya. Yàlla digna ñi gëm tey jëfe yiw ci ñoom, ag njégël ak pey gu màgg.

Draft

# Saar 49 : Dëkkuwaay ya

## 18 - Laaya - Ginnaaw Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Eey yéen ñi gëm ! Bu leen di jiitu Yàllaa kub Yonentaam. Te ngeen ragal Yàlla di ko watandiku. Ndax Yàlla ku dégg la kuy xam la.(r)

2. Eey yéen ñi gëm! Bu leen di yékkati seen kàddu ci kaw kàddug Yonenta bi, bu leen koy jollmbeeru ay wax, kon ni ngeen di jooruwantee bu (ngeen ko defee), yéen nangay sippi seeni jëf te yëguleen ko.

3. Ñay suufeel seeni kàddu ci Yonenta bi ñooñee la Yàlla nattu seen xol (fekk ko mu jooy jëm ci ragal Yàlla). Dana ñu am njégël ak pey gu màgg.

4. Ña lay woo (yaw Muhammad) di ko jooru di ko jéllóo ci ginnaaw dëkuwaay yi , li ëpp ci ñoom doonu ñu ñu ami xel di ca xalaat.

5. Su fekkoon ne dañuy muñ ba baa ngeen génn ci ñoom, mooy gën ci ñoom. Yàlla Jégëlewaakoon la, Jaglewaakoon la.

6. Eey yéen ñi gëm ! Bu leen ab saay-saay indiley xibaar, na ngeen ko leerlu ndax amaana mu tax ngeen dal ci gawu nit ngir am lënt su ko defee ngeen mujj di ko réccu.

7. Xam leen ne Yonent Yàlla baa ngi ci seen biir. Su fekkoon ne dana leen faral a topp ci mbir yu bari, kon dangeen am coono. Waaye Yàlla moo leen sopploo ngëm taaral ko ci seen xol moo leen bañloo it kéefër, ak ug caay-caay ak ug moy Yàlla. Ñoom ñooñee ñoo di gaay ñu jub ña,

8. mooy ngëneel lu bawoo fa Yàlla di xéewël. Yàlla Ku Xam la ku Xereñ la.

9. Su ñaari kuréel ci jullit ñi di xeexoo, na ngeen yéwénal seeni diggante. Su fekkee ne benn ba moo jalgati tooñ ba ca des, na ngeen xeex ak bay tooñ, ba baa muy dellu ci ndigalul Yàlla. Bu, delloo ci ndigal nag, na ngeen leen jubale te ngeen maandu Yàlla safoona ñu maandu ña.(s)

10. Way gëm ña ay mbokk la ñu. Na ngeen di yéwénal seen digganteek seen mbokk, te ngeen ragal Yàlla, ndax amaana yëramees leen.

11. Eey yéen ñi gëm ! Bu benn nit di faral a reetaan (yéjji) beneen nit : ndax amaana ña ñuy reetaan gën ñay reetaane. Bu ku góor di def bu ku jigéen it di def. Bu leen di saagaante. Bu leen di safaaney tur, turu caay-caay yellut ci ku gëm. (te ña koy def) te tuubuñu ko réccu ko... Ñoom ñoo di tooñkat ya.

12. Eey yéen ñi gëm! Teetleen (moytu) njortu yu bari ndax yenn njortu yi bàkkaar la. Buleen di yëdóonte ; buleen di jëwante. Moo ndax kenn ci yéen bëgg naa lekk yàppu mbokkam mu dée ? Bëgguleen ko kay. Kon nag nangeen ragal Yàlla di ko watandiku. Yàlla kuy Nanguwaakoonu tuub la, Jaglewaakoon la.

13. Eey yéen nit ñi ! Noo leen bind ci góor ak jigéen, def Nanu leen ngeen di ay giir ak i xeet, ngir ngeen xamante. Waaye ki gën a tedd ci yéen, fa Yàlla, moo di ki gën a ragal Yàlla ci yéen. Yàlla de Ku xam la Ku xàmmee la.

**14**. Araab yi neenañu : "Gëm nanu". Waxal ne : "Gëmaguleen . Waaye nañu wax ne : jébbale nanu sunu bopp, te sax ngëm ga duggagul seeni xol batey. Waaye su ngeen toppee Yàllaakub Yonentam, seen jëf jooju tus du leen ci moy". Yàlla Jegëlaakoon la ab Jaglewaakoon la.**(n)**

15. Jullit ñi tigi ñooy ña gëm Yàlla akub Yonentam, te duñu ca dengi-dengi benn yoon te ñooy xare ci seen alal ak ci seeni bakkan ci yoonu Yàlla. Ñooñee ñoo di ñu dëggu ña (ca la ñu wax ñoom ne gëm nañu).

Draft

16. Waxal ne : "Ndax dangeen bëgg jàngal Yàlla seen diine, te Yàlla moom xam na li nekk ci biir asamaan yeek suuf si ?" Yàlla Xamaakoon la ci lépp lu ne.

17. Ña nga lay caakaayoo seenug dugg ci Lislaam. Nee leen : " Bu leen caakaayo ci seenug tàbbi ci (diine Islaam). Yàlla kay moo ame ndam li moom mi leen xéewale gindi leen jëme leen ci ngëm , ndegam ñu dëggu ngeen".

18. Yàlla xam na Mbóotum asamaan yeek suuf si, te Yàlla nag Kuy gis la li ngeen di def.

# Saar 50 : Qaaf

## 45 - Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Qaaf. Ak ci Alxuraan ju tedd ji ( laay giñ) !

2. Waaye dañoo yéemu ba ñu amee waaraatekat bu bokk ci ñom ; digël leen yéefar ya di wax naan : “Lii dey mbir mu yéeme la”.

3. Ana ! Luy xew bu ñu deewee ba doon suuf...? Moo ndaw dellu guy sori waay” !

4. (Man Yàlla) Xam na a li suuf si di lekk ci ñoom ; te it Téere bu sàmmu baa ngi fi Nun (“Allawhul Mahfuuz”).

5. Ñoom weddi nañu dëgg ca waxtu wa mu dikëlee : ñoo nga ca mbirumu walayaange.

6. Moo ndax ñoom dañu téenul xool asamaan si leen tiim, ci melo wi Nu ko tabaxe taaral ko (ak i biddiw) ; te amul benn bënn-bënn ?

7. (Ak it Ñuy settantal) suuf si, ni Nu ko tàllale dott ca biir tundi doj saxal ca wépp xeetu gàncax wu naat te taaru.

8. mu di am njis ak ug fàttali ñeel bépp jaam buy sàkku dellu ca Boroomam.

9. Wàcce Nanu ndox mu barkeel mu bawoo asamaan, ñu daldi cay saxal ay tooli dër ak mbay yu ñuy góob (di ko dénc),

10. tàndarma yu gudd am cëgg yu rankaloo (menn gàcc),

11. muy wërsëgu jaam ñi. Ci ndox la Nuy dekkale suuf naatal ko. Noonu it la dekkiwaat ga di deme.

12. Ca la leen jiitu woon, nitu Nooh , ak waa Rasi ak waa Samuud weddiwoon nañu,

13. ak waa Aad ak Firawna ak mbokki Lóot,

14. ak waa Aykata ak nitu Tubba’a. Ñépp weddiwoon Yonent ya. Samag tëkku dal leen (di mbugël).

15. Nga ne ma lan ? Nun Yàlla danoo sonn ca bind gu jëkk ga ? Ñii kay ñi ngi cim lënt ci mbirum dekkiwaat (ku sos dekkil jaaxalu ko).

16. Nun Yàlla Noo sàkk nit bind ko te it xam Nanu liy jax-jaxi ci am xolam te sax Nun Noo ko gën a jegeñ buum giy téye ab xol

17. ngir ñaari way joqalante yaa ngay joqalante, tey fuglu ndeyjoor ak càmmoñ.

18. Amul jenn wax ju muy àddu lu dul ne Raqiib ak Atiid ña nga ko tiim (ñiy bind jëfi nit ñi) .

19. Sukraatus ndee aksi na ci ñoom tigi : "Loolu moo di li nga daan weddi".

20. Bu nu wolee Bufta bi : Loolu moo di bisub Tëkóo ba.

21. Bakkan bu nekk dikk ànd ak ku koy wommat ak ku koy seede.

22. "Lii lépp danga ko sàgganewoon. Bis niki tey, wuññi Nanu kiiraay li nekkoon ci say gët ; tey jii am nga gis bu xóot.

23. Ka muy lëkóol ma ngay wax naan : "Kii mooy sama àndandoo bi ma dul tàggóolati".

24. "Yéen ñaar, sànni leen ca safara weddiwaakoon ya daan féttérlu,

25. ña daan tere aw yiw, te daan jalgati, daan sikki-sàkka,

26. ka daan jéem a woote jeneen Yàlla di ko booleek Yàlla. Sànni leen ko ci mbugal mu tar ma".

27. Nekkaaleem ja (Saytaane) ngay wax naan : "sama Boroom, man dey bewloowuma ko ; waaye moom dafa nekkoon ci ag réer gu tar".(r)

28. (Yàlla daldi ne leen) : "Bu leen fi xulóo ! Lii lépp waxoon naa leen ko.

29. Wax ja du sippiku fi man ; te it Duma tooñ benn jaam".

30. Bu keroogee ba Nuy laaj Safara naan ko ; "Ndax fees nga ?" Safara naan : "Dolli ma" ?

31. Nu waajal Àjjana way ragal ña Yàlla mu jigeñ loolu.

32. "Lii mooy li Nu leen daan dig , [mu ñeel] bépp delluwaakoon ci Boroomam tey sàmm [daytalu Boroomam]

33. kuy ragal Yàlla Yërëmakoon bi ci kumpa, te ñëw ànd ak xol bu nangu ndigal.

Draft

34. Dugguleen ko ci jàmm ak tal". Te loolu mooy sax ba fàww (Àjjana) !

35. Danañu fa am lépp lu leen soob. Te am Nanu ndollen.

36. aka bari ay xeet yu Nu faagaagaloon, ci ña leen fi jiituwoon, te ëppoon leen kàttan fuuf. Réew mu nekk dem nañu fa, mu fees di rawe.

37. Ak fàttali nekk na ci biir loolu ñeel képp ku am ub xol, tey déglu booleek teewlu doon seede.

38. Man Yàlla, Maa bind asamaan yeek suuf ak li nekk ci seen diggante diirub juróom-benni fan, te Amuma ci benn coono.

39. Nangay muñ li ñuy wax : te nangay kañ di sàbbaal sa Boroom di ko sant balaa jant bi fenk ak balaa muy so ;

40. guddi gi it dee ko sàbbaal, ak ci ginnaaw julli gu nekk

41. Yaw (Yonent) bi déglul , bu keroogee ba Wootekat ba (Israafiil) di wootee fu jige,

42. bis ba nga xam ne danañu dégg xaacu ga. Te bóobule Bis moo di bisub Dekkiwaat ba.

43. Nun Yàlla (Man Yàlla) Maay dundal di rey, te ci Man la lépp di mujj,

44. bu keroogee bis ba suuf si di focc ñuy génn gaaw lool. Loolu nag ag dajale la gu yomb ci Nun.

45. Man Yàlla Maa gëna xam liñuy wax. Yaw nag bokkul ci sa wartéef nga di leen ga. Yaw daal nangay fàttali, Alxuraan képp ku ragal Samab tëkku.

Draft

# Saar 51 : Ngelawi callmeer ya

## 60 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Maa ngi giñ ci ngelawi callmeer yay wasaare !

2. Ak ca niir yay ëmbu ndoxum taw !

3. Ak ci gaal yay daw ci kaw ndox !

4. Ak ca Malaaka yay séddale mbir yi (wërsëk, ak taw) !

5. (Maa ngi) giñ ne liñu leen di digu lu dëggu la.

6. Te it bisub Penc ba lu nekk la lu am la du jaas.

7. Ak ci asamaan si di borom mbub taar !

8. Yéen (yéefar yi) yéen a ngi ci ay wax yu féewóo.

9. (Wax joo xam ne) Képp kuy dumóoyu Alxuraan wax joojoo ko waral.

10. Fenkat ya durkat ya dee nañu,

11. ñangay nur ci seen lënt ma.

12. Ñangay laajati : “Kañ la bis Penc bay doon ?”

13. Bis ba nga xam ne dees na leen ca fitnaal ca Safara (lakk leen) :

14. Ñu di leen wax naan : “Tokamtikuleen sànje bii ; lii nag mooy la ngeen daan yàkkamti”.

15. Ña ragaloon Yàlla ña nga ca biir Àjjana yu ànd ak bëti ndox yuy daw dawaan,

16. ña ngay jël la leen seen Boroom di jox. Ndax ñoom lu jiitu loolu dañu daan rafetal :

17. bu guddi jotaan, lu néew lañu ca daan nelaw,

18. bu njël masaana jot danuy jéggalu [seen Boroom] ;

19. seen alal it, daa nañu ci joxe ñiy yalwaan ak ñu ñàkk ña.

20. Ay kéemaan yuy taxa waaroo ngi ci suuf si ñeel ñu gëm Yàlla tigi ;

21. ak ci seeni jëmm (am nay kéemaan). Moo ndax dangeen dul gis ?

22. Seen wërsëg (taw) mi ngi ci asamaan si ak linu leen di dig.

23. Giiñ naa ci Boroom asamaan ak suuf ! Ne loolu dëgg la lu am la ni jibug seeni kàddu.

24. Moo ndax yaw waxtaanu ganu Ibraahiima yu tedd ya aksi na ci yaw ?

25. Ba ñu ko fekkee fa mu nekkoon ne ko : "Jàmm nga am !", mu ne [leen] : "Jàmm rekk, yéen dey xamuma leen".

26. Daldi potoxlu giseek waa këram daldi indi aw sëllu wu duuf.

27. Daldi leen koy tegal ne leen... "Ndax dungeen lekk ?"

28. Am tiit daldi ko roofu. Ñu ne ko : "Bul tiit". Daldi koy xamal ne dana am doom ju bari xam-xam.

29. soxnaam sa dikk ak i yuxu, di talaata boppam te naan : "Màggat mu jaasir...

30. Nu ne : "Loolu la sa Boroom wax. Te moo di Ku Xereñ ki, di Ku Xam ki".

Draft

**31**. Ne leen [Ibraahiima]: "Ana la doon seeni tank?"**(h)**

32. Ñu ne ko : "Nun dey dañunoo yabal ca aw nit ñu di ay tooñkat,

33. ngir nu jëbb ay doji ban yu nu tàngal ci seeni kaw,

34. Yàllaa ko tàmpe jagle ko defkati njaaxum ya".

35. Rawale nanu génne képp ku fa doonoon jullit (Lóot ak ña gëm),

36. Waa genn kër doŋŋ fa doonoon ay jullit ñu wommatu gëm.

37. Nu bàyyi leen fa musël leen ñuy kéemaan gu ñeel képp kuy ragal mbugël mu tarma ;

38. [Kéemaan it amoon na] : ci Muusaa ba nu ko yabalee ci Firawna, te joxoon ko ay firnde yu leer nàññ.

39. [Firawna] ne doos-doosaaral dumóoyu daldi ne : "Kii ab njibarkat la wala mu di ab dof !"

40. Jël Nanu ko mook ay xarekatam, labal ko ca ndox ma, muy ku ñu yedd.

41. (Kéemaan it) nekk na ca waa Aad, ba Nu leen saddee ngelawul faagaagale

42. ngelaw loo xam ne bàyyiwul dara te lu mu rombu nappaaje na ko.

43. (Kéemaan it) nekk ca Samuuda, bu ñu leen waxe ne : "Xéewluleen ab diir !"

44. Ba nu moy seeni ndigal. Ag xaacu faagaagal leen ñuy xool.

45. Manatuñuwoon a jóg te amuñu kenn ku leen dimbali .

46. Nitu Nooh, it bu jëkk. Dañoo saay-saayoon.

47. Te asamaan, Nun Noo ko tabax ci Sunu Kàttan : te it Noo koy yàkkali.

48. Suuf si, It Noo ko lal. Ndaw ku man a maasale !

49. Mépp mbir lenn lu nekk wutal Nanu ko [tóolent]. Ngir ngeen man caa fàttalikoo ?

50. "Fëx leen daw wuti seen Boroom. Man dey, ab waarekatam laa bu bir.

51. Te it bu leen jéema wut jeneen Yàlla. Man mii dey ab xuppekat laa bu bawoo fa moom, buy leeral di biral".

52. Noonu rekk la daan deme amul benn Yonent bu masa ñëw ci la leen jiitu tu du aw nitam dañuy wax ne : "Ab njabarkat la walla ab dof la" !

53. moo ndax da ñu ko daan jottaleente ? Li am kay mooy dañoo bew rekk.

54. Nangaleen dumóoyu , kenn du la ca yedd:

55. Nangay fàttalee ; ndax fàttali danay jariñ ñi gëm.

56. Te binduma jinne ak nit lu dul ngir ñu jaamu Ma (moom rekk tax).

57. Bëgguma ci ñoom wërsëg; Bëgguma it ñu dima jox lekk.(S)

58. Yàlla tigi, mooy Wërsëgalaakoon bi, mooy Boroom Kàttan gi dul yonjax.

59. Tooñkat ya am nañu seen wàlla wu ne weŋŋ: wu tollu ni wàlla seen gaa ya (ña leen jiitu woon te tooñ) kon bu nu yàkkamti (dana agsi de)

60. Yéefër ya toskare dalna leen ci bis ba ñu leen daan tëkóo ! (bis Penc ba)

Draft

# Saar 52 : Tuur

## 49 - Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Maa ngi giiñ ci Tuur (tund) !

2. Ak ca Téere ba ñu bind

3. Ci ay xët yu ñu tasaare !

4. ak ca Néeg bu ñu dundal ba (nekk ca kaw asamaan) !

5. Ak ca Téeg mu ñu yëkati ma !

6. Ak ca géex ga nuy taal muy bérëxraji !

7. Giiñ naa ni : sa mbugalum Boroom du jaas luy rot la.

8. Kenn manu koo tee am.

9. Bis bi nga xam ne asamaan si dana yëngatu ànd ak am riir,(s)

10. tund doj yi di dox.

11. Bu keroogee, weddikat danañu toskare,

12. ña daan nuur ci am po

13. bis bu ñu leen gëyti-gëytee rëgët leen jëme Safara :

14. Naan leen Safara si ngeen daan weddee ngi nii.

15. Waaw lii ak njabar la ? Am dangeena gisul bu baax ?

16. Xoyomleen ci biir ! Ngeen muñ ak ngeen ñàkk a muñ , ñoo ci yem képp : ci yéen ak lu man a xew dangay jot peyug la ngeen daan jëf.

17. Ña ragaloon Yàlla ña nga ca biir Àjjana ya ak i xéewël,

18. ñangay xéewlóo la leen seen Boroom jox, te it fàggulna leen mbugalum Safara.

19. “Lekkleen te naan ndokkale, ngir la ngeen daan jëf,

20. ñangay sóonu ci ay lal yu ñu sësële", te may Nanu leen ay soxna yu "huuru al iin" (am bët jekk),

21. Ña gëmoon te seen sët topp leen ca ngëm googee, Dananu def seeni sët ñu dab leen. Te duñu wàññi dara ci sen jëf, kenn ku nekk ay moom la mu sàkku.

22. Te Dananu leen jox ay foytéef ak yàpp lépp lu ñu cay soxla.

23. Danuñu cay joqlante ak i kopp ci lu àndul ak i caaxaan waxatumalaa sobe.

24. Dananu am xale yuy wër ci ñoom, yu melni pepp.

25. ku nekk jàkkaarlook moroomam tey laajante ;

26. Ñanga naan : "Nun dey ba nu nekkee Àddina danoo ragaloon [Yàlla] ;

27. Yàlla daldi nuy baaxe fegal nu mbugalum Samuum.

28. Nun dey bu jëkk, ca Àddina danu ko daan woo di ko ñaan. Moom Yàlla, moo di Aji-baax ji , di Jaglewaakoon bi yërmaandeem".

29. Fàttalikul sa xéewali Boroom tax na ba doonoo buxaaba waxantumalaa ab dof ;

Draft

30. Walla ñuy wax naan : "Kii waykat la ! Leegi tey mu dee jeexal".

31. Waxal ne: "Xaarleen ! Man itam Maa ngi ànd ak ànd ag yéen di xaar".

32. Moo ndax ñoom seeni xol mooleen di digal ? Am dañoo di aw nit ñu faku ?

33. Walla dañuy wax naan (Muhammad) : "Moo fent Alxuraan ?" Li am kay moo di ne... dañoo gëmul.

34. Su fekkee ne, liñuy wax ngi ci ñoom, nanu indi lu melni Alxuraan.

35. Waaw ñoom ndax dañu leen sos bind leen wala ñoom ñooy binde di sos ?

36. Walla ñoom ñoo bind asamaan yeek suuf si ? Li am kay moo di ne ñoom wóoluwuñu.

37. Moo ndax ñoom dañoo am sa ndàmbi Boroom ? Walla ñoom ñooy dogal ?

38. Walla ñoom dañoo am ab raas bu ñuy (yéege asamaan di déglu) ? Su fekkee loolu am na ka leen daan yëdujil na indi ay lay yu leer kon !

39. Walla book Yàlla moom moo am ay doom yu jigéen, yéen ngeen am yu góor ? (mukk)

40. Moo ndax dangeen leen di laaj ag pey, te ñoom nu diis gann ak i bor ?

41. Walla ñoom ñoo ame Mbóot yi di ko bind ?

42. Wala ñoom dañoo am ay pexe ? Te kat pexe yépp ña ko def lay raas.

43. Walla ñoom dañoo am jeneen Yàlla ju dul Yàlla ? (Mukk) Tuddnaa Sellam ga soree na lool ak liñu koy bokkaale !

44. Su ñu gIisaan mbugël sax muy wàcce asamaan, dañu naan : “Niir yu dajaloo la”.(s)

45. Bàyyileen , ba ñu dajeek bis ba ñu leen di mbugël,

46. bu keroogee seen pexe duleen jariñ dara, te kenn duleen dimbali.

47. Te kat tooñkat ya ñoom danañu am mbugël mu yées lolu. Waaye li ëpp ci ñoom duñu xam.

48. Nangay muñ li sa Boroom di dogal. Doo raw sunuy gët (Nun Yàlla). Te ne ngay sàbbaal sa Boroom di ko sant saa soo jógee ;

49. Nangay sàbbaal it timis ak fajar (fa biddiw yi feqe ak fa muy sooxe).

Draft

# Saar 53 : Biddiw ba

## 62 - Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Maa ngi giñ ci biddiwub (dëlóoñ ba) !(s)
2. (Ci ni) seen àndandoo ji (Muhammad) réerul te it juumul
3. te itam du àddu mukk ci bànneex ;
4. du lenn lu dul ak soloo gu ñu koy soloo.
5. [Jibriil] boroom kàttan gu tar ga moo ko jàngal,
6. mu di ku taaru te yemoo,
7. te moom ma nga ca déeléy asamaan ya gën a kawe (guddig rañaan ga).
8. Daldi nay jegeñ ba faf yoore,
9. Moo ngi jege woon ni ñaari xocci xala, walla sax mu gën a jigeñ loolu.
10. (Foofee) la Yàlla soloo jaamam la mu ko soloo.
11. Xol ba weddiwul la mu gis.
12. Moo ndax yéen dangeen di weranteek moom ca la mu gisoon ?
13. Moo ne gisoon na ko de, ca geneen wàcc,
14. kerook rañaan ma fa “Sidratu Al Muntahaa”,
15. foofee la jannatu “al Maawaa” nekk :
16. la koy muur muur na ko (di lalub wurus).
17. Da koo gis dëgg bët ya jéllul jaawalewul.
18. Gis tigi ca kéemtaani Boroomam ya gën a màgg.
19. Waaw xërëmu Laata ak Uzzaa lu ñu leen di niru,
20. ak Manaat xërëm ba ca des, te ñetteel leen ?

21. Moo ndax yéen a am doom yu góor moom Yàlla mu am ay jigéen ?

22. (Xam ngeen) ne woowu séddale yéen jubul de !

23. Loolu ay tur la doŋŋ yu ngeen di tudd (xërëm ya), yéen ak seeni baay. Seen njortu rekk la ñu topp waaye yayoowunu jaamu. Topp it seen bànneex, looloo tax njub dikk bawoo fa seen Boroom.

24. Walla book nit moom limu mébét da koy daldi am ?

25. Yàllaa moom àddinaak àllaaxira.

**26**. Aka bari Malaaka yu nekk ca asamaan ya te seenug ramu du jiñ dara, ndare ginnaaw bu Yàlla joxee ndigal, mu jëm ci ku Ko soob te Mu gëram ko.**(n)**

27. Ña nga xam ne da ñoo gëmul àllaaxira ñooy tudde Malaaka yi turi jigéen,

28. te ñoom amuñu ca benn xam-xam : seeni njortu rekk la ñuy topp, te njortu moom jotewul dara ak dëgg.

29. dëdul, képp kuy dumóoyu Sunug fàttali te dundug àddina rekk ñor ko.

30. Foofu la seen xam-xam yem. Waaye sa Boroom Moo gën a xam ku réere aw yoonam Moo gën a xam it ku gindiku.

Draft

31. Yàlla moom yi nekk ci asamaan yeek suuf si dana fay ña daan jëf jëf yu ñaaw kem la ñu daan jëf, dana fay it ña daan rafetal seen jëf pey gu gën a rafet,

32. ña nga xam ne dañuy moytu bàkkaar yu mag ya ak ñawtéef. Te it moo gën a xam li nekk ci yéen ngir moom Moo leen sose ci suuf def leen ngeen di ay liir ci seen biiri nday. Buleen di tagg seen bopp; (moom Yàlla) Moo gën a xam ana kan moo ragal Yàlla.

33. Moo xanaa gisuloo ka dumóoyu fuuyu,

34. muy joxe tuuti faf ko bàyyi ?

35. Moo ndax dafa am xam-xamu Kumpa di ko gis ?

36. Walla book dafa xamul li nekk ca téerey Muusaa

37. ak Ibraahiima ma jottaloon lool

38. benn bakkan du gàddul bakkan bàkkaaram,

39. li wér daal, nit ku nekk jëfam lay añe ;

40. te la mu daan jëf, dana fés, bu bis pénc baa.

41. Te dees na ko ko fay ba mu mat sëkk,

42. te nag lépp, ngay jeexe, ca sa Boroom,

43. te moom Mooy reetaanloo di jooyloo,

44. te it moom Mooy rey mooy dekkal,

45. te moom Moo bind ñaari tóolent , yu di góor ak jigéen,

46. muy bawoo ci toq maniyu wu wàcci ci njurukaay

47. moom moo waral it sosuwaat ga dekkiwaat,(S)

48. te moom Mooy woomalale.

49. Te mooy boroom biddiw ba Si'raa,

50. te moom Moo faagaagaloon waa Aad ñu jëkk ña,

51. ak waa Samuud, ba kenn desufa,

52. ak nitu Nooh ñu jëkk ña, ndax ñoom ñoo dàqoon tooñ te gënoon a bew,

53. noona la wëlbatee suuf sa këpp leen ko.

54. Muur leen ko.

55. Ana ban ci sa xéewali Boroom yi ngay werante ?

56. (Muhammad mii) ab xuppekat la ni Yonent ya ko jiitu woon :

57. bisub àtte ba jege na.

58. Kuddul Yàlla manul a tee mu am.

59. Moo ndax ! Ci waxtaan wii ngeen di béegraay ?

60. Di ci reetaan te jooyuleen ?

61. ngeen di nuur rekk ci càggante.

62. Sàbbaalleen Yàlla te ngeen jaamu Ko.

Draft

# Saar 54 : Weer wi

## 55 - Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Waxtu wi jigesi na weer wi xar na (bis pénc ba).
2. Saa su ñu gisee keemaan, dañuy dumóoyu tey wax naan : “Lii ag njibar laati”.
3. weddi nañu topp nañu it seen bànneex, te mbir yépp a ngi ne roŋŋ
4. Te jot nañu ci ay xibaar lu leen man a jàjj ;
5. Ràññatle gu jotal . Waaye teewul ñuy sànku.
6. Nangeen leen dumóoyu. Bu keroogee ba wootekat ba di woote jëm ci mbir mu naqari,
7. ñuy jatt seeni gis ba, di génne ci bàmmeel yi dañuy melni ay soccent yu ñu tasaare,
8. sëggël seeni doq, jëm ca, wootekatu ba. Yéefër yaa nga naan : “Lii dey bis bu jafeñ la”.
9. Nitu Nooh, ña leen jiitu woon weddi woon nañu. Ñoom it weddi woon nañu sunub jaam daldi wax ne: “Kii ab dof la !” daldi koy bàyyi.
10. mu woo Boroomam ñaan ko ne : “Man dey sonal nañu ma. Dimbalima”. (r)
11. Nu daldi ubbi wunti asamaan si ci am ndox muy dottiku,
12. nu daldi ballal suuf ak ay bëti ndox. Ndox ya daldi gëndóo daj ci ndigal lu ñu natale.
13. Ñu toog ca kaw gaalam ga doon ay dénk ak i pont,
14. mu doon dawe ci sunug càmm : faye ko ko ngir ña weddi woon.
15. Bàyyi nañu ko, mu di [kéemaan]. Moo ndax kon duñu ca jàjju ?
16. Te naka lay deme Sama mbugël at Samay xuppaate ?

17. Yombal Nanu, Alxuraan ngir ñu fàttelikoo ca. Moo kon ndax kenn dana ci jàjjoo ?

18. Waa Aad weddi woon nañu. Waaye naka la mbugël ma deme woon ak xupp ga ma leen defoon ?

19. Yabaloon nanu ca ñoom ngelaw lu ànd ak ub (sedd), ci bis bu tiis te mbugël ma faf wàccatuleen ;

20. dadoon sempi nit ñi ni ay dàtti tàndarma di buure.

21. Naka mu Sama mbugël ak Samag xuppaate ?

22. Yombal Nanu Alxuraan ngir ñu fàttalikoo ca. Moo kon ndax kenn dana ca jàjjoo ?

23. Waa Samuud weddi woon nañu fàtteli ga?

24. Ñuy wax naan : "Jenn waay ni nun nu di ko topp ? Kon dey nu sànku te réer.

25. Moo ndax dañu koo coqate moom doŋŋ ci nun yónni ko ? Kii daal ab fentaakoon la, bu yées".

26. Xalset nañu xam bu ëllëgee, ana kan mooy fentaakoon bu yées ba.

27. yónni nanu ca ñoom naaga (gileem gu jigéen), muy sànje ci ñoom. Fugluleen te muñalleen (Saalih).

28. Nanga xamle ne ndox ma dañu koy bokk séddóo ñook [giléem ga] ; duñu fa fekkante.

29. Ñu daldi woo seen àndandoo mu daldi koy rey.

30. Naka la Sama mbugël ak Sama xupp nekke (ci seen kaw) ?

31. Yabal nanu ca ñoom genn Xaacu, ñu mel poñiitum kuy ñag am ñax.

32. Yombal nanu, Alxuraan ngir ñu fàttaliku ca. Mo ndax kenn dana ca jàjjoo ?

33. Nitu Lóot weddi woon nañu lañu leen daan xuppe.

34. Yabal Nanu ca ñoom ngelawu callmeer (mu faagaagal leen), ba mu des njabootug Lóot ñoom musël Nanu leen ca njël,

35. mudi xéewal gu bawoo ci Nun : noonu Lanuy faye képp kuy sant.

Draft

36. Daan na leen xupp ci Sunu mbugël. Waaye teewul ñu daan werante ci loolu.

37. Dañoo, sàkkoo saay-saaye ganam ña. Nu daldi fatt seen gët ne leen "Mosleen Sama mbugël ak Samak xupp".(s)

38. Mu foog leen, suba teel, ak mbugël mu ñu dootul tàggool.

39. Mosleen Samak mbugël ak Samag xuppe.

40. Yombal Nanu Alxuraan ngir ñu fàttalikoo ca. Mo ndax kon kenn dana ca jàjjoo ?

41. Nitu Firawna ya ñoom it, xupp ga dikkaloon na leen.

42. Ñoom dañoo weddi faf sunu kàddu yépp. Nu daldi leen faagaagal, ak doole.

43. Seen yéefar yi ndax dañoo gën ñooña ? Walla dañu leen bindal ci téere yi ne mucc ngeen ?

44. Walla ñoom dañuy wax naan : "Nun ñépp nooy am ndam".

45. Seen booloo gi dana tas , ñu ne wëqét daw wane ginnaaw.

46. Bis Pénc, ba la ñuy dajeeti, te bis Pénc moo gënatee mitti te tar.

47. Tooñkat ya ña nga ca, cànkute ak réer.

48. Bu keroogee ba ñu di leen diri ci seen xarkanam ca biir Safara, (naan leen) : "Mosleen tokamti gu Safara".

49. Noo bind lépp lu nekk cig natale,

50. amul sunu menn mbir [ndigal] ; [lu dul ne] dafay mel ni xefiinu bët.

51. Faagaagal Nanu, ay xeet yu mel ni yéen. Mo ndax kon kenn du fàttaliku jàjj ?

52. Te lépp lu ñu defoon bind Nanu ko ca téere ya,

53. lépp, lu ndaw ak lu mag, karmat nañu ko ca.

54. Ña ragal Yàlla ña nga ca àjjana yu am i dex,

55. ca kërug dëgg ga, fa Buur Bu am kàttan ba.

Draft

# Saar 55 : Yëramaakoon bi

## 78 - Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Yërëmaakoon bi.**(h)**
2. Moo jàngale Alxuraan (xamle ko).
3. Moo bind nit (sos ko).
4. Moo ko jàngal waxiin wu leer.
5. Jant beek weer wi ne rojj yemoo
6. garab yi ak ñax mi dañuy sujuud.
7. Moom moo kaweel asamaan. Teg ca ay nattukaayam màndaxe (balaas),
8. buleen di naxe mukk ci màndaxe natt :
9. Nangeen di natt cig maandute buleen njuuj-njaaj.
10. Moo tàllal, suuf ñiy dunde :
11. am na ay fuytéef, ak tàndarma yuy meññ,
12. ak ay fepp yu nekk ci mbaram, ak gàncax yuy gilli.
13. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?
14. Moom moo bind nit ci ban bu tikk dëgër ;
15. te Moo bind jinne ci safara wuy bérëx wu amul saxaar;
16. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?
17. Boroom ñaari Penku yi tey Boroom ñaari Sowo yi !
18. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

19. Moo dajale ñaari géej ya ;

20. def na aw dig ca seen diggante ba duñu jaxasoo.

21. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

22. Te ñaari [géej]: yooyu peme da ciy génne ak ganjar.

23. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

24. Moo moom gaal yiy tëmbu ci biir géej niki ay tundi doj ;

25. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

26. Képp kuy dund kaw [suuf] dana masa saay jeex,

27. Sa Jëmmi Boroom doŋŋ fiy des, moom miy boroom màgg gi ak teraanga.

28. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

29. Ñi nekk asamaan ak suuf sii ngi koy laaj aka Dagaan. Te moom bis bu nekk, Mi ngi ci mbir.

30. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

31. Yéen nit ak jinne yi, danañu leen xalseta àtte

32. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

33. Eey yéen mbooleem jinne yi ak nit ñi ! Su ngeen manee lañbatu ci biir déeléy asamaan yeek suuf si, lañbatuleen. Waaye du ngeen mana kër-këri mukk ba génn kiiraayal Yàlla.

34. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

35. Dees na leen xala sotti safara ak biteex, te kenn du leen dimbali.

36. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

37. Su asamaan si xottikoo ruy mel ni beteex.

Draft

38. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

39. Bu keroogee, nit ak jinne, kenn deesu ko laaj bàkkaaram.

40. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

41. Tooñkat ya dees na leen xàmmee ci seeni màndarga. Te deef na leen joñ boole seen bopp ak seeni tànk.(s)

42. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

43. Waaw-kay nag Safara sa tooñkat ya daan weddee ngi nii.

44. Ñangay wëndéelu diggante (Safara sa) ak ndox muy bax.

45. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

46. képp ku dëggël tey wagar taxawaay ba ca kanam Boroomam, dana am ñaari àjjana ;

47. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

48. Yu am car yu dëll meññ gacc.

49. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

50. Am na fa ñaari bëti ndox yuy daw-dawaan.

51. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

52. Nekk na ca biir ci xeetu fuytéef wu nekk ñaari wirgó

53. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

54. ñangay sóonu ci ay laltaay yu dëll yoo xam ne biir ga sooy la, te it meññatum ñaar dër ya day yoore.

55. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

56. Ay Huur Al iin ñuy sajj seenub gis, ñoo xam ne nit walla jinne masu leen laal ñuy nekk ca biir.

57. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

58. Dañuy [rafet ba] melni: wurus yaaquut walla marjaan.

59. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

60. Moo ndax lu rafet man naa am geneen pey guddul lu rafet (mukk du am) ?

61. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

62. Ci dër yooyu amaat na yeneen ñaari dër.

63. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

64. Ñu di ñaari dër yu naat lool nëtëx.

65. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

66. Nekk na ci seen biir ñaari bëti ndox yuy jol di fuur.

67. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

68. am na ci biiram ay fuytéef, ak i tàndarma, ak rummaan.

69. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

70. ay jigéen ñu yiw te rafet jekk, ñoo nekk ca biir.

71. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

72. jigéenu huur yu sax fa seen mbaar ya,

73. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

74. nit wala jinne masuta laal jigéen ñooñu.

Draft

75. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

76. Ña ngeen soonu ci ay ngegenaay yu nëtëx (wert) ak ay laltaay yu rafet.

77. Yéen nit ak jinne ana naka ngeen di man a weddee seen xeewali Boroom ?

78. Saw turu Boroom Baarkeel na, moom miy Boroom Màgg ak Teraanga ji !

Draft

# Saar 56 : Xew-xew ba

## 96 - Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Saa su xew-xew ba tàbbee (bis pénc ba),(r)

2. kenn dóotul weddeeti ag digëm.

3. Mooy daane (ñenn), di yëkëti (ñeneen).

4. Bu ñu gësëmee suuf si mu rëg-rëgi,

5. te moñoxo tundi doj yi mu ne tasar,

6. daldi doon pënd buy tasaaroo

7. ngeen dikk di ñatti kurél :

8. waa ndeyjoor – ana ñan ñooy waa ndeyjoor ?

9. Ak waa càmmoñ – ana ñan ñooy waa càmmoñ ?

10. Ak ña jiitu woon ci ndigal te ñooy jiitu ba fàww

11. Ñooñee ñooy ña gëna jigeñ Yàlla

12. ca biir Àjjanay xeewu ja,

13. lim bu takku ca ña jiitu woon,

14. ak lim bu néew ca ña mujjoon,

15. ci kaw ay lal yu ñu sadd [wurus ak peme],

16. dañu cay soonu jàkkaarloo.

17. Ay xale yu dootu ñu màggat ñooleen di liggéeyal di leen wër,

18. ci ay kopp, ak baraada ak i kaas: ci aw ñoll

19. te duñu miir dunu màndi ;

20. ak wépp xeetu fuytéef wu nu gëna xemmeem,

21. ak yàppu picc la nu ca gëna wunnéen.
22. Ak ay jigéen (huur al iin), yu jekk ya lool ay gët,
23. yu taaru ba mel ni wurusu peme.
24. ñu faye leen ko la ñu daan jëf.
25. Duñu fa dégg mukk ay waxi neen walla wax ju sew ;
26. lu dul dañuy wax rekk naan : “Jàmm nga am aa jàmm rekk!”
27. Ak waa ndeyjoor ; ana ñan ñoo di waa ndeyjoor ?
28. [ñoom ñanga ca]: déem yu amul dég,
29. ak ci garabi banaana yu meññet ma rangaloo,
30. ak ci biir keppaar yu nu yiif yaatu
31. ak ci [wetu] ndox muy sottiku te tëa dakk,
32. ak ay fuytéef yu bari sakkan
33. du rag mukk te it kenn du ko tere,
34. ak ay laltaay yu yékkatiku,
35. Man Yàlla maa leen sàkk ñu ñeseŋ ñoom (huur al iin),
36. def Nanu leen ñu di ay xiig,
37. yu sopp lool seen jëkër, te maase ne rojj,
38. waa ndeyjoor leen moom,
39. ñuy mbooloo ma nu tànn ca ña jëkkóon,
40. ak mbooloo ma nu tànn ci ñu mujj,
41. Ak waa càmmoñ; ana ñan ñoo di waa càmmoñ ?
42. ña nga ca biir cóolóolul ndox may wañax,
43. ak ca ron kërug saxaar su ñuul kukk
44. seddul, neexul lewetul.
45. Ñoom ba ñuy dund ca àddina da ñu daan fuukarewu.
46. Dañoo nuuran ci bàkkaar ba gëna màgg mu di bokkaale Yàlla

Draft

47. dañu daan wax naan : “ Moo ndax bu nu faatoo ba def suuf ak i yax, dees nanu dekkilaat ?
48. nook sunuy baay ak i maam ?...”
49. Waxal ne : “Mbooleem ña jëkkoon ak ñu mujj ñi(s)
50. dees na leen dajale ci féncóob bis bu ñu xam”.
51. Topp ginnaaw ba, yéen, ñi réeroon, te daan waddi (bis pénc ba),
52. dangeen di lekk ci garabuk Zaquum.
53. Ngeen di ca feesal seeni biir,
54. ngeen di fa naan ndox muy wañax teg ko ca,
55. ngeen di ca dëtëm ni giléem gu mar.
56. Ñam woowule ñu leen di teeroo, bu bis Pénc baa.
57. Nun noo leen sàkk bind leen. Ana lan moo tax manuleen a gëm dekkiwaat ?
58. Xanaa gisuleen maniyyu mi ngeen sotti :
59. yéen a koy bind: walla Nun (Yàlla) noo koy sos ?
60. Nun noo natt ag dee ci yéen dogal ko te kenn du ko man a fanq. Te it lottu nu
61. te wuutal leen ñeneen rey leen yéen, dekkilaat leen fu ngeen xamul.
62. Xam ngeen xéll ca bu jëkk na ka ngeen sosoo. Moo kon ndax dangeen dul fàttaliku ?
63. Xanaa gisuleen li ngeen di ruuj ?
64. Yéen yéen a koy bay ? walla Nun noo koy bay ?
65. Sunu neexoon, Nu fóomal ko. Ngeen ne tócc di wél-wéli di [yuxu]:
66. Te naan : “Danoo fees dell ak i bor !
67. amu nuy alal am nu tono”.
68. Xanaa gisuleen ndox mi ngeen di naan ?
69. Moo ndax yéen a koy wàccee ci niir yi ? walla Nun noo koy wàcce ?

70. Sunu neexoon, Nu sëccël ko mu wex xàtt ak xorom. Moo xanaa dungeen sant ?

71. Xanaa gisuleen Safara wi ngeen di taaloo ?

72. Moo ndax yéen a sos garab gi walla Nun noo ko sos sàkk ko ?

73. Def nanu ko mu di ag fàttali (ci safaraw ëllëg), di jumtukaay ci képp ku ko ittewoo.

74. Na ngay sàbbaal sa Boroom, bu Màgg bi !

**75**. Déet !... maa ngi giiñ ci wàccuwaayi biddiw yi.**(n)**

76. Su ngeen xamoon lii, ngiiñ lu màgg la de.

77. Lii dey Alxuraan ju teddla,

78. ci biir Téere bu ñu ñoŋal

79. ñi laab rekk koy laal (ku laabul warukoo laal) ;

80. Mi ngi wàcci bawoo ca Yàlla Boroom àddina si.

81. Moo ndax ci waxtaan wii ngeen di weddi ?

82. Ak li leen Yàlla defal lépp fayewuleen ko lu dul di weddi Alxuraan ?

83. Bu ruuh gi génnee ba des ci bóli gi (kuy sukuraat),

84. te fekk na yéen a nga koy xool,

85. fekk na booba Nun Yàlla noo ko gëna jigeñ waaye du ngeen gis.

86. Bu ngeen, jortee ne ameeluleen Yàlla dara,

87. ana lan moo tax kon delloosiwuleen [ruuh ga], ndegam ñu dëggu ngeen ?

88. Su fekkee ne koo ku dafa jige woon (Yàlla),

89. dana (am) noflaay, ak àjjanay xéewël.

90. Su fekkee ne nag dafa bokk ci waa ndeyjoor,

91. dees na ko [teeroo]: “Jàmm ju” bawoo ca waa ndeyjoor.

92. Su fekkee ne nag dafa bokk ca ña daan weddi (dekkiwaat) tey ñu réer sànku,

93. des na ko teeroo ndox muy wañax,

Draft

94. ak xoyomu ca biir Safara.

95. Lii mooy dëgg tigi.

96. Na ngay sàbaal sa turu Boroom, bu Màgg bi !

Draft

# Saar 57 : Weñ gu ñuul

## 29 - Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ñi nekk ci biir asamaan yeek suuf si ñi ngi sàbbaal Yàlla miy boroom Kàttan gi, te di ku Xereñ.

2. Mooy boroom nguurug asamaan yeek suuf. Mooy dundal mooy rey, te Man na lépp lu ne.

3. Mooy ki Jëkk mooy ki Mujj, mooy ki Fés mooy ki Nëbbu te moo Xam lépp lu ne.

4. Mooy ki bind asamaan yeek suuf si ci biir juróom-benni fann ba noppi Mu yemoo ca kaw Gàngunaay ga (Aras); Xam na lépp luy dugg ci biir suuf ak lu caay génne, ak lépp luy wàcc bawoo asamaan ak lu cay yéek, te Moom mi ngi and ak yéen fu ngeen man di nekk. Te Yàlla kuy gis la li ngeen di def.

5. Mooy Boroom nguurug asamaan yeek suuf si . Te ca Yàlla la mbir yépp di mujj.

6. Mooy duggal guddi ci bëccëg te it mooy duggal bëccëg ci guddi, te Ku xam xéll la li nekk ci dënn yi.

7. Gëmleen Yàlla ak ub Yonentam, te na ngeen di joxe ci alal ji mu leen wuutalal. Ñi gëm te bokk ci yéen tey [joxe alal] danañu am ag pey gu màgg.(s)

8. Ana lu leen dal ba munu leen gëm Yàlla, ak ub Yonentam mi ngi leen di woo ngir ngeen gëm seen Boroom ? Te jël ci yéen ab dig bu diis ndegam gëm ngeen.

9. Moom mooy wàcce ay kàddu yu leer ca jaamam ba, ngir mu génne leen cig lëndëm tàbbal leen cig leer; te Yàlla dey ku leen ñeewanti la, Jagléwaakoon la.

10. Ana lu leen dal ba munuleen joxe alal ci yoonu Yàlla, te Yàllaa moom ndono yi nekk ci asamaan yeek suuf si ? Ña joxe seen alal lu jiitu

(fathu Makkata) xare boole ca duñu yem ak kenn ñoom dañuy am pey gu màgg ak daraja yu kawe... ëppëlee ko ña joxe ginnaaw xare be te sax xare woon nañu . Ñoom ñépp, la Yàlla dig neexal bu duun, te Yàlla ku deñ-kumpa la ci li ngeen di def.

11. Ana kan mooy nangoo lebal Yàlla bor bu rafet, Mu fulandikul ko ko, te it dana am ag pey gu màgg.

12. (Bu keroog) (bis pénc baa) dangeen gis way gëm ña, leer ga dox seen diggante di jolli ci kanam ak ndeyjoor ; (ñu naan leen) : “Bégleen tey : am ngeen ay àjjana yu dex ya di daw ci suufam te dangeen fay béel”. Loolu mooy texe gu mag ga.

13. Bu keroogee ba naaféq yu góor yi ak naaféq yu jigéen yi, di wax ñi gëm naan leen : “Xoolleen nu ndax nu man a niitu: ci seenug leer”. Ñu ne leen: “Delluleen ginnaaw, wutig leer”. Daldi doxale seen diggante ñag boo xam ne biir ga yërmaande la (fareek ña gëm), biti ba di mbugël (fareek naaféq ya)

14. “(Naaféq yaa ngay) woote naan xanaa àndunu woon ak yéen ?” jullit ña ne. “Axakañ, waaye yéen a fitnaal seen bopp, daan fexeel (ñi gëm) daan werante, faggu ba faf mbirum Yàlla agsi saytaane nax leen.

15. Bis niki tey, kenn du jël ci yéen ag njotu kenn it du ko jëll ca ña weddi. Seenub saxuwaay Safara moom ngeen mengóol: dootu leen tàggoo. Ndaw mujj gu bon !

16. Ndax jotul nag ci ñi gëm, seeni xol ragal buur jëm ci di fàttaliku Yàllu ak lépp lu wàcci tey dëgg ? Te ñuy baña mel ni ña leen jiitu woon te Téere wàcci ca ñoom . Ba diir ba yàggee seeni xol wow, ba faf la ëpp ca ñoom saay-saay lañu (génn topp).(r)

17. Xamleen ne Yàllaay dundal suuf si ginnaaw ba mu dee. Leeralal Nanu leen, sunuy firnde ngir ngeen jëfandikoo seeni xol jàjju waaru.

18. Saraxekat yu góor ak saraxekat yu jigéen ñiy lebal Yàlla bor bu rafet , dees na leen ko fulal te danañu am ag pey gu màgg.

19. Ña gëm Yàlla ak Yonentam ñooñee ñooy ña dëggu tey seede fa seen Boroom. Am nañu seenug pey ak seenug leer, yéefar yay weddi Sunuy firnde nag, ñoom ñoo di waa safara.

20. Xamleen ne dundug àddina am po la, ak i caaxaan, ak gànjar ak fuukareente, ak ëppalantey alal ak i doom. Mu mel ni waame : wu dotti yéem lool yéefar yi, gàncax ga naat seet seet mboq ; sooy mi

yàqu. Te àllaxira, mbugël mu tar moo fa am, ak njégël gu bawoo fa Yàlla ak ngëramam. Dundug àddina du lenn lu dul taar buy naje.

21. Dawleen jëkënte jëm ci njégëluk seen Boroom ak ca Àjjana joo xam ne yaatuwaayam tollu na ni yaatuwaayu asamaan ak suuf, te dañu koy waajalal ñi gëm Yàlla ak Yonentam. Loolu ngënéelul Yàllaa. Te Yàlla Mooy Boroom ngëneel lu màgg la.

22. Amul menn musiba muy dal ci kaw suuf si walla seen kaw jëmm yi, lu dul ne bind Nanu ko ci ab Téere ba nu ko laata sàkk ; te loolu lu yomb Yàlla la,(s)

23. ngir ngeen baña yoqat ñanki ci li leer, te it baña bokk ci damoo li mu leen jox. Yàlla safoowul képp kuy damoowaakoon buy fuukare wu.

24. Ña nay tey digël nit ñi ñuy nay. Képp ku dumóoyu... Yàlla moom ku doyloo boppam la di ku Yayoo cant.

25. Yónni Nanu sunuy Yonenta ci ay firnde yu leer, wàcce ay Téere boolekook ñoom ak i balaas yu màndaxe, ngir nit ñi taxawal maandute. Wàcce Nanu weñ gu ñuul, mu am kàttan gu tar, ak ay njariñ ñeel nit ñi, ak it ngir Yàlla xam, ana kan moo koy dimbalil ay Yonentam, ci kumpa. Yàlla ku am doole la di Boroom Kàttan.

26. Yónni Nanu Nooh ak Ibraahiima te it def nanu Yonenta ga ci seeni sët ak Téere ba jox nanu leen ko. Am na ci ñoom ñu gindiku, waaye li ëpp ci ñoom saay-saay lañu.

27. Nu daldi xentuloo sunuy Yonent seen mboor, xentuloo Iisaa domu Maryaama indil nanu ko Injiil, te it def nanu ca biir xolu ña ko topp ak ñeewante ak yërmaande. Ak bero jigéen ña ñoom ñoo ko fental seen bopp, Waaye farataalu nu ko ci ñoom. Li nu leen digël daal moo di nañu sàkku ngëramul Yàlla. Te sax sàmmuñu ko ni mu ware. Ña bokk ca ñoom te gëm indil Nanu leen seenug pey. Waaye lu bari ci ñoom ay saay-saay lañu.

28. Eey yéen ñi gëm ! Ragal-leen Yàlla te gëm Yonentam bi dana leen defal ñaari cokkoor yu yërmande, danaleen defal it ak leer gu ngeen gindikoo, te it dinaleen jéggël, Yàlla Jéggëlaakoon la Jaglewaakoon la.

29. Ñoñ Téere nañu xam ne manuñu dara ci ngënéelu Yàlla te it ngëneel ci loxo Yàlla la nekk ; Moo koy jox ku ko soob, te Yàlla moo di Boroom ngëneel lu màgg li.

Draft

# Saar 58 : Dàggasante ba

## 22 - Laaya - Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Yàlla dégg na waxi jigéen ja doon dàggasanteek yaw ci mbirum jëkëram te doon joyal njàmbatam ci Yàlla. Yàllaa ngi dégg seenuk wàqante yéen ñaar, Yàlla kuy dégg la kuy gis la.**(h)**

2. Góor ñiy weddi seeni jabar seen pendali nday , taxul ñu mel mi seeni nday ci ñoom... seeni nday ñoom ña leen juróon. Li ñuy wax lu ñaaw la di ay fen. Te Yàlla nag kuy bale la ab Jéggalaakoon la.

3. Góor ñi nga xam ne dañoo woddi seeni jabar seeni pendali nday ba noppi bëgg caa dale ginnaaw, ca la ñu waxoon, nanu goreel ab jaam balaa ñoo jonjoowaat loolu la ñu leen di jàjje. Te Yàlla ku deñ-kumpa la ci li ngeen di def.

4. Su ko manul na woor ñaari weer yu tegaloo balaa ñuy jonjoowaat. Su ko manul, na leel juróom-benn-fukki ndóol miskiin. Loolu nag, ngir ngeen gëm Yàlla ak ub Yonentam. Te loolu mooy daytali Yàlla yi. Ña weddi nag ñoom danañu am mbugël mu mitti.

5. Ñay juuyook Yàlla ak ub Yonentam dees na leen toroxal kem niñu toroxale woon ña leen fi jiitu woon. Te wàcce nanu ay firnde yu leer nàññ, yéefar yi am nañu mbugël mu and ak toroxtaane,

6. bu keroog bis pénc baa ba Yàlla dékkal leen ñoom ñépp, dana leen xibaar la ñu jëfoon ndax Yàlla moom takkoon na ko ñoom it ñu fàtte ko. Yàlla kuy seede la ci lépp lu ne.

7. Xanaa gisuloo Yàlla xam na li nekk ci asamaan yeek suuf si ? Amul fenn fu ñuy déeyoo sekkare muy ñatt te du moom Yàlla moo leen ñeenteel, du caageen juróom te du ut moo leen juróom-benneel, du lu gëna bari wala lu gëna néew loolu, lu dul ne mi ngi and ak ñoom fu ñu man a nekk. Te, Dana leen xibaar, lépp lu ñu daan jëf, bu bis pénc baa, Yàlla ku xam lépp la.

8. Xanaa gisuloo ñañu tere woon (Yahuud ya) ? Ba noppi, ñoom ñu dellu di ko def, di déeyoo ciy bàkkaar, ak ug nooneel ak moy Yonenta bi.

Bu ñu dikkee fi yaw, nuyu la ak nuyoo boo xam ne Yàlla nuyoo wu la ko, te ña ngay wax ci seen xol naan : “Lu tax Yàlla dinu mbugël ci li nuy wax ?” Bàyyi leen ak Safara, Danañu ca xoyomu. Ndaw mujj gu bon !(s)

9. eey yéen ñi gëm ! Su ngeen dee déeyooti, buleen di déeyoo mukk ci luy bàkkaar , walla ak noonoo walla moy Yonenta bi, nangeen di déeyoo ci topp Yàlla ak ragal ko. Te nangeen ragal Yàlla mi nga xam ne dees na leen pang yéen ñépp jëmleen ca moom ( bu bis pénc baa).

10. Déeyoo moom [liggéeyub] saytaane doŋŋ la ngir man a tiit loo ñi gëm. Te manuleen a lor dara lu dul ci kàttanu Yàllu. Ñi gëm nañuy doyloo te wéeru ci Yàlla.

11. Eey yéen ñi gëm ! bu ñu leen waxee ne yaatleleen ci jataay yi : “Na ngeen daldi yaatal”,. Kon dey Yàlla dana leen yaatalal Bu ñu leen waxee ne jógleen, nangeen daldi jóg (su ngeen ko defee). Yàlla dana yékkatil ñi gëm te bokk ci yéen ak ña am xam-xam (ay daraja yu kawe). Te Yàlla ku deñ-kumpa la ci li ngeen di def.

12. eey yéen ñi gëm ! Su ngeen di déeyook Yonenta bi, na ngeen ca jiital ab sarax : loolu moo gën ci yéen te moo gën a sell. Su ngeen ko amul Yàlla moom Jéggëlaakoon la Jaglewaakoon la !

Draft

13. Moo mbaa du dangeen ragal ñàkk ba tax du ngeen jiital sarax ? Su ngeen, ko deful Yàlla baal leen, daldi leen dem taxawali julli, te di natt asaka, te nangeen di topp Yàlla ak ub Yonentam. Yàlla Ku deñ-kumpa la ci li ngeen di def.

14. Xanaa gisuloo naaféq ya dem ànd ak ña Yàlla mere (Yahuud ya) ? Ñoom bokkuñu ci yéen, bokkuñu it ci ñoom (Yahuud ya) ; te ña ngay giñ fen ci Yàlla, te xam ko xéll.(r)

15. Yàlla waajalna leen mbugël mu tar. Ngir la ñu daan def ñaaw na.

16. Jàppe woon nañu seen ngiñ ya muy pakk, ñuy gàllankor yoonu Yàlla. Danañu am mbugël muy toroxal.

17. Seen alal yeek, seen doom yi do leen jariñ manuleen fegal dara ci Yàlla. Ñoom ñoo di waa safara te danu fay béel.

18. Bu keroogee ba Yàlla dekkal leen ñoom ñépp, su ku defee ñu di ko giiñël ni ñu leen daan giiñale yéen, dañuy jortu ne ñi ngi ci dara. Te ñoom ay fenkat la ñu.

19. Saytaane man-manee na leen ba fàtteloo leen tudd Yàlla. Ñoo di kureelub Saytaane ndaxam kureelu Saytaane ñooy ña yàqule tigi.

20. Ñay juuyook Yàlla ak ub Yonentam ñoom ñooy ña torox.

21. Yàlla bind na ne : “Tigi, Man, maak Samay Yonent nooy not”. Yàlla Ku bari doole la di Ku bari kàttan.

22. Doo fekk mukk, aw nit ñu gëm Yàlla ak Bis bu mujj ba, ñuy soppanteek kuy juuyook Yàlla ak ub Yonentam, doonte la sax dafay seen baay, walla muy seen doom, walla muy seen mbokk walla ñu bokk giir. Ñooñu Yàlla def na ci seen biir xol ya ngëm dimbali leen ci bu baax. Te dina leen tàbbal ay àjjana yu ay dex di daw ci suufam, ñu béel fa. Yàlla gëram na leen ñoom it gëram nañu ko. Ñooñu ñoo di kurelub Yàlla. Te ndaxam moos kureelub Yàlla ñooy am ndam.

Draft

# Saar 59 : Màngaan ga

## 24 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ñi nekk ci Asamaan yeek suuf si ñi ngi sàbbaal Yàlla, te moo di boroom kàttan gi, di Ku xereñ ki.

2. Te mooy Yàlla moo génnee woon ña weddi te bokk ci, ñoñ Téere (Yahuudi Madiina), ci seen kër ca njaalbeenuk màng ga (Jëm Saam). Jortuleen woon ne danañu génn, ñoom (Yahudd ya it) jortoon nañu ne seeni tata dana leen aar. (Yàlla) daldi nay tàbbal tiitange ci seen xol,. Ñu tàmbalee gental seen kër ya ci seeni yoxo, ak yoxoy jullit ñi. Xalamleen (xalaat), yéen ñi am am njis mu leer.(S)

3. Su Yàlla dogalul woon seenug génn (réew mi), kon dey Mu mbugël leen ci àddina ; te bu àllaaxiraa it ñu am mbugëlum Safara.

4. Li ko waral moo di ne ñoom dañoo juuyoo woon ak Yàlla ak ub Yonentam. Te nag képp kuy juuyook Yàlla... moom di boroom mbugël mu tar.

5. Tàndarma gu ngeen man a dog walla ngeen bàyyi ko mu taxaw, ci ndigalul Yàlla la ame ak it ngir mu gàcceel saay-saay sa (Yahuud ya).

6. Li ngeen nangoo ci ñoom (alal) te xeexuleen Yàllaa ko baaxe ab Yonentam ; waaye nag Yàlla mooy bal ay Yonentam ci kaw ku ko soob te Yàlla ku am kàttan la ci def lépp lu ne.

7. Alal ji ngeen nangoo ci dëkk-dëkkaan yi te xeexuleen, Yàllaa ko moom ak ub Yonentam, ak mbokki jigeñaale, ak jirim yi, ak ndóol yi ak doxandeem yi, ( te loolu nag ngir mu baña yem rek) ci diggante way woomal yi. Lépp lu leen Yonent bi jox jël-leen ko ; lépp lu mu leen tere, bàyyileen ko ; te ngeen ragal Yàlla ndax Yàlla kat ku tar mbugël la.

8. [Bokk na ci ñi yayoo alal jooju] way ñakk ña gàddaayoon ñu génnee woon leen ca seen kër ak seen alal, te doon sàkku ngëneel ci Yàlla ak ngëramam, te doon sàkku ndimbalu Yàlla ak Ub Yonentam. Ñooña ñoo di ñu dëggal ña.

9. [Bokk na ci ñi yayoo alal jooju] ña dëkke woon réewum (Madiina), te gëmoon ba ñu leen laataa fekk si, te soppoon lool ña gàddaay jëm si ci ñoom, iñaane wuñu leen dara, di jiital aajoy ña gàddaay ci seen aajoy bopp, ak luñu ñàkk ñàkk. Képp ku mucc ci nay, baaxle na fàww.

10. [Bokk na ci ñi yayoo alal jooju] ña dikk seen ginnaaw tey wax naan : "Yaw sunu Boroom, jéggalnu, nook sunu mbokk yi ñu jiitu ci ngëm ; te bul bàyyi genn mbañeel ci sunuy xol jëm ci ñi gëm. Yaw sunu Boroom, Kuy ñewenti nga Kuy Jaglewaakoon nga sa Yërmënde".

**11**. Xanaa gisuloo ña naaféq ña ngay wax ak seeni mbokk ya weddi ci ñoñ Téere naan leen : "Bu ñu leen génnee, dananu génn ànd ak yéen te dunu topp kenn ci lu leen di lor yéen ; te kuy xex ak yéen, nun yéen la nuy jàppale". Te Yàlla seede na ne ñoom ay fenkat la ñu.**(n)**

12. Bu ñu leen génnee woon, ñoom duñu génn mukk di ànd ak ñoom ; bu ñu doon xeex it , dunu leen jàppale ; sax dañuy mujj daw ; te duñu am ndam.

13. Ñoom naaféq yi seen jëmm yii la ñu gën a ragal ci Yàlla. Ndax ñoom dañoo xamul.

14. Duñuy xeex ak yéen mukk (ñoom naaféq ya) lu dul biir dëkk yu ñu tata ci ginnaaw ay ñag. Seenug noonoo ci seen biir lu tar la. Danga foog ne ñu ànd lañu, te seeni xol dañoo féewoo. Li ko waral moo di ne dañoo amul ay xol di ko jariñoo.

15. danoo melni ñi leen jigeñ, te jiitu woon leen (Yéefëri Makka), mos nañu alkaande seen jëf te danañu am mbugël mu tar ;

16. dafay melni rekk Saytaane ba muy wax ak nit naan ko : "Weddil". Ba mu weddee, mu ne ko : "Man kat deñ naa ci yaw ndax man damaa ragal Yàlla, miy Boroom àddina si".

17. Su ko defee ñoom ñaar Safaraay doon seenug muj ñu béel fa. Loolu mooy peyug tooñkat ya.

18. eey yéen ñi gëm ! Ragal-leen Yàlla. Bakkan bu nekk nay xool la muy jiital ngir ëllëg. Te nangeen di ragal Yàlla, Yàlla dey ku deñ-kumpa la ci li ngeen di def.

19. Buleen def mukk ni gaa ña fàtte woon Yàlla ; Mu faf fàttiloo leen seen bopp ; ñooñee ñoo di saay-saay si.

20. Waa Safara duñu yem ak waa Àjjana mukk. Ndax waa Àjjana ñoo di ña texe.

Draft

21. Sunu wàcce woon Alxuraan jii ci kaw aw doj, kon dey nga gis ko muy toroxlu daldi moñoxoo ngir ragal Yàlla. Yooyu ay léeb la yu nuy saddal nit ñi ngir ñu man caa xalaate.

22. Moom mooy Yàlla ji nga xam ne. Amul jeneen Yàlla ju dul moom, Moo xam kumpa ak li Feeñ. Mooy, Yëramaakoon bi, di Jaglewaakoon bi.

23. Moom Mooy, Yàlla ji nga xam ne. Amul jeneen Yàlla ju dul moom ; mooy Boroom bi, di Ku Sell ki, di Jàmm ji, di Ku Wóor ki, di Ku Peek lépp, di Boroom Kàttan gi, di Ponkal mi, di Ku Rëy ki. Tudd naa Sellam gi ! Soree na lool ak li ñu koy bokkaaleel.

24. Moom Mooy Yàlla, Bindkat biy sos, tey Melal. Mooy boroom tur yi gën a rafet. Mbooleem li nekk ci asamaan yeek suuf si dañu koy sàbbaal di ko kañ. Moom moo di boroom Kàttan gi, di Ku Xereñ ki.

Draft

# Saar 60 : Jigéen ju ñuy seetlu ja

## 13 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Eey ñi gëm ! Buleen jàpp Samay noon ak seeni noon, ay xarit, ndax ñoom dañoo weddi dëgg ga dikk ci yéen. Danañu génne Yonent bi ak yéen néey da ngeen a gëm, Yàlla. Su fekkee ne dangeen a génn di xare ji ci yoonu Yàlla tey sàkku sama ngërëm, buleen rocciku mukk di wut ci ñoom ay xarit, ndax Man xam naa li ngeen di nëbb ak li ngeen di feeñal ? Képp ku ko def ci yéen na xam ne réere na yoon wu jub xocc wa.(s)

2. Te suñu leen jekkoo, danañu leen rey saaga leen ; li ñu bëgg moo di ngeen weddi.

3. Te bu Bis Pénc baa seeni doom walla seeni mbokk dunuleen fa jariñ, [Yàlla] dana fa teqale seen diggante, te Yàlla kuy Gis la li ngeen di def.

4. Am ngeen, royukaay wu rafet ci Ibraahiima ak ña àndoon ak moom, (fàttalikul) ba ñu waxee seen nit ña ne leen : “Deñ nanu ci, yéen ak li ngeen di jaamu te du Yàlla. Weddi nanu leen. Sunu digganteek yéen it, mbañeel ak ug noonoo moo fiy dox ba fàwwu, lu dul bu ngeen gëmee Yàlla doŋŋ”. Ba mu des waxi Ibraahiima ak baayam ne ko : “Danaa la, jéggalul [Yàlla] waaye amaluma la dara ci Yàlla”. “Yaw sunu Boroom, Yaw la nu doyloo te ci Yaw la nuy delu. Te ci Yaw la lépp di Mujj.

5. Yaw sunu Boroom, bul nu def mukk [sànje] ci loxoy yéefar yi ; te nanga nu jéggal, Yaw, yaa di Boroom Kàttan gi, di Ku Xereñ ki”

6. Ñoom am ngeen ci ñoom royuwaay wu rafet, mu ñeel képp ku yaakaar Yàlla ak Bis bu mujj ba : képp ku dumóoyu nag... na xam ne Yàlla ku doyloo boppam Yayoowaakoonu cant la.

7. Amaana bu Yàlla defee ci seen diggante ak ñi ngeen noonooloon ag bëggënte. Yàlla Ku Man la te Yàlla Jéggëlaakoon Jaglewaakoon la.(r)

8. Yàlla duleen tere ngeen di maslaa ak di laamisook ñi xeexul ak yéen ci seen diine te génnewuñuleen seeni kër. Yàlla safoona way maandu yi.

9. Ñi leen Yàlla di tere kay ñooy ñiy xeex ak yéen ci diine, di leen génnee ci seeni kër walla ña leen cay jàppale. Buleen xaritoo mukk ak ñoom képp kuy xaritook ñoom ñooy tooñkat yi.

10. Eey yéen ñi gëm ! Su leen jullit yu jigéen ñi digëloon ne da ñuy gàddaay, nangeen leen seetlu nattu leen ; Yàllaa gën a xam seen dayob ngëm ; su ngeen xamee ne ay jullit la ñu, buleen leen delloo ca Yéefër ya. Ndax daganatuñu ci yéefar yi, Yéefër yi it daganatuñu ci ñoom. Te nangeen delloo alal ya. Aayul ci yéen ngeen denc leen soxna su ngeen joxee can. Buleen maslaak Yéefër. Laajleen la ngeen joxe woon ñoom it nañu laaj la ñu joxe woon. Loolu moo di àtteb Yàlla, Yàlla di àtte seen diggante Yàlla Ku Xam la Ku Xereñ la.

11. Su seeni soxna rëccee dem ca Yéefër ya yóbbaale can, su ngeen xareek ñoom ba nangu seeni alal, nangeen daldi génneel ña ca seeni soxna dem kem lu tollu ni seeni can. Te nangeen ragal Yàlla mi ngeen gëm.

12. Eey yaw Yonent bi ! Jigéen ñi gëm su ñu la dikkalee di jaayanteek yaw ci ne, dootuñu bokkaaleek Yàlla dara, duñu sàcc, duñu njaaloo, duñu rey seeni doom, te duñu sos genn njaaxum ci seeni tànk ak yoxo te dunu la moy ci wenn yiw, nanga jaayanteek ñoom, te nanga leen jéggalul Yàlla. Te Yàlla moom, Jéggalakoon la Jaglewaakoon la.

13. Eey yéen ñi gëm ! Buleen di xaritook aw nit ñoo xam ne Yàlla da leen mere te dañoo yoqat ci àllaaxira, ni Yéefër yi yoqate ci ñi nekk ci biir bàmmeel yi.

Draft

# Saar 61 : Sàppe si

## 14 - Laaya - Laata Gàdday ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ñi nekk ci asamaan yeek suuf si ña ngay sàbbaal Yàlla, te Moom moo di Boroom Kàttan ga, di Ku Xereñ ka.(S)

2. Eey yéen ñi gëm ! Ana lan moo tax ngeen di wax lu ngeen dul def ?

3. Wax ji ngeen di wax te du ngeen ko def ak jéppi gu rëy (la leen di jural ca Yàlla).

4. Yàlla safoona ñiy xeex ci yoonam wi def senn sàppe melni ñoom tabax bu ñu raax la ñu.

5. (Fàttalikul) Ba Muusaa waxee aw nitam ne leen : "Yéen samaw nit ! Ana lan moo tax ba ngeen di ma lor te xam ngeen xell ne man mii Yonentub Yàlla laa ci yéen ?" Bu ñu jengee, Yàlla jengal seeni xol, te Yàlla du gindi mukk aw nit ñu di ay saay-saay.

6. (Fàttalikul it) Ba Iisaa doomu Maryaama waxee ne : "eey yéen waa giir Banii-Israayiil, man mii Yonentub Yàlla laa ci yéen, may dëggal la ma jiitu woon, ca Tawraat, di bégale it, ci Yonent buy dikk sama ginnaaw aw turam di "Ahmadu". Waaye ba mu leen dikkale ak ay firnde yu leer , dañoo wax ne : "Lii kat ag njibarla gu bir ne fàŋŋ".

7. Ana kan moo gën a doon tooñkat kuy duural Yàlla ay fen, te ña nga koy woo jëme ko ci Lislaam ? Yàlla dey du gindi aw nit ñu di ay tooñkat.

8. Ñoom dañoo bëgg fay leerug Yàlla ci seeni gimiñ, te Yàlla moom kuy mottali la ag leeram doontele sax Yéefër yi dañuy bañ.

9. Moom moo yónni ab Yonentam ci njub ak diiney dëgg, ngir mu kawe mbooleem diine yi, doonte la sax Yéefër yi dañuy bañ.

10. Eey yéen ñi gëm ! Moo ndax du ma leen tektal ci am njoló mu leen di musël ci mbugël mu mitti ?

11. Dangeen di gëm Yàlla ak ub Yonentam tey xare ci yoonu Yàlla ak seeni alal ak seeni bakkan, looloo gën ci yéen de, cëy bu ngeen xamoon !

12. kon dey dana leen jéggal seeni bàkkaar te it dana leen tàbbal ay Àjjana yu ay dex di daw ci suufam, ak ay dëkkuwaay yu teey ci Àjjanay adan ? Loolu mooy texe gu mag ga

13. dana leen defal it yeneeni mbir yu ngeen bëgg : ndimbal [lu bawoo] fa Yàlla ak ndam lu jige. Bégalal jullit ñi ci xibaar bu neex bi.

14. eey yéen ñi gëm ! Nangeen doon ay farandooy Yàlla, kem ni Iisaa doomu Maryaama waxe woon taalibeem ya ne leen : “ Ana ñan ñooy doon samay farandoo yi jëm ci Yàlla ?” – Taalube ya ne ko : “Nun ñoo di farandoo ya jëm ca Yàlla”. Mu am Kureel ci Banii-Israayiila bu gëm na, mu am it Kureel bu weddi. Nu daldi dooleel ña gëm ca kaw seeni noon, ñu daldi am ndam.

Draft

# Saar 62 : Àjjuma

## 11 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ñi nekk ci asamaan yeek suuf si ña ngay sàbbaal Yàlla, miy Buur, bu Sell, di Boroom Kàttan, di Ku xereñ.**(h)**

2. Moom mooy ki yónni ci araab yi ab Yonent bu bokk ci ñoom bu leen di jàngal ay Laayam, di leen jàngal Alxuraan ak Sunna, te ñoom bu jëkkoon ña nga woon ci réer gu sore,

3. ak ci ñeneen ñoo xam ne dabaguñuleen. Te moom Yàlla Mooy boroom Kàttan, di Ku Xereñ.

4. Loolu ngënéelul Yàlla la moo koy jox ku ko soob. Te Yàlla mooy boroom Ngënéel lu màgg li.

5. Misaalum ñi ñu wàcceeloon Tawraat te jëfewunu ko ñi ngi melni mbaam mu sëfi téere. Aka bon misaalum nit ñooñu nga xam ne dañoo weddi kàdduy Yàlla te Yàlla du gindi mukk aw nit ñu di ay tooñkat.

6. Waxal ne : «Eey yéen Yahuud yi ! Su fekkee ne nii ngeen méngook Yàllaay, kon ñaan leen dee, su fekkee ne dëggu ngeen".

7. Dunu ko ñaan mukk ngir (la ñu jëf cik caay-caay). Yàlla ku Xamaakoon la tooñkat yi.

8. Waxal ne : "Dee gi ngeen di daw dana dajeek yéen. Ba noppi ñu delloo leen ca Yàlla mi xam kumpaak li feeñ mu di leen xibaar la ngeen daan def".

9. Eey yéen ñi gëm ! Saa suñu wootee ngir julli ci bisub Àjjuma, dawleen jëm ci tudd Yàlla te nangeen fa ne ñukk njaay ma bàyyi ko. Looloo gën ci yéen de, cëy bu ngeen xamoon !(r)

10. Su julli gi jeexee, na ngeen tasaaroo ci suuf si, tey sàkku ci xeewali Yàlla yi, te na ngeen di tudd Yàlla lu bari ndax amaana ngeen baaxle.

11. Te saa su ñu gesee am njoló walla am po danuy buur jëm ca, bàyyi la nga ne saŋŋ taxaw. Waxal ne: “La nekk fa Yàlla moo gën fuuf am po te moo gën it am njoló, te Yàlla moo di Gën ji kuy wërsëgël”.

Draft

# Saar 63 : Naaféq ya

## 11 - Laaya – Gannaaw Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Su naaféq ya dikkee ci yaw danuy wax naan : "Noo ngi seede ne yaw Yonent Yàlla nga" ; Yàlla xam na ne yaw ab Yonentam nga ; te Yàlla seede na ne naaféq ya ay fenkat la ñu.(s)

2. Def nañu seeni ngiñ muy pakk ñuy gàllankoor ci yoonu Yàlla. Ñoom dey la ñuy def ñaaw na !

3. (La ko def) moo di ne dañoo gëmoon, weddiwaat. Ñu fatt seeni xol, ba xamatuñu dara.

4. Saa soo leen gisee, seeni yaram ya dalay yéem ; bu ñuy wax it, fàww nga déglu leen. Dañuy melni ay dénk yu ñu wéer fu yuuxu jibe ñu tiit. Ñoom ñooy noon ya tigi. Moytandikuleen ! Yàlla dana leen faagaagal kem niñu dumóoyoo (yoonam).

5. Sunu leen waxee ne : "Kaayleen Yonent Yàlla bi jéggalul leen", ñuy dag-dagali bopp, dumóoyu tey rëy-rëylu.

6. Nga, jéggalul leen, ak nga ñàkk leen jéggalul ñoo yem : ndax Yàlla duleen jéggal mukk, te Yàlla du gindi nit ñu di ay saay-saay.

7. Ñoom ñooy wax naan : "Buleen joxati dara ña nek ca Yonent ba, ba baa nuy xaddi". Te Yàllaa moom ndambi asamaan yeek suuf si, Waaye naaféq ya xamuñu.

8. Danañuy wax naan : "Sunu delloo Madiina, ña am doole danañu génne ña néew doole". Te Yàlla rekk am doole mook ab Yonentam ak way gëm ña. Waaye naaféq ya xamuñu.

9. Eey yéen ñi gëm ! Bu leen seeni alal ak seeni doom fàbbi ci tudd Yàlla. Képp kuy def loolu... (na xam ne) ñoom ñooy yàqule.

10. Te nangeen di joxe ci alal ji nu leen wërsëgël balaa dee di dikkël kenn ci yéen muy wax naan : "Cëy sama Boroom ! muñal ma as ndiir : ndax ma man a saraxe ba bokk ca ñu yiw ñi".

11. Te Yàlla moom du yeexe benn bakkan saasu ab digam agsee. Te Yàlla ku deñ-kumpa la ci li ngeen di def.

Draft

# Saar 64 : Yàqule gu mag ga

## 18 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ñi nekk ci asamaan yeek suuf si ña ngay sàbbaal Yàlla. Mooy boroom nguur te Mooy boroom cant. Te Moom man na Lépp.

2. Mooy ki leen bind. Am na ci yéen ay yéefar am it ci yéen ay jullit way gëm. Te Yàlla kuy gis la li ngeen di def.

3. Bind na asamaan yeek suuf si ci dëgg mu tën seeni jëmm te rafetal na seeni jëm. Te ca moom mooy Deluwaay ba.

4. Moom Yàlla xam na li nekk ci asamaan yeek suuf si, te it ma ngay xam li ngeen di nëbb ak li ngeen di feeñal. Te Yàlla ku xam la li nekk ci dënn yi.

5. Moo xanaa xibaari yéefar ya jiitu woon da leen dikkalul, mosoon nañu musiba mu di peyug seeni jëf ; te am nañu mbugël mu mitti.

6. la ko waral moo di ne seeni Yonent da leen daan dikkël ak ay firndeyu leer ñuy wax naan : “Moo nit ñii ñoo ñuy gindee ?” Daal di weddi dumóoyu Yàlla bàyyi leen te Yàlla ku doyloo boppam la Yayoowaakoonu cant la.

7. Yéefër yi neena ñooy kenn duleen dekkal. Waxal ne : “Axakañ! Dees na leen dekkal ; xibaar leen la ngeen jëfoon. Te loolu lu yomb la ci Yàlla”. (s)

8. Gëmleen Yàlla ak ub Yonentam, ak leer gi nu wàcce [Alxuraan]. Te Yàlla kat ku deñ- kumpa la ci li ngeen di def.

9. Te bu keroogee ba mu leen di Dajale, ca bisub daje ba bis boobee mooy bisub yàqule gu mag ga (ca yéefar ya). (Waaye) képp ku gëm tey jëf yiw, Dana ko faral ay ñaaytéefam te dana ko tàbbal Àjjana yu ay dex ñooy daw ci suufam, te dañu fay béel fàww. Loolu moo di texe gu mag ga !

10. Yéefër yiy weddi Sunuy Laaya, ñooñu ñoo di waa Safara te danu fay béel. Ndaw saxuwaay bu bon !

11. Amul menn musiba muy dal kenn lu dul ci ndigalul Yàlla. Képp ku gëm Yàlla, [Yàlla] dana gindi xolam. Te Yàlla xam na lépp.

12. Nangeen di topp Yàlla te it na ngeen di topp Yonent bi suñu dumóoyoo... li ca war Sunub Yonent mooy jottali rekk ba mu leer.

13. Yàlla, amul jeneen Yàlla ju dul moom ! Te ñi gëm na ñuy doyloo Yàlla.

14. eey yéen ñi gëm, am na ci seeni jabar ak seeni doom ñoo xam ne seeni noon la ñu. Nangeen leen di moytu. (Waaye) su ngeen balee tey jéllale, Yàlla moom ab Jéggalaakoon la, Jagléwaakoon la.

15. Seeni alal ak seeni doom sànje la ci yéen, (Waaye) la nekk fa Yàlla moo di pey gu màgg.

16. Nangeen di ragal Yàlla seen kem kàttan, dégluleen, te topp te joxe alal. Moo gën ci yéen de. Képp ku mucc ci ag nay (na xam ne)... ñoo di ña baaxle.

17. Su ngeen lebalee Yàlla bor bu rafet, Dana leen ko fulal te it dana leen jéggal. Te Yàlla ab Santaakoon la Ku lewet la.

18. Mooy aji Xam ji Kumpaak li feeñ, di boroom Kàttan, di aji Xereñ.

Draft

## 12 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Eey yaw Yonent bi ! Su ngeen di faseeti jigéen, na ngeen leen di fasee cig laab; te nangeen di lim yidda ja ; nangeen ragal Yàlla seen Boroom. Te bu leen leen génnee, ci seeni néeg, ñoom it bu ñu génn lu dul bu ñu defee ñaawtéef wu bir. Loolu mooy daytali Yàlla. Te képp ku jàll ci daytali Yàlla, tooñ na boppam. Te xamuloo baxam Yàlla dana àttewaat meneen mbir am déet !(n)

2. Su yidda ja matee, Téyeleen ci njekk, walla ngeen yewwileen ci njekk ; te nangeen ko seedeloo ñaari way maandu ci yéen. Te seede sa na Yàlla rekk tax. Loolu la nu leen cay dénk képp ku gëm Yàlla ak bis bu mujj ba. Ak képp kuy ragal Yàlla, dana ko defal génnuwaay bu rafet (tajfël),

3. te dana koy wërsëgale fu mu foogewul. Képp kuy doyloo Yàlla, Yàlla dana ko doy. Yàlla Dana jot mbiram, te Yàlla defal na lu nekk ab dayo.

4. Jigéen ñi mbaragatul, ñoom seen yidda ñetti weer lay doon. Ak ñi mbaragagul. Ñi ëmbu doom, seen yidda mi ngi yem ca ba ñu imbee seen ëmb. Te képp kuy ragal Yàlla, Dana ko defal ak yombal ciy mbiram.

5. Loolu moo di ndigëlul Yàlla li mu wàcce ci yéen. Te képp kuy ragal Yàlla, dana ko jéggal ay ñaawtéefam jox ko pey gu màgg.

6. Nangeen di dëkkël jigéen ñi ca fa ngeen dëkk yéen, ca nangeen ko mane. Buleen leen bunduxataal ngir xatal leen. Su fekkee ne dañoo ëmb, na ngeen leen di dundal ba baa ñuy imbi. Suñu, leen nàmpalalee seen doom, nangeen ko fay. Nangeen diisoo ci njekk. Su ngeen ca juuyoo, kon, na ko keneen nàmpal.

7. Ku am alal na joxee na mu woomale ; ku amul alal it na joxee ci kem na ko Yàlla wërsëgële. Yàlla du ga kenn ci lu mu manul, Yàlla dana def yombal ci ginnaaw ag jafe.(s)

8. Aka bari ay dëkk yu moyoon seen ndigëlu boroom ak i Yonentam ! Nu nattu leen nattu bu tar, mbugal leen mbugal mu mitti.

9. Mosnañu musibam seeni mbir. Ñu mujj yàqule.

10. Yàlla waajal na leen mbugël mu tar. Kon book ragal-leen Yàlla, yéen woroom xel yi, natt gëm. Yàlla wàcce na ci yéen ag fàttali,

11. ab Yonent buy jàng ci yéen Laayay Yàlla mu leer nàññ, ngir mu génne ñi gëm tey jëfe yiw cig lëndëm jëme leen ci leer. Képp ku gëm Yàlla tey jëfe yiw, (Yàlla) dana ko tàbbal Àjjana joo xam ne ay dex ñooy daw ci suufam, ñu béel fa Yàlla may ko fa xéewal gu jekk.

12. Moom Yàlla mi bind juróom-ñaari asamaan ak suuf yu na toll. Ay ndigalam di wàcci ci seen diggante, loolu lépp ngir ngeen xam ne Yàlla man na lépp lu ne te it peek na lépp lu ne ci xam-xam.

Draft

# Saar 66 : Araamal ga

## 12 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Éy yaw Yonent bi ! Ana lu tax, ngay araamal lu la Yàlla daganalal, nga di ca sàkku ngëram loo say soxna ? (Waaye) Yàlla moom Jéggalaakoon la, Jagléwaakoon la.(r)

2. Yàlla fartal na ci yéen, daganal seeni ngiñ. Yàlla di seen Boroom ; te Ku Xam la Ku Xereñ la .

3. Ba Yonent bi joxee sekkare lennat ci soxnaam ba ñu ko tasaaree te Yàlla wuññil ko lenn la, dëddu leneen la. Ba mu ko xibaare soxna sa mu ne ko : "ku la ko xibaar ?" Mu ne ko : "Yàlla mi Xam, te deñ Kumpa ci lépp mooma ko xibaar".

4. Yéen ñaari soxna yi su ngeen tuubee (moo gën) ndax seeni xol jeng na. Su ngeen takktoo (Yonent bi), Yàlla farnaak moom, ak Jibriil ak jullit ñu yiw ñi, ak Malaaka yi di ko dimbali.

5. Te itam su leen fasee, Boroomam dana ko jox ay soxna yu leen gën, yu di ay jullit, yu gëm, yuy topp ndigal, ñuy tuub, ñuy jaamu, ñuy woor, di ay jeeg mba ay janq.

6. Éy yéen ñi gëm ! Fegalleen seen bopp ak seen njaboot, aw Safara woo xam ne matt ma aw nit lay doon ak xeer, ay Malaaka yu tal, te tar, ñoo fay nekk duñu moy mukk, li leen Yàlla digal te la mu leen digal la ñuy def.

7. Éy yéen Yéefër yi! Buleen jéema jéggalu tey danañuleen fay la ngeen daan jëf.

8. Éy yéen ñi gëm ! Tuuballeen Yàlla tuub gu sell. Kon dey Yàlla dana leen jéggal seeni ñaawtéef te Dana leen tàbbal ay Àjjana yu ay dex di daw ci suuf, bu keroogee Yàlla du gàcceel mukk Yonenta bi ak ñi gëm ànd ak moom. Seen leer gaa nga ca seen kanam ak ndeyjoor ; ña ngay wax naan : "Yaw sunu Boroom, mottalil nu sunug leer te jéggal nu. Yaw dey man nga lépp lu ne".(s)

9. Éy yaw Yonent bi ! Xeexal ak Yéefër yi ak Naaféq yi te na nga tar ci ñoom. Safaraay doon seenug muj, ndaw muj gu bon !

10. Yàlla saddna leebu Yéefër yi ci soxnas Lóot ak soxnas Nooh. Nekkoon nañu ci ron sunu ñaari jaam yu yiw. Waaye ñu worleen dem àndeek Yéefër ya (la ñuy doon ay Yonent taxul ñu manal leen ci Yàlla dara. Dees na [leen] ne : "Tàbbileen Safara, ànd ak way tàbbi ña",

11. Yàlla saddna léebu way gëm ña, ci soxnas Firawna, ba mu waxee ne "Yaw sama Boroom, tabaxal ma kër fa yaw ca Àjjana, te nga musël ma ci Firawna ak jëfam; nga musël ma it ci nit ña di ay tooñkat".

12. Ak ci, Mariyaama, doomi Imraana mi ñoŋaloon boppam ; Nu af ca ci sunu ruu. Mu dëkëloon kàdduy Boroomam ak i téereem : te bokkoon ca toppakat ya (daan jaamu Yàlla).

Draft

# Saar 67 : Nguur ga

## 12 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

**1**. Barkeel na (Yàlla) mi nga xam ne nguur gaa ngi ci loxom, te Moom man na Lépp lu ne.**(h)**

2. Mooy ki bind dee ak dund ngir nattu leen ci ana kan koo gën a rafet jëf, te Moom (Yàlla) moo di boroom Kàttan gi, di Jéggalaakoon bi.

3. Mooy ki bind juróom-ñaari asamaan yu tegloo doo gis kenn roobaate ci bindug Yërëmaakoon bi. Dellul xool. Moo ndax danga gis genn sutaate ?

4. Topp, nga déllu xool ñaari yoon : da koy délloosiwaat ci yaw rekk waaye du man a gis sikk ne cucum.

5. Taaralal nanu àddina si ci ay làmp [biddiw] def nanu ko muy lakk Saytaane yi te waajalal nanu leen mbugëlum Safara.

6. Ña weddi Yàlla am nañu mbugalum Safara. Ndaw mujj gu bon !

7. Bu ñu leen ca sànnee, nga dégg ko muy fuur, di wañax.

8. Day mer, bay fuur. Saa su ñu ca sànnee mbooloo, ña kay wattu naan leen: “Xanaa ! yéen kuy xuppe dikkul woon ci yéen ?”

9. Ñu naan ko : “Axakañ ! dikkaloon nañu nu kay, nu ne leen: Yàlla wàccewul tus, te yéen dangeen a sànku”

10. Ñu wax it ne : “Su nu doon dégg mbaa nu xel-lu, kon dunu nekk ci mbugël mii tey”.

11. Nangu nañu seeni bàkkaar. Waa safara toskare nañu.

12. Ñay ragal seen Boroom ci kumpa am nañu ag njégël ak pey gu màgg.

13. Su ngeen di déey walla ngeen di jooru Moo xam tigi li nekk ci dënn yi.

14. Ki bind ndax dadul xam te Moom moo di ki Ñewenti, di Ku deñ Kumpa ci lépp.

15. Moom moo leen tàggatal suuf si : doxleen ci ay déndëm. Tey lekk ciy xéewalam. (Ca Yàlla) la léppiy mujj.

16. Ndax man ngeen a raw ki nekk ci asamaan si su talañee suuf si ? Ba muy rëg-rëgi, mukk !

17. Walla dangeen a man a raw ki nekk ci asamaan su yabalee lu ànd ak i doj ? Xalset ngeen xam Samag xupe.

18. Ña leen fi jiitu woon, weddi woon nañu. Kon naka la sama mbugël deme woon ci ñoom !

19. Xanaa dañoo xoolul ci picc yi leen tiim, di tàllal seeni laaf ak bank ? Te (Yàlla) Yëramaakoon bi rekk leen teye (ci jawu ji). Moom, Kuy Gis la lépp lu ne.(s)

20. Ana kan moo leen man a wutal ay xarekat yu leen di taxwu te du Yàlla ? Yéefër yi ci woro la ñu nekk.

21. Ana kan moo leen di wërsëgal su (Yàlla) téyee wërsëgëm ? Ñoom da ñoo sànku.

22. Moo ndax ? Waajiy dëpp xarkanamam moo gën a gindiku kiy dox ne sàtt ca kaw yoon wa jub xocc.

23. Waxal ne: “Moom moo leen sàkk defal leen dégg, ak ub gis ak i xol”. Te néewaana ngeen sant delloo njukël !

24. Waxal ne : “It moo leen ji ci suuf si, te ca moom ngeen di mujj ñu pang leen”.

25. Ñuy wax naan : “Dig ba kañ lay doon su fekkee ne ñu dëggu ngeen ?”.

26. Waxal ne : “Xam-xamub loolu ma nga ca Yàlla. Man nag ab xuppekat buy leeral laa”.

27. Bu, ñu ne gegg ca (mbugël ma), xarkanami yéefar ya di gañ-gañi. Ñu ne leen: “Lii nag ngeen yàkkamti woon”.

28. Waxal ne : “Xanaa gisu leen ? Su ma Yàlla reyoon maak ñi ma àndal, ana kan mooy man a yiir yéefar yi aar leen ci mbugal mu mitti (amul de) ?”.

29. Waxal ne : “Kooku moo di, Yàlla yëramaakoon bi. Gëm nanu ko te doyloo nanu ko. Dangeen xala xam ana kan moo nekk cig réer”.

30. Waxal ne : “Xanaa gisuleen ? Bu seen ndox mi rawoon ci biir suuf xóot, ana kan moo leen di may bëtu ndox bu tane (Yàlla) ?”



Draft

# Saar 68 : Xalima ga

## 52 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Nuun. Ak Xalima ga ak la ñuy bind !

2. Sa xéewali Boroom (yaw Muhammad), tax na ba dofoo.

3. Te itam, am nga pey gu dootul dog.

4. Te yaa ngi làmboo, ak jikko yu màgg.

5. Danga gis ñoom it danañu gis.

6. Ana kan ci yéen moo sànku.

7. Te sa Boroom moo gën a xam ku réere aw Yoonam, te it moo gën a xam ñay gindiku.

8. Bul topp mukk ñiy fen,

9. Bëgg nañu nga nooy ba ñu nooy ñoom itam.

10. Bul topp bépp waatkat, bu doyadi,

11. ab saagakat, buy dox di rambaaje,

12. buy tere aw yiw, tey jalgati, di def bàkkaar,

13. ak ku jàgg, te bariw ay.

14. Mu nekk di boroom alal ak i doom.

15. Saa su ñu jàngee fi kanamam Sunuy Laaya, muy wax naan : “Léebi ñu jëkk ña la”.

16. Dananu ko wutal màndarga ci suku [bakkanam].

17. Natu nanu leen kom ni nu nattuwoon woroom tool ya ba ñu diisóo ne ba ñu xëy góob ko,

18. te settee wu ñu woon : “Dogalub Yàlla”.

19. Mu am lu bawoo fa sa Boroom dikk wër si ko (faagaagal tool ba) fekk ñoom nelaw nañu,(r)

20. ba bët setee, mu melni luñu déqi.

21. Ba ñu xëy, wootante ca suba cuuy :

22. "Daldi ne teel leen xëy tool waay ndegam da ngeen bëgg góob".

23. Ña ngay làkk, ca tool ya di déeyante :

24. Tey wax naan : "Tey jii buleen seetaan benn miskin di dugg ci tool yi".

25. Ñu xëy njortu ne, man nañoo tere tool ya.

26. Ba ñu ne gegg, ca tool ya ( mu melni peroŋ) : ñu ne : "nun xanaa da noo gëlam,

27. Ñu ne moom la kat waaye li wóor moo di ne su nu muur jeex na ci".

28. Ka ca gën a yiw ne leen : "Ndax nee wu ma leen : Ngeen di sàbbaal seen Boroom di ko kañ !"

29. Ñu daldi ne : "Tudd nanu selluk sunu Boroom ! Nun dey, ay tooñkat lanu woon".

30. Ku nekk dëgmal morom ja, ñuy yeddante.

31. Ñuy wax naan : "Ngalla ! Nun danoo bew.

32. Aka neexoon Yàlla nangu sunu tuub wuutalal nu ko ak tool yu ko gën. Sunu Boroom la nu xemmem".

33. Noonu la mbugal ma deme woon ; te mbugalum àllaaxira maay gëna rëy, cëy bu ñu xamoon !

34. Ña ragal Yàlla dey ñoom am nanu Àjjanay xéewal fa seen Boroom.

35. Moo ndax danuy def ñi wommatu jëm ci [Yàlla] ñu yem ak tooñkat ya ?

36. Ana lan moo leen dal ? Ak naka ngeen di àttee ?

37. Wala book da ngeen am ab Téere bu ngeen di jàng

38. boo xam ne daal li ngeen bëgg lépp ngi ci ?

39. Wala book da ngeen am sunu ngiñ luy law ba àllaaxira, Mu defal leen fa lu ngeen bëgg ?

40. Laajleen baxam ana kan ci ñoom mooy pakk wi ?

41. Wala dañoo am ñu ñuy bokkaale ? Kon, nañu indi seen bokkaale ndegam nu dëggu la nu !

42. Bu keroogee ba ñuy wuññi ab yeel [tiitaange] nu def leen woo ngir ñu Sujud te du ñu ko man.

43. Ñuy xiin-xiini ne muq ak gàcce te kat ba ca ba ñuy dund daayees na léen woo ngir ñuy sujood (jullig) te booba dara dalut léen.

44. Bàyyee ma ak ñiy jàppe waxtaan wii ( Alxuraan) ay fen dina nu léen taxañe fu ñu dul xam.

45. Dama léen di dënniirlu waaye sama pexe naaxsaay.

46. Moo ndax da nga léen di laaj ag pey te ñu fees dell ak i bor.

4. Wala dañoo xam mbóot ba di ko bind.

48. Na ngay muñ lépp luy tukkee ci sa àtteb boroom te bul mel ni ka jën wa wannoon (Yonnent Yàlla Yuunus AS) ba muy boroomam te tiitoon lool.(s)

49. Dogankonak wallug boroomam dees na ko sànni ca tàkk ga mu ne tócc.

50. Yàlla daldi ko tànn boole ko nit ñu yiwe ña.

51. Ña weddi saayu ñu déggée (Alxuraan) dina ñu lay xawa xeelu te naan kii ab dof la kat.

52- (Alxuraan) du lenn lu dul (ab téeré ) buy fàttali bindéef yi.

Draft

# Saar 69 : Joxoñub dëgg ba

## 52 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Joxoñub dëgg ba.

2. Lan mooy Joxoñub dëgg ba.

3. Ana lan moo lay xamal Joxoñub dëgg ba.

4. Giirug Aad ak Samuud dañoo weddi woon yëngu-yëngu bu rëy ba.

5. Giirug Samuud ag yuuxu (am riir) la ñu léen alage.

6. Giirug Aad nag ngelaw lu sedd luy riddi moom la ñu léen alage.

7. xiirtal na ko ci séen kaw juróom yaari bëccag ak juróom yaari guddi yu tegaloo nit ña ne lasiim melni dàtti tàndarma yu fënëx.

8. Moo ndax gisati nga lu bokk ca ñoom?

9. Firawnaak ña ko jiitu woon ak dëkk ya nu wëlbati woon njuumte la ñu fa nekke woon.

10. Dañoo moyu woon senn Yonentub Boroom. Yàlla, faagaagal leen.

11. Ba ndox ma bëbóo, Noo leen yanu woon, ca gaalug Nooh ga doon daw

12. danu koo def mu di fàttali ci yéen nopp yu sell it man koo jàpp.

13. Su nu walee bufta ba, genn wal ëf ko,

14. suuf si ak doj yi ñu jël ko def ko pënd moñoxe ko benn yoon ;

15. Bu keroogee, xew-xew,ba agsi bis Pénc ba,

16. asamaan siy xottiku nooy nepp.

17. Malaaka ya nekk ci ay goxam, su ko defee juróom-ñatta, cay yanu gàngunaay ga ( Aras ).

18. Bu keroogee dees na leen weer; ken du leen ca nëbb dara.

19. Ña nga xam ne dañoo jot seeni Téere ci ndeyjoor, da leen di wax ne : "Jàppleen ! jàng samab téere.(n)

20. Man dey jàppoon naa ne danaa dajeek samab màndaxe".

21. Moom dey mi ngi ci dundu gu neex :

22. ca Àjjana ju kawe

23. meññatam ma day yoore.

24. "Lekkleen te naan muy peyug la ngeen jiitaloon".

25. Ña ñuy joxe seen téere ci càmmoñ, danuy wax naan : "Aka neexoon ! Jotuma sama téere,

26. te ma ba ña xam luy sama màndaxe...

27. Aka neexoon, ma dee farit.

28. Sama alal ja jariñuma dara.

29. Sama sañ-sañ réer na ma !".

30. "Jàppleen ko ! Te, jàng ko ;

31. te, ngeen xoyom ko ca Safara ;

32. ca biir càllalag juróom-ñaar-fukk bëñ sóobleen ko ca jéng ko,

33. moom gëmu tooñ Yàlla , mu Màgg ma.

34. te daawul sonn ci dundal miskiin yi.

35. Bis niki tey amatu fi xarit

36. ducaageni ak lekk lu dul lay rogaat ci seen yaram,

37. defkati njaaxum ya rekk koy lekk".

38. Déet... Maa ngi giñ ci li ngeen di gis,

39. Ak ci li ngeen gisul,

40. ci ne [Alxuraan] waxi ab Yonent la bu tedd,

41. du waxu ab waykat ; li ngeen gëm néew na,

42. du waxi it ab buxaaba, aka néew lu ngeen di fàttaliku.

43. Dafa wàcc bawoo ci boroom àddina si.

Draft

44. Su ca fentoon jenn jenn wax,

45. ( Kon ) dananu téye loxob ndeyjooram,

46. daldi, dog sidiiti xolam ( mu dee ).

47. Te kon kenn ci yéen du ko mana fanq.

48. Ca dëgg-dëgg ag fàttali la ñeel ña ragal Yàlla.(r)

49. Te xam nanu xéll ne am na ci yéen ñu koy weddi ;

50. ca dëgg-dëgg, bekkoor la ci yéefar yi,

51. te moo di li wóor tigi.

52. Na ngay sàbbaal sa turu Boroom, bu Màgg bi !

Draft

# Saar 70 : Yéegukaay ya

## 44 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ab ñaankat ñaan na mbugël mu tàbbi,(s)

2. ñeel yéefar yi, te kenn du ku mana fanq,

3. bawoo ca Yàlla, miy Boroomi yéegukaay.

4. Malaaka yaak Ruugaa ngay yéeg ci bis boo xam ne dayoom juróom-fukki-junniy at la.

5. Muñal, muñ gu rafet.

6. Dañuy gis (mbugal) may lu sori,

7. te nun danu koo jàppe lu jigeñ,

8. bu keroogee ba asamaan si ruy melni biteex

9. tund doj yi melni ngëndal,

10. benn xarit dootul laajte xaritam,

11. danañuy gisante. Su boobaa tooñkat bi danaa siiw jot boppam, joxe njabootam,

12. ak soxnaam, ak mbokkam,

13. ak askanam wa ko yiir,

14. ak sax far képp ku nekk ci kaw suuf, ngir mu mana mucc.

15. Mukk dootul raw Safara

16. (Tàng) bay wësëm kaaŋum bopp.

17. Dafay woo képp ku ne wërëñ ba bëgg a dem,

18. dajaley alal ba dencu ko.

19. Bindéef na nit ci xel muy jaxasoo [di yoqat] ;

20. su ko aw ay laalee, muy saalit ;

21. su ko jàmm ganesee mu nay, alal ak yiw danay tax mu nay bew.

22. Ba mu des jullikat yi

23. ña nga xam ne dañuy saxoo Julli,

24. ña nga xam ne seeni alal sàkk nañu ca cér bus xam jagle ko

25. mu ñéel yalwaankat yeek ñu ñakk ñi ;

26. ak ñiy dëggël Bis Pénc bi,

27. ak ñiy ragal seen mbugalum Boroom

28. te, sa mbugalum Boroom kenn du ca naagu ;

29. ak ñiy sàmm seen pëy

30. lu dul ca seeni soxna ak seeni jébéer, ñoom kenn yeddu leen,

31. képp kuy sàkku [bànneex] ci lu moy loolu, ñoo ñaa di way jalgati ya ;

32. ak ñay sàmm ndénkaane ya, ak seenub dëelante.

33. ak ñiy taxaw temm ci li ñuy seede,

34. ak ñiy matal sëkk seeni julli.

Draft

35. Ñoom ña nga biir Àjjana deefi leen teral.

36. Waaw yéefar yi lu ñu xewal bay raj-rajloo wutsi la,

37. di bawoo ndeyjoor ak càmmooñ, tey wél-wéli ?

38. Ndax nit ñépp dañoo maase bëgg a duggëndoo Àjjanay xéewal?

39. Mukk ! Noo leen sàkk ak ni ñu ko xame.

40. Déedéet !... Maa ngi giñ ci Boroom Penku ak Sowu yi ci ne Nun boroom Kàttan la nu.

41. Ci soppi wuutale leen ak ñeneen ñu leen gën, te kenn du ko fanq.

42. Bàyyileen ñu nuur (ci kéefër) aka fo ba baa ñuy dajeek bis ba ñu leen daan digu,

43. bu keroogee, ba ñuy génn bàmmeel ya gaaw melni ku jëm ciy xërëm ;

44. seen gët ya sajju, ñu torox ngir gàcce. Bis boobee mooy ba ñu leen daan dig (tëkoo)!

# Saar 71 : Nooh

## 28 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Noo yónni woon Nooh ca aw nitam ne ko : "Xupal saw nit, bala leen mbugal mu mettee dikkël".

2. Mu daldi ne : "Éy seen samaw nit, man mii ab xuppekat laa ci yéen bu bir,

3. Na ngeen jaamu Yàlla, te ragal ko, te topp ko

4. kon dey Dana leen jégël seeni bàkkaar te Dana leen yeexe ba ci dig bu ñu xam. Digub Yàlla bu agsee, du fanqu cëy bu ngeen xamoon !"

5. (Nooh) : "Yaw sama Boroom ! woo naa samaw nit, guddeek bëcëg.

6. Te sama woote bi dolli wu leen lu dul féew.

7. Te man saasu ma leen di woo ngir Nga jégël leen, dañuy def séeni waaraam ci séeni biiri nopp, daldi muuroo séeni sér, daldi jomlu.

8. Topp, woonaa leen cig jooru.

9. Topp, biralalnaa leen, yalolnaa leen.

10. Ma wax leen ne : "Jégëluleen seen Boroom, Moom dey Jégëlaakoon la,

11. kon dey dana yabal asamaan si, mu duttil leen taw,

12. te it dana leen may ay alal ak i doom, te dana leen defal tooli dër ak ay dex.

13. Ana lu leen dal ba du ngeen delloo Yàlla njukël,

14. te moom moo leen jaarale ci ay tolluwaay yu bari ba mu leen di sàkk ?

15. Xanaa gisu leen ni Yàlla binde juróom-ñaari asamaan yu tegaloo(s)

16. mu def ci weer wi muy leer, mu def it jant bi mu di làmpu ?

17. Te Yàllaa leen saxal, ci suuf si, ni gàncax,

18. te dana leen ca delloo dana leen ca génneewaat.

19. Yàlla moo leen defaral suuf si mu di laltaay,

20. ngir ngeen mana sóobu ca yoonam yu dàndante ya”.

21. Nooh daldi wax ne : “Yaw sama Boroom, (samaw nit) moy na ñu ma dem toppi koo xam ne alalam ak i doomam jariñu ko lu dul yàqule.

22. Ña ngay fexe pexe yu rëy,

23. tey wax naan : “Buleen bàyyi seeni Yàlli bu leen bàyyi Wud, Mbaa Suwaa’, ak Yaquusa, ak Ya’uuqa ak Nasra.

24. Te réeral nañu ñu bari. Te bul dolli tooñkat ya lu dul ag réer.

25. Ci sababu seen ñaawtéef ya, labaleef na leen, tàbbalees leen safara, te amu ñu fa fekku ñu fa ku leen di dimbali, ku dul Yàlla”.

26. Nooh wax na ne : “Yaw sama Boroom, bul bàyyi ci kaw suuf si benn yéefar bu koy dëkke.

27. Soo leen fi bàyyee, dañuy réeral sa jaam ñi te dunu fi jur lu dul yéefar yu kàccoor.

28. Yaw sama Boroom ! Jégëlma, maak sama ñaari wayjur ak képp ku tàbbi sama kër te gëm, ak jullit ñu góor ñeek jullit ñu jigéen ñi ; te bul dolli tooñkat yi lu dul ag yàqule”.

Draft

# Saar 72 : Jinne ya

## 28 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

**1**. Waxal ne : “Soloof na ma am na mbooleem jinne muy déglu, bay wax naan : “Nun dey dégg nanu Ñjàngum [Alxuraan] mu yéeme,**(h)**

2. dafay gindee jëme ci njub. Nu daldi koy gëm, te dunu bokkaale dara ci sunu Boroom.

3. Te sunu Boroom - màggam ga sell na - jàppewul kenn muy soxnaam, waxatumalaa doomam !

4. Sunu kannas ma [Ibliis] moodaan wax ay njaxum ci Yàlla.

5. Te foog na ne nit ak jinne amul kenn ku cay fenal Yàlla.

6. Amoon ci nit, aw gaay ñu daan sàkku ay muslaay ci aw gaay ñu bokk ci jinne yi ñu faf leen dolli jaaxle (njaaxum).

7. Te ñoom dañoo jortu li ngeen jortoon ci ne Yàlla yónniwul kenn.

8. te Nun kat làmbu Nanu asamaan si fekk mu fees dell ak i wattukat ak jumi safara.

9. Te nun danu fa daan toog di yadu. Leegi nag képp ku fay jéema yëdu ji, dana fa fekk ab jum bu koy tuŋlu.

10. Te nun sax xamu nu ndax ñi nekk ci suuf si aw ay lees namm ci ñoom walla seen Boroom dafa namm ci ñoom ñu jub.

11. Am na ci nun ñu jub am na it ñu yées loolu : nun daal ay kurél lanu yu limu.

12. Te xam nanu ne manuñoo tiiñ Yàlla te it manuñoo daw mukk ba raw ko.

13. Te nun ba nu déggee njub ga [Alxuraan], gëm nanu ko, te nag képp ku gëm Boroomam dootul ragal wàññikug jëf waxantumalaak sànje.

14. Am na ci nun ay jullit, am na it ci nun ay tooñkat. Ña nga xam ne ñoom dañoo tuub defi jullit ñoo ñaa làmboo njub.

15. Tooñkat ya nag, ñoom ñoo di mattum safara.

16. Te kat su ñu jaaroon ca yoon wu jub xocc wa, Danaa leen nàndale, ndox mu neex,

17. ngir nu nattu leen ca. Képp ku dumóoyu baña fàttaliku Boroomam, (Yàlla) dana ko sóob ci mbugël muy dolliku saa su nekk.

18. Jàkka yi Yàlla moo leen moom : buleen fay woo kenn di ko booleek Yàlla.

19. Te kat ba jaamub Yàlla bi taxawee di ñaan Boroomam, xawnañoo raj-rajloo ca kawam.

20. Waxal ne : "Maa ngi ñaan sama Boroom te duma ko bokkaaleek kenn".

21. Waxal ne: "man mii kat manuma leen a lor manuma leen a jubbanti".

22. Waxal it ne: "man mii keen manumaa aar ci Yàlla, te it duma wut benn rawtukaay budul moom.

23. Manuma lu dul jottali ndigëlul Yàlla. Waaye képp ku moy Yàlla akub Yonentam ca Safara sa lay sax te dafay béel ba fàww.(S)

24. Ba bis ba ñu gisee la ñu leen daan tëkkoo, danañu xala xam ana kan moo gën ñàkk ndimbal ak ana kan moo gën a néew lim.

25. Waxal ne: "Xamuma baxam li ñu leen di tëkkoo dafa jiggeñ, walla, sama Boroom da leen may ab dig.

26. [Moom] moo xam kumpa. Te du wuññil kumpaam ga kenn,

27. lu dul ku mu gëram ci Yonent te dakoy booleek ñu koy wattu kanam ak ginnaaw,

28. ngir mu xam ne jotal nañu seen Yonentub Boroom. Te it peeg na lépp lu ne ci ab lim (xam na na mu day".

# Saar 73 : Ku ñu sàng ka

## 20 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Éy ! yaw, ku ñu sàng ki !

2. Jógal [di julli], ci guddi gi, bamu des lu ,néew ;

3. Ab xaajam, walla sax nga wàññi ca lu tuuti ;

4. walla sax nga dolli ca. Te na ngay jàng Alxuraan, njàng mu léer.

5. Xalset nanu laa gàll wax ju diis.

6. Jullig guddi nag moo gëna nangu te moo gëna leer cim njàng.

7. Am nga, ci bëcëg bi, jot gu gudd goo mana lijantee.

8. Na ngay fàttaliku di tud sa turu Boroom te wéeru ci moom fàwwu,

9. mooy boroom Penkook Sowu. Amul jeneen Yàlla ju dul moom. Na nga wéeru ci moom.

10. Muñal li ñuy wax ; te nga gàddaay leen gàddaay gu rafet (bañ leena faale).

11. Bàyyi maak ñiy weddi ak ñi am alal ; te nga muñal leen tuuti :

12. Noo ngi leen di waajal Safara wu ànd ak jéng,

13. ak aw ñam wuy fot loo, ànd ak mbugël mu mitti.

14. Bu keroogee bis ba suuf seek doj yi dëgg-dëgg tundu yi mel ni suufus ber mokk.

15. Yónni nanu ci yéen ab Yonent muy seede, kem ni nu yónnee woon ca Firawna ab Yonent.

16. Firawna daldi moy Yonenta ba. Nu daldi koy jël bu metti. (faagaagal ko).

17. Ana naka ngeen di ragale (Yàlla), su ngeen weddee, bis boo xam ne tiit ma bijaawloona ab liir ?

18. Su asamaan si dee xar. Ca la digam ba di mate.

19. Lii nag ag fàttali la. Képp ku mu soob mu jël yoon wa jëm ca Boroomam aw ca.

20. Sa Boroom xam na ne, yaw (Muhammad) da ngay taxawlu gëna néew ñaari ñetteeli xaaji guddi gi, walla xaaj ba, walla benn ñetteelu xaaj ba. Ànd kook mbooloo ci ña ànd ak yaw. Te Yàlla dana nattale guddeek bëccëg. Xam na ne manu leen fanaanee julli. Mu jégal leen. Jàngleen lu jàppandi ci Alxuraan. (Ndax moom Yàlla) xam na ne am na ci yéen ñu wopp, ak ñeneen ñuy tukki ji ci réew yi, ngir sàkku ji ci ngënéeli Yàlla yi, ak ñeneen ñuy xare ji ci yoonu Yàlla. Kon jàngleen la ca jàppandi. Te na ngeen taxawal julli, tey génne asaka, te na ngeen lebal Yàlla bor bu rafet. Te lépp lu ngeen jiitalal seen bopp ciw yiw, da ngeen ko fekk ci Yàlla, mooy la gën te moo ëpp ag pey. Te it na ngay jéggalu Yàlla. Yàlla moom Jéggalaakoon la Jaglewaakoon la.(r)

Draft

# Saar 74 : Ku ñu muur ki

## 56 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Éey, yaw Ku ñu muur ki!

2. Neel ñokket jóg tey xuppe.

3. Te na ngay màggal sa Boroom.

4. Te na ngay laabal say yéere.

5. Te it na ngay daw bépp bàkkaar.

6. Bul di joxe mukk ngir sàkku ca lu gëna bari.

7. Te na ngay muñ ngir sa Boroom.

8. Saasu ñu walee ca mbiib ga,

9. su boobaa bis bu jafeñ lay doon,

10. du yomb ca yéefar ya de.

11. Bàyyi Ma ak ki nga xam ne maa ko bindoon nu wéet,

12. te ma joxoñ ko alal ju yaatu,

13. ak doom yu ko daan wéttali,

14. te Ma dindiloon ko bépp jafe-jafe.

15. te mo daan xemmeem saa su nekk Ma di ko dolli.

16. Te kat des na ! Ndax moom da daan lànk di bañ (Al xuraan) ji.

17. Danaa ko sonale yéegu tundu.

18. Moom day xalaat. Na daldi soobu.

19. Nu daldi koy rey ! Ca na mu sóobóo !

20. Topp Nu reyaat ko ; Ca na mu sóobóo woon !

21. Mu daldi, xool.

22. Daldi nay gaññ te sóomórlu.

23. Topp mu daldi dumóoyu tey rëy-rëylu.

24. Mu daldi wax ne : “Alxuraan jii daal ag njibar doŋŋ la

25. lii daal du leen lu dul waxi nit”.

26. Kookee dey danaa ko lakk ci Safaraw (Saqar).

27. Ana kan moo lay xamal luy Saqar ?

28. Du bàyyi dara ;

29. Dafay alawtiku ab der di ko xëmël.

30. Fukki (Malaaka) ak juróom-ñanant koy wattu.

31. Ay Malaaka rekk ay wattu Safara. Te, lu ñuy bari bari nekku wu ñu fa lu dul fitnaal yéefar yi, ak tiiñal ñoñ Téere, ak dolli ngëmug ña gëmoon, ak it ñoñ Téere ak way gëm ña baña dengi-dengi ; ak it ngir yéefar yaak ña seeni xol wopp di wax naan : “Ana lu Yàlla namm ci misaal mii ?” Noonu la Yàlla réerële ku ko soob di gindi it ku ko soob. Te sa xarekati Boroom, Moom doŋŋ leen xam. Te lii du lenn lu dul luy fàttali bindéef yi jàjj leen.(S)

Draft

32. Déet !... maa ngi giñ ci weer wi !

33. Ak ci guddi su nee wërëñ !

34. Ak su fajar si di xar!

35. [Safaraw Saqar] bokk na ca tiis yi gëna rëy

36. ag xuppe la, ñeel bindéef yi.

37. Ku mu soob ci yéen, na jiitu walla mu des ginnaaw.

38. Bakkan bu mu mana doon ag tayle la ci jëfam.

39. Ba mu des waa ndeyjoor :

40. ñoom ña nga ca biir Àjjana di laajante

41. ci mbirum tooñkat ya :

42. “(Naan) Ana lan mooleen wara duggloo Safaraw Saqar ?”

43. Ñu tontu ne : “Nun kat danu daawul julli,

44. te daawune leel miskiin yi,

45. te danu daan ànd ak caaxankat ya,

46. te danu daan weddi bis Penc bi,

47. ba dee aksi ci sunu kaw".

48. Rammug rammukat, du leen fa jariñ dara.

49. Ana lan moo leen dëdëleek fàttaliku ?

50. Dañoo mel ni ñu ñu tiital (ay mbaam),

51. ni ñuy dawe gaynde.

52. Kenn ku nekk ci ñoom bëggoon na ñu jox ko ay kayit yu teqalikoo.

53. Dee wa laay ! Ñoom ragalu ñu woon àllaaxira.

54. Mukk ! Te lii ag fàttali la.

55. Kéep ku mu soob, na fàttaliku.

56. Te manuñoo fàttaliku lu dul ci bu soobee Yàlla. Te moo gëna yayoo ci ragal ko ; te moom doŋŋa am njégël.

Draft

# Saar 75 : Dekkiwaat ga

## 40 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Maa ngi giñ ci bisub dekkiwaat ga !(n)

2. Te maa ngi giñ ci bakkan bi di ab yeddaakoon.

3. Moo ndax, nit ki dafa foog ne dunu dajale ay yaxam ?

4. Axakañ ! Mën nañoo dajale yemalewaat cati waaraamam.

5. Te nit moom day bëgg rekk di dund cig boy.

6. Muy laaj : “Kañ la, Bisub Dekkiwaat ba ?”

7. Su gis ba nee melxat gëlam,

8. weer wi muuru,

9. ñu boole jant beek weer wi,

10. bu keroogee, nita ngay, wax naan : “Fees di rawe ?”

11. Déedéet ! Laquwaay amul de !

12. Bis boobu kay, dellu ca sa Boroom, rekk ay am.

13. Ca la ñuy xamale nit la mu jëkka def ba ci li mu mujjoon def (cig dundam).

14. Li war moo di ne nit mooy seede boppam,

15. dontela sax dafay jégalu ak miim.

16. (Su Alxuraan) di wàcc (yaw Muhammad) bul di yëngël saw làmmiñ ngir gaawtoo ko :

17. Sol la ko aku jàngiinam, Nun la war.

18. Te suñu koy jàng na ngay toppaat, njàng ma.

19. Leeral ko it, Nun la war.

20. Yéen da ngeena bëgg (lool) dundug àddina si,

21. te da ngeena sàggane (lool) Àllaxira.

22. Bu keroogee, dana am xarkanam yu naat

23. yuy xool seen Boroom ;

24. dana fa am it bu keroogee, ay xarkanam yu ñàng,

25. dangay foog ne njuuma la.

26. Bu ruuga génnee ba ca bóli ga

27. ñu ne ko: "Ana kan mooy mocckat ba ?"

28. Mu daldi xam nag ne dee dikk na,

29. yeel ya daldi jaxasoo rawaasoo,

30. Bu keroogee, ñu wommat la jaŋat-jaŋatee la jëm ca sa Boroom.

31. Gëmul woon, te it daawuloon julli;

32. waaye, moom sax dafa weddi woon dumóoyu,

33. daldi dem nag ca aw nitam, di xoggaliku.

34. "Yaayoo nga toskare, yaayoo nga toskare!"

35. Te it yaayoo nga toskare, yayoo nga ko !

36. Moo ndax nit dafa foog ne dañu koy bàyyi rekk noonu muy nguyaay?

37. Moo ndax dafa doonul woon tóqug maniyu guy sottiku ?

38. Mu mujj di aw lumbu Ma bind ko mu ne càndaŋ yemoo;

39. ma def ci ñaari toolént ya : góor ak jigéen ?

40. Moo ndax kooku munula dekkilaat ku dee ?

Draft

# Saar 76 : Nit

## 31 - Laaya – Gannaaw Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Mo ndax nit dafa amul woon ab diir ci jamono bu kenn daawu ko limaale ?(S)

2. Nun noo binde nit ci maniyu mu jaxasoo. Di ko nattu def ko muy dégg di gis.

3. Gindi nanu ko ci aw yoon , - amaana muy déloo njukkël di sant walla mu goreedi -

4. Waajalal nanu yéefar ya ay càllala, ak i jéng ak safara wuy bérëx.

5. Ñu baax ña danañuy naane ci kaas yu ñu jaxasee kaafar,

6. Batab ndox boo xam ne. Jaami Yàlla yaa cay naan, ñu di ko bëtte fa mu leen soob.

7. Dañuy mottali seeni nisër tey ragal bis bu ayam wa tiis na .

8. te lañuy bëgg ñam lépp, terewul ñu di ko leel, miskiin, yaak jirim yaak ña ñu tëj kaso,

9. (te naan leen) : “noo ngi leen koy leele de : waaye bëggu nu ci ak pey walla gëram ngir Yàlla rekk tax.

10. Danoo ragal, ci sunu Boroom, bis bu ñàng te tëradi”.

11. Yàlla daldi leen fegal ayu boobale bis, dajale leen ak naataangeek mbégte,

12. mu faye leen lañu muñoon, Àjjana ak i sooy,

13. dañuy sóonu ca lal ya, te dunu fa gis ab jant waxantumalaak ab sedd liw.

14. Keram ya da leen di muur, meññatam ma yóore tiim leen.

15. Ñu di leen wër ak ay ndabi xaalis, ak ay koppi weer,

16. ay koppi weeri xaalis, yu yem kepp.

17. Ñu, di leen fa nàndale ak kaas yu ñu njare jinjeer,

18. ab bëtu ndox bu tudd Salsabiil.

19. Te ay xalee ngay wër ca ñoom sax cig ndaw. Soo leen gisee, da ngay foog ne peme ju ñu tasaare la ñu.(r)

20. Soo ko gisee, danga fa gIisaale xeewal ak nguur gu màgg.

21. Dañuy sol mbubbi sooy yu nëtëx werta. Moom la ñuy jiital waaje ko, te dañu leen di takkal caqi xaalis. Seen Boroom di leen fa ndàndale naan gu laab.

22. Lii nag mooy seen neexal, te seen jëf it lu ñu sant la.

23. Nun de Noo wàcce Alxuraan ci yaw ndànk-ndànk.

24. Muñal sa dogalub Boroom, te bul topp, ci ñoom, kenn kuy def bàkkaar walla mu di yéefar.

25. Te na nga tudd sa turu Boroom, subaak ngoon ;

26. te guddi gi it na nga Koy sujuudal ; te di ko sàbbaal [waxtuw] guddi lu bari.

27. Ñoom dey da ñoo bëgg Àddina tey sàggane bis bu dis ginnaawal ko.

28. Nun Noo leen bind. May leen kàttan, te Sunu sooboon, Nu wuutal fi ñeneen.

29. Lii dey ag fàttali la. Képp ku mu soob man ngaa sóobu yoon jëm ca sa Boroom !

30. Manu leen a sottal dara, te du dafa soob Yàlla. Moom ku Xam la ku Xereñ la.

31. Mooy tàbbal ku ko soob ci yërmëndéem. Te tooñkat yi, Waajalna leen mbugël mu mitti.

# Saar 77 : Ñu ñuy yabal ña

## 50 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Maa ngi giñ ci ngelaw ya ñu yabal muy jaayu.

2. Ak yiy ràddi càllmeer!

3. ak yiy gëwéeluy tasaare.

4. Ak yiy teqale dëgg ak fen (Laaya yi) ,

5. di sànni fàttali

6. Di jélële walla muy xuppe !

7. La ñu leen di tëkóo fàwwu mu ay (xew).

8. Bu ru raafee biddiw yi,

9. daldi xar asamaan si,

10. moñoxe tundi doj yi,

11. ak suñu dajalee Yonent ya !...

12. Ana ban bis la doon xaar ?

13. Ca bisub àtte ba !

14. Ana kan moo lay xamal luy bisub àtte ba ?

15. Bu keroogee xuru safara ñeel na ñay weddi.

16. Moo ndax Nun faagaagalunu ñu jëkk ña ?(s)

17. Toftal ca ña mujjoon ?

18. Noonu la ñuy def ak tooñkat ya.

19. Bu keroogee xuru safara ñeel na ñay weddi.

20. Moo ndax bindewunu leen ci ndox mu doyadi

21. Nu daldi koy saxal ci barab wu wóor,
22. ba ca ab diir bu ñu xam ?
23. Nu daldi dogal cëy Noo mana dogal yemale.
24. Bu keroogee xuru safara ñeel na ñay weddi.
25. Ndax defu nu suuf si mu làmboo lépp,
26. ñuy dund ak ñu dee ?
27. Te def Nanu ci ay tund doj yu kawe? Te nàndale leen ak ndox mu neex ?
28. Bu keroogee xuru safara ñeel na ñay weddi.
29. Fëxleen nag jëm ci li ngeen daan weddi !
30. Fëxleen jëm ca ker ga am ñatti tokkoor [saxaar sa] ;
31. manuta keral kenn waxatumaak di feg tàkk-tàkk ;
32. moom dafay sànni ay ferñent yu tollu ni njéndi,
33. dañu melni ay giléem yu mboq.
34. Bu keroogee xuru safara ñeel na ñay weddi.
35. Bu bis baa du ñu mana àddu wax,
36. kenn du leen may pose bu ñuy jéggaloo.
37. Bu keroogee xuru safara ñeel na ñay weddi.
38. Lii mooy bisub àtte ba, boole nanu leen ak ñu jëkk ña.
39. Su ngeen amee ay pexe, fexel leen Ma.
40. Bu keroogee xuru safara ñeel na ñay weddi.
41. Ña ragal Yàlla ñoom ña nga ca ker ya ak bëti ndox ya.
42. Ak ay fuytéef ya ñu bëgg.
43. “Lekkleen te naan, mooy peyug la ngeen daan jëf”.
44. Noonu la Ñuy faye way rafetal ya.
45. Bu keroogee xuru safara ñeel na ñay weddi.
46. “Lekkleen te bànneexu tuuti ; yéen ay tooñkat ngeen”.

Draft

47. Bu keroogee xuru safara ñeel na ñay weddi.
48. Te saasu ñu leen waxee ne : “rukóoleen, duñu rukoo (duñu julli).
49. Bu keroogee xuru safara ñeel na ñay weddi.
50. Bu waxtaan wii jàllee, ana wan waxtaan lañuy gëmati ?

Draft

# Saar 78 : Xibaar ba

## 40 - Laaya – Ginnaaw Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

**1**. Ana ci man mbir la ñuy laajante ?**(h)**

2. Ci xibaar bu rëy ba,

3. xibaar ba nga xam ne dañu caa juuyoo.

4. Mukk ! danañu xala xam.

5. Déedéet kay ! Danañu xala xam.

6. Moo ndax du Nun Noo def suuf si mu di laltaay ?

7. ak tundi doj yi ñu di ay dott ?

8. Nu bind leen ngeen di ay tóllent,

9. te def nanu seeni nelaw di seen nooflaay,

10. te it def nanu guddi mu di kiiraay sutura,

11. nu def bëcëg mu di yëngutu kaay,

12. tabax nanu juróom ñaari (asamaan) yu dëgër ñu tiim leen,

13. poose nanu ci làmpu bu leer (jant bi),

14. wàcce nanu ci niir yi am ndox muy dottiku

15. ñu di ca saxal ay pepp ak i gàncax

16. ak ay dër yu naat.

17. Bisub Àtte ba Dig ba jotna.

18. Bis ba ñuy wal bufta, ngeen di ñëw di ay mbooloo,

19. nu ubbi asamaan si mu def ay buntu,

20. nu doxloo tundi doj yi mu melni ñàndóox.

21. Waajal nanu safara muy tuqlóo,

22. di xala doon dekuwaayu ñu bew ña.

23. Danañu fa sax ay jamono yu yàgg.

24. Dunu fa mos ab sedd waxantumalaa ag naan,

25. Lu dul ndox muy wañax ak lay rogaate ca seen jëmm ya

26. muy pey gu témbóo.

27. Ñoom dañoo foogoon ne duñu leen màndaxe,

28. ña weddiwoon sunuy Laaya,

29. lépp lu ne peek nanu ko bind ko.

30. Ayca mosleen. Dunu leen dolli lu dul mbugël (tokamtikuleen ko) !

31. Ña ragal Yàlla ñoom baaxal nañu :

32. am nañu ay tooli dër ak i reseñ,

33. ak i jongama huur yu taxaw ay ween te maase,

34. ak ay kaas yu fees dell.

Draft

35. Duñu fa dégg mukk waxi caaxaan mbaa ay fen.

36. Muy pey gu bawoo ca seen Boroom

37. Boroom asamaan yeek suuf seek li ci seen diggante, mooy Yëramaakoon bi ; duñu mana waxanteek moom.

38. Bu keroogee ba Jibriil jóg ànd ak malaaka ya taxaw def sàppe, duñu wax , lu dul ku Yàlla Yëramaakoon bi jox ndigël, mu wax lay dëgg te yem ca kepp.

39. Loolu moo di bisub dëgg ba. Ku mu soob mu jël Boroomam def ko ab rawtukaay.

40. Xuppnaa leen ci mbugëlum bis bu jigeen, bu keroogee ba nit ñi di xool la ñu jëfoon ; yéefar ba naan : “Aka neexoon may suuf”.

# Saar 79 : Malaaka yay rocci ruu

## 46 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ci roccikat yay sanjaafu, maa ngi giñ !(s)
2. Ak ña koy rocci ndànk-ndànk !
3. Ak ñay féey ca asamaan sa,
4. ak ñay jëkënte cig ngëm,
5. ak ñay settantal di lijjënti mbir yi!
6. Ca bis boobule [suuf] di yëngutu ci wal gu jëkkug mbiib ga [bufta ba]
7. ñaarelug wal ga daldi cay topp.
8. Bu keroogee, dana am ay xol yu tiit,
9. seenub gis sàjju ngir ragal.
10. Ña ngay wax naan : “Ndax danuy dundaat ginnaaw dee,
11. ak sax ginnaaw bu nu doonee ay yax yu funux ?”
12. Ña ngay wax naan : “loolu deey yàqule la !”
13. loolu ab jàjj la,
14. ñu jekki-jekki rekk ne jaww ci kaw suuf si dekkiwaat.
15. Ndax waxtaanu Muusaa dikkël na la ? Ay xibaaram ?
16. Ba ko Boroomam di woo, ca xuru Tuwaa, wu sell wa, di ko wax ne :
17. “Demal ca Firawna. Moom bew na !
18. Te nga wax ko ne : “Ndax bëgg ngaa tuub ?
19. kon dey da naa la gindi ci sa Boroom nga ragal ko ?”
20. Mu wan ko keemtaan yu màgg ya.

21. Mu weddi ko (Firawna) daldi koy moy ;

22. Mu daldi, dumóoyu, féew dem,

23. daldi woo nit ña dajale leen,

24. daldi wax ne : “Man maay sen boroom, bi gëna kawe”.

25. Yàlla daldi koy faagaagal mbugalum àddina muy sar ba àllaaxira.

26. Ag fàttalikoo ngi ci loolu ña ragal Yàlla.

27. li ngeen sos moo gëna dëgër ? walla asamaan si ma tabax ?

28. Kaweel na talaayam ba, te maasale ko ;

29. Moo lëndamal guddi yi te leeral bëccëg yi.

30. Ginnaaw loolu moo tallal suuf si :

31. Mu génnee ca ndox ak i gàncax,

32. mu saxal ca duutan ca tund doj yi,

33. mu di bànneexu, ci yéen ak ci seenug jur.

34. Saa su mbambu mu rëy ma dikkee,

35. bu keroogee nit dana fàttaliku la mu jëfoon,

36. Safara danaan fàŋŋ ku ko xool gis ko...

37. Képp ku bewoon daan jalgati

38. te bëggoon dundug àddina sii doŋŋ (di ko xëntéewóo),

39. kookee, Safaraa di wàccuwaayam.

40. Képp ku ragaloon ne dana taxaw ca Boroomam, te daan tere bakkanam bànneex (ay caaxaan),

41. kookee àjjanaa di wàccuwaayam.

42. Ña nga lay laaj bis pénc ba : “Kañ lay teeral”(r)

43. Ana ban xam-xam nga ci am ngir tontu leen ?

44. Ab yemukaayam sa Boroom rekk ko xam.

45. Yaw nag ab xuppekat doŋŋ nga ngir ña ko ragal.

Draft

46. Bis bu ñu ko gisee, dafay mel ne seen dund gépp genn ngoon la woon walla yoor-yoor.

Draft

# Saar 80 : Sóomóorlu na

## 42 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Sóomóorlu na daldi dumóoyu
2. ba ko gumba ga digëlee.
3. Xamoo : ndax dafa bëgg tuub ?
4. walla muy fàttaliku man caa jariñoo ?
5. Ka nga xam ne dafa woomal
6. ba tax nga jublu ko.
7. Lu laak moom ? (yaw muhammadu)”
8. Waaye ku la dikkëlati
9. tey wuta ragal Yàlla,
10. te faalewoo ko.
11. Loolu dey ag fàttali la
12. ku mu soob, mu fàttaliku ko
13. mi ngi ci ay xët yu ñu teral (bind ko),
14. yu ñu yékëti, te laabal ko,
15. nekk ci yoxoy ak tekkikat (malaaka)
16. yu tedd, yu baax.
17. reyeef na nit ngir ngoreedeem !
18. Ci lan la ko [Yàlla] bind ?
19. Ci toqu maniyu la ko binde, dugal ay mbiram :
20. daldi koy yombalal yoon wa ;

21. daldi koy rey, tàbbal ko ci bàmmeel ;
22. te saa su Ko soobee mu dekkalaat Ko.
23. Déedéet ! [Nit] moom matalul mukk la nu ko digëloon.
24. Na nit di xool ci aw ñamam lekkam :
25. Nun noo sotti ndox mu dottiku,
26. ba noppi Nu xar suuf mu fett
27. nu saxal ci ay kembu,
28. ay reseñ ak i lujum,
29. ak i oliw ak tàndarma,
30. ak ay dër yu naat,
31. ak i fuytéef ak i xob, ngub
32. mu di seen bànneex ak seenug jur.
33. Bu bis pénc ba dikkee,
34. bis ba nit di daw mbokkam,
35. ak yaayam, ak baayam,
36. ak soxnaam ak doomam,
37. kenn ku nekk, bu keroogee, am mbir mu ko doy sëkk.
38. bu keroogee, ay xarkanam yu naat,
39. bég lool tey ree.
40. Bu keroogee, am it, ay xarkanam yu fundóoñ,
41. lëndëm kariis.
42. Ñooña ñoo di yéefar ya, di kàccoor ya.

Draft

# Saar 81 : Lëndamal ga

## 29 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Saa su ñu lëndamalee jant bi, Maa ngi giiñ(s)

2. ak saa su biddew yi rotee,

3. ak tundi doj yi saa su ñuy randatu di dox,

4. ak saa su nu, sàgganee geleemam ga ëmbu ba sori talatuñu ko,

5. ak ndokmenta ya (rab yu aaytal ya), dajaloo ñu dekkalaat leen,

6. ak saa su ñu taalee geej ya mu di safara,

7. ak saa su ñu lëkëlee ruu ya

8. ak saa su ñu laajee doom ju jigéen ja nu soloon te fekk muy dund, ngir daw gàcce

9. ci ban bàkkaar bu mu def moo tax ñu rey ko.

10. Ak saa su ñu tasaaree kayit yi ëmboon jëfi bindéef yi,

11. ak saa su nu xollee deri asamaan si

12. ak saa su ñu taalee safaraw jahim,

13. ak saas u ñu jigeelee Àjjana,

14. bakkan bu Yàlla sàkk xam na la mu jëfoon.

15. Déet !... Maa ngi giiñ ci biddiw yi fàq guddi

16. tey daw di suux !

17. ak ci guddi gi saa suy tàmbali!

18. ak ci suba si saa suy fenk!

19. Ci ne [Alxuraan jii] waxi ab Yonent la bu tedd (Jibriil),

20. di boroom kàttan gu rëy, di ab xejj fa Boroom ganganaay ga Aras,

21. di ku ñuy digël, ndigëlam ca kaw, di ku ñu woolu.

22. Te seen àndandoo ja (Muhammad) du ab dof de ;

23. moom gis na tigi (Jibriil), ca asamaan ya

24. te moom nayul ci li ñu ko soloo.

25. Te it [Alxuraan ji] du waxi seytaane sa ñu jam.

26. Kon ana fu ngeen jëm ?

27. Lii du lenn lu dul luy fàttali waa àddina si yépp,

28. ku mu soob ci yéen mu topp yoon wu jub xocc wa.

29. Waaye manuleena soob mukk, te du ut ne dafa soob Yàlla, Boroom àddina si yépp ;

Draft

# Saar 82 : Dugg-dugg ba

## 19 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Saa su asamaan si dogee, Maa ngi giñ(n)
2. ak saa su biddew yi tasaaroo,
3. ak saa su géej yi taqaloo,
4. ak saa su bàmmeel ya jaxasoo,
5. bakkan bu Yàlla sàkk xam na la mu jëkkoona def ak la mu mujja def.
6. Éy yaw nit ! Ana lan moo la fàbbi ci sa mbiru Boroom, bu Tedd bi,
7. (sa Boroom) bi la bind yemale la, jekkal la ?
8. Moo la defar ca na mu ko soobe.
9. Déet... ! [ak lu mana xew] yéen a ngay weddi bis pénc ba ;
10. te am na ay wattukat yu nekk ci seen kaw,
11. yu tedd yuy bind,
12. yuy xam li ngeen di def.
13. Ñu baax ñaa ngi ca biir àjjanay xéewal,
14. te itam kàccoor ya ñoom, ña nga ca biir safara jahiim
15. danañu ca xoyomoo, bu bis Pénc baa
16. te ñoom manuñu koo wuute.
17. Ana lu lay xamal luy bis Pénc ?
18. Ak lu lay xamal waay, luy bis Pénc ba ?
19. moo di bis ba benn bakkan dul manal moroomam tus. Te bu keroogee, Yàlla rekk ay joxe ndigël yi.

Draft

# Saar 83 : Naxekat ya

## 36 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Xuru safara ñeel na naxaatekat ya
2. ñay natt peese di ëppal lay jëm ca ñoom,
3. te su ñuy nattal keneen, wàññi ko.
4. Xanaa ñoom dañoo jàpput ne dees na leen dekkilaat (ginnaaw dee),
5. ca bis bu ñàng,
6. bis ba nit ña di taxaw ci kanam Boroom Àddina si yépp ?
7. Déet... ! Waaye téereb kàccoor yaa nga ca Sijjin de
8. ana lan moo lay xamal luy Sijjin ?
9. ab téere la bu ñu xas tàmpe.
10. Bu keroogee, weddikat ya, danañu tàbbi xuru safara,
11. ña daan weddi bis Pénc ba.
12. te kenn, du ko weddi ku dul ab jalgatikat, buy def bàkkaar :
13. su ñu jàngee ci ñoom Laaya, dañu naan : “Léebi mag ña la!”
14. Lañu daan def moo muur xomaagal seen xol ya.(s)
15. Déet ! Ñoom kay bu keroogee duñu gis seen Boroom de,
16. te, dees na leen lakk, Safara jahiim ;
17. te di leen wax naan leen: “Lii ngeen daan weddi !”
18. Déetawaay ! Téereb ñu baax ñaa nga ca biir Illiyiina
19. ana lan moo lay xamal luy Illiyiina ?
20. ab téere la bu ñu xas tàmpe !

21. Ña jege Yàlla koy seede (Malaaka ya).
22. Ñu baax ñaa nga ca biir xeewal,
23. ña nga ne toŋŋ ca kaw toogu ya, di xool.
24. Danga seere ca seen xarkanam ya, naataangey xéewël ya.
25. Ñu nandalu ci sàngaras àjjana suñu xàmmee,
26. tem-temam misk lay doon. Ñiy rawante nañu rawante [ci am ko]
27. Di njarum Tasniim,
28. bëtub ndox la bu ña jegeñoo cay naan.
29. Tooñkat ya dañu daan reetaan ña gëmoon,
30. saa suñu leen rombaan, di leen ñaawal,
31. bu ñu delluwaan ca seen njaboot, di ko kafe,
32. suñu leen masaana gis dañu daan wax ne : “Ñii dañoo sànku”.
33. Te, yabalunu leen ca ñoom ngir ñu daan leen wattu.
34. Tey jii nag, ñi gëm ñooy reetaan yéefar ya
35. ña nga ne toŋŋ ca toogu ya, di xool.
36. Moo ndax yéefar ya am nañu yoolub la ñu daan def ?

Draft

# Saar 84 : Xottiku ga

## 25 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Saa su asamaan si xottikoo! Maa ngi giiñ!

2. te mu def – ndigalu boroomam dëggël

3. ak saa suñu maasalee suuf si,

4. te mu gëx lép lu nekk ci biiram,

5. moom it – mu def ngigëlu boroomam dëggël ko

6. Éy yaw nit ! Yaa ngi def jëm ci sa boroom, te danga dajeek moom de.

7. Képp ku ñu joxe téereem ci loxob ndeyjooram,

8. dees na ko màndaxe mu jàppandal,

9. muy walbatiku jëm cag njabootam di bég.

10. Képp koo xam ne nag moom da ñu koo jox téereem ci ginnaawam,

11. Ngalla moom kon,

12. te dana xoyomoo safaraw Sa'iir.

13. Moom ku bégoon la cag njabootam,

14. foogoon na ne du dekkiwaat mukk.

15. Axakañ boroomam daan na ko gis de.

16. Déet !... Maa ngi giiñ ci yeeri ji,(r)

17. ak ci guddeek la mu làmboo,

18. ak ci weer wi su xàbbee wërngëlu mat !

19. Dingeen jaar, ay jaar-jaar yu tegaloo yu bari !

20. Ana lu leen dal ba gëmuñu ?

21. te suñu jàngee ci ñoom Alxuraan duñu sujuud ?

22. Yéefër ya, ñoo koy weddi.

23. Yàlla xam na la ñuy xalaat.

24. Na gneen leen xibaar mbugël mu mitti ma.

25. Ba mu des ña gëm tey jëf yiw : ñoom am na ñu pey gu dootul dog.

Draft

# Saar 85 : Biddiw yu mag ya

## 22 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ci asamaan sa di boroom biddiw yu mag ! Maa ngi giñ!
2. ak ci bis ba ñu dige !
3. ak ci kuy seede ak ca ka ñuy seede !
4. Faagaagal na waa Uxduud,
5. ak ci safara wa am lu koy xamb,
6. ca ba ñu toogee wër ko,
7. te ñoom seede la ñu ca la ñu defoon way gëm ña,
8. te fitnaale wu ñu leen ci lu dul ne da ñoo gëm Yàlla, boroom Kàttan ga, Yayoowaakooni cant ba,
9. Yàlla mi moom nguurug asamaan yeek suuf si. Te yàlla seede la ci lépp lu ne.
10. Ña daan fitnaal jullit yu góor yaak yu jigéen ya, te tubu ñu ko, dananu am mbugëlum Jahanama ñu di leen ca lakk. (ca safaraam wa)
11. Ña gëmoon te daan jëf yiw am nañu ay Àjjana yu ay dex di daw ci suufam. Loolu moo di texe gu mag ga.
12. Sa fayug boroom lu tar la.(s)
13. Moom mooy, sos bindeef yi, te mooleen di dekkilaat.
14. Te moom moo di Jéggëlaakoon bi, di soppi lépp,
15. Mooy boroom Gàngunaay gu Màgg ga (Aras),
16. Lu mu namm dana ko def.
17. Moo ndax waxtaanu xarekat ya dikal na la ( xibaar ya),
18. Firawna, ak Samuud ?

19. Yéefër ya dañuy weddi,

20. te Yàlla ngi leen peeg, ci wet gu nekk.

21. li wér mooy Alxuraan ju màgg la

22. ca biir Àlluwa ja ñu wàttu fa Yàlla (Lawhul Mahfuus ).

Draft

# Saar 86 : Biddiwub guddi ba

## 17 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ci asamaan ak biddiwub guddi ba! Maa ngi giiñ

2. Ana lan moo lay xamal luy biddiwub guddi ba ?

3. moo di biddiw bay leer nàññ.

4. Amul benn bakkan bu amul ku koy wattu.

5. na nit ki xool ana ci lan la ñu ko binde?

6. Da ñu ko binde ci ndox muy sereti

7. di génne ci diggënte ndigg li ak faar yi.

8. Yàllaa ka koo mana dekalaat.

9. Bis bu sekerey mbóot di deefu ko wuññi (xol yi),

10. Du ci am kàttan te deefu ko dimbali.

11. Ci asamaan siy taw aka tawaat !

12. ak ci suuf siy toj sax gàncax !

13. Alxuraan dafay teqale dëgg at fen,

14. du ay kafi mbóosóor !

15. Ña ngay fexe ay pexe,

16. Man it Maa ngi fexe ay pexe.

17. Éy yaw Yonent muñalal yéefar yi : xaarleen as ndiir.

Draft

# Saar 87 : Ku gëna kawe ka

## 19 Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Sàbbaalal sa turu Boroom, bi Gëna kawe,(h)

2. Ki bind jekkal yemale,

3. kiy dogal tey gindee,

4. kiy génne ñax mi saxal ko,

5. di ko naatal dëlël ko.

6. Dananu la jàngal (Alxuraan), te doo too ko fàtte

7. lu dul la soob Yàlla. Moom moo xam li feeñ ak li nëbbu.

8. Dananu la jàppandalal yoon wi gëna yomb.

9. Na ngay fàttelee, saa su fàtteli amee njariñ.

10. képp kuy ragal (Yàlla) na nangoo fàttaliku,

11. ñu texeedi ñaa koy moytu,

12. ñay lakk ca safara sa gëna rëy,

13. du fa dund dufa dee.

14. Képp kuy sellal texe na,

15. te fàttaliku turu boroomam , tey julli.

16. Yeen, dangeena bëgg lool dundug àddina,

17. te àllaaxira gën te moo gëna sax.

18. Lii nekk na, ca téere yu jëkk ya,

19. téerey Ibraahiima ak Muusaa.

Draft

# Saar 88 : Muuraakoon ba

## 26 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Moo ndax yaw waxtaanu muuraakoon ba dikkal na la (ay xibaaram) ?

2. Bu keroogee, ay xarkanam yu fooyooy,

3. yu sonn, fundóoñ.

4. Di lakk ci Safara wu tàng,

5. ñu di ko nandal ci bët buy wañax. (ndox)

6. Amuñu fa genn lekk lu dul [darii] ay dég,

7. du rëyloo, du teggib xiif.

8. Bu keroogee, ay xarkanam yu nooy,

9. bég lool ca seeni jëf,

10. ci biir ay Àjjana yu kawe,

11. doo fa degg mukk waxi caaxaan.

12. Am na fa, bëtu ndox buy daw-dawaan.

13. Am na fa, ay lal yu kawe

14. ak ay kopp yu ñu teg

15. ak ay ngegenaay yu ñu sësële

16. ak ay laltu yu ñu lal.

17. Xanaa dañoo xoolul ci giléem, naka lañu ko binde,(s)

18. ak ci asamaan si naka la nu ko yékëte,

19. ak ci tund doj yi naka la nu ko sampe

20. ak ci suuf si naka la nu ko maasalee ?

21. Na ngay, fàttalee ! Ndax yaw ab fàttalikat nga,

22. te nootoo leen.

23. Lu ca dul ku dumóoyu tey weddi,

24. Yàlla dana ko mbugël mbugël mu gëna rëy.

25. Te ci Nun la ñuy déllusi.

26. Ba noppi, te nun it nooy warloo laaj leen.

Draft

# Saar 89 : Njël

## 30 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ci njël Maa ngi giiñ !

2. ak ci fukki guddi ya (fukki fani tabaski) !

3. Ak ci tóolent ak ci lu tóol !

4. Ak ci guddi gi suy tàmbali !

5. Moo ndax nekk na ci loolu, ngiñul boroom xel ?

6. Xanaa gisoo naka la sa Boroom def waa Aad

7. Iram, ma doon boroomi kenu,

8. yoo xam ne kemam amul ci menn réew ?

9. ak waa Saamud ña daan yatt xeer ya ca xur ya ?

10. ak Firawna, ma doonoon boroomi dàtt ?

11. Ñoom, ñoo gënoona bew ci réew yi,

12. te ñu bariloon fa lool ag yàq.

13. Sa Boroom daldi leen sotti yarum mbugël.

14. Sa Boroom nag ma ngay fuglu.

15. Nit nag, moom saa su ko boroomam nattoo teral ko xéewal ko, mu ne : “Sama Boroom teral na ma”.

16. Saa su ko nattoo wàññi wërsagëm, muy wax naan : “Sama Boroom toroxal nama”.

17. Déedéet ! Yéen kay, du ngeen teral mukk jirim ak di tabe ci moom ;

18. te it du ngeen sonnu mukk ci di leel miskiin,

19. te ngeen di lekk alal ndono lekkiin wu ñaaw,

20. te da ngeen bëgg alal bëgg gu tar.

21. (Bàyyileen xel) ! saa su nu walee suuf si ba mu di pëndax,

22. sa Boroom dikk ak malaaka ya, def ay sàppey sàppe,

23. bu keroogee, danuy indi Safarey jahanama ; bu keroogee it, nit dana fàttaliku. Waaye damaa xamut lu ko fàttaliku ga di jariñ ?

24. Muy wax naan : "Aka neexoon ! Ca ba muy dundu ma defoon lu baax !

25. Bu keroogee, mbugël ma deefu ko mbugël kenn,

26. te it kenn du yolomal jéngam ba.

27. "Éy yaw, bakkan bi dalum xel,

28. delul ca sa Boroom, di gërëm ñu dila gërëm ;

29. tàbbil ca Samay jaam,

30. tàbbil it ca Sama biir ¨Àjjana".

Draft

# Saar 90 : Dëkk ba

## 20 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Déet !... Ma ngi giiñ ci dëkk bii !(r)
2. te yaw, sax ci dëkk bi nga dëkk
3. Ak ci baay ak la mu jur !
4. Noo, bind nit muy jànkonteeki coono.
5. Moo ndax dafa defe ni kenn manul ci moom dara ?
6. Ma ngay wax naan : "Sànk naa alal ju bari".
7. Moo ndax dafa defe ne kenn da koo gisul ?
8. Moo ndax defalunu ko ñaari gët,
9. ak aw làmmiñ ak ñaari tuñ ?
10. Nu gindi ko tegtal ko ñaari yoon yi, mbaax, mbon.
11. Te, moom moo lànka soobu yoon wu tënku wa (mitti) !
12. Ana lan moo lay xamal yoon wu tënku wa ?
13. Moo di [goréel jaam],
14. mbaa joxe lekk, ci bisub xondooñ, xiif bu tar
15. ab jirim mba mbokk mu jige
16. walla ab miskiin bu fondóoñ.
17. Ba noppi, bokk ca, ña gëm tey dénkante ci muñ, di dénkante it ci yërmaande.
18. Ñooñee ñoo di waa ndeyjoor ;
19. ñay weddi sunuy Laaya ñoom ñoo di waa càmmoñ.
20. Safara waa ngi di gand.

Draft

# Saar 91 : Jant ba

## 15 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ci jant beek leeram. Maa ngi giñ !
2. Ak ci weer wi su ko dee topp !
3. Ak ci bëcëg bi su ko muuree !
4. Ak ci guddi gi su ko muuree !
5. Ak ci asamaan seek ka ko tabax !
6. Ak ci suuf sek ka ko maasale !
7. Ak ci ruu geek Ka ko yemale ;
8. moom mi ko ràññatleel mbaax, ak mbon !
9. képp ku ko sellal, daldi nay texe.
10. te it, képp ku ko sàggane, daldi nay sooy.
11. Waa Saamuud, seen bewte, tax na ñu weddi,
12. ba ca ña gën weddi potoxlóo
13. Yonentub Yàlla ba ne leen : “Bàyyileen giléemug Yàlla gi ! mu naan”
14. Ñu weddi ko, rey ko. Seen Boroom, maasale na mbugël ma.ca kaw nit ñépp
15. Te ragalul dara ca la cay mujj :

Draft

# Saar 92 : Guddi ga

## 21 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ci guddi gi saa su muuree lépp ! maa ngi giñ(s)

2. Ak ci bëcëg bi saa su leeree !

3. Ak ci ki sàkk, góor ak jigéen !

4. Seen jëf wuute na.

5. Képp kuy joxe te ragal (Yàlla)

6. te mu dëggël yoolub àllaaxira

7. Dananu ko jàppandalal yoon wu yomb wa.

8. Képp ku nay, te dumóoyu boroomam,

9. te muy weddi yoolub àllaaxira,

10. Dananu ko jàppandalal yoon wu jafe wa,

11. te alalam du ko jariñ dara saa su ñu ko mbaqee (Safara).

12. Gindee, nun la war ;

13. te Noo moom, dundug àddinaak àllaaxira.

14. Xuppnaa leen ci Safara wuy bérëx-bérëxi

15. ku texedi ka rekka cay xoyomu,

16. kay weddi tey dumóoyu ;

17. dees na ko soril ñu ragal Yàlla ña,

18. kay joxe alalam ngir selal

19. te amul genn xéewal gu ñuy faye kenn ca moom,

20. Lu dul sàkku jëmm Boroomam ja gëna Kawe.

21. Te, xalset naa gëram (moom ka def noona) !

Draft

# Saar 93 : Yoor-yoor ga

## 11 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ci yoor-yoor bi ! Maa ngi giñ
2. ak ci guddi gi bu kukkee ! ne
3. Sa Boroom bàyyiwula, te bañu la.
4. Te àllaaxira, mooy, gën ci Yaw àddina de.
5. Te sa Boroom dana la jox, ba nga doyal.
6. Moo ndax fekku la ngay jirim ? Mu fat la !
7. Ak it ndax fekku la nga réer ? Mu gindila.
8. Moo ndax fekku la nga ñàkk ? Mu woomalal la.
9. Jirim, nag, bu ko di xorñooñal.
10. Te laajkat it, bu ko di delloo.
11. Te it na ngay waxtaane, sa xéewalu Boroom.

Draft

# Saar 94 : Féexal

## 8 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Moo ndax féexalu nu la sa dënn ?(n)

2. Te nu teggil la say bàkkaar

3. ya diisaloon sa ginnaaw ?

4. Te yékatil nanu la saw tur ?

5. Jafe-jafe bu nekk, àndanaak ug yombal !

6. Jafe-jafe bu nekk, àndanaak ug yombal !

7. Te saa yoo féexee, jógël, (julli)

8. te it na ngay xemmeem jëm ci sa Boroom.

Draft

# Saar 95 : Garabu Figg

## 8 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ci garabug fig ak oliw Maa ngi giñ !
2. Ak ci tund Siiniin (Siinaa'i) !
3. Ak ca réew mu wóor mii di (Màkka) ! ne
4. Bind nanu nit ci gën ja rafeti anam.
5. Top, waaye man naa dem ba gëna suufe lépp lu suufe,
6. ba mu des ña gëm tey jëfu yiw : ñoom dananu am pey gu dootul dog.
7. Bu loolu wéyee, ana lan moo tax ngay weddi bisub faytoo ba (bis pénc) ?
8. Moo xanaa Yàlla dafa dul ki dàqa àtte àttekat yi ?

Draft

# Saar 96 : Lumbu deret

## 19 Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1.Jàngal, ci sa turu Boroom biy bind,

2. moo bind nit ci lumbu deret.

3. Jàngal ! Sa Boroom mooy ki gëna tedd,

4. mooy kiy xamle ci xalima [mbind],

5. moo xamal nit lamu xamut woon.

6. Waaye nit kat dafay bew,

7. bu gisee dafa woomal man boppam.

8. (Xamal ne), sa Boroom mooy delluwaay ba.

9. Xanaa gisoo waa jay tere

10. ab jamub Yàlla (Muhammad) ci muy taxawal Julli ?

11. Xanaa gisoo ni tey su nekkoon ci njub,

12. walla muy digale ragal Yàlla ?

13. Xanaa gisoo su weddi woon tey dumóoyu ?

14. Xanaa dafa xamul ne Yàllaa ngi gis ?

15. Déedéet ! Su ko bàyyiwul, Dananu jiñ, mbaq ko,

16. ni ñuy mbaqi, fenkat buy defkatu bàkkaar.

17. Na woo gàngooram ga.

18. Nun dananu woo wattukati (Safara).

19. Déedéet ! Yaw dey bu ko topp ; te na ngay sujood tey jige jigelu lu (sa Boroom).

Draft

# Saar 97 : Dogal ba

## 5 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Wàcce nanu ko (Alxuraan) ci guddig dogal ba (Laylatul Qadri).
2. Ana lan moo lay xamal laylatul Qadri ?
3. Laylatul Qadri moo gën junni weer.
4. Ci guddi googu Malaaka ya, dañu cay wàcci àndak (Jibriil) ci seen ndigalu Boroom ci mépp mbir.
5. Jàmm rekk la ba baa njël di jot (fajar sa di xar).

Draft

# Saar 98 : Firnde

## 8 - Laaya – Gannaaw Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Yéefër ya bokk ca ñoñ Téere, ak Bokkaalekat ya, du ñu deñ mukk di weddi ba baa Firnde di leen dikkël ju leer :(s)

2. ab Yonent, bu jóge ca Yàlla, di jàng ay xëti këyit yu sell laab,

3. ay téere nekk ci biir yu ame dayo bu màgg.

4. Te gaa ña ñu joxoon téere masuñoo teqalikoo lu dul ginnaaw ba leen firnde ja dikkëlee.

5. Te digaleefu leen, lu dul, na nuy jaamu Yàlla, bañ Koo bokkaale te di ko sellal, tey taxawal

Julli di joxe asaka. Loolu mooy diiney njub ja.

6. Ñay weddi te bokk ci ñoñ téere, ak Bokkaalekat ya ñoom ña nga ca biir Safaraw Jahanama, te danu fay béel. Ñoom ñii, ñoo yées ci bindeef yi.

7. Ñi gëm tey jëfu yiw, ñoom ñoo ñee ñoo gën ci bindeef yi.

8. Seenug pey fa seen Boroom Àjjanay adan lay doon, yoo xam ne ay dex ñooy daw ci suufam, ñu béel fa. Yàlla gëram leen ñoom it ñu gëram ko. Loolu ku ragal Yàlla rekk koy am.

Draft

# Saar 99 : Yëngutu ba

## 8 - Laaya – Gannaaw Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Saa su suuf si yëngutoo yëngoom ba,

2. te suuf si génne la mu suuloon,

3. nit naan : “Ngala man ?”

4. bu keroogee, ci lay waxtaane ay xibaar,

5. ci la ko sa Boroom soloo.

6. Bu keroogee, nit ñéppay génn kenn kenn ngir ñu wan leen seeni jëf.

7. Képp ku jëf lu toll ni aw fepp te muy lu baax, dana ko gis,

8. Képp ku jëf lu toll ni aw fepp su dee lu bon, dana ko gis.

Draft

# Saar 100 : Jaabkat ya

## 11- Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ca jaabkat ya seeni gimiñ di foor (fas) (Maa ngi giñ),

2. tey këdaa seen tànk ya my xuuy (ferñent),

3. ak yay songe suba coy.

4. yay naawal pënd,

5. tey xuus ca biir noon ya.

6. Nit dey, kuy ñàkk deloo Boroomam njukal la ;

7. te kat, moom, seede la ci loolu ;

8. te kat moom ku tarla xérlool ci bëgg alal.

9. Xanaa dafa xamul saa su ñu ko jaxasee ci biir bàmmeel,(r)

10. te wuñées li nekk ci biir dënn yi,

11. bu keroogee, sa Boroom Ku deñ Kumpa la ci ñoom?

Draft

# Saar 101 : Toj-toj ba

## 11 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Toj-toj ba !
2. Ana lan mooy toj-toj ba ?
3. Ana lan moo lay xamal luy toj-toj ba ?
4. Moo di bis ba nit ñi di melni ay lëpaalëpp yu ñu wasaare,
5. te tund doj yi it mujj mel ni ngëndal nooy nepp ;
6. képp ku peeseem diis (ci yiw)
7. ma nga ko ca dundu gu neex ;
8. képp ku peeseem wayaf (ci yiw),
9. ma ngay jëm Haawiyatu.
10. Ana luy xamal lan mooy loolu Haawiyatu ?
11. Aw Safara la wu tàng.

Draft

# Saar 102 : Ëpplaante

## 8 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ëpplaante fàbbi na leen,

2. ba faf ngeen seeti bàmmeel yi. Dee dikkël leen.

3. Déet ! Da ngeen xalseta xam de!

4. (Te it) ! Du ngeen xalseta xam de !

5. Déedéet ! Cëy su ngeen amoon xam-xam bu wóor.

6. Bu ngeen gisee, tigi, safaraw Jahiim.

7. Te, dangeen ko gIisaat, ak bët yu wér.

8. Te bu keroogee, def na leen laaj, xéewël ya.

Draft

# Saar 103 : Jamono

## 3 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. (Giiñ naa) ci Jamono!

2. Ne nit, mi ngi cig yàqule,

3. bamu des ña gëm, tey jëf yiw di dénkënte dëgg di dékënte ci muñ.

Draft

# Saar 104 : Ŋeleju

## 9 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Xuru safara ñeel na képp kuy ŋelejooka ragaju,
2. kuy dajale alal di ko lim,
3. jàpp ne alalam jaa koy taxa sax (baña dee).
4. Mukk ! dees na ko, mbaq ci biir Hutamatu.
5. Ana lan moo lay xamal luy Hutamatu ?
6. Mooy Safaraw Yàlla wa ñu taal
7. way alawtiku ba ca xol ya.
8. Dañu leen cay séndël,
9. ci ay gàlli Safara yu ñu tàllal.

Draft

# Saar 105 : Ñay

## 5 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Xanaa gisu leen ka sa Boroom def ak ña ame woon ñay ya.

2. Moo ndax deful seen pexe ma mu naaxsaay ?

3. moo yabal ca seen kaw ay njanaaw yu bari

4. ñu di leen sànni ay doj yu ñu saaf?

5. Mu def leen ñu mel ne am ñax mu ñu sàqami.

Draft

# Saar 106 : Qureychi

## 4 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ngir sababus màngug Qureys,(s)

2. Seen mànko ci tukib sedd ak tàngaay.

3. Na ñuy jaamu Yàlla boroom néeg bii.

4. Yàlla mi leen joxu ñam ba xiifuñu aar leen it ba ragaluñu tiituñu!

Draft

# Saar 107 : Njëfandukaay

## 7 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Xanaa gisuloo kay weddi bisub dekkiwaat ba ?
2. Mooy kay bunduxataal jirim,
3. te du sonn muk ci leel miskiin yi.
4. Xuru Safara, ñeel na ñay julli
5. ñay sàggane aka yeexe seenug julli,
6. ñay ngistal,
7. tey aaye dabi jëfandukaay yi.

Draft

# Saar 108 : Kawsar

## 3 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Jox Nanu la, déegub Kawsara.
2. Na ngay julli ngir sa Boroom te na ngay rendi.
3. Ka lay bañ aka ñaawal, moo dog ci lépp lu baax.

Draft

# Saar 109 : Yéefër ya

## 6 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Waxal ne : «Éy yéen yéefar yi !
2. Duma jaamu li ngeen di jaamu.
3. Yéen itam du ngeen jaamukati li may jaamu.
4. Man it du ma jaamukatu li ngeen di jaamu.
5. Te it yéen du ngeen jaamukati li may jaamu.
6. Am ngeen seen diine man it am naa sama dine".

Draft

# Saar 110 : Ndimbal

## 3 - Laaya – Gannaaw Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Saa su ndimbalu Yàlla dikkee ak ndam la,

2. te nga gis ne nit ñaa ngi dugg def ay mbooloo ci biir diineey Yàlla ji,

3. na nga sàbaal, te sant sa Boroom te na nga sàkku njéggalam. Moom Nànguwaakoonu tuub la.

Draft

# Saar 111 : Buum ga

## 5 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Ñaari yoxoy Abii Lahab dogg nañu te it dugg na.

2. alalam ak la muy fàggu, du ko jariñ dara.

3. Dana lakk ci biir Safara wuy bérax.

4. ak jabaram ja daan yanu matt ma,

5. loosam wa, buumug rawa cay nekk (caq bu ñu soy).

Draft

# Saar 112 : Sellal

## 4 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Waxal ne : “Yàlla, moom Kenn la (jenn Yàlla rekk la).
2. Moom Yàlla, Mooy Kilifa gi wareefa joyal mbir yi.
3. Jurul, te Kenn juru ko.
4. Te amul benni nàttangoo”.

Draft

# Saar 113 : Suba

## 5 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Waxal ne : “Maa ngi sàkku muslaayi Boroom suba si,
2. ci ayu li Mu bind,
3. ak ci ayu lëndëm ga saa bu kukkee,
4. ak ci ayu ñiy wal ëf ci pas-pas yi (jibarkat yi),
5. ak ci ayu ku iñaan saa su jógee bay feeñal kiñaan ga”.

Draft

# Saar 114 : Nit ñi

## 4 - Laaya – Laata Gàddaay ga

*Ci turu Yàlla Yërëmaakoon bi, Jaglewaakoon bi.*

1. Waxal ne : "Maa ngi sàkku muslaayi Boroom nit ñi.

2. Kiy Buurub nit ñi,

3. Di Yàlla nit ñi,

4. ci ayu jax-jaxali, Saytaane,

5. kiy jax-jaxal ci biir dënni nit ñi,

6. te bokk ci jinne yeek nit ñi".